# Holy Bible

## Aionian Edition®

**Bhaibheri**

**Shona Bible**

*Holy Bible Aionian Edition* ®
Bhaibheri
Shona Bible

GNU Free Documentation License, 2018-2025
Source text: Crosswire.org
Source version: 8/18/2022
Source copyright: GNU Free Documentation License
A work in progress at Crosswire.org, 2013

Formatted by Speedata Publisher 5.1.9 (Pro) on 6/3/2025
100% Free to Copy and Print
TOR Anonymously
https://AionianBible.org

Published by Nainoia Inc, https://Nainoia-Inc.signedon.net
All profits are given to https://CoolCup.org

We pray for a modern Creative Commons translation in every language
Translator resources at https://AionianBible.org/Third-Party-Publisher-Resources
Report content and format concerns to Nainoia Inc
Volunteer help is welcome and appreciated!

*Celebrate Jesus Christ's victory of grace!*

# Sumo

chiShona at AionianBible.org/Preface

The *Holy Bible Aionian Edition* ® is the world's first Bible *un-translation*! What is an *un-translation*? Bibles are translated into each of our languages from the original Hebrew, Aramaic, and Koine Greek. Occasionally, the best word translation cannot be found and these words are transliterated letter by letter. Four well known transliterations are *Christ*, *baptism*, *angel*, and *apostle*. The meaning is then preserved more accurately through context and a dictionary. The Aionian Bible un-translates and instead transliterates eleven additional Aionian Glossary words to help us better understand God's love for individuals and all mankind, and the nature of afterlife destinies.

The first three words are *aiōn*, *aiōnios*, and *aïdios*, typically translated as *eternal* and also *world* or *eon*. The Aionian Bible is named after an alternative spelling of *aiōnios*. Consider that researchers question if *aiōn* and *aiōnios* actually mean *eternal*. Translating *aiōn* as *eternal* in Matthew 28:20 makes no sense, as all agree. The Greek word for *eternal* is *aïdios*, used in Romans 1:20 about God and in Jude 6 about demon imprisonment. Yet what about *aiōnios* in John 3:16? Certainly we do not question whether salvation is eternal! However, *aiōnios* means something much more wonderful than infinite time! Ancient Greeks used *aiōn* to mean *eon* or *age*. They also used the adjective *aiōnios* to mean *entirety*, such as *complete* or even *consummate*, but never infinite time. Read Dr. Heleen Keizer and Ramelli and Konstan for proofs. So *aiōnios* is the perfect description of God's Word which has *everything* we need for life and godliness! And the *aiōnios* life promised in John 3:16 is not simply a ticket to eternal life in the future, but the invitation through faith to the *consummate* life beginning now!

The next seven words are *Sheol*, *Hadēs*, *Geenna*, *Tartaroō*, *Abyssos*, and *Limnē Pyr*. These words are often translated as *Hell*, the place of eternal punishment. However, *Hell* is ill-defined when compared with the Hebrew and Greek. For example, *Sheol* is the abode of deceased believers and unbelievers and should never be translated as *Hell*. *Hadēs* is a temporary place of punishment, Revelation 20:13-14. *Geenna* is the Valley of Hinnom, Jerusalem's refuse dump, a temporal judgment for sin. *Tartaroō* is a prison for demons, mentioned once in 2 Peter 2:4. *Abyssos* is a temporary prison for the Beast and Satan. Translators are also inconsistent because *Hell* is used by the King James Version 54 times, the New International Version 14 times, and the World English Bible zero times. Finally, *Limnē Pyr* is the Lake of Fire, yet Matthew 25:41 explains that these fires are prepared for the Devil and his angels. So there is reason to review our conclusions about the destinies of redeemed mankind and fallen angels.

The eleventh word, *eleēsē*, reveals the grand conclusion of grace in Romans 11:32. Please understand these eleven words. The original translation is unaltered and a highlighted note is added to 64 Old Testament and 200 New Testament verses. To help parallel study and Strong's Concordance use, apocryphal text is removed and most variant verse numbering is mapped to the English standard. We thank our sources at eBible.org, Crosswire.org, unbound.Biola.edu, Bible4u.net, and NHEB.net. The Aionian Bible is copyrighted with creativecommons.org/licenses/by/4.0, allowing 100% freedom to copy and print, if respecting source copyrights. Check the Reader's Guide and read at AionianBible.org, with Android, and with TOR network. Why purple? King Jesus' Word is royal and purple is the color of royalty! All profits are given to CoolCup.org.

# History

chiShona at AionianBible.org/History

06/21/75 - Two boys, P. and J., wonder if Jesus saves all and pray.
04/15/85 - Aionian Bible conceived as B. and J. pray.
12/18/13 - Aionian Bible announced as J. and J. pray.
06/21/15 - Aionian Bible birthed as G. and J. pray.
01/11/16 - AionianBible.org domain registered.
06/21/16 - 30 translations available in 12 languages.
12/07/16 - Nainoia Inc established as non-profit corporation.
01/01/17 - Creative Commons Attribution No Derivatives 4.0 license added.
01/16/17 - Aionian Bible Google Play Store App published.
07/01/17 - 'The Purple Bible' nickname begins.
07/30/17 - 42 translations now available in 22 languages.
02/01/18 - Holy Bible Aionian Edition® trademark registered.
03/06/18 - Aionian Bibles available in print at Amazon.com.
09/15/18 - Aionian Bible dedicated as J. and J. pray again.
10/20/18 - 70 translations now available in 33 languages.
11/17/18 - 104 translations now available in 57 languages.
03/24/19 - 135 translations now available in 67 languages.
10/28/19 - Aionian Bible nursed as another J. and J. pray.
10/31/19 - 174 translations now available in 74 languages.
02/22/20 - Aionian Bibles available in print at Lulu.com.
05/25/20 - Illustrations by Gustave Doré, La Grande Bible de Tours, Felix Just.
08/29/20 - Aionian Bibles now available in ePub format.
12/01/20 - Right to left and Hindic languages now available in PDF format.
03/31/21 - 214 translations now available in 99 languages.
11/17/21 - Aionian Bible Branded Leather Bible Covers now available.
12/20/21 - Social media presence on Facebook, Twitter, LinkedIn, YouTube, etc.
01/01/22 - 216 translations now available in 99 languages.
01/09/22 - StudyPack resources for Bible translation study.
01/23/22 - Volunteers celebrate with pie and prayer.
02/14/22 - Strong's Concordance from Open Scriptures and STEPBible.
02/14/23 - Aionian Bible published on the TOR Network.
12/04/23 - Eleēsē added to the Aionian Glossary.
02/04/24 - 352 translations now available in 142 languages.
05/01/24 - 370 translations now available in 164 languages.
08/05/24 - 378 translations now available in 165 languages.
08/18/24 - Creative Commons Attribution 4.0 International, if source allows.
10/20/24 - Gospel Primer handout format.
11/24/24 - Progressive Web Application off-line format.
01/28/25 - All profits are given to CoolCup.org.
03/12/25 - 382 translations now available in 166 languages.
05/04/25 - 393 translations now available in 175 languages.
05/27/25 - 462 translations now available in 229 languages.

# Tafura Yezvinyorwa

**Testamende Itsva**


Mateo ............................................. 1
Mako ............................................. 26
Ruka ............................................. 42
Johani ........................................... 69
Mabasa .......................................... 89
VaRoma ........................................115
1 VaKorinde ................................. 126
2 VaKorinde ................................. 136
VaGaratia .................................... 143
VaEfeso ....................................... 147
VaFiripi ....................................... 151
VaKorose .................................... 154
1 VaTesaronika ............................ 157
2 VaTesaronika ............................ 160
1 Timoti ....................................... 162
2 Timoti ....................................... 165
Tito ............................................. 167
Firimoni ....................................... 169
VaHebheru .................................. 170
Jakobho ...................................... 178
1 Petro ........................................ 181
2 Petro ........................................ 184
1 Johani ...................................... 186
2 Johani ...................................... 189
3 Johani ...................................... 190
Judha .......................................... 191
Zvakazarurwa .............................. 192


**Mashoko Okuwedzera**


Chinyorwa Chevaverengi
Glossary
Mamepu
Destiny
Mifananidzo, Doré

# Testamende Itsva




*Jesu ndokuti: Baba, vakanganwirei; nokuti havazivi chavanoita.*
*Zvino vakagovana nguvo dzake, vakakanda mujenya.*
Ruka 23:34

# Mateo

**1** Bhuku redzinza raJesu Kristu, Mwanakomana
waDhavhidhi, mwanakomana waAbhurahama.
**2** Abhurahama wakabereka Isaka; Isaka
ndokubereka Jakobho; Jakobho ndokubereka
Judha nevanakomana vababa vake; **3** Judha
ndokubereka Faresi naZara kuna Tamari; Faresi
ndokubereka Esiromi; Esiromi ndokubereka Arami;
**4** Arami ndokubereka Aminadhabhi; Aminadhabhi
ndokubereka Naashoni; Naashoni ndokubereka
Sarimoni; **5** Sarimoni ndokubereka Bhowazi kuna
Rahabhi; Bhowazi ndokubereka Obhedhi kuna Rute;
Obhedhi ndokubereka Jese; **6** Jese ndokubereka
Dhavhidhi mambo; Dhavhidhi mambo ndokubereka
Soromoni kumukadziwaiva waUria; **7** Soromoni
ndokubereka Robhoami; Robhoami ndokubereka
Abhiya; Abhiya ndokubereka Asa; **8** Asa ndokubereka
Josafati; Josafati ndokubereka Joramu; Joramu
ndokubereka Oziasi; **9** Oziasi ndokubereka Jotamu;
Jotamu ndokubereka Akazi; Akazi ndokubereka
Hezekia; **10** Hezekia ndokubereka Manase; Manase
ndokubereka Amoni; Amoni ndokubereka Josiyasi;
**11** Josiyasi ndokubereka Jekoniasi nevanakomana
vamai vake nenguva yekutapirwa kuBhabhironi. **12**
Zvino shure kwekutapirwa kuBhabhironi, Jekoniasi
wakabereka Saratieri; Saratieri ndokubereka
Zerubhabheri; **13** Zerubhabheri ndokubereka
Abhiudhi; Abhiudhi ndokubereka Eriakimi; Eriakimi
ndokubereka Azori; **14** Azori ndokubereka Sadhoki;
Sadhoki ndokubereka Akimi; Akimi ndokubereka
Eriyudhi; **15** Eriyudhi ndokubereka Eriazari; Eriazari
ndokubereka Matani; Matani ndokubereka Jakobho;
**16** Jakobho ndokubereka Josefa murume waMaria,
kwakazvarwa kwaari Jesu, anonzi Kristu. **17**
Naizvozvo mazera ese kubva kuna Abhurahama
kusvikira kuna Dhavhidhi mazera gumi nemana;
nekubva kuna Dhavhidhi kusvikira pakutapirwa
kuBhabhironi mazera gumi nemana; nekubva
pakutapirwa kuBhabhironi kusvikira kuna Kristu
mazera gumi nemana. **18** Zvino kuberekwa kwaJesu
Kristu kwaiva kwakadai: Nokuti mai vake Maria
vakati vatsidzirwa kuroorwa naJosefa, vasati
vasangana vakaonekwa vava nemimba kubva
kuMweya Mutsvene. **19** Zvino Josefa murume wavo
zvaakange ari wakarurama, asingadi kuvafumura,
waida kuvaramba muchivande. **20** Asi zvino wakati
acharangarira zvinhu izvozvi, tarira, mutumwa
waIshe wakaonekwa kwaari muchiroto achiti: Josefa,
mwanakomana waDhavhidhi, usatya kuzvitorera
Maria mukadzi wako; nokuti icho chakaumbwa
maari ndecheMweya Mutsvene. **21** Uye achabereka
Mwanakomana, uye uchatumidza zita rake Jesu,
nokuti iye achaponesa vanhu vake pazvivi zvavo.
**22** Zvino zvese izvozvi zvakaitwa kuti zvizadziswe
zvakarehwa naIshe kubudikidza nemuporofita
achiti: **23** Tarira, mhandara ichava nemimba,
igobereka Mwanakomana, uye vachatumidza zita
rake Emanueri, ndokuti kana zvichishandurwa,
Mwari anesu. **24** Zvino Josefa amuka pahope akaita
sezvakaraira mutumwa waIshe kwaari, akazvitorera
mukadzi wake; **25** uye haana kumuziva kusvikira
azvara Mwanakomana wake wedangwe; akatumidza
zita rake JESU.

**2** Zvino Jesu wakati aberekwa muBhetirehemu
reJudhiya, pamazuva aHerodhe mambo, tarira,
kwakauya vachenjeri vachibva kumabvazuva
kuJerusarema, **2** vachiti: Uripi iye wakazvarwa
Mambo weVaJudha? Nokuti taona nyeredzi yake
kumabvazuva, tauya kuzomunamata. **3** Zvino
Herodhe mambo wakati anzwa, akashushikana,
neJerusarema rese naye. **4** Zvino wakati aunganidza
vapristi vakuru vese nevanyori vevanhu, akabvunza
kwavari kuti Kristu uchazvarirwa kupi. **5** Zvino
vakati kwaari: MuBhetirehemu reJudhiya; nokuti
zvakanyorwa saizvozvi nemuporofita zvichinzi: **6** Newe
Bhetirehemu nyika yaJudha, hausi mudikisa kuvatongi
vaJudha; nokuti kwauri kuchabuda mutungamiriri,
achafudza vanhu vangu Israeri. **7** Zvino Herodhe,
wakati adana vachenjeri muchivande, akabvunzisisa
kwavari nguva yakaonekwa nyeredzi. **8** Akavatuma
kuBhetirehemu, akati: Endai munobvunzisisa
zvemucheche; kana mamuwana mundisume, kuti
ini ndiuyewo ndimunamate. **9** Vakati vanzwa
mambo, vakabva; zvino tarira, nyeredzi yavakaona
kumabvazuva yakavatungamirira, kusvikira yasvika
ikamira pamusoro pepakange pane mucheche. **10**
Vakati vaona nyeredzi vakafara nemufaro mukuru
kwazvo. **11** Vakati vapinda mumba, vakaona
mucheche naMaria mai vake, vakawira pasi
vakamunamata; zvino vakati vazarura fuma yavo,
vakamupemberera nezvipo, goridhe, nezvipfungaidzo
zvinonhuhwira, nemura. **12** Vakati vanyeverwa
naMwari muchiroto, kuti varege kudzokera kuna
Herodhe, vakabva vakaenda kunyika yavo neimwe
nzira. **13** Vakati vaenda, tarira, mutumwa waIshe
anoonekwa kuna Josefa muchiroto, achiti: Muka
utore mucheche namai vake, utizire kuEgipita,
uveko kusvikira ndichikuudza; nokuti Herodhe
achatsvaka mucheche kuti amuparadze. **14** Zvino

amuka wakatora mucheche namai vake usiku,
akabva akaenda kuEgipita, **15** uye wakavako
kusvikira pakufa kwaHerodhe; kuti zvizadziswe
zvakarehwa naIshe nemuporofita, achiti: Ndakadana
mwanakomana wangu abude muEgipita. **16** Zvino
Herodhe, wakati aona kuti anyengerwa nevachenjeri,
akatsamwa zvikuru, akatuma, akauraya vana vese
vaiva muBhetirehemu nemumigumo yaro yese,
kubvira pamakore maviri neari pasi, zvichienderana
nenguva yaakange abvunzisisa kuvachenjeri. **17** Zvino
zvakazadziswa zvakarehwa naJeremiya muporofita
achiti: **18** MuRama rakanzwika inzwi, kuungudza
nekuchema nekurira kukuru, Rakeri achichema vana
vake asingadi kunyaradzwa, nokuti havachipo. **19**
Asi Herodhe wakati afa, tarira, mutumwa waIshe
wakaonekwa muchiroto kuna Josefa muEgipita, **20**
achiti: Muka, utore mucheche namai vake, uende
kunyika yaIsraeri; nokuti vakafa avo vaitsvaka mweya
wemucheche. **21** Akasimuka ndokutora mucheche
namai vake akasvika kunyika yaIsraeri. **22** Asi
wakati achinzwa kuti Arikerawo anotonga muJudhiya
panzvimbo yababa vake Herodhe, akatya kuendako;
asi wakati anyeverwa naMwari muchiroto, akabva
akaenda kumativi eGarirea. **23** Akasvika akagara
muguta rinonzi Nazareta; kuti zvizadziswe zvakarehwa
nevaporofita, kuti: Achanzi muNazareta.

**3** Pamazuva iwayo kwakauya Johwani
Mubhabhatidzi, achiparidza murenje reJudhiya,
**2** uye achiti: Tendeukai; nokuti ushe hwematenga
hwaswedera. **3** Nokuti uyu ndiye wakarehwa nezvake
naIsaya muporofita, achiti: Inzwi reanodanidzira
murenje: Gadzirirai mugwagwa waIshe, ruramisai
nzira dzake. **4** Uyuwo Johwani waiva nechipfeko
chake chemakushe ekamera nebhanhire rechikumba
rakapoteredza chiuno chake; nekudya kwake kwaiva
mhashu neuchi hwedondo. **5** Zvino kwakabudira
kwaari Jerusarema neJudhiya rese nedunhu rese
rakapoteredza Joridhani; **6** ndokubhabhatidzwa naye
muna Joridhani vachireurura zvivi zvavo. **7** Asi wakati
achiona vazhinji veVaFarisi neVaSadhusi vachiuya
kurubhabhatidzo rwake akati kwavari: Zvizvarwa
zvenyoka, ndiani wakakuratidzirai kuti mutize hasha
dzinouya? **8** Naizvozvo berekai zvibereko zvakafanira
kutendeuka. **9** Uye musafunga kutaura mukati
menyu muchiti: Tina Abhurahama anova baba;
nokuti ndinoti kwamuri: Mwari anokwanisa kubva
pamabwe aya kumutsira Abhurahama vana. **10**
Uye ikozvinowo sanhu ratoiswa pamudzi wemiti,
naizvozvo muti umwe neumwe usingaiti chibereko
chakanaka unotemwa ugokandirwa mumoto. **11**
Ini zvirokwazvo ndinokubhabhatidzai nemvura
mupinde mukutendeuka; asi uyo anouya shure
kwangu ane simba kupfuura ini, wandisina kufanira
kutakura shangu dzake; iye achakubhabhatidzai
neMweya Mutsvene nemoto. **12** Ane rusero rwuri
muruoko rwake, uye achachenesa buriro rake
kwazvo, ndokuunganidzira zviyo zvake mudura,
asi hundi achaipisa nemoto usingadzimiki. **13**
Ipapo Jesu wakabva Garirea akasvika paJoridhani
kuna Johwani, kuti abhabhatidzwe naye. **14** Asi
Johwani wakamurambidza achiti: Ini kunodikanwa kuti
ndibhabhatidzwe nemwi, asi imwi mouya kwandiri?
**15** Asi Jesu achipindura wakati kwaari: Tenda
ikozvino, nokuti saizvozvo zvakatifanira kuti tizadzise
kururama kwese. Ipapo akamutendera. **16** Asi Jesu,
wakati abhabhatidzwa, akakwira pakarepo achibva
mumvura; zvino tarira, matenga akamuzarukira,
ndokuona Mweya waMwari achiburuka senjiva,
achiuya pamusoro pake. **17** Zvino tarira, inzwi richibva
kumatenga richiti: Uyu ndiye Mwanakomana wangu
anodikanwa, wandinofara maari kwazvo.

**4** Zvino Jesu wakatungamiririrwa neMweya kurenje
kuti anoidzwa nadhiabhorosi. **2** Zvino wakati
atsanya mazuva makumi mana neusiku makumi
mana, akazonzwa nzara. **3** Zvino muidzi wakati auya
kwaari, akati: Kana uri Mwanakomana waMwari,
raira kuti mabwe awa aite zvingwa. **4** Asi iye
wakapindura akati: Kwakanyorwa kuchinzi: Munhu
haangararami nechingwa chega, asi neshoko rimwe
nerimwe rinobuda mumuromo maMwari. **5** Zvino
dhiabhorosi wakamutora akamuisa muguta dzvene,
akamumisa pachiruvu chetembere, **6** ndokuti kwaari:
Kana uri Mwanakomana waMwari, zvikandire pasi;
nokuti kwakanyorwa kuti: Iye acharaira vatumwa
vake pamusoro pako, uye pamaoko vachakugamha,
zvimwe ungagumbusa rutsoka rwako pabwe. **7**
Jesu akati kwaari: Kwakanyorwa zvekare: Usaidza
Ishe Mwari wako. **8** Dhiabhorosi akamuisazve
pagomo refusa, akamuratidza ushe hwese hwenyika
nekubwinya kwahwo. **9** Akati kwaari: Zvese
zvinhu izvi ndichapa kwauri kana ukawira pasi
ukandinamata. **10** Ipapo Jesu akati kwaari: Ibva,
Satani, nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Uchanamata
Ishe Mwari wako, uchashumira iye oga. **11** Ipapo
dhiabhorosi akamusiya; zvino tarira, vatumwa vakauya
vakamushandira. **12** Zvino Jesu wakati anzwa kuti
Johwani wakumikidzwa mutirongo, akabva akaenda
Garirea. **13** Zvino wakabva Nazareta, akauya
akagara muKapenaume riri pagungwa, mumiganhu
yeZebhuruni neNafitarimi; **14** kuti zvizadziswe

zvakarehwa naIsaya muporofita, achiti: 15 Nyika
yeZebhuruni nenyika yeNefitarimi, panzira yegungwa,
mhiri kwaJoridhani, Garirea revahedheni; 16 vanhu
vakange vagere murima vakaona chiedza chikuru;
nevakange vagere panharaunda nemumumvuri
werufu, chiedza chakabudira kwavari. 17 Kubvira
panguva iyo Jesu wakatanga kuparidza nokuti:
Tendeukai, nokuti ushe hwekumatenga hwaswedera.
18 Zvino Jesu wakati achifamba-famba parutivi
rwegungwa reGarirea akaona vanakomana vemunhu
umwe vaviri, Simoni anonzi Petro, naAndiriya
munin'ina wake, vachikandira mumbure mugungwa;
nokuti vakange vari varedzi. 19 Akati kwavari:
Nditeverei, ndigokuitai varedzi vevanhu. 20 Pakarepo
vakasiya mimbure vakamutevera. 21 Zvino wakati
apfuurira kubva ipapo akaona vamwe vaviri
vanakomana vemunhu umwe, Jakobho waZebhedhi
naJohwani munin'ina wake muchikepe pamwe
naZebhedhi baba vavo, vachigadzira mimbure yavo,
akavadana. 22 Pakarepo vakasiya chikepe nababa
vavo vakamutevera. 23 Jesu akapota neGarirea
rese achidzidzisa mumasinagoge avo, nekuparidza
evhangeri yeushe, achiporesa denda rega-rega
neurwere hwega-hwega pavanhu. 24 Shoko rake
rikabudira kuSiriya yese; vakauisa kwaari varwere
vese, vakabatwa nehosha dzakasiyana-siyana,
nemarwadzo, nevakange vane madhimoni, nevaiva
nezvipusha, nevakange vakafa mitezo; akavaporesa.
25 Zvino zvaunga zvikuru zvakamutevera, vaibva
Garirea, neDhekapori, neJerusarema, neJudhiya,
nemhiri kwaJoridhani.

**5** Zvino wakati achiona zvaunga akakwira mugomo,
zvino wakati agara pasi vadzidzi vake vakauya
kwaari; 2 akashamisa muromo wake, akavadzidzisa
achiti: 3 Vakaropafadzwa varombo pamweya; nokuti
ushe hwekumatenga ndehwavo. 4 Vakaropafadzwa
vanochema; nokuti ivo vachanyaradzwa. 5
Vakaropafadzwa vanyoro; nokuti ivo vachagara
nhaka yenyika. 6 Vakaropafadzwa vane nzara
nenyota yekururama; nokuti ivo vachagutiswa. 7
Vakaropafadzwa vane tsitsi; nokuti ivo vachaitirwa
tsitsi. 8 Vakaropafadzwa vakachena pamoyo; nokuti
ivo vachaona Mwari. 9 Vakaropafadzwa vanoyananisa;
nokuti ivo vachanzi vana vaMwari. 10 Vakaropafadzwa
vanoshushwa nekuda kwekururama; nokuti ushe
hwekumatenga ndehwavo. 11 Makaropafadzwa imwi,
kana vachikutukai, vachikushushai, vachikutaurirai
zvakaipa zvese vachireva nhema nekuda kwangu.
12 Farai mupembere kwazvo, nokuti mubairo wenyu
mukuru mumatenga; nokuti vakashusha saizvozvo
vaporofita vakakutangirai. 13 Imwi muri munyu
wenyika; asi kana munyu warasa kuvava, ucharungwa
nei? Hauchabatsiri chinhu, asi kurasirwa kunze,
utsikwe-tsikwe nevanhu. 14 Imwi muri chiedza
chenyika; guta rakamiswa pamusoro pegomo
haringavanziki; 15 uye mwenje havautungidzi
vakauisa pasi pedengu, asi pachigadziko chemwenje,
uvhenekere vese vari mumba. 16 Saizvozvo chiedza
chenyu ngachivhenekere pamberi pevanhu, kuti
vaone mabasa enyu akanaka, vagokudza Baba
venyu vari kumatenga. 17 Musafunga kuti ndauya
kuzoparadza murairo kana vaporofita; handina
kuuya kuzoparadza, asi kuzozadzisa. 18 Nokuti
zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Kusvikira denga nenyika
zvichipfuura, vara diki rimwe kana chidodzi chimwe
kubva pamurairo hazvingatongopfuuri, kusvikira
zvese zvaitika. 19 Naizvozvo ani nani anotyora
umwe wemirairo midikisa iyi, akadzidzisa vanhu
saizvozvo, achanzi mudikisa muushe hwekumatenga;
asi ani nani anoita akaidzidzisa, iye achanzi
mukuru muushe hwekumatenga. 20 Nokuti ndinoti
kwamuri: Kunze kwekuti kururama kwenyu kukapfuura
kwevanyori nekweVaFarisi, hamungatongopindi
muushe hwekumatenga. 21 Makanzwa kuti zvakanzi
kune vekare: Usauraya; uye ani nani anouraya
achava nemhosva yemutongo; 22 asi ini ndinoti
kwamuri: Ani nani anotsamwira umwe wake pasina
chikonzero, achava nemhosva yemutongo; neanoti
kune umwe wake: Dununu! achava nemhosva yedare
remakurukota; uye anoti: Benzi! achava nemhosva
yegehena remoto. **(Geenna g1067)** 23 Naizvozvo kana
uchiuisa chipo chako kuaritari, ipapo ukarangarira
kuti umwe wako ane chekupikisana newe, 24
siya ipapo chipo chako pamberi pearitari, uende
umbonotanga wayanana neumwe wako, ugouya
wopira chipo chako. 25 Tenderana nemudzivisi wako
nekukurumidza, uchiri munzira naye, zvimwe mudzivisi
angakukumikidza kumutongi, mutongi akukumikidze
kumupurisa, ukakandirwa mutirongo. 26 Zvirokwazvo
ndinoti kwauri: Haungatongobudimo, kusvikira waripa
kamari kekupedzisira. 27 Makanzwa kuti zvakanzi
kune vekare: Usaita upombwe; 28 asi ini ndinoti
kwamuri: Wese anotarisa mukadzi kuti amuchive,
watoita upombwe naye mumoyo make. 29 Uye
kana ziso rako rerudyi richikugumbusa, uridzure
urase kubva kwauri; nokuti zviri nani kwauri kuti
umwe wemitezo yako uparare, kwete kuti muviri
wako wese ukandirwe mugehena. **(Geenna g1067)** 30
Zvino kana ruoko rwako rwerudyi ruchikugumbusa,
urugure urasire kure newe; nokuti zviri nani kwauri
kuti umwe wemitezo yako uparare, kwete kuti muviri

wako wese ukandirwe mugehena. **(Geenna g1067)** **31**
Zvakanziwo: Ani nani anoramba mukadzi wake,
ngaamupe rugwaro rwekurambana; **32** asi ini ndinoti
kwamuri: Ani nani anoramba mukadzi wake, kunze
kwemhosva yeupombwe, anomuitisa upombwe; uye
ani nani anowana wakarambwa anoita upombwe.
**33** Zvekare makanzwa kuti zvakanzi kune vekare:
Usapika nhema, asi uripire Ishe mhiko dzako; **34** asi
ini ndinoti kwamuri: Musatongopika; kana nedenga,
nokuti chigaro chaMwari cheushe; **35** kana nenyika,
nokuti chitsiko chetsoka dzake; kana neJerusarema,
nokuti iguta raMambo mukuru; **36** uye usapika
nemusoro wako, nokuti haugoni kuita ruvhudzi rumwe
ruchena kana rutema. **37** Asi shoko renyu ngarive:
Hongu, hongu; kwete, kwete; chinopfuura izvi chinobva
kune wakaipa. **38** Makanzwa kuti zvakanzi: Ziso
neziso, uye zino nezino; **39** asi ini ndinoti kwamuri:
Musapikisa wakaipa; asi ani nani anokurova padama
rako rerudyi, umutendeusire rimwewo. **40** Neanoda
kukusungisa, nekutora shati yako, umutendere nguvo
yakowo. **41** Ani nani anokumanikidza kuenda maira
imwe uende naye mbiri. **42** Ipa anokumbira kwauri,
usafuratira anoda kukwereta kwauri. **43** Makanzwa
kuti zvakanzi: Ude umwe wako, uvenge muvengi
wako. **44** Asi ini ndinoti kwamuri: Idai vavengi
venyu, ropafadzai vanokutukai, batai zvakanaka
vanokuvengai, munyengeterere vanokubatai zvakaipa
vachikushushai. **45** Kuti muve vana vaBaba venyu
vari kumatenga, nokuti vanobudisira zuva ravo
kune vakaipa nevakanaka, nemvura vanoinaisira
vakarurama nevasakarurama. **46** Nokuti kana muchida
vanokudai, mune mubairo wei? Ko, vateresiwo havaiti
izvozvo here? **47** Uye kana muchikwazisa vamwe
venyu chete, munoita zvikuru kupfuura vamwe nei?
Ko, vateresiwo havaiti saizvozvo here? **48** Naizvozvo
imwi muve vakakwana, saBaba venyu vari kumatenga
vakakwana.

**6** Chenjerai kuti basa renyu rerudo musariita
pamberi pevanhu kuti muonekwe navo; kana
zvisakadaro hamuna mubairo kuna Baba venyu
vari kumatenga. **2** Naizvozvo kana uchiita basa
rerudo, rega kuridza hwamanda pamberi pako
sezvinoita vanyepedzeri mumasinagoge nemunzira
dzemumaguta kuti vakudzwe nevanhu. Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Vagamuchira mubairo wavo. **3**
Asi iwe kana uchiita basa rerudo, ruboshwe rwako
ngarurege kuziva zvinoita rudyi rwako. **4** Kuti
kuita kwako basa rerudo kuve pakavanda; uye
Baba vako vanoona pakavanda, ivo vachakuripira
pachena. **5** Zvino kana uchinyengetera, usava
sevanyepedzeri; nokuti vanoda kunyengetera
vamire mumasinagoge nepamharadzano dzenzira
dzemumaguta kuti vaonekwe nevanhu. Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Vagamuchira mubairo wavo. **6**
Asi iwe kana uchinyengetera, pinda muimba yako
yemukati, ugovhara mukova wako, unyengetere
kuna Baba vako vari pakavanda; zvino Baba vako
vanoona pakavanda vachakuripira pachena. **7** Asi
kana muchinyengetera, musapamhidzira-pamhidzira
zvisina maturo sevahedheni; nokuti vanofunga
kuti vachanzwikwa nekutaura kwavo kuzhinji. **8**
Naizvozvo musafanana navo; nokuti Baba venyu
vanoziva chamunoshaiwa musati mavakumbira.
**9** Naizvozvo imwi nyengeterai seizvi: Baba vedu
vari kumatenga, zita renyu ngariitwe dzvene; **10**
ushe hwenyu ngahuuye; chido chenyu ngachiitwe
panyikawo sezvachinoitwa kudenga; **11** mutipei nhasi
kudya kwedu kwemisi yese; **12** uye mutikanganwire
mangava edu, isu sezvatinokanganwirawo vane
ngava nesu; **13** uye musatipinza pakuedzwa, asi
mutisunungure pakuipa. Nokuti ushe ndehwenyu
nesimba nekubwinya kusvikira rinhi narinhi. Ameni. **14**
Nokuti kana muchikanganwira vanhu kudarika kwavo,
Baba venyu vari kudenga vachakukanganwiraiwo. **15**
Asi kana musingakanganwiri vanhu kudarika kwavo,
Baba venyu havangakanganwiriwo kudarika kwenyu.
**16** Uyezve kana muchitsanya, musava nezviso
zvinopunyaira sevanyepedzeri; nokuti vanounyanisa
zviso zvavo, kuti vaonekwe nevanhu kuti vanotsanya.
Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Vagamuchira mubairo
wavo. **17** Asi iwe kana uchitsanya, zodza musoro wako,
ugeze chiso chako, **18** kuti urege kuonekwa kuvanhu
kuti unotsanya, asi kuna Baba vako vari pakavanda;
zvino Baba vako vanoona pakavanda vachakuripira
pachena. **19** Regai kuzviunganidzira fuma panyika,
pane chifusi nengura zvinoodza, nepane mbavha
dzinopaza dzichiba; **20** asi muzviunganidzire fuma
kudenga, uko kusina chifusi kana ngura zvinoodza,
naapo mbavha padzisingapazi kana kuba. **21**
Nokuti pane fuma yenyu, ndipo pachavawo nemoyo
yenyu. **22** Mwenje wemuviri iziso; naizvozvo kana
ziso rako riri benyu, muviri wako wese uchazara
nechiedza. **23** Asi kana ziso rako rakaipa, muviri
wako wese uchazara nerima. Naizvozvo kana
chiedza chiri mauri chiri rima, rima iro iguru sei! **24**
Hapana angashumira vatenzi vaviri; nokuti achavenga
umwe, akada umwe; kana achanamatira umwe,
akazvidza umwe. Hamungashumiri Mwari naMamona.
**25** Naizvozvo ndinoti kwamuri: Musafunganya
pamusoro peupenyu hwenyu, zvamuchadya kana
zvamuchanwa, kana pamusoro pemuviri wenyu,

zvamuchapfeka. Upenyu hahupfuuri kudya here,
nemuviri chipfeko? **26** Tarirai shiri dzedenga,
nokuti hadzidzvari kana kukohwa kana kuunganidza
mumatura, asi Baba venyu vekudenga vanodzirurira.
Imwi hamudzipfuuri zvikuru here? **27** Ndiani kwamuri
nekufunganya angawedzera mbimbi imwe paurefu
hwake? **28** Nepamusoro pezvipfeko munofunganyirei?
Nyatsorangarirai midovatova yenyika, inokura sei;
haishingairi, hairuki; **29** asi ndinoti kwamuri:
Kunyange Soromoni pakubwinya kwake kwese haana
kupfekedzwa seimwe yeiyi. **30** Zvino kana Mwari
achifukidza saizvozvo uswa hwenyika, huripo nhasi,
hunokandirwa muchoto mangwana, haangakufukidziyi
nekupfuurisa here imwi verutendo rudiki? **31**
Naizvozvo musafunganya, muchiti: Tichadyei? Kana:
Tichanwei? Kana: Tichafukei? **32** Nokuti izvozvi
zvese vahedheni vanozvitsvaka, nokuti Baba venyu
vekudenga vanoziva kuti munoshaiwa izvozvi zvese.
**33** Asi tangai kutsvaka ushe hwaMwari, nekururama
kwake, zvino izvozvi zvese zvichawedzerwa kwamuri.
**34** Naizvozvo musafunganyira mangwana, nokuti
mangwana achazvifunganyira zvinhu zvawo. Zuva
rakakwanirwa nezvakaipa zvaro.

**7** Musatonga, kuti muregе kutongwa, **2** nokuti
muchatongwa nekutonga kwamunotonga nako;
uye muchayerwa zvekare nechiyero chamunoyera
nacho. **3** Unotarisirei rubanzu rwuri muziso reumwe
wako, asi usingananzereri danda riri muziso rako? **4**
Kana ungataura sei kune umwe wako uchiti: Rega
ndivhomore rubanzu muziso rako, asi tarira, danda
riri muziso rako? **5** Munyepedzeri, tanga kuvhomora
danda muziso rako, ugoona kwazvo kuvhomora
rubanzu muziso reumwe wako. **6** Musapa chitsvene
kuimbwa, kana kukandira maparera enyu pamberi
penguruve, zvimwe dzingaatsika netsoka dzadzo,
dzikatendeuka dzikakubvamburai. **7** Kumbirai, uye
muchapiwa; tsvakai, uye muchawana; gogodzai, uye
muchazarurirwa. **8** Nokuti umwe neumwe anokumbira
anogamuchira, neanotsvaka anowana, neanogogodza
anozarurirwa. **9** Kana ndeupi munhu kwamuri, iye kana
mwanakomana wake akakumbira chingwa, achamupa
ibwe? **10** Kana kuti akakumbira hove, achamupa
nyoka? **11** Zvino kana imwi makaipa muchiziva
kupa vana venyu zvipo zvakanaka, Baba venyu vari
kumatenga vachapfuurisa sei kupa zvinhu zvakanaka
ivo vanovakumbira? **12** Naizvozvo zvinhu zvese
zvamunoda kuti vanhu vakuitirei, imwi muvaitirewo
saizvozvo; nokuti uyu ndiwo murairo nevaporofita. **13**
Pindai nesuwo rakamanikana; nokuti suwo rakafara
nenzira yakapamhamha inoenda kukuparadzwa, uye
vazhinji varipo vanopinda naro. **14** Nokuti suwo
rakamanikana nenzira nhete inoenda kuupenyu, uye
vashoma vanoiwana. **15** Asi chenjerai vaporofita
venhema, vanouya kwamuri nezvipfeko zvemakwai,
asi mukati mapumhi anoparadza. **16** Muchavaziva
nezvibereko zvavo; vanhu vanotanha mazambiringa
paminzwa here, kana maonde parubayambeva? **17**
Saizvozvo muti umwe neumwe wakanaka unobereka
zvibereko zvakanaka, asi muti wakaipa unobereka
zvibereko zvakaipa. **18** Muti wakanaka haugoni
kubereka zvibereko zvakaipa, nemuti wakaipa
haubereki zvibereko zvakanaka. **19** Muti umwe
neumwe usingaiti chibereko chakanaka unotemwa
wokandirwa mumoto. **20** Naizvozvo kubva pazvibereko
zvavo muchavaziva. **21** Haasi wese anoti kwandiri:
Ishe, Ishe, achapinda muushe hwekumatenga; asi
anoita kuda kwaBaba vangu vari kumatenga. **22**
Vazhinji vachati kwandiri pazuva iro: Ishe, Ishe,
hatina kuporofita muzita renyu here, tikabudisa
madhimoni muzita renyu, tikaita mabasa esimba
mazhinji muzita renyu? **23** Zvino ipapo ndichareva
kwavari pachena ndichiti: Handina kukuzivai chero
nguva; ibvai kwandiri imwi vaiti vezvakaipa. **24**
Naizvozvo umwe neumwe anonzwa mashoko angu
awa uye akaaita, ndichamufananidza nemurume
wakachenjera, wakavaka imba yake paruware. **25**
Zvino mvura ikaturuka, mafashame akauya, mitutu
ikavhuvhuta, ikarova paimba iyo, ikasawa; nokuti
yakange yakateyiwa paruware. **26** Zvino umwe
neumwe anonzwa mashoko angu awa, akasaaita,
uchafananidzwa nemurume benzi, wakavaka imba
yake pajecha; **27** zvino mvura ikaturuka, mafashame
ndokuuya, mitutu ndokuvhuvhuta, ndokurova paimba
iyo, ndokuwa; uye kuwa kwayo kukava kukuru. **28**
Zvino zvakaitika kuti Jesu apedza mashoko iwawa,
zvaunga zvakashamiswa nedzidziso yake. **29** Nokuti
wakavadzidzisa seune simba, kwete sevanyori.

**8** Wakati aburuka mugomo, zvaunga zvikuru
zvakamutevera. **2** Zvino tarira, kwakauya
ane maperembudzi, akamunamata achiti: Ishe,
kana muchida, munogona kundinatsa. **3** Jesu
akatandavadza ruoko, akamubata, achiti: Ndinoda,
natswa. Pakarepo maperembudzi ake akanatswa. **4**
Zvino Jesu akati kwaari: Ona kuti usaudza munhu,
asi enda unozviratidza kumupristi, ubaire chipo
Mozisi chaakaraira, chive uchapupu kwavari. **5**
Zvino Jesu wakati apinda muKapenaume, kwakauya
kwaari mukuru wezana, achimukumbirisa, **6** achiti:
Ishe, muranda wangu arere kumba wakafa mitezo,
anotambudzika kwazvo. **7** Zvino Jesu akati kwaari:

Ini ndichauya ndimuporese. 8 Mukuru wezana
akapindura akati: Ishe, handina kufanira kuti mupinde
pasi pedenga rangu remba; asi taurai shoko
chete, zvino muranda wangu achaporeswa. 9
Nokuti neniwo ndiri munhu ari pasi pesimba, ndine
mauto pasi pangu; zvino ndinoti kune uyu: Enda;
anoenda; nekune umwe: Uya; anouya; nekumuranda
wangu: Ita ichi; anoita. 10 Jesu wakati achizvinzwa
akashamisika, akati kune vaimutevera: Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Handina kuwana rutendo rukuru
rwakadai kunyange pakati paIsraeri. 11 Zvino ndinoti
kwamuri: Vazhinji vachauya vachibva kumabvazuva
nemavirira, vachagara pakudya naAbhurahama,
naIsaka, naJakobho, muushe hwekumatenga; 12 asi
vana veushe vachakandirwa kunze kurima rekunze
kwekupedzisira; ikoko kuchava nekuchema nekugeda-
geda kwemeno. 13 Zvino Jesu akati kumukuru
wezana: Enda, zviitirwe kwauri sezvawakatenda.
Muranda wake akapora nenguva iyoyo. 14 Jesu wakati
apinda mumba maPetro, akaona mai vemukadzi wake
vakaradzikwa vane fivhiri. 15 Akabata ruoko rwavo,
fivhiri ikabva kwavari; vakasimuka vakavashandira. 16
Zvino ava madekwani vakauisa kwaari vazhinji vaiva
vakagarwa nemadhimoni; akabudisa mweya neshoko,
akaporesa vese vairwara; 17 kuti zvizadziswe
zvakataurwa naIsaya muporofita achiti: Iye wakatora
utera hwedu, akatakura matenda edu. 18 Jesu wakati
achiona zvaunga zvikuru zvakamukomba, akaraira kuti
vabve vaende mhiri. 19 Umwe munyori ndokuswedera
akati kwaari: Mudzidzisi, ndichakuteverai kwese
kwamunoenda. 20 Zvino Jesu akati kwaari: Makava
ane mwena, neshiri dzedenga matendere; asi
Mwanakomana wemunhu haana paangatsamhidza
musoro. 21 Umwe wevadzidzi vake akati kwaari:
Ishe, ndiregei nditange ndaenda ndinoviga baba
vangu. 22 Asi Jesu wakati kwaari: Nditevere, urege
vakafa vavige vakafa vavo. 23 Zvino wakati apinda
muchikepe, vadzidzi vake vakamutevera. 24 Zvino
tarira, dutu guru remhepo rakamuka mugungwa,
zvekuti igwa rakange rofukidzwa nemafungu; asi iye
wakange arere. 25 Zvino vadzidzi vake vakaswedera
vakamumutsa vachiti: Ishe, tiponesei, toparara! 26
Zvino akati kwavari: Munotyirei, imwi verutendo rudiki?
Ndokusimuka, akatsiura mitutu negungwa; kudzikama
kukuru kukavapo. 27 Asi vanhu vakashamisika
vachiti: Uyu munhu rudzii kuti kunyange mitutu
negungwa zvinomuteerera? 28 Wakati asvika kune
rimwe divi kunyika yeVaGerigesi, vakamuchingamidza
vaviri vaiva vakagarwa nemadhimoni, vachibuda
kumarinda, vane hasha kwazvo-kwazvo, zvekuti
kwakange kusina munhu waigona kupfuura nenzira
iyo. 29 Zvino tarira, vakadanidzira vachiti: Tinei
nemwi, Jesu, Mwanakomana waMwari? Mauya pano
kuzotirwadzisa nguva isati yasvika here? 30 Zvino
kure navo kwakange kune boka renguruve zhinji
richifura. 31 Madhimoni akamugombetedza achiti:
Kana muchitibudisa, titenderei kuti tiende tinopinda
muboka renguruve. 32 Zvino akati kwaari: Endai.
Zvino akati abuda, akapinda muboka renguruve; zvino
tarira, boka rese renguruve rakapitirikira kumateru
kugungwa, dzikafira mumvura. 33 Zvino vaidzifudza
vakatiza, vakaenda kuguta, vakapira zvese uye
zvevakange vane madhimoni. 34 Zvino tarira, guta
rese rakabuda kunochingamidza Jesu; zvino vakati
vamuona, vakagombetedza kuti abve pamiganhu
yavo.

9 Akabva apinda mugwa, akayambuka ndokusvika
muguta rake pachake. 2 Zvino tarira, vakauisa
kwaari wakafa mitezo, arere pahwanyanza; zvino
Jesu achiona rutendo rwavo akati kune wakafa
mitezo: Tsunga moyo, mwana, wakanganwirwa zvivi
zvako. 3 Zvino tarira, vamwe vevanyori vakati
mukati mavo: Uyu unonyomba. 4 Asi Jesu achiona
mifungo yavo wakati: Imwi munofungirei zvakaipa
mumoyo yenyu? 5 Nokuti ndechipi chakareruka, kuti:
Wakanganwirwa zvivi; kana kuti: Simuka ufambe? 6
Asi kuti muzive kuti Mwanakomana wemunhu ane
simba panyika rekukanganwira zvivi (wakabva ati
kune wakange akafa mitezo): Simuka, tora hwanyanza
hwako, uende kumba kwako. 7 Akasimuka, akaenda
kumba kwake. 8 Zvaunga zvakati zvichizviona
zvikashamisika, zvikarumbidza Mwari wakapa simba
rakadai kuvanhu. 9 Zvino Jesu wakati achipfuurapo
akaona munhu anonzi Matewu agere pahofisi
yemutero, akati kwaari: Nditevere! Ndokusimuka,
akamutevera. 10 Uye zvakaitika agere pakudya
mumba, zvino tarira, vateresi vazhinji nevatadzi
vakauya vakagara pakudya naJesu nevadzidzi vake.
11 Zvino VaFarisi vakati vachizviona, vakati kuvadzidzi
vake: Nemhaka yei Mudzidzisi wenyu achidya
nevateresi nevatadzi? 12 Asi Jesu wakati anzwa, akati
kwavari: Vatano havadi murapi asi vanorwara. 13 Asi
endai mudzidze kuti zvinorevei kuti: Ndinoda tsitsi
uye kwete chibairo; nokuti handina kuuya kuzodana
vakarurama, asi vatadzi vauye mukutendeuka. 14
Ipapo kwakasvika kwaari vadzidzi vaJohwani, vachiti:
Nemhaka yei isu neVaFarisi tichitsanya kazhinji,
asi vadzidzi venyu vasingatsanyi? 15 Jesu ndokuti
kwavari: Vana veimba yemuchato vanogona kuchema
here apo muwani anavo? Asi mazuva achasvika
pachabviswa muwani kwavari, ipapo vachatsanya. 16

Hakuna anoisa chigamba chemucheka usakaunyana
panguvo sharu, nokuti icho chinonamirwa pairi
chinobvarura panguvo, buri rikanyanya. 17 Uye
havadiri waini itsva muhombodo tsaru; zvikasadaro
hombodo dzinoputika, waini ikateuka, nehombodo
dzikaparara; asi vanodira waini itsva muhombodo
itsva, zvichengeteke zviri zviviri. 18 Wakati achitaura
zvinhu izvozvi kwavari, tarira, kwakasvika umwe
mutungamiriri akamunamata, akati: Mukunda wangu
achangofa; asi uyai muise ruoko rwenyu pamusoro
pake, uye achararama. 19 Jesu ndokusimuka
akamutevera, nevadzidzi vake. 20 Zvino, tarira,
mukadzi waiva nekubuda ropa makore gumi nemaviri,
wakaswedera shure kwake, akabata mupendero
wenguvo yake. 21 Nokuti wakati mukati make:
Kana ndikangobata nguvo yake, ndichaporeswa.
22 Asi Jesu wakatendeuka akati amuona, akati:
Mukunda, tsunga moyo; rutendo rwako rwakuponesa.
Mukadzi ndokuponeswa kubva panguva iyo. 23
Jesu ndokusvika mumba memutungamiriri akaona
varidzi venyere nechaunga chichiita mhere-mhere,
24 akati kwavari: Ibvai; nokuti musikana haana kufa,
asi arere. Ndokumuseka vachimusvavaidza. 25 Asi
chaunga chakati chabudiswa, akapinda, ndokubata
ruoko rwake, musikana ndokumuka. 26 Mukurumbira
uyu ukabudira kunyika iyo yese. 27 Zvino Jesu wakati
opfuurapo, mapofu maviri akamutevera, achidanidzira
achiti: Tinzwirei tsitsi, Mwanakomana waDhavhidhi!
28 Zvino wakati apinda mumba, mapofu akauya
kwaari; Jesu akati kwaari: Munotenda kuti ndinogona
kuita izvozvi here? Akati kwaari: Hongu, Ishe.
29 Ipapo wakabata meso avo achiti: Ngazviitike
kwamuri maererano nerutendo rwenyu. 30 Zvino
meso avo akasvinudzwa; Jesu akavarairisa achiti:
Onai kuti hakuna anozviziva. 31 Asi vakati vabuda,
vakaparidzira mukurumbira wake munyika iyo yese.
32 Zvino vakati vachibuda, tarira, vakauisa kwaari
munhu chimumumu waiva akagarwa nedhimoni.
33 Zvino dhimoni rakati rabudiswa, chimumumu
chikataura; zvaunga zvikashamisika zvikati: Hakuna
kumboonekwa zvakadai muna Israeri. 34 Asi
VaFarisi vakati: Anobudisa madhimoni nemukuru
wemadhimoni. 35 Zvino Jesu wakapota nemaguta
ese nemisha, achidzidzisa mumasinagoge avo,
nekuparidza evhangeri yeushe, nekuporesa denda
rese neurwere hwese pakati pevanhu. 36 Asi wakati
achiona zvaunga, akavanzwira tsitsi, nokuti vakange
vaneta, vakapararira semakwai asina mufudzi. 37
Ipapo akati kuvadzidzi vake: Zvirokwazvo goho iguru,
asi vashandi vashoma; 38 naizvozvo kumbirisai kuna
Ishe wegoho, kuti atumire vashandi pagoho rake.

10 Zvino wakadanira kwaari vadzidzi vake gumi
nevaviri, akavapa simba pamusoro pemweya
yetsvina, kuti vaibudise nekuporesa denda rese
neurwere hwese. 2 Zvino mazita evaapositori gumi
nevaviri ndiwawa: Wekutanga, Simoni, anonzi Petro,
naAndiriya munin'ina wake; Jakobho waZebhedhi,
naJohwani munin'ina wake; 3 Firipi, naBhatoromeo;
Tomasi, naMatewu muteresi; Jakobho waArifiyo,
naRebheu wainziwo Tadhiyo; 4 Simoni muKenani,
naJudhasi Isikariyoti iyewo wakamutengesa. 5 Ava
gumi nevaviri Jesu akavatuma, akavaraira, achiti:
Musaenda munzira yevahedheni, musapinda muguta
reVaSamaria; 6 asi zvikuru muende kumakwai
akarasika eimba yaIsraeri. 7 Zvino pakufamba,
muparidze muchiti: Ushe hwekumatenga hwaswedera.
8 Poresai vanorwara, natsai vane maperembudzi,
mutsai vakafa, budisai madhimoni. Makagamuchira
pachena, ipai pachena. 9 Musawana goridhe, kana
sirivheri, kana ndarira mumabhanhire enyu, 10
kana homwe yerwendo, kana nguvo refu mbiri,
kana manyatera, kana tsvimbo; nokuti mushandi
wakafanira kudya kwake. 11 Muguta ripi neripi
kana mumusha wamunopinda, bvunzai kuti ndiani
mauri wakafanira, mugarepo, kusvikira muchibva.
12 Zvino kana muchipinda muimba, muikwazise.
13 Uye kana imba yakafanira, rugare rwenyu
ngaruuye pamusoro payo; asi kana isingafaniri,
rugare rwenyu ngarudzokere kwamuri. 14 Uye ani
nani usingakugamuchiriyi, kana kuteerera mashoko
enyu, kana muchibuda paimba iyo kana paguta
iro, zuzai guruva retsoka dzenyu. 15 Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Zvichava nani kunyika yeSodhoma
neyeGomora nezuva rekutongwa kupfuura guta iro. 16
Tarirai, ini ndinokutumai semakwai pakati pemapumhi;
naizvozvo chenjerai senyoka, mururame senjiva.
17 Asi svinurirai vanhu; nokuti vachakukumikidzai
kumatare emakurukota, uye vachakurovai netyava
mumasinagoge avo; 18 zvino muchauiswawo pamberi
pevatungamiriri nemadzimambo nekuda kwangu,
huve uchapupu kwavari nekuvahedheni. 19 Asi kana
vachikukumikidzai, musafunganya kuti muchataura
sei kana chii; nokuti muchapiwa nenguva iyo
chamuchataura. 20 Nokuti hamusi imwi munotaura,
asi Mweya waBaba venyu anotaura mamuri. 21
Mwanakomana wamai achakumikidza mwanakomana
wamai kurufu, nababa mwana; uye vana vachamukira
vabereki nekuvauraya. 22 Uye muchavengwa nevese
nekuda kwezita rangu; asi anotsungirira kusvika
pakuguma, ndiye achaponeswa. 23 Asi kana
vachikushushai muguta iri, tizirai kune rimwe; nokuti
zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Hamungatongopedzi

maguta aIsraeri, kusvikira Mwanakomana wemunhu
asvika. 24 Mudzidzi haasi pamusoro pemudzidzisi,
kana muranda pamusoro paishe wake. 25
Zvakaringanira mudzidzi kuti ave semudzidzisi
wake, nemuranda saishe wake. Kana vaidza Ishe
weimba kuti Bheerizebhuri, vachadaro zvikuru sei
veimba yake! 26 Naizvozvo musavatya; nokuti
hakuna chakafukidzwa chisingazobvundunurwi, kana
chakavanzika chisingazozikanwi. 27 Zvandinokuudzai
murima, taurai pachiedza, nezvamunonzwa munzeve,
paridzirai pamusoro pematenga edzimba. 28 Uye
musatya vanouraya muviri, asi havagoni kuuraya
mweya; asi mutye zvikuru uyo anogona kuparadza
zvese mweya nemuviri mugehena. **(Geenna g1067)** 29 Ko
tushiri tuviri hatutengeswi nekobiri here? Asi kamwe
kadzo hakangawiri pasi kunze kwekuda kwaBaba
venyu. 30 Asi nevhudzi remusoro wenyu rakaverengwa
rese. 31 Naizvozvo musatya, imwi munopfuura tushiri
tuzhinji. 32 Naizvozvo umwe neumwe achandibvuma
pamberi pevanhu, ini ndichamubvumawo pamberi
paBaba vangu vari kumatenga. 33 Asi ani nani
anondiramba pamberi pevanhu, neni ndichamuramba
pamberi paBaba vangu vari kumatenga. 34 Musafunga
kuti ndakauya kuzoisa rugare panyika; handina
kuuya kuzoisa rugare, asi munondo. 35 Nokuti
ndakauya kuzopesanisa munhu nababa vake,
nemukunda namai vake, nemuroora navamwene
vake; 36 nevavengi vemunhu ndeveimba yake.
37 Anoda baba kana mai kupfuura ini haana
kufanira ini; neanoda mwanakomana kana mukunda
kupfuura ini haana kufanira ini; 38 uye asingatori
muchinjikwa wake akanditevera, haana kufanira
ini. 39 Anowana mweya wake acharasikirwa
nawo; asi anorasikirwa nemweya wake nekuda
kwangu achauwana. 40 Uyo anogamuchira imwi
anogamuchira ini; neanogamuchira ini anogamuchira
iye wakandituma. 41 Anogamuchira muporofita
muzita remuporofita achawana mubairo wemuporofita;
neanogamuchira wakarurama muzita rewakarurama
achawana mubairo wewakarurama. 42 Uye ani
nani anonwisa umwe wevadiki ava mukombe
chete wemvura inotonhorera muzita remudzidzi,
zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Haangatongorasikirwi
nemubairo wake.

**11** Zvino zvakaitika apo Jesu apedza kuraira
vadzidzi vake gumi nevaviri, akabvira ipapo
kudzidzisa nekuparidza pamaguta avo. 2 Zvino
Johwani wakati anzwa ari mutirongo mabasa aKristu,
akatuma vaviri vevadzidzi vake, 3 akati kwaari:
Imwi ndimwi anouya here, kana titarisire umwe? 4
Jesu akapindura akati kwavari: Endai munoudza
Johwani zvinhu zvamunonzwa nezvamunoona: 5
Mapofu anoonazve, uye mhetamakumbo dzinofamba,
vane maperembudzi vanonatswa, nevematsi
vanonzwa, vakafa vanomutswa, nevarombo
vanoparidzirwa evhangeri; 6 wakaropafadzwa
ani nani asingagumbuswi neni. 7 Ava vakati
vachienda, Jesu akatanga kuudza zvaunga pamusoro
paJohwani akati: Makange mabuda kurenje kunoonei?
Rutsanga rwunozungunuswa nemhepo here? 8 Asi
makange mabuda kunoonei? Munhu wakapfeka nguvo
dzakapfava here? Tarirai, vanopfeka zvakapfava
vari mudzimba dzemadzimambo. 9 Asi makange
mabuda kunoonei? Muporofita here? Hongu, ndinoti
kwamuri: Kunyange anopfuura kwazvo muporofita;
10 nokuti uyu ndiye wakanyorwa pamusoro pake
zvichinzi: Tarira, ini ndinotuma mutumwa wangu
pamberi pechiso chako, achagadzira nzira yako
pamberi pako. 11 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri:
Hakuna kumuka pakati pevakaberekwa nevakadzi
mukuru kuna Johwani Mubhabhatidzi. Asi mudikisa
muushe hwekumatenga mukuru kwaari. 12 Uye
kubva pamazuva aJohwani Mubhabhatidzi kusvikira
zvino, ushe hwekumatenga hunopambiwa, nevapambi
vanohutora nesimba. 13 Nokuti vaporofita vese
nemurairo vakaporofita kusvikira kuna Johwani; 14
zvino kana muchida kuzvigamuchira, uyu ndiye Eria
wakange achizouya. 15 Une nzeve dzekunzwa,
ngaanzwe. 16 Asi ndicharifananidza nei zera iri?
Rakafanana nevana vagere pamisika, vachidanidzira
kushamwari dzavo, 17 vachiti: Takakuridzirai nyere,
asi hamuna kutamba; takakuririrai, asi hamuna
kuchema. 18 Nokuti Johwani wakauya asingadyi kana
kunwa, asi vanoti: Ane dhimoni. 19 Mwanakomana
wemunhu wakauya achidya, achinwa, zvino vanoti:
Tarirai munhu anokara uye munwi wewaini, shamwari
yevateresi nevatadzi. Asi njere dzinonzi dzakarurama
nevana vadzo. 20 Ipapo akatanga kutsiura maguta
makange maitwa mabasa ake esimba mazhinji,
nokuti haana kutendeuka, akati: 21 Une nhamo,
Korazini! Une nhamo, Bhetisaidha! Nokuti dai akaitwa
muTire neSidhoni mabasa esimba akaitwa mamuri,
vangadai vakatendeuka kare vakapfeka masaga
nedota. 22 Asi ndinoti kwamuri: Zvichava nani
kuTire neSidhoni nezuva rekutongwa kupfuura imwi.
23 Newe Kapenaume, wakasimudzirwa kudenga,
uchawisirwa pasi muhadhesi; nokuti dai akaitwa
muSodhoma mabasa esimba akaitwa mauri, vangadai
vachipo kusvikira zuva rino. **(Hadēs g86)** 24 Asi ndinoti
kwamuri: Zvichava nani kunyika yeSodhoma nezuva
rekutongwa kupfuura iwe. 25 Nenguva iyo Jesu

akapindura akati: Ndinokutendai, Baba, Ishe wedenga
nenyika, nokuti makavanzira zvinhu izvi vakachenjera
nevakangwara, mukazvizarurira vacheche. 26 Hongu
Baba, nokuti zvakadaro zvakava zvakanaka pamberi
penyu. 27 Zvinhu zvese zvakakumikidzwa kwandiri
naBaba vangu; uye hakuna anoziva Mwanakomana
kunze kwaBaba; hakunazve anoziva Baba kunze
kweMwanakomana, uye ani nani Mwanakomana
waanenge achida kuzarurira. 28 Uyai kwandiri mese
makaneta makaremerwa, uye ini ndichakupai zororo.
29 Torai joko rangu muise pamusoro penyu, mudzidze
kwandiri, nokuti ndiri munyoro, ndakaderera mumoyo;
uye muchawana zororo pamweya yenyu; 30 nokuti
joko rangu rakanakisa, nemutoro wangu wakareruka.

12 Nenguva iyo Jesu wakagura nemumunda
wezviyo nesabata; zvino vadzidzi vake vakange
vane nzara, vakatanga kutanha hura ndokudya. 2 Asi
VaFarisi vakati vachiona vakati kwaari: Tarira, vadzidzi
vako vanoita zvisingatenderwi kuitwa nesabata.
3 Asi wakati kwavari: Hamuna kuverenga here
Dhavhidhi zvaakaita paakange ava nenzara, iye
nevakange vanaye; 4 kuti wakapinda sei mumba
maMwari, akadya zvingwa zvekuratidza, zvaakange
asingatenderwi kuzvidya iye kunyange nevaiva naye,
kunze kwevapristi chete? 5 Kana hamuna kuverenga
here pamurairo, kuti nemasabata vapristi vanosvibisa
masabata mutembere asi vasina chavangapomerwa?
6 Asi ndinoti kwamuri: Pano pane mukuru kutembere.
7 Asi dai maiziva kuti zvinorevei kuti: Ndinoda tsitsi
kwete chibairo, mungadai musina kupa mhosva
vasina mhosva. 8 Nokuti Mwanakomana wemunhu
ndiIshe kunyange wesabata. 9 Zvino wakati abvapo
akapinda musinagoge ravo. 10 Zvino tarira, kwakange
kune munhu akange ane ruoko rwakawonyana.
Vakamubvunza vachiti: Zvakatenderwa kuporesa
nemasabata here? kuti vamupe mhosva. 11 Asi wakati
kwavari: Ndeupi munhu pakati penyu achava negwai
rimwe, iro kana rikawira mugomba nemasabata,
angarega kuribata akasimudza? 12 Naizvozvo
munhu anopfuura gwai zvikuru sei! Naizvozvo
zvakatenderwa kuita zvakanaka nemasabata. 13
Zvino akati kumunhu: Tandavadza ruoko rwako.
Akarutandavadza, rwukaporeswa rwukagwinya
serumwe. 14 Zvino VaFarisi vakabuda, vakaita
dare pamusoro pake kuti vangamuparadza sei. 15
Asi Jesu wakati aziva, akabvapo; zvaunga zvikuru
zvikamutevera, akavaporesa vese. 16 Akavarairisa
kuti varege kumubudisa pachena. 17 Kuti zvizadziswe
zvakarehwa naIsaya muporofita, achiti: 18 Tarira
muranda wangu wandakasanangura, mudikanwi
wangu, mweya wangu maunofara maari kwazvo.
Ndichaisa Mweya wangu pamusoro pake, uye
achazivisa vahedheni kutonga. 19 Haangarwisi
kana kudanidzira, uye hakuna achanzwa inzwi rake
munzira dzemumaguta. 20 Rutsanga rwakapwanyika
haangaruvhuni, netambo yemwenje inopfungaira
haangadzimi; kusvikira achituma kutonga mukukunda.
21 Uye vahedheni vachavimba muzita rake. 22 Zvino
kwakauyiswa kwaari wakagarwa nedhimoni, bofu uye
mbeveve; akamuporesa, zvekuti bofu mbeveve rakati
kutaura rikati kuona. 23 Zvaunga zvese zvikashamisika
zvikati: Ko uyu haasi Mwanakomana waDhavhidhi
here? 24 Asi VaFarisi vakati vachinzwa vakati: Uyu
haabudisi madhimoni, kunze naBheerizebhuri mukuru
wemadhimoni. 25 Zvino Jesu wakaziva ndangariro
dzavo, akati kwavari: Ushe humwe nehumwe
hwakapesana huchizvipikisa hunoparadzwa, neguta
rimwe nerimwe kana imba yakapesana ichizvipikisa
haingamiri. 26 Uye kana Satani achibudisa Satani,
anopesana achizvipikisa; zvino ushe hwake huchamira
sei? 27 Uye kana ini ndichibudisa madhimoni
naBheerizebhuri, vanakomana venyu vanoabudisa
nani? Naizvozvo ivo vachava vatongi venyu. 28
Asi kana ini ndichibudisa madhimoni neMweya
waMwari, saka ushe hwaMwari hwasvika kwamuri.
29 Kana munhu angapinda sei mumba mechikakarara
akapamba nhumbi dzacho kunze kwekuti atanga
kusunga chikakarara? Ipapo achapamba imba yake.
30 Uyo asina ini, anopikisana neni, neasingaunganidzi
neni, anoparadzira. 31 Naizvozvo ndinoti kwamuri:
Vanhu vachakanganwirwa chivi chese nekunyomba,
asi kunyomba Mweya hakungakanganwirwi vanhu. 32
Uye ani nani anotaura shoko rinopikisa Mwanakomana
wemunhu achakanganwirwa; asi ani nani anotaura
achipikisa Mweya Mutsvene haangakanganwirwi,
kana panguva ino kana kune inouya. **(aiōn g165)** 33
Kana itai muti uve wakanaka nechibereko chawo
chakanaka, kana itai muti uve wakaipa nechibereko
chawo chakaipa, nokuti muti unozikanwa nechibereko.
34 Vana venyoka, mungagona sei kutaura zvinhu
zvakanaka makaipa? Nokuti muromo unotaura kubva
pazvizere mumoyo. 35 Munhu wakanaka anobudisa
zvinhu zvakanaka pafuma yakanaka yemoyo;
nemunhu wakaipa anobudisa zvinhu zvakaipa pafuma
yakaipa. 36 Asi ndinoti kwamuri: Shoko rimwe nerimwe
risina maturo vanhu ravanoreva, vachazvidavirira
pamusoro paro nezuva rekutongwa. 37 Nokuti
nemashoko ako uchanzi wakarurama, uye nemashoko
ako uchapiwa mhosva. 38 Zvino vamwe vevanyori
neveVaFarisi vakapindura vakati: Mudzidzisi, tinoda
kuona chiratidzo kubva kwamuri. 39 Asi wakapindura

akati kwavari: Zera rakaipa rinofeva rinotsvaka
chiratidzo; asi hakuna chiratidzo chingapiwa kwariri,
kunze kwechiratidzo chaJona muporofita. **40** Nokuti
Jona sezvaakava mudumbu rehove huru mazuva
matatu neusiku utatu, saizvozvo Mwanakomana
wemunhu achava mumoyo wenyika mazuva matatu
neusiku utatu. **41** Varume veNinivhi vachasimuka
mukutongwa nezera iri, vacharipa mhosva; nokuti
vakatendeuka nemharidzo yaJona; zvino tarirai,
mukuru kuna Jona ari pano. **42** Mambokadzi
wechamhembe achasimuka mukutongwa nezera
iri, agoripa mhosva; nokuti wakabva pamagumisiro
enyika kuzonzwa uchenjeri hwaSoromoni; zvino
tarirai, mukuru kuna Soromoni ari pano. **43** Zvino
kana mweya wetsvina wabuda kumunhu, unofamba
uchigura nzvimbo dzakawoma, uchitsvaka zororo, asi
uchishaiwa. **44** Zvino unoti: Ndichadzokera kumba
kwangu kwandakabuda; uye uchisvika unoiwana
isina chinhu, yakatsvairwa yakarongedzwa. **45** Ipapo
unoenda ndokutora pamwe naye mimwe mweya
minomwe yakaipa kumupfuura pachake, ndokupinda
ikagaramo; kugumawo kwemunhu uyu kwakaipa
kupfuura kutanga. Zvichava saizvozvowo kuzera
iri rakaipa. **46** Wakati achataura nezvaunga, tarira,
mai nevanin'ina vake vakamira panze, vachitsvaka
kutaura naye. **47** Umwe ndokuti kwaari: Tarirai, mai
venyu nevanin'ina venyu vamire panze, vachitsvaka
kutaura nemwi. **48** Asi wakapindura akati kuna iye
wakamuudza: Mai vangu ndiani? Nevanin'ina vangu
ndivana ani? **49** Zvino wakatandavadzira ruoko rwake
kuvadzidzi vake, akati: Tarirai, mai vangu nevanin'ina
vangu. **50** Nokuti ani nani unoita kuda kwaBaba vangu
vari kumatenga, ndiye munin'ina wangu nehanzvadzi
namai.

**13** Nezuva iro, Jesu wakabuda mumba akagara
pasi parutivi rwegungwa. **2** Uye zvaunga
zvikuru zvakaungana kwaari, kusvikira apinda
muchikepe akagara pasi; nechaunga chese chakamira
pamahombekombe. **3** Ndokutaura zvinhu zvizhinji
kwavari nemifananidzo, achiti: Tarirai, mukushi
wakabuda kunokusha. **4** Zvino pakukusha kwake,
imwe mbeu yakawira kurutivi rwenzira; shiri dzikasvika
dzikaidya. **5** Imwe ikawira panzvimbo dzine mabwe,
payakange isina ivhu zhinji; ikamera pakarepo,
nokuti pakange pasina udziku hwevhu. **6** Kuzoti
zuva rabuda, yakapiswa, uye nokuti yakange isina
mudzi, yakasvava. **7** Asi imwe yakawira paminzwa;
minzwa ikakura, ikaivhunga. **8** Asi imwe yakawira
muvhu rakanaka, ikabereka chibereko, imwe zana,
neimwe makumi matanhatu, neimwe makumi matatu.
**9** Ane nzeve dzekunzwa, ngaanzwe. **10** Zvino
vadzidzi vakasvika, vakati kwaari: Munotaurirei
kwavari nemifananidzo? **11** Akapindura akati kwavari:
Nokuti kwakapiwa kwamuri kuziva zvakavanzika
zveushe hwekumatenga, asi kwavari hakuna kupiwa.
**12** Nokuti ani nani anazvo achapiwa, uye achava
nezvakawanda; asi ani nani asina achatorerwa
kunyange nezvaanazvo. **13** Naizvozvo ndinotaura
kwavari nemifananidzo, kuti vachiona havaoni; uye
vachinzwa havanzwi, uye havanzwisisi. **14** Uye
kwavari kwakazadziswa chiporofita chaIsaya chinoti:
Nekunzwa muchanzwa, asi hamungatongonzwisisi;
nekuona muchaona, asi hamungatongoonesesi.
**15** Nokuti moyo wevanhu ava wava mukukutu,
uye vanonzwa nenzeve nemutsutsururu, nemeso
avo vakaatsinzina; zvimwe varege kuona nemeso,
uye vanzwe nenzeve, uye vanzwisise nemoyo,
vatendeukewo, ndigovaporesa. **16** Asi akaropafadzwa
meso enyu, nokuti anoona; nenzeve dzenyu, nokuti
dzinonzwa. **17** Nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri:
Vaporofita nevakarurama vazhinji vakange vachishuva
kuona zvamunoona, asi havana kuzviona; nekunzwa
zvamunonzwa, asi havana kunzwa. **18** Naizvozvo
imwi inzwai mufananidzo wemukushi. **19** Umwe
neumwe anonzwa shoko reushe asi asinganzwisisi,
wakaipa anosvika ndokubvuta chakakushwa mumoyo
make. Uyu ndiye wakakushwa kurutivi rwenzira.
**20** Asi wakakushwa panzvimbo dzine mabwe,
ndiye anonzwa shoko ndokurigamuchira pakarepo
nemufaro; **21** asi haana mudzi maari, asi anogara
kwenguva, uye kana dambudziko kana kushushwa
zvichiuya nekuda kweshoko, pakarepo anogumburwa.
**22** Uye wakakushwa paminzwa, ndiye anonzwa
shoko, asi kufunganya kwenyika ino nekunyengera
kwefuma zvinovhunga shoko, rova risingabereki.
**(aiōn g165)** **23** Asi wakakushwa muvhu rakanaka,
ndiye anonzwa shoko akanzwisisa, anoberekawo
zvibereko, achiita, umwe zana, neumwe makumi
matanhatu, neumwe makumi matatu. **24** Wakaisa
pamberi pavo umwe mufananidzo, achiti: Ushe
hwekumatenga hunofananidzwa nemunhu wakakusha
mbeu yakanaka mumunda make. **25** Asi vanhu
vakati varere, muvengi wake wakauya, akakusha
mashawi pakati pezviyo, akaenda. **26** Asi chipande
chakati chamera nekubereka chibereko, zvino
mashawi akaonekwawo. **27** Zvino varanda vemwene
weimba vakaswedera vakati kwaari: Ishe, hamuna
kukusha mbeu yakanaka mumunda wenyu here?
Zvino wawanepi mashawi? **28** Akati kwavari:
Muvengi waita izvi. Varanda vakati kwaari: Saka
munoda kuti tinoaunganidza here? **29** Asi wakati:

Kwete, zvimwe kana muchiunganidza mashawi,
mungadzura zviyo nawo. 30 Regai zvikure pamwe
zviri zviviri kusvikira pakukohwa; zvino nenguva
yekukohwa ndichati kuvakohwi: Unganidzai pakutanga
mashawi, muasunge mwanda kuti muapise; asi
muunganidze zviyo mudura rangu. 31 Wakaisa
pamberi pavo umwe mufananidzo achiti: Ushe
hwekumatenga hwakafanana netsanga yemasitadha,
munhu yaanotora akaidzvara mumunda make. 32
Iyo idiki zvirokwazvo pambeu dzese, asi kana
yakura ihuru pamiriwo, inova muti, zvekuti shiri
dzekudenga dzinouya dzichivaka matendere pamatavi
awo. 33 Akataura umwe mufananidzo kwavari
akati: Ushe hwekumatenga hwakafanana nembiriso,
mukadzi yaakatora, akaiisa muzviyero zvitatu
zveupfu kusvikira hwese hwaviriswa. 34 Izvi zvinhu
zvese Jesu wakaudza zvaunga nemifananidzo,
uye pasina mufananidzo haana kutaura kwavari;
35 kuti chizadziswe chakarehwa nemuporofita,
achiti: Ndichazarura muromo wangu nemifananidzo;
ndichataura zvinhu zvakange zvakavanzika kubva
pamavambo enyika. 36 Zvino Jesu wakati arega
zvaunga zvichienda, akapinda mumba; vadzidzi vake
vakaswedera kwaari, vachiti: Tidudzirei mufananidzo
wemashawi emunda. 37 Akapindura akati kwavari:
Anokusha mbeu yakanaka Mwanakomana wemunhu;
38 uye munda inyika; nembeu yakanaka ndivo vana
veushe; asi mashawi vana vewakaipa. 39 Uye
muvengi wakaakusha ndidhiabhorosi; uye kukohwa
kuguma kwenyika; nevakohwi vatumwa. (aiōn g165) 40
Naizvozvo mashawi sezvaanounganidzwa achipiswa
mumoto, zvichava saizvozvo pakuguma kwenyika
ino. (aiōn g165) 41 Mwanakomana wemunhu achatuma
vatumwa vake, vagounganidza kubva muushe hwake
zvigumbuso zvese nevanoita zvakaipa; 42 zvino
vachavakandira muvira remoto; ipapo pachava
nekuchema nekugeda-geda kwemeno. 43 Ipapo
vakarurama vachapenya sezuva muushe hwaBaba
vavo. Ane nzeve dzekunzwa, ngaanzwe. 44 Zvekare
ushe hwekumatenga hwakafanana nefuma yakavigwa
mumunda, inoti kana munhu aiwana, anoiviga;
zvino nemufaro wake anoenda akanotengesa zvese
zvaanazvo akatenga munda uyo. 45 Zvekare
ushe hwekumatenga hwakafanana nemushambadzi
anotsvaka maparera akanaka; 46 akati awana parera
rimwe rine mutengo mukuru, akaenda akanotengesa
zvese zvaakange anazvo, akaritenga. 47 Zvekare
ushe hwekumatenga hwakafanana nemumbure
wakakandirwa mugungwa, ukaunganidza marudzi
ese ehove. 48 Iwo kana wazara, vanoukwevera
pamahombekombe, ndokugara pasi, vakaunganidzira
dzakanaka mumidziyo, asi dzakaipa vakadzirasira
kunze. 49 Zvichava saizvozvo pakuguma kwenguva;
vatumwa vachabuda, vachaparadzanisa vakaipa
kubva pakati pevakarurama, (aiōn g165) 50 uye
vachavakandira muvira remoto; ipapo pachava
nekuchema nekugeda-geda kwemeno. 51 Jesu
akati kwavari: Manzwisisa izvi zvese here? Vakati
kwaari: Hongu Ishe. 52 Zvino akati kwavari:
Naizvozvo munyori umwe neumwe wakadzidziswa
zveushe hwekumatenga wakafanana nemunhu,
mwene weimba, anobudisa zvinhu zvitsva nezvisharu
pafuma yake. 53 Zvino zvakaitika kuti Jesu apedza
mifananidzo iyi wakabvapo. 54 Uye wakati asvika
kunyika yekwake akavadzidzisa musinagoge ravo,
kusvikira vashamisika vakati: Kunobvepi kune uyu
kuchenjera uku nemabasa esimba? 55 Uyu haasi
mwanakomana wemuvezi here? Ko mai vake havanzi
Maria here, nevanin'ina vake Jakobho naJose
naSimoni naJudhasi here? 56 Nehanzvadzi dzake
hadzisi nesu dzese here? Ko zvinobvepi kune uyu
zvinhu izvozvi zvese? 57 Vakagumbuswa naye. Asi
Jesu akati kwavari: Muporofita haavi asina kukudzwa
kunze kwemunyika yekwake nemumba make. 58 Uye
haana kuita mabasa esimba mazhinji ipapo nekuda
kwekusatenda kwavo.

**14** Panguva iyo Herodhe umwe wevatongi vana
wakanzwa mukurumbira waJesu, 2 akati
kuvaranda vake: Uyu ndiJohwani Mubhabhatidzi; iye
wakamuka kuvakafa, naizvozvowo mabasa esimba
awa anobata maari. 3 Nokuti Herodhe wakange abata
Johwani akamusunga akamuisa mutirongo nekuda
kwaHerodhiasi mukadzi waFiripi munin'ina wake. 4
Nokuti Johwani wakange ati kwaari: Hazvitenderwi
kwauri kuti uve naye. 5 Zvino achida kumuuraya,
akatya chaunga, nokuti vaimutora semuporofita. 6
Asi kwakati kuchichengetedzwa zuva rekuberekwa
kwaHerodhe, mukunda waHerodhiasi akatamba
pakati pavo, akafadza Herodhe. 7 Naizvozvo
wakavimbisa nemhiko kuti achamupa chipi nechipi
chaaizokumbira. 8 Zvino iye, wakati amborairwa namai
vake, akati: Ndipei pano mundiro musoro waJohwani
Mubhabhatidzi. 9 Mambo akashungurudzika, asi
nekuda kwemhiko, uye kwevakange vagere naye
pakudya, wakaraira kuti apiwe. 10 Akatuma vanhu,
akagura Johwani musoro mutirongo. 11 Musoro wake
ukauyiswa mundiro, ukapiwa kumusikana, akauisa
kuna mai vake. 12 Vadzidzi vake vakauya vakatora
mutumbi vakauviga, vakaenda ndokuudza Jesu. 13
Jesu wakati azvinzwa, akabvapo nechikepe, akaenda
kunzvimbo yerenje ari ega; asi zvaunga zvakati

zvichizvinzwa zvikamutevera netsoka zvichibva
mumaguta. 14 Zvino Jesu wakati abuda akaona
chaunga chikuru, akavanzwira tsitsi, akaporesa
varwere vavo. 15 Zvino ava madekwani, vadzidzi
vake vakauya kwaari vachiti: Iyi inzvimbo yerenje,
uye ikozvino nguva dzaenda; regai zvaunga zviende,
kuti vaende kumisha vanozvitengera kudya. 16 Asi
Jesu wakati kwavari: Havafaniri kuenda; vapei imwi
kuti vadye. 17 Asi vakati kwaari: Hatina pano kunze
kwezvingwa zvishanu nehove mbiri. 18 Iye akati: Uyai
nazvo pano pandiri. 19 Akaraira zvaunga kuti zvigare
pasi pauswa, zvino akatora zvingwa zvishanu nehove
mbiri, akatarira kumusoro kudenga, akazviropafadza,
ndokumedura akapa zvingwa kuvadzidzi, vadzidzi
ndokupa kuzvaunga. 20 Vakadya vese, vakaguta;
vakanonga zvimedu zvakasara, matengu gumi
nemaviri azere. 21 Uye vakange vadya vaiva varume
vanenge zvuru zvishanu pasina vakadzi nevana.
22 Pakarepo Jesu wakamanikidza vadzidzi vake
kupinda muchikepe, vamutungamirire mhiri, iye
acharega zvaunga zvichienda. 23 Zvino wakati
arega zvaunga zvichienda, akakwira mugomo ari
ega kunonyengetera; akati ava madekwani, wakange
ari ega ipapo. 24 Asi chikepe zvino chakange
chava pakati pegungwa chichitambudzwa nemafungu;
nokuti mhepo yakange ichipikisa. 25 Nenguva
yechina yemurindiro yeusiku Jesu akaenda kwavari
achifamba pamusoro pegungwa. 26 Zvino vadzidzi
vakati vachimuona achifamba pamusoro pegungwa,
vakavhunduka vachiti: Chipoko; ndokudanidzira
nekutya. 27 Asi pakarepo Jesu wakataura navo
akati: Tsungai moyo; ndini; musatya. 28 Petro
ndokumupindura akati: Ishe, kana muri imwi, ndirairei
ndiuye kwamuri pamusoro pemvura. 29 Ndokubva
ati: Uya. Petro ndokuburuka muchikepe akafamba
pamusoro pemvura, kuenda kuna Jesu. 30 Asi wakati
achiona mhepo ine simba, akatya; zvino otanga
kunyura, akadanidzira, achiti: Ishe, ndiponesei! 31
Pakarepo Jesu wakatandavadza ruoko, akamubata,
akati kwaari: Iwe werutendo rudiki, unokononei? 32
Vakati vapinda muchikepe, mhepo ikanyarara. 33
Vakange vari muchikepe ndokuuya vakamunamata
vachiti: Zvirokwazvo muri Mwanakomana waMwari. 34
Vakati vayambuka, vakasvika panyika yeGenesareti.
35 Varume venzvimbo iyo vakati vamuziva vakatuma
shoko panyika yese iyo yakapoteredza, vakauisa
kwaari vese vairwara. 36 Vakakumbirisa kwaari kuti
vabate chete mupendero wenguvo yake; uye vese
vakabata vakaporeswa.

15 Ipapo kwakauya kuna Jesu vanyori neVaFarisi
vachibva kuJerusarema vachiti: 2 Sei vadzidzi
venyu vachidarika tsika yevakuru? Nokuti havashambi
maoko avo kana vachidya chingwa. 3 Asi akapindura
akati kwavari: Nemhaka yei imwiwo muchidarika
murairo waMwari nekuda kwetsika yenyu? 4 Nokuti
Mwari wakaraira achiti: Kudza baba namai vako;
uye kuti: Anotuka baba kana mai, anofanira kufa
rufu. 5 Asi imwi munoti: Ani nani anoti kuna baba
kana kuna mai: Chipi nechipi chaungabatsirwa
neni chibairo, 6 naizvozvo haatongokudzi baba
vake kana mai vake; naizvozvo mashayisa murairo
waMwari maturo netsika yenyu. 7 Vanyepedzeri,
Isaya wakaporofita zvakanaka pamusoro penyu achiti:
8 Vanhu ava vanoswedera kwandiri nemuromo wavo,
vachindikudza nemiromo; asi moyo wavo uri kure
neni. 9 Asi vanondinamata pasina, vachidzidzisa
dzidziso dziri mirairo yevanhu. 10 Zvino akadanira
chaunga kwaari, akati kwavari: Teererai munzwisise.
11 Hazvisi zvinopinda mumuromo zvinosvibisa munhu;
asi izvo zvinobuda mumuromo, ndizvo zvinosvibisa
munhu. 12 Zvino vadzidzi vake vakaswedera vakati
kwaari: Munoziva kuti VaFarisi vakati vachinzwa
shoko iri vakagumbuka here? 13 Asi wakapindura
akati: Chinomera chimwe nechimwe Baba vangu
vekudenga chavasina kudzvara chichadzurwa. 14
Varegei; vatungamiriri vakapofumara vemapofu.
Zvino kana bofu richitungamirira bofu, achawira
mugomba ari maviri. 15 Petro akapindura akati
kwaari: Tidudzirei mufananidzo uyu. 16 Zvino Jesu
akati: Imwiwo muchiri vasinganzwisisi nhai? 17
Nazvino hamunzwisisi here, kuti zvese zvinopinda
mumuromo zvinoenda mudumbu, uye zvinoraswa
kunze? 18 Asi zvinhu zvinobuda mumuromo zvinobva
mumoyo; izvo zvinosvibisa munhu. 19 Nokuti
mumoyo munobuda ndangariro dzakaipa, umhondi,
ufeve, upombwe, umbavha, uchapupu hwenhema,
kunyomba. 20 Izvi ndizvo zvinosvibisa munhu;
asi kudya nemaoko asina kushambwa hazvisvibisi
munhu. 21 Zvino Jesu wakabvapo akaenda
kumiganhu yeTire neSidhoni. 22 Zvino tarira, mukadzi
muKenani wakabva kumiganhu iyo akadanidzira
kwaari achiti: Ndinzwirei tsitsi, Ishe, Mwanakomana
waDhavhidhi; mukunda wangu wakabatwa zvakaipa
nedhimoni. 23 Asi haana kumupindura shoko. Vadzidzi
vake ndokuuya kwaari vakamukumbirisa vachiti:
Muindisei, nokuti anodanidzira shure kwedu. 24
Asi wakapindura akati: Handina kutumwa zvimwe,
kunze kwekumakwai akarasika eimba yaIsraeri. 25
Zvino akauya akamunamata achiti: Ishe, ndibatsirei.
26 Asi wakapindura akati: Hazvina kunaka kutora

chingwa chevana ndokukandira imbwanana. 27 Asi
iye akati: Hongu, Ishe, asi nembwanana dzinodya
zvezvimedu zvinowa patafura yavatenzi vadzo.
28 Zvino Jesu akapindura akati kwaari: Haiwa
mukadzi, rutendo rwako rukuru! Ngazvive kwauri
sezvaunoda. Mukunda wake akaporeswa kubva
panguva iyo. 29 Jesu ndokubva ipapo akauya
parutivi rwegungwa reGarirea; akakwira mugomo,
akagara ipapo. 30 Zvino zvaunga zvikuru zvakauya
kwaari zvine mhetamakumbo, mapofu, zvimumumu,
zvirema, nevamwe vazhinji, vakavakanda patsoka
dzaJesu; akavaporesa; 31 zvekuti zvaunga
zvakashamisika zvichiona zvimumumu zvichitaura,
zvirema zvakagwinya, vanokamhina vachifamba,
nemapofu achiona; vakarumbidza Mwari waIsraeri.
32 Jesu ndokudanira vadzidzi vake kwaari akati:
Ndinonzwa tsitsi nechaunga, nokuti vakagara neni
zvino mazuva matatu vasina chinhu chekudya, uye
handidi kuvaindisa vasina kudya, zvimwe vangaziya
panzira. 33 Vadzidzi vake ndokuti kwaari: Tichawanepi
zvingwa zvakawanda zvakadaro murenje, kuti tigutise
chaunga chikuru chakadai? 34 Jesu ndokuti kwavari:
Mune zvingwa zvingani? Vakati: Zvinomwe, nehove
diki shomanene. 35 Ndokuraira zvaunga kuti zvigare
pasi pavhu. 36 Akatora zvingwa zvinomwe nehove,
akavonga, akamedura, ndokupa vadzidzi vake,
vadzidzi vakapa chaunga. 37 Vakadya vese vakaguta;
vakanonga zvimedu zvakasara, matengu manomwe
azere. 38 Zvino avo vakadya vakange vari varume
zvuru zvina pasina vakadzi nevana. 39 Zvino wakati
aregera zvaunga zvichienda, akapinda muchikepe,
akasvika kumiganhu yeMagidhara.

16 VaFarisi neVaSadhusi ndokuuya vachimuidza,
vakamukumbira kuti avaratidze chiratidzo
chinobva kudenga. 2 Asi wakapindura akati kwavari:
Kana ava madekwani munoti: Kunze kwakanaka;
nokuti denga rakatsvuka. 3 Uye mangwanani munoti:
Nhasi kunze kwakaipa; nokuti denga rakatsvuka
richikwidibira. Vanyepedzeri, munoziva kuparadzanisa
mamiriro edenga, asi hamugoni kuparadzanisa
zviratidzo zvenguva here? 4 Zera rakaipa uye rinofeva
richitsvaka chiratidzo; asi haripiwi chiratidzo, kunze
kwechiratidzo chaJona muporofita. Ndokuvasiya,
akaenda. 5 Zvino vadzidzi vakati vasvika mhiri,
vakakanganwa kutora zvingwa. 6 Zvino Jesu
akati kwavari: Onai mungwarire mbiriso yeVaFarisi
neVaSadhusi. 7 Vakarangana pakati pavo vachiti:
Unodaro nokuti hatina kutora zvingwa. 8 Zvino
Jesu azviziva akati kwavari: Imwi verutendo rudiki,
nemhaka yei muchirangana pakati penyu kuti hamuna
kutora zvingwa? 9 Muchigere kunzwisisa here,
kana kurangarira zvingwa zvishanu zvevanezvuru
zvishanu, uye matengu mangani amakanonga? 10
Kana zvingwa zvinomwe zvevanezvuru zvina, uye
matengu mangani amakanonga? 11 Hamunzwisisi sei,
kuti handina kutaura kwamuri pamusoro pezvingwa
kuti mungwarire mbiriso yeVaFarisi neVaSadhusi?
12 Zvino vakanzwisisa kuti haana kutaura kuti
vachenjere mbiriso yechingwa, asi dzidziso yeVaFarisi
neVaSadhusi. 13 Jesu wakati asvika kumativi
eKesariya yeFiripi, akabvunza vadzidzi vake, achiti:
Vanhu vanoti ini Mwanakomana wemunhu ndini
ani? 14 Ndokubva vati: Vamwe vanoti Johwani
Mubhabhatidzi, uye vamwe Eria, vamwewo Jeremiya,
kana umwe wevaporofita. 15 Akati kwavari: Ko
imwi munoti ndini ani? 16 Zvino Simoni Petro
akapindura akati: Ndimwi Kristu, Mwanakomana
waMwari mupenyu. 17 Jesu akapindura akati
kwaari: Wakaropafadzwa, Simoni mwanakomana
waJona, nokuti nyama neropa hazvina kukuzarurira
izvozvo, asi Baba vangu vari kumatenga. 18
Neni ndinoti kwauri: Ndiwe Petro, uye pamusoro
peruware urwu ndichavaka kereke yangu, nemasuwo
egehena haangaikundi. **(Hadēs g86)** 19 Uye ndichapa
kwauri kiyi dzeushe hwekumatenga; uye chipi
nechipi chauchasunga panyika, chichasungwa
kumatenga; nechipi nechipi chauchasunungura
panyika, chichasunungurwa kumatenga. 20 Ipapo
akarairisa vadzidzi vake kuti varege kuudza munhu
kuti ndiye Jesu iye Kristu. 21 Kubva panguva iyo
Jesu wakatanga kuratidza kuvadzidzi vake kuti
anofanira kuenda kuJerusarema, uye kutambudzika
zvizhinji zvichibva kuvakuru nevapristi vakuru
nevanyori, nekuurawa, nekumutswa nezuva retatu.
22 Petro akamutora parutivi, akatanga kumutsiura
akati: Ngazvirege kutongoitika kwamuri, Ishe; izvi
hazvingatongoitiki kwamuri. 23 Asi iye wakatendeuka
akati kuna Petro: Ibva shure kwangu, Satani! Uri
chigumbuso kwandiri; nokuti haurangariri zvinhu
zvaMwari, asi zvinhu zvevanhu. 24 Zvino Jesu akati
kuvadzidzi vake: Kana ani nani achida kuuya shure
kwangu, ngaazvirambe, atakure muchinjikwa wake,
anditevere. 25 Nokuti ani nani anoda kuponesa upenyu
hwake acharasikirwa nahwo; asi ani nani anorasikirwa
neupenyu hwake nekuda kwangu achahuwana. 26
Nokuti munhu anobatsirwei kana akawana nyika
yese, akarasikirwa nemweya wake? Kana munhu
achapei chive muripo wemweya wake? 27 Nokuti
Mwanakomana wemunhu achauya mukubwinya
kwaBaba vake nevatumwa vake, ipapo achapa
mubairo umwe neumwe zvichienderana nebasa rake.

28 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Vamwe varipo kune
vamire pano, vasingatongoraviri rufu kusvikira vaona
Mwanakomana wemunhu achiuya muushe hwake.

17 Zvino shure kwemazuva matanhatu Jesu
wakatora Petro naJakobho naJohwani munin'ina
wake, akavakwidza mugomo refu vari vega. 2
Zvino akashandurwa chimiro pamberi pavo, uye
chiso chake chikapenya sezuva, nenguvo dzake
dzikachena sechiedza. 3 Zvino tarira, kwakaonekwa
kwavari Mozisi naEria vachitaura naye. 4 Zvino
Petro akapindura akati kuna Jesu: Ishe, zvakatinakira
kuva pano; kana muchida, ngatiite pano matumba
matatu, rimwe renyu, nerimwe raMozisi, nerimwe
raEria. 5 Wakati achataura, tarira, gore rinopenya
rakavadzikatira; uye tarira, inzwi rikabva mugore,
richiti: Uyu Mwanakomana wangu anodikanwa,
wandinofara maari kwazvo; inzwai iye. 6 Vadzidzi
vakati vachizvinzwa, vakawa nechiso chavo, vakatya
zvikuru. 7 Asi Jesu akaswedera akavabata, akati:
Simukai, musatya. 8 Vakati vachisimudza meso avo,
havana kuona munhu, kunze kwaJesu chete. 9
Zvino vakati vachiburuka mugomo, Jesu akavaraira,
achiti: Musaudza munhu chiratidzo ichi, kusvikira
Mwanakomana wemunhu amuka kubva kuvakafa.
10 Vadzidzi vake vakamubvunza vachiti: Vanyori
vanogotaurirei vachiti Eria anofanira kutanga kuuya?
11 Jesu akapindura akati kwavari: Eria achatanga
kusvika zvirokwazvo, achavandudza zvinhu zvese.
12 Asi ndinotaura kwamuri kuti Eria wakatosvika, asi
havana kumuziva, asi vakamuitira zvese zvavakada;
saizvozvowo Mwanakomana wemunhu achatambura
navo. 13 Zvino vadzidzi vakanzwisisa kuti wakataura
kwavari zvaJohwani Mubhabhatidzi. 14 Vakati vasvika
kuchaunga, kwakauya kwaari munhu, akamufugamira,
achiti: 15 Ishe, donzwirai mwanakomana wangu tsitsi,
nokuti ane zvipusha, anotambudzika kwazvo; nokuti
kazhinji anowira mumoto, kazhinji mumvura. 16 Uye
ndakamuuisa kuvadzidzi venyu, asi havana kugona
kumuporesa. 17 Jesu akapindura akati: Haiwa zera
risina rutendo nerakakombama, ndichava nemwi
kusvikira rinhi? Ndichakuitirai moyo murefu kusvikira
rinhi? Muuisei pano pandiri. 18 Zvino Jesu akaritsiura,
dhimoni rikabuda kwaari, mwana akaporeswa kubva
panguva iyo. 19 Zvino vadzidzi vakauya kuna Jesu vari
vega, vakati: Isu takange tisingagoni nei kuribudisa?
20 Jesu akati kwavari: Nemhaka yekusatenda kwenyu.
Nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Kana mune
rutendo rwakaita setsanga yemasitadha, mungati
kugomo iri: Ibva pano, enda koko; uye richabva;
uye hakuna chinhu chingakukonai. 21 Asi zera iri
haribudi kunze chete nekunyengetera nekutsanya.
22 Zvino vachakagara muGarirea, Jesu wakati
kwavari: Mwanakomana wemunhu obva okumikidzwa
mumaoko evanhu, 23 uye vachamuuraya, asi nezuva
retatu achamutswa. Uye vakashurukirwa zvikuru. 24
Zvino vakati vachisvika Kapenaume, vaigamuchira
mutero vakauya kuna Petro, vakati: Mudzidzisi wenyu
haateri here? 25 Akati: Hongu. Zvino wakati achipinda
mumba, Jesu akamutangira achiti: Unofungei Simoni?
Madzimambo enyika anotora muripo kana mutero
kuna vana ani? Kuvanakomana vavo kana kuvatorwa?
26 Petro akati kwaari: Kuvatorwa. Jesu akati kwaari:
Saka vanakomana vakasununguka. 27 Asi kuti tirege
kuvagumbusa, enda kugungwa ukande chiredzo;
ubate hove inotanga kubuda; kana washamisa
muromo wayo, uchawana mari; uitore uvape, ive
yangu neyako.

18 Nenguva iyo vadzidzi vakauya kuna Jesu vachiti:
Ko ndiani mukurusa paushe hwekumatenga?
2 Jesu akadanira kwaari mucheche akamumisa
pakati pavo. 3 Akati: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri:
Kana musingashandurwi mukava sevacheche,
hamungatongopindi muushe hwekumatenga. 4
Naizvozvo ani nani anozvininipisa semucheche
uyu ndiye mukurusa muushe hwekumatenga. 5
Zvino ani nani anogamuchira mucheche umwe
wakadai muzita rangu anogamuchira ini. 6 Asi
ani nani anogumbusa umwe wevacheche ava
vanotenda kwandiri, zvaiva nani kwaari kuti guyo
guru risungirirwe kupoteredza pamutsipa wake,
anyudzwe mukudzika kwegungwa. 7 Ine nhamo
nyika nemhaka yezvigumbuso! Nokuti kunodikanwa
kuti zvigumbuso zviuye; asi une nhamo munhu uyo
chigumbuso wachinouya naye! 8 Zvino kana ruoko
rwako kana rutsoka rwako zvichikugumbusa, uzvigure
urase kubva kwauri; zviri nani kwauri kuti upinde
muupenyu uri mhetamakumbo kana uri chirema
pakuti une maoko maviri kana tsoka mbiri ukandirwe
mumoto wekusingaperi. **(aiōnios g166)** 9 Kana ziso
rako richikugumbusa, uridzure urase kubva kwauri;
zviri nani kwauri kuti upinde muupenyu une ziso
rimwe pakuti une meso maviri ukandirwe mugehena
remoto. **(Geenna g1067)** 10 Chenjerai musazvidza umwe
wevadiki ava, nokuti ndinoti kwamuri: Kumatenga
vatumwa vavo vanogaroona chiso chaBaba vangu
vari kumatenga. 11 Nokuti Mwanakomana wemunhu
wakauya kuzoponesa chakange chakarasika. 12
Munofunga sei? Kana umwe munhu ane makwai
zana, rimwe rawo rikarasika, haangasii here
makumi mapfumbamwe nemapfumbamwe, akaenda

kumakomo kunotsvaka rakarasika? 13 Kana zvikaitika
kuti ariwana, zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Anorifarira
kupfuura makumi mapfumbamwe nemapfumbamwe
asina kurasika. 14 Saizvozvo hakusi kuda kwaBaba
venyu vari kumatenga, kuti umwe wevadiki ava
aparare. 15 Asi kana umwe wako akutadzira, enda
umudzore pakati pako naye mega; kana akakunzwa,
wawana umwe wako. 16 Asi kana asinganzwi, tora
umwe kana vamwe vaviri newe, kuti nemuromo
wezvapupu zviviri kana zvitatu shoko rese risimbiswe.
17 Kana asina hanya nekuvanzwa, uudze kereke;
asi kana asina hanya nekunzwa kerekewo, ngaave
kwauri semuhedheni nemuteresi. 18 Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Chipi nechipi chamuchasunga
panyika, chichasungwa kudenga; uye chipi nechipi
chamunosunungura panyika, chichasunungurwa
kudenga. 19 Zvekare ndinoti kwamuri: Kana vaviri
venyu vakatenderana panyika pamusoro pechinhu
chipi nechipi chavanokumbira, chichaitwa kwavari
naBaba vangu vari kumatenga. 20 Nokuti apo
vaviri kana vatatu vakaungana muzita rangu, ipapo
ndiripo pakati pavo. 21 Zvino Petro wakauya kwaari
akati: Ishe, umwe wangu uchanditadzira kangani,
ndichimukanganwira? Kusvikira kanomwe here? 22
Jesu akati kwaari: Handiti kwauri: Kusvikira kanomwe;
asi: Kusvikira makumi manomwe akapamhidzirwa
kanomwe. 23 Naizvozvo ushe hwekumatenga
hunofananidzwa neumwe mambo, wakange achida
kugadzirisa zvemari nevaranda vake. 24 Zvino wakati
achitanga kugadzirisa zvemari, umwe akauyiswa
kwaari wakange ane chikwereti chematarenda gumi
rezvuru. 25 Asi zvaakange asina chaangaripa
nacho, ishe wake akaraira kuti atengeswe pamwe
nemukadzi wake nevana, nezvese zvaakange
anazvo, kuti muripo uitwe. 26 Naizvozvo muranda
wakawira pasi, akamunamata, achiti: Ishe, ivai
nemoyo murefu neni, ndichakuripirai zvese. 27
Zvino ishe wemuranda uyo akamunzwira tsitsi,
akamusunungura, akamukanganwira chikwereti. 28
Asi muranda uyo wakati achibuda, akawana umwe
wevaranda vaibata pamwe naye, wakange ane
ngava kwaari remadhenario zana; akamubata,
akamudzipa, akati: Ndiripe zvaunofanira. 29 Zvino
muranda waibata pamwe naye akawira pasi patsoka
dzake akamugombetedza achiti: Uve nemoyo
murefu neni, ndichakuripira zvese. 30 Asi iye
haana kuda, asi wakaenda, akamukanda mutirongo,
kusvikira aripa chikwereti. 31 Zvino varanda vaibata
pamwe naye vakati vachiona zvakange zvaitika,
vakashungurudzika kwazvo, vakaenda vakaudza
ishe wavo zvese zvakaitika. 32 Zvino ishe wake
wakati amudanira kwaari akati kwaari: Iwe muranda
wakaipa, ndakakukanganwira chikwereti icho chose,
nokuti wakandigombetedza. 33 Ko newe hausaifanira
kunzwira tsitsi here umwe muranda unobata pamwe
newe, seniwo ndakakunzwira tsitsi? 34 Zvino ishe
wake akatsamwa, akamukumikidza kuvarwadzisi,
kusvikira aripa zvese zvakafanira kwaari. 35 Saizvozvo
Baba vangu vari kudenga vachakuitiraiwo, kana
musingakanganwiri umwe neumwe umwe wake
zvitadzo zvavo nemoyo yenyu yese.

19 Zvino zvakaitika apo Jesu apedza mashoko
awa, akabva kuGarirea, akasvika kumiganhu
yeJudhiya mhiri kweJoridhani. 2 Zvaunga
zvikuru zvikamutevera, akazviporesapo. 3 VaFarisi
vakauyawo kwaari, vachimuidza vachiti kwaari:
Zvinotenderwa here kumunhu kuramba mukadzi wake
nemhaka ipi neipi? 4 Akapindura, akati kwavari:
Hamuna kurava here, kuti iye wakavaita kubva
pakutanga wakavaita murume nemukadzi? 5 Akati:
Nekuda kwaizvozvi munhu achasiya baba namai, uye
achanamatira kumukadzi wake; avo vaviri vachava
nyama imwe. 6 Naizvozvo havachisiri vaviri, asi
nyama imwe. Naizvozvo izvo Mwari zvaakabatanidza
munhu ngaarege kuparadzanisa. 7 Vakati kwaari:
Mozisi wakagorairei kupa rugwaro rwekurambana,
nekumuramba? 8 Akati kwavari: Nekuda kweukukutu
hwemoyo yenyu Mozisi wakakutenderai kuramba
vakadzi venyu; asi kubva pakutanga zvakange zvisina
kudaro. 9 Asi ndinoti kwamuri: Ani nani anoramba
mukadzi wake, kunze kwemhaka yeupombwe,
akawana umwe, anopomba; neanowana wakarambwa
anopomba. 10 Vadzidzi vake vakati kwaari: Kana
nyaya yemunhu nemukadzi yakadaro, hazvibatsiri
kuwana. 11 Asi akati kwavari: Vese havagamuchiri
shoko iri, kunze kwevakaripiwa. 12 Nokuti kune
vatenwa, vakaberekwa vakadaro kubva mudumbu
ramai; uye kune vatenwa, vakaitwa vatenwa nevanhu;
uye kune vatenwa vakazviita vatenwa nekuda
kweushe hwekumatenga. Anogona kugamuchira izvi,
ngaagamuchire. 13 Zvino kwakauyiswa kwaari vana
vadiki, kuti aise maoko pamusoro pavo, anyengetere;
asi vadzidzi vakavatsiura. 14 Asi Jesu wakati:
Tenderai vana vadiki, musavadzivisa kuuya kwandiri;
nokuti ushe hwekumatenga ndehwevakadai. 15
Akaisa maoko pamusoro pavo, akabvapo. 16 Zvino
tarira, kwakaswedera umwe akati kwaari: Mudzidzisi
wakanaka, ndingaita chinhu chakanaka chipi kuti ndive
neupenyu husingaperi? **(aiōnios g166)** 17 Akati kwaari:
Unondiidzirei wakanaka? Hakuna wakanaka, kunze
kweumwe, ndiye Mwari. Asi kana uchida kupinda

muupenyu, chengeta mirairo. 18 Akati kwaari: Ipi?
Jesu ndokuti: Usauraya, usapomba, usaba, usapupura
nhema, 19 kudza baba vako namai, uye, ude umwe
wako sezvaunozvida iwe. 20 Jaya rikati kwaari: Izvozvi
zvese ndakazvichengeta kubva paudiki hwangu;
ndichiri kushaiwei? 21 Jesu akati kwariri: Kana uchida
kuva wakaperera, enda utengese zvaunazvo upe
varombo, uye uchava nefuma kudenga; ugouya
pano unditevere. 22 Asi jaya rakati ranzwa shoko
iro rikaenda richishungurudzika; nokuti rakange
rine nhumbi zhinji. 23 Jesu akati kuvadzidzi vake:
Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Mufumi ucharemerwa
kupinda muushe hwekumatenga. 24 Ndinotizve
kwamuri: Zvakarerukira kamera kudarika nemuburi
retsono, kumufumi kupinda muushe hwaMwari. 25
Vadzidzi vake vakati vazvinzwa, vakashamisika
kwazvo, vachiti: Saka ndiani angagona kuponeswa?
26 Asi Jesu wakatarira akati kwavari: Kuvanhu
izvi hazvibviri, asi kuna Mwari zvese zvinobvira.
27 Ipapo Petro akapindura, akati kwaari: Tarirai,
isu takasiya zvese, tikakuteverai; zvino tichava
nei? 28 Jesu akati kwavari: Zvirokwazvo ndinoti
kwamuri: Imwi makanditevera, pakuberekwa kutsva
kana Mwanakomana wemunhu agara pachigaro
cheushe chekubwinya kwake, imwiwo muchagara
pazvigaro zveushe gumi nezviviri, muchitonga marudzi
gumi nemaviri aIsraeri. 29 Uye umwe neumwe
wakasiya dzimba, kana vanin'ina nemadzikoma, kana
hanzvadzi, kana baba, kana mai, kana mukadzi,
kana vana, kana minda, nekuda kwezita rangu,
uchagamuchira zvine zana, akagara nhaka yeupenyu
husingaperi. **(aiōnios g166)** 30 Asi vazhinji vekutanga
vachava vekupedzisira, nevekupedzisira vekutanga.

**20** Nokuti ushe hwekumatenga hwakafanana
nemunhu, mwene weimba, wakabuda
mangwanani-ngwanani kunopinza basa vashandi
mumunda wake wemizambiringa. 2 Wakati
atenderana nevabati padhenario pazuva, akavatuma
kumunda wake wemizambiringa. 3 Akabuda
neawa rinenge rechitatu, akaona vamwe vamire
pamusika, vasina chekuita; 4 akati kwavari: Endai
imwiwo mumunda wemizambiringa, ndigokupai
chero zvakafanira. Vakaendawo. 5 Akabudazve
neawa rinenge rechitanhatu nerepfumbamwe,
akaita saizvozvo. 6 Zvino neawa rinenge regumi
nerimwe wakabuda, akawana vamwe vamire
vasina chekuita, akati kwavari: Makamirirei pano
zuva rese musina chekuita? 7 Vakati kwaari:
Nokuti hapana munhu wakatipinza basa. Akati
kwavari: Endai nemwiwo mumunda wemizambiringa,
muchagamuchira chero zvakafanira. 8 Kuzoti ava
madekwani, mwene wemunda wemizambiringa
wakati kumutariri wake: Dana vabati, uvape mubairo,
uchitanga kune vekupedzisira, kusvikira kune
vekutanga. 9 Zvino vakati vachiuya veawa rinenge
regumi nerimwe, vakagamuchira umwe neumwe
dhenario. 10 Asi vekutanga vakati vachiuya,
vakafunga kuti vachagamuchira zvakapfuura; asi
ivowo vakagamuchira umwe neumwe dhenario. 11
Vakati vagamuchira vakagunun'unira mwene weimba,
12 vachiti: Ava vekupedzisira vakabata awa rimwe
chete, asi mavaenzanisa nesu takatakura mutoro
wezuva nekupisa. 13 Asi wakapindura akati kune
umwe wavo: Shamwari, handikuitiri zvisakarurama;
hauna kutenderana here neni padhenario? 14 Tora
zvako uende; ndinoda kupa kune uyu wekupedzisira
sewewo. 15 Ko handitenderwi kuita zvandinoda
nezvangu here? Ziso rako rakaipa, nokuti ini
ndakanaka here? 16 Saizvozvo vekupedzisira vachava
vekutanga, nevekutanga vekupedzisira; nokuti
vazhinji vakadanwa, asi vashoma vachasarudzwa.
17 Jesu wakati achikwira kuJerusarema akatora
vadzidzi gumi nevaviri vari vega munzira, akati
kwavari: 18 Tarira, tinokwira kuJerusarema, zvino
Mwanakomana wemunhu achakumikidzwa kuvapristi
vakuru nevanyori, vachamutongera rufu. 19
Vachamukumikidza kuvahedheni, kuti vasveveredze,
varove netyava, nekuroverera pamuchinjikwa; asi
nezuva retatu achamuka. 20 Zvino kwakauya kwaari
mai vevanakomana vaZebhedhi nevanakomana vavo,
vakanamata vachikumbira chimwe chinhu kwaari. 21
Akati kwavari: Munodei? Vakati kwaari: Taurai kuti
vanakomana vangu ava vaviri vagare, umwe kuruoko
rwenyu rwerudyi, umwe kuruboshwe, muushe
hwenyu. 22 Asi Jesu akapindura, akati: Hamuzivi
chamunokumbira. Mungagona kunwa mukombe
wandava kuzonwa ini here, uye kubhabhatidzwa
nerubhabhatidzo rwandinobhabhatidzwa narwo ini?
Vakati kwaari: Tinogona. 23 Akati kwavari: Muchanwa
zvirokwazvo mukombe wangu, nekubhabhatidzwa
nerubhabhatidzo rwandinobhabhatidzwa narwo
ini; asi kugara kuruoko rwangu rwerudyi,
nekuruboshwe rwangu, hazvisi zvangu kuti ndipe,
asi ndezvevakazvigadzirirwa naBaba vangu. 24
Vanegumi vakati vanzwa, vakatsamwira avo mukoma
nemunin'ina vaviri. 25 Asi Jesu akavadanira kwaari,
akati: Munoziva kuti vatungamiriri vevahedheni
vanovatsikirira, nevakuru vanoratidza simba
pamusoro pavo. 26 Asi hazvingazodaro pakati
penyu; asi ani nani anoda kuva mukuru pakati
penyu, ngaave mushandiri wenyu. 27 Zvino ani

nani anoda kuva wekutanga pakati penyu, ngaave
muranda wenyu. 28 SeMwanakomana wemunhu
haana kuuya kuzoshandirwa, asi kuzoshandira,
nekupa upenyu hwake huve rudzikunuro rwevazhinji.
29 Vakati vachibuda kubva Jeriko, chaunga chikuru
chikamutevera. 30 Zvino tarira, mapofu maviri
agere parutivi rwenzira, akati achinzwa kuti Jesu
wopfuura, akadanidzira, achiti: Tinzwirei tsitsi,
Ishe, Mwanakomana waDhavhidhi! 31 Chaunga
chikaatsiura kuti anyarare; asi akanyanya kudanidzira,
achiti: Tinzwirei tsitsi, Ishe, Mwanakomana
waDhavhidhi! 32 Jesu ndokumira, akaadana, akati:
Munoda kuti ndikuitirei? 33 Akati kwaari: Ishe, kuti
meso edu asvinudzwe. 34 Jesu akanzwa tsitsi,
akabata meso awo; pakarepo meso awo akaonazve,
akamutevera.

**21** Vakati vachiswedera kuJerusarema, vasvika
kuBhetifage pagomo reMiorivhi, ipapo Jesu
akatuma vadzidzi vaviri, 2 achiti kwavari: Endai
kumusha wakatarisana nemwi, pakarepo muchawana
mbongoro yakasungirwa, nedhongwana rinayo;
sunungurai, muuyise kwandiri. 3 Kana ani nani
achitaura chinhu kwamuri, muchati: Ishe anozvida;
pakarepo achazvitumira. 4 Izvozvi zvese zvakaitika,
kuti zvizadziswe zvakataurwa nemuporofita, achiti:
5 Udzai mukunda weZiyoni: Tarira Mambo wako
anouya kwauri, ari munyoro, akatasva mbongoro,
nedhongwana, mwana wechipfuwo chemutoro. 6
Vadzidzi vakaenda, vakaita Jesu sezvaakavaraira,
7 vakauisa mbongoro nedhongwana, vakaisa
nguvo dzavo pamusoro pazvo; vakamugadza
pamusoro pazvo. 8 Chaunga chikuru kwazvo
chikawarira nguvo dzacho munzira; vamwe vakatema
matavi pamiti vakawarira munzira. 9 Zvaunga
zvakange zvakamutungamirira nevakange vachitevera
vakadanidzira, vachiti: Hosana kuMwanakomana
waDavhidhi! Wakaropafadzwa iye anouya muzita
raIshe! Hosana kumusoro-soro! 10 Wakati apinda
muJerusarema, guta rese rikazungunuswa, richiti:
Ndiani uyu? 11 Zvaunga zvikati: Uyu ndiJesu
muporofita weNazareta reGarirea. 12 Zvino Jesu
wakapinda mutembere yaMwari, akadzingira vese
vaitengesa nevaitenga mutembere, akapidigura
matafura evaitsinhanha mari, nezvigaro zvevaitengesa
njiva. 13 Akati kwavari: Kwakanyorwa kuchinzi:
Imba yangu ichanzi imba yemunyengetero; asi
imwi munoiita bako remakororo. 14 Zvino
kwakauya kwaari mapofu nevaikamhina mutembere;
akavaporesa. 15 Asi vapristi vakuru nevanyori vakati
vachiona zvinhu zvinoshamisa zvaakange achiita,
nevana vachidanidzira mutembere vachiti: Hosana
kuMwanakomana waDhavhidhi! vakatsamwa, 16
vakati kwaari: Unonzwa zvavanotaura ivava here?
Jesu akati kwavari: Hongu, hamuna kutongoverenga
here, kuti: Mumuromo mavacheche nevanoyamwa
makapedzeredza rumbidzo? 17 Akavasiya, akabuda
panze peguta, achienda Bhetaniya, ndokurarapo. 18
Kuzoti mangwanani-ngwanani wakati achidzokera
kuguta, akanzwa nzara. 19 Zvino wakati achiona
umwe muonde panzira, akaenda kwauri, akasawana
chinhu kwauri, asi mashizha chete; akati kwauri:
Ngakurege kuva nezvibereko kwauri kusvikira
narinhi. Pakarepo muonde ukasvava. **(aiōn g165)** 20
Vadzidzi vakati vachiona, vakashamisika, vachiti:
Muonde wasvava pakarepo sei? 21 Jesu akapindura
akati kwavari: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri:
Dai maiva nerutendo, musiri vasina chokwadi,
hamungaiti izvi kumuonde chete, asi kunyange
kana mukati kugomo iri: Simudzwa ukandirwe
mugungwa; zvichaitwa. 22 Nezvese zvipi nezvipi
zvamunokumbira mumunyengetero, kana muchitenda,
muchazvigamuchira. 23 Wakati apinda mutembere,
vapristi vakuru nevakuru vevanhu vakauya kwaari
achidzidzisa, vakati: Munoita zvinhu izvozvi nesimba
ripi? Ndiani akakupai simba iri? 24 Jesu akapindura
akati kwavari: Neni ndichakubvunzai shoko rimwe;
kana mukandiudza iro, neni ndichakuudzai kuti
ndinoita izvi nesimba ripi. 25 Rubhabhatidzo
rwaJohwani rwakabvepi? Kudenga here kana
kuvanhu? Zvino vakataurirana pakati pavo vachiti:
Kana tikati: Kudenga; uchati kwatiri: Saka sei musina
kumutenda? 26 Asi kana tikati: Kuvanhu; tinotya
chaunga; nokuti vese vakatora Johwani semuporofita.
27 Vakapindura Jesu vakati: Hatizivi. Iye ndokuti
kwavari: Neni handingakuudziyi simba randinoita
naro izvi. 28 Zvino munofungei? Munhu waiva
nevanakomana vaviri; akauya kune wekutanga,
akati: Mwana, enda nhasi unobata mumunda wangu
wemizambiringa. 29 Iye akapindura akati: Handidi;
asi pashure akatendeuka akaenda. 30 Akaenda kune
wechipiri akataura saizvozvo. Iye akapindura akati:
Ndinoenda, ishe; akasaenda. 31 Ndeupi pavaviri
akaita kuda kwababa? Vakati kwaari: Wekutanga.
Jesu akati kwavari: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri:
Vateresi nezvifeve vanokutangirai kupinda muushe
hwaMwari. 32 Nokuti Johwani akauya kwamuri nenzira
yekururama, mukasamutenda; asi vateresi nezvifeve
vakamutenda, asi imwi makati muchiona, hamuna
kutendeuka shure kwaizvozvi kuti mumutende. 33
Inzwai umwe mufananidzo. Kwaiva neumwe munhu,
mwene weimba, wakasima munda wemizambiringa,

akaisa ruzhowa rwakaukomberedza, akachera
pekusvinira waini mauri, akavaka shongwe, akauhaisa
kuvarimi, akaenda kunze kwenyika. 34 Kuzoti nguva
yezvibereko yaswedera, akatuma varanda vake
kuvarimi kuti vagamuchire zvibereko zvake. 35 Asi
varimi vakabata varanda vake, umwe vakarova,
umwe vakauraya, umwe vakataka nemabwe. 36
Akatumazve vamwe varanda vazhinji kune vekutanga;
vakavaitira saizvozvo. 37 Asi pakupedzisira akatuma
mwanakomana wake kwavari, achiti: Vacharemekedza
mwanakomana wangu. 38 Asi varimi vakati vachiona
mwanakomana, vakataurirana, vachiti: Uyu ndiye
mugari wenhaka; uyai, ngatimuurayeyi tibate nhaka
yake. 39 Zvino vakamubata vakaposhera panze
kunze kwemunda wemizambiringa vakamuuraya. 40
Naizvozvo kana mwene wemunda wemizambiringa
achisvika, uchaitei kuvarimi avo? 41 Vakati kwaari:
Achaparadza zvakaipa ava vakaipa, akahaisa
vamwe varimi munda wemizambiringa, vachamupa
zvibereko nenguva dzazvo. 42 Jesu akati kwavari:
Hamuna kutongoverenga here pamagwaro panoti:
Ibwe vavaki ravakaramba, ndiro rakava musoro
wekona; kubva kuna Ishe izvi zvaitika zvinoshamisa
pameso edu? 43 Naizvozvo ndinoti kwamuri: Ushe
hwaMwari huchatorwa kubva kwamuri, hukapiwa
kurudzi rwunobereka zvibereko zvahwo. 44 Uye
anowira pamusoro pebwe iri, achavhunikanya; asi
pane upi neupi warinowira richamukuya. 45 Vapristi
vakuru neVaFarisi vakati vachinzwa mifananidzo
yake, vakaziva kuti anotaura nezvavo. 46 Zvino
vakati vachitsvaka kumubata vakatya zvaunga nokuti
vaimutora semuporofita.

**22** Zvino Jesu wakapindura akataurazve kwavari
nemifananidzo, achiti: 2 Ushe hwekumatenga
hwakafananidzwa neumwe mambo, wakaitira
mwanakomana wake mutambo wemuchato; 3
akatuma varanda vake kunodana vakange vakokwa
kumuchato, asi havana kuda kuuya. 4 Akatuma
zvekare vamwe varanda, achiti: Udzai vakakokerwa
muti: Tarirai, ndagadzira chisvusvuro changu, nzombe
dzangu nezvakakora zvabaiwa, uye zvinhu zvese
zvagadzirwa; uyai kumuchato. 5 Asi havana
kuzvikoshesa, vakaenda, umwe kumunda wake
pachake, umwe kukutengeserana kwake; 6 vakasara
vavo vakabata varanda vake, vakavaitira zvakaipa,
vakavauraya. 7 Zvino mambo wakati azvinzwa,
wakatsamwa, akatuma hondo dzake, akaparadza
mhondi idzo, akapisa guta ravo. 8 Zvino akati
kuvaranda vake: Muchato wagadzirwa, asi vakange
vakokwa vakange vasina kufanira. 9 Naizvozvo, endai
kumharadzano dzenzira, mukokere kumuchato vese
vamunowana. 10 Varanda avo vakabudira kunzira,
vakaunganidza vese nekuwanda kwevavakawana,
zvese vakaipa nevakanaka; imba yemuchato ikazara
nevagere pakudya. 11 Zvino mambo wakati
achipinda kuzoona vagere pakudya, akaona ipapo
munhu asina kupfeka chipfeko chemuchato; 12
akati kwaari: Shamwari, wapinda sei pano usina
chipfeko chemuchato? Akashaya remuromo. 13
Zvino mambo akati kuvaranda: Musungei makumbo
nemaoko, mumubvise, mukandire kurima rekunze
kwekupedzisira; apo pachava nekuchema nekugeda-
geda kwemeno. 14 Nokuti vazhinji vakadanwa,
asi vashoma vanosanangurwa. 15 Zvino VaFarisi
vakaenda vakanorangana kuti vangamuteya sei
pakutaura. 16 Vakatuma kwaari vadzidzi vavo
vane VaHerodhe, vachiti: Mudzidzisi, tinoziva kuti
ndimwi wechokwadi, uye munodzidzisa nzira yaMwari
muchokwadi, musingarangariri zvemunhu, nokuti
hamutariri chimiro chevanhu. 17 Naizvozvo tiudzei:
Munofungei? Zvinotenderwa kupa Kesari mutero
here, kana kwete? 18 Asi Jesu wakaziva kuipa
kwavo, akati: Munondiidzirei, vanyepedzeri? 19
Ndiratidzei mari yemutero. Vakamuvigira dhenario. 20
Zvino akati kwavari: Mufananidzo uyu nechinyorwa
ndezvani? 21 Vakati kwaari: ZvaKesari. Ipapo akati
kwavari: Naizvozvo dzorerai kuna Kesari zvinhu
zvaKesari, nekuna Mwari zvinhu zvaMwari. 22 Vakati
vanzwa vakashamisika, vakamusiya, vakaenda.
23 Nezuva iro kwakauya kwaari VaSadhusi, avo
vanoti hakuna kumuka, vakamubvunza, 24 vachiti:
Mudzidzisi, Mozisi wakati: Kana munhu akafa asina
vana, munin'ina wake achawana mukadzi wake,
agomutsira mukoma wake mbeu. 25 Paiva pakati pedu
nevanakomana vemunhu umwe vanomwe; wekutanga
akawana mukadzi, akafa; uye asina mbeu, akasiya
mukadzi wake kumunin'ina wake. 26 Saizvozvowo
wechipiri, newechitatu, kusvikira kune wechinomwe.
27 Pakupedzisira kwevese mukadzi akafawo. 28 Zvino
pakumuka, achava mukadzi waani pavanomwe?
Nokuti vese vakava naye. 29 Jesu ndokupindura, akati
kwavari: Munorasika, musingazivi magwaro, kana
simba raMwari; 30 nokuti pakumuka havawanani,
havawaniswi; asi vakaita sevatumwa vaMwari
kudenga. 31 Asi maererano nekumuka kwevakafa,
hamuna kuverenga here zvakataurwa kwamuri
naMwari, achiti: 32 Ini ndiri Mwari waAbhurahama,
naMwari waIsaka, naMwari waJakobho? Mwari
haasi Mwari wevakafa, asi wevapenyu. 33 Zvino
zvaunga zvichizvinzwa zvakashamisika nedzidziso
yake. 34 VaFarisi vakati vachinzwa kuti washaisa

VaSadhusi remuromo, vakaungana pamwe. 35 Zvino
umwe wavo, nyanzvi yemutemo, wakamubvunza,
achimuidza, ichiti: 36 Mudzidzisi, ndeupi mutemo
mukuru pamurairo? 37 Jesu akati kwaari: Ida Ishe
Mwari wako, nemoyo wako wese, uye nemweya
wako wese, uye nemurangariro wako umwe neumwe.
38 Ndiwo murairo wekutanga uye mukuru. 39
Wechipiri unofanana nawo, ndiwoyu: Ida umwe wako
sezvaunozvida iwe. 40 Pamirairo iyi miviri, murairo
wese nevaporofita zvakaremberedzwa. 41 Zvino
VaFarisi vachakaungana, Jesu akavabvunza, 42 achiti:
Munofungei pamusoro paKristu? Mwanakomana
waani? Vakati kwaari: WaDhavhidhi. 43 Akati kwavari:
Ko Dhavhidhi wakagomutumidza sei muMweya
kuti Ishe, achiti: 44 Ishe wakati kuna Ishe wangu:
Gara kurudyi rwangu, kusvikira ndaita vavengi vako
chitsiko chetsoka dzako? 45 Zvino kana Dhavhidhi
achimuti Ishe, anova mwanakomana wake sei?
46 Zvino hakuna akagona kumupindura shoko;
uye kwakange kusina munhu kubva pazuva iro
wakatsunga kumubvunzazve.

**23** Ipapo Jesu wakataura kuzvaunga nekuvadzidzi
vake, 2 achiti: Vanyori neVaFarisi vagere
pachigaro chaMozisi; 3 saka zvese chero zvipi
zvavanokuudzai kuti muzvichengete, chengetai
nekuita; asi musaita semabasa avo; nokuti vanotaura,
asi havaiti. 4 Nokuti vanosunga mitoro inorema uye
inorwadza kutakura, vachiisa pamafudzi evanhu, asi
havadi kuisudurusa nemunwe wavo. 5 Asi mabasa
avo ese vanoaita kuti vaonekwe nevanhu; nokuti
vanofarisa mafirakitera avo, vanorebesa mipendero
yenguvo dzavo; 6 vanoda chinzvimbo chakakwirira
pazvirairo, nezvigaro zvemberi mumasinagoge,
7 nekwaziso pamisika, nekunzi nevanhu: Rabhi,
Rabhi. 8 Asi imwi musaidzwa Rabhi, nokuti umwe
ndiye mudzidzisi wenyu, Kristu; imwi mese muri
hama. 9 Musaidza munhu panyika baba venyu;
nokuti umwe ndiBaba venyu, ivo vari kumatenga.
10 Musaidzwawo vadzidzisi; nokuti umwe ndiye
Mudzidzisi wenyu, iye Kristu. 11 Asi mukurusa
pamuri achava muranda wenyu. 12 Zvino ani
nani anozvikwiridzira achaderedzwa; uye ani nani
anozvideredza, achakwiridzirwa. 13 Asi mune
nhamo, vanyori neVaFarisi, vanyepedzeri! Nokuti
munopfigira vanhu ushe hwekumatenga; nokuti
imwi hamupindi, zvekare hamutenderi vanopinda
kupinda. 14 Mune nhamo, vanyori neVaFarisi,
vanyepedzeri, nokuti munodya dzimba dzechirikadzi,
uye muchiita mano-mano eminyengetero mirefu;
naizvozvo muchagamuchira kutongwa nekupfuurisa.
15 Mune nhamo, vanyori neVaFarisi, vanyepedzeri,
nokuti munopoteredza gungwa nenyika kuzoita umwe
atendeuke kuva muJudha; kana ava saizvozvo,
munomuita mwanakomana wegehena kukunda imwi
kaviri. **(Geenna g1067)** 16 Mune nhamo, vatungamiriri
vakapofumara, munoti: Ani nani anopika netembere,
hachisi chinhu, asi ani nani anopika negoridhe
yetembere, ane ngava. 17 Mapenzi nemapofu!
Nokuti chikuru ndechipi: Goridhe, kana tembere
inoita goridhe rive dzvene? 18 Uye: Ani nani
anopika nearitari, hachisi chinhu; asi ani nani
anopika nechipo chiri pamusoro payo, ane ngava.
19 Mapenzi nemapofu! Nokuti chikuru ndechipi:
Chipo, kana aritari inoita chipo chive chitsvene? 20
Naizvozvo anopika nearitari, anopika nayo nezvese
zviri pamusoro payo. 21 Neanopika netembere,
anopika nayo, neanogara mairi. 22 Neanopika
nedenga, anopika nechigaro cheushe chaMwari,
neanogara pamusoro pacho. 23 Mune nhamo,
vanyori neVaFarisi, vanyepedzeri, nokuti munopa
chegumi cheminte neadhiri nekumini, muchirega
zvakakosha zvemurairo zvinoti: Mutongo netsitsi
nekutendeka; izvi zvakafanira kuita nekusarega
zvimwe. 24 Vatungamiriri vakapofumara, munomimina
runyunyu, muchimedza kamera. 25 Mune nhamo,
vanyori neVaFarisi, vanyepedzeri! Nokuti munonatsa
kunze kwemukombe nekwendiro, asi mukati
muzere neupambi nekusazvidzora. 26 MuFarisi
wakapofumara, tanga kunatsa mukati memukombe
nendiro, kuti kunze kwazvo kugochenawo. 27
Mune nhamo, vanyori neVaFarisi, vanyepedzeri!
Nokuti makafanana nemarinda akadzudzurwa
kuitwa machena, anoonekwa akanaka zvirokwazvo
kunze, asi mukati muzere nemafupa evakafa
netsvina yese. 28 Saizvozvo nemwi munoonekwa
kunze makarurama kuvanhu, asi mukati muzere
neunyepedzeri neuipi. 29 Mune nhamo, vanyori
neVaFarisi, vanyepedzeri! Nokuti munovaka marinda
evaporofita, nekushongedza makuva evakarurama,
30 muchiti: Dai taiva pamazuva emadzibaba edu,
tingadai tisina kugoverana navo paropa revaporofita.
31 Saka munopupura nezvenyu kuti muri vanakomana
vevakauraya vaporofita. 32 Nemwi chizadzisai chiyero
chemadzibaba enyu! 33 Imwi nyoka, zvizvarwa
zvezviva, muchatiza sei kutonga kwegehena?
**(Geenna g1067)** 34 Naizvozvo, tarirai, ini ndinotumira
kwamuri vaporofita nevakachenjera nevanyori; vamwe
vavo vamuchauraya nekuvaroverera pamuchinjikwa;
vamwe vavo vamucharova netyava mumasinagoge
enyu, nekushusha muguta nemuguta. 35 Kuti kuuye
pamusoro penyu ropa rese rakarurama, rakateurirwa

panyika, kubva paropa raAberi wakarurama, kusvikira
paropa raZakaria, mwanakonana waBharakia,
wamakauraya pakati petembere nearitari. 36
Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Izvi zvese zvichauya
pamusoro pezera iri. 37 Jerusarema! Jerusarema!
Iwe unouraya vaporofita, nekutaka nemabwe
avo vanotumwa kwauri! Ndakange ndichida
kazhinji sei kuunganidza vana vako, semhambo
inounganidza hukwana dzayo muzasi memapapiro,
asi hamuna kuda. 38 Tarirai, imba yenyu yasiiwa
kwamuri riri dongo. 39 Nokuti ndinoti kwamuri:
Hamuchatongondioni kubva zvino, kusvikira muchiti:
Wakaropafadzwa anouya muzita raIshe.

24 Zvino Jesu wakabuda akabva patembere;
vadzidzi vake ndokuswedera kuzomuratidza
zvivakwa zvetembere. 2 Jesu akati kwavari:
Hamuoni zvinhu izvi zvese here? Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Hakungatozongosiiwi pano ibwe
pamusoro pebwe risingatongoputsirwi pasi. 3 Kuzoti
agere pagomo reMiorivhi, vadzidzi vakauya kwaari
vari vega vachiti: Tiudzei, zvinhu izvi zvichava
rinhi? Nechiratidzo chekuuya kwenyu nechokuguma
kwenyika chichava chipi? **(aiōn g165)** 4 Jesu akapindura
akati kwavari: Chenjerai kuti kusava neanokutsausai;
5 nokuti vazhinji vachauya muzita rangu, vachiti:
Ndini Kristu; uye vachatsausa vazhinji. 6 Zvino
muchanzwa zvehondo nerunyerekupe rwehondo;
chenjerai, musakanganiswa; nokuti zvese zvinofanira
kuitika; asi kuguma kuchigere. 7 Nokuti rudzi
ruchamukira rudzi, neushe huchamukira ushe,
uye kuchava nenzara nematenda nekudengenyeka
kwenyika kunzvimbo dzakasiyana-siyana. 8
Asi zvese izvi kutanga kwemarwadzo. 9
Ipapo vachakukumikidzai mukutambudzika, uye
vachakuurayai; uye muchavengwa nemarudzi ese
nekuda kwezita rangu. 10 Zvino ipapo vazhinji
vachagumbuswa, uye vachatengesana, nekuvengana.
11 Uye vaporofita vazhinji venhema vachamuka,
vatsause vazhinji. 12 Uye nekuda kwekuti uipi
huchawanda, rudo rwevazhinji rwuchatonhora.
13 Asi anotsungirira kusvikira pakuguma, ndiye
achaponeswa. 14 Uye evhangeri iyi yeushe
ichaparidzwa munyika yese chive uchapupu
kumarudzi ese; ipapo kuguma kuchasvika. 15
Naizvozvo kana muchiona nyangadzi yekuparadza
yakarehwa naDhanyeri muporofita, imire panzvimbo
tsvene (anorava ngaanzwisise), 16 zvino vari
muJudhiya ngavatizire kumakomo; 17 ari pamusoro
pedenga reimba ngaarege kuburuka kuzotora chinhu
kubva mumba make; 18 neari kumunda ngaarege
kudzokera shure kunotora nguvo dzake. 19 Asi
mune nhamo vane mimba nevanonwisa nemazuva
iwayo! 20 Asi nyengeterai kuti kutiza kwenyu
kurege kuva muchando, kana nesabata. 21 Nokuti
ipapo kuchavapo kutambudzika kukuru, kusati
kwakavapo kwakadaro kubva pakutanga kwenyika
kusvikira zvino, uye kusingazovipozve. 22 Dai
mazuva ayo asaipfupiswa, hakuna nyama zvachose
yaiponeswa; asi nekuda kwevasanangurwa mazuva
ayo achapfupiswa. 23 Zvino kana munhu akati
kwamuri: Tarirai, Kristu pano, kana apo, musatenda. 24
Nokuti kuchamuka vana kristu venhema nevaporofita
venhema, vachaita zviratidzo zvikuru nezvishamiso,
zvekuti kana zvichibvira, vatsause nevasanangurwa.
25 Tarirai, ndagara ndakuudzai. 26 Naizvozvo kana
vakati kwamuri: Tarirai, ari murenje, musabuda;
tarirai ari mudzimba dzemukati, musatenda. 27
Nokuti semheni inobuda kumabvazuva ichipenya
kusvikira kumavirira, kuchava saizvozvo nekuuya
kweMwanakomana wemunhu. 28 Nokuti pese-pese
pane chitunha, ndipo pachaunganidzwa magora.
29 Pakarepo shure kwekutambudzika kwemazuva
ayo zuva richasvibiswa, nemwedzi hauzopi chiedza
chawo, uye nyeredzi dzichawa kudenga, nemasimba
ekumatenga achazunguniswa. 30 Uye ipapo
kuchaonekwa chiratidzo cheMwanakomana wemunhu
kudenga; uye ipapo marudzi ese enyika achachema,
uye achaona Mwanakomana wemunhu achiuya
pamakore ekudenga nesimba nekubwinya kukuru.
31 Uye achatuma vatumwa vake nekurira kukuru
kwehwamanda, vachaunganidza vasanangurwa vake
kubva kumhepo ina, kubva kumigumo yematenga
kusvikira kumigumo yawo. 32 Asi dzidzai mufananidzo
kubva pamuonde: Kana davi rawo rava ikozvino nyoro,
richitunga mashizha, munoziva kuti zhizha rava pedo.
33 Saizvozvo nemwi, kana moona izvozvi zvese, zivai
kuti zvava pedo pamikova. 34 Zvirokwazvo ndinoti
kwamuri: Zera iri haringatongopfuuri kusvikira izvozvi
zvese zvaitika. 35 Denga nenyika zvichapfuura, asi
mashoko angu haangatongopfuuri. 36 Asi zvezuva
iro neawa hakuna anozviziva, kwete kunyange
vatumwa vekumatenga, asi Baba vangu chete.
37 Asi semazuva aNowa, kuchaita saizvozvowo
kuuya kweMwanakomana wemunhu. 38 Nokuti
sepamazuva akatangira mafashame, vaidya nekunwa,
vachiwana nekuwaniswa, kusvikira zuva Nowa
raakapinda muareka, 39 uye vakange vasingazivi,
kusvikira kwasvika mafashame avabvisa vese,
kuchaita saizvozvowo kuuya kweMwanakomana
wemunhu. 40 Ipapo vaviri vachava mumunda;
umwe achatorwa, uye umwe achasiiwa. 41 Vakadzi

vaviri vachikuya paguyo; umwe achatorwa, neumwe
achasiiwa. 42 Rindai naizvozvo, nokuti hamuzivi
nguva Ishe wenyu yaachauya. 43 Asi zivai izvi, kuti
dai mwene weimba aiziva kuti inguva yekurinda ipi
ichasvika mbavha, angadai airinda, akasatendera
imba yake kuti ipazwe. 44 Naizvozvo imwiwo
ivai makagadzirira; nokuti neawa ramusingafungiri,
Mwanakomana wemunhu anouya. 45 Ko ndiani
muranda wakatendeka, wakangwara, ishe wake
wakamugadza pamusoro pevaranda vake kuti avape
kudya nenguva yakafanira? 46 Wakaropafadzwa
muranda uyo, unoti kana ishe wake achisvika
anomuwana achiita saizvozvo. 47 Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Achamugadza pamusoro pezvese
zvaanazvo. 48 Asi kana muranda uyo wakaipa
akati mumoyo make: Ishe wangu anonoka kuuya;
49 ndokutanga kurova vamwe varanda vanobata
pamwe naye, nekudya nekunwa nevararadzi, 50
ishe wemuranda uyo achasvika nezuva raasingatariri
neawa raasingazivi, 51 akamugura nepakati, agoisa
mugove wake pamwe nevanyepedzeri; apo pachava
nekuchema nekugeda-geda kwemeno.

**25** Panguva iyo ushe hwekumatenga huchava
hwakafananidzwa nevasikana gumi vakatora
marambi avo vakabuda kunochingamidza muwani.
2 Zvino vashanu vavo vakange vakachenjera, uye
vashanu vari mapenzi. 3 Avo vari mapenzi vakatora
marambi avo, vakasatora mafuta pamwe navo.
4 Asi vakachenjera vakatora mafuta mumidziyo
yavo nemarambi avo. 5 Zvino muwani wakati
achinonoka, vese vakatsumwaira vakarara. 6 Asi
pakati peusiku kwakadanidzirwa: Tarirai, muwani ouya,
budai munomuchingamidza! 7 Zvino vasikana avo
vese vakamuka, vakagadzira marambi avo. 8 Mapenzi
akati kune vakachenjera: Tipei pamafuta enyu nokuti
marambi edu odzima. 9 Asi vakachenjera vakapindura
vachiti: Zvimwe haangakwaniri isu nemwi; asi zviri
nani endai kune vanotengesa munozvitengera. 10
Vakati vachienda kunotenga, muwani akasvika. Zvino
vakange vakagadzirira vakapinda naye mumuchato,
mukova ukapfigwa. 11 Zvino pashure kwakauyawo
vamwe vasikana, vachiti: Ishe, ishe, tizarurirei!
12 Asi wakapindura akati: Zvirokwazvo ndinoti
kwamuri: Handikuziviyi imwi. 13 Naizvozvo rindai,
nokuti hamuzivi zuva kana awa Mwanakomana
wemunhu raachauya mariri. 14 Nokuti zvakaita
semunhu wakafamba rwendo, akadana varanda
vake, akavapa zvaaiva nazvo. 15 Uye kune umwe
wakapa matarenda mashanu, umwe maviri, umwe
rimwe, umwe neumwe zvakakwanirana nesimba rake;
pakarepo akafamba rwendo. 16 Uye wakagamuchira
matarenda mashanu akaenda akaita mhindu nawo,
akaita mamwe matarenda mashanu. 17 Saizvozvowo
wemaviri, iye akawanawo mamwe maviri. 18 Asi
wakagamuchira rimwe wakaenda akachera pasi,
akaviga mari yaishe wake. 19 Shure kwenguva
refu, ishe wevaranda avo wakasvika, akagadzira
zvemari navo. 20 Kwakauya wakange agamuchira
matarenda mashanu akauisa mamwe matarenda
mashanu achiti: Ishe, makandikumikidza matarenda
mashanu; tarirai, ndawana pamusoro pawo mamwe
matarenda mashanu. 21 Ishe wake akati kwaari:
Zvakanaka, muranda wakanaka uye wakatendeka,
wakange wakatendeka pazvishoma, ndichakuisa
pamusoro pezvizhinji; pinda mumufaro waishe wako.
22 Wakange agamuchira matarenda maviri akauyawo
akati: Ishe, makandikumikidza matarenda maviri;
tarirai, ndawana mamwe matarenda maviri pamusoro
pawo. 23 Ishe wake akati kwaari: Zvakanaka, muranda
wakanaka uye wakatendeka, wakange wakatendeka
pazvishoma, ndichakuisa pamusoro pezvizhinji; pinda
mumufaro waishe wako. 24 Asi wakange agamuchira
tarenda rimwe naiye wakauya akati: Ishe, ndakange
ndichikuzivai imwi kuti muri munhu wakawoma,
munokohwa pamusina kudzvara, munounganidza
pamusina kukusha; 25 zvino ndakatya, ndikaenda
ndikanoviga tarenda renyu muvhu; tarirai, mava
nechenyu! 26 Ishe wake akapindura akati kwaari:
Muranda wakaipa une usimbe, wakange uchiziva kuti
ndinokohwa pandisina kudzvara, ndichiunganidza
pandisina kukusha. 27 Saka waifanira kuisa mari yangu
kuvatsinhanisi vemari, neni pakusvika ndingadai
ndagamuchira zvangu nezvibereko. 28 Naizvozvo
mutorerei tarenda, mupe kune ane matarenda
gumi. 29 Nokuti wese anazvo achapiwa ave
nezvakawandisa; asi kubva kune asina kuchatorwa
nechaanacho. 30 Uye muranda pasina murasirei
kurima rekunze kwekupedzisira; ipapo pachava
nekuchema nekugeda-geda kwemeno. 31 Zvino
kana Mwanakomana wemunhu achiuya mukubwinya
kwake, nevatumwa vatsvene vese vanaye, ipapo
achagara pachigaro cheushe chekubwinya kwake.
32 Zvino pamberi pake pachaunganidzwa ndudzi
dzese; uye achadziparadzanisa vamwe kubva kune
vamwe, semufudzi anoparadzanisa makwai kubva
kumbudzi. 33 Achamisa makwai kuruoko rwake
rwerudyi, asi mbudzi kuruboshwe. 34 Zvino Mambo
achati kune vari kuruoko rwake rwerudyi: Uyai, imwi
makaropafadzwa naBaba vangu, mugare nhaka
yeushe hwakagadzirirwa imwi kubva pakuvamba
kwenyika. 35 Nokuti ndakange ndine nzara, mukandipa

chekudya; ndakange ndine nyota, mukandipa
chekunwa; ndakange ndiri mweni, mukandigamuchira;
**36** ndakashama, mukandipfekedza; ndakange
ndichirwara, mukandishanyira; ndakange ndiri
mutirongo, mukauya kwandiri. **37** Ipapo vakarurama
vachamupindura vachiti: Ishe, takakuonai rinhi
mune nzara, tikakupai chekudya, kana mune nyota,
tikapa chekunwa? **38** Takakuonai rinhi muri mweni,
tikakugamuchirai, kana makashama, tikapfekedza? **39**
Takakuonai rinhi muchirwara, kana mutirongo, tikauya
kwamuri? **40** Uye Mambo achapindura ati kwavari:
Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Sezvamakaitira umwe
wehama dzangu idzi mudikisa, makaitira ini. **41**
Ipapo uchatiwo kune vari kuruoko rweruboshwe:
Ibvai kwandiri, imwi makatukwa, muende kumoto
usingaperi, wakagadzirirwa dhiabhorosi nevatumwa
vake. **(aiōnios g166)** **42** Nokuti ndakange ndine
nzara, mukasandipa chekudya; ndakange ndine
nyota, mukasandipa chekunwa; **43** ndakange
ndiri mweni, mukasandigamuchira; ndakashama,
mukasandipfekedza; ndichirwara, nemutirongo,
mukasandishanyira. **44** Ipapo avawo vachamupindura
vachiti: Ishe, takakuonai rinhi mune nzara, kana mune
nyota, kana muri mweni, kana makashama, kana
muchirwara, kana muri mutirongo, tikasakushandirai?
**45** Zvino achavapindura achiti: Zvirokwazvo ndinoti
kwamuri: Pamusina kuitira umwe wevadikisa ava,
hamuna kuitirawo ini. **46** Ava vachaenda kukurangwa
kusingaperi; asi vakarurama kuupenyu husingaperi.
**(aiōnios g166)**

**26** Zvakaitika Jesu apedza mashoko aya ese,
akati kuvadzidzi vake: **2** Munoziva kuti
mushure memazuva maviri ichava pasika, uye
Mwanakomana wemunhu achatengeswa kuti
arovererwe pamuchinjikwa. **3** Ipapo kwakaungana
vapristi vakuru nevanyori nevakuru vevanhu
muchivanze chemupristi mukuru wainzi Kayafasi. **4**
Vakarangana kuti vabate Jesu nemano, vagomuuraya.
**5** Asi vakati: Kwete pamutambo, kuti kurege kuva
nebongozozo pakati pevanhu. **6** Zvino Jesu wakati
ari paBhetaniya mumba maSimoni wemaperembudzi,
**7** kwakasvika kwaari mukadzi nechinu chearibhasiteri
chechizoro chinokosha zvikuru, akadururira mumusoro
wake agere pakudya. **8** Asi vadzidzi vake
vakati vachiona, vakatsamwa vachiti: Kutambisa
uku ndokwei? **9** Nokuti chizoro ichi chingadai
chatengeswa nemari zhinji, ikapiwa varombo. **10**
Asi Jesu aziva wakati kwavari: Munotambudzirei
mukadzi? Nokuti aita basa rakanaka kwandiri.
**11** Nokuti varombo munavo nguva dzese, asi ini
hamuneni nguva dzese. **12** Nokuti pakundidira
chizoro ichi pamuviri wangu, waitira kuvigwa
kwangu. **13** Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Kwese
kunozoparidzirwa evhangeri iyi panyika yese, izvi
mukadzi zvaaitawo zvicharehwa, chive chirangaridzo
chake. **14** Ipapo umwe wevanegumi nevaviri, wainzi
Judhasi Isikariyoti, wakaenda kuvapristi vakuru,
**15** akati: Munoda kundipei, ini ndigomukumikidza
kwamuri? Vakamutemera masirivheri makumi matatu.
**16** Uye kubva panguva iyo akatsvaka mukana
wakafanira kuti amukumikidze. **17** Nerekutanga
rezvingwa zvisina mbiriso vadzidzi vakauya kuna Jesu
vachiti kwaari: Ndekupi kwamunoda kuti tikugadzirirei
kudya pasika? **18** Akati: Endai muguta kune umwe
munhu, muti kwaari: Mudzidzisi anoti: Nguva yangu
yava pedo; ndichaita pasika kwauri nevadzidzi
vangu. **19** Vadzidzi vakaita Jesu sezvaakavaraira;
vakagadzirira pasika. **20** Zvino ava madekwani
akagara pakudya nevanegumi nevaviri. **21** Vakati
vachidya akati: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Umwe
wenyu achanditengesa. **22** Zvino vakashungurudzika
zvikuru, vakatanga umwe neumwe wavo kuti kwaari:
Ishe, zvirokwazvo handisi ini, ndizvo here? **23**
Ndokupindura akati: Anoseva ruoko neni mundiro
ndiye achanditengesa. **24** Mwanakomana wemunhu
anoenda hake sezvazvakanyorwa pamusoro pake;
asi ane nhamo munhu uyo Mwanakomana wemunhu
waanotengeswa naye! Zvaiva nani kwaari kana
munhu uyo aiva asina kuberekwa. **25** Judhasi
uyo wakamutengesa ndokupindura akati: Rabhi,
zvirokwazvo handisi ini, ndizvo here? Akati kwaari:
Wataura iwe. **26** Zvino vakati vachidya, Jesu
akatora chingwa akaropafadza, akamedura ndokupa
vadzidzi akati: Torai, idyai, ichi ndiwo muviri wangu.
**27** Akatora mukombe, akavonga, akapa kwavari,
achiti: Inwai mese pauri. **28** Nokuti iri iropa
rangu, iro resungano itsva, rinoteurirwa vazhinji
rekukanganwirwa kwezvivi. **29** Asi ndinoti kwamuri:
Kubva zvino handichatongonwi zvechibereko ichi
chemuzambiringa, kusvikira zuva iro randichazonwa
naro nemwi chava chitsva muushe hwaBaba vangu.
**30** Zvino vakati vaimba rwiyo vakabuda vakaenda
kugomo reMiorivhi. **31** Ipapo Jesu wakati kwavari:
Imwi mese muchagumburwa nekuda kwangu usiku
huno; nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Ndicharova
mufudzi, uye makwai eboka achaparadzirwa. **32** Asi
shure kwekunge ndamutswa, ndichakutungamirirai
kuGarirea. **33** Asi Petro wakapindura akati
kwaari: Kunyange vese vakagumburwa nekuda
kwenyu, ini handingatongogumburwi. **34** Jesu akati
kwaari: Zvirokwazvo ndinoti kwauri: Muusiku huno,

jongwe risati rarira, uchandiramba katatu. 35
Petro akati kwaari: Kunyange zvakandifanira kufa
nemwi, handingatongokurambiyi. Vadzidziwo vese
vakadaro. 36 Zvino Jesu wakasvika navo panzvimbo
inonzi Getsemani, akati kuvadzidzi: Garai pano
ndichamboenda ndinonyengetera uko. 37 Akatora
pamwe naye Petro nevanakomana vaviri vaZebhedhi,
akatanga kusuruvara nekushungurudzika. 38 Ipapo
akati kwavari: Mweya wangu unosuruvara kwazvo
kusvikira parufu; garai pano murinde neni. 39
Akaenda mberi zvishoma, akawa nechiso chake,
akanyengetera achiti: Baba vangu, kana zvichibvira,
mukombe uyu ngaupfuure kwandiri. Asi kusava
sezvandinoda ini asi sezvamunoda imwi. 40 Akauya
kuvadzidzi, akavawana varere, akati kuna Petro:
Saka hamuna kugona kurinda neni awa rimwe here?
41 Rindai munyengetere, kuti musapinda mumuedzo;
mweya unoda zvirokwazvo, asi nyama ine utera. 42
Akaendazve rwechipiri akanyengetera, achiti: Baba
vangu, kana mukombe uyu usingagoni kupfuura
kubva kwandiri, kunze kwekuti ndaunwa, kuda
kwenyu ngakuitwe. 43 Akauya, akavawana vavatazve,
nokuti meso avo akange orema. 44 Akavasiya,
akaendazve akanyengetera rwechitatu, achitaura
mashoko iwawo. 45 Ndokuuya kuvadzidzi vake ndokuti
kwavari: Chirambai murere muzorore; tarirai, awa
raswedera, Mwanakomana wemunhu wotengeswa
mumaoko evatadzi. 46 Simukai, ngatiende, tarirai,
wonditengesa wava pedo. 47 Zvino achataura, tarira,
Judhasi umwe wevanegumi nevaviri wakasvika,
chaunga chikuru chinaye chine minondo netsvimbo
chichibva kuvapristi vakuru nevakuru vevanhu. 48
Zvino iye wakamutengesa wakavapa chiratidzo achiti:
Uyo wandichatsvoda, ndiye, mumubate. 49 Uye
pakarepo akasvika kuna Jesu, akati: Hekanhi, Rabhi!
Akamutsvoda. 50 Jesu akati kwaari: Shamwari,
wavingei? Ipapo vakaswedera vakaisa maoko
pana Jesu, vakamubata. 51 Uye tarira, umwe
wevaiva naJesu akatandavadza ruoko, akavhomora
munondo wake akatema muranda wemupristi mukuru,
akagura nzeve yake. 52 Ipapo Jesu akati kwaari:
Dzosera munondo wako munzvimbo yawo, nokuti
vese vanobata munondo vanoparara nemunondo.
53 Kana unofunga here kuti handigoni ikozvino
kukumbira kuna Baba vangu, vakandigadzikira
mapoka emauto evatumwa anopfuura gumi nemaviri?
54 Ko magwaro angazadzisa sei kuti zvinofanira kuva
saizvozvo? 55 Nenguva iyo Jesu wakati kuzvaunga:
Mabuda semunovinga gororo neminondo netsvimbo
kuzondibata here? Ndaigara nemwi zuva nezuva
ndichidzidzisa mutembere, asi hamuna kundibata.
56 Asi izvi zvese zvaitika, kuti magwaro evaporofita
azadziswe. Ipapo vadzidzi vese vakamusiya, vakatiza.
57 Avo vakange vabata Jesu vakamuendesa kuna
Kayafasi mupristi mukuru, apo pakange paungana
vanyori nevakuru. 58 Asi Petro wakamutevera
ari kure kusvikira pachivanze chemupristi mukuru,
akapinda mukati, akagara nevaranda kuzoona
mugumo. 59 Zvino vapristi vakuru nevakuru nedare
remakurukota rese vakatsvaka uchapupu hwenhema
hunopikisa Jesu kuti vamuuraye. 60 Asi havana
kuhuwana, kunyange zvapupu zvenhema zvizhinji
zvakauya, zvikasahuwana. Pakupedzisira kwakasvika
zvapupu zvenhema zviviri, 61 zvikati: Uyu wakati:
Ndinogona kuputsa tembere yaMwari, nekuivaka
nemazuva matatu. 62 Zvino mupristi mukuru
akasimuka akati kwaari: Haupinduri chinhu here?
Ava vanopupurei zvinopikisana newe? 63 Asi Jesu
wakanyarara. Mupristi mukuru akapindura akati
kwaari: Ndinokupikisa naMwari mupenyu kuti utiudze
kana iwe uri Kristu, Mwanakomana waMwari. 64
Jesu akati kwaari: Wataura iwe; asi ndinoti kwamuri:
Kubva zvino muchaona Mwanakomana wemunhu
agere kuruoko rwerudyi rwesimba, achiuya pamakore
edenga. 65 Ipapo mupristi mukuru akabvarura nguvo
dzake achiti: Wanyomba; tichiri kudirei zvapupu?
Tarirai, ikozvino manzwa kunyomba kwake. 66
Munofungei? Vakapindura vakati: Ane mhosva yerufu.
67 Zvino vakamupfira pachiso, vakamurova netsiva;
vamwe vakamurova nembama, 68 vachiti: Porofita
kwatiri, Kristu, ndiani wakurova? 69 Petro wakange
agere panze pachivanze; ndokuuya kwaari umwe
murandakadzi achiti: Iwewo wakange una Jesu
weGarirea. 70 Asi iye wakaramba pamberi pevese
achiti: Handizivi zvaunoreva. 71 Zvino wakati abuda
pasuwo, umwe mukadzi akamuona, akati kune
vaivapo: Uyuwo wakange ana Jesu weNazareta. 72
Akarambazve nemhiko, kuti: Handizivi munhu uyu.
73 Shure kwechinguva chidiki kwakauya vakange
vamirepo vachiti kuna Petro: Zvirokwazvo iwewo uri
wavo; nokuti kunyange kutaura kwako kunokuratidza.
74 Zvino wakatanga kutuka nekupika kuti: Handizivi
munhu uyu. Pakarepo jongwe rikarira. 75 Petro
ndokurangarira shoko raJesu raakati kwaari: Jongwe
risati rarira, uchandiramba katatu. Ndokubuda panze
akachema zvinorwadza.

**27** Kwakati kwaedza, vapristi vakuru vese
nevakuru vevanhu vakarangana kupikisa
Jesu kuti vamuuraye. 2 Vakati vamusunga
vakamutungamidza ndokunomukumikidza kuna
Pondiyo Pirato mutungamiriri. 3 Zvino Judhasi

wakange amutengesa aona kuti wapiwa mhosva,
akazvidya moyo akadzosera makobiri esirivheri
makumi matatu kuvapristi vakuru nevakuru, **4**
achiti: Ndatadza, ndatengesa ropa risina mhosva.
Vakati: Zvinei nesu? Zvionere iwe. **5** Akakanda
makobiri esirivheri mutembere, akabva akaenda
akanozvisungirira. **6** Vapristi vakuru vakatora
makobiri esirivheri vakati: Hazvitenderwi kuaisa
muchivigiro chezvipo, nokuti mutengo weropa. **7**
Vakarangana, vakatenga nawo munda wemuumbi
wehari, uve wekuviga vatorwa. **8** Naizvozvo munda
uyo wakanzi munda weropa kusvikira nhasi. **9** Zvino
zvakazadziswa zvakarehwa naJeremiya muporofita
achiti: Vakabva vatora makobiri esirivheri makumi
matatu, mutengo waiye wakatarirwa mutengo,
iye vana vaIsraeri wavakatarira mutengo; **10**
vakaaripira munda wemuumbi wehari, saShe
zvaakandiraira. **11** Zvino Jesu wakamira pamberi
pemutungamiriri. Mutungamiriri akamubvunza achiti:
Iwe uri mambo weVaJudha here? Jesu akati
kwaari: Unoreva iwe. **12** Asi wakati achipomerwa
mhosva nevapristi vakuru nevakuru, haana kupindura
chinhu. **13** Pirato ndokuti kwaari: Haunzwi kuti
zvinhu zvingani zvavanopupura kupokana newe
here? **14** Asi haana kumupindura kunyange pashoko
rimwe chete, zvekuti mutungamiriri wakashamisika
zvikuru. **15** Zvino pamutambo mutungamiriri aiva
netsika yekusunungurira chaunga musungwa umwe
wavanenge vada. **16** Uye nenguva iyo vaiva
nemusungwa wakakurumbira wainzi Bharabhasi. **17**
Naizvozvo vakati vaungana, Pirato akati kwavari:
Ndeupi wamunoda kuti ndikusunungurirei: Bharabhasi
kana Jesu anonzi Kristu? **18** Nokuti wakange
achiziva kuti vakange vamukumikidza negodo. **19**
Zvino wakati agara pachigaro chekutonga, mukadzi
wake akatumira kwaari, achiti: Usava nechokuita
neuyo wakarurama, nokuti ndatambudzika zvinhu
zvizhinji nhasi muchiroto pamusoro pake. **20** Asi
vapristi vakuru nevakuru vakakumbirisa zvaunga
kuti vakumbire Bharabhasi, vaparadze Jesu. **21**
Mutungamiriri akapindura akati kwavari: Ndeupi
wevaviri wamunoda kuti ndikusunungurirei? Ivo
vakati: Bharabhasi. **22** Pirato akati kwavari: Ko
ndichamuitei Jesu anonzi Kristu? Vese vakati
kwaari: Ngaarovererwe pamuchinjikwa. **23** Zvino
mutungamiriri akati: Nokuti wakaita chii chakaipa?
Asi vakanyanya kudanidzira vachiti: Ngaarovererwe
pamuchinjikwa! **24** Pirato wakati achiona kuti
hazvibatsiri chinhu asi kutoti poita bongozozo,
wakatora mvura akageza maoko pamberi pechaunga
achiti: Handina mhosva neropa reuyu wakarurama;
muchazvionera imwi. **25** Vanhu vese ndokupindura
vakati: Ropa rake ngarive pamusoro pedu nepamusoro
pevana vedu. **26** Zvino akavasunungurira Bharabhasi,
asi wakati arova Jesu netyava, akamukumikidza
kuti arovererwe pamuchinjikwa. **27** Zvino mauto
emutungamiriri akaisa Jesu mumba memutungamiriri,
hondo yese ikaunganira kwaari. **28** Vakamukurura,
vakamupfekedza nguvo tsvuku. **29** Vakati varuka
korona yeminzwa, ndokupfekedza musoro wake,
nerutsanga muruoko rwake rwerudyi. Vakafugama
pamberi pake vakamuseka vachiti: Hekanhi, Mambo
weVaJudha! **30** Vakamupfira, ndokutora rutsanga
vakamurova mumusoro wake. **31** Vakati vamuseka,
vakamukurura nguvo, vakamupfekedza nguvo dzake
vakamuendesa kunoroverera pamuchinjikwa. **32**
Vakati vachibuda, vakawana munhu weKurini,
wainzi Simoni. Vakamumanikidza uyu kuti atakure
muchinjikwa wake. **33** Vakati vasvika panzvimbo
inonzi Gorogota, ndiko kuti, Nzvimbo yedehenya,
**34** vakamupa vhiniga yakavhenganiswa nenduru
kuti anwe; asi wakati aravira akasada kunwa. **35**
Vakati vamuroverera pamuchinjikwa, vakagovana
nguvo dzake vachikanda mujenya, kuti zvizadziswe
zvakarehwa nemuporofita zvinoti: Vakagovana nguvo
dzangu pakati pavo, vakakanda mujenya pamusoro
pechekupfeka changu. **36** Uye vakagara pasi,
vakamurindapo. **37** Vakaisa pamusoro pemusoro
wake rugwaro rwemhosva yake rwakanyorwa
kuti: UYU NDIJESU MAMBO WEVAJUDHA. **38**
Ndokurovererwa pamuchinjikwa makororo maviri
pamwe naye, umwe kuruoko rwerudyi, umwe
kuruboshwe. **39** Vakange vachipfuura vakamunyomba,
vachidzungudza misoro yavo, **40** vachiti: Iwe
unoputsa tembere nekuivaka nemazuva matatu,
zviponese; kana uri Mwanakomana waMwari,
buruka pamuchinjikwa. **41** Saizvozvowo vapristi
vakuru vachimuseka nevanyori nevakuru vachiti:
**42** Wakaponesa vamwe, iye haagoni kuzviponesa.
Kana ari Mambo waIsraeri, ngaaburuke ikozvino
pamuchinjikwa, tigomutenda. **43** Waivimba naMwari;
ngaachimusunungura ikozvino kana achimuda.
Nokuti wakati: Ndiri Mwanakomana waMwari. **44**
Makororowo akarovererwa pamuchinjikwa pamwe
naye, akamuseka saizvozvo. **45** Zvino kubva
paawa rechitanhatu kwakava nerima panyika yese
kusvikira paawa repfumbamwe. **46** Neawa rinenge
repfumbamwe Jesu wakadanidzira nenzwi guru
achiti: "Eri, Eri rama sabakitani?" Ndiko kuti: Mwari
wangu, Mwari wangu, mandisiyirei? **47** Vamwe
vevakange vamirepo vakati vanzwa vakati: Uyu
anodana Eria. **48** Pakarepo umwe wavo akamhanya,

akatora chipanje, akazadza nevhiniga ndokuisa
parutsanga, akamupa kuti anwe. 49 Asi vamwe vakati:
Regai tione kana Eria achiuya kuzomuponesa. 50
Jesu ndokudanidzirazve nenzwi guru akapa mweya.
51 Zvino tarira, vheiri retembere rakabvaruka kuita
mapandi maviri, kubva kumusoro kusvikira pasi.
Nyika ikadengenyeka, mabwe akatsemuka. 52
Makuva akazarurwa; nemitumbi mizhinji yevatsvene
vakange varere ikamutswa. 53 Vakati vabuda
pamakuva shure kwekumuka kwake vakapinda
muguta dzvene, vakaonekwa kuvazhinji. 54 Zvino
mukuru wezana nevaiva naye vakarinda Jesu
vakati vachiona kudengenyeka kwenyika nezvinhu
zvakaitika, vakatya zvikuru vachiti: Zvirokwazvo
uyu wakange ari Mwanakomana waMwari. 55
Nevakadzi vazhinji vakange varipo, vakatarira vari
kure, vakange vatevera Jesu vachibva Garirea
vachimushandira. 56 Pakati pavo paiva naMaria
Magidharini, naMaria mai vaJakobho naJose,
namai vevanakomana vaZebhedhi. 57 Zvino ava
manheru kukasvika umwe mufumi achibva Arimatiya
wainzi Josefa. Iyewo pachake waiva mudzidzi
waJesu. 58 Uyu wakaenda kuna Pirato akakumbira
mutumbi waJesu. Ipapo Pirato akaraira kuti mutumbi
aupiwe. 59 Josefa wakati atora mutumbi, akauputira
nemucheka werineni wakachena. 60 Akauradzika
muguva rake idzva, raakange achera muruware;
akakungurusira ibwe guru pamukova weguva, akabva.
61 Uye ipapo paiva naMaria Magidharini neumwe
Maria, vagere pakatarisana neguva. 62 Nezuva
raitevera, raitevera zuva rekugadzirira, vapristi vakuru
neVaFarisi vakaungana kuna Pirato, 63 vachiti: Ishe,
tinorangarira kuti munyepedzeri uyo wakati achiri
mupenyu: Mushure memazuva matatu ndichamuka.
64 Naizvozvo rairai kuti guva richengetwe kusvikira
zuva retatu; zvimwe vadzidzi vake vangauya usiku
vakamuba, vagoti kuvanhu: Wakamuka kuvakafa;
kurasika kwekupedzisira kukazova kwakanyanya pane
kwekutanga. 65 Pirato akati kwavari: Mune varindi;
endai murichengete sezvamunoziva. 66 Vakaenda,
vakanochengeta guva, vakaisa mucherechedzo
pabwe, vane varindi.

28 Zvino pakupera kwesabata kotanga kuedza,
koenda kumusi wekutanga wevhiki, kwakasvika
Maria Magidharini neumwe Maria kuzoona guva.
2 Zvino tarira, kwakaitika kudengenyeka kwenyika
kukuru, nokuti mutumwa waIshe wakaburuka kubva
kudenga, akaswedera, akakungurusa ibwe kubva
pamukova, akagara pamusoro paro. 3 Kuonekwa
kwake kwakange kwakaita semheni, nechipfeko
chake chaiva chichena semagada echando. 4
Zvino varindi vakadedera nekumutya, vakava
sevakafa. 5 Asi mutumwa akapindura akati kuvakadzi:
Musatya imwi; nokuti ndinoziva kuti munotsvaka
Jesu wakange arovererwa pamuchinjikwa. 6 Haasi
pano; nokuti wamuka sezvaakareva. Uyai muone
nzvimbo Ishe paakange arere. 7 Kurumidzai
kuenda munoudza vadzidzi vake kuti wamuka
kuvakafa; uye tarirai anokutungamirirai kuGarirea,
ikoko muchanomuona; tarirai, ndakuudzai. 8
Ndokubva vakakurumidza kubuda paguva vane
kutya nemufaro mukuru, vakamhanyira kunoudza
vadzidzi vake. 9 Zvino vakati vachienda kunoudza
vadzidzi vake, tarira, Jesu wakavachingamidza,
achiti: Hekanhi! Vakaswedera vakabata tsoka dzake
vakamunamata. 10 Zvino Jesu akati kwavari:
Musatya; endai, munoudza hama dzangu kuti
vaende kuGarirea, uye vachanondionako. 11 Vakati
vachifamba, tarira, vamwe vevarindi vakaenda muguta
vakapira vapristi vakuru zvese zvakaitika. 12 Vakati
vaungana nevakuru, vakarangana, vakapa mari zhinji
kumauto, 13 vachiti: Itii: Vadzidzi vake vakauya usiku
vakamuba isu tirere. 14 Kana izvi zvikazikanwa
kumutungamiriri, isu tichamunyengerera, tikuitei
musava mukushungurudzika. 15 Ndokubva vatora mari
vakaita sezvavakadzidziswa. Shoko iri rikaparadzirwa
pakati peVaJudha kusvikira nhasi. 16 Zvino vadzidzi
gumi neumwe vakaenda kuGarirea, kugomo Jesu
raakavaraira. 17 Vakati vachimuona, vakamunamata;
asi vamwe vakakonona. 18 Jesu ndokuswedera
akataura kwavari, achiti: Simba rese rakapiwa kwandiri
kudenga nepanyika. 19 Endai naizvozvo muite
marudzi ese vadzidzi, muchivabhabhatidza muzita
raBaba nereMwanakomana nereMweya Mutsvene; 20
muchivadzidzisa kuchengeta zvese zvandakakurairai;
zvino tarirai, ini ndinemwi mazuva ese kusvikira
pakuguma kwenyika. Ameni. (aiōn g165)

# Mako

1 Kutanga kweevhangeri yaJesu Kristu,
Mwanakomana waMwari; 2 sezvazvakanyorwa
muvaporofita zvichinzi: Tarira, ini ndinotuma mutumwa
wangu pamberi pechiso chako, achagadzira nzira
yako pamberi pako. 3 Inzwi reanodanidzira murenje,
richiti: Gadzirai mugwagwa waIshe; ruramisai
nzira dzake. 4 Johwani wakati achibhabhatidza
murenje, achiparidza rubhabhatidzo rwekutendeukira
kukanganwiro yezvivi; 5 zvino kwakabudira kwaari
nyika yese yeJudhiya, naivo veJerusarema,
ndokubhabhatidzwa vese naye murwizi rweJoridhani
vachireurura zvivi zvavo. 6 Uye Johwani wakange
akapfeka makushe ekamera, nebhanhire rechikumba
rakapoteredza chiuno chake, waidya mhashu neuchi
hwedondo. 7 Akaparidza, achiti: Kunouya ane simba
kupfuura ini shure kwangu, wandisina kufanira
kukotama kuti ndisunungure tambo yeshangu dzake.
8 Ini zvirokwazvo ndakubhabhatidzai nemvura; asi iye
achakubhabhatidzai neMweya Mutsvene. 9 Zvino
zvakaitika nemazuva ayo kuti Jesu wakabva Nazareta
yeGarirea, akabhabhatidzwa naJohwani muna
Joridhani. 10 Pakarepo achibuda mumvura, wakaona
matenga akazarurwa, neMweya senjiva achiburukira
pamusoro pake. 11 Zvino kwakaitika inzwi richibva
kumatenga richiti: Iwe uri Mwanakomana wangu
anodikanwa, wandinofara maari kwazvo. 12 Zvino
pakarepo Mweya wakamutinhira kurenje. 13 Akavako
murenje mazuva makumi mana achiidzwa naSatani,
uye wakange ane mhuka dzesango, vatumwa
vachimushandira. 14 Zvino shure kwekukumikidzwa
kwaJohwani, Jesu wakasvika muGarirea, achiparidza
evhangeri yeushe hwaMwari, 15 achiti: Nguva
yazadziswa, uye ushe hwaMwari hwaswedera;
tendeukai, mutende evhangeri. 16 Wakati achifamba-
famba parutivi rwegungwa reGarirea, akaona Simoni
naAndiriya munin'ina wake vachikandira mumbure
mugungwa; nokuti vakange vari varedzi. 17 Jesu
akati kwavari: Nditeverei, ndichakuitai muve varedzi
vevanhu. 18 Pakarepo vakasiya mimbure yavo,
ndokumutevera. 19 Wakati apfuura zvishoma
ipapo, akaona Jakobho waZebhedhi naJohwani
munin'ina wake, naivo vari muchikepe vachigadzira
mimbure. 20 Pakarepo akavadana; ndokusiya
baba vavo Zebhedhi muchikepe nevarikichi,
vakamutevera. 21 Zvino vakapinda muKapenaume;
zvino pakarepo nesabata wakapinda musinagoge,
akadzidzisa. 22 Vakashamisika nedzidziso yake;
nokuti wakavadzidzisa seane simba, kwete sevanyori.
23 Zvino kwaiva musinagoge ravo nemunhu wakange
ane mweya wetsvina, akadanidzira, 24 achiti:
Regai, tinei nemwi, Jesu weNazareta? Mauya
kuzotiparadza here? Ndinokuzivai kuti ndimwi
ani: Mutsvene waMwari. 25 Jesu ndokumutsiura
achiti: Nyarara, ubude maari! 26 Zvino mweya
wetsvina wakati amugwinhisa, ndokudanidzira
nenzwi guru, akabuda kwaari. 27 Vakashamisika
vese, kusvikira vabvunzana, vachiti: Chii ichi?
Idzidziso itsva yei iyi? Nokuti nesimba anoraira
kunyange mweya yetsvina, uye inomuteerera. 28
Zvino pakarepo shoko rake rikabudira panyika
yese yakapoteredza Garirea. 29 Zvino pakarepo
vakati vachibuda musinagoge, vakapinda mumba
maSimoni naAndiriya vana Jakobho naJohwani.
30 Asi mai vemukadzi waSimoni vakange varere
vane fivhiri, pakarepo vakamuudza nezvavo; 31
akaswedera, akavabata ruoko, akavamutsa; fivhiri
ikavarega pakarepo, vakavashandira. 32 Zvino ava
madekwani, zuva rovira, vakauisa kwaari vese
vakange vachirwara nevakange vane madhimoni. 33
Zvino guta rese rakange rakaungana pamukova. 34
Akaporesa vazhinji vakange vachirwara nezvirwere
zvakasiyana-siyana, nekubudisa madhimoni mazhinji;
uye haana kutendera madhimoni kutaura, nokuti
aimuziva. 35 Zvino mangwanani kuchine rima
guru, wakasimuka, akabuda, akaenda kunzvimbo
murenje, akanonyengeterapo. 36 Simoni nevakange
vanaye vakamutsvakisisa. 37 Zvino vakati vamuwana
vakati kwaari: Vese vanokutsvakai. 38 Ndokubva
ati kwavari: Ngatiende kumisha iri pedo, kuti
ndinoparidzawo ikoko, nokuti ndizvo zvandakabudira.
39 Akabva aparidza mumasinagoge avo paGarirea
rese, achibudisa madhimoni. 40 Zvino kwakauya
kwaari ane maperembudzi, achimukumbirisa,
ndokumufugamira achiti kwaari: Kana muchida
munogona kundinatsa. 41 Jesu akanzwa tsitsi,
akatandavadza ruoko, akamubata akati kwaari:
Ndinoda, natswa; 42 achangotaura, maperembudzi
akabva kwaari pakarepo, akanatswa. 43 Zvino
akamuraira zvikuru, akamurega achienda pakarepo,
44 akati kwaari: Ona kuti urege kuudza munhu
chinhu; asi enda, uzviratidze kumupristi, ubaire
pamusoro pekunatswa kwako Mozisi zvaakaraira,
chive chapupu kwavari. 45 Asi iye wakabuda
akatanga kuparidza zvikuru nekuvavaza kunze shoko
iro, zvekuti wakange asingachagoni kupinda muguta
pachena, asi wakange ari kunze kunzvimbo dzerenje.
Vakauya kwaari vachibva kumativi ese.

2 Zvino wakapindazve muKapenaume pashure
pemazuva; zvikanzwikwa kuti ari mumba. 2
Zvino pakarepo vazhinji vakaungana zvekuti pakange
pasisina nzvimbo, kunyange pamukova; akataura
shoko kwavari. 3 Vakauya kwaari, vakauisa wakange
akafa mitezo, akatakurwa nevanhu vana. 4 Zvino
vakati vasingagoni kusvika pedo naye nekuda
kwechaunga, vakapfurunyura denga paakange ari,
vakati varidzura vakaburusira hwanyanza hwaakange
arere pahuri iye wakange akafa mitezo. 5 Jesu wakati
aona rutendo rwavo akati kune wakange akafa mitezo:
Mwana, zvivi zvako zvakanganwirwa kwauri. 6 Zvino
vamwe vevanyori vakange vagerepo, vakafunga
mumoyo yavo vachiti: 7 Uyu anotaurirei kunyomba
sezvizvi? Ndiani anogona kukanganwira zvivi kunze
kweumwe chete, Mwari? 8 Zvino pakarepo Jesu
achiziva mumweya wake kuti vanofunga saizvozvo
mukati mavo wakati kwavari: Munofungirei zvinhu
izvi mumoyo yenyu? 9 Chii chakareruka zvikuru, kuti
kune wakafa mitezo: Zvivi zvako zvakanganwirwa
kwauri; kana kuti: Simuka, utore hwanyanza hwako,
ufambe? 10 Asi kuti muzive kuti Mwanakomana
wemunhu ane simba panyika rekukanganwira zvivi
(akati kune wakange akafa mitezo): 11 Ndinoti
kwauri: Simuka utore hwanyanza hwako, uende
kumba kwako. 12 Zvino pakarepo wakasimuka,
akatora hwanyanza, ndokubuda pamberi pavo
vese; zvekuti vese vakashamisika, vakarumbidza
Mwari, vachiti: Hatina kumbozviona zvakadai. 13
Wakabudazve parutivi rwegungwa, chaunga chese
chikauya kwaari, akavadzidzisa. 14 Wakati achipfuura,
akaona Revhi waArifiyosi agere paimba yemutero,
akati kwaari: Nditevere. Akasimuka akamutevera.
15 Zvino zvakaitika agere pakudya mumba make,
kuti vateresi vazhinji nevatadzi vakagarawo pamwe
naJesu nevadzidzi vake; nokuti vakange vari
vazhinji vakamutevera. 16 Zvino vanyori neVaFarisi
vakati vamuona achidya nevateresi nevatadzi,
vakati kuvadzidzi vake: Nemhaka yei achidya
nekunwa nevateresi nevatadzi? 17 Jesu wakati
achizvinzwa akati kwavari: Vatano havadi chiremba,
asi vanorwara. Handina kuuya kuzodana vakarurama,
asi vatadzi mukutendeuka. 18 Uye vadzidzi vaJohwani
neveVaFarisi vaitsanya; vakauya vakati kwaari:
Nemhaka yeyi vadzidzi vaJohwani neveVaFarisi
vachitsanya asi vadzidzi venyu havatsanyi? 19
Jesu akati kwavari: Vana veimba yemuchato
vanogona kutsanya muwani achiri kwavari here? Kana
vachingova nemuwani kwavari, havagoni kutsanya;
20 asi mazuva achasvika apo muwani achabviswa
kwavari, ipapo mumazuva ayo vachatsanya. 21
Uye hakuna anosonera chigamba chemucheka
usakaunyana panguvo sharu; kana zvikasadaro
chinoiswa chinobvaruka kubva pachiri, chitsva
kubva pane chakasakara, buri rikanyanya. 22 Uye
hakuna anodira waini itsva muhombodo sharu;
kana zvikasadaro waini itsva inoparusa hombodo,
waini ikateuka nehombodo ikaparara; asi waini
itsva inofanira kudirwa muhombodo itsva. 23 Zvino
zvakaitika kuti achigura nemuminda yezviyo nesabata,
vadzidzi vake ndokutanga kutanha hura vachifamba.
24 VaFarisi ndokuti kwaari: Tarira, vanoitirei nesabata
izvo zvisiri pamutemo? 25 Iye akati kwavari: Hamuna
kutomboverenga here Dhavhidhi zvaakaita, paakange
ashaiwa, ava nenzara, iye nevakange vanaye? 26 Kuti
wakapinda sei mumba maMwari nenguva yaAbhiatari
mupristi mukuru, akadya zvingwa zvekuratidza
zvakange zvisiri pamutemo kudyiwa, kunze nevapristi,
akapawo kwavari vaiva naye? 27 Akati kwavari:
Sabata rakaitirwa munhu, kwete munhu kuitirwa
sabata. 28 Naizvozvo Mwanakomana wemunhu
ndiIshe kunyange wesabata.

3 Zvino wakapindazve musinagoge, zvino kwakange
kune munhuko wakange ane ruoko rwakawonyana.
2 Zvino vakamutarisisa kuona kana angamuporesa
nesabata, kuti vamupomere. 3 Zvino akati
kumunhu waiva neruoko rwakawonyana: Simuka
uende pakati. 4 Akati kwavari: Zviri pamutemo
here kuita zvakanaka nemasabata, kana kuita
zvakaipa? Kuponesa upenyu, kana kuuraya? Asi
vakanyarara. 5 Zvino wakati aringa-ringa kwavari,
nekutsamwa, ane shungu nekuda kwekuoma
kwemoyo wavo, akati kumunhu: Tandavadza
ruoko rwako, ndokutandavadza, ruoko rwake
ndokuporeswa rwukagwinya serumwe. 6 VaFarisi
vakabuda pakarepo vakarangana neVaHerodhe
vachimupikisa kuti vangamuparadza sei. 7 Zvino
Jesu akabva nevadzidzi vake vakaenda kugungwa;
chaunga chikuru chikamutevera chichibva kuGarirea,
nekuJudhiya, 8 nekuJerusarema, nekuIdhumeya,
nemhiri kwaJoridhani, nevakapoteredza Tire
neSidhoni, chaunga chikuru, vakati vanzwa makuriro
ezvinhu zvaanoita vakauya kwaari. 9 Akataura
kuvadzidzi vake kuti igwa diki rimugarire nekuda
kwechaunga, kuti varege kumutsikirira. 10 Nokuti
wakange aporesa vazhinji zvekuti vaiwira pamusoro
pake kuti vamubate vese vakange vane zvirwere.
11 Nemweya yetsvina, payakamuona yakawira
pasi pamberi pake, ikadanidzira ichiti: Imwi muri
Mwanakomana waMwari. 12 Akairairisa zvikuru kuti
irege kumubudisa pachena. 13 Zvino wakakwira

mugomo, akadanira kwaari vaakange achida iye;
vakauya kwaari. **14** Akagadza gumi nevaviri, kuti
vave naye, nokuti avatume kunoparidza, **15** uye
vave nesimba rekuporesa zvirwere nekubudisa
madhimoni. **16** NaSimoni akamutumidza zita rinonzi
Petro, **17** naJakobho waZebhedhi, naJohwani
munin'ina waJakobho; akavatumidza mazita anonzi
Bowanegesi, ndokuti, vanakomana vekutinhira; **18**
naAndiriya, naFiripi, naBhatoromiyo, naMatewu,
naTomasi, naJakobho waArifiyosi, naTadhiyo,
naSimoni muKenani, **19** naJudhasi Isikariyoti, iye
wakamutengesawo. Ndokubva vapinda mumba.
**20** Chaunga chikaunganazve zvekuti vakange
vasingagoni kunyange kudya chingwa. **21** Vekwake
vakati vachizvinzwa vakabuda kunomubata; nokuti
vakati: Anopenga. **22** Nevanyori vakaburuka vachibva
kuJerusarema vakati: Ana Bheerizebhuri, uye kuti:
Anobudisa madhimoni nemutungamiriri wemadhimoni.
**23** Zvino akavadanira kwaari, akati kwavari
nemifananidzo: Satani angagona kubudisa Satani
sei? **24** Kana ushe hwakapesana huchizvipikisa, ushe
uhwo hahungagoni kumira. **25** Kana imba yakapesana
ichizvipikisa, imba iyo haigoni kumira. **26** Uye kana
Satani achizvimukira, akapesana, haangagoni kumira,
asi anoguma. **27** Hakuna angagona kupinda mumba
mechikakarara, akapamba nhumbi dzacho, kunze
kwekuti atanga kusunga chikakarara, ndokuzopamba
imba yacho. **28** Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Zvivi
zvese zvichakanganwirwa kuvanakomana vevanhu,
nekunyomba kwese kwavanonyomba nako; **29** asi
ani nani anonyomba achipikisa Mweya Mutsvene
haana kanganwiro kusvikira narinhi asi ane mhosva
yekutongwa kusingaperi. **(aiōn g165, aiōnios g166)** **30**
Nokuti vakati: Ane mweya wetsvina. **31** Zvino
kwakauya vanin'ina namai vake, vakamira kunze,
vakatumira nhume kwaari vachimudana. **32** Chaunga
chakange chigere chakamukomba; vakati kwaari:
Tarirai, mai venyu nevanin'ina venyu vari panze
vanokutsvakai. **33** Akavapindura achiti: Mai vangu
ndiani kana vanin'ina vangu? **34** Zvino akaringa-ringa
kupoteredza avo vakange vagere vakamukomba
akati: Tarirai mai vangu nevanin'ina vangu. **35** Nokuti
ani nani anoita kuda kwaMwari, ndiye munin'ina
wangu nehanzvadzi yangu namai.

**4** Zvino wakatangazve kudzidzisa parutivi
rwegungwa; kukaungana kwaari chaunga chikuru
zvekuti wakapinda muchikepe akagara mugungwa;
uye chaunga chese chakange chiri pagungwa panyika.
**2** Akavadzidzisa zvinhu zvizhinji nemifananidzo, akati
kwavari padzidziso yake: **3** Inzwai; tarirai, mukushi
wakabuda kunokusha. **4** Zvino zvakaitika pakukusha,
imwe yakawira parutivi rwenzira; shiri dzekudenga
dzikauya dzikaidya dzikaipedza. **5** Asi imwe yakawira
panzvimbo dzine mabwe, payakange isina ivhu
zhinji; pakarepo ikamera, nokuti yakange isina
udziku hwevhu; **6** asi zuva rakati rabuda, yakapiswa,
uye nokuti yakange isina mudzi, yakasvava. **7**
Uye imwe yakawira paminzwa, minzwa ikakura
ikaivhunga, ikasabereka chibereko. **8** Uye imwe
yakawira muvhu rakanaka; ikabereka chibereko
chakakura ikawedzera, ikabereka, imwe makumi
matatu, neimwe makumi matanhatu, neimwe zana. **9**
Ndokuti kwavari: Ane nzeve dzekunzwa, ngaanzwe.
**10** Zvino wakati ava ega, vakange vakamukomba
nevanegumi nevaviri vakamubvunza zvemufananidzo.
**11** Uye akati kwavari: Kwamuri kwakapiwa kuziva
chakavanzika cheushe hwaMwari; asi kune avo
vari kunze, zvese zvinoitwa nemifananidzo; **12** kuti
vachiona vaone asi varege kuonesesa, vachinzwa
vanzwe asi vasinganzwisisi, zvimwe chero nguva
varege kutendeuka, vakanganwirwe zvivi. **13**
Zvino akati kwavari: Hamuzivi mufananidzo uyu
here? Zvino muchaziva sei mifananidzo yese?
**14** Mukushi unokusha shoko. **15** Zvino ava ndivo
veparutivi rwenzira, apo panokushwa shoko,
uye kana vachirinzwa, pakarepo Satani anouya
ndokubvisa shoko rakakushwa mumoyo yavo. **16**
Uye saizvozvo ava ndivo vakakushwa panzvimbo
dzine mabwe, ivo kana vanzwa shoko, pakarepo
vanorigamuchira nemufaro, **17** asi havana mudzi
mavari, asi ndevenguva; pashure kana matambudziko
kana kushushwa zvichiuya nekuda kweshoko,
pakarepo vanogumburwa. **18** Zvino ava ndivo
vanokushwa muminzwa, vanonzwa shoko, **19** asi
kufunganya kwenyika ino nekunyengera kwefuma
neruchiva pamusoro pezvimwe zvinhu zvichipinda,
zvichivhunga shoko, rova risingabereki. **(aiōn g165)** **20**
Naava ndivo vakakushwa muvhu rakanaka, ndivo
vanonzwa shoko, ndokugamuchira, vagobereka
chibereko, umwe makumi matatu, uye umwe makumi
matanhatu, uye umwe zana. **21** Zvino wakati kwavari:
Mwenje unouiswa kuti uiswe pasi pedengu kana pasi
pemubhedha here? Kwete kuti uiswe pachigadziko
chemwenje here? **22** Nokuti hapana chakavigwa
chisingazovhundunurwi, kana chakachengetwa
chakavanda, asi kuti zvibude pachena. **23** Kana
munhu ane nzeve dzekunzwa, ngaanzwe. **24**
Zvino wakati kwavari: Chenjererai zvamunonzwa;
nechiyero chamunoyera nacho chichayerwa kwamuri,
nekwamuri imwi munonzwa, chichawedzerwa.
**25** Nokuti ani nani anacho achapiwa; asi asina

achatorerwa kunyange nechaanacho. 26 Zvino
akati: Hwakadaro ushe hwaMwari, sezvinonzi
munhu anokusha mbeu muvhu. 27 Zvino orara
nekumuka usiku nemasikati, mbeu inomera ichikura
iye asingazivi kuti sei. 28 Nokuti ivhu rinozviberekera
chibereko pacharo, pakutanga chipande, pashure
hura, pashure zviyo zvakakora pahura. 29 Asi kana
chibereko chaibva, pakarepo anotuma jeko nokuti
kukohwa kwasvika. 30 Zvino wakati: Tichafananidza
nei ushe hwaMwari? Kana tingahuenzanisa
nemuenzaniso upi? 31 Setsanga yemasitadha, iyo
kana ichidzvarwa muvhu, idikisa kumbeu dzese
dzepanyika; 32 asi kana yadzvarwa, inokura ichiva
huru kumiriwo yese, ichiita matavi makuru zvekuti
shiri dzekudenga dzinogona kuvakira pasi pemumvuri
wawo. 33 Zvino nemifananidzo mizhinji yakadaro
wakataura shoko kwavari, sepavaigona kunzwa
napo. 34 Asi kunze kwemufananidzo haana kutaura
kwavari; asi vava vega, wakadudzira vadzidzi
vake zvese. 35 Zvino nezuva iro ava madekwani,
wakati kwavari: Ngatiyambukire mhiri. 36 Vakarega
chaunga chichienda, vakaenda naye akangodaro
muchikepe. Zvino kwaivawo nemamwe magwa naye.
37 Zvino kwakamuka dutu guru remhepo, mafungu
akazvirovera muchikepe, zvekuti chakange zvino
chozadzwa. 38 Asi iye wakange ari shure muchikepe
arere pamutsago; vakamumutsa, vakati kwaari:
Mudzidzisi, hamuna hanya kuti toparara here? 39
Akamuka akatsiura mhepo, akati kugungwa: Nyarara,
gadzikana! Mhepo ikamira, kukava nekudzikama
kukuru. 40 Ndokuti kwavari: Munotyirei zvakadaro?
Hamuna rutendo sei? 41 Vakatya nekutya kukuru,
vakati umwe kune umwe: Zvino ndiani uyu, kuti
kunyange mhepo negungwa zvinomuteerera?

**5** Vakasvika mhiri kwegungwa, kunyika
yeVaGadharini. 2 Zvino wakati abuda muchikepe,
pakarepo munhu akamuchingamidza achibva
kumarinda ane mweya wetsvina, 3 uyo wakange ane
ugaro kumarinda, uye kwakange kusina wakange
achigona kumusunga kunyange nemaketani, 4
nokuti kazhinji waisungwa nezvisungo zvemakumbo
nemaketani, asi maketani aigurwa nepakati naye,
nezvisungo zvemakumbo zvaigurwa kuita zvidimbu;
uye kwakange kusina waigona kumupingudza. 5 Zvino
nguva dzese, usiku nemasikati, waiva mumakomo
nemumarinda achidanidzira, achizvicheka nemabwe.
6 Zvino wakati achiona Jesu ari kure, akamhanya
ndokumunamata; 7 akadanidzira nenzwi guru
akati: Ndinei nemwi Jesu, Mwanakomana waMwari
Wekumusoro-soro? Ndinokupikirai naMwari, murege
kundirwadzisa. 8 Nokuti wakati kwaari: Buda
mumunhu, mweya wetsvina. 9 Ndokumubvunza akati:
Zita rako ndiani? Akapindura achiti: Zita rangu rinonzi
Regiyoni, nokuti tiri vazhinji. 10 Akamukumbirisa
zvikuru kuti arege kuvaendesa kunze kwenyika.
11 Zvino kwakange kuripo pedo nemakomo boka
guru renguruve dzichifura. 12 Nemadhimoni ese
akamukumbira zvikuru achiti: Titumirei kunguruve
kuti tipinde madziri. 13 Pakarepo Jesu akaatendera.
Mweya yetsvina ikabuda ikapinda munguruve; boka
rikapitirikira kumawere kuenda kugungwa, dzinenge
dzaiva zvuru zviviri, dzikabitirirwa mugungwa. 14
Zvino vaifudza nguruve vakatiza, vakanoreva muguta
neparuwa. Vakabuda kuzoona kuti chii chainge
chaitwa. 15 Vakasvika kuna Jesu, vakaona wakange
ane madhimoni, iye waiva neRegiyoni agere, akapfeka
ari munhu kwaye; vakatya. 16 Uye avo vakange
vazviona, vakavarondedzera kuti zvakaitika sei kune
wakange ane madhimoni nepamusoro penguruve. 17
Vakatanga kumukumbirisa kuti abve mudunhu mavo.
18 Zvino wakati achipinda muchikepe, iye waiva
nemadhimoni akamukumbirisa kuti ave naye. 19 Asi
Jesu haana kumutendera, asi wakati kwaari: Enda
kumba kwako, kune vekwako, unovaudza kuti zvikuru
sei Ishe zvaakuitira, nekukuitira tsitsi. 20 Akabva
ndokuenda akatanga kuparidza muDhekapori kukura
kwezvinhu Jesu zvaakamuitira; vese vakashamisika.
21 Jesu wakati ayambukazve nechikepe kune rimwe
divi, chaunga chikuru chikaunganira kwaari, uye
wakange ava parutivi rwegungwa. 22 Zvino tarira,
kwakasvika umwe wevakuru vesinagoge, wainzi
Jairosi; zvino wakati amuona, akawira patsoka
dzake. 23 Akamukumbirisa zvikuru achiti: Mukunda
wangu mudiki wotandadza, dai mauya muise maoko
pamusoro pake kuti aponeswe uye achararama. 24
Akaenda naye; chaunga chikuru chikamutevera,
chikamutsimbirira. 25 Zvino umwe mukadzi waiva
nekubuda ropa makore gumi nemaviri, 26 wakange
atambura zvikuru kuvarapi vazhinji, wakange apedza
zvese zvaakange anazvo, asina kutongobatsirika, asi
pachinhambo cheizvi ainyanyisa, 27 wakati anzwa
zvaJesu, akauya nepakati pechaunga neshure,
akabata nguvo yake. 28 Nokuti wakati: Kana
ndikabata nguvo dzake chete, ndichaponeswa. 29
Zvino pakarepo chitubu cheropa rake chikapwa,
akanzwa mumuviri kuti waporeswa pachifo. 30 Zvino
pakarepo Jesu achiziva mukati make kuti simba
rabuda maari, akatendeuka pachaunga akati: Ndiani
wabata nguvo dzangu? 31 Vadzidzi vake vakati
kwaari: Munoona chaunga chinokutsimbirirai, zvino
moti: Ndiani wandibata? 32 Zvino wakaringa-ringa

kuona uyo wakange aita ichi. 33 Asi mukadzi achitya,
nekubvunda, achiziva zvakange zvaitika maari,
akauya ndokuwira pamberi pake, ndokumuudza
chokwadi chese. 34 Ndokuti kwaari: Mukunda,
rutendo rwako rwakuponesa, enda nerugare, poreswa
pachifo chako. 35 Wakati achataura, kwakasvika
vamwe vemukuru wesinagoge vakati: Mukunda
wenyu wafa, muchiri kutambudzirei Mudzidzisi? 36
Pakarepo Jesu achinzwa shoko rakataurwa akati
kumukuru wesinagoge: Usatya, tenda chete. 37
Akasatendera munhu kumutevera, kunze kwaPetro,
naJakobho, naJohwani munin'ina waJakobho. 38
Zvino wakasvika mumba memukuru wesinagoge,
akaona mhere-mhere nevaichema nekurira zvikuru.
39 Zvino wakati apinda akati kwavari: Munoitirei
mhere-mhere muchichema? Mwana haana kufa, asi
arere. 40 Vakamuseka. Asi iye wakati avabudisa vese
panze, akatora baba vemwana namai nevakange
vanaye, akapinda makange murere mwana. 41
Akabata ruoko rwemwana, akati kwaari: "Tarita
kumi"; ndokuti kana zvichishandurwa: Musikana
mudiki, ndinoti kwauri, muka. 42 Pakarepo musikana
wakasimuka, akafamba; nokuti waiva wemakore gumi
nemaviri; vakashamisika nekushamisika kukuru. 43
Akavaraira zvikuru kuti kusava nemunhu anoziva izvi;
akati apiwe kudya.

**6** Zvino wakabvapo, akasvika kunyika yekwake;
vadzidzi vake vakamutevera. 2 Zvino rava
sabata, akatanga kudzidzisa musinagoge; vazhinji
vakamunzwa, vakashamisika vachiti: Izvi zvinobvepi
kwaari? Injere dzipi dzakapiwa kwaari, kuti
nemabasa esimba akadai anoitwa nemaoko
ake? 3 Uyu haasi muvezi here, mwanakomana
waMaria, nemukoma waJakobho, naJose, naJudha,
naSimoni? Nehanzvadzi dzake hadzisi pano nesu
here? Vakagumburwa naye. 4 Asi Jesu akati
kwavari: Muporofita haangashaiwi kukudzwa, kunze
kwemunyika yekwake, nepakati pehama, nemumba
make. 5 Akasagona kubata chero basa resimba
ipapo, kunze kwekuti wakaisa maoko pamusoro
pevairwara vashoma, akaporesa. 6 Akashamisika
nekusatenda kwavo. Uye akapota-pota nemisha
achidzidzisa. 7 Zvino wakadanira kwaari vanegumi
nevaviri, akatanga kuvatuma vaviri-vaviri, akavapa
simba pamusoro pemweya yetsvina. 8 Akavaraira kuti
varege kutora chinhu cherwendo kunze kwemudonzvo
chete; kwete chikwama, kwete chingwa, kwete mari
mubhanhire. 9 Asi vapfeke manyatera, varege
kupfeka nguvo refu mbiri. 10 Zvino akati kwavari:
Pese pamunopinda mumba, mugaremo kusvikira
muchibvapo. 11 Asi vese vasingakugamuchiriyi kana
kukunzwai, kana muchibvapo, zuzai guruva riri pasi
petsoka dzenyu, chive chapupu kwavari. Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Zvichava nani kuSodhoma kana
Gomora nezuva rekutongwa kupfuura guta iro. 12
Vakati vabuda, vakaparidza kuti vatendeuke; 13 zvino
vakabudisa madhimoni mazhinji, vakazodza nemafuta
vazhinji vairwara, vachiporesa. 14 Mambo Herodhe
ndokuzvinzwa, nokuti zita rake rakava pachena, akati:
Johwani anobhabhatidza akamutswa kubva kuvakafa,
naizvozvo masimba anobata maari. 15 Vamwe vakati:
NdiEria; nevamwe vakati: Muporofita, kana wakaita
seumwe wevaporofita. 16 Asi Herodhe wakati anzwa,
akati: Uyu ndiJohwani uya wandakagura ini musoro;
iye wamuka kubva kuvakafa. 17 Nokuti Herodhe
pachake wakange atuma vanhu akabata Johwani,
akamusunga mutirongo nekuda kwaHerodhiasi,
mukadzi waFiripi, munin'ina wake; nokuti Herodhe
wakange amuwana. 18 Nokuti Johwani wakange ati
kuna Herodhe: Hauna kutenderwa kuti uve nemukadzi
wemunin'ina wako. 19 Herodhiasi akamuvenga
nechemumoyo, akada kumuuraya, asi wakakonewa;
20 nokuti Herodhe aitya Johwani, achiziva kuti
murume wakarurama, mutsvene, akamuchengetedza.
Zvino paakamunzwa akaita zvinhu zvakawanda,
akamunzwa nemufaro. 21 Asi zuva rakafanira
rakati rasvika, Herodhe nezuva rekuberekwa kwake
akaitira chirairo madzishe ake nevatungamiriri vezvuru
nevatungamiriri veGarirea, 22 zvino mukunda
waHerodhiasi uyo paakapinda akatamba, akafadza
Herodhe nevakange vagere pakudya naye; mambo
akati kumusikana: Kumbira kwandiri chipi zvacho
chaunoda ndigokupa. 23 Zvino akamupikira achiti:
Chero chipi chaunokumbira kwandiri ndichakupa,
kusvikira pahafu yeushe hwangu. 24 Akabuda
akati kuna mai vake: Ndichakumbirei? Vakati:
Musoro waJohwani Mubhabhatidzi. 25 Pakarepo
akakurumidza kupinda kuna mambo, akakumbira
achiti: Ndinoda kuti mundipe mundiro ikozvino
musoro waJohwani Mubhabhatidzi. 26 Mambo
akashungurudzika zvikuru, asi nekuda kwemhiko,
nekwevakange vagere naye pakudya, wakange
asingadi kumurambira. 27 Pakarepo mambo akatuma
muurai, akaraira kuti musoro wake uuyiswe. Akaenda,
akamugura musoro mutirongo, 28 akauya nemusoro
wake mundiro, akaupa kumusikana, musikana
ndokuupa mai vake. 29 Vadzidzi vake vakati
vachizvinzwa, vakauya vakatora chitunha chake,
vakachiisa muguva. 30 Zvino vaapositori vakaunganira
kuna Jesu, vakamuudza zvese, nezvavakange vaita,
nezvavakange vadzidzisa. 31 Akati kwavari: Uyai

imwi pachenyu mega kunzvimbo yerenje, muzorore
zvishoma. Nokuti vaiva vazhinji vaiuya nekuenda,
vakasava nemukana kunyange wekudya. 32 Vakaenda
nechikepe kunzvimbo yerenje vari vega. 33 Zvaunga
zvikavaona vachienda, uye vazhinji vakamuziva,
vakamhanyirako pamwe chete netsoka vachibva
pamaguta ese, vakavatangira, vakasangana kwaari.
34 Zvino Jesu wakati achibuda, akaona chaunga
chikuru, ndokuvanzwira tsitsi, nokuti vakange vakaita
semakwai asina mufudzi; akatanga kuvadzidzisa
zvinhu zvizhinji. 35 Zvino nguva yakati yaenda zvikuru,
vadzidzi vake vakauya kwaari vakati: Iyi inzvimbo
yerenje, uye nguva yatoenda; 36 varegei, kuti vaende
kuruwa rwakapoteredza nemisha vanozvitengera
zvingwa; nokuti havana chavangadya. 37 Akapindura
akati kwavari: Vapei imwi kuti vadye. Vakati kwaari:
Tingaenda here tinotenga zvingwa zvemadhenario
mazana maviri, tivape vadye? 38 Akati kwavari: Mune
zvingwa zvingani? Endai munoona. Vakati vaziva
vakati: Zvishanu, nehove mbiri. 39 Zvino akavaraira
kuti vavagarise vese pasi nemapoka-mapoka pauswa
unyoro. 40 Zvino vakagara pasi nemapoka-mapoka
nemazana uye nemakumi mashanu. 41 Zvino wakati
atora zvingwa zvishanu nehove mbiri, akatarira
kumusoro kudenga, akavonga, akamedura zvingwa,
akapa kuvadzidzi vake, kuti vazvigadzike pamberi
pavo; nehove mbiri akavagovera vese. 42 Zvino
vakadya vese, vakaguta. 43 Vakanunga matengu
gumi nemaviri azere nezvimedu, nezvehove. 44
Zvino avo vakadya zvingwa vaiva varume vanenge
zvuru zvishanu. 45 Pakarepo akamanikidza vadzidzi
vake kupinda muchikepe, vatungamire kuenda mhiri
kuBhetisaidha, iye achirega chaunga chichienda.
46 Akati avaoneka, akabva akaenda mugomo
kunonyengetera. 47 Zvino ava madekwani chikepe
chakange chiri pakati pegungwa, iye ari ega panyika.
48 Zvino wakavaona vachirwadziwa nekukwasva,
nokuti mhepo yakange ichipesana navo; akauya
kwavari nenguva inenge seyechina yekurinda yeusiku,
achifamba pamusoro pegungwa; ndokuda kuvapfuura.
49 Zvino vakati vachimuona achifamba pamusoro
pegungwa, vakafunga kuti chipoko, vakaridza mhere.
50 Nokuti vese vakamuona, vakavhunduka; asi
pakarepo akataura navo, akati kwavari: Tsungai moyo,
ndini, musatya. 51 Akakwira kwavari muchikepe,
mhepo ikanyarara; vakakatyamara zvikuru mukati
mavo zvisingaverengeki, vakashamisika. 52 Nokuti
vakange vasina kunzwisisa zvezvingwa, nokuti moyo
wavo wakange uri mukukutu. 53 Vakati vayambuka,
vakasvika kunyika yeGenesareti, vakasungira chikepe
pamahombekombe. 54 Vakati vabuda muchikepe,
pakarepo vakamuziva, 55 vakamhanyira munharaunda
iyo yese yakapoteredza, vakatanga kutenderera
vakatakura vairwara pahwanyanza, kwavainzwa
kuti ndiko kwaari. 56 Zvino pese paakapinda
pamisha kana pamaguta kana paruwa, vakaradzika
varwere pamisika, vakamukumbira zvikuru kuti
vabate mupendero wenguvo yake chete; uye vese
vakamubata vakaponeswa.

7 Zvino kwakaunganira kwaari VaFarisi nevamwe
vevanyori vaibva kuJerusarema; 2 vakati vaona
vamwe vevadzidzi vake vachidya zvingwa nemaoko
ane tsvina, ndiko kuti asina kushambwa, vakasvora.
3 Nokuti VaFarisi, neVaJudha vese, havadyi kunze
kwekuti vashamba maoko kwazvo, vachibatirira
tsika dzevakuru. 4 Kana vachibva pamusika, kunze
kwekuti vashamba, havadyi; nezvimwe zvinhu zvizhinji
zviripo zvavakange vagamuchira kuti vazvichengete,
zvinoti: Kusuka mikombe, nehari, nemidziyo yendarira,
nenhovo. 5 Ipapo VaFarisi nevanyori vakamubvunza,
vachiti: Nemhaka yei vadzidzi venyu vasingafambi
netsika yevakuru, asi vanodya chingwa nemaoko
asina kushambwa? 6 Asi wakapindura akati kwavari:
Isaya wakaporofita zvakanaka pamusoro penyu
imwi vanyepedzeri, sezvazvakanyorwa, zvichinzi:
Rudzi urwu rwunondikudza nemiromo, asi moyo
wavo uri kure neni. 7 Asi vanondinamata pasina,
vachidzidzisa dzidziso, dziri mirairo yevanhu. 8
Nokuti munosiya murairo waMwari, muchibatirira
tsika yevanhu, sekusuka hari nemikombe, nezvimwe
zvizhinji zvakadaro munozviita. 9 Zvino akati
kwavari: Munoramba nemazvo murairo waMwari, kuti
muchengete tsika yenyu. 10 Nokuti Mozisi wakati:
Kudza baba vako namai vako; uye: Anotuka baba
kana mai, anofanira kufa rufu. 11 Asi imwi munoti:
Kana munhu achiti kuna baba kana mai: Chinhu
chipi nechipi chamunobatsirwa nacho neni "iKorbani",
ndokuti chipo kuna Mwari; 12 hamuchamutenderi
kuitira baba vake kana mai vake chinhu, 13
muchishayisa shoko raMwari maturo netsika yenyu
yamunogamuchidzana; nezvinhu zvizhinji zvakadaro
munozviita. 14 Zvino wakati adanira kwaari chaunga
chese akati kwavari: Nditeererei mese, munzwisise. 15
Hapana chinhu chinobva kunze kwemunhu chinopinda
maari chingamusvibisa; asi zvinhu zvinobuda maari,
ndizvo zvinosvibisa munhu. 16 Kana aripo ane
nzeve dzekunzwa, ngaanzwe. 17 Zvino wakati
apinda mumba achibva kuchaunga, vadzidzi vake
vakamubvunza pamusoro pemufananidzo. 18 Akati
kwavari: Saizvozvo nemwi muri vasina kunzwisisa
here? Hamunzwisisi here kuti chese chinobva kunze

chichipinda mumunhu hachigoni kumusvibisa? 19
Nokuti hachipindi mumoyo make, asi mudumbu;
chichibuda kunze, achinatsa kudya kwese. 20
Ndokubva ati: Icho chinobuda mumunhu, ndicho
chinosvibisa munhu. 21 Nokuti kubva mukati mumoyo
wevanhu inobuda mifungo yakaipa, upombwe, ufeve,
umhondi, 22 umbavha, ruchiva, kuipa, kunyengera,
meso-meso, ziso rakaipa, kunyomba, kuzvikudza,
upenzi; 23 zvese zvinhu izvi zvakaipa zvinobva
mukati, zvichisvibisa munhu. 24 Zvino kubva ipapo
wakasimuka akaenda kumiganhu yeTire neSidhoni;
akapinda mumba, asingadi kuti pave neanozviziva,
asi akakoniwa kuvanzika. 25 Nokuti mukadzi waiva
nemukunda mudiki akange ane mweya wetsvina,
akanzwa nezvake, akauya akawira patsoka dzake.
26 Uye mukadzi waiva muGiriki, muSirofenike
pachizvarwa; akamukumbirisa kuti abudise dhimoni
pamukunda wake. 27 Asi Jesu akati kwaari: Regai
vana vatange kuguta, nokuti hazvina kunaka kutora
chingwa chevana, ndokukandira kuimbwanana. 28
Akapindura akati kwaari: Hongu, Ishe; nokuti kunyange
imbwanana dziri pasi petafura dzinodya zvezvimedu
zvevana. 29 Akati kwaari: Nekuda kweshoko iri,
enda; dhimoni rabuda pamukunda wako. 30 Akabva
akaenda kumba kwake, akawana dhimoni rabuda,
mukunda arere panhovo. 31 Zvino wakatizve achibva
kumiganhu yeTire neSidhoni, akauya kugungwa
reGarirea, nepakati pemiganhu yeDhekapori. 32 Zvino
vakauisa kwaari matsi yaikakamira, vakamukumbirisa
kuti aise ruoko pamusoro pake. 33 Akamutora
ari ega kubva pachaunga, akapinza mimwe yake
munzeve dzake, akapfira, ndokubata rurimi rwake.
34 Atarira kumusoro kudenga, akatura befu, akati
kwaari: "Efata"; ndiko kuti: Zarurwa! 35 Pakarepo
nzeve dzake dzakazarurwa, chisungo cherurimi
rwake chikasunungurwa, akataura zvakarurama.
36 Ndokuvaraira, kuti varege kuudza munhu; asi
paainyanya kuvaraira, vakanyanya zvikuru kuparidza
izvozvo. 37 Vakashamisika zvikuru kwazvo, vachiti:
Wakaita zvese zvakanaka; wakaita matsi kuti dzinzwe,
nezvimumumu kuti zvitaure.

**8** Nemazuva iwayo zvakwakange kune chaunga
chikuru kwazvo, vasina chavangadya, Jesu
akadanira vadzidzi vake kwaari, akati kwavari: 2 Ndine
tsitsi nechaunga; nokuti chadogara neni mazuva
matatu vasina zvavangadya. 3 Kana ndikavarega
vaende kumba kwavo nenzara, vachaziya panzira;
nokuti vamwe vavo vanobva kure. 4 Vadzidzi
vake vakamupindura, vakati: Zvingabvepi zvingwa
munhu zvaangagutsa nazvo ava murenje muno?
5 Akavabvunza, akati: Mune zvingwa zvingani?
Vakati: Zvinomwe. 6 Zvino akaraira chaunga kuti
chigare pasi pavhu; akatora zvingwa zvinomwe,
akavonga, akazvimedura, ndokupa vadzidzi vake, kuti
vaise pamberi pavo; vakazviisa pamberi pechaunga.
7 Uye vakange vane hove diki shoma; zvino
akadziropafadza, akati vadziisewo pamberi pavo. 8
Vakadya, vakaguta; ndokununga zvimedu zvakasara,
matengu manomwe. 9 Avo vakange vadya vainge
vaiva zvuru zvina; akavarega vachienda. 10 Pakarepo
akapinda muchikepe nevadzidzi vake, akauya kumativi
eDharimanuta. 11 Zvino VaFarisi vakabuda, vakatanga
kupikisana naye, vachitsvaka kwaari chiratidzo
chinobva kudenga, vachimuidza. 12 Akagomera
zvikuru pamweya wake akati: Zera iri rinotsvakirei
chiratidzo? Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Hakuna
chiratidzo chichapiwa kuzera iri. 13 Ndokubva avasiya,
akapindazve muchikepe, akabva akayambukira
kumhiri. 14 Zvino vadzidzi vakange vakanganwa kutora
zvingwa; uye vakange vasina navo chinhu muchikepe
kunze kwechingwa chimwe chete. 15 Zvino akavaraira,
achiti: Ngwarirai, muchenjere mbiriso yeVaFarisi
nembiriso yaHerodhe. 16 Vakarangana pakati pavo
vachiti: Nokuti hatina zvingwa. 17 Zvino Jesu wakati
achizviziva akati kwavari: Munorangana sei kuti
hamuna zvingwa? Hamusati maziva, kana kunzwisisa
here? Muchine moyo mukukutu here? 18 Mune meso
hamuoni here? Uye mune nzeve, hamunzwi here? Uye
hamurangariri here? 19 Pandakamedurira vanezvuru
zvishanu zvingwa zvishanu, matengu mangani
azere nezvimedu amakanonga? Vakati kwaari: Gumi
nemaviri. 20 Uye pazvinomwe pavanezvuru zvina,
matengu mangani azere nezvimedu amakanonga?
Ivo ndokuti: Manomwe. 21 Ndokubva ati kwavari: Sei
musinganzwisisi? 22 Zvino wakasvika kuBhetisaidha;
vakauisa bofu kwaari, vakamukumbirisa kuti aribate.
23 Akabata ruoko rwebofu, akaribudisira kunze
kwemusha; akati apfira meso aro, akaisa maoko
pamusoro paro, akaribvunza kana richiona chinhu. 24
Ndokutarira kumusoro rikati: Ndinoona vanhu vakaita
semiti vachifamba. 25 Mushure maizvozvo akaisazve
maoko pamusoro pameso aro akaritaridza kumusoro,
rikaporeswa, rikaona vese zvakajeka. 26 Akariendesa
kumba kwaro, achiti: Usapinda mumusha uye usaudza
ani nani mumusha. 27 Zvino Jesu akabuda nevadzidzi
vake vakaenda kumisha yeKesariya yeFiripi; vari
munzira akabvunza vadzidzi vake achiti kwavari:
Vanhu vanoti ndini ani? 28 Vakapindura vachiti:
Johwani Mubhabhatidzi; asi vamwe: Eria; vamwezve:
Umwe wevaporofita. 29 Iye akati kwavari: Ko imwi
munoti ndini ani? Petro akapindura akati kwaari:

Imwi muri Kristu. 30 Akavaraira zvikuru kuti varege
kuudza munhu pamusoro pake. 31 Zvino akatanga
kuvadzidzisa kuti Mwanakomana wemunhu anofanira
kutambudzika zvinhu zvizhinji nekurambwa nevakuru,
nevapristi vakuru, nevanyori, agourawa, uye mushure
memazuva matatu amukezve. 32 Akataura shoko iro
pachena. Zvino Petro akamutorera parutivi, akatanga
kumutsiura. 33 Asi iye atendeuka, ndokutarira vadzidzi
vake, akatsiura Petro achiti: Ibva shure kwangu,
Satani; nokuti haurangariri zvinhu zvaMwari, asi
zvinhu zvevanhu. 34 Zvino wakati adanira kwaari
chaunga pamwe nevadzidzi vake, akati kwavari: Ani
nani anoda kuuya shure kwangu, ngaazvirambe,
atakure muchinjikwa wake, anditevere. 35 Nokuti ani
nani anoda kuponesa upenyu hwake, acharasikirwa
nahwo, asi ani nani acharasikirwa neupenyu hwake
nekuda kwangu nekweevhangeri, uyu achahuponesa.
36 Nokuti zvinobatsirei munhu, kana akawana nyika
yese akarasikirwa nemweya wake? 37 Kana kuti
munhu achapei kuti chive muripo wemweya wake?
38 Nokuti ani nani anonyara pamusoro pangu
nepamashoko angu pazera iri reupombwe nekutadza,
Mwanakomana wemhunhu achanyarawo pamusoro
pake, paanouya mukubwinya kwaBaba vake ane
vatumwa vatsvene.

9 Zvino wakati kwavari: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri:
Vamwe varipo kune vamire pano, vasingazoraviri
rufu, kusvikira vaona ushe hwaMwari huchiuya
nesimba. 2 Zvino shure kwemazuva matanhatu,
Jesu akatora Petro, naJakobho, naJohwani,
akavatungamidza mugomo refu, pachavo vari vega;
akashandurwa chimiro pamberi pavo. 3 Zvipfeko
zvake zvikapenya, zvikachenesesa zvikuru semagada
echando; hakuna musuki panyika, angagona
kuzvichenesa zvikadaro. 4 Zvino kwakaonekwa
kwavari Eria naMozisi, uye vaitaurirana naJesu. 5
Petro akapindura akati kuna Jesu: Rabhi, zvakanaka
kuti tiri pano; ngativake matende matatu, rimwe
renyu, uye rimwe raMozisi, uye rimwe raEria. 6
Nokuti wakange asingazivi chekutaura; nokuti vaitya
zvikuru. 7 Zvino kwakava negore rakavadzikatira,
inzwi rikabuda mugore, richiti: Uyu Mwanakomana
wangu anodikanwa, inzwai iye. 8 Kamwe-kamwe,
vakati varinga-ringa, havana kuzochaona munhu,
asi Jesu chete anavo. 9 Zvino vakati vachiburuka
mugomo, akavaraira kuti varege kuudza munhu
zvavakange vaona kusvikira Mwanakomana wemunhu
amuka kubva kuvakafa. 10 Vakachengeta shoko
iro mukati mavo, vachibvunzana kuti kumuka
kwevakafa chii. 11 Vakamubvunza, vachiti: Vanyori
vanoreverei kuti Eria anofanira kutanga kuuya?
12 Akapindura, akati kwavari: Eria zvirokwazvo
anotanga kuuya, avandudze zvinhu zvese;
kwakagonyorwa sei zveMwanakomana wemunhu,
kuti achatambudzika zvinhu zvizhinji nekuzvidzwa?
13 Asi ndinoreva kwamuri kuti Eriawo wakasvika,
vakamuitira zvese zvavaida, sezvazvakanyorwa
pamusoro pake. 14 Zvino wakati asvika kuvadzidzi,
akaona chaunga chikuru chakavakomba, nevanyori
vachipikisana navo. 15 Pakarepo chaunga
chese chakati chichimuona chikashamisika zvikuru,
ndokumumhanyira, chikamukwazisa. 16 Akabvunza
vanyori akati: Munopikisanei navo? 17 Umwe
wechaunga akapindura akati: Mudzidzisi, ndauisa
kwamuri mwanakomana wangu, ane mweya
wechimumumu; 18 pangava papi paunomubata,
unomubvambura; opupuma furo, nekugeda-geda
meno ake, uye anooma; zvino ndakataura nevadzidzi
venyu kuti vaubudise, vakasagona. 19 Akamupindura
akati: Haiwa zera risina rutendo, ndichava nemwi
kusvikira rinhi? Ndichakuitirai moyo murefu kusvikira
rinhi? Muuyisei kwandiri. 20 Vakamuuisa kwaari;
wakati achimuona, pakarepo mweya ukamubvambura;
akawira pasi, akaumburuka achipupuma furo.
21 Ndokubva abvunza baba vake akati: Yava
nguva yakadini kubvira izvozvi zvichiitika kwaari?
Akati: Kubva paupwere. 22 Kazhinji wakamuwisira
nemumoto nemumvura, kuti umuparadze; asi kana
muchigona kuita chinhu, mutinzwire tsitsi, mutibatsire.
23 Jesu ndokuti kwaari: Kana uchigona kutenda,
zvinhu zvese zvinogoneka kune anotenda. 24 Uye
pakarepo baba vemwana vakadanidzira nemisodzi
vakati: Ndinotenda, Ishe, batsirai pakusatenda
kwangu. 25 Jesu wakati achiona kuti chaunga
chinouya chichimhanyirana, akatsiura mweya wetsina,
akati kwauri: Iwe, mweya wechimumumu nematsi,
ini ndinokuraira: Buda maari, urege kupindazve
maari. 26 Zvino mweya ukadanidzira, ukamubvundisa
zvikuru ukabuda; akaita sewakafa, nokudaro vazhinji
vakati: Wafa. 27 Asi Jesu wakabata ruoko
rwake akamusimudza; akasimuka. 28 Zvino wakati
apinda mumba, vadzidzi vake vakamubvunza
vari vega vachiti: Sei isu takange tisingagoni
kuubudisa? 29 Ndokubva ati kwavari: Zera iri
harigoni kubuda nechinhu, kunze nekunyengetera
nekutsanya. 30 Vakabva ipapo, vakagura neGarirea,
akange asingadi kuti chero ani azvizive. 31
Nokuti aidzidzisa vadzidzi vake, achiti kwavari:
Mwanakomana wemunhu achakumikidzwa mumaoko
evanhu, uye vachamuuraya; kana aurawa achamuka
nezuva retatu. 32 Asi havana kunzwisisa shoko

iro, vachitya kumubvunza. 33 Zvino wakasvika
muKapenaume; akati ava mumba, akavabvunza,
achiti: Manga muchikakavadzana chii munzira? 34 Asi
vakanyarara, nokuti munzira vakange vakakavadzana
kuti mukurusa ndiani. 35 Zvino akagara pasi, akadana
vanegumi nevaviri, akati kwavari: Kana munhu
achida kuva wekutanga, achava wekupedzisira kune
vese nemushandi wevese. 36 Ndokutora mucheche,
akamumisa pakati pavo; akati amugumbatira, akati
kwavari: 37 Ani nani anogamuchira umwe wevacheche
vakadai muzita rangu, anogamuchira ini; uye ani
nani anogamuchira ini, haagamuchiri ini, asi uyo
wakandituma. 38 Zvino Johwani akamupindura, achiti:
Mudzidzisi, takaona umwe asingatiteveri achibudisa
madhimoni muzita renyu; tikamudzivisa, nokuti haana
kutitevera. 39 Asi Jesu wakati: Musamudzivisa, nokuti
hakuna munhu angaita basa resimba muzita rangu,
anogona kukurumidza kutaura zvakaipa pamusoro
pangu. 40 Nokuti asingapikisani nesu, ndewedu.
41 Nokuti ani nani anokupai mukombe wemvura
kuti munwe muzita rangu, nokuti muri vaKristu,
zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Haangamborasikirwi
nemubairo wake. 42 Uye ani nani anogumbusa
umwe wevadiki ava vanotenda kwandiri, zviri nani
kwaari kuti guyo guru risungirirwe kupoteredza
pamutsipa wake, akandirwe mugungwa. 43 Uye
kana ruoko rwako ruchikugumbusa, rugure; zviri
nani kwauri kupinda muupenyu uri chirema, pane
kuti une maoko maviri uende mugehena, mumoto
usingadzimiki, **(Geenna g1067)** 44 apo pasingafi honye
yavo, nemoto usingadzimi. 45 Uye kana rutsoka
rwako ruchikugumbusa, rugure; zviri nani kwauri
kupinda muupenyu uchikamhina, pane kuti une tsoka
mbiri ukandirwe mugehena, mumoto usingadzimiki,
**(Geenna g1067)** 46 apo pasingafi honye yavo, nemoto
usingadzimi. 47 Zvino kana ziso rako richikugumbusa,
ridzure; zviri nani kwauri kupinda muushe hwaMwari
une ziso rimwe, pakuti une maziso maviri, ukandirwe
mugehena remoto, **(Geenna g1067)** 48 apo pasingafi
honye yavo, nemoto usingadzimi. 49 Nokuti wese
acharungwa nemoto uye chibairo chese chicharungwa
nemunyu. 50 Munyu wakanaka; asi kana munyu
warasa kuvava, mungaurunga nei? Ivai nemunyu
mamuri, mugarisane nerugare.

**10** Zvino wakati asimukapo, akauya kumiganhu
yeJudhiya, achigura nemhiri kwaJoridhani;
zvaunga ndokuunganirazve kwaari; zvino
sezvaakange ajaira, akavadzidzisa zvekare. 2
VaFarisi vakauya kwaari, vakamubvunza vachiti:
Zvinotenderwa here kuti murume arambe mukadzi?
vachimuidza. 3 Akapindura, akati kwavari: Mozisi
wakakurairai chii? 4 Zvino vakati: Mozisi wakatendera
kunyora rugwaro rwerambano, nekumuramba. 5
Jesu akapindura akati kwavari: Nekuda kweukukutu
hwemoyo wenyu, wakakunyorerai murairo uyu. 6
Asi kubva pakutanga kwezvisikwa, Mwari wakavaita
murume nemukadzi. 7 Nekuda kweizvozvo munhu
achasiya baba namai vake, anamatire mukadzi
wake; 8 zvino ava vaviri vachava nyama imwe.
Naizvozvo havasichiri vaviri, asi nyama imwe. 9
Naizvozvo Mwari zvaakabatanidza, ngapasava
nemunhu anoparadzanisa. 10 Mumba vadzidzi vake
vakapamha kumubvunza pamusoro pazvo. 11 Zvino
akati kwavari: Ani nani anoramba mukadzi wake,
akawana umwe, anoita upombwe kwaari. 12 Uye
kana mukadzi achiramba murume wake, achiwanikwa
neumwe, anoita upombwe. 13 Zvino vakauya nevana
vadiki kwaari, kuti avabate; asi vadzidzi vakatsiura
avo vaiuya navo. 14 Zvino Jesu wakati achizviona,
akatsamwa zvikuru, akati kwavari: Tenderai vana
vadiki kuuya kwandiri, uye musavadzivisa, nokuti
ushe hwaMwari ndohwevakadai. 15 Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Ani nani asingagamuchiri ushe
hwaMwari semucheche, haangatongopindi mahuri.
16 Uye akavagumbatira, achiisa maoko pamusoro
pavo, akavaropafadza. 17 Zvino wakati achibudira
kunzira, umwe wakamumhanyira, akamufugamira
akamubvunza, achiti: Mudzidzisi wakanaka, ndingaitei
kuti ndigare nhaka yeupenyu husingaperi? **(aiōnios
g166)** 18 Jesu akati kwaari: Unondiidzirei wakanaka?
Hakuna wakanaka, kunze kweumwe, iye Mwari. 19
Unoiziva mirairo inoti: Usaita upombwe, usauraya,
usaba, usapupura nhema, usabiridzira, kudza baba
namai vako. 20 Zvino akapindura akati kwaari:
Mudzidzisi, izvi zvese ndakazvichengeta kubva
paudiki hwangu. 21 Jesu ndokumutarira akamuda,
akati kwaari: Chinhu chimwe chaunoshaiwa;
enda, utengese zvese zvaunazvo, upe varombo,
zvino uchava nefuma kudenga; ugouya utakure
muchinjikwa, unditevere. 22 Asi asuwa neshoko iro,
wakaenda neshungu, nokuti wakange ane nhumbi
zhinji. 23 Ipapo Jesu akaringa-ringa, akati kuvadzidzi
vake: Vacharemerwa sei vane fuma kupinda muushe
hwaMwari! 24 Vadzidzi vakashamisika nemashoko
ake. Asi Jesu wakapindurazve, akati kwavari: Vana,
zvinorema sei kune vanovimba nefuma kupinda
muushe hwaMwari; 25 zvingarerukira kamera
kudarika nemuburi retsono, pane kuti mufumi
apinde muushe hwaMwari. 26 Ipapo vakashamisika
zvisingaverengeki, vachitaurirana vachiti: Ndiani zvino
angagoponeswa? 27 Zvino Jesu wakati achivatarira,

akati: Kuvanhu hazvibviri, asi kwete kuna Mwari;
nokuti kuna Mwari zvinhu zvese zvinobvira. **28** Petro
akatanga kuti kwaari: Tarirai, isu takasiya zvese
tikakuteverai. **29** Jesu akapindura akati: Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Hakuna munhu wakasiya imba,
kana vanin'ina nemadzikoma, kana hanzvadzi,
kana baba, kana mai, kana mukadzi, kana vana,
kana minda, nekuda kwangu nekweevhangeri, **30**
asingazogamuchiri kane zana ikozvino nenguva ino,
dzimba, nevanin'ina nemadzikoma, nehanzvadzi,
nanamai, nevana, neminda, pamwe nekushushwa,
neupenyu husingaperi munguva inouya. **(aiōn g165,
aiōnios g166)** **31** Asi vazhinji vekutanga vachava
vekupedzisira, nevekupedzisira vekutanga. **32**
Zvino vachiri munzira vachikwira kuJerusarema;
Jesu akavatungamirira; vakashamisika; zvino
pavaitevera, vaitya. Akatorazve vanegumi
nevaviri, akatanga kuvaudza zvinhu zvakange
zvichizoitika kwaari, **33** achiti: Tarirai, tinokwira
kuJerusarema, uye Mwanakomana wemunhu
achakumikidzwa kuvapristi vakuru nekuvanyori,
uye vachamutongera rufu, nekumukumikidza
kuvahedheni, **34** vachamusveveredza, vachamurova
netyava, nekumupfira, nekumuuraya; zvino nezuva
retatu achamukazve. **35** Zvino Jakobho naJohwani,
vanakomana vaZebhedhi, vakauya kwaari vachiti:
Mudzidzisi, tinoda kuti mutiitire chero chatichakumbira.
**36** Akati kwavari: Chii chamunoda kuti ndikuitirei?
**37** Vakati kwaari: Tipei kuti tigare, umwe kuruoko
rwenyu rwerudyi, uye umwe kuruboshwe rwenyu
mukubwinya kwenyu. **38** Asi Jesu wakati kwavari:
Hamuzivi chamunokumbira. Mungagona kunwa
mukombe wandinonwa ini here, nekubhabhatidzwa
norubhabhatidzo rwandinobhabhatidzwa narwo
ini here? **39** Vakati kwaari: Tingagona. Jesu
akati kwavari: Muchanwa zvirokwazvo mukombe
wandinonwa ini, nekubhabhatidzwa norubhabhatidzo
rwandinobhabhatidzwa narwo ini; **40** asi kugara
kuruoko rwangu rwerudyi nekuruboshwe rwangu,
hazvisi zvangu kupa, asi zvevakazvigadzirirwa.
**41** Vanegumi vakati vachizvinzwa, vakatanga
kutsamwira zvikuru Jakobho naJohwani. **42** Asi Jesu
akavadanira kwaari akati kwavari: Munoziva kuti
avo vanonzi machinda evahedheni anovadzvinyirira,
nevakuru vavo vanoshandisa simba pamusoro
pavo. **43** Zvino hazvingadaro pakati penyu; asi ani
nani anoda kuva mukuru pakati penyu, achava
mushandiri wenyu; **44** ani nani wenyu anoda
kuva wekutanga, achava mushandi wevese. **45**
Nokuti kunyange Mwanakomana wemunhu haana
kuuya kuzoshumirwa, asi kushumira, nekupa
upenyu hwake ruve rudzikunuro rwevazhinji. **46**
Vakasvika kuJeriko; zvino wakati achibuda Jeriko
nevadzidzi vake nechaunga chikuru, Bhatimio
bofu, mwanakomana waTimio, akange agere
padivi penzira achipemha. **47** Wakati anzwa kuti
ndiJesu weNazareta, akatanga kudanidzira, nekuti:
Jesu Mwanakomana waDhavhidhi, ndinzwirei
tsitsi! **48** Vazhinji vakamutsiura kuti anyarare;
asi iye wakanyanya kudanidzira kwazvo, achiti:
Mwanakomana waDhavhidhi, ndinzwirei tsitsi! **49**
Jesu ndokumira, akati adanwe; vakadana bofu
vachiti kwariri: Tsunga moyo; simuka, anokudana.
**50** Ipapo rikarasa nguvo yaro rikasimuka, rikauya
kuna Jesu. **51** Jesu akapindura, akati kwariri: Unoda
kuti ndikuitirei? Bofu rikati kwaari: Rabhoni, kuti
ndionezve. **52** Jesu akati kwariri: Enda; rutendo rwako
rwakuponesa. Pakarepo rikaonazve, rikatevera Jesu
munzira.

**11** Vakati vasvika pedo neJerusarema, paBhetifage
neBhetaniya, pagomo reMiorivhi, akatuma
vaviri vevadzidzi vake, **2** akati kwavari: Fambai
muende kumusha wakatarisana nemwi; pakarepo
kana muchipinda mauri, muchawana dhongwana
rakasungirwa, risina munhu wakamborigara;
murisunugure, mugouya naro. **3** Kana munhu
akati kwamuri: Munoitirei izvi? Muti: Ishe anorida.
Pakarepo acharitumira pano. **4** Vakaenda,
vakanowana dhongwana rakasungirwa pamukova
kunze, panzira yemumusha; vakarisunungura. **5**
Vamwe vevakange vamirepo vakati kwavari: Munoitei
muchisunungura dhongwana? **6** Vakavaudza Jesu
sezvaakaraira; vakavarega vachienda. **7** Zvino
vakauya nedhongwana kuna Jesu, vakakandira
nguvo dzavo pamusoro paro, akagara pamusoro
paro. **8** Nevazhinji vakawarira nguvo dzavo
munzira, nevamwe vakatema masanzu kubva
pamiti vakawarira munzira. **9** Zvino avo vakange
vachitungamira nevakange vachitevera vakadanidzira,
vachiti: Hosana! Wakaropafadzwa anouya muzita
raIshe; **10** hwakaropafadzwa ushe hwababa
vedu Dhavhidhi, hunouya muzita raIshe! Hosana
kumusoro-soro! **11** Jesu ndokupinda muJerusarema,
nemutembere; akati aringa-ringa zvinhu zvese,
yava nguva yemadekwani, akabuda, akaenda
kuBhetaniya nevanegumi nevaviri. **12** Uye mangwana
vachibuda kubva Bhetaniya, akanzwa nzara. **13**
Wakati achiona muonde uri kure, une mashizha,
akaendako achiti zvimwe angawana chinhu pauri;
asi asvika pauri haana kuwana chinhu kunze
kwemashizha; nokuti yakange isiri nguva yemaonde.

14 Zvino Jesu akapindura, akati kwauri: Kusava
nemunhu anozodyazve zvibereko pauri kusvika
kusingaperi. Vadzidzi vake vakazvinzwa. (aiōn g165) 15
Vakasvika kuJerusarema; Jesu akapinda mutembere,
akatanga kudzingira panze avo vaitengesa nevaitenga
mutembere; akapidigura matafura evaitsinhanisa
mari, nezvigaro zvaivo vaitengesa njiva. 16 Zvino
akasatendera kuti munhu atakure nhumbi achipfuura
nemutembere. 17 Akadzidzisa, achiti kwavari: Hakuna
kunyorwa here kuchinzi: Imba yangu ichanzi imba
yekunyengetera nemarudzi ese? Asi imwi makaiita
bako remakororo. 18 Zvino vanyori nevapristi vakuru
vakazvinzwa, vakatsvaka kuti vangamuparadza
sei; nokuti vakange vachimutya, nokuti chaunga
chese chakashamisika nedzidziso yake. 19 Zvino
ava madekwani, wakabuda kunze kweguta. 20
Zvino mangwanani-ngwanani vakati vachipfuura,
vakaona muonde waoma kubva pamidzi. 21 Petro
akarangarira akati kwaari: Rabhi, tarirai muonde
wamakatuka waoma. 22 Jesu akapindura akati
kwavari: Ivai nerutendo kuna Mwari. 23 Nokuti
zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Ani nani anoti kugomo
iri: Simudzwa, ukandwe mugungwa, uye asiri asina
chokwadi mumoyo make, asi achitenda kuti zvinhu
zvaanoreva zvichaitika, zvichaitika kwaari chero
zvaanoreva. 24 Naizvozvo ndinoti kwamuri: Zvinhu
zvese chero zvamunokumbira muchinyengetera,
tendai kuti muchagamuchira, uye zvichava zvenyu.
25 Kana mumire muchinyengetera, kanganwirai kana
mune chakanangana neumwe; kuti Baba venyuwo
vari kumatenga vakukanganwirei kudarika kwenyu.
26 Asi kana imwi musingakanganwiri, Baba venyu vari
kumatenga havakanganwiriwo kudarika kwenyu. 27
Vakasvikazve kuJerusarema; zvino wakati achifamba
mutembere, vapristi vakuru nevanyori nevakuru
vakauya kwaari, 28 zvino vakati kwaari: Unoita
zvinhu izvozvi nesimba ripi; ndiani wakakupa simba
iri, kuti unoita zvinhu izvi? 29 Jesu akapindura
akati kwavari: Iniwo ndichakubvunzai mubvunzo
umwe, mundipindure, neni ndichakuudzai kuti ndinoita
zvinhu izvozvi nesimba ripi. 30 Rubhabhatidzo
rwaJohwani rwakabva kudenga, kana kuvanhu?
Ndipindurei. 31 Vakaonesana, vachiti: Kana tikati:
Kudenga, achati: Makagoregerei kumutenda? 32
Asi kana tikati: Kuvanhu; vakange vachitya vanhu;
nokuti vese vakange vachiverenga Johwani kuti
muporofita zvirokwazvo. 33 Vakapindura vachiti kuna
Jesu: Hatizivi. Jesu akapindura akati kwavari: Ini
handingakuudziyiwo kuti ndinoita zvinhu izvi nesimba
ripi.

12 Zvino wakatanga kutaura kwavari
nemifananidzo, achiti: Munhu wakasima munda
wemizambiringa, akaisa ruzhowa rwakaukomberedza,
akachera pekusvinira waini, akavaka shongwe,
akauhaisa kuvarimi, ndokuenda parwendo. 2
Nenguva yakafanira, wakatumira muranda kuvarimi,
kuti agamuchire kubva kuvarimi zvechibereko
chemunda wemizambiringa. 3 Vakamubata vakarova,
vakamuendesa asina chinhu. 4 Akatumazve
kwavari umwe muranda; uyu vakamuposhera
mabwe, vakamukuvadza mumusoro, vakamuendesa
anyadziswa. 5 Zvino wakatumazve umwe; uyu
vakamuurayawo; nevamwe vazhinji, vachirova
vamwe, nekuuraya vamwe. 6 Naizvozvo wakange
achine mwanakomana umwe mudikanwi wake,
akamutumirawo kwavari pakupedzisira, achiti:
Vachakudza mwanakomana wangu. 7 Asi varimi
ivavo vakataurirana, vachiti: Uyu ndiye mugari
wenhaka; uyai ngatimuurayei, nhaka ichava yedu.
8 Vakamutora vakauraya, vakaposhera kunze
kwemunda wemizambiringa. 9 Naizvozvo mwene
wemunda wemizambiringa achaitei? Achauya
akaparadza varimi, akapa munda wemizambiringa
kune vamwe. 10 Ko hamuna kuverenga here rugwaro
urwu rwunoti: Ibwe vavaki ravakarasa, ndiro rava
musoro wekona; 11 izvi zvakaitwa naIshe, uye
zvinoshamisa pameso edu? 12 Zvino vakatsvaka
kumubata, asi vakatya chaunga; nokuti vaiziva kuti
wakange ataura mufananidzo uyu akanangana navo.
Vakamusiya vakaenda. 13 Vakati vatuma kwaari
vamwe veVaFarisi neveVaHerodhe, kuti vamubate
pakutaura. 14 Zvino vakati vauya, vakati kwaari:
Mudzidzisi, tinoziva kuti ndimwi wechokwadi, hamuna
hanya nemunhu; nokuti hamutariri chimiro chemunhu,
asi munodzidzisa nzira yaMwari muchokwadi: Zviri
pamutemo kupa Kesari mutero here, kana kwete?
15 Tipe here, kana tirege kupa? Asi iye wakaziva
unyepedzeri hwavo, akati kwavari: Munondiidzirei?
Ndivigirei dhenario, kuti ndione. 16 Vakariuisa. Akati
kwavari: Mufananidzo uyu nerunyoro urwu ndezvani?
Vakati kwaari: ZvaKesari. 17 Jesu akapindura akati
kwavari: Dzoserai kuna Kesari zvinhu zvaKesari,
nekuna Mwari zvinhu zvaMwari. Vakashamisika naye.
18 Zvino kwakauya kwaari VaSadhusi, vanoti hakuna
kumuka, vakamubvunza vachiti: 19 Mudzidzisi, Mozisi
wakatinyorera kuti: Kana mukoma wemunhu akafa,
akasiya mukadzi, akasasiya vana, kuti munin'ina wake
atore mukadzi wake, amutsire mukoma wake mbeu.
20 Zvino kwakange kune vanakomana vanomwe
vemunhu umwe; wekutanga akawana mukadzi, akafa
akasasiya mbeu. 21 Wechipiri akamutora, akafa,

iyewo akasasiya mbeu; newechitatu saizvozvo. 22
Nevanomwe vakamutora, vakasasiya mbeu; shure
kwevese mukadzi akafawo. 23 Naizvozvo pakumuka,
kana vachimuka, achava mukadzi wani kwavari?
Nokuti vanomwe vakava naye kuita mukadzi. 24 Jesu
akapindura akati kwavari: Hamuna kurasika here
neizvozvi, nokuti hamuzivi magwaro kana simba
raMwari? 25 Nokuti kana vachimuka kubva kuvakafa,
havawanani, kana kuwaniswa, asi vakaita sevatumwa
vari kumatenga. 26 Zvino maererano nevakafa, kuti
vanomutswa, hamuna kurava here mubhuku raMozisi,
kuti Mwari wakataura naye sei mugwenzi reminzwa,
achiti: Ndiri Mwari waAbhurahama, naMwari waIsaka,
naMwari waJakobho? 27 Haasi Mwari wevakafa, asi
Mwari wevapenyu; imwi naizvozvo marasika kwazvo.
28 Zvino umwe wevanyori wakasvika, wakati anzwa
vachirangana, achiziva kuti wakange avapindura
zvakanaka, akamubvunza achiti: Ndeupi murairo
wekutanga kune yese? 29 Jesu akamupindura, achiti:
Wekutanga kumirairo yese ndiwoyu: Inzwa Israeri,
Ishe Mwari wedu, ndiIshe umwe chete! 30 Uye ida
Ishe Mwari wako nemoyo wako wese, uye nemweya
wako wese, uye nefungwa dzako dzese, uye nesimba
rako rese. Uyu murairo wekutanga. 31 Newechipiri
wakadai ndeuyu: Ida umwe wako sezvaunozvida.
Hakuna umwe murairo mukuru kune iyi. 32 Zvino
munyori akati kwaari: Zvakanaka, Mudzidzisi, mareva
zvirokwazvo kuti kuna Mwari umwe chete, uye
hakuna umwe kunze kwake; 33 nekumuda nemoyo
wese, uye nefungwa dzese, uye nemweya wese,
uye nesimba rese, nekuda wekwako sezvaunozvida,
zvinopfuura zvipiriso zvese zvinopiswa nezvibairo.
34 Zvino Jesu wakati achimuona kuti wapindura
nenjere, akati kwaari: Hausi kure neushe hwaMwari.
Kukasazova nemunhu wakatsunga kumubvunza.
35 Zvino Jesu wakati achidzidzisa mutembere,
akapindura akati: Vanyori vanoreva sei kuti Kristu
Mwanakomana waDhavhidhi? 36 Nokuti Dhavhidhi
amene wakati neMweya Mutsvene: Ishe wakati
kuna Ishe wangu: Gara kuruoko rwangu rwerudyi,
kusvikira ndaita vavengi vako chitsiko chetsoka
dzako. 37 Naizvozvo Dhavhidhi amene anomuidza
Ishe, ko Mwanakomana wake papi? Chaunga chikuru
chikamunzwa nemufaro. 38 Zvino wakati kwavari
padzidziso yake: Chenjerai vanyori, vanoda kufamba
nenguvo refu, nekwaziso pamisika, 39 nezvigaro
zvemberi mumasinagoge, nezvinzvimbo zvakakwirira
pazviraiiro; 40 vanodya dzimba dzechirikadzi, uye
nekunyepedzera vachiita minyengetero mirefu;
ivava vachagamuchira kuraswa kukuru kwazvo.
41 Jesu akagara pasi akatarisana nechivigiro
chezvipo, akatarira kuti chaunga chinokanda sei
mari muchivigiro; zvino vafumi vazhinji vakange
vachikanda zvizhinji. 42 Zvino kwakasvika imwe
chirikadzi murombo, ikakanda tumari twemhangura
tuviri, ndiro kobiri. 43 Akadanira vadzidzi vake
kwaari, akati kwavari: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri:
Chirikadzi iyi murombo yakanda zvizhinji kupfuura
vese vakanda muchivigiro chezvipo; 44 nokuti vese
vakanda pamuraudziro wavo; asi iye paurombo
hwake wakanda zvese zvaanazvo, zvese zveupenyu
hwake.

**13** Zvino wakati achibuda mutembere, umwe
wevadzidzi vake wakati kwaari: Mudzidzisi,
tarirai mabwe rudzii, nezvivakwa rudzii! 2 Jesu
achipindura akati kwaari: Unoona zvivakwa izvi
zvikuru here? Hakungatongosiiwi ibwe pamusoro
pebwe, risingatongoputsirwi pasi. 3 Zvino wakati agara
pagomo reMiorivhi, pakatarisana netembere, Petro,
naJakobho, naJohwani, naAndiriya vakamubvunza
vari vega, vachiti: 4 Tiudzei, izvozvi zvichava
rinhi? Nechiratidzo chii kana izvozvi zvese
zvozadziswa? 5 Zvino Jesu achivapindura
akatanga kuti: Chenjerai kusava neanokutsausai.
6 Nokuti vazhinji vachauya muzita rangu, vachiti:
Ndini Kristu, vachatsausa vazhinji. 7 Asi kana
muchinzwa zvehondo, nerunyerekupe rwehondo,
musakanganiswa; nokuti zvinofanira kuitika; asi
kuguma kuchigere. 8 Nokuti rudzi ruchamukira
rudzi; neushe huchamukira ushe; uye kuchava
nekudengenyeka kwenyika kunzvimbo dzakasiyana-
siyana, uye kuchava nenzara, nematambudziko;
izvi kutanga kwekurwadziwa. 9 Zvichenjererei imwi,
nokuti vachakukumikidzai kumatare emakurukota,
uye mumasinagoge mucharohwa, uye muchauyiswa
pamberi pevatongi nemadzimambo nekuda kwangu,
chive chapupu kwavari. 10 Uye evhangeri inofanira
kutanga kuparidzirwa kumarudzi ese. 11 Asi
kana vachikuuisai vachikutengesai, musafunganya
pakutanga zvamuchataura, uye musafanorangarira,
asi chero zvamunenge mapiwa nenguva iyo taurai
izvozvo; nokuti hamusi imwi munotaura, asi Mweya
Mutsvene. 12 Zvino mukoma achatengesera munin'ina
kurufu, nababa mwanakomana; nevana vachamukira
vabereki nekuvauraya; 13 uye muchavengwa
nevese nekuda kwezita rangu; asi anotsungirira
kusvikira pakuguma, ndiye achaponeswa. 14 Zvino
kana muchiona nyangadzi yekuparadza yakataurwa
naDhanyeri muporofita, imire paisingafaniri (anorava
ngaanzwisise), zvino vari muJudhiya ngavatizire
kumakomo; 15 neari pamusoro pedenga reimba

ngaarege kuburukira mumba, kana kupinda kunotora
chinhu mumba make. **16** Neari mumunda
ngaarege kutendeukira shure kunotora nguvo yake.
**17** Asi vane nhamo avo vane mimba neavo
vanonwisa nemazuva iwayo! **18** Asi nyengeterai
kuti kutiza kwenyu kurege kuva muchando. **19**
Nokuti mumazuva iwayo kuchavapo kutambudzika,
kwakadaro kusati kwakavapo kubva pakutanga
kwezvisikwa Mwari zvaakasika kusvikira zvino, uye
hakuchatongovipo. **20** Dai Ishe asina kuatapudza
mazuva, hakuna chero nyama yaiponeswa; asi nekuda
kwevasanangurwa, vaakasanangura, wakaatapudza
mazuva. **21** Uye ipapo kana munhu achiti
kwamuri: Tarirai, Kristu pano; kana: Tarirai apo;
musatenda; **22** nokuti vana Kristu venhema
nevaporofita venhema vachamuka, vagoratidza
zviratidzo nezvishamiso, kuti vatsause, kana
zvichibvira, kunyange vasanangurwa. **23** Asi chenjerai
imwi; tarirai, ndagara ndakuudzai zvinhu zvese. **24** Asi
nemazuva iwayo, shure kwekutambudzika ikoko, zuva
richasvibiswa, nemwedzi hauchazopi chiedza chawo,
**25** nenyeredzi dzekudenga dzichawa, nemasimba ari
kumatenga achazungunuswa. **26** Ipapo vachaona
Mwanakomana wemunhu achiuya mumakore ane
simba guru nekubwinya, **27** ipapo achatuma vatumwa
vake, vagounganidza pamwe vasanangurwa vake
kubva kumhepo ina, kubva kumugumo wenyika
kusvikira kumugumo wedenga. **28** Zvino dzidzai
mufananidzo kubva pamuonde; kana davi rawo
rava ikozvino nyoro, richitunga mashizha, munoziva
kuti zhizha raswedera. **29** Saizvozvo imwiwo, kana
muchiona zvinhu izvi zvichiitika, zivai kuti zvava pedo
wava pamukova. **30** Zvirokwazvo ndinoti kwamuri:
Zera iri haringatongopfuuri, kusvikira zvinhu izvi
zvese zvaitika. **31** Denga nenyika zvichapfuura; asi
mashoko angu haangatongopfuuri. **32** Asi zvezuva
iro neawa, hakuna anoziva, kunyange vatumwa
vari kudenga, kunyange Mwanakomana, kunze
kwaBaba. **33** Chenjerai, murinde, munyengetere;
nokuti hamuzivi kuti nguva ndeyarinhi. **34** Semunhu
wakafamba rwendo, akasiya imba yake, akapa
simba kuvaranda vake, kune umwe neumwe basa
rake, akarairawo murindi wemukova kuti arinde.
**35** Naizvozvo rindai; nokuti hamuzivi kuti mwene
weimba anouya rinhi, manheru, kana pakati peusiku,
kana pakurira kwejongwe, kana mangwanani; **36** kuti
arege kuuya kamwe kamwe, akakuwanai murere. **37**
Nezvandinotaura kwamuri, ndinotaurira vese: Rindai.

## 14
Shure kwemazuva maviri kwaiva nepasika
nemutambo wechingwa chisina mbiriso; vapristi
vakuru nevanyori ndokutsvaka kuti vangamubata
sei nekunyengera vamuuraye. **2** Asi vakati: Kwete
pamutambo, zvimwe kungava nebongozozo revanhu.
**3** Zvino wakati ari paBhetaniya, mumba maSimoni
wemaperembudzi, agere pakudya, kwakauya
mukadzi, ane chinu chearibhasiteri chechizoro
chenaridho chaiyo chakakosha zvikuru; akaputsa
chinu chearibhasiteri, akachidurura pamusoro wake.
**4** Asi kwaiva nevamwe vakatsamwa mukati mavo,
vakati: Kutambisa ikoku kwechizoro kwaitirwei? **5**
Nokuti ichi chingadai chatengeswa nemadhenario
anopfuura mazana matatu, akapiwa varombo.
Vakamutsiura nehasha. **6** Asi Jesu wakati: Musiyei;
munomutambudzirei? Waitira ini basa rakanaka.
**7** Nokuti varombo munavo nguva dzese, uye
nguva ipi neipi yamunoda, munogona kuvaitira
zvakanaka; asi ini hamuneni nguva dzese. **8**
Waita zvaanogona; wakagara azodzera muviri
wangu kuvigwa. **9** Zvirokwazvo ndinoti kwamuri:
Kwese-kwese kuchaparidzirwa evhangeri iyi panyika
yese, zvaakaitawo zvicharehwa, chive chirangaridzo
chake. **10** Zvino Judhasi Isikariyoti, umwe
wevanegumi nevaviri, wakaenda kuvapristi vakuru,
kuti amutengese kwavari. **11** Uye vakati vachizvinzwa,
vakafara, vakavimbisa kumupa mari. Akatsvaka
kuti angamutengesa sei panguva yakafanira. **12**
Nezuva rekutanga rechingwa chisina mbiriso,
pavaibaya pasika, vadzidzi vake vakati kwaari:
Ndekupi kwamunoda kuti tiende kunogadzirira kuti
mudye pasika? **13** Akatuma vaviri vevadzidzi
vake, akati kwavari: Endai muguta, zvino munhu
achasangana nemwi akatakura chirongo chemvura;
mumutevere, **14** uye chero paanenge apinda, muti
kumwene weimba: Mudzidzisi wati: Imba yevaeni
iripi, pandichadyira pasika nevadzidzi vangu? **15**
Uye iye achakutaridzai imba huru yekumusoro
yakarongedzwa, yakagadzirwa; tigadzirirei ipapo. **16**
Vadzidzi vake vakabuda, vakasvika muguta, vakawana
sezvaakange areva kwavari; vakagadzirira pasika.
**17** Kuzoti ava madekwani wakasvika nevanegumi
nevaviri. **18** Zvino vakati vagara vachidya, Jesu
akati: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Umwe wenyu
anodya neni achanditengesa. **19** Ndokubva vatanga
kushungurudzika, umwe neumwe akati kwaari:
Zvirokwazvo handisi ini, ndizvo here? Neumwe:
Zvirokwazvo handisi ini, ndizvo here? **20** Asi
wakapindura akati kwavari: Umwe wevanegumi
nevaviri, anoseva neni mundiro. **21** Mwanakomana
wemunhu anoenda zvirokwazvo, sezvazvakanyorwa
pamusoro pake; asi ane nhamo munhu uyo,
Mwanakomana wemunhu waanotengeswa naye!

Zvaiva nani kwaari kana munhu uyo aiva asina
kuzvarwa. 22 Zvino vakati vachidya, Jesu akatora
chingwa, akaropafadza, akamedura, ndokupa
kwavari, akati: Torai, idyai, ichi ndicho muviri
wangu. 23 Akatora mukombe, akati avonga akapa
kwavari, vakanwa vese pauri. 24 Zvino akati
kwavari: Iri iropa rangu, iro resungano itsva,
rinoteurirwa vazhinji. 25 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri:
Handichazotongonwi zvechibereko chemuzambiringa,
kusvikira zuva iro randichazochinwa naro chava
chitsva muushe hwaMwari. 26 Zvino vakati vaimba
rwiyo rwekurumbidza vakabuda vakaenda kugomo
reMiorivhi. 27 Zvino Jesu akati kwavari: Mese
muchagumburwa nekuda kwangu usiku huno, nokuti
kwakanyorwa kuchinzi: Ndicharova mufudzi, makwai
agoparararira. 28 Asi shure kwekumutswa kwangu,
ndichakutungamirirai kuenda kuGarirea. 29 Asi Petro
wakati kwaari: Kunyange vese vakagumburwa, asi
kwete ini. 30 Jesu ndokuti kwaari: Zvirokwazvo
ndinoti kwauri: Nhasi, neusiku huno, jongwe risati
rarira kaviri, uchandiramba katatu. 31 Asi iye
wakareva zvakanyanya kusimba, achiti: Kunyange
ndikatofanira kufa nemwi, handingatongokurambiyi.
Nevesewo vakadaro. 32 Zvino vakasvika panzvimbo
yainzi Getsemani; akati kuvadzidzi vake: Garai
pano, ndichinonyengetera. 33 Akatora pamwe naye
Petro naJakobho naJohwani, akatanga kuvhunduka
nekunetseka zvikuru. 34 Akati kwavari: Mweya wangu
unoshungurudzika kwazvo kusvikira pakufa; garai
pano murinde. 35 Akapfuura zvishoma, akawira pasi,
akanyengetera, kuti kana zvaibvira, nguva ipfuure
kwaari. 36 Zvino akati: Abha, Baba, zvinhu zvese
zvinogoneka kwamuri. Bvisai mukombe uyu kwandiri,
asi kwete zvandinoda ini, asi zvamunoda imwi.
37 Zvino akasvika, akavawana varere; akati kuna
Petro: Simoni, urere here? Wakonewa kurinda awa
rimwe here? 38 Rindai munyengetere, kuti murege
kupinda mumuedzo. Mweya unoda hawo, asi nyama
ine utera. 39 Akaendazve, akanyengetera achireva
mashoko mamwechete. 40 Zvino paakadzoka,
akavawana vararazve, nokuti meso avo akange
orema; vakasaziva zvavangamupindura. 41 Akauya
rwechitatu, akati kwavari: Chirambai murere zvino
muzorore. Zvaringana; nguva yasvika; tarirai,
Mwanakomana wemunhu wokumikidzwa mumaoko
avatadzi. 42 Simukai, tiende; tarirai, wonditengesa
wava pedo. 43 Pakarepo achataura, Judhasi
wakasvika, umwe wevanegumi nevaviri, chaunga
chikuru chinaye chine minondo netsvimbo, chichibva
kuvapristi vakuru nevanyori nevakuru. 44 Zvino
iye wakamutengesa wakange avapa chiratidzo,
achiti: Uyo wandinongotsvoda ndiye; mumutore
muende naye makamuchengetedza. 45 Zvino wakati
asvika, pakarepo akaswedera kwaari akati: Rabhi!
Rabhi! Akamutsvoda. 46 Vakabva vaisa maoko avo
kwaari, vakamubata. 47 Zvino umwe wevakange
vamirepo wakavhomora munondo akatema muranda
wemupristi mukuru, akagura nzeve yake. 48
Zvino Jesu akapindura akati kwavari: Mabuda
semakanangana negororo neminondo netsvimbo
kuzondibata here? 49 Ndakange ndinemwi mutembere
zuva nezuva ndichidzidzisa, asi hamuna kundibata,
asi izvi zvaitwa kuti magwaro azadziswe. 50
Vese ndokumusiya vakatiza. 51 Zvino rimwe
jaya rakamutevera, rakamonera mucheka werineni
rakashama. Majaya akaribata; 52 ndokubva rasiya
mucheka werineni, rikavatiza rakashama. 53 Zvino
vakaendesa Jesu kumupristi mukuru; vakaunganira
kwaari vapristi vakuru vese nevakuru nevanyori.
54 Petro akamutevera ari kure kusvikira mukati
mechivanze chemupristi mukuru; akange agere
pamwe nevaranda, achidziya moto. 55 Zvino
vapristi vakuru nedare rese remakurukota vakatsvaka
uchapupu hwakanangana naJesu, kuti vamuuraye; asi
havana kuhuwana. 56 Nokuti vazhinji vaimupupurira
nhema, asi uchapupu hauna kupindirana. 57
Ndokubva kwasimuka vamwe vakamupupurira nhema
vachiti: 58 Isu takamunzwa achiti: Ini ndichaputsa
tembere iyi yakaitwa nemaoko, uye mumazuva
matatu ndichavaka imwe isina kuitwa nemaoko. 59
Asi kunyange zvakadaro uchapupu hwavo hauna
kupindirana. 60 Zvino mupristi mukuru wakasimuka
pakati pavo, akabvunza Jesu, achiti: Haupinduri
chinhu here? Vanopupurei ava chakanangana
newe? 61 Asi wakanyarara, akasapindura chinhu.
Mupristi mukuru akamubvunzazve, akati kwaari:
Iwe uri Kristu, Mwanakomana weWakaropafadzwa
here? 62 Jesu akati: Ndini iye. Uye muchaona
Mwanakomana wemunhu agere kuruoko rwerudyi
rwesimba, achiuya nemakore ekudenga. 63 Mupristi
mukuru ndokubvarura nguvo dzake akati: Tichiri
kudirei zvapupu? 64 Manzwa kunyomba; munofungei?
Zvino vese vakamurasa kuti ave nemhosva yerufu.
65 Vamwe vakatanga kumupfira, nekufukidza chiso
chake, nekumurova netsiva, nokuti kwaari: Porofita!
Varanda vakamurova nembama dzamaoko. 66 Zvino
Petro achiri pachivanze pasi, kwakasvika umwe
wevarandakadzi vemupristi mukuru; 67 achiona Petro
achidziya moto, akamutarira akati: Iwewo wakange
una Jesu weNazareta. 68 Asi wakaramba, achiti:
Handizivi kana kunzwisisa zvaunoreva. Akabuda
panze akaenda kumusuwo; jongwe rikarira. 69

Zvino murandakadzi akamuonazve, akatanga kuti
kuna vakange vamirepo: Uyu ndewavo. 70 Asi
wakarambazve. Zvino shure kwechinguvana, vakange
vamirepo vakatizve kuna Petro: Zvirokwazvo, uri
wavo, nokuti newe uri muGarirea nemutauro wako
unotenderana nazvo. 71 Akatanga kutuka nekupika,
achiti: Handimuzivi munhu uyu wamunoreva. 72
Zvino jongwe rikarira rwechipiri. Petro ndokurangarira
shoko Jesu raakange areva kwaari rekuti: Jongwe
risati rarira kaviri, uchandiramba katatu. Zvino wakati
achifunga izvozvo akachema.

**15** Zvino pakarepo mangwanani-ngwanani vapristi
vakuru vakaita zano nevakuru nevanyori
nedare remakurukota rese, vakasunga Jesu,
vakamutakura, vakamukumikidza kuna Pirato. 2 Pirato
ndokumubvunza achiti: Iwe uri Mambo weVaJudha
here? Akapindura, akati kwaari: Unoreva iwe. 3
Vapristi vakuru vakamupomera zvinhu zvizhinji, asi iye
haana kupindura chinhu. 4 Pirato akamubvunzazve
achiti: Haupinduri chinhu here? Tarira, zvinhu
zvingani zvavanokupupurira! 5 Asi Jesu haana
kuzopindurazve chinhu, zvekuti Pirato wakashamisika.
6 Zvino pamabiko waivasunungurira musungwa
umwe, chero upi wavanenge vakumbira. 7 Zvino
kwakange kune wainzi Bharabhasi, akasungwa
pamwe nevakange vamutsa mhirizhonga naye,
vakange vaita umhondi pamhirizhonga iyoyo. 8 Zvino
chaunga chakadanidzira, vakatanga kukumbira kuti
aite sezvaaigarovaitira. 9 Asi Pirato akavapindura,
achiti: Munoda kuti ndikusunungurirei Mambo
weVaJudha here? 10 Nokuti wakange achiziva
kuti vapristi vakuru vakange vamutengesa negodo.
11 Asi vapristi vakuru vakamutsa chaunga, kuti
zviri nani avasunungurire Bharabhasi. 12 Pirato
akapindura akatizve kwavari: Naizvozvo munoda kuti
ndimuitirei, wamunoti ndiMambo weVaJudha? 13
Vakadanidzirazve vachiti: Murovere pamuchinjikwa!
14 Asi Pirato akati kwavari: Nemhaka yei? Wakaita
chakaipa chei? Vakanyanyisa kudanidzira vachiti:
Muroverere pamuchinjikwa! 15 Zvino Pirato,
achida kuti agutse chaunga, akavasunungurira
Bharabhasi; ndokukumikidza Jesu kwavari, amurova
netyava, kuti arovererwe pamuchinjikwa. 16 Zvino
mauto akamuisa mukati mechivanze, chinova
imba yemutungamiriri, akadanira hondo yese
pamwe; 17 vakamupfekedza zvine ruvara rwehute,
vakaruka korona yeminzwa, vakaisa paari. 18
Vakatanga kumukwazisa, vachiti: Hekanhi, Mambo
weVaJudha! 19 Vakamurova musoro nerutsanga,
vakamupfira, vakafugama mabvi, vakamunamata.
20 Zvino vakati vamuseka, vakamubvisa zveruvara
rwehute, ndokumupfekedza nguvo dzake pachake,
vakabuda naye kunomuroverera pamuchinjikwa.
21 Vakamanikidza umwe waipfuura wainzi Simoni
muKurini, achibva kuruwa, baba vaArekizandiro
naRufo, kuti atakure muchinjikwa wake. 22
Vakamuisa kunzvimbo yainzi Gorogota, ndokuti
kana zvichishandurwa: Nzvimbo yedehenya. 23
Vakamupa waini yakavhenganiswa nemura kuti anwe,
asi haana kugamuchira. 24 Zvino vakati vamuroverera
pamuchinjikwa, vakagovana nguvo dzake, vachikanda
mujenya pamusoro padzo, kuti umwe neumwe
achatorei. 25 Rakange rava awa rechitatu,
vakabva vamuroverera pamuchinjikwa. 26 Nerugwaro
rwemhosva yake rwakange rwakanyorwa pamusoro,
rwuchiti: MAMBO WEVAJUDHA. 27 Pamwe naye
vakaroverera pamuchinjikwa makororo maviri, umwe
kuruoko rwerudyi, neumwe kuruboshwe rwake. 28
Rugwaro rukazadzisika, rwunoti: Wakaverengwa
pamwe nevasina murairo. 29 Nevaipfuura vakamutuka,
vachidzungudza misoro yavo, vachiti: Ehe-e,
iwe unoputsa tembere, nekuivaka nemazuva
matatu, 30 zviponese, uburuke pamuchinjikwa! 31
Saizvozvo vapristiwo vakuru vakamuseka pamwe
nevanyori pakati pavo, vachiti: Wakaponesa vamwe,
haagoni kuzviponesa. 32 Kristu Mambo waIsraeri
ngaaburuke ikozvino pamuchinjikwa, kuti tione titende.
Nevakange varovererwa pamuchinjikwa pamwe naye
vakamunyomba. 33 Zvino awa rechitanhatu rakati
rasvika, rima rikavapo panyika yese kusvikira paawa
repfumbamwe. 34 Zvino neawa repfumbamwe,
Jesu akadana nenzwi guru, achiti: "Eroi, Eroi,
rama sabhakitani!" Ndokuti, kana zvichishandurwa:
Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiirei? 35
Vamwe vevakange vamirepo vakati vachizvinzwa,
vakati: Tarirai, anodana Eria. 36 Ipapo umwe
wakamhanya, akazadza chipanje nevhiniga, akaisa
parutsanga, akamupa kuti anwe, achiti: Regai, tione
kana Eria achiuya kumuburusa. 37 Ipapo Jesu
akadanidzira nenzwi guru akapa mweya. 38 Vheiri
retembere rikabvaruka kuita mapandi maviri, kubva
kumusoro kusvikira pasi. 39 Zvino mukuru wezana
wakange amirepo pakatarisana naye, wakati achiona
kuti wadanidzira zvakadaro akapa mweya, akati:
Zvirokwazvo, munhu uyu wanga ari Mwanakomana
waMwari. 40 Uye kwakange kune vakadziwo
vakatarira vari kure, pakati pavo pakange pana
Maria Magidhariniwo, naMaria mai vaJakobho mudiki
naJose, naSarome, 41 (avowo vaimutevera achiri
muGarirea, vachimushandira), nevamwe vakadzi
vazhinji vakange vakwira kuJerusarema naye. 42 Zvino

atova manheru, zvarakange riri gadziriro, ndokuti
zuva rinotangira sabata, 43 Josefa waiva weArimatia,
nhengo yedare yairemekedzwa, wakange akamirirawo
pachake ushe hwaMwari; wakauya akapinda kuna
Pirato akatsunga, akakumbira chitunha chaJesu. 44
Pirato akashamisika nokuti wakange atofa; akadanira
kwaari mukuru wezana, akamubvunza kana akange
ava nenguva afa. 45 Zvino wakati azvinzwa nemukuru
wezana, akapa Josefa chitunha. 46 Akatenga
mucheka wakaisvonaka, akamuburusa, akamuputira
nemucheka wakapfava, ndokumuradzika muguva
rakange rakacherwa muruware, ndokukungurusira
ibwe pamukova weguva. 47 Zvino Maria Magidharini,
naMaria mai vaJose, vakaona paakaradzikwa.

16 Sabata rakati rapfuura, Maria Magidharini,
naMaria mai vaJakobho, naSarome vakatenga
zvinonhuhwira, kuti vauye kunomuzodza. 2
Mangwanani-ngwanani kwazvo nomusi wekutanga
wevhiki vakauya kuguva, zuva robuda. 3 Vakati
pakati pavo: Ndiani achatikungurusira ibwe kubva
pamukova weguva? 4 Zvino vakati vachitarira,
vakaona kuti ibwe rakange rakunguruswa, nokuti
raiva guru-guru. 5 Zvino vakati vachipinda muguva,
vakaona jaya rakange rigere kurudyi, rakapfeka nguvo
refu chena; vakavhunduka; 6 asi rakati kwavari:
Musavhunduka; munotsvaka Jesu muNazareta
wakarovererwa pamuchinjikwa; wamuka, haasi
pano; tarirai panzvimbo pavakange vamuradzika.
7 Asi endai, munoudza vadzidzi vake naPetro
kuti anokutungamirirai kuGarirea, muchanomuonako
sezvaakakuudzai. 8 Zvino vakabuda nekukurumidza
vakatiza paguva; uyezve kudedera nekuvhunduka
kwakavabata; vakasataura chinhu kuna ani zvake,
nokuti vakange vachitya. 9 **(note: The most reliable
and earliest manuscripts do not include Mark 16:9-20.)**
Zvino Jesu wakati amuka mangwanani-ngwanani
newekutanga wevhiki, wakaonekwa pakutanga kuna
Maria Magidharini, waakabudisa kwaari madhimoni
manomwe. 10 Uyo akaenda akaudza avo vaiva naye,
pavaichema vachirira. 11 Neava vanzwa kuti mupenyu,
uye kuti wakange aonekwa naye, havana kutenda. 12
Shure kweizvozvo wakazviratidza nechimwe chimiro
kuvaviri vavo vachifamba, vachienda muruwa. 13
Zvino avawo vakaenda vakaudza vakange vasara;
naavo vakasavatenda. 14 Pashure wakazviratidza
kune vanegumi neumwe vagere pakudya, akatsiura
kusatenda kwavo neukukutu hwemoyo, nokuti
havana kutenda vaya vakange vamuona amuka.
15 Akati kwavari: Endai munyika yese muparidze
evhangeri kuchisikwa chega-chega. 16 Uyo anotenda
akabhabhatidzwa achaponeswa; asi asingatendi
achapiwa mhosva. 17 Zviratidzo izvi zvichavatevera
vanotenda: Muzita rangu vachabudisa madhimoni,
vachataura nendimi itsva; 18 vachanonga nyoka;
kunyange vakanwa chero chinhu chinouraya,
hachingatongovakuvadzi; vachaisa maoko pavarwere,
vakapora. 19 Naizvozvo Ishe shure kwekunge ataura
kwavari, akagamuchirwa kumusoro kudenga, akagara
kuruoko rwerudyi rwaMwari. 20 Avo vakabuda,
vakaparidza kwese-kwese, Ishe achibata navo,
achisimbisa shoko nezviratidzo zvaitevera. Amen.

# Ruka

1 Sezvo vazhinji vakabata kuronga nhoroondo
yezvinhu zvakavimbika zvizere pakati
pedu, 2 sezvavakapa kwatiri ivo kubva
pakutanga vakazvionera, uye vari varanda
veshoko, 3 zvakaonekwa zvakanaka kwandiriwo,
ndanyatsoongorora zvinhu zvese kubva pakutanga,
kuti ndikunyorerei nekutevedzanisa, imwi Teofiro
changamire, 4 kuti muzive chokwadi chezvinhu
zvamakadzidziswa. 5 Kwaivapo nemazuva aHerodhe
mambo weJudhiya umwe mupristi wainzi Zakaria,
weboka raAbhiya; nemukadzi wake waibva
kuvanasikana vaAroni, nezita rake riri Erizabheti.
6 Uye vari vaviri vakange vakarurama pamberi
paMwari, vachifamba nemirairo yese nezviga
zvaIshe, vasina chavangapomerwa. 7 Uye vakange
vasina mwana, nokuti Erizabheti wakange ari
mhanje, uye vakange vaenda pamakore vari vaviri.
8 Zvino zvakaitika kuti wakati achiita ushumiri
hweupristi pamberi paMwari, pachidanho cheboka
rake, 9 maererano netsika yeushumiri hweupristi,
wakabatwa nemujenya kuti apise zvipfungaidzo
zvinonhuhwira apinda mutembere yaIshe. 10 Zvino
chaunga chese chevanhu chakange chichinyengetera
kunze nenguva yezvipfungaidzo zvinonhuhwira.
11 Zvino kwakaonekwa kwaari mutumwa waIshe,
amire kurutivi rwerudyi rwearitari yezvipfungaidzo
zvinonhuhwira. 12 Zvino Zakaria wakati achimuona
akanetseka, kutya kukamuwira. 13 Asi mutumwa
wakati kwaari: Usatya Zakaria; nokuti munyengetero
wako wanzwikwa, nemukadzi wako Erizabheti
achakuberekera mwanakomana, ugotumidza zita rake
Johwani. 14 Uye uchava nemufaro nekupembera,
nevazhinji vachafarira kuberekwa kwake. 15 Nokuti
achava mukuru pamberi paIshe, haangatongonwi
waini kana zvinodhaka; uye achazadzwa neMweya
Mutsvene kunyange kubva padumbu ramai vake. 16
Nevazhinji vevana vaIsraeri achatendeusira kuna
Ishe Mwari wavo; 17 uye iye achafamba pamberi
pake mumweya nesimba raEria, kutendeusira
moyo yemadzibaba kuvana, nevasingateereri
kuuchenjeri hwevakarurama, kugadzirira Ishe vanhu
vakagadzirwa. 18 Zakaria akati kumutumwa: Izvozvi
ndichazviziva nei? Nokuti ini ndava mukweguru,
nemukadzi wangu waenda pamazuva ake. 19
Mutumwa achipindura akati kwaari: Ini ndini Gabhirieri,
anomira pamberi paMwari; ndatumwa kuti nditaure
kwauri, ndikuparidzire mashoko awa akanaka. 20
Zvino tarira, uchava chimumumu, usingagoni kutaura,
kusvikira zuva rinoitika zvinhu izvi, nokuti hauna
kutenda mashoko angu, achazadziswa nenguva
yawo. 21 Vanhu vakange vakamirira Zakaria,
vakashamisika nekunonoka kwake mutembere. 22
Zvino wakati abuda, akakonewa kutaura kwavari;
vakaziva kuti akange aona chiratidzo mutembere; iye
akavaninira nemaoko, akaramba ari chimumumu.
23 Zvino zvakaitika kuti mazuva okushumira kwake
akati achangopera, akaenda kumba kwake. 24 Zvino
shure kwemazuva iwayo, mukadzi wake Erizabheti
akatora mimba, akazvivanza mwedzi mishanu,
achiti: 25 Ishe wandiitira saizvozvi nemazuva
aakanditarira, kuti abvise ruzvidzo rwangu pakati
pevanhu. 26 Zvino nemwedzi wechitanhatu mutumwa
Gabhirieri wakatumwa naMwari kuguta reGarirea
rinonzi Nazareta, 27 kumhandara, yakange yatsidza
kuwanikwa nemurume zita rake raiva Josefa,
weimba yaDhavhidhi; uye zita remhandara riri
Maria. 28 Mutumwa akapinda kwaari akati: Hekanhi,
iwe une nyasha! Ishe anewe, wakaropafadzwa
iwe pakati pevakadzi. 29 Iye wakati achimuona
akanetseka neshoko rake, akafunganya kuti uku
kukwazisa rudzii kwakadai. 30 Zvino mutumwa akati
kwaari: Usatya Maria; nokuti wawana nyasha kuna
Mwari. 31 Zvino tarira, uchava nemimba, ugozvara
mwanakomana, uchatumidza zita rake kuti Jesu.
32 Iye achava mukuru, achanzi Mwanakomana
weWekumusoro-soro; Ishe Mwari achapa kwaari
chigaro cheushe chababa vake Dhavhidhi. 33
Achatonga pamusoro peimba yaJakobho kusvikira
narinhi, neushe hwake hahungavi nemugumo. (aiōn
g165) 34 Maria ndokuti kumutumwa: Izvi zvingava sei,
nokuti handizivi murume? 35 Mutumwa akapindura
akati kwaari: Mweya Mutsvene uchauya pamusoro
pako, nesimba reWekumusoro-soro richakudzikatira;
naizvozvo icho chitsvene chichaberekwa newe
chichanzi Mwanakomana waMwari. 36 Uye tarira,
Erizabheti hama yako, iyewo wava nemimba
yemwanakomana pakuchembera kwake; nemwedzi
uno wava wechitanhatu kuna iye wainzi mhanje. 37
Nokuti naMwari hakuna chinhu chisingazogoneki. 38
Maria ndokuti: Tarirai, murandakadzi waIshe; ngazvive
kwandiri seshoko renyu. Mutumwa ndokubva
kwaari. 39 Zvino Maria akasimuka nemazuva iwayo
akaenda kunyika yezvikomo nekukurumidza, kuguta
raJudha; 40 akapinda mumba maZakaria, akakwazisa
Erizabheti. 41 Zvino zvakaitika kuti Erizabheti
wakati achinzwa kukwazisa kwaMaria, mwana
akatamba mudumbu rake; naErizabheti akazadzwa
neMweya Mutsvene, 42 akadanidzira nenzwi guru,
akati: Wakaropafadzwa iwe pakati pevakadzi, uye

chakaropafadzwa chibereko chedumbu rako! 43
Ko zvandibvira nepi, kuti mai vaIshe wangu vauye
kwandiri? 44 Nokuti tarira, inzwi rekukwazisa
kwako rangoti richisvika munzeve dzangu, mwana
watamba mudumbu rangu nemufaro. 45 Uye
wakaropafadzwa anotenda, nokuti zvakataurwa
naIshe kwaari zvichazadziswa. 46 Maria akati: Moyo
wangu unokudza Ishe, 47 nemweya wangu unofara
muna Mwari Muponesi wangu; 48 nokuti wakatarira
kuninipiswa kwemurandakadzi wake; nokuti tarira,
kubva zvino mazera ese achati ndakaropafadzwa. 49
Nokuti ane masimba wakandiitira zvinhu zvikuru;
nezita rake idzvene. 50 Netsitsi dzake dziri kuna avo
vanomutya kubva kumazera kusvika kumazera. 51
Wakaita zvine simba neruoko rwake; wakaparadzira
vanozvikudza mundangariro dzemoyo yavo. 52
Wakaburusa vane masimba pazvigaro zvoushe,
akasimudza vakaderera. 53 Vane nzara wakavagutsa
nezvinhu zvakanaka, asi vafumi wakavaendesa
vasina chinhu. 54 Wakabatsira Israeri muranda wake
kuti arangarire tsitsi, 55 sezvaakataura kumadzibaba
edu, kuna Abhurahama nekumbeu yake kusvikira
rinhi narinhi. (aiōn g165) 56 Maria akagara naye mwedzi
inenge mitatu, akadzokera kumba kwake. 57 Zvino
nguva yaErizabheti yekusununguka kwake yakazara;
akabereka mwanakomana. 58 Zvino vavakidzani
nehama dzake vakati vanzwa kuti Ishe wakange
amuitira tsitsi dzake huru, vakafara naye. 59 Zvino
zvakaitika kuti nezuva rerusere vakauya kuzodzingisa
mucheche, vakamutumidza maererano nezita rababa
vake Zakaria. 60 Asi mai vake vakapindura vakati:
Kwete, asi achanzi Johwani. 61 Vakati kwaari:
Hakuna munhu kuhama dzako anodaidzwa nezita iri.
62 Vakataura nemaoko kuna baba vake, kuti vanoda
kuti anzi ani. 63 Vakakumbira chinyorero, vakanyora
vachiti: NdiJohwani zita rake; vakashamisika vese. 64
Muromo wake ukazarurwa pakarepo, nerurimi rwake
rukasununguka, akataura, achirumbidza Mwari.
65 Kutya kukawira vese vaigara vakavakomba;
nemashoko awa ese akataurwa kunyika yese
yezvikomo yeJudhiya. 66 Zvino vese vakanzwa,
vakazviisa mumoyo mavo, vachiti: Mucheche uyu
achazova ani? Uye ruoko rwaIshe rwakava naye.
67 Zvino Zakaria baba vake vakazadzwa neMweya
Mutsvene, vakaporofita, vachiti: 68 Ngaarumbidzwe
Ishe Mwari waIsraeri, nokuti wakashanyira nekuita
rudzikunuro kuvanhu vake; 69 akatisimudzira
runyanga rweruponeso mumba maDhavhidhi
muranda wake; 70 sezvaakataura nemuromo
wevaporofita vake vatsvene, vakange varipo kubva
pasichigare; (aiōn g165) 71 ruponeso pamhandu dzedu,
neparuoko rwavese vanotivenga; 72 kuitira madzibaba
edu tsitsi, nekurangarira sungano yake tsvene, 73
mhiko yaakapika kuna Abhurahama baba vedu; 74
kutipa, kuti tasunungurwa muruoko rwevavengi vedu,
timushumire tisingatyi; 75 muutsvene nekururama
pamberi pake mazuva ese eupenyu hwedu. 76 Newe
mucheche, uchanzi muporofita weWekumusoro-soro,
nokuti uchatungamira pamberi pechiso chaIshe,
kugadzirira nzira dzake; 77 kupa ruzivo rweruponeso
kuvanhu vake mukanganwiro yezvivi zvavo; 78 netsitsi
dzemoyo dzaMwari wedu, mauri mambakwedza
anobva kumusoro anotishanyira; 79 kuvhenekera
vagere murima nemumvuri worufu, nekururamisa
tsoka dzedu munzira yerugare. 80 Mucheche akakura,
akasimba mumweya, akava mumarenje, kusvikira
zuva rekuratidzwa kwake kuna Israeri.

2 Zvino zvakaitika nemazuva iwayo, chisungo
chakabuda kubva kuna Kesari Agasto, kuti
nyika yese inyorwe. 2 Kunyorwa uku kwaiva
kwekutanga kwakaitwa Kuriniosi ari mutungamiriri
weSiriya. 3 Vese ndokuenda kunonyorwa, umwe
neumwe kuguta rekwake. 4 NaJosefawo akakwira
achibva Garirea muguta Nazareta, akaenda Judhiya
kuguta raDhavhidhi, rinonzi Bhetirehemu, nokuti
waiva weimba nedzinza raDhavhidhi, 5 kunonyorwa
naMaria mukadzi wakange atsidzira kuwanikwa naye,
ava nemimba. 6 Zvakaitika kuti vachipo, mazuva
ekusununguka kwake akazadzisika; 7 ndokuzvara
mwanakomana wake wedangwe, akamuputira
nemicheka, akamuvanzarika muchidyiro, nokuti
makange musina nzvimbo yavo muimba yevaeni.
8 Zvino kwakange kune vafudzi munyika iyoyo
vaigara kuuragu vachichengetedza nguva dzekurinda
boka ravo usiku. 9 Zvino tarira, mutumwa waIshe
akamira pedo navo, nekubwinya kwaIshe kukapenya
kwakavakomba; vakatya nekutya kukuru. 10 Zvino
mutumwa akati kwavari: Musatya; nokuti tarirai,
ndinokuparidzirai mashoko akanaka emufaro mukuru,
uchava kuvanhu vese; 11 nokuti mazvarirwa nhasi
Muponesi, anova Kristu Ishe, muguta raDhavhidhi. 12
Zvino ichi chiratidzo kwamuri: Muchawana mucheche
akaputirwa nemicheka, arere muchidyiro. 13 Uye
pakarepo kukavapo pamwe nemutumwa chaunga
chehondo yekudenga vachirumbidza Mwari, vachiti:
14 Rumbidzo kuna Mwari kumusoro-soro, nerugare
panyika; chishuwo chakanaka kuvanhu. 15 Zvino
kwakaitika kuti vatumwa vabva kwavari vaenda
kudenga, vanhu vafudzi vakataurirana, vachiti:
Ngatiende ikozvino Bhetirehemu, tinoona chinhu ichi
chakaitika, Ishe chaatizivisa. 16 Zvino vakakurumidza

kusvika, vakawana vese Maria naJosefa, nemucheche
arere muchidyiro. **17** Vakati vaona, vakazivisa kwese
shoko ravakange vaudzwa maererano nemucheche
uyu. **18** Zvino vese vakanzwa vakashamisika nezvinhu
zvakange zvataurwa kwavari nevafudzi. **19** Asi
Maria wakachengeta zvinhu izvi zvese, achifungisisa
mumoyo make. **20** Zvino vafudzi vakadzokera,
vachikudza nekurumbidza Mwari pamusoro pezvinhu
zvese zvavakange vanzwa nekuona, sezvakange
zvataurwa kwavari. **21** Mazuva masere akati apera
kuti mucheche adzingiswe, zita rake ndokunzi Jesu,
raakange atumidzwa nemutumwa asati agamuchirwa
mudumbu. **22** Zvino mazuva ekunatswa kwake
nemurairo waMozisi akati apera, vakauya naye
kuJerusarema, kuti vamukumikidze kuna Ishe, **23**
(sezvazvakanyorwa pamurairo waIshe kuti: Chirume
chese chinozarura chizvaro, chichanzi chitsvene kuna
Ishe), **24** uye vabaire chibairo sezvazvakarehwa
pamurairo waIshe, njiva mbiri, kana vana vaviri
vehangaiwa. **25** Zvino tarira, kwakange kune munhu
muJerusarema, zita rake raiva Simioni, ndiyewo
munhu waiva akarurama akazvipira kushumira
Mwari, akamirira kunyaradzwa kwaIsraeri, neMweya
Mutsvene wakange uri pamusoro pake. **26** Zvino
zvakange zvaratidzwa kwaari neMweya Mutsvene,
kuti haangaoni rufu asati aona Kristu waIshe. **27**
Wakapinda mutembere neMweya; zvino vabereki
vakati vachiuisa mucheche Jesu mukati, kuti vaite
pamusoro pake netsika yemurairo, **28** iye akamutora
mumaoko ake, akarumbidza Mwari, achiti: **29** Tenzi,
ikozvino regai muranda wenyu aende nerugare,
seshoko renyu; **30** nokuti meso angu aona ruponeso
rwenyu, **31** rwamakagadzirira pamberi pezviso
zvevanhu vese; **32** chiedza chekuzarurira vahedheni,
nekubwinya kwerudzi rwenyu Israeri. **33** Josefa
namai vake vakashamisika nezvinhu zvakarehwa
pamusoro pake. **34** Zvino Simioni akavaropafadza,
akati kuna Maria mai vake: Tarira, uyu wakaisirwa
kuwa nekumuka kwevazhinji muna Israeri, nekuva
chiratidzo chichapikiswa; **35** uye newe, munondo
uchagura nemumweya wako pachako; kuti ndangariro
dzemoyo mizhinji dzifukurwe. **36** Zvino kwakange
kuna Ana muporofitakadzi, mukunda waFanueri,
wedzinza raAsheri; wakange akwegura kwazvo,
wakararama nemurume makore manomwe kubvira
paumhandara hwake. **37** Uye ari chirikadzi yemakore
angava makumi masere nemana, wakange asingabvi
mutembere, achishumira nemitsanyo neminyengetero
usiku nemasikati. **38** Naiye wakati achisvika nenguva
iyoyo akatenda Mwari, akataura pamusoro pake
kuna vese vakange vachitarisira kusunungurwa
muJerusarema. **39** Zvino vakati vapedza zvinhu
zvese zvaienderana nemurairo waIshe, vakadzokera
Garirea kuguta ravo Nazareta. **40** Mucheche akakura,
akasimba mumweya, akazara nenjere; nenyasha
dzaMwari dzakange dziri pamusoro pake. **41**
Zvino vabereki vake vaienda kuJerusarema makore
ese pamutambo wepasika. **42** Zvino wakati ava
nemakore gumi nemaviri, vakakwira kuJerusarema
zvichienderana netsika yemutambo, **43** vakati vapedza
mazuva, pakudzoka kwavo, mwana Jesu akasara
kuJerusarema, asi Josefa namai vake vasingazvizivi,
**44** asi vaimufungira kuva mune vamwe vevakange
vachifamba navo, vakafamba mufambo wezuva,
vakazomutsvaka pakati pehama nekuvazikanwi. **45** Asi
vakati vasingamuwani, vakadzokera kuJerusarema
vachimutsvaka. **46** Zvino zvakaitika shure kwemazuva
matatu, vakamuwana mutembere, agere pakati
pevadzidzisi, achivateerera, achivabvunza. **47** Vese
vakange vachimunzwa vakashamiswa nekunzwisisa
nemhinduro dzake. **48** Zvino vakati vamuona
vakakatyamara; mai vake vakati kwaari: Mwana,
waitirei zvakadai kwatiri? Tarira, baba vako neni
tanga tichikutsvaka tichirwadziwa. **49** Akati kwavari:
Mainditsvakirei? Manga musingazivi kuti ndinofanira
kuva pazvinhu zvaBaba vangu here? **50** Asi ivo
havana kunzwisisa shoko raakataura kwavari. **51**
Zvino akaburuka navo, akasvika Nazareta; akazviisa
pasi pavo. Asi mai vake vakachengeta mashoko awa
ese mumoyo mavo. **52** Jesu akawedzera panjere
nekukura, nepakudiwa naMwari nevanhu.

**3** Zvino negore regumi nemashanu rekutonga
kwaTibherio Kesari, Pondiyo Pirato ari
mutungamiriri weJudhiya, Herodhe ari umwe
wevatongi vana weGarirea, Firipi munin'ina wake
ari umwe wevatongi vana weIturea nedunhu
reTrakoniti, Risanio ari umwe wevatongi vana
weAbhirene, **2** Anasi naKayafasi vari vapristi
vakuru, shoko raMwari rakasvika kuna Johwani
mwanakomana waZakaria murenje. **3** Akasvika
munyika yese yakapoteredza yaJoridhani, achiparidza
rubhabhatidzo rwekutendeuka kuve kukanganwirwa
kwezvivi; **4** sezvazvakanyorwa mubhuku remashoko
aIsaya muporofita zvichinzi: Inzwi reanodana
murenje richiti: Gadzirai nzira yaIshe; ruramisai
migwagwa yake. **5** Mupata wese uchafusirwa,
negomo rega-rega nechikomo zvichaderedzwa;
zvakakombama zvicharuramiswa, uye makwiringwindi
ave nzira dzakaenzana; **6** uye nyama yese ichaona
ruponeso rwaMwari. **7** Naizvozvo wakati kuzvaunga
zvaibudira kuzobhabhatidzwa naye: Imwi zvizvarwa

zvenyoka, ndiani wakakutaridzirai kutiza hasha
dzinouya? 8 Naizvozvo berekai zvibereko zvakafanira
kutendeuka; uye musatanga kuti mukati menyu: Tina
Abhurahama anova baba; nokuti ndinoti kwamuri:
Mwari anogona kubva pamabwe awa kumutsira
Abhurahama vana. 9 Ikozvino sanhuwo ratoiswa
pamudzi wemiti; naizvozvo muti umwe neumwe
usingabereki chibereko chakanaka unotemerwa pasi,
ugokandirwa mumoto. 10 Zvaunga zvikamubvunza,
zvichiti: Zvino tichaitei? 11 Akapindura akati kwavari:
Ane nguvo refu mbiri, ngaagovane neasina; neane
kudya ngaaite saizvozvo. 12 Zvino kwakauyawo
vateresi kuzobhabhatidzwa, vakati kwaari: Mudzidzisi,
tichaitei? 13 Akati kwavari: Musateresa kupfuura
pamakatemerwa napo. 14 Nemautowo akamubvunza,
achiti: Ko isu tichaitei? Akati kwaari: Musatyityidzira
munhu kana kupomera nhema; uye mugutsikane
nemibairo yenyu. 15 Zvino vanhu vakati vachatarisira,
vese vachirangarira mumoyo mavo pamusoro
paJohwani, kuti zvimwe iye angava Kristu, 16
Johwani akapindura kune vese achiti: Ini zvirokwazvo
ndinokubhabhatidzai nemvura; asi ane simba
kupfuura ini anouya, wandisina kufanira kusunungura
rukanda rweshangu dzake; iye achakubhabhatidzai
neMweya Mutsvene nemoto; 17 werusero rwake
rwuri muruoko rwake; achachenesa kwazvo buriro
rake; uye achaunganidza zviyo mudura rake, asi
hundi achaipisa nemoto usingadzimiki. 18 Naizvozvo
achikurudzira nezvimwe zvinhu zvizhinji, akaparidzira
vanhu evhangeri. 19 Asi Herodhe umwe wevatongi
vana, wakati atsiurwa naye pamusoro paHerodhiasi,
mukadzi waFiripi munin'ina wake, nezvakaipa zvese
Herodhe zvaakange aita, 20 wakawedzerazve
ichi pamusoro pazvo zvese, kuti wakapfigira
Johwani mutirongo. 21 Zvino zvakaitika kuti vanhu
vese vabhabhatidzwa, Jesuwo abhabhatidzwa,
achinyengetera, denga rakazarurwa. 22 Mweya
Mutsvene ndokuburukira pamusoro pake nechimiro
chemuviri sewenjiva, inzwi ndokubva kudenga,
richiti: Iwe uri Mwanakomana wangu anodikanwa,
ndinofara mauri kwazvo. 23 Zvino iye Jesu wakange
achitanga kuva nemakore anenge makumi matatu,
ari (sezvaifungidzirwa) mwanakomana waJosefa,
waHeri, 24 waMatati, waRevhi, waMeriki, waJanai,
waJosefa, 25 waMatatiasi, waAmosi, waNaumi,
waEsiri, waNagai, 26 waMaati, waMatatiasi,
waSimeyi, waJosefa, waJudha, 27 waJohwana,
waResa, waZerubhabheri, waSaratieri, waNeri, 28
waMeriki, waAdhi, waKosamu, waErimodhamu,
waEri, 29 waJose, waEriezeri, waJorimu, waMatati,
waRevhi, 30 waSimioni, waJudha, waJosefa,
waJonanu, waEriakimu, 31 waMerea, waMenani,
waMatata, waNatani, waDhavhidhi, 32 waJese,
waObhedhi, waBhowazi, waSarimoni, waNaashoni,
33 waAminadhabhi, waAramu, waEsiromi, waFaresi,
waJudha, 34 waJakobho, waIsaka, waAbhurahama,
waTera, waNahori, 35 waSerugi, waRagau, waFareki,
waEberi, waSara, 36 waKainani, waArifakisadhi,
waSemu, waNowa, waRameki, 37 waMatusara,
waEnoki, waJaredhi, waMarereeri, waKainani, 38
waEnosi, waSeti, waAdhamu, waMwari.

4 Zvino Jesu azere neMweya Mutsvene wakadzoka
achibva paJoridhani, akatungamirirwa neMweya
kurenje, 2 achiidzwa nadhiabhorosi mazuva makumi
mana. Uye wakange asingadyi chinhu nemazuva
iwayo; zvino akati apera pakupedzisira akazonzwa
nzara. 3 Zvino dhiabhorosi akati kwaari: Kana uri
Mwanakomana waMwari, udza ibwe iri kuti rive
chingwa. 4 Jesu akamupindura, achiti: Kwakanyorwa
kuti: Munhu haangararami nechingwa chete, asi
neshoko rimwe nerimwe raMwari. 5 Dhiabhorosi
ndokumutungamidza pagomo refu, akamuratidza
ushe hwese hwenyika nenguva diki-diki. 6 Dhiabhorosi
ndokuti kwaari: Simba iri rese ndichakupa nekukudzwa
kwahwo, nokuti ndakaripiwa ini, uye ndinoripa
ani nani wandinoda. 7 Naizvozvo iwe kana
ukandinamata pamberi pangu, zvese zvichava
zvako. 8 Jesu akapindura akati kwaari: Ibva shure
kwangu, Satani; nokuti kwakanyorwa kuchinzi:
Uchanamata Ishe, Mwari wako, uye umushumire
iye ega. 9 Akamutungamirira kuJerusarema,
akamuisa pachiruvu chetembere, akati kwaari:
Kana uri Mwanakomana waMwari, zviwisire pasi
uchibva pano; 10 nokuti kwakanyorwa kuchinzi:
Acharaira vatumwa vake pamusoro pako, kuti
vakuchengete; 11 uye: Pamaoko vachakugamha,
zvimwe ungagumbusa rutsoka rwako pabwe. 12 Jesu
achipindura, akati kwaari: Kwakanzi: Usaidza Ishe
Mwari wako. 13 Dhiabhorosi akati apedza muedzo
wese, akabva kwaari kusvikira pane imwe nguva.
14 Zvino Jesu wakadzokera kuGarirea nesimba
reMweya; mukurumbira maererano naye ukabudira
kudunhu rese rakapoteredza. 15 Iye ndokudzidzisa
mumasinagoge avo, achikudzwa nevese. 16
Akasvika paNazareta, paakange arerwa; netsika yake
wakapinda musinagoge nemusi wesabata, akasimuka
kuti averenge. 17 Akapiwa rugwaro rwemuporofita
Isaya. Zvino wakati azarura rugwaro, akawana
nzvimbo pakange pakanyorwa kuti: 18 Mweya waIshe
uri pamusoro pangu, naizvozvo wakandizodza, kuti
ndiparidzire evhangeri kuvarombo; wakandituma

kuti ndiporese vakaputsika pamoyo, kuparidza
kusunungurwa kuna vakatapwa, nekuona kumapofu,
ndisunungure vakatsikiririrwa, **19** kudanidzira gore
rakanaka raIshe. **20** Akapeta rugwaro, akadzosera
kumuranda, akagara pasi; meso avese vaiva
musinagoge akamutarisisa. **21** Zvino akatanga kuti
kwavari: Nhasi rugwaro urwu rwazadziswa munzeve
dzenyu. **22** Vese vakamupupurira, vakashamisika
nemashoko enyasha akabuda mumuromo make,
vakati: Uyu haasi mwanakomana waJosefa here?
**23** Akati kwavari: Zvirokwazvo muchataura kwandiri
dimikira iri: Murapi, zvirape iwe; zvese zvatakanzwa
zvakaitwa paKapenaume, zviitewo muno munyika
yekwako. **24** Iye ndokuti: Zvirokwazvo, ndinoti
kwamuri: Hakuna muporofita anogamuchirwa munyika
yekwake. **25** Asi chokwadi ndinoti kwamuri: Chirikadzi
zhinji dzaivako kuna Israeri pamazuva aEria, apo
denga rakavharwa kwemakore matatu nemwedzi
mitanhatu, zvekuti kwakava nenzara huru panyika
yese; **26** asi Eria haana kutumwa kune umwe
wavo, kunze kwekuSarepita yeSidhoni, kumukadzi
chirikadzi. **27** Uye vane maperembudzi vazhinji
vaivako kuna Israeri panguva yemuporofita Erisha; asi
hakuna umwe wavo wakanatswa, kunze kwaNaamani
muSiriya. **28** Ipapo vese vakange vari musinagoge
vakazara nehasha, vachinzwa zvinhu izvi. **29**
Ndokusimuka, vakamusundidzira kunze kweguta,
vakauya naye kusvika pamawere pegomo, pakange
pakavakwa guta ravo, kuti vamuposhere pasi. **30**
Asi iye wakapfuura nepakati pavo akaenda. **31**
Wakabva aburukira Kapenaume, guta reGarirea;
uye aivadzidzisa nemasabata. **32** Vakashamisika
nedzidziso yake, nokuti shoko rake rakange rine
simba. **33** Zvino musinagoge makange mune
munhu aiva ane mweya wedhimoni retsvina;
ukadanidzira nenzwi guru, **34** ukati: Regai! Tinei
nemwi Jesu muNazareta? Mauya kuzotiparadza here?
Ndinokuzivai kuti ndimwi ani: Mutsvene waMwari. **35**
Zvino Jesu akautsiura, achiti: Nyarara, ubude kwaari!
Dhimoni rakati ramuwisira pakati, rikabuda kwaari,
risina kumukuvadza. **36** Kushamisika kukavasvikira
vese, vakataurirana pachavo, vachiti: Ishoko ripi
iri? Nokuti nesimba nechikuriri anoraira mweya
yetsvina, ikabuda. **37** Mukurumbira maererano naye
ukabuda kunzvimbo dzese dzedunhu rakapoteredza.
**38** Zvino wakasimuka akabuda musinagoge, akapinda
mumba maSimoni; zvino mai vemukadzi waSimoni
vakange vakabatwa nefivhiri huru; vakamukumbirira
kwaari. **39** Zvino akakotamira pamusoro pavo,
akatsiura fivhiri, ikavarega; uye pakarepo vakasimuka
vakavashandira. **40** Zvino zuva rakati rovira, vese vaiva
nevarwere vezvirwere zvakasiyana-siyana vakavauisa
kwaari; akaisa maoko pamusoro peumwe neumwe
wavo akavaporesa. **41** Nemadhimoni akabuda
kuvazhinji, achidanidzira achiti: Imwi muri Kristu
Mwanakomana waMwari. Akaatsiura akasaatendera
kutaura, nokuti akange achiziva kuti ndiKristu. **42**
Zvino kwakati kwaedza, akabuda, akaenda kunzvimbo
yerenje, zvaunga zvikamutsvaka, zvikauya kwaari,
zvikamudzivirira kuti arege kubva kwazviri. **43** Asi
wakati kwavari: Ndinofanira kuparidzira evhangeri
yeushe hwaMwari kumamwe magutawo; nokuti ndizvo
zvandakatumirwa. **44** Akasiparidza mumasinagoge
eGarirea.

**5** Zvino zvakaitika kuti chaunga chakati
chichimumbandidzira kuti vanzwe shoko raMwari,
iye akamira parutivi rwegungwa reGenesareti; **2**
akaona zvikepe zviviri zvimire parutivi rwegungwa;
asi varedzi vakange vabuda mazviri vachisuka
mimbure. **3** Akapinda mune chimwe chezvikepe
chaiva chaSimoni, akakumbira kwaari kuti abve
pavhu zvishoma. Ndokubva agara pasi, akadzidzisa
zvaunga ari muchikepe. **4** Zvino wakati amira kutaura,
akati kuna Simoni: Pinda kwakadzika udzikise
mimbure yenyu kuti ubate. **5** Simoni akapindura, akati
kwaari: Tenzi, tafondoka usiku hwese, tikasabata
chinhu, asi zvamadaro, ndichadzikisa mumbure. **6**
Vakati vaita izvozvi, vakakomba dutu rehove zhinji;
mumbure wavo ukange wobvaruka. **7** Vakaninira
vamwe vavo vakange vari mune chimwe chikepe, kuti
vauye vazovabatsira; vakauya vakazadza zvikepe
zviri zviviri, zvekuti zvakatanga kunyura. **8** Zvino
Simoni Petro wakati achiona, akawira pasi pamabvi
aJesu, achiti: Ibvai kwandiri, Ishe, nokuti ndiri
munhu mutadzi. **9** Nokuti kushamisika kwakange
kwamubata, nevese vakange vanaye, nekubatwa
kwehove dzavakange vabata; **10** saizvozvowo
Jakobho naJohwani, vanakomana vaZebhedhi, vaiva
vadyidzani naSimoni. Jesu ndokuti kuna Simoni:
Usatya, kubva zvino ucharedza vanhu. **11** Zvino, vakati
vaisa zvikepe kunyika, vakasiya zvese vakamutevera.
**12** Zvino zvakaitika, ari kune rimwe remaguta, tarira,
murume azere maperembudzi; wakati achiona
Jesu akawa nechiso, ndokumugombetedza, achiti:
Ishe, kana muchida, munogona kundinatsa. **13**
Ndokubva atandavadza ruoko, akamubata, achiti:
Ndinoda, chinatswa. Pakarepo maperembudzi akabva
kwaari. **14** Iye akamuraira kuti asaudza munhu;
akati: Asi enda unozviratidza kumupristi, ubaire
pakunatswa kwako, Mozisi sezvaakaraira, chive
chapupu kwavari. **15** Asi shoko pamusoro pake

rakanyanya kupararira; zvaunga zvikuru zvikaungana
kuzonzwa, nekuporeswa naye pazvifo zvavo. 16
Asi iye waienda kumarenje achinonyengetera. 17
Zvino zvakaitika nerimwe remazuva, iye paakange
achidzidzisa; zvino VaFarisi nevadzidzisi vemurairo
vakange vagerepo, vaibva kumisha yese yeGarirea
neJudhiya neJerusarema; nesimba raIshe rakange
riripo kuvaporesa. 18 Uye tarira, varume vakange
vakatakura munhu pahwanyanza wakange akafa
mitezo; vakatsvaka kumupinza vaise pamberi pake.
19 Zvino, vakati vachishaiwa pavangamupinza
napo nekuda kwechaunga, vakakwira padenga
peimba, vakamuburusira pasi nemumapfuriro pamwe
nehwanyanza hwake, pakati pamberi paJesu. 20 Iye
wakati aona rutendo rwavo, akati kwaari: Munhu,
zvivi zvako wazvikanganwirwa. 21 Zvino vanyori
neVaFarisi vakatanga kufunga, vachiti: Ndiani uyu
anotaura kunyomba? Ndiani anogona kukanganwira
zvivi, kunze kwaMwari ega? 22 Zvino Jesu paakaziva
mifungo yavo, akapindura, akati kwavari: Munofungei
mumoyo yenyu? 23 Chii chakareruka, kuti: Zvivi zvako
wazviregererwa; kana kuti: Simuka, ufambe? 24 Asi
kuti muzive kuti Mwanakomana wemunhu ane simba
panyika rekuregerera zvivi (akati kune wakange akafa
mitezo): Ndinoti kwauri: Simuka, utore hwanyanza
hwako, uende kumba kwako. 25 Pakarepo akasimuka
pamberi pavo, akatora chaakange arere pachiri,
akaenda kumba kwake, achirumbidza Mwari. 26
Kuvhiringidzika kukabata vese, vakarumbidza Mwari,
vakazadzwa nekutya, vachiti: Taona chisionekwe
nhasi. 27 Zvino shure kwezvinhu izvi wakabuda,
akaona muteresi, wainzi Revhi, agere paimba
yemutero, akati kwaari: Nditevere. 28 Ndokubva
asiya zvese, akasimuka akamutevera. 29 Revhi
ndokumuitira mabiko makuru mumba make; kukavapo
chaunga chikuru chevateresi nevamwe vakange
vagere navo pakudya. 30 Asi vanyori vavo neVaFarisi
vakanyunyutira vadzidzi vake, vachiti: Nemhaka yei
muchidya nekunwa nevateresi nevatadzi? 31 Jesu
achipindura akati kwavari: Vatano havadi murapi,
asi avo vanorwara. 32 Handina kuuya kuzodana
vakarurama, asi vatadzi vauye mukutendeuka. 33
Zvino vakati kwaari: Nemhaka yei vadzidzi vaJohwani
vachitsanya kazhinji, vachiita minyengetero, uye
saizvozvo veVaFarisi, asi venyu vanodya nekunwa?
34 Asi wakati kwavari: Munogona kutsanyisa vana
veimba yemuchato muwani achiri kwavari here? 35 Asi
mazuva achasvika, apo muwani achabviswa kwavari,
ipapo vachatsanya nemazuva iwayo. 36 Akataurawo
mufananidzo kwavari, akati: Hakuna munhu anoisa
chigamba chemucheka mutsva panguvo sharu;
kana zvikasadaro naichowo chitsva chinobvarura,
nechigamba chemucheka mutsva hachipindirani
nesharu. 37 Uye hakuna munhu anodira waini itsva
muhombodo sharu; kana zvikasadaro, waini itsva
ichaparusa hombodo iyo ikateuka, uye hombodo
dzikaparara. 38 Asi waini itsva inofanira kuiswa
muhombodo itsva, zvichengetedzeke zviri zviviri. 39
Uye hakuna munhu anoti anwa waini sharu pakarepo
akashuva itsva; nokuti anoti: Sharu iri nani.

6 Zvino zvakaitika nesabata rechipiri shure
kwerekutanga, achigura nemuminda yezviyo,
vadzidzi vake vatanha hura, vakadya, vachidzipukuta
nemaoko. 2 Asi vamwe veVaFarisi vakati kwavari:
Munoitirei zvisiri pamutemo kuita nemasabata? 3 Zvino
Jesu achivapindura, wakati: Hamuna kuverenga izvo
kunyange Dhavhidhi zvaakaita, paakange ava nenzara
iye nevakange vanaye, 4 kuti wakapinda sei mumba
maMwari, akatora akadya zvingwa zvekuratidza,
akapa nevakange vanaye; izvo zvisiri pamutemo
kudyiwa asi nevapristi vega? 5 Ndokuti kwavari:
Mwanakomana wemunhu ndiIshe wesabatawo. 6
Zvino zvakaitikawo nerimwe sabata kuti wakapinda
musinagoge, akadzidzisa; zvino kwakange kune
munhu ipapo uye ruoko rwake rwerudyi rwakange
rwakawonyana. 7 Vanyori neVaFarisi vakamutarisisa,
kuona kana angaporesa nesabata, kuti vawane
mhosva yavangamupomera. 8 Asi iye wakaziva
mifungo yavo, akati kumunhu wakange ane ruoko
rwakawonyana: Simuka, uende unomira pakati.
Akasimuka akamira. 9 Zvino Jesu akati kwavari:
Ndichakubvunzai chimwe chinhu: Zviri pamutemo
here nemasabata kuita zvakanaka kana kuita
zvakaipa? Kuponesa upenyu kana kuparadza? 10
Zvino akaringa-ringa kwavari vese, akati kumunhu:
Tandavadza ruoko rwako. Akaita saizvozvo. Ruoko
rwake rwukaporeswa ndokugwinya serumwe. 11
Ivo vakazara neupengo; vakataurirana umwe
neumwe, kuti vangamuitei Jesu. 12 Zvino zvakaitika
nemazuva iwayo kuti wakabuda akaenda kugomo
kunonyengetera; agara usiku hwese mukunyengetera
kuna Mwari. 13 Zvino kwakati kwaedza, akadanira
vadzidzi vake kwaari; akasanangura kwavari gumi
nevaviri, vaakatumidzawo kuti vaapositori; 14 Simoni,
waakatumidzawo Petro, naAndiriya munin'ina wake,
Jakobho naJohwani, Firipi naBhatoromiyo, 15
Matewu naTomasi, Jakobho waArifiyosi, naSimoni
wainzi Ziroti; 16 Judhasi waJakobho, naJudhasi
Isikariyoti, wakavawo mutengesi. 17 Akaburuka
navo, akamira panzvimbo pakaenzana, nechaunga
chevadzidzi vake, nechaunga chikuru chevanhu

vaibva Judhiya rese neJerusarema, nepagungwa
reTire neSidhoni, vakauya kuzomunzwa, nekuporeswa
pazvifo zvavo; 18 nevakange vachitambudziwa
nemweya yetsvina, vakaporeswa. 19 Chaunga
chese chikatsvaka kumubata; nokuti kwakabuda
simba kwaari rikaporesa vese. 20 Ndokusimudzira
meso ake kuvadzidzi vake, akati: Makaropafadzwa
varombo, nokuti ushe hwaMwari ndohwenyu. 21
Makaropafadzwa imwi mune nzara zvino, nokuti
muchagutiswa. Makaropafadzwa imwi munochema
ikozvino, nokuti muchaseka. 22 Makaropafadzwa,
kana vanhu vachikuvengai, uye kana vachikusarurai,
vachikunyombai, vachirasa zita renyu serakashata,
nekuda kweMwanakomana wemunhu. 23 Farai
nezuva iro, muuruke nemufaro; nokuti tarirai, mubairo
wenyu mukuru kudenga; nokuti zvakaita madzibaba
avo saizvozvo kuvaporofita. 24 Asi mune nhamo
imwi vakafuma! Nokuti magamuchira nyaradzo
yenyu. 25 Mune nhamo imwi munoguta! Nokuti
muchanzwa nzara. Mune nhamo imwi munoseka
zvino! Nokuti muchachema nekuwungudza. 26 Mune
nhamo kana vanhu vese vachitaura zvakanaka
pamusoro penyu! Nokuti madzibaba avo akaita
saizvozvo kuvaporofita venhema. 27 Asi ndinoti
kwamuri munonzwa: Idai mhandu dzenyu, itai
zvakanaka kune vanokuvengai, 28 ropafadzai
vanokutukai, munyengeterere vanokubatai zvakaipa.
29 Kune anokurova padama, umupe rimwewo;
anokutorera nguvo, usarambidza neshati. 30 Asi upe
umwe neumwe anokumbira kwauri; neanokutorera
zvako, usazvirevazve. 31 Uye sezvamunoda kuti
vanhu vaite kwamuri, imwi muvaitirewo saizvozvo.
32 Uye kana muchida avo vanokudai, mune
kuvongwa kwakadini? Nokuti vatadziwo vanoda
vanovada. 33 Uye kana muchiitira zvakanaka
kune avo vanokuitirai zvakanaka, mune kuvongwa
kwakadini? Nokuti vatadzi vanoitawo izvozvo. 34 Uye
kana muchikweretesa vamunotarisira kugamuchira
kwavari, mune kuvongwa kwakadini? Nokuti vatadzi
vanokweretesawo vatadzi, kuti vagamuchirezve
zvakaenzana nazvo. 35 Asi idai vavengi venyu,
muite zvakanaka, mukweretese musingatarisirizve
chinhu; zvino mubairo wenyu uchava mukuru,
mugova vana veWekumusoro-soro; nokuti iye ane
moyo munyoro kune vasingavongi nevakaipa. 36
Naizvozvo ivai netsitsi, sababa venyuwo vane
tsitsi. 37 Musatonga, uye hamungazotongwi; musapa
mhosva, uye hamungazopiwi mhosva; regererai,
mugoregererwawo. 38 Ipai, nemwi muchapiwa;
chiyero chakanaka, chakatsikirirwa, nekuzunguzirwa,
chinopfachukira vachakupai pachifuva chenyu. Nokuti
nechiyero ichocho chamunoyera nacho muchayerwa
nacho zvekare. 39 Akataura mufananidzo kwavari
akati: Ko bofu ringatungamirira bofu here? Ko
haangawiri mugomba ari maviri here? 40 Mudzidzi
haasi pamusoro pemudzidzisi wake; asi umwe
neumwe kana apedzeredzwa achava semudzidzisi
wake. 41 Uye unotarirei rubanzu rwuri muziso
reumwe wako, asi danda riri muziso rako pachako
haurinanzereri? 42 Kana unogona kureva sei kune
umwe wako, uchiti: Umwe wangu, rega ndibudise
rubanzu rwuri muziso rako, iwe pachako usingaoni
danda riri muziso rako? Iwe munyepedzeri, budisa
pakutanga danda kubva muziso rako, zvino ipapo
uchaona zvakanaka kubudisa rubanzu rwuri muziso
reumwe wako. 43 Nokuti hausi muti wakanaka
unobereka chibereko chakaipa; kana muti wakaipa
unobereka chibereko chakanaka. 44 Nokuti muti
umwe neumwe unozikanwa nechibereko chawo
pachawo. Nokuti paminzwa, havatanhi maonde,
kana parukato kutanha mazambiringa. 45 Munhu
wakanaka kubva pafuma yakanaka yemoyo wake
anobudisa zvakanaka, nemunhu wakaipa kubva
pafuma yakaipa yemoyo wake anobudisa zvakaipa;
nokuti kubva pazvizere mumoyo muromo wake
anotaura. 46 Zvino munondiidzirei Ishe, Ishe,
musingaiti zvinhu zvandinoreva? 47 Ani nani
anouya kwandiri akanzwa mashoko angu akaaita,
ndichakuratidzai kuti wakafanana nani; 48 wakafanana
nemunhu wakavaka imba, akachera akadzikisa,
akateya nheyo paruware; zvino mafashame akati
auya, rukova rukarova zvine simba paimba iyo,
rukasagona kuizunungusa; nokuti yakange yakateyiwa
paruware. 49 Asi anonzwa asingaiti, wakafanana
nemunhu wakavaka imba pavhu isina nheyo; ipo
rukova rwakarova nesimba, pakarepo ikawa, kuwa
kweimba iyo kukava kukuru.

7 Zvino wakati apedza mashoko ake ese munzeve
dzevanhu, akapinda muKapenaume. 2 Zvino
muranda weumwe mukuru wezana, waiva akakosha
kwaari, wakange achirwara, achitandadza. 3 Zvino
wakati anzwa zvaJesu, akatuma kwaari vakuru
veVaJudha, achikumbira kuti auye aporese muranda
wake. 4 Zvino ivo vakati vachisvika kuna Jesu,
vakamukumbirisa zvikuru, vachiti: Wakafanira kuti
mumuitire izvozvi; 5 nokuti anoda rudzi rwedu,
uye ndiye wakativakira sinagoge. 6 Zvino Jesu
akaenda navo. Zvino apo akange asisiri kure neimba,
mukuru wezana akatuma shamwari kwaari, achiti
kwaari: Ishe, musazvitambudza; nokuti handina
kufanira kuti mupinde pasi pedenga reimba yangu;

7 naizvozvo handina kutongofunga ini pachangu
ndakafanira kuuya kwamuri; asi taurai neshoko,
muranda wangu achaporeswa. 8 Nokuti iniwo ndiri
munhu wakaiswa pasi pesimba, ndine mauto pasi
pangu; ndinoti kune uyu: Enda, anoenda; uye
kune umwe: Uya, anouya; nekumuranda wangu:
Ita ichi, achiita. 9 Jesu wakati anzwa zvinhu izvi,
akashamisika naye, akatendeuka, akati kuchaunga
chaimutevera: Ndinoti kwamuri: Handina kuwana
rutendo rukuru rwakadai kunyange pakati paIsraeri.
10 Zvino avo vakange vatumwa vodzokera kumba
vakawana muranda airwara ava mutano. 11 Zvino
zvakaitika zuva raitevera, kuti wakaenda kuguta rainzi
Naini; zvino vazhinji vevadzidzi vake nechaunga
chikuru vakaenda naye. 12 Zvino, wakati achiswedera
pasuwo reguta, zvino tarira, mushakabvu achibudiswa
kunze, mwanakomana umwe wega wamai vake,
uye ivo vaiva chirikadzi; nechaunga chikuru cheguta
chakange chinaye. 13 Zvino Ishe wakati amuona,
akamunzwira tsitsi, akati kwaari: Usachema. 14
Zvino akaswedera akabata hwanyanza; zvino vatakuri
vakamira; akati: Jaya, ndinoti kwauri: Muka! 15
Mushakabvu akamuka ndokugara, akatanga kutaura;
akamupa kuna mai vake. 16 Kutya ndokubata vese;
vakarumbidza Mwari, vachiti: Muporofita mukuru
wamuka pakati pedu; nekuti: Mwari washanyira vanhu
vake. 17 Zvino iri shoko maererano naye rikabudira
muJudhiya rese nenharaunda yese yakapoteredza.
18 Vadzidzi vaJohwani ndokumupira zvezvinhu izvozvi
zvese. 19 Johwani akadanira kwaari vamwe vaviri
vevadzidzi vake, akavatuma kuna Jesu achiti: Imwi
ndimwi anouya here, kana tichakataririra umwe?
20 Zvino varume vakati vasvika kwaari, vakati:
Johwani Mubhabhatidzi watituma kwamuri achiti: Imwi
ndimwi anouya here, kana titaririre umwe? 21 Zvino
munguva iyoyo akaporesa vazhinji pazvifo neurwere,
nepamweya yakaipa; nekumapofu mazhinji akapa
kuona. 22 Zvino Jesu achipindura akati kwavari: Endai
munoudza Johwani zvamakaona nezvamakanzwa;
zvekuti, mapofu anoonazve, vanokamhina vanofamba,
vane maperembudzi vanonatsva, matsi dzinonzwa,
vakafa vanomutswa, varombo vanoparidzirwa
evhangeri. 23 Uye wakaropafadzwa ani nani
asingagumbuswi neni. 24 Zvino vatumwa vaJohwani
vakati vabva, wakatanga kutaura kuzvaunga
pamusoro paJohwani, achiti: Makabudira kurenje
kunoonei? Rutsanga rwunozunungusa nemhepo
here? 25 Asi makange mabuda kunoonei? Munhu
wakapfeka nguvo dzakapfava here? Tarirai, vari
munguvo dzinobwinya, vachirarama zvakanaka, vari
mudzimba dzemadzimambo. 26 Asi makange mabuda
kunoonei? Muporofita here? Hongu, ndinoti kwamuri:
Kunyange anopfuura zvikuru muporofita. 27 Uyu ndiye
wakanyorwa pamusoro pake, zvichinzi: Tarira, ini
ndinotuma mutumwa wangu pamberi pechiso chako,
achagadzira nzira yako pamberi pako. 28 Nokuti ndinoti
kwamuri: Pakati pevakaberekwa nevakadzi, hakuna
muporofita mukuru kuna Johwani Mubhabhatidzi; asi
mudikisa muushe hwaMwari mukuru kwaari. 29 Zvino
vanhu vese nevateresi vakati vachizvinzwa vakati
Mwari wakarurama, zvavakange vabhabhatidzwa
nerubhabhatidzo rwaJohwani. 30 Asi VaFarisi
nenyanzvi dzemutemo vakaramba zano raMwari
vachizvipikisa, vakasabhabhatidzwa naye. 31 Asi Ishe
akati: Zvino vanhu vezera iri ndichavafananidza nei?
Vakafanana nei? 32 Vakafanana nevana vadiki vagere
pamisika vachidanidzirana vachiti: Takakuridzirai
nyere asi hamuna kutamba, takakuririrai asi hamuna
kuchema. 33 Nokuti Johwani Mubhabhatidzi akauya
asingadyi chingwa kana kunwa waini, zvino moti:
Ane dhimoni; 34 Mwanakomana wemunhu wauya
achidya, achinwa, zvino moti: Tarirai munhu wemakaro
nemunwi wewaini, shamwari yevateresi nevatadzi. 35
Asi uchenjeri hunonzi hwakarurama nevana vahwo
vese. 36 Zvino umwe weVaFarisi wakamukumbira kuti
adye naye; akapinda mumba memuFarisi, akagara
pakudya. 37 Zvino tarira, mukadzi muguta iro,
waiva mutadzi, wakati aziva kuti agere pakudya
mumba memuFarisi, akauya nechinu chearibhasiteri
chechizoro. 38 Akamira patsoka dzake mushure
make achichema, akatanga kunyorovesa tsoka
dzake nemisodzi, akapukuta nevhudzi remusoro
wake, ndokutsvoda tsoka dzake ndokudzizodza
nechizoro. 39 Zvino muFarisi wakange amudana
wakati achizviona, akataura mukati make, achiti:
Uyu dai aiva muporofita, angadai aiziva kuti
ndiani, uye ndewakadini mukadzi anomubata, nokuti
mutadzi. 40 Jesu ndokupindura akati kwaari:
Simoni, ndine chekutaura kwauri. Iye ndokuti:
Mudzidzisi, revai. 41 Kwakange kune vakwereti
vaviri kune umwe mukweretesi; umwe wakange
ane chikwereti chamadhenario mazana mashanu,
uye umwe makumi mashanu. 42 Vakati vasina
chekuripisa, akavakanganwira vari vaviri. Naizvozvo
ndeupi wavo, taura, achamuda kupfuura umwe?
43 Simoni akapindura akati: Ndinofunga ndouyo
waakakanganwira kupfuura umwe. Akati kwaari:
Watonga zvakarurama. 44 Zvino akatendeukira
kumukadzi, akati kuna Simoni: Unoona mukadzi
uyu here? Ndapinda mumba mako, mvura yetsoka
dzangu hauna kundipa; asi uyu wanyorevesa tsoka
dzangu nemisodzi, akapusika nevhudzi remusoro

wake. 45 Hauna kunditsvoda, asi iye chinguri
chandapinda, haana kumira kutsvoda tsoka dzangu.
46 Nemafuta musoro wangu hauna kuuzodza; asi
iye wazodza tsoka dzangu nechizoro. 47 Naizvozvo,
ndinoti kwauri: Zvivi zvake zvizhinji zvakanganwirwa,
nokuti wada zvikuru; asi anokanganwirwa zvishoma,
anoda zvishoma. 48 Zvino akati kwaari: Zvivi zvako
zvakanganwirwa. 49 Zvino avo vakange vagere
pakudya naye vakatanga kureva mukati mavo,
vachiti: Ndiani uyu anokanganwirawo zvivi? 50
Akati kumukadzi: Rutendo rwako rwakuponesa; enda
nerugare.

**8** Zvino zvakaitika shure kweizvozvo, kuti iye
wakagura nemuguta nemusha umwe neumwe,
achidanidzira nekuparidza mashoko akanaka eushe
hwaMwari; nevanegumi nevaviri vanaye, 2 nevamwe
vakadzi vakange vaporeswa pamweya yakaipa
neurwere, Maria anonzi Magidharini, maari makabuda
madhimoni manomwe, 3 naJohwana mukadzi waKuza
mutariri waHerodhe, naSusana, nevamwe vazhinji,
vaimubatsira nenhumbi dzavo. 4 Zvino chaunga
chikuru chakati chaungana, uye vaibva kuguta ripi
neripi vachiuya kwaari, akataura nemufananidzo akati:
5 Mukushi wakabuda kunokusha mbeu yake; zvino
pakukusha kwake, imwe yakawira kurutivi rwenzira,
ndokutsikwa netsoka, shiri dzekudenga dzikaidya
dzikaipedza. 6 Uye imwe ikawira paruware; zvino
yakamera, ikawoma, nokuti yakashaiwa unyoro. 7
Neimwe ikawira pakati peminzwa, minzwa ikakura
nayo, ikaivhunga. 8 Uye imwe yakawira muvhu
rakanaka, ikamera, ikabereka zvibereko zvinezana.
Wakati ataura zvinhu izvi, akadanidzira achiti:
Ane nzeve dzekunzwa, ngaanzwe. 9 Vadzidzi
vake ndokumubvunza vachiti: Mufananidzo uyu
ungavei? 10 Ndokubva ati: Kwamuri kwakapiwa
kuziva zvakavanzika zveushe hwaMwari; asi kune
vamwe zviri mumifananidzo, kuti vachiona vasaona;
uye vachinzwa vasanzwisisa. 11 Zvino mufananidzo
ndiwoyu: Mbeu ishoko raMwari. 12 Avo vaparutivi
rwenzira ndivo vanonzwa, ipapo dhiabhorosi anouya
ndokubvisa shoko pamoyo wavo, kuti varege kutenda,
vaponeswe. 13 Nevaparuware ndevaya, vanoti
kana vanzwa, vanogamuchira shoko nemufaro;
asi ava havana mudzi, vanotenda kwenguva,
asi nenguva yemuedzo vanowa. 14 Neyakawira
paminzwa, ndevaya kana vanzwa, zvino vanoenda
ndokuvhungwa nekufunganya nefuma nemafaro
eupenyu, vakasasvitsa zvibereko. 15 Asi iri
muvhu rakanaka, ndevaya vanoti vanzwa shoko,
vanorichengeta mumoyo wakarurama nowakanaka,
vachibereka zvibereko nekutsungirira. 16 Hakuna
munhu anoti kana atungidza mwenje, anoufukidzira
nemudziyo, kana kuisa pasi pemubhedha; asi anouisa
pachigadziko chemwenje, kuti avo vanopinda vaone
chiedza. 17 Nokuti hakuna chakavanzika, chisingazovi
pachena, kana chakavigwa, chisingazozikanwi
nekubuda pachena. 18 Naizvozvo chenjerai, kuti
munonzwa sei; nokuti ani nani anazvo, achapiwa;
asi ani nani asina, achatorerwa kunyange icho
chaanofunga kuti anacho. 19 Zvino kwakauya kwaari
mai nevanin'ina vake, vakasagona kusvika kwaari
nekuda kwechaunga. 20 Akaudzwa nevamwe vakati:
Mai venyu nevanin'ina venyu vamire panze, vanoda
kukuonai. 21 Asi wakapindura akati kwavari: Mai
vangu nevanin'ina vangu ndeava vanonzwa shoko
raMwari vachiriita. 22 Zvino zvakaitika nerimwe
remazuva kuti wakapinda muchikepe iye nevadzidzi
vake, akati kwavari: Ngatiyambukire kune rumwe
rutivi rwegungwa; vakasimuka nechikepe. 23 Zvino
vakati vachienda nechikepe, akarara hope; kukauya
dutu guru remhepo padziva; vakazarirwa nemvura,
vakava munjodzi. 24 Vakaswedera vakamumutsa,
vachiti: Tenzi, tenzi, toparara! Ipapo akamuka,
akatsiura mhepo nemafungu emvura; zvikaguma,
kukava nekudzikama. 25 Ndokubva ati kwavari:
Rutendo rwenyu rwuripi? Asi vachitya vakashamisika,
vakataurirana vachiti: Ko ndeupi uyu, kuti anoraira
kunyange nemhepo nemvura, zvichimuteerera? 26
Zvino vakaenda nechikepe kunyika yeVaGadharini,
yakatarisana neGarirea. 27 Wakati achibudira panyika,
akamuchingamidza umwe murume achibva muguta,
wakange ane madhimoni kwenguva refu, uye
asingapfeki nguvo, asingagari mumba, asi kumarinda.
28 Wakati achiona Jesu, akadanidzira ndokuwira
pasi pamberi pake, akati nenzwi guru: Ndinei
nemwi, Jesu, Mwanakomana waMwari Wekumusoro-
soro? Ndinokukumbirisai, musanditambudza. 29
Nokuti wakange araira mweya wetsvina kuti ubude
kumunhu; nokuti wakange wamubata nguva zhinji uye
waichengetwa akasungwa nemaketani nemabote;
asi akadambura zvisungo, achitinhirwa kumarenje
nedhimoni. 30 Jesu ndokumubvunza achiti: Zita rako
ndiani? Akati: Regiyoni; nokuti madhimoni mazhinji
akange apinda maari. 31 Akamukumbirisa kuti arege
kumaraira kuti aende kugomba risina chigadziko.
(Abyssos g12) 32 Zvino kwakange kuripo ipapo boka
renguruve zhinji dzaifura mugomo; akamukumbirisa
kuti amatendere kupinda madziri. Akamatendera.
33 Zvino madhimoni akabuda kumunhu, akapinda
munguruve; boka ndokupitirikira kumawere richienda
kudziva, rikabitirirwa. 34 Zvino vaidzifudza vachiona

zvaitika, vakatiza, vakaenda kunotaura muguta
nemumaruwa. 35 Zvino vakabuda kunoona zvaitika;
vakasvika kuna Jesu, vakawana munhu, wakange
abuda madhimoni maari agere patsoka dzaJesu,
akapfeka uye akakwana mupfungwa; vakatya. 36
Vakange vazvionawo vakavaudza kuti akaponeswa
sei aiva nemadhimoni. 37 Zvino chaunga chese
chedunhu rakapoteredza VaGadharini chakakumbirisa
kwaari kuti abve kwavari, nokuti vabatwa nekutya
kukuru; akapinda muchikepe, akadzokera. 38
Asi murume wakange abuda madhimoni maari,
wakakumbirisa kwaari kuti ave naye. Asi Jesu
wakamurega achienda, achiti: 39 Dzokera kumba
kwako, unotaura kuti zvikuru sei Mwari zvaaita
kwauri. Akaenda, akaparidza muguta rese kuti zvikuru
sei Jesu zvaakamuitira. 40 Zvino zvakaitika kuti
pakudzoka kwaJesu, chaunga chakamugamuchira;
nokuti vese vakange vakamurindira. 41 Zvino tarira,
kwakasvika murume, zita rake rainzi Jairosi, iye
wakange ari mukuru wesinagoge, ndokuwira patsoka
dzaJesu, akamukumbirisa kuti apinde mumba make;
42 nokuti wakange ane mukunda wakaberekwa umwe
wega wemakore anenge gumi nemaviri, uye iye
wakange achitandadza. Zvino wakati achaenda,
zvaunga zvikamumbandidzira. 43 Uye mukadzi,
waiva nekubuda ropa kwemakore gumi nemaviri,
wakange apedzera zvese zveupenyu hwake kuvarapi,
asingagoni kurapwa kwete neumwe. 44 Akauya
mushure make, akabata mupendero wenguvo yake;
pakarepo kubuda kweropa kwake kukaguma. 45
Jesu ndokuti: Ndiani wandibata? Zvino vese vakati
vachiramba, Petro nevaiva naye vakati: Tenzi,
zvaunga zvinokumbandidzirai nekukutsikirirai zvino
moti: Ndiani wandibata? 46 Asi Jesu wakati: Aripo
wandibata; nokuti ini ndaziva kuti simba rabuda
kwandiri. 47 Zvino mukadzi wakati achiona kuti haana
kuvanzika, akauya achibvunda, akawira pasi pamberi
pake, akarondedzera kwaari pamberi pevanhu
vese kuti wakamubata nechikonzero chipi, uye kuti
wakaporeswa pakarepo sei. 48 Zvino akati kwaari:
Mukunda, tsunga moyo, rutendo rwako rwakuponesa;
enda nerugare. 49 Wakati achataura, kwakauya umwe
achibva kumba kwemukuru wesinagoge, achiti kwaari:
Mukunda wenyu wafa; musatambudza Mudzidzisi.
50 Asi Jesu wakati achinzwa, akamupindura, achiti:
Usatya, tenda chete, uye achaponeswa. 51 Zvino
wakati apinda mumba, haana kutendera munhu
kupinda, kunze kwaPetro, naJakobho, naJohwani,
nababa vemusikana, namai. 52 Uye vese vakachema,
vachimuririra. Asi wakati: Musachema, haana kufa, asi
arere. 53 Vakamuseka nekumhura, vachiziva kuti wafa.
54 Asi wakavabudisira vese panze, akamubata ruoko,
akadanidzira, achiti: Musikana, muka! 55 Mweya wake
ukadzoka, akamuka pakarepo; akaraira kuti apiwe
kudya. 56 Zvino vabereki vake vakavhiringidzika; asi
wakavaraira kuti varege kuudza munhu zvakaitika.

9 Zvino wakadanira pamwe vadzidzi vake gumi
nevaviri, akavapa simba nechikuriri pamusoro
pemadhimoni ese, nekuporesa zvirwere. 2 Akavatuma
kuparidza ushe hwaMwari nekuporesa varwere. 3
Zvino akati kwavari: Musatakura chinhu cherwendo,
kana mudonzvo, kana nhava, kana chingwa, kana
mari; uye musava nenguvo refu mbiri umwe
neumwe. 4 Uye imba ipi neipi yamunopinda
mairi, garaimo, mugobvamo. 5 Uye ani nani
asingakugamuchirii, kana mobuda paguta iro, zuzai
kunyange guruva patsoka dzenyu, huve uchapupu
hunopikisana navo. 6 Zvino vakabva vakaenda
vachigura nemumisha yese, vachiparidza evhangeri,
nekuporesa pese-pese. 7 Zvino Herodhe, umwe
wevatongi vana, wakanzwa zvese zvakaitwa naye;
akakanganisika, nokuti zvairehwa nevamwe kuti
Johwani wakange amuka kubva kuvakafa; 8
nevamwe kuti Eria waonekwa; nevamwe kuti umwe
muporofita wevekare wamuka. 9 Asi Herodhe wakati:
Johwani ndakagura musoro ini; asi ndiani uyu, ini
wandinonzwa zvinhu zvakadai pamusoro pake?
Akatsvaka kumuona. 10 Zvino vaapositori vakati
vadzoka, vakamurondedzera zvese zvavakange
vaita. Akavatora, akaenda navo vari vega kunzvimbo
yerenje reguta rinonzi Bhetisaidha. 11 Zvino zvaunga
zvakati zvazviziva, zvikamutevera; akavagamuchira,
akataura kwavari zveushe hwaMwari, akaporesa
vakange vachida kuporeswa. 12 Zuva raiva rotanga
kuvira; vanegumi nevaviri vakaswedera vakati kwaari:
Regai chaunga chiende, kuti vaende kumisha
nekuruwa rwakapoteredza, vagare, vawane kudya;
nokuti pano patiri panzvimbo yerenje. 13 Asi wakati
kwavari: Vapei imwi ivo kuti vadye. Vakati: Hatina
zvinopfuura zvingwa zvishanu, nehove mbiri, kunze
kwekuti isu taenda kunotengera vanhu ava vese
kudya. 14 Nokuti vaiva varume vanenge zvuru
zvishanu. Akati kuvadzidzi vake: Vagarisei pasi
mumapoka, rimwe nerimwe makumi mashanu. 15
Vakaita saizvozvo, vakavagarisa vese pasi. 16 Zvino
akatora zvingwa zvishanu nehove mbiri, akatarira
kumusoro kudenga, akazviropafadza, akazvimedura,
ndokupa vadzidzi kuti vagadzike pamberi pechaunga.
17 Vakadya, vakaguta vese; kukanongwa zvimedu
zvakasara kwavari, matengu gumi nemaviri. 18
Zvino zvakaitika ari ega achinyengetera, vadzidzi

vakange vanaye; akavabvunza, achiti: Zvaunga
zvinoti ndini ani? **19** Ivo vakapindura vakati:
Johwani Mubhabhatidzi; asi vamwe: Eria; nevamwe
vakati: Umwe muporofita wevekare wamuka. **20**
Akati kwavari: Ko imwi munoti ndini ani? Petro
akapindura akati: Kristu waMwari. **21** Akavayambirisa,
akaraira kuti varege kuudza munhu izvi; **22** achiti:
Mwanakomana wemunhu anofanira kutambudzika
zvikuru, nekurambwa nevakuru nevapristi vakuru
nevanyori, nekuurawa, nekumutswa zuva retatu. **23**
Zvino wakati kune vese: Kana munhu achida kuuya
shure kwangu, ngaazvirambe, atakure muchinjikwa
wake zuva rimwe nerimwe, anditevere. **24** Nokuti ani
nani anoda kuponesa upenyu hwake, acharasikirwa
nahwo; asi ani nani anorasikirwa neupenyu hwake
nekuda kwangu, iye achahuponesa. **25** Nokuti
munhu angabatsirwa nei, kana akawana nyika
yese, asi iye pachake azvitadzire kana kurasikirwa?
**26** Nokuti ani nani anonyara pamusoro pangu
nepamashoko angu, Mwanakomana wemunhu
achanyara pamusoro pake paanouya mukubwinya
kwake nekwaBaba nekwevatumwa vatsvene. **27** Asi
ndinokuudzai zvechokwadi: Varipo vamwe vevamire
pano vasingazoraviri rufu, kusvikira vaona ushe
hwaMwari. **28** Zvino zvakaitika mazuva anenge
masere mushure memashoko awa, kuti wakatora
Petro naJohwani naJakobho, akakwira mugomo
kunonyengetera. **29** Zvino zvakaitika mukunyengetera
kwake, chimiro chechiso chake chikashanduka, uye
nguvo yake ikachena, ikapenya. **30** Zvino tarira,
varume vaviri vakataura naye, vaiva Mozisi naEria. **31**
Vakaonekwa mukubwinya, vakataura zvekubva kwake
kwaakange achinopedzisa paJerusarema. **32** Asi
Petro nevaiva naye vakange varemerwa nehope; asi
vakati vapepuka, vakaona kubwinya kwake, nevarume
vaviri vaiva vamire naye. **33** Zvino zvakaitika pakubva
kwavo paari, Petro akati kuna Jesu: Tenzi, zvakanaka
kuti tive pano; zvino ngatiite matende matatu, rimwe
renyu, nerimwe raMozisi, nerimwe raEria, asingazivi
zvaanoreva. **34** Wakati achitaura izvi, kwakauya gore
rikavadzikatira; vakatya pakupinda kwavo mugore.
**35** Zvino kwakabuda inzwi mugore, richiti: Uyu
Mwanakomana wangu anodikanwa; inzwai iye. **36**
Zvino inzwi rakati raitika, Jesu akawanikwa ari ega.
Asi ivo vakanyarara, vakasaudza munhu mumazuva
iwayo chimwe chezvinhu zvavakange vaona. **37** Zvino
zvakaitika kuti nezuva raitevera, vaburuka mugomo,
chaunga chikuru chikamuchingamidza. **38** Zvino
tarira, murume muchaunga wakadanidzira, achiti:
Mudzidzisi, ndinokukumbirisai, tarirai mwanakomana
wangu nokuti ndiye wakaberekwa umwe wega
wangu; **39** zvino tarirai, mweya unomubata, pakarepo
woridza mhere, uye unomugwinhisa achipupuma furo,
unorema kubva paari, asi uchimusvuura. **40** Zvino
ndakakumbirisa vadzidzi venyu kuti vaubudise, asi
vakasagona. **41** Jesu achipindura akati: Haiwa zera
risina rutendo rakatsauka, ndichava nemwi kusvikira
rinhi, ndichikuitirai moyo murefu? Uisa mwanakomana
wako pano. **42** Zvino wakati achaswedera,
dhimoni rikamudambura, rikamugwinhisa zvikuru;
asi Jesu akatsiura mweya wetsvina, akaporesa
mwana, akamudzosera kuna baba vake. **43** Vese
ndokushamiswa zvikuru neukuru hwaMwari. Zvino
vese vachakashamisika nezvese Jesu zvaakaita,
akati kuvadzidzi vake: **44** Imwi isai mashoko awa
munzeve dzenyu: Nokuti Mwanakomana wemunhu
achakumikidzwa mumaoko evanhu. **45** Asi havana
kuziva chirevo ichi, uye chakange chakavanzika
kwavari, kuti vasachinzwisisa; vakatya kumubvunza
pamusoro pechirevo ichi. **46** Zvino kwakamuka nharo
pakati pavo, kuti ndiani angava mukurusa kwavari. **47**
Asi Jesu wakati achiona kufunga kwemoyo wavo,
akatora mucheche, akamuisa parutivi rwake, **48**
akati kwavari: Ani nani anogamuchira mucheche
uyu muzita rangu, anogamuchira ini, uye ani nani
anogamuchira ini anogamuchira wakandituma; nokuti
mudikisa pakati penyu mese, ndiye achava mukuru.
**49** Johwani akapindura akati: Tenzi, taona umwe
achibudisa madhimoni muzita renyu, tikamudzivisa,
nokuti haateverani nesu. **50** Asi Jesu akati kwaari:
Musamudzivisa, nokuti uyo asingatipikisi, ndewedu.
**51** Zvino zvakaitika pakupera kwemazuva ekukwidzwa
kwake, kuti iye akarinzira chiso chake kuenda
kuJerusarema, **52** akatuma vatumwa pamberi pechiso
chake; vakaenda, vakapinda mumusha weVaSamaria,
kunomugadzirira. **53** Asi havana kumugamuchira,
nokuti chiso chake chaienda kuJerusarema. **54** Zvino
vadzidzi vake, Jakobho naJohwani, vakati vachizviona
vakati: Ishe, munoda kuti tiraire moto uburuke
kubva kudenga, uvapedze, Eria sezvaakaitawo
here? **55** Asi wakatendeuka akavatsiura akati:
Hamuzivi kuti imwi muri vemweya wakadii. **56** Nokuti
Mwanakomana wemunhu haana kuuya kuzoparadza
upenyu hwevanhu asi kuhuponesa. Ndokuenda
kune umwe musha. **57** Zvino zvakaitika vachifamba
munzira, umwe wakati kwaari: Ishe, ndichakuteverai
kupi zvako kwamunoenda. **58** Jesu akati kwaari:
Makava ane mwena, neshiri dzedenga matendere;
asi Mwanakomana wemunhu haana paanotsamhidza
musoro. **59** Akati kune umwe: Nditevere. Asi iye
akati: Ishe, nditenderei ndiende kunoviga baba vangu
pakutanga. **60** Asi Jesu wakati kwaari: Rega vakafa

vavige vakafa vavo; asi iwe enda unoparidza ushe
hwaMwari. 61 Umwezve akati: Ndichakuteverai Ishe,
asi nditenderei kutanga kuti ndinovawoneka ivo vari
mumba mangu. 62 Asi Jesu akati kwaari: Hakuna
ungati kana aisa ruoko rwake pagejo, akacheukira
kuzvinhu zviri shure, wakafanira ushe hwaMwari.

**10** Shure kwezvinhu izvi, Ishe akagadza vamwe
makumi manomwewo, akavatuma vaviri vaviri
pamberi pechiso chake muguta rimwe nerimwe
nenzvimbo imwe neimwe iye kwaakange achizoenda.
2 Naizvozvo wakati kwavari: Goho zvirokwazvo iguru,
asi vashandi vashoma. Naizvozvo kumbirai Ishe
wegoho kuti abudisire vashandi pagoho rake. 3
Endai; tarirai, ini ndinokutumai semakwayana pakati
pemapumhi. 4 Musatakura chikwama, kana nhava,
kana manyatera; uye musakwazisa munhu panzira.
5 Zvino paimba ipi neipi yamunopinda, tangai kuti:
Rugare kuimba ino. 6 Uye kana mwanakomana
werugare ari ipapo, rugare rwenyu ruchazorora
pamusoro payo; kana zvisakadaro, ruchadzokera
kwamuri. 7 Garai muimba iyo, muchidya nekunwa
zvinobva kwavari; nokuti mushandi wakafanirwa
nemubairo wake; musapota-pota nedzimba. 8 Muguta
ripi neripi mamunopinda vakakugamuchirai, idyai
zvinoiswa mberi kwenyu, 9 muporese varwere
varimo, muchiti kwavari: Ushe hwaMwari hwaswedera
kwamuri. 10 Asi muguta ripi neripi ramunopinda,
vakasakugamuchirayi, budirai munzira dzaro, muti:
11 Kunyange guruva reguta renyu rakatinamatira,
tinorikuhumurira kwamuri; asi muzive chinhu ichi,
kuti ushe hwaMwari hwaswedera kwamuri. 12
Asi ndinoti kwamuri: Zvichava nani kuSodhoma
nezuva iro, kupfuura guta iro. 13 Une nhamo,
Korazini! Une nhamo, Bhetisaidha! Nokuti dai akaitwa
muTire neSidhoni mabasa esimba akaitwa mamuri,
vangadai vatendeuka kare, vakagara vakapfeka
masaga nedota. 14 Asi zvichava nani kuTire
neSidhoni pakutongwa, kupfuura imwi. 15 Newe
Kapenaume, wakasimudzirwa kudenga, uchawisirwa
pasi kuhadhesi. **(Hadēs g86)** 16 Anokunzwai imwi
anondinzwa ini; neanokurambai imwi anondiramba
ini; neanondiramba ini anomuramba wakandituma. 17
Vanemakumi manomwe vakadzoka nemufaro, vachiti:
Ishe, nemadhimoni anozviisa pasi pedu muzita renyu.
18 Zvino akati kwavari: Ndakaona Satani semheni
achiwa achibva kudenga. 19 Tarirai, ndinopa kwamuri
simba rekutsika pamusoro penyoka nezvinyavada,
nepamusoro pesimba rese remuvengi; hakuna chinhu
chingatongokukuvadzai. 20 Asi musafara nechinhu ichi
kuti mweya inozviisa pasi penyu; asi zvikuru mufare
kuti mazita enyu akanyorwa kumatenga. 21 Neawa iro
Jesu wakafara mumweya, akati: Ndinokuvongai, Baba,
Ishe wekudenga nenyika, kuti makavanza zvinhu izvi
kune vakachenjera nevanonzwisisa, mukazvizarurira
vacheche; hongu, Baba, nokuti saizvozvo zvakava
zvakanaka pamberi penyu. 22 Zvese zvakakumikidzwa
kwandiri naBaba vangu; uye hakuna anoziva
kuti Mwanakomana ndiani, kunze kwaBaba, uye
kuti Baba ndiani, kunze kweMwanakomana, uye
ani nani Mwanakomana waanoda kuzarurira. 23
Zvino akatendeukira kuvadzidzi vari vega akati:
Akaropafadzwa meso anoona zvamunoona. 24 Nokuti
ndinoti kwamuri: Vaporofita vazhinji nemadzimambo
vaishuva kuona zvinhu zvamunoona imwi, asi havana
kuzviona, nekunzwa zvinhu zvamunonzwa, asi havana
kuzvinzwa. 25 Zvino tarira, imwe nyanzvi yemutemo
yakasimuka, ichimuidza, ichiti: Mudzidzisi, ndingaitei
kuti ndigare nhaka yeupenyu husingaperi? **(aiōnios
g166)** 26 Ndokuti kwaari: Pamurairo pakanyorwei?
Unoverenga sei? 27 Uye achipindura, akati: Ude
Ishe Mwari wako, nemoyo wako wese, uye nemweya
wako wese, uye nesimba rako rese, uye nefungwa
dzako dzese; neumwe wako sezvaunozvida iwe.
28 Akati kwaari: Wapindura zvakarurama; ita izvi,
ugorarama. 29 Iye, achida kuzviruramisa, wakati
kuna Jesu: Zvino ndiani umwe wangu? 30 Jesu
akapindura akati: Umwe munhu wakaburuka kubva
kuJerusarema achienda kuJeriko; akawira pakati
pemakororo, akamukururawo akamupa mavanga
akaenda, ndokusiya oda kufa. 31 Zvakangoitikawo
kuti umwe mupristi wakange achiburuka nenzira iyo;
akati achimuona, akapfuura neparutivi rwakapesa.
32 Saizvozvowo muRevhi asvika panzvimbo iyo,
akamuona, akapfuura neparutivi rwakapesa. 33
Zvino umwe muSamaria, wakange achifamba
wakasvika paaiva, akati achimuona akanzwa
tsitsi, 34 akaswedera ndokupomba mavanga ake,
achidira mafuta newaini; akamugadza pachipfuwo
chake pachake, ndokumuisa kuimba yevafambi,
ndokumuchengeta. 35 Zvino pamangwana oenda,
wakabudisa madhenario maviri akapa kumwene
weimba, akati kwaari: Muchengete; uye zvese
zvaunoshandisa kupfuura izvi, ini ndichakupazve,
kana ndichidzoka. 36 Naizvozvo ndeupi wevatatu
ava waunofunga kuti waiva umwe waiye wakawira
pakati pemakororo? 37 Akati: Ndiye wakamuitira
tsitsi. Ipapo Jesu akati kwaari: Enda, newe unoita
saizvozvo. 38 Zvino zvakaitika pakufamba kwavo, kuti
iye wakapinda mune umwe musha; umwe mukadzi
wainzi Marita akamugamuchira mumba make. 39
Uye iye wakange ane munin'inawo wainzi Maria,

wakagarawo pamakumbo aJesu, akanzwa shoko
rake. 40 Asi Marita wakange akabatikana kwazvo
nekushanda kukuru, akaswedera akati: Ishe, hamuna
hanya here nokuti munin'ina wangu wandisiya ndega
ndichishanda? Naizvozvo muudzei kuti andibatsire.
41 Jesu akapindura akati kwaari: Marita, Marita,
unozvidya moyo nekutambudzika nezvinhu zvizhinji;
42 asi chinhu chimwe chinodikanwa; asi Maria
wasanangura mugove wakanaka, waasingazotorerwi.

11 Zvino zvakaitika achinyengetera pane imwe
nzvimbo, apo amira, umwe wevadzidzi vake
akati kwaari: Ishe, tidzidzisei kunyengetera, Johwani
sezvaakadzidzisawo vadzidzi vake. 2 Ndokuti
kwavari: Kana muchinyengetera, muti: Baba vedu
vari kumatenga, zita renyu ngariitwe dzvene.
Ushe hwenyu ngahuuye. Chido chenyu ngachiitwe,
panyikawo sezvachinoitwa kudenga. 3 Mutipei zuva
rimwe nerimwe kudya kwedu kwemazuva ese.
4 Uye mutikanganwire zvivi zvedu, nokuti isuwo
tinokanganwira ani nani ane ngava kwatiri. Uye
musatipinza pakuedzwa, asi mutisunungure pakuipa.
5 Akati kwavari: Ndeupi wenyu ane shamwari,
uye anoenda kwaari pakati peusiku, akati kwaari:
Shamwari, ndikwerete zvingwa zvitatu, 6 nokuti
shamwari yangu yasvika kwandiri ichibva parwendo,
asi handina chinhu chandingamuperekera; 7 uye uyo
ari mukati akapindura akati: Usandinetsa; ikozvino
mukova wapfigwa, nevana vangu vadiki vaneni
pamubhedha; handigoni kumuka ndikakupa. 8 Ndinoti
kwamuri: Kunyange akasamuka akamupa, nekuda
kwekuva shamwari yake, asi nekuda kwekutsungirira
kwake achamuka akamupa zvese zvaanoshaiwa.
9 Zvino ini ndinoti kwamuri: Kumbirai, muchapiwa;
tsvakai, muchawana; gogodzai, muchazarurirwa. 10
Nokuti wese anokumbira anogamuchira; neanotsvaka
anowana; neanogogodza anozarurirwa. 11 Kuti
ndeupi wenyu ari baba, kana mwanakomana
achikumbira chingwa, angazomupa ibwe? Kanawo
hove, angazomupa nyoka panzvimbo yehove here? 12
Kanawo kuti akakumbira zai, angazomupa chinyavada
here? 13 Naizvozvo kana imwi makaipa muchiziva
kupa zvipo zvakanaka vana venyu, Baba vari kudenga
vachapa zvikuru sei Mweya Mutsvene vanovakumbira.
14 Zvino wakange achibudisa dhimoni iro raiva
chimumumu. Zvino zvakaitika kuti dhimoni rabuda,
chimumumu chikataura; zvaunga zvikashamisika.
15 Asi vamwe vavo vakati: Anobudisa madhimoni
naBheerizebhuri mukuru wemadhimoni. 16 Uye
vamwe vachiidza, vakatsvaka kwaari chiratidzo
chinobva kudenga. 17 Asi iye achiziva mifungo
yavo wakati kwavari: Ushe hwese hunopesana
huchizvipikisa hunoparadzwa; neimba inopikisana
neimba inowa. 18 Kana Sataniwo achipesana
achizvipikisa, ushe hwake hungazomira sei? Nokuti
munoti, ndinobudisa madhimoni naBheerizebhuri. 19
Asi kana ini ndichibudisa madhimoni naBheerizebhuri,
vanakomana venyu vanobudisa nani? Naizvozvo ivo
vachava vatongi venyu. 20 Asi kana ndichibudisa
madhimoni nemunwe waMwari, naizvozvo ushe
hwaMwari hwasvika kwamuri. 21 Kana chikakarara
chashonga zvombo chichirinda chivanze chacho,
nhumbi dzacho dziri murugare; 22 asi kana
wakasimba kuchipfuura akachirwisa, akachikunda,
anotora nhumbi dzacho dzese dzekurwa dzachange
chichivimba nadzo, ndokugovera zvaapamba zvacho.
23 Asina ini anopesana neni; neasingaunganidzi
neni anoparadzira. 24 Kana mweya wetsvina
wabuda mumunhu, unofamba uchigura nemunzvimbo
dzakawoma, uchitsvaka zororo; asi uchishaiwa
unoti: Ndichadzokera kuimba yangu kwandakabuda.
25 Zvino kana wasvika unowana yatsvairwa
nekurongedzwa. 26 Ipapo unoenda ndokutora
pamwe naye imwe mweya minomwe yakaipa
kuupfuura, ndokupinda ndokugaramo; uye kuguma
kwemunhu uyo kwakaipa kupfuura kutanga. 27
Zvino zvakaitika pakutaura kwake zvinhu izvozvi,
umwe mukadzi pakati pechaunga akasimudza inzwi,
akati kwaari: Rakaropafadzwa dumbu rakakutakurai,
nemazamu amakayamwa. 28 Asi iye akati: Hongu,
asi zvikuru vakaropafadzwa vanonzwa shoko raMwari
vachirichengeta. 29 Zvino kwakati kwaungana
zvaunga zvakatsikirirana, akatanga kuti: Zera iri
rakaipa; rinotsvaka chiratidzo, asi hakuna chiratidzo
chichapiwa kwariri, kunze kwechiratidzo chaJona
muporofita. 30 Nokuti Jona sezvaakava chiratidzo
kuVaNinivhi, saizvozvowo zvichaita Mwanakomana
wemunhu kuzera iri. 31 Mambokadzi wechamhembe
achasimuka pakutongwa pamwe nevarume vezera
iri akavapa mhosva; nokuti wakabva pamigumo
yenyika kuzonzwa uchenjeri hwaSoromoni, zvino
tarirai, mukuru kuna Soromoni ari pano. 32 Varume
veNinivhi vachasimuka pakutonga nezera iri, vakaripa
mhosva, nokuti vakatendeuka pakuparidza kwaJona;
zvino tarira, mukuru kuna Jona ari pano. 33
Hakuna munhu anoti kana atungidza mwenje anoisa
pakavanda, kana pasi pedengu, asi pachigadziko
chemwenje, kuti avo vanopinda vaone chiedza. 34
Mwenje wemuviri iziso; naizvozvo kana ziso rako
riri benyu, muviri wakowo wese uzere nechiedza;
asi kana rakaipa, muviri wakowo une rima. 35
Naizvozvo chenjera kuti chiedza chiri mukati mako

chisava rima. 36 Naizvozvo kana muviri wako
wese uzere nechiedza, pasina rumwe rutivi rwune
rima, uchazara nechiedza wese, sepaya mwenje
uchikuvhenekera nekupenya. 37 Wakati achitaura,
umwe muFarisi akamukumbira kuti adye naye;
akapinda, akagara pakudya. 38 Zvino muFarisi wakati
achiona, akashamisika kuti wakange asina kutanga
ashamba asati adya chisvusvuro. 39 Ishe ndokuti
kwaari: Ikozvino imwi VaFarisi mononatsa kunze
kwemukombe nekwendiro, asi mukati menyu muzere
neupambi neuipi. 40 Imwi mapenzi, heya wakaita
kunze, haana kuita mukatiwo? 41 Asi ipai sechipo
kuvarombo izvo zvinhu zvemukati; zvino tarirai, zvese
zvichava zvakachena kwamuri. 42 Asi mune nhamo
VaFarisi! Nokuti munopa chegumi cheminte neruyi
nemiriwo yese, uye muchidarika mutongo nerudo
rwaMwari; maifanira kuita izvi, nekusarega zvimwe.
43 Mune nhamo VaFarisi! Nokuti munoda zvigaro
zvepamusoro mumasinagoge, nekwaziso pamisika.
44 Mune nhamo, vanyori neVaFarisi, vanyepedzeri!
Nokuti makafanana nemarinda asingaonekwi, uye
vanhu vanofamba pamusoro pawo vasingazivi. 45
Zvino umwe wenyanzvi dzemutemo wakapindura akati
kwaari: Mudzidzisi, kana muchitaura izvi munotuka
isuwo. 46 Asi akati: Mune nhamowo imwi nyanzvi
dzemutemo! Nokuti munoremedza vanhu nemitoro
inorema kutakurwa, asi imwi momene hamubati
mitoro iyi neumwe weminwe yenyu. 47 Mune nhamo!
Nokuti munovaka marinda evaporofita, uye madzibaba
enyu akavauraya. 48 Naizvozvo munopupura kuti
munotenderana nemabasa emadzibaba enyu; nokuti
ivo vakavauraya zvirokwazvo, imwiwo munovaka
marinda avo. 49 Naizvozvo uchenjeri hwaMwari
hunotiwo: Ndichavatumira vaporofita nevaapositori,
vamwe vavo vachauraya nekushusha; 50 kuti ropa
revaporofita vese rakateurwa kubva pakuvambwa
kwenyika ritsvakwe pazera iri, 51 kubva paropa
raAberi kusvikira paropa raZakaria wakaparara
pakati pearitari neimba yaMwari; hongu, ndinoti
kwamuri: Richatsvakwa pazera iri. 52 Mune
nhamo, nyanzvi dzemutemo! Nokuti makabvisa kiyi
yeruzivo; hamuna kupinda momene, nevaipinda
makavadzivirira. 53 Wakati achitaura zvinhu izvi
kwavari, vanyori neVaFarisi vakatanga kuita daka naye
zvikurusa, nekumubvunzisisa pamusoro pezvizhinji,
54 vachimuteya, nekutsvaka kubata chinhu chinobuda
mumuromo make, vagomupa mhosva.

12 Zvichakadaro makumi ezvuru zvechaunga akati
aungana, zvekuti vaitsikana, akatanga kutaura
kuvadzidzi vake pakutanga achiti: Imwi chenjerai
mbiriso yeVaFarisi, inova unyepedzeri. 2 Uye
hakuna chinhu chakafukidzwa, chisingazopenengurwi,
nechakavigwa, chisingazozikanwi. 3 Naizvozvo zvese
zvamakataura murima zvichanzwikwa muchiedza;
neizvo zvamakataura munzeve mudzimba dzemukati
zvichaparidzwa pamusoro pematenga edzimba. 4
Uye ndinoti kwamuri shamwari dzangu: Musatya
vanouraya muviri, asi shure kweizvozvo vasingazogoni
kuita chimwe chinhu. 5 Asi ndichakuratidzai
wamunofanira kutya: Ityai iye anoti shure kwekuuraya
ane simba rekukanda mugehena; hongu, ndinoti
kwamuri: Ityai iye. **(Geenna g1067)** 6 Ko tushiri
tushanu hatutengeswi nemakobiri maviri here?
Hakuna kamwe kadzo kanokanganikwa pamberi
paMwari. 7 Asi kunyange nevhudzi remusoro
wenyu rakaverengwa rese. Musatya naizvozvo,
munopfuura tushiri tuzhinji. 8 Ndinotiwo kwamuri:
Umwe neumwe anondibvuma pamberi pevanhu,
Mwanakomana wemunhu achamubvumawo pamberi
pevatumwa vaMwari; 9 asi anondiramba pamberi
pevanhu, acharambwa pamberi pevatumwa vaMwari.
10 Uye umwe neumwe anoreva shoko achipikisa
Mwanakomana wemunhu, achakanganwirwa; asi uyo
anonyomba Mweya Mutsvene haazokanganwirwi.
11 Kana vachikuisai kumasinagoge nevatongi
nevane simba, musafunganya kuti muchapindura
sei kana chii, kana muchataurei; 12 nokuti Mweya
Mutsvene achakudzidzisai neawa iro zvamunofanira
kutaura. 13 Zvino umwe wechaunga wakati kwaari:
Mudzidzisi, udzai mwanakomana wamai vangu
agovane nhaka neni. 14 Asi wakati kwaari: Iwe
munhu, ndiani wakandigadza kuva mutongi kana
mugoveri pamusoro penyu? 15 Akati kwavari:
Ngwarirai muchenjerere ruchiva, nokuti upenyu
hwemunhu hahusi mukuwanda kwezvinhu zvaanazvo.
16 Akataura mufananidzo kwavari, achiti: Munda
weumwe munhu mufumi wakabereka kwazvo; 17
akafunga mukati make, achiti: Ndichaitei? Nokuti
handina nzvimbo pandingaunganidzira zvibereko
zvangu. 18 Ndokuti: Ndichaita izvi: Ndichaputsa matura
angu, ndivake makuru, ndiunganidzire zvirimwa
zvangu zvese ipapo, nenhumbi dzangu, 19 ndigoti
kumweya wangu: Mweya, une zvinhu zvakawanda
zvakanaka, zvakachengeterwa makore mazhinji;
zorora, idya, inwa, fara. 20 Asi Mwari akati kwaari:
Dununu, usiku huno mweya wako uchadikanwa kubva
kwauri; ko izvo zvawagadzirira, zvichava zvaani? 21
Zvakadaro kune anozviunganidzira fuma, asi asina
kufuma kuna Mwari. 22 Zvino wakati kuvadzidzi vake:
Naizvozvo ndinoti kwamuri: Musafunganya pamusoro
peupenyu hwenyu, kuti muchadyei; kana muviri, kuti

muchapfekei. 23 Upenyu hunopfuura kudya, nemuviri
zvipfeko. 24 Fungai makunguvo, kuti haadzvari,
kana kukohwa, haana tsapi kana dura; asi Mwari
anoafunda. Imwi munokunda zvikuru sei shiri? 25
Ndiani kwamuri nekufunganya angagona kuwedzera
mbimbi imwe paurefu hwake? 26 Naizvozvo kana
musingagoni kuita chinhu chidikisa, munofunganyirei
pamusoro pezvimwe? 27 Fungai midovatova, kuti
inokura sei; haishingairi, hairuki; asi ndinoti kwamuri:
NaSoromoni mukubwinya kwake kwese, haana
kupfekedzwa seumwe wayo. 28 Zvino kana Mwari
achipfekedza saizvozvo uswa huri panyika nhasi,
mangwana hwokandirwa muchoto, uchakupfekedzai
nekupfuurisa sei, imwi verutendo rudiki? 29 Zvino imwi
musatsvaka zvamuchadya kana zvamuchamwa; uye
musazvidya moyo. 30 Nokuti zvinhu izvi zvese marudzi
enyika anozvitsvaka; asi Baba venyu vanoziva kuti
munoshaiwa izvozvi. 31 Asi tsvakai ushe hwaMwari,
naizvozvi zvese zvichawedzerwa kwamuri. 32 Musatya
boka diki; nokuti Baba venyu vanofara kukupai
ushe. 33 Tengesai izvo zvamunazvo mupe varombo
zvipo. Muzviitire zvikwama zvisingashakari, fuma
kumatenga isingaperi, pasina mbavha ingasvika
kana zvifusi zvingaodza. 34 Nokuti pane fuma
yenyu, ndipo pachavawo nemoyo wenyu. 35
Zviuno zvenyu ngazvigare zvakasungwa, nemwenje
ichipfuta. 36 Nemwi muve sevanhu vakarindira
ishe wavo, pakudzoka kwake kumuchato, kuti kana
achisvika akagogodza, vangamuzarurira pakarepo.
37 Vakaropafadzwa varanda avo, vanoti kana
ishe achisvika anovawana vakarindira; zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Achazvisunga, akavagarisa pakudya,
akaswedera akavashandira. 38 Kana akasvika
nenguva yekurindira yechipiri, kana kusvika
nenguva yekurindira yechitatu, akawana vakadaro,
vakaropafadzwa varanda ivavo. 39 Asi muzive
izvi, kuti dai mwene weimba aiziva nderipi awa
mbavha rainouya, angadai akarinda, akasatendera
imba yake kuti ipazwe. 40 Naizvozvo imwiwo ivai
makazvigadzirira; nokuti neawa ramusingafungiri
Mwanakomana wemunhu anouya. 41 Petro ndokuti
kwaari: Ishe, munoutaura mufananidzo uyu kwatiri,
kana kune vesewo? 42 Ishe ndokuti: Ko ndiani
zvino mutariri wakatendeka uye wakachenjera,
ishe waachagadza pamusoro pevaranda vake, kuti
ape mugove wekudya nenguva yakafanira? 43
Wakaropafadzwa muranda uyo, unoti kana ishe wake
achisvika, amuwane achiita saizvozvo. 44 Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Achamugadza pamusoro pezvese
zvaanazvo. 45 Asi kana muranda uyo akati mumoyo
make: Ishe wangu wanonoka kuuya; akatanga kurova
varandarume nevarandakadzi, nekudya, nekunwa,
nekuraradza; 46 ishe wemuranda uyo achasvika
pazuva raasingatarisiri, uye paawa raasingazivi,
akamugura nepakati, akagura mugove wake
pamwe nevasakatendeka. 47 Muranda uyo waiziva
chido chaishe wake, akasagadzirira, kana kuita
zvinoenderana nechido chake, acharohwa neshamhu
zhinji. 48 Asi wakange asingazivi, akaita zvakafanira
kurohwa, acharohwa neshamhu shoma. Uye wese
wakapiwa zvizhinji, zvizhinji zvichatsvakwa kwaari;
neanobatiswa zvizhinji, vachareva zvinopfuurisa
kwaari. 49 Ndakauya kuzokanda moto panyika,
zvino ndichadei kana watobatidzwa? 50 Asi ndine
rubhabhatidzo rwandichabhabhatidzwa narwo, zvino
ndinomanikidzwa sei kusvikira rwuchipedziswa.
51 Munofunga kuti ndakauya kuzopa rugare
panyika here? Kwete, ndinoti kwamuri, asi
kutozopesanisa. 52 Nokuti kubva zvino vashanu
muimba imwe vachapesana, vatatu vachipikisana
nevaviri, uye vaviri vachipikisana nevatatu, 53
vachapesana, baba vachipikisana nemwanakomana,
nemwanakomana achipikisana nababa; mai
vachipikisana nemukunda, nemukunda achipikisana
namai; vamwene vachipikisana nemuroora wavo,
nemuroora achipikisana navamwene vake. 54
Akatiwo kuzvaunga: Kana muchiona gore richisimuka
kubva kumavirira, pakarepo munoti: Mvura inouya;
zvodaro. 55 Uye kana muchiona mhepo
yechamhembe ichivhuvhuta munoti: Kuchapisa;
zvoitika. 56 Vanyepedzeri! Munoziva kuongorora
zvimiro zvekudenga nezvenyika, asi hamuongorori sei
nguva ino? 57 Ko asi munoregerei nemwi kuzvitongera
momene zvakarurama? 58 Nokuti kana uchienda
kumutungamiriri nemudzivisi wako, ita zvakanaka
kuti usunungurwe kubva kwaari muri munzira; kuti
arege kukukwevera kumutongi, mutongi akukumikidze
kumupurisa, mupurisa akukande mutirongo. 59
Ndinoti kwauri: Haungatongobudimo, kusvikira waripa
kunyange kamari kekupedzisira.

**13** Zvino panguva iyo kwakange kune vamwe
vakamuudza zveVaGarirea, ropa ravo Pirato
raakange avhenganisa nezvibairo zvavo. 2 Zvino
Jesu achipindura wakati kwavari: Munofunga kuti
VaGarirea ava vaiva vatadzi kupfuura VaGarirea vese
here, nokuti vakatambudzika zvinhu zvakadai? 3
Ndinoti kwamuri: Kwete, asi kana musingatendeuki,
mese muchaparara saizvozvo. 4 Kana vaya
gumi nevasere, shongwe payakawira pamusoro
pavo muSiroami ikavauraya, munofunga kuti ivo
vakange vane ngava kukunda vanhu vese vaigara

muJerusarema here? 5 Ndinoti kwamuri: Kwete, asi
kana musingatendeuki, mese muchaparara saizvozvo.
6 Zvino wakataura mufananidzo uyu akati: Umwe
wakange ane muonde wakange wakasimwa mumunda
wake wemizambiringa; akasvika achitsvaka chibereko
kwauri, asi wakashaiwa. 7 Zvino wakati kumurimi
wemunda wemizambiringa: Tarira, makore matatu
ndichiuya ndichitsvaka chibereko pamuonde uyu,
ndikashaiwa; uteme, unourayirei kunyange ivhu? 8
Iye achipindura wakati kwaari: Ishe, muregei gore
rinowo, kusvikira nditimbe ndichiupoteredza, nekuuisa
mupfudze; 9 zvino kana ukabereka chibereko,
zvakanaka; asi kana zvikasadaro, shure kweizvozvo
mungazoutema. 10 Zvino waiva achidzidzisa mune
rimwe remasinagoge nesabata; 11 zvino tarira,
kwaiva kune mukadzi waiva nemweya weundonda
makore gumi nemasere, wakange akakombama
musana, asingagoni kutasamuka zvizere. 12 Zvino
Jesu wakati achimuona, akamudanira kwaari,
akati kwaari: Mukadzi, wasunungurwa paundonda
hwako. 13 Ndokuisa maoko pamusoro pake;
pakarepo akatasanudzwa, akarumbidza Mwari.
14 Asi mutungamiriri wesinagoge wakapindura
akatsamwa nokuti Jesu wakaporesa nesabata, akati
kuchaunga: Pane mazuva matanhatu anofanira
kubatwa nawo; naizvozvo uyai naiwayo muporeswe,
asi kwete nemusi wesabata. 15 Naizvozvo
Ishe wakamupindura, akati: Munyepedzeri, umwe
neumwe wenyu haangasununguri nzombe yake
kana mbongoro pachidyiro nesabata akaitungamidza
kunoinwisa here? 16 Zvino uyu, ari mukunda
waAbhurahama, Satani waakange akasunga, tarira,
makore gumi nemasere, hazvina kufanira kuti
asunungurwe pachisungo ichi nezuva resabata
here? 17 Zvino achireva zvinhu izvi, vapikisi
vake vese vakanyadziswa; asi chaunga chese
chakafara nezvinhu zvese zvinorumbidzwa zvakaitwa
naye. 18 Zvino akati: Ushe hwaMwari hwakaita
sei? Uye ndichahufananidza nei? 19 Hwakaita
setsanga yemasitadha, munhu yaakatora akakanda
mubindu rake; ikakura, ikaita muti mukuru,
neshiri dzekudenga dzikavaka matendere pamatavi
awo. 20 Akatizve: Ndichahufananidza nei ushe
hwaMwari? 21 Hwakaita sembiriso, mukadzi
yaakatora akaiisa muzviyero zvitatu zveupfu, kusvikira
hwese hwaviriswa. 22 Zvino wakafamba achipfuura
mumaguta nemisha achidzidzisa, ari munzira kuenda
kuJerusarema. 23 Umwe ndokuti kwaari: Ishe,
vachaponeswa vashoma here? Akati kwavari:
24 Rwisai kupinda nesuwo rakamanikana; nokuti
vazhinji, ndinoti kwamuri, vachatsvaka kupinda,
asi havangagoni. 25 Shure kwekunge mwene
weimba asimuka avhara mukova, zvino mukatanga
kumira kunze nekugogodza pamukova, muchiti:
Ishe, Ishe, tizarurirei; iye agopindura achiti kwamuri:
Handikuziviyi kwamunobva. 26 Ipapo muchatanga
kuti: Takadya nekunwa pamberi penyu, uye
makadzidzisa panzira dzekwedu. 27 Asi achati:
Ndinoti kwamuri: Handikuziviyi kwamunobva; ibvai
kwandiri imwi mese vaiti vezvakaipa. 28 Apo pachava
nekuchema nekugeda-geda kwemeno, kana moona
Abhurahama naIsaka naJakobho nevaporofita vese
muushe hwaMwari, asi imwi marasirwa kunze.
29 Uye vachabva kumabvazuva nemavirira, uye
kubva kumaodzanyemba nechamhembe, vachagara
pakudya muushe hwaMwari. 30 Zvino tarirai,
varipo vekupedzisira vachava vekutanga, uye varipo
vekutanga vachava vekupedzisira. 31 Nezuva iroro
kwakasvika vamwe VaFarisi, vachiti kwaari: Budai
mubve pano, nokuti Herodhe anoda kukuurayai.
32 Akati kwavari: Endai, munoudza gava iro, muti:
Tarira, ndinobudisa madhimoni nekuita kuporesa
nhasi namangwana, neretatu ndinopedzeredza. 33
Asi zvakafanira kuti ndifambe nhasi namangwana
nerinotevera, nokuti hazvigoneki kuti muporofita
apararire kunze kweJerusarema. 34 Jerusarema,
Jerusarema, iwe anouraya vaporofita, nekutaka
nemabwe avo vanotumwa kwauri! Ndakange ndichida
kazhinji sei kuunganidza vana vako semhambo
hukwana dzayo pasi pemapapiro, asi hamuna kuda.
35 Tarirai, imba yenyu yasiiwa kwamuri riri dongo; asi
zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Hamuchatongondioni,
kusvikira zvasvika kuti muti: Ngaarumbidzwe iye
anouya nezita raIshe!

**14** Zvino zvakaitika pakupinda kwake mumba
meumwe wevakuru kuVaFarisi kuzodya chingwa
nesabata, kuti ivo vakamucherekedza. 2 Zvino
tarira, kwakange kune umwe munhu pamberi
pake waiva nerukandwe. 3 Jesu ndokupindura
akataura kunyanzvi dzemutemo neVaFarisi, achiti:
Zviri pamutemo here kuporesa nesabata? 4
Asi vakanyarara. Zvino akamubata akamuporesa
ndokurega achienda. 5 Akavapindura achiti:
Ndiani wenyu, ungati ane mbongoro kana nzombe
ikawira mugomba, akasaisimudza pakarepo nezuva
resabata? 6 Vakasagona kumupindurazve pamusoro
pezvinhu izvi. 7 Zvino wakataura mufananidzo kune
vakakokwa, achiona kuti vanosarudza sei zvigaro
zvepamusoro, akati kwavari: 8 Kana wakokwa
neumwe munhu kumuchato, usagara pachigaro
chepamusoro; zvimwe umwe anokudzwa kupfuura

iwe wakokwa naye, 9 zvino wakakukoka iwe naiye
asvike ati kwauri: Dziurira uyu; ipapo uchatanga
kutora nzvimbo yepasisa nenyadzi. 10 Asi kana
wakokwa, enda ugare panzvimbo yepasisa, kuti
kana uyo wakakukoka achisvika, angati kwauri:
Shamwari, kwira kumusoro; zvino uchava nerukudzo
pamberi pevagere pakudya newe. 11 Nokuti ani nani
anozvikwiridzira, achaninipiswa; neanozvininipisa
achakwiridzirwa. 12 Ipapo akatiwo kune wakamukoka:
Kana waita chisvusvuro kana chirairo, usadana
shamwari dzako, kana vanakomana vamai vako,
kana hama dzako, kana vavakidzani vafumi,
zvimwe ivowo vangazokukokazve, ugoripirwa. 13 Asi
kana waita mabiko, dana varombo, vanokamhina,
mhetamakumbo, mapofu; 14 uye ucharopafadzwa,
nokuti havana zvokukuripira nazvo, nokuti ucharipirwa
pakumuka kwevakarurama. 15 Umwe wevakange
vagere naye pakudya wakati achinzwa zvinhu izvi,
akati kwaari: Wakaropafadzwa uyo achadya chingwa
paushe hwaMwari. 16 Asi akati kwaari: Umwe
munhu wakaita chirairo chikuru, akakokera vazhinji.
17 Akatuma muranda wake nenguva yekuraira
kuti ati kune vakange vakakokwa: Uyai, nokuti
zvese zvagadzirwa zvino. 18 Zvino vese vakatanga
umwe neumwe kuzvikumbirira ruregerero. Wekutanga
akati kwaari: Ndatenga munda, ndinofanira kuenda
ndinomuona; ndinokukumbira, ini undiregerere.
19 Uye umwe akati: Ndatenga zvipani zvishanu
zvenzombe, ndinoenda kunodziidza; ndinokumbira, ini
undiregerere. 20 Uye umwe akati: Ndawana mukadzi,
naizvozvo handigoni kuuya. 21 Zvino muranda
uyo wakauya akapira zvinhu izvi ishe wake. Ipapo
mwene weimba akatsamwa, akati kumuranda wake:
Buda nekukurumidza uende kumigwagwa nemunzira
dzemuguta, upinze pano varombo, nevanokamhina,
nemhetamakumbo, nemapofu. 22 Muranda ndokuti:
Ishe, zvaitwa sezvamaraira, asi nzvimbo ichipo. 23 Ishe
akati kumuranda: Buda kumigwagwa nekuuzhowa,
ugombedzere vapinde, kuti imba yangu izadzwe. 24
Nokuti ndinoti kwamuri: Hakuna umwe kune varume
avo vakakokwa acharavira chirairo changu. 25
Zvino zvaunga zvikuru zvaifamba naye; akatendeuka
akati kwavari: 26 Kana ani nani achiuya kwandiri,
akasavenga baba vake namai, nemukadzi, nevana,
nevanin'ina nemadzikoma, nehanzvadzi, hongu,
kunyange neupenyu hwake, haagoni kuva mudzidzi
wangu. 27 Zvino ani nani asingatakuri muchinjikwa
wake akanditevera, haagoni kuva mudzidzi wangu. 28
Nokuti ndiani wenyu, anoti achida kuvaka shongwe,
asingatangi agara pasi, akaverenga madhuriro,
kana ane zvekupedzesa? 29 Kuti zvimwe ateya
nheyo akasagona kupedza, vese vanoona vanotanga
kumuseka, 30 vachiti: Uyu munhu akatanga kuvaka,
asi akakoniwa kupedzisa. 31 Kana ndeupi mambo,
kana achienda kuhondo akamirisana neumwe
mambo, asingatangi agara pasi, akafungisisa kuti
angagona here nezvuru gumi kusangana neanouya
akapikisana naye nezvuru makumi maviri? 32
Asi kana zvisakadaro, iye achiri kure, anotuma
nhume, akumbire zverugare. 33 Saka saizvozvo, ani
nani kwamuri asingasii zvese zvaanazvo, haagoni
kuva mudzidzi wangu. 34 Munyu wakanaka; asi
kana munyu warasa kuvava, ucharungwa nei?
35 Hauchina kufanira kunyange pamunda, kana
padutu remupfudze; vanourasira kunze. Ane nzeve
dzekunzwa, ngaanzwe.

15 Zvino kwakaswedera kwaari vateresi nevatadzi
vese, kuzomunzwa. 2 VaFarisi nevanyori
vakatsutsumwa vachiti: Uyu anogamuchira vatadzi,
achidya navo. 3 Zvino wakavaudza mufananidzo
uyu, achiti: 4 Ndeupi munhu kwamuri angati ane
makwai zana, kana arasikirwa nerimwe rawo, asingasii
makumi mapfumbamwe nemapfumbamwe murenje,
akatevera rakarasika kusvikira ariwana? 5 Uye
kana ariwana, anoriisa pamafudzi ake achifara.
6 Zvino kana asvika kumusha, anodana pamwe
shamwari nevavakidzani, achiti kwavari: Farai neni,
nokuti ndawana gwai rangu rakange rarasika. 7
Ndinoti kwamuri: Saizvozvo mufaro uchava kudenga
pamusoro pemutadzi umwe anotendeuka, kupfuura
pamusoro pevakarurama makumi mapfumbamwe
nevapfumbamwe, vasingatsvaki kutendeuka. 8 Kana
ndeupi mukadzi ane makobiri gumi, kana arasikirwa
nekobiri rimwe, asingatungidzi mwenje, akatsvaira
imba, akatsvakisisa kusvikira ariwana? 9 Uye kana
ariwana, anodana shamwari nevavakidzani pamwe,
achiti: Farai neni, nokuti ndawana kobiri randanga
ndarasikirwa naro. 10 Saizvozvo, ndinokutaurirai,
kuti mufaro uripo pamberi pevatumwa vaMwari
pamusoro pemutadzi umwe anotendeuka. 11 Zvino
wakati: Umwe munhu aiva ane vanakomana vaviri;
12 mudiki wavo ndokuti kuna baba: Baba, ndipei
mugove wenhumbi wakanangana neni. Akavagovera
nhumbi dzake. 13 Pasina kupfuura mazuva mazhinji,
mwanakomana mudiki wakaunganidza zvese pamwe,
akasimuka akaenda kunyika iri kure; uye akaparadza
ikoko nhaka yake, achirarama neunzenza. 14 Zvino
wakati aparadza zvese, kwakauya nzara huru panyika
iyo, iye akatanga kushaiwa. 15 Zvino wakaenda,
akanozvibatanidza neumwe wezvizvarwa zvenyika
iyo; akamutumira kuminda yake kunofudza nguruve.

16 Wakange achishuva kugutsa dumbu rake nemateko
nguruve adzaidya; asi hakuna munhu waimupa. 17
Zvino wakati apengenuka, akati: Varikichi vazhinji sei
vababa vangu vane zvingwa zvakawandisisa, asi ini
ndofa nenzara. 18 Ndichasimuka ndiende kuna baba
vangu, ndigoti kwavari: Baba, ndakatadzira kudenga,
nepamberi penyu; 19 uye handichafaniri kunzi
mwanakomana wenyu; ndiitei seumwe wevarikichi
venyu. 20 Akasimuka akaenda kuna baba vake.
Asi wakati achiri kure, baba vake vakamuona,
vakanzwa tsitsi, vakamhanya ndokuwira pahuro
pake, nekumutsvoda. 21 Zvino mwanakomana akati
kwavari: Baba, ndakatadzira kudenga nepamberi
penyu, uye handichafaniri kunzi mwanakomana
wenyu. 22 Asi baba vakati kuvaranda vavo: Budai
nenguvo refu yakanakisisa mumupfekedze, muise
mhete paruoko rwake, nemanyatera patsoka; 23
muuye nemhuru yakakodzwa, mubaye, uye ngatidye
tifare; 24 nokuti uyu mwanakomana wangu wakange
afa, zvino wararamazve; wakange arasika, asi
wawanikwa; zvino vakatanga kufara. 25 Zvino
mwanakomana wake mukuru wakange ari kumunda;
zvino wakati achisvika, oswedera paimba, akanzwa
mumhanzi nekutamba. 26 Zvino wakadanira kwaari
umwe wevaranda, akabvunza kuti izvi zvinorevei.
27 Zvino akati kwaari: Munin'ina wako wasvika;
zvino baba vako vabaya mhuru yakakodzwa, nokuti
vamugamuchira ari mutano. 28 Asi wakatsamwa,
akasada kupinda; naizvozvo baba vake vakabuda,
vakamukumbirisa. 29 Asi iye wakapindura akati kuna
baba: Tarirai, makore mazhinji akadai ndakakubatirai,
handina kutongodarika murairo wenyu, asi hamuna
kutongondipa mbudzana, kuti ndifare neshamwari
dzangu. 30 Asi mangoti mwanakomana wenyu uyu
wakaparadza nhumbi dzenyu nezvifeve achisvika,
mamubaira mhuru yakakodzwa. 31 Vakati kwaari:
Mwana, iwe uneni nguva dzese, uye zvese zvangu
ndezvako. 32 Asi kwaifanira kuti kupemberwe
nekufarwa, nokuti munin'ina wako uyu wakange afa,
wararamazve; wakange arasika, wawanikwa.

**16** Zvino wakataurawo kuvadzidzi vake achiti:
Kwakange kune umwe munhu mufumi, waiva
nemutariri; iye wakapomerwa kwaari seanoparadza
nhumbi dzake. 2 Zvino wakamudana akati kwaari: Chii
ichi chandinonzwa nezvako? Rondedzera nezveutariri
hwako; nokuti hauchazogoni kuva mutariri. 3 Zvino
mutariri wakati mukati make: Ndichaitei, sezvo
ishe wangu wonditorera utariri? Handigoni kuchera,
kupemha ndinonyara. 4 Ndaziva zvandichaita, kuti
kana ndabudiswa pautariri, vandigamuchire mudzimba
dzavo. 5 Zvino wakadanira kwaari umwe neumwe
wavakange vane chikwereti kuna ishe wake, akati
kune wekutanga: Une chikwereti chakadini kuna
ishe wangu? 6 Iye ndokuti: Zviyero zana zvemafuta.
Ndokuti kwaari: Tora rugwaro rwako, ugare pasi
nekukurumidza unyore makumi mashanu. 7 Ndokuti
kune umwe: Newe, une chikwereti chakadini? Iye
ndokuti: Zviyero zana zvezviyo. Akati kwaari: Tora
rugwaro rwako, unyore makumi masere. 8 Zvino
ishe wakarumbidza mutariri asakarurama, nokuti
wakange aita nekuchenjera; nokuti vana venyika ino
vakachenjera pazera ravo kukunda vana vechiedza.
**(aiōn g165)** 9 Neni ndinoti kwamuri: Muzviitire shamwari
nafuma wekusakarurama, kuti kana musingachagoni,
vakugamuchirei mudzimba dzekusingaperi. **(aiōnios
g166)** 10 Wakatendeka pachidikisa wakatendekawo
pachikuru, neusakarurama pachidikisa haana
kururamawo pachikuru. 11 Naizvozvo kana
musina kutendeka pana fuma usakarurama, ndiani
achakubatisai chinhu chechokwadi? 12 Uye kana
musina kutendeka pane cheumwe, ndiani achakupai
chenyu? 13 Hakuna muranda anogona kubatira
madzitenzi maviri; nokuti zvimwe achavenga umwe,
ndokuda umwe; kana kuti achanamatira kune umwe,
agozvidza umwe. Hamugoni kubatira Mwari nafuma.
14 Zvino neVaFarisi vakange vari vadi vemari,
vakanzwa zvinhu izvi zvese, vakamuseka. 15 Zvino
wakati kwavari: Imwi ndimwi vanozviruramisa pamberi
pevanhu, asi Mwari anoziva moyo yenyu; nokuti
icho chinokwiridzirwa pakati pevanhu, chinyangadzo
pamberi paMwari. 16 Murairo nevaporofita zvaivapo
kusvikira kuna Johwani; kubva ipapo ushe hwaMwari
hunoparidzwa, uye umwe neumwe anosenerera
mahuri. 17 Asi zvakareruka kuti denga nenyika
zvipfuure, pakuti chidodzi chimwe chemurairo chiwe.
18 Ani nani anoramba mukadzi wake akawana
umwe anoita upombwe; uye ani nani anowana
wakarambwa kumurume anoita upombwe. 19
Kwakange kune umwe munhu mufumi, waipfeka zvine
ruvara rwehute nemicheka yakaisvonaka, nekufara
paumbozha mazuva ese. 20 Zvino kwakange kune
umwe mupemhi wainzi Razaro, wakange akaiswa
pasuwo rake azere maronda, 21 uye waishuva
kugutswa nezvimedu zvaiwa patafura yemufumi; asi
kunyange imbwa dzaiuya dzichinanzva maronda
ake. 22 Zvino zvakaitika kuti mupemhi wakafa,
akatakurirwa nevatumwa kuchifuva chaAbhurahama;
mufumi akafawo, akavigwa. 23 Zvino ari muhadhesi
wakasimudza meso ake, ari pamarwadzo, akaona
Abhurahama ari kure, naRazaro ari pachifuva chake.
**(Hadēs g86)** 24 Iye ndokudanidzira akati: Baba

Abhurahama, ndinzwirei tsitsi, mutume Razaro, kuti
anyike muromo wemunwe wake mumvura, atonhodze
rurimi rwangu; nokuti ndinorwadziswa mumurazvo
uyu. 25 Asi Abhurahama wakati: Mwana, rangarira
kuti iwe muupenyu hwako wakagamuchira zvakanaka
zvako, saizvozvo naRazaro zvakaipa; asi zvino
iye anonyaradzwa, uye iwe unorwadziwa. 26 Uye
pamusoro peizvi zvese, pakati pedu nemwi pane
mukaha mukuru wakaiswa, kuti vanoda kuyambuka
kubva kuno vachiuya kwamuri vakonewe, neveko
varege kuyambukira kwatiri. 27 Iye ndokuti: Naizvozvo
ndinokukumbirisai, baba, kuti mumutumire kuimba
yababa vangu, 28 nokuti ndine vanakomana vamai
vangu vashanu, kuti anyatsovapupurira, zvimwe
ivowo vangauya panzvimbo ino yemarwadzo. 29
Abhurahama akati kwaari: Mozisi nevaporofita vanavo;
ngavanzwe ivo. 30 Iye ndokuti: Kwete, baba
Abhurahama; asi kana umwe akaenda kwavari kubva
kuvakafa, vachatendeuka. 31 Asi wakati kwaari: Kana
vasingateereri Mozisi nevaporofita, havangatendiswi
kunyange kana umwe akamuka kubva kuvakafa.

**17** Zvino wakati kuvadzidzi: Hazvigoneki kuti
zvigumbuso zvisauya; asi ane nhamo
wazvinouya kubudikidza naye. 2 Zvaiva nani kwaari
kuti guyo rinorema risungirirwe kupoteredza mutsipa
wake, ndokukandirwa mugungwa, pakuti agumbuse
umwe wevadiki ava. 3 Muzvichenjerere imwi. Zvino
kana umwe wako akakutadzira, mutsiure; uye kana
akatendeuka, mukanganwire. 4 Uye kana akutadzira
kanomwe pazuva, akadzoka kwauri kanomwe pazuva,
achiti: Ndatendeuka; uchamukanganwira. 5 Zvino
vaapositori vakati kuna Ishe: Wedzerai kwatiri rutendo.
6 Ishe ndokuti: Kana maiva nerutendo rwakaita
setsanga yemasitadha, maiti kumuhabhurosi uyu:
Dzurwa, usimwe mugungwa; uye waikuteererai. 7
Asi ndeupi kwamuri ane muranda anorima kana
kufudza, achati pakarepo achipinda achibva kumunda:
Swedera ugare pakudya? 8 Asi angarega here
kuti kwaari: Gadzira zvandingaraira, uye uzvisunge
chiuno, undishandire, kusvikira ndadya, ndikanwa;
zvino mushure meizvozvi iwe udye nekunwa? 9
Anotenda muranda uyo nokuti wakaita zvarairwa
here? Handifungi. 10 Saizvozvo nemwi, kana maita
zvese zvamakarairwa, muti: Tiri varanda pasina,
nokuti taita zvataifanira kuita. 11 Zvino zvakaitika
pakuenda kwake kuJerusarema, kuti iye wakapfuura
nepakati peSamaria neGarirea. 12 Zvino wakati
achipinda mune umwe musha, varume gumi vaiva
nemaperembudzi vakasangana naye, vamire kure.
13 Zvino ivo vakasimudza inzwi, vachiti: Jesu, Tenzi,
tinzwirei tsitsi! 14 Zvino wakati achivaona, akati
kwavari: Endai munozviratidza kuvapristi. Zvino
zvakaitika kuti vachienda, vakanatswa. 15 Zvino umwe
wavo paakaona kuti aporeswa, wakadzoka achikudza
Mwari nenzwi guru; 16 ndokuwira pasi nechiso
patsoka dzake, achimuvonga; zvino iye wakange ari
muSamaria. 17 Asi Jesu wakapindura akati: Vanga
vasiri gumi here vanatswa? Ko vapfumbamwe varipi?
18 Hapana kuwanikwa vadzokera kuzopa Mwari
rukudzo, kunze kweuyu mutorwa. 19 Zvino akati
kwaari: Simuka, enda; rutendo rwako rwakuponesa.
20 Zvino wakati achibvunzwa neVaFarisi, kuti ushe
hwaMwari hunosvika rinhi, akavapindura akati: Ushe
hwaMwari hahuuyi nekuonekwa; 21 uye havangati:
Tarirai pano; kana: Tarira uko. Nokuti tarirai, ushe
hwaMwari huri mukati menyu. 22 Zvino wakati
kuvadzidzi: Mazuva achasvika amuchashuva kuona
rimwe ramazuva eMwanakomana wemunhu, asi
hamungarioni. 23 Zvino vachati kwamuri: Tarirai
pano; kana: Tarirai uko; regai kuenda, kana kutevera.
24 Nokuti semheni inopenya ichibva kune rumwe
rutivi pasi pedenga ichivhenekera kusvikira kune
rumwe rutivi pasi pedenga, saizvozvo zvichaitawo
Mwanakomana wemunhu nezuva rake. 25 Asi
kutanga anofanira kutambudzika zvinhu zvizhinji,
nekurambwa nezera iri. 26 Uye sezvazvakange
zvakaita mumazuva aNowa, ndizvo zvazvichavawo
mumazuva eMwanakomana wemunhu. 27 Vaidya,
vainwa, vaiwana, vachiwaniswa, kusvikira zuva
iro Nowa raakapinda naro muareka, mafashame
akasvika, ndokuvaparadza vese. 28 Saizvozvowo
sezvazvakange zvakaita mumazuva aRoti; vaidya,
vainwa, vaitenga, vaitengesa, vaidzvara, vaivaka; 29
asi nemusi Roti waakabuda muSodhoma, kwakanaya
moto nesarufa zvichibva kudenga, zvikaparadza
vese. 30 Zvichava seizvi nezuva Mwanakomana
wemunhu raachabudiswa pachena naro. 31 Muzuva
iro, uyo achava pamusoro pedenga reimba, nenhumbi
dzake dziri mumba, ngaarege kuburuka kundodzitora;
neari kumunda saizvozvo ngaarege kudzokera
zvinhu zviri shure. 32 Yeukai mukadzi waRoti.
33 Ani nani anotsvaka kuponesa upenyu hwake
acharasikirwa nahwo, uye ani nani anorasikirwa
nahwo achahuraramisa. 34 Ndinoti kwamuri: Muusiku
uhwo kuchava nevaviri pamubhedha umwe; umwe
achatorwa, uye umwe achasiiwa. 35 Vaviri vachava
vachikuya pamwe, umwe achatorwa, uye umwe
achasiiwa. 36 Vaviri vachava mumunda; umwe
achatorwa, uye umwe asiiwe. 37 Zvino vakapindura
vakati kwaari: Kupi Ishe? Ndokuti kwavari: Pane
mutumbi, ndipo pachaunganidzwa magora.

18 Zvino wakavaudzawo mufananidzo kuti
vanofanira kunyengetera nguva dzese, uye
vasaora moyo, 2 achiti: Kwaiva mune rimwe guta
neumwe mutongi, wakange asingatyi Mwari, uye
asingaremekedzi munhu; 3 zvino kwakange kune
chirikadzi muguta iro, yakange ichiuya kwaari,
ichiti: Ndiruramisirei kumuvengi wangu. 4 Asi
wakange asingadi kwenguva; asi pashure pezvinhu
izvi wakati mukati make: Kunyange ndisingatyi
Mwari, uye ndisingaremekedzi munhu; 5 asi nokuti
chirikadzi iyi inonditambudza, ndichairuramisira,
zvimwe pakupedzisira ingasvika pakunditsamwisa
kwazvo. 6 Ishe ndokuti: Inzwai mutongi asakarurama
zvaanoreva. 7 Ko Mwari haangaruramisiri here
vakasanangurwa vake, vanodana kwaari masikati
neusiku, kunyange achivanonokera? 8 Ndinoti
kwamuri: Achakurumidza kuvaruramisira. Asi kana
Mwanakomana wemunhu achisvika, achawana
rutendo panyika here? 9 Zvino wakareva
mufananidzo uyu kune vamwewo vaizvivimba kuti
vakarurama, vachizvidza vamwe, akati: 10 Vanhu
vaviri vakakwira kutembere kunonyengetera; umwe
muFarisi, uye umwe muteresi. 11 MuFarisi wakamira
akazvinyengeterera zvinhu izvi, akati: Mwari,
ndinokutendai kuti handina kufanana nevamwe vanhu,
makororo, vasakarurama, mhombwe, kana kunyange
semuteresi uyu. 12 Ndinotsanya kaviri pavhiki, ndinopa
chegumi chezvese zvandinowana. 13 Asi muteresi
amire kure wakasada kunyange kusimudzira meso
kudenga, asi wakarova pachifuva chake, achiti: Mwari,
ndinzwirei tsitsi ini mutadzi. 14 Ndinoti kwamuri:
Uyu wakaburukira kumba kwake anzi wakarurama
pane uya; nokuti umwe neumwe anozvikwiridzira
achaninipiswa, uye anozvininipisa achakwiridzirwa.
15 Zvino vakauisa kwaari vachechewo, kuti avabate;
asi vadzidzi vakati vachizviona, vakavatsiura. 16 Asi
Jesu wakadanira ivo vacheche kwaari akati: Tenderai
vacheche vauye kwandiri, musavadzivisa, nokuti
ushe hwaMwari ndehwevakadai. 17 Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Ani nani asingagamuchiri ushe
hwaMwari semucheche, haangatongopindi mahuri.
18 Zvino umwe mutungamiriri wakamubvunza, achiti:
Mudzidzisi wakanaka, ndiitei kuti ndigare nhaka
yeupenyu husingaperi? **(aiōnios g166)** 19 Jesu ndokuti
kwaari: Unondiidzirei wakanaka? Hakuna wakanaka,
kunze kweumwe, Mwari. 20 Mirairo unoiziva, inoti:
Usaita upombwe, usauraya, usaba, usapupura nhema,
kudza baba vako namai vako. 21 Iye ndokuti: Izvi
zvese ndakazvichengeta kubva paudiki hwangu. 22
Zvino Jesu wakati achinzwa zvinhu izvi akati kwaari:
Uchiri kushaiwa chinhu chimwe; tengesa zvese
zvaunazvo, ugovere varombo, uye uchava nefuma
yakakosha kudenga; ugouya pano wonditevera. 23
Zvino wakati anzwa zvinhu izvi, akashungurudzika
zvikuru; nokuti wakange akafuma zvikuru. 24 Zvino
Jesu wakati achiona kuti washungurudzika zvikuru
akati: Zvicharemera sei vane fuma kupinda muushe
hwaMwari. 25 Nokuti zvakareruka kuti kamera ripinde
richidarika nemuburi retsono, kumufumi kupinda
muushe hwaMwari. 26 Zvino avo vakanzwa, vakati:
Zvino ndiani anogona kuponeswa? 27 Asi iye
akati: Zvinhu zvisingagoneki nevanhu, zvinogoneka
naMwari. 28 Petro ndokuti: Tarirai, isu takasiya zvese,
tikakuteverai. 29 Zvino akati kwavari: Zvirokwazvo
ndinoti kwamuri: Hakuna munhu wakasiya imba,
kana vabereki, kana madzikoma nevanin'ina, kana
mukadzi, kana vana, nekuda kweushe hwaMwari, 30
asingazogamuchiri zvakapetwa kazhinji nenguva ino,
nemunguva inouya upenyu husingaperi. **(aiōn g165,
aiōnios g166)** 31 Zvino wakatora vanegumi nevaviri,
akati kwavari: Tarirai, tinokwira kuJerusarema, uye
zvinhu zvese zvakanyorwa nevaporofita maererano
neMwanakomana wemunhu zvichazadziswa. 32
Nokuti achakumikidzwa kune vechirudzi, agosekwa,
nekuitirwa zvakaipa, nekupfirwa, 33 uye vachamurova
netyava uye vachamuuraya; uye pazuva retatu
achamukazve. 34 Asi ivo havana kunzwisisa chinhu
chimwe cheizvozvi, uye shoko iri rakange rakavanzwa
kwavari, uye havana kunzwisisa zvinhu zvakarehwa.
35 Zvino zvakaitika oswedera Jeriko, rimwe bofu
raigara padivi penzira richipemha; 36 rakati richinzwa
chaunga chichipfuura, rikabvunza kuti chinyi ichi. 37
Zvino vakariudza kuti: Jesu weNazareta anopfuura.
38 Zvino rakadanidzira richiti: Jesu Mwanakomana
waDhavhidhi, ndinzwirei tsitsi! 39 Zvino vakange
vakatungamira vakaritsiura kuti rinyarare; asi iro
rakanyanyisa kudanidzira, richiti: Mwanakomana
waDhavidhi, ndinzwirei tsitsi! 40 Zvino Jesu wakamira,
akaraira kuti riuyiswe kwaari; zvino rakati raswedera
akaribvunza, 41 achiti: Unoda kuti ndikuitirei? Zvino
rakati: Ishe, kuti ndionezve. 42 Jesu ndokuti kwaari:
Chionazve! Rutendo rwako rwakuponesa. 43 Pakarepo
rikaonazve, rikamutevera, richirumbidza Mwari; vanhu
vese vakati vachizviona vakarumbidza Mwari.

19 Zvino Jesu wakapinda, akagura muJeriko. 2
Zvino tarira, murume wainzi Zakewu nezita; iye
wakange ari mutungamiriri wevateresi, uye iye waiva
mufumi; 3 uye wakatsvaka kuona Jesu kuti ndiani;
asi wakange asingagoni nekuda kwechaunga, nokuti
wakange ane chimiro chifupi. 4 Zvino wakamhanyira
mberi, akakwira mumuonde wemusikamori kuti

amuone; nokuti wakange achizopfuura nenzira iyo. 5
Zvino Jesu wakati achisvika panzvimbo iyo, wakatarira
kumusoro, akamuona, akati kwaari: Zakewu,
kurumidza uburuke; nokuti nhasi ndinofanira kugara
mumba mako. 6 Zvino wakakurumidza kuburuka,
akamugamuchira achifara. 7 Zvino vakati vazviona
vakan'un'una vese vachiti: Wapinda kunogara
nemurume mutadzi. 8 Asi Zakewu wakamira, akati
kuna Ishe: Tarirai, hafu yefuma yangu, Ishe, ndinopa
kuvarombo, uye kana ndakatora chinhu kune umwe
munhu nekunyengera, ndinodzosera runa. 9 Jesu
akati kwaari: Nhasi ruponeso rwasvika mumba muno;
nokuti iyewo mwanakomana waAbhurahama. 10
Nokuti Mwanakomana wemunhu wakauya kuzotsvaka
nekuponesa chakarasika. 11 Vakati vanzwa zvinhu
izvi, wakawedzera akataura mufananidzo, nokuti
wakange ava pedo neJerusarema, uye nekuti vaifunga
kuti ushe hwaMwari hwobva hwodoonekereswa.
12 Naizvozvo wakati: Umwe munhu ane mbiri
wakaenda kunyika iri kure, kunozvigamuchirira ushe
agodzoka. 13 Zvino wakadana varanda vake gumi,
ndokuvapa pondo gumi, ndokuti kwavari: Bhindaukai
nayo kusvikira ndichiuya. 14 Asi vanhu venyika
yake vakange vachimuvenga, vakatuma nhume
shure kwake, vachiti: Hatidi uyu kuti atitonge. 15
Zvino zvakaitika kuti adzoka agamuchira ushe,
wakaraira kuti vaya varanda vaakange apa mari,
vadanirwe kwaari, kuti anzwe kuti umwe neumwe
wakawana zvakadini nekutengeseranа. 16 Wekutanga
ndokusvika, achiti: Ishe, pondo yenyu yawana
pondo gumi. 17 Zvino akati kwaari: Zvakanaka,
muranda wakanaka; nokuti wakange wakatendeka
pachidiki-diki, uve nesimba pamusoro pemaguta
gumi. 18 Newechipiri wakasvika, achiti: Ishe, pondo
yenyu yawana pondo shanu. 19 Akati kwaariwo:
Newe, uve pamusoro pemaguta mashanu. 20
Zvino umwe wakasvika, achiti: Ishe, tarirai pondo
yenyu, yandakange ndakachengeta mumucheka
wekumeso; 21 nokuti ndakange ndichikutyai, nokuti
muri munhu wakaoma; munotora zvamusina kuisa,
muchikohwa izvo zvamusina kudzvara. 22 Zvino wakati
kwaari: Ndichakutonga nezvinobuda mumuromo
mako, muranda wakaipa; wakange uchiziva kuti ini
ndiri munhu wakaoma, ndichitora zvandisakaisa,
nekukohwa izvo zvandisina kudzvara; 23 naizvozvo
sei usina kuisa mari yangu mubhanga, kuti kana
ndouya ndigozoitora pamwe nezvibereko. 24 Ndokuti
kune vakange vamirepo: Mutorerei pondo mupe kune
ane pondo gumi. 25 Asi vakati kwaari: Ishe, ane pondo
gumi. 26 Nokuti ndinoti kwamuri: Anazvo achapiwa;
uye asina, kwaari kuchatorwa nezvaanazvo. 27
Asi vavengi vangu avo, vakange vasingadi kuti
nditonge pamusoro pavo, uisai pano, muvauraye
pamberi pangu. 28 Zvino wakati areva zvinhu izvi,
akapfuurira mberi, achikwira kuJerusarema. 29
Zvino zvakaitika oswedera kuBhetifage neBhetaniya
pagomo rinonzi reMiorivhi, wakatuma vaviri vevadzidzi
vake, 30 achiti: Fambai muende mumusha
wakatarisana nemwi; kana muchipinda mauri,
muchawana dhongwana rakasungirwa, risina munhu
wakamborigara; murisunungure, mugoriuisa. 31
Zvino kana chero munhu akakubvunzai achiti:
Munorisunungurirei? Muchataura kwaari kudai:
Ishe anorida. 32 Avo vakatumwa vakaenda
vakanowana sezvaakange ataura kwavari. 33 Zvino
vakati vachisunungura dhongwana, varidzi varo
vakati kwavari: Munosunungurirei dhongwana? 34
Ivo ndokuti: Ishe anorida. 35 Zvino vakariuisa
kuna Jesu; ndokukanda nguvo dzavo pamusoro
pedhongwana, vakatasvisa Jesu pariri. 36 Zvino
achifamba, vakawarira nguvo dzavo munzira. 37
Zvino wakati oswedera ikozvino pamateru egomo
reMiorivhi, chaunga chese chevadzidzi chikatanga
kufara chichirumbidza Mwari nenzwi guru pamusoro
pamabasa ese esimba avakange vaona, 38 vachiti:
Wakaropafadzwa mambo anouya muzita raIshe;
rugare kudenga, nekubwinya kumusoro-soro. 39
Uye vamwe veVaFarisi vari pakati pechaunga
vakati kwaari: Mudzidzisi, tsiurai vadzidzi venyu. 40
Zvino wakapindura akati kwavari: Ndinokuudzai kuti
kana ava vakanyarara, mabwe achadanidzira. 41
Zvino wakati aswedera, wakaona guta, akachema
pamusoro paro, 42 achiti: Dai newe waiziva,
kunyange pazuva rino rako zvinhu zverugare rwako;
asi zvino zvakavanzirwa meso ako. 43 Nokuti
mazuva achasvika pamusoro pako, apo vavengi
vako vachakukandira muchinjiziri wakakupoteredza,
vachakukomba, nekukudzvinyidzira pamativi ese, 44
uye vachakuputsira pasi iwe nevana vako mukati
mako, havangasii mukati mako ibwe pamusoro pebwe;
nokuti hauna kuziva nguva yekushanyirwa kwako. 45
Zvino wakapinda mutembere, akatanga kudzingira
panze vakange vachitengesamo nevaitenga, 46
achiti kwavari: Kwakanyorwa kuti: Imba yangu imba
yemunyengetero; asi imwi maiita bako remakororo.
47 Zvino waidzidzisa zuva rimwe nerimwe mutembere;
asi vapristi vakuru nevanyori nevakuru vevanhu
vakatsvaka kumuparadza. 48 Asi havana kuwana
zvavangaita, nokuti vanhu vese vakamunamatira
vachimunzwa.

**20** Zvino zvakaitika parimwe remazuva iwayo,
achidzidzisa vanhu mutembere nekuparidza
evhangeri, vapristi vakuru nevanyori vakasvika
nevakuru, **2** ndokutaura kwaari vachiti: Tiudzei,
munoita zvinhu izvi nesimba ripi, kana ndiani iye
wakakupai simba iri? **3** Zvino wakapindura akati
kwavari: Ini ndichakubvunzaiwo shoko rimwe; uye
mundiudze: **4** Rubhabhatidzo rwaJohwani rwakabva
kudenga, kana kuvanhu? **5** Zvino vakarangana,
vachiti: Kana tikati: Kudenga; achati: Naizvozvo
makaregerei kumutenda? **6** Asi kana tikati: Kuvanhu;
vanhu vese vachatitaka nemabwe; nokuti vaiva
nechokwadi kuti Johwani waiva muporofita. **7**
Vakapindura, vachiti havazivi kwarwakabva. **8** Jesu
ndokuti kwavari: Neni handikuudzii kuti ndinoita
zvinhu izvi nesimba ripi. **9** Zvino wakatanga
kuudza vanhu mufananidzo uyu: Umwe munhu
wakasima munda wemizambiringa, akauhaisa
kuvarimi, akaenda parwendo nguva refu; **10** zvino
nenguva yakafanira wakatuma muranda kuvarimi, kuti
vamupe zvechibereko chemunda wemizambiringa;
asi varimi vakamurova, vakamuendesa asina chinhu.
**11** Zvino wakatumazve umwe muranda; naiye
vakamurovawo vakamunyadzisa, vakamuendesa
asina chinhu. **12** Zvino wakatumazve wechitatu;
uyuwo ndokumukuvadza, vakamukandira kunze. **13**
Zvino mwene wemunda wemizambiringa wakati:
Ndichaitei? Ndichatuma mwanakomana wangu
anodikanwa, zvimwe vakaona iye vachamukudza. **14**
Asi varimi vakati vachimuona vakarangana, vachiti:
Uyu ndiye mugari wenhaka; uyai, ngatimuuraye,
kuti nhaka igova yedu. **15** Vakamukandira kunze
kwemunda wemizambiringa, vakamuuraya. Naizvozvo
mwene wemunda wemizambiringa achavaitirei? **16**
Achauya, ndokuparadza varimi ivava, agopa munda
wemizambiringa vamwe. Zvino vachinzwa, vakati:
Zvisadaro! **17** Asi wakavatarisa, akati: Naizvozvo chii
ichi chakanyorwa, chinoti: Ibwe vavaki ravakaramba,
ndiro rava musoro wekona? **18** Wese anowira
pamusoro pebwe iro, achavhuniwa-vhuniwa; asi ani
nani warinowira pamusoro richamukuya. **19** Zvino
vapristi vakuru nevanyori neawa iroro vakatsvaka
kuisa maoko paari, asi vakatya vanhu; nokuti
vakaziva kuti wakareva mufananidzo uyu akanangana
navo. **20** Vakamucherekedza, vakatumira vashori
vakanyepedzera kuva vakarurama, kuti vamubate
pakutaura, kuti vamukumikidze kuushe nesimba
remutungamiriri. **21** Zvino vakamubvunza, vachiti:
Mudzidzisi, tinoziva kuti munotaura nekudzidzisa
zvakarurama, uye hamugamuchiri chiso, asi
munodzidzisa nzira yaMwari muchokwadi. **22** Zviri
pamutemo here kwatiri kupa mutero kuna Kesari,
kana kwete? **23** Asi wakaziva unyengeri hwavo, akati
kwavari: Munondiidzirei? **24** Ndiratidzei dhenario;
rine mufananidzo nerunyoro rwaani? Vakapindura
vakati: ZvaKesari. **25** Ndokuti kwavari: Naizvozvo
dzorerai kuna Kesari zvinhu zvaKesari, nekuna Mwari
zvinhu zvaMwari. **26** Vakakoniwa kumubata neshoko
rake pamberi pevanhu; vakashamisika nemhinduro
yake; vakanyarara. **27** Zvino kwakaswedera
vamwe veVaSadhusi, vanoramba kuti kune kumuka,
ndokumubvunza, **28** vachiti: Mudzidzisi, Mozisi
wakatinyorera kuti: Kana mukoma wemunhu akafa
ane mukadzi, asi iye akafa asina vana, munin'ina
wake atore mukadzi, amutsire mukoma wake mbeu.
**29** Naizvozvo kwakange kune vanakomana vemunhu
umwe vanomwe; wekutanga ndokutora mukadzi,
akafa asina mwana; **30** newechipiri akatora mukadzi
uyo, neuyu akafa asina mwana; **31** newechitatu
akamutora. Zvikadarowo nevanomwe, uye vakasasiya
vana, vakafa. **32** Pakupedzisira kwavo vese mukadzi
wakafawo. **33** Naizvozvo pakumuka, achava mukadzi
waani kwavari? Nokuti vanomwe vakava naye
semukadzi. **34** Zvino Jesu wakapindura akati kwavari:
Vana venyika ino vanowana, vanowaniswa; **(aiōn
g165)** **35** asi avo vachanzi vakafanira kuwana nyika
iyo nekumuka kubva kuvakafa havawani kana
kuwaniswa; **(aiōn g165)** **36** nokuti havagoni kufazve;
nokuti vakaita sevatumwa, uye vanakomana vaMwari,
vari vanakomana vekumuka. **37** Asi kuti vakafa
vanomutswa, kunyange Mozisi wakaratidza pagwenzi
reminzwa, paakaidza Ishe Mwari waAbhurahama,
naMwari waIsaka, naMwari waJakobho. **38** Nokuti
haasi Mwari wevakafa, asi wevapenyu; nokuti
vese vanoraramira iye. **39** Zvino vamwe vevanyori
vakapindura vakati: Mudzidzisi, mataura zvakanaka.
**40** Uye havana kuzoshinga kumubvunzazve chinhu.
**41** Zvino wakati kwavari: Vanoreva sei kuti Kristu
Mwanakomana waDavhidhi? **42** Nokuti Dhavhidhi
pachake wakareva mubhuku reMapisarema achiti:
Ishe wakati kuna Ishe wangu: Gara kuruoko rwangu
rwerudyi, **43** kusvikira ndaita vavengi vako chitsiko
chetsoka dzako. **44** Naizvozvo Dhavhidhi anomuidza
Ishe, ko Mwanakomana wake sei? **45** Zvino vanhu
vese vachakateerera, wakati kuvadzidzi vake: **46**
Chenjerai vanyori, vanoda kufamba nenguvo refu, uye
vanoda kwaziso pamisika, nezvigaro zvepamusorosa
mumasinagoge, nezvigaro zvemberi pazvirairo; **47**
vanodya dzimba dzechirikadzi, vanonyepedzera
nekuita minyengetero mirefu; ivavo vachagamuchira
mutongo mukuru.

21 Zvino wakati atarira kumusoro akaona vafumi
vachikanda zvipo zvavo muchivigiro chezvipo.
2 Uye wakaonawo imwe chirikadzi murombo
ichikandamo tumari twemhangura tuviri. 3 Ndokuti:
Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Chirikadzi iyi murombo
yakanda kupfuura vese; 4 nokuti avo vese vakanda
muzvipo zvaMwari pamuraudziro wavo, asi iye,
paurombo hwake wakanda chese chaaiva nacho
chaairarama nacho. 5 Zvino vamwe vachiri kutaura
pamusoro petembere, kuti yakange yakashongedzwa
nemabwe akanaka nezvipo, wakati: 6 Zvinhu
izvi zvamunoona, mazuva achasvika okuti ibwe
harizosiiwi pamusoro pebwe, risingazoputsirwi pasi.
7 Zvino vakamubvunza, vachiti: Mudzidzisi, ko
zvinhu izvi zvichava rinhi? Nechiratidzo chii, kana
izvozvi zvoitika? 8 Iye ndokuti: Chenjerai kuti
musatsauswa; nokuti vazhinji vachauya muzita
rangu, vachiti: Ndini Kristu; uye: Nguva yaswedera.
Naizvozvo musavatevera. 9 Zvino kana muchinzwa
zvehondo nenyonga-nyonga, musavhunduswa; nokuti
zvinhu izvi zvinofanira kutanga kuitika; asi kuguma
hakuvipo pakarepo. 10 Ipapo wakati kwavari:
Rudzi ruchamukira rudzi, neushe huchamukira ushe.
11 Uye kudengenyeka kwenyika kukuru kuchava
kunzvimbo dzakasiyana-siyana, nenzara nematenda,
uye zvinotyisa nezviratidzo zvikuru zvichabva
kudenga zvichavapo. 12 Asi mberi kwaizvozvi
zvese vachaisa maoko avo pamuri, nekushusha,
vachikukumikidzai kumasinagoge nemumatirongo,
muchiiswa pamberi pemadzimambo nevabati, nekuda
kwezita rangu. 13 Uye izvi zvichashandukira kwamuri
kuva uchapupu. 14 Naizvozvo zviisei mumoyo menyu,
kuti murege kufanofunganya zvamuchazvidavirira.
15 Nokuti ini ndichakupai muromo nenjere, vavengi
venyu vese zvavachakonewa kupikisa kana
kuramba. 16 Zvino muchatengeswa kunyange
nevabereki, nevanakomana vamai venyu, nehama,
neshamwari, uye vachauraya vamwe venyu. 17 Uye
muchavengwa nevese nekuda kwezita rangu. 18 Asi
hakungatongoparari ruvhudzi rwemusoro wenyu. 19
Mukutsungirira kwenyu wanai mweya yenyu. 20 Zvino
kana muchiona Jerusarema rakombwa nemauto,
zivai ipapo kuti kuparadzwa kwaro kwaswedera. 21
Panguva iyo vari muJudhiya ngavatizire kumakomo;
nevari mukati maro ngavabude; nevari kumaruwa
ngavarege kupinda mariri. 22 Nokuti awa mazuva
etsividzo, kuti zvinhu zvese zvakanyorwa zvizadziswe.
23 Asi vane nhamo vane mimba nevanonwisa
mumazuva iwayo! Nokuti kuchavapo kutambudzika
kukuru munyika, nehasha pamusoro perudzi urwu. 24
Uye vachawa nemuromo wemunondo, nekutapirwa
kumarudzi ese; uye Jerusarema richatsikirwa
pasi nevechirudzi, kusvikira nguva dzevechirudzi
dzazadziswa. 25 Zvino zviratidzo zvichavapo pazuva
nepamwedzi nepanyeredzi; nepanyika kutambudzika
kwemarudzi nekukanganiswa; gungwa nemafungu
zvichitinhira, 26 vanhu vachapera simba nekutya
nekutarisira zvinhu izvo zvinouya panyika; nokuti
masimba ekumatenga achazunguniswa. 27 Zvino
ipapo vachaona Mwanakomana wemunhu achiuya
mugore ane simba nekubwinya kukuru. 28 Zvino
kana zvinhu izvi zvichitanga kuitika, itii tasa, uye
musimudze misoro yenyu, nokuti rudzikunuro rwenyu
rwaswedera. 29 Zvino wakavataurira mufananidzo
achiti: Tarirai muonde nemiti yese; 30 kana ikozvino
yotunga, munozvionera nekuziva kuti zhizha ikozvino
rava pedo. 31 Saizvozvo imwiwo, kana moona
zvinhu izvozvi zvichiitika, zivai kuti ushe hwaMwari
hwava pedo. 32 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Zera
iri haringatongopfuuri, kusvikira zvese zvaitika. 33
Denga nenyika zvichapfuura, asi mashoko angu
haangatongopfuuri. 34 Zvino zvichenjererei, kuti moyo
yenyu irege kuremedzwa nekudyisa nekuraradza
nekufunganya zveupenyu huno, zuva iro rikusvikirei
musingafungiri. 35 Nokuti seriva richasvika pamusoro
pevese vagere pachiso chenyika yese. 36 Naizvozvo
rindai panguva yese munyengetere kuti muverengwe
makafanira kupukunyuka zvinhu izvi zvese zvichaitika,
nekumira pamberi peMwanakomana wemunhu. 37
Zvino waidzidzisa masikati mutembere; asi waibuda
achipedzera usiku mugomo rinonzi reMiorivhi. 38
Vanhu vese ndokuuya kwaari mangwanani-ngwanani
mutembere kuti vamunzwe.

22 Zvino mabiko ezvingwa zvisina mbiriso
akaswedera, anonzi pasika. 2 Vapristi vakuru
nevanyori ndokutsvaka kuti vangamuuraya sei; nokuti
vaitya vanhu. 3 Zvino wakapinda Satani kuna Judhasi
anotumidzwa Isikariyoti, waiverengwa pavanegumi
nevaviri. 4 Akaenda, akanotaura nevapristi vakuru
nevatungamiriri, kuti angamutengesa sei kwavari.
5 Zvino vakafara, vakatenderana kumupa mari. 6
Zvino wakatenda, akatsvaka mukana wakafanira
wekumutengesa kwavari pasina chaunga. 7 Zvino
zuva rezvingwa zvisina mbiriso rakasvika, paifanira
kubaiwa pasika. 8 Zvino wakatuma Petro naJohwani,
achiti: Endai munotigadzirira pasika, kuti tidye. 9 Zvino
vakati kwaari: Ndekupi kwamunoda kuti tigadzirire? 10
Zvino wakati kwavari: Tarirai, kana mapinda muguta,
munhu achasangana nemwi akatakura chirongo
chemvura; mumutevere mumba maanopinda. 11
Uye muti kumwene weimba: Mudzidzisi anoti kwauri:

Imba yevaeni iripi, mandingadyira pasika nevadzidzi
vangu? **12** Uye iye achakuratidzai imba huru
yekumusoro yakarongedzwa; gadzirirai ipapo. **13**
Zvino vakaenda vakanowana sezvaakange avaudza;
ndokugadzirira pasika. **14** Zvino awa rakati rasvika,
akagara pakudya, nevaapositori gumi nevaviri
vanaye. **15** Ndokuti kwavari: Nechishuwo ndakashuva
kudya pasika iyi nemwi ndisati ndatambudzika;
**16** nokuti ndinoti kwamuri: Handichazodyizve pairi,
kusvikira yazadziswa muushe hwaMwari. **17**
Zvino wakatora mukombe, avonga akati: Torai
ichi, mugogovana. **18** Nokuti ndinoti kwamuri:
Handichatongonwi zvechibereko chemuzambiringa,
kusvikira ushe hwaMwari hwasvika. **19** Zvino wakatora
chingwa, akavonga, akamedura, ndokuvapa, achiti:
Uyu muviri wangu, unopiwa pachinzvimbo chenyu;
izvi itai kundirangarira. **20** Saizvozvowo mukombe
shure kwekurayira, achiti: Mukombe uyu isungano
itsva muropa rangu, rinoteurirwa imwi. **21** Asi
tarirai, ruoko rweanonditengesa rwuneni patafura.
**22** Zvino zvirokwazvo Mwanakomana wemunhu
anoenda sezvazvakatemwa; asi ane nhamo munhu
uyo waanotengeswa naye! **23** Zvino ivo vakatanga
kubvunzana kuti ko ndiani pavari achaita chinhu
ichi. **24** Zvino gakava rakavapowo pakati pavo
kuti ndiani kwavari anoverengwa semukurusa. **25**
Zvino wakati kwavari: Madzimambo evechirudzi
anotonga zvakaoma pamusoro pavo, nevatongi
vavo vanonzi vabatsiri. **26** Asi imwi zvisadaro; asi
mukurusa kwamuri ngaave semudiki, nemutungamiriri
seanoshandira. **27** Nokuti ndiani mukuru, uyo agere
pakudya kana anoshandira? Haasi iye agere pakudya
here? Asi ini ndiri pakati penyu seanoshandira. **28**
Nemwi ndimwi makagara neni pamiedzo yangu;
**29** zvino ini ndinogadza kwamuri ushe, saBaba
vangu vakagadza kwandiri; **30** kuti mudye nekunwa
patafura yangu muushe hwangu, nekugara pazvigaro
zveushe, muchitonga marudzi gumi nemaviri aIsraeri.
**31** Ishe ndokuti: Simoni, Simoni, tarira, Satani
wakukumbirai kuti akuzungurei segorosi; **32** asi
ini ndakunyengeterera, kuti rutendo rwako rwurege
kupera; newe kana watendeuka, usimbise hama
dzako. **33** Asi wakati kwaari: Ishe, ndakagadzirira
kuenda nemwi zvese mutirongo nemurufu. **34** Asi iye
wakati: Ndinokuudza, Petro, jongwe haringatongoriri
nhasi, usati waramba katatu kuti unondiziva. **35**
Zvino wakati kwavari: Pandakakutumai musina
chikwama nehombodo neshangu, makashaiwa
chinhu here? Vakati: Hapana. **36** Zvino akati
kwavari: Asi ikozvino, ane chikwama ngaatore,
saizvozvowo nehombodo; neasina, ngaatengese
nguvo yake, atenge munondo. **37** Nokuti ndinoti
kwamuri: Izvi zvakanyorwa zvichakafanira kuzadziswa
mandiri, zvinoti: Wakaverengwa pamwe nevadariki;
nokuti zvinhu izviwo zviri maererano neni zvine
mugumo. **38** Zvino vakati: Ishe, tarirai, heyi
minondo miviri. Akati kwavari: Zvaringana. **39**
Zvino wakabuda akaenda sezvaaisiita kugomo
reMiorivhi; nevadzidziwo vake vakamutevera. **40**
Zvino wakati asvika panzvimbo, akati kwavari:
Nyengeterai kuti muregе kupinda pamuedzo. **41** Zvino
iye wakasuduruka kwavari, chingava chinhambwe
chingaposherwa ibwe; ndokufugama akanyengetera,
**42** achiti: Baba, kana muchida, bvisai mukombe
uyu kwandiri; asi chisava chido changu, asi chenyu
ngachiitwe. **43** Zvino kwakaonekwa mutumwa kwaari
wakabva kudenga achimusimbisa. **44** Zvino, ari
pakurwadziwa kukuru, wakanyanya kunyengetera.
Zvino ziya rake rikaita semazidomwe eropa achiwira
pasi. **45** Zvino wakati asimuka pamunyengetero,
akauya kuvadzidzi vake, akavawana varara neshungu.
**46** Ndokuti kwavari: Mararirei? Mukai munyengetere,
kuti muregе kupinda pamuedzo. **47** Zvino wakati
achataura, tarira, chaunga, naiye wainzi Judhasi,
umwe wevanegumi nevaviri, akavatungamirira,
ndokuswedera kuna Jesu, kuti amutsvode. **48** Asi Jesu
wakati kwaari: Judhasi, unotengesa Mwanakomana
wemunhu netsvodo here? **49** Zvino avo vaiva
vakamukomba pavakaona zvaizoitika vakati kwaari:
Ishe, tichatema nemunondo here? **50** Zvino umwe
wavo wakatema muranda wemupristi mukuru, akagura
nzeve yake yerudyi. **51** Asi Jesu wakapindura
akati: Regai zvisvike ipapa. Ndokubata nzeve yake,
akamuporesa. **52** Zvino Jesu wakati kuvapristi vakuru
nevatungamiriri vetembere nevakuru vakange vauya
kwaari: Mabuda semakanangana negororo neminondo
netsvimbo here? **53** Ndaiva nemwi mutembere
zuva nezuva mukasatandavadzira ruoko kwandiri;
asi zvino iawa renyu, nesimba rerima. **54** Zvino
vakamutora, vakamutungamidza, vakapinda naye
mumba memupristi mukuru. Petro ndokutevera ari
kure. **55** Zvino vakati vavesa moto pakati pechivanze,
ndokugara pasi pamwe, Petro akagara pakati pavo.
**56** Zvino umwe murandakadzi wakamuona agere
pamoto, ndokumutarisisa, akati: Uyuwo wakange
anaye. **57** Asi iye wakamurambira, achiti: Mukadzi,
handimuzivi. **58** Uye shure kwechinguvana, umwe
wakamuona akati: Iwewo uri umwe wavo. Petro
ndokuti: Iwe munhu, handisi. **59** Zvino nguva
inenge awa rimwe yakati yapfuura, umwezve
wakasimbisa ane chokwadi, achiti: Zvirokwazvo uyuwo
wakange anaye; nokuti muGarireawo. **60** Zvino Petro

wakati: Iwe munhu, handizivi zvaunoreva. Pakarepo
achataura jongwe rakarira. 61 Ishe ndokutendeuka
akatarira Petro. Petro ndokurangarira shoko raIshe,
kuti akamuudza sei, achiti: Jongwe risati rarira,
uchandiramba katatu. 62 Zvino Petro wakabuda
panze akachema zvinorwadza. 63 Zvino varume
vakange vakabata Jesu, vakamuseka, vakamurova.
64 Uye vakati vamuvhara kumeso, vakamurova
chiso, ndokumubvunza vachiti: Porofita! Ndiani
wakurova? 65 Nezvimwe zvinhu zvizhinji vakareva
kwaari, vachituka. 66 Zvino kwakati kuchingoedza,
dare revatariri vevanhu nevapristi vakuru nevanyori
vakaungana, vakamuisa kudare ravo remakurukota
vachiti: 67 Kana iwe uri Kristu, tiudze. Zvino akati
kwavari: Kana ndikakuudzai, hamutongotendi; 68
uyewo kana ndikabvunza, hamumbondipinduri, kana
kundisunungura. 69 Kubva ikozvino Mwanakomana
wemunhu achagara kuruoko rwerudyi rwesimba
rwaMwari. 70 Vese ndokuti: Naizvozvo iwe uri
Mwanakomana waMwari kanhi? Iye ndokuti kwavari:
Imwi mareva kuti ndini. 71 Zvino vakati: Tichadirei
uchapupu? Nokuti tomene tanzwa pamuromo wake.

**23** Zvino chaunga chavo chese chakasimuka,
chikamutungamidza kuna Pirato. 2 Zvino
vakatanga kumupomera, vachiti: Tawana uyu
achitsausa rudzi, nekudzivisa kupa mitero kuna Kesari,
achiti iye pachake ndiKristu Mambo. 3 Zvino Pirato
wakamubvunza achiti: Iwe uri Mambo weVaJudha
here? Ndokumupindura, akati: Unoreva iwe. 4 Pirato
ndokuti kuvapristi vakuru nezvaunga: Handiwani
mhosva kumunhu uyu. 5 Asi vakasimbisa, vachiti:
Unonyonganisa vanhu, achidzidzisa muJudhiya rese,
kutanga paGarirea kusvikira pano. 6 Pirato wakati
anzwa zveGarirea, akabvunza kana munhu uyu ari
muGarirea. 7 Zvino paakangoziva kuti ndeweushe
hwaHerodhe, wakamutumira kuna Herodhe, iye
waivawo muJerusarema pamazuva iwayo. 8
Zvino Herodhe paakaona Jesu wakafara zvikurusa;
nokuti waishuva kumuona kwenguva refu, nokuti
wakange anzwa zvinhu zvizhinji pamusoro pake;
uye wakatarisira kuona chimwe chiratidzo chichiitwa
naye. 9 Ndokumubvunza nemashoko mazhinji; asi
iye haana kumupindura chinhu. 10 Zvino vapristi
vakuru nevanyori vakamira vakamupomera zvine
simba. 11 NaHerodhe nemauto ake wakamuzvidza,
nekuseka akamupfekedza nguvo refu inobwinya,
akamudzosera kuna Pirato. 12 Nemusi iwoyo Pirato
naHerodhe vakava shamwari neshamwari; nokuti
paimbova neruvengo pakati pavo. 13 Zvino Pirato
wakati adanira pamwe vapristi vakuru nevatungamiriri
nevanhu, 14 akati kwavari: Mauisa munhu uyu kwandiri
seanotsausa vanhu; zvino tarirai ini ndaongorora
pamberi penyu, handina kuwana mhosva kumunhu
uyu yezvinhu zvamunomupomera; 15 kwete, kunyange
Herodhe; nokuti ndinokutumai kwaari; zvino tarirai,
hapana chakafanira rufu chakaitwa naye. 16
Naizvozvo ndichamurova ndigomusunungura. 17
Nokuti zvaiva zvakafanira kuti avasunungurire umwe
pamutambo. 18 Asi vese vakadanidzira pamwe
vachiti: Kure neuyu, asi mutisunungurire Bharabhasi.
19 Iye wakange akandirwa mutirongo nemhaka
yerimwe bongozozo rakange raitika muguta uye
neumhondi. 20 Naizvozvo Pirato achida kusunungura
Jesu, wakataurazve kwavari. 21 Asi vakadanidzira,
vachiti: Roverera pamuchinjikwa, muroverere
pamuchinjikwa! 22 Akati kwavari rwechitatu: Nemhaka
yei, iye waita chakaipa chipi? Handina kuwana
mhosva yerufu maari; naizvozvo ndichamurova
ndigomusunungura. 23 Asi vakasimbisa nemanzwi
makuru, vachikumbira kuti arovererwe pamuchinjikwa.
Manzwi avo neevapristi vakuru akabudirira. 24
Zvino Pirato wakatema kuti chikumbiro chavo
chiitike. 25 Akavasunungurira uyo wavakakumbira,
wakange akandwa mutirongo nekuda kwebongozozo
neumhondi; asi akakumikidza Jesu kuchido chavo.
26 Zvino vakati vachimutungamidza, vakabata umwe
Simoni muKurini achibva kuruwa, vakamutakudza
muchinjikwa, kuti atakure shure kwaJesu. 27 Zvino
kwakatevera kwaari chaunga chikuru chevanhu,
nevakadzi vairirawo nekumuchema. 28 Asi
Jesu wakatendeukira kwavari akati: Vakunda
veJerusarema, musachemera ini, asi muzvichemere
imwi nevana venyu; 29 nokuti tarirai, mazuva anouya
avachati nawo: Dzakaropafadzwa mhanje, nezvizvaro
zvisina kubereka, nemazamu asina kunwisa. 30
Ipapo vachatanga kuti kumakomo: Wirai pamusoro
pedu; nekuzvikomo: Tifukidzei. 31 Nokuti kana
vachiita zvinhu izvi kumuti munyoro, chii chichaitika
kune wakawoma? 32 Zvino kwakatungamidzwawo
vamwe vaiti vezvakaipa vaviri, kuti vaurawe pamwe
naye. 33 Zvino vakati vasvika panzvimbo inonzi
Dehenya, ipapo vakamuroverera pamuchinjikwa,
nevaiti vezvakaipa, umwe kuruoko rwerudyi, neumwe
kuruboshwe. 34 Jesu ndokuti: Baba, vakanganwirei;
nokuti havazivi chavanoita. Zvino vakagovana nguvo
dzake, vakakanda mujenya. 35 Vanhu ndokumira
vakatarira. Nevatongiwo pamwe navo vakamuseka,
vachiti: Wakaponesa vamwe, ngaazviponese, kana iye
ari Kristu, musanangurwa waMwari. 36 Nemautowo
akamuseka, achimuvigira vhiniga, 37 uye vachiti:
Kana iwe uri Mambo weVaJudha, zviponese. 38 Zvino

kwakange kune rugwarowo rwakanyorwa pamusoro
pake nemavara echiGiriki nechiRoma nechiHebheru,
rwaiti: UYU NDIMAMBO WEVAJUDHA. 39 Uye
umwe wevaiti vezvakaipa vakange vakaremberedzwa
wakamutuka achiti: Kana iwe uri Kristu, ziponese
iwe nesu. 40 Asi umwe wakapindura achimutsiura,
achiti: Iwe hautyi Mwari kanhi, zvauri pakutongwa
kumwe? 41 Isu zvirokwazvo zvakarurama, nokuti
tinogamuchira zvakafanira zvatakaita; asi uyu haana
kuita chinhu chisakafanira. 42 Zvino akati kuna
Jesu: Ishe mundirangarire kana masvika muushe
hwenyu. 43 Jesu ndokuti kwaari: Zvirokwazvo ndinoti
kwauri: Nhasi uchava neni muParadhiso. 44 Zvino
rakange rava awa rinenge rechitanhatu; kukavapo
rima pamusoro penyika yese, kusvikira paawa
repfumbamwe. 45 Nezuva rakadzikatirwa, uye vheiri
retembere rakabvarurwa nepakati. 46 Zvino Jesu
wakati adanidzira nenzwi guru achiti: Baba, mumaoko
enyu ndinokumikidza mweya wangu; akati areva
izvozvi, akapa mweya. 47 Zvino mukuru wezana
wakati aona zvakaitika, akarumbidza Mwari, achiti:
Zvirokwazvo munhu uyu wakange akarurama. 48
Nezvaunga zvese zvakange zvakaungana kuzoona
izvozvi, zvakati zvichiona zvakaitika, zvikadzokera
zvichizvirova zvifuva. 49 Nevazikanwi vake vese,
nevakadzi vaimutevera vachibva Garirea, vakamira
kure, vachiona zvinhu izvi. 50 Zvino tarira, murume
wainzi Josefa, nhengo yedare, murume wakanaka
uye wakarurama; 51 iye wakange asina kutenderana
nezano nechiito chavo; waiva weArimatia, guta
reVaJudha, naiyewo wakange achimirira ushe
hwaMwari. 52 Iye wakaenda kuna Pirato akakukumbira
mutumbi waJesu. 53 Zvino wakauburusa, akauputira
nemucheka werineni, ndokuuradzika muguva rakange
rakacherwa pabwe, makange musina kumboradzikwa
munhu. 54 Zvino waiva musi wegadziriro, uye
sabata roswedera. 55 Nevakadziwo, vakange vauya
naye vachibva Garirea, vakatevera mumashure,
vakaona guva, nokuti mutumbi wake waradzikwa sei.
56 Uye vakadzokera, vakagadzirira zvinonhuhwira
nezvizoro. Zvino vakazorora nesabata zvichienderana
nemurairo.

24 Zvino nemusi wekutanga wevhiki,
mambakwedza, vakauya kuguva, vakatakura
zvinonhuhwira zvavakange vagadzirira, nevamwe
vanavo. 2 Zvino vakawana ibwe rakakunguruswa
kubva paguva. 3 Vakabva vapinda vakasawana
mutumbi waIshe Jesu. 4 Zvino vakati vakakanganiswa
kwazvo nazvo, zvino tarira, varume vaviri vakamira
navo vakapfeka nguvo dzinopenya; 5 zvino vachiri
kutya, ndokukotamisa zviso pasi, varume vakati
kwavari: Munotsvakirei mupenyu pavakafa? 6 Haasi
pano, asi wamuka; rangarirai kuti wakataura sei
kwamuri achiri muGarirea, 7 achiti: Mwanakomana
wemunhu anofanira kukumikidzwa mumaoko
evanhu vezvivi, nekurovererwa pamuchinjikwa, uye
pazuva retatu amukezve. 8 Zvino vakarangarira
mashoko ake. 9 Zvino vakadzoka vachibva kuguva,
vakaudza zvinhu izvi zvese kuvanegumi neumwe
nekune vamwe vese. 10 Vaiva Maria Magidharini
naJohwana naMaria mai vaJakobho, nevamwe
vavaiva navo, vakaudza vaapositori zvinhu izvi. 11
Zvino mashoko avo akaonekera sekutaura kusina
maturo pamberi pavo, uye havana kuvatenda.
12 Asi Petro wakasimuka akamhanyira kuguva;
akakotama ndokutarira, akaona micheka yerineni
yakaradzikwa yega; ndokuenda, ashamisika mukati
make nezvakange zvaitika. 13 Zvino tarira, pazuva
iroro vaviri vavo vaifamba vachienda kumusha wainzi
Emausi, wakange uri masitadhia makumi matanhatu
kubva kuJerusarema. 14 Zvino ivo vaitaurirana
pamusoro pezvinhu izvi zvese zvakange zvaitika. 15
Zvino zvakaitika kuti vachitaurirana nekubvunzana,
Jesu amene wakaswedera akafamba navo, 16 asi
meso avo akange abatwa kuti vasamuziva. 17 Zvino
wakati kwavari: Mashoko ei awa amunokurukurirana
muchifamba, uye makasuruvara? 18 Umwe, wainzi
Kiriyopasi, ndokupindura akati kwaari: Ndiwe wega
mutorwa muJerusarema, uye hauziva zvakaitikamo
mumazuva ano here? 19 Zvino akati kwavari:
Zvinhui? Ivo vakati kwaari: Zviri maererano naJesu
weNazareta, waiva murume muporofita ane simba
pachiito nepashoko pamberi paMwari nevanhu
vese; 20 uye kuti vapristi vakuru nevatongi vedu
vakamukumikidza sei kuti atongerwe rufu, uye
vakamuroverera pamuchinjikwa. 21 Asi isu taivimba
kuti ndiye waizodzikunura Israeri. Asiwo kunze
kweizvi zvese, nhasi izuva retatu kubva zvaitika
zvinhu izvi. 22 Asi vamwewo vakadzi vekwedu
vatishamisa, vanga vafumira kuguva; 23 zvino vati
vasingawani mutumbi wake, vauya vachiti vaona
chiratidzo chevatumwawo, vati mupenyu. 24 Uye
vamwe vevaiva nesu vaenda kuguva, vakawanawo
zvakadaro vakadziwo sezvavakange vareva; asi iye
havana kumuona. 25 Zvino iye akati kwavari: Haiwa
imwi vekusanzwisisa, uye mune moyo ine chinono
kutenda zvese vaporofita zvavakataura! 26 Ko Kristu
wakange asingafaniri kutambudzika nezvinhu izvi,
ndokupinda pakubwinya kwake here? 27 Ndokutanga
kuna Mozisi nekuvaporofita vese, akadudzira kwavari
mumagwaro ese zvinhu zviri maererano naye. 28

Zvino vakaswedera kumusha kwavakange vachienda;
iye ndokuita sewopfuurira. 29 Asi vakamumanikidza,
vachiti: Garai nesu, nokuti koda kuvira, uye zuva
ranyura. Ndokupinda kunogara navo. 30 Zvino
zvakaitika agere navo pakudya, wakatora chingwa
akaropafadza, akamedura ndokupa kwavari. 31
Zvino meso avo ndokuzarurwa, ndokumuziva; iye
ndokunyangarika kwavari. 32 Zvino vakataurirana
vachiti: Moyo wedu wanga usingapisi mukati medu
here paanga achitaura nesu munzira, nepaanga
achitizarurira magwaro? 33 Zvino vakasimuka
neawa iroro, vakadzokera kuJerusarema, vakawana
vanegumi neumwe vakaungana nevaiva navo,
34 vachiti: Ishe wamuka zvirokwazvo, waonekwa
naSimoni. 35 Ivo vakarondedzera zvinhu zvakaitika
munzira, uye kuti wakazikanwa navo sei pakumedura
chingwa. 36 Zvino vakati vachataura zvinhu izvozvi,
Jesu amene wakamira pakati pavo, akati kwavari:
Rugare kwamuri. 37 Asi vakavhunduswa, vakatya,
vakafunga kuti vaona mweya. 38 Zvino akati
kwavari: Mononetsekerei, uye mifungo inomukirei
mumoyo yenyu? 39 Tarirai maoko angu netsoka
dzangu, kuti ndini ndomene. Ndibatei, muone, nokuti
mweya hauna nyama nemafupa, sezvamunoona
ndinazvo. 40 Zvino wakati areva izvi akavaratidza
maoko netsoka. 41 Zvino vakati vachigere kutenda
nekuda kwekufara vachishamisika, akati kwavari:
Mune chinodyika pano here? 42 Zvino vakamupa
nhindi yehove yakagochwa neyezinga reuchi. 43
Iye ndokutora akadya pamberi pavo. 44 Zvino
wakati kwavari: Awa mashoko andakataura kwamuri
ndichiri nemwi, kuti zvinhu zvese zvinofanira
kuzadziswa, zvakanyorwa pamurairo waMozisi,
nepavaporofita nepaMapisarema maererano neni. 45
Ipapo akazarura kunzwisisa kwavo, kuti vanzwisise
magwaro. 46 Ndokuti kwavari: Zvakanyorwa saizvozvi,
saizvozvowo zvakafanira Kristu kutambudzika,
nekumuka kubva kuvakafa zuva retatu, 47 uye kuti
kutendeuka nekanganwiro yezvivi zviparidzirwe
marudzi ese muzita rake, kutanga paJerusarema. 48
Uye imwi muri zvapupu zvezvinhu izvi. 49 Zvino tarirai,
ini ndinotuma chivimbiso chaBaba vangu pamusoro
penyu; asi imwi garai muguta reJerusarema,
kusvikira mafukidzwa nesimba rinobva kumusoro. 50
Zvino akavatungamirira kunze kusvikira Bhetaniya,
ndokusimudza maoko ake akavaropafadza. 51 Zvino
zvakaitika achavaropafadza, akaparadzana navo,
akakwidzwa kudenga. 52 Zvino vakamunamata,
vakadzokera kuJerusarema vane mufaro mukuru;
53 uye vakagara nguva dzese mutembere,
vachirumbidza nekutenda Mwari. Ameni.

# Johani

1 Pakutanga wakange aripo Shoko, uye Shoko
wakange ana Mwari, uye Shoko wakange ari Mwari.
2 Iye uyu wakange ana Mwari pakutanga. 3 Zvinhu
zvese zvakaitwa naye, uye kunze kwake hakuna
kuitwa chinhu chimwe chakaitwa. 4 Maari maiva
neupenyu, uye upenyu hwaiva chiedza chevanhu, 5
uye chiedza chinovhenekera murima, asi rima harina
kuchigamuchira. 6 Kwakauya munhu wakatumwa
kubva kuna Mwari, zita rake riri Johwani. 7 Iye
wakauyira uchapupu, kuti apupure zvechiedza, kuti
vese vatende naye. 8 Iye wakange asiri icho chiedza,
asi wakatumwa kuti apupure pamusoro pechiedza. 9
Chaiva chiedza chechokwadi, chinovhenekera munhu
umwe neumwe anouya panyika. 10 Wakange ari
munyika, nenyika yakaitwa naye, asi nyika haina
kumuziva. 11 Wakauya kune zvake, asi vake havana
kumugamuchira. 12 Asi vese vakamugamuchira,
wakavapa kodzero kuti vave vana vaMwari, ivo
vanotenda kuzita rake; 13 vakaberekwa kwete
neropa, kana nechido chenyama, kana nechido
chemurume, asi naMwari. 14 Shoko ndokuzova
nyama, akagara pakati pedu, uye takaona kubwinya
kwake, kubwinya sekwewakaberekwa umwe ega
waBaba, azere nenyasha nechokwadi. 15 Johwani
wakapupura pamusoro pake, akadanidzira achiti:
Uyu ndiye wandaireva ndichiti: Uyu anouya shure
kwangu wakanditangira; nokuti wakange aripo
mberi kwangu. 16 Nepakuzara kwake isu tese
takagamuchira, uye nyasha nenyasha. 17 Nokuti
murairo wakapiwa naMozisi, nyasha nechokwadi
zvakauya naJesu Kristu. 18 Hakuna wakatongoona
Mwari; Mwanakomana wakaberekwa umwe ega, ari
pachifuva chaBaba, ndiye wakamuzivisa. 19 Uye
uhu ndihwo uchapupu hwaJohwani, apo VaJudha
vakatuma vapristi neVaRevhi kubva kuJerusarema
kuti vanomubvunza kuti: Iwe ndiwe ani? 20 Akabvuma,
uye haana kuramba; ndokubvuma achiti: Ini handisi
Kristu. 21 Zvino vakamubvunza vachiti: Saka kudini?
Iwe uri Erija here? Akati: Handisi. Iwe uri uya
muporofita here? Akapindura akati: Kwete. 22
Naizvozvo vakati kwaari: Ndiwe ani? Kuti tipe mhinduro
vatituma; unoti kudini pamusoro pako? 23 Akati:
Ini ndini inzwi reanodanidzira murenje: Ruramisai
nzira yaIshe; sezvakareva Isaya muporofita. 24
Ava vakange vatumwa vaibva kuVaFarisi. 25 Zvino
vakamubvunza, vakati kwaari: Unogobhabhatidzirei,
kana iwe usiri Kristu, kana Eria, kana muporofita uya?
26 Johwani akavapindura, achiti: Ini ndinobhabhatidza
nemvura; asi pakati penyu pamire wamusingazivi
imwi; 27 ndiye anouya shure kwangu, ari mberi
kwangu, wandisina kufanira ini kuti ndisunungure
rukanda rweshangu yake. 28 Izvozvi zvakaitika
paBhetabhara, mhiri kwaJoridhani, kwaibhabhatidza
Johwani. 29 Ava mangwana Johwani wakaona Jesu
achiuya kwaari, akati: Tarirai, Gwayana raMwari,
rinobvisa rotakura chivi chenyika. 30 Uyu ndiye ini
wandaitaura nezvake ndichiti: Shure kwangu kunouya
murume, wakanditangira, nokuti wakange ariko mberi
kwangu. 31 Neni ndakange ndisingamuzivi; asi
kuti aziviswe kuna Israeri, nekuda kweizvozvo ini
ndakauya ndichibhabhatidza nemvura. 32 Johwani
ndokupupura, achiti: Ndakaona Mweya achiburuka
kudenga senjiva, akagara pamusoro pake. 33
Neni ndakange ndisingamuzivi; asi wakandituma
kubhabhatidza nemvura, ndiye wakati kwandiri:
Uyo waunoona Mweya achiburukira pamusoro pake
nekugara pamusoro pake, ndiye anobhabhatidza
neMweya Mutsvene. 34 Zvino ini ndakaona
ndikapupura kuti uyu Mwanakomana waMwari. 35
Ava mangwanazve Johwani wakange amire, nevaviri
vevadzidzi vake; 36 zvino wakatarisa Jesu achifamba-
famba, akati: Tarirai Gwayana raMwari. 37 Vadzidzi
vaviri ndokumunzwa achitaura, ndokutevera Jesu. 38
Zvino Jesu atendeuka wakavaona vachitevera, akati
kwavari: Munotsvakei? Vakati kwaari: Rabhi (ndokuti
kana zvichishandurwa, Mudzidzisi) munogarepi?
39 Akati kwavari: Uyai muone. Vakauya vakaona
paaigara; ndokugara naye zuva iroro; rakange riri awa
rinenge regumi. 40 Andiriya munin'ina waSimoni Petro
waiva umwe wevaviri vakange vazvinzwa naJohwani
vakamutevera. 41 Iye wakatanga kuwana mukoma
wake chaiye Simoni, akati kwaari: Tamuwana Mesiasi;
ndiko kuti kana zvichishandurwa, Kristu. 42 Zvino
akamuisa kuna Jesu. Jesu ndokuti amutarira akati: Iwe
uri Simoni mwanakomana waJona; iwe uchanzi Kefasi
(zvinoshandurwa kunzi Petro). 43 Ava mangwana
Jesu akada kubudira kuGarirea, ndokuwana Firipi,
ndokuti kwaari: Nditevere. 44 Zvino Firipi wakange ari
weBhetisaidha, muguta raAndiriya naPetro. 45 Firipi
akawana Nataniyeri, ndokuti kwaari: Tamuwana Mozisi
waakanyora nezvake pamurairo nevaporofita, Jesu
weNazareta, mwanakomana waJosefa. 46 Nataniyeri
ndokuti kwaari: Chinhu chakanaka chinogona kubva
muNazareta here? Firipi akati kwaari: Uya uone. 47
Jesu wakaona Nataniyeri achiuya kwaari, ndokuti
pamusoro pake: Tarira muIsraeri wechokwadi, musina
kunyengera maari. 48 Nataniyeri akati kwaari:
Mandizivirepi? Jesu akapindura, akati kwaari: Firipi
asati akudana, pawanga uri munyasi memuonde,

ndakuona. 49 Nataniyeri akapindura ndokuti kwaari:
Rabhi, imwi muri Mwanakomana waMwari, imwi
muri Mambo waIsraeri. 50 Jesu akapindura ndokuti
kwaari: Unotenda nokuti ndati kwauri: Ndakuona
munyasi memuonde. Uchaona zvinhu zvikuru
kune izvi. 51 Zvino akati kwaari: Zvirokwazvo,
zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Kubva ikozvino
muchaona denga razaruka, nevatumwa vaMwari
vachikwira nekuburukira pamusoro peMwanakomana
wemunhu.

2 Zvino nezuva retatu kwakava nemuchato muKana
yeGarirea; namai vaJesu vakange varipo. 2
NaJesuwo wakange akokwa pamwe nevadzidzi
vake kumuchato. 3 Waini yakati ichishaikwa, mai
vaJesu vakati kwaari: Havana waini. 4 Jesu akati
kwavari: Mukadzi, ndinei newe? Nguva yangu haisati
yasvika. 5 Mai vake vakati kuvaranda: Chipi nechipi
chaanokuudzai, itai. 6 Zvino kwakange kwakaiswapo
zvirongo zvitanhatu zvemabwe semachenuriro
emaJudha, chimwe nechimwe chaipinda zviyero
zviviri kana zvitatu. 7 Jesu akati kwavari: Zadzai
zvirongo nemvura. Vakazvizadza kusvikira pamuromo.
8 Ndokubva ati kwavari: Cherai ikozvino, mutakurire
kumubati wekudya. Vakazvitakura. 9 Mubati wekudya
wakati aravira mvura ikava waini, asingazivi kwainobva
(asi varanda vakange vachera mvura vaiziva), mubati
wekudya akadana muwani, 10 ndokuti kwaari:
Munhu umwe neumwe pakutanga anoisa waini
yakanaka, kana vanyatsonwa, isina kunyatsonaka;
iwe wachengeta waini yakanaka kusvikira zvino. 11
Uku kutanga kwezviratidzo kwakaita Jesu paKana
yeGarirea, akaratidza kubwinya kwake; vadzidzi vake
vakatenda kwaari. 12 Shure kweizvozvo wakaburukira
kuKapenaume, iye, namai vake, nevanin'ina vake,
nevadzidzi vake; vakagarako mazuva asiri mazvinji.
13 Zvino pasika yeVaJudha yakange yaswedera,
Jesu ndokukwira kuJerusarema. 14 Akawanawo
mutembere avo vanotengesa nzombe nemakwai
nenjiva, nevatsinhanisi vemari vagere. 15 Zvino
wakati aita tyava yerwonzi, akavadzinga vese
mutembere, nemakwai nenzombe; akateura mari
yevatsinhanisi, ndokupidigura matafura. 16 Akati kune
vaitengesa njiva: Bvisai zvinhu izvi pano; musaita imba
yaBaba vangu imba yekutengeserana. 17 Vadzidzi
vake ndokurangarira kuti kwakanyorwa kuchinzi:
Kushingairira imba yenyu kwandidya kukandipedza.
18 Naizvozvo VaJudha vakapindura, vakati kwaari:
Unotiratidza chiratidzo chei, chekuti unoita zvinhu izvi?
19 Jesu akapindura akati kwavari: Pazai tembere iyi,
uye mumazuva matatu ndichaimutsa. 20 Naizvozvo
VaJudha vakati: Makore makumi mana nematanhatu
tembere iyi ichivakwa, zvino iwe ungaimutsa
nemazuva matatu here? 21 Asi iye waireva zvetembere
yemuviri wake. 22 Naizvozvo wakati amuka kubva
kuvakafa, vadzidzi vake vakarangarira kuti wakange
areva izvi kwavari; ndokutenda rugwaro, neshoko Jesu
raakange areva. 23 Zvino wakati ava muJerusarema
papasika, pamutambo, vazhinji vakatenda kuzita rake
pavakaona zviratidzo zvaaiita. 24 Asi Jesu pachake
haana kuzvikumikidza kwavari, nokuti wakange
achivaziva vese. 25 Uye nokuti wakange asingatsvaki
kuti ani nani apupure zvemunhu; nokuti wakange
achiziva pachake zvakange zviri mumunhu.

3 Kwaiva nemunhu wekuVaFarisi, Nikodhimo riri zita
rake, mutungamiriri weVaJudha. 2 Uyu wakauya
kuna Jesu usiku, akati kwaari: Rabhi, tinoziva
kuti muri Mudzidzisi wakabva kuna Mwari; nokuti
hakuna anogona kuita zviratidzo izvi zvamunoita
imwi, kana Mwari asinaye. 3 Jesu akapindura
ndokuti kwaari: Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti
kwauri: Kunze kwekuti munhu aberekwa kutsva,
haagoni kuona ushe hwaMwari. 4 Nikodhimo
akati kwaari: Munhu anogona kuberekwa sei ava
mukuru? Anogona kupinda rwechipiri mudumbu
ramai vake agoberekwa here? 5 Jesu akapindura
akati: Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri: Kana
munhu asina kuberekwa nemvura neMweya, haagoni
kupinda muushe hwaMwari. 6 Icho chakaberekwa
nenyama inyama; nechakaberekwa neMweya,
mweya. 7 Usashamisika kuti ndati kwauri: Zvakafanira
kuti muberekwe kutsva. 8 Mhepo inovhuvhuta
painoda, uye unonzwa inzwi rayo, asi hauzivi
painobva nepainoenda; wakadaro wese wakaberekwa
neMweya. 9 Nikodhimo akapindura ndokuti kwaari:
Zvinhu izvi zvinogona kuitika sei? 10 Jesu akapindura,
ndokuti kwaari: Iwe uri mudzidzisi waIsraeri, asi
haunzwisisi zvinhu izvi here? 11 Zvirokwazvo,
zvirokwazvo, ndinoti kwauri: Tinotaura zvatinoziva,
tichipupura zvatakaona; asi hamugamuchiri uchapupu
hwedu. 12 Kana ndakakuudzai zvinhu zvenyika uye
mukasatenda, muchatenda sei kana ndichikuudzai
zvinhu zvekudenga? 13 Uye hakuna munhu
wakakwira kudenga, kunze kwewakaburuka kudenga,
Mwanakomana wemunhu ari kudenga. 14 Uye
Mozisi sezvaakasimudza nyoka murenje, saizvozvowo
Mwanakomana wemunhu anofanira kusimudzwa;
15 kuti ani nani anotenda maari arege kuparara
asi ave neupenyu husingaperi. **(aiōnios g166)** 16
Nokuti Mwari wakada nyika zvakadai, kuti wakapa
Mwanakomana wake wakaberekwa umwe ega,

kuti ani nani anotenda kwaari arege kuparara, asi
ave neupenyu husingaperi. **(aiōnios g166)** 17 Nokuti
Mwari haana kutuma Mwanakomana wake munyika
kuti ape nyika mhosva, asi kuti nyika iponeswe
naye. 18 Anotenda kwaari haapiwi mhosva; asi
asingatendi watopiwa mhosva, nokuti haana kutenda
kuzita reMwanakomana waMwari wakaberekwa
umwe ega. 19 Uku ndiko kupiwa mhosva, kuti
chiedza chakasvika panyika, asi vanhu vakada
rima pane chiedza; nokuti mabasa avo akange
akaipa. 20 Nokuti umwe neumwe anoita zvakaipa
anovenga chiedza, uye haauyi pachiedza, kuti
mabasa ake arege kutsiurwa. 21 Asi anoita chokwadi
anouya pachiedza, kuti mabasa ake aratidzwe,
kuti akaitwa muna Mwari. 22 Shure kwezvinhu izvi
wakauya Jesu nevadzidzi vake munyika yeJudhiya;
zvino akagarako navo, uye akabhabhatidza. 23
NaJohwaniwo wakange achibhabhatidza muAinoni
pedo neSarimi, nokuti paiva nemvura zhinji ipapo;
uye vaiuyapo vachibhabhatidzwa. 24 Nokuti Johwani
wakange asati akandwa mutirongo. 25 Zvino gakava
rikamuka pakati pevamwe vevadzidzi vaJohwani
neVaJudha pamusoro pekuchenura. 26 Zvino vakauya
kuna Johwani vakati kwaari: Rabhi, uya waiva nemwi
mhiri kwaJoridhani, wamaipupura nezvake, tarirai, iye
anobhabhatidza, uye vanouya kwaari vese. 27 Johwani
akapindura ndoti: Munhu haagoni kugamuchira
chinhu, kunze kwekuti achipiwa kubva kudenga. 28
Imwi momene munopupura nezvangu kuti ndakati:
Handisi Kristu ini, asi kuti ndakatumwa mberi kwake.
29 Uyo ane mwenga muwani; asi shamwari yemuwani,
imire ichimunzwa, inofara nemufaro nekuda kwenzwi
remuwani. Naizvozvo mufaro wangu uyu wazadziswa.
30 Iye anofanira kukura, asi ini kuderedzwa.
31 Anobva kumusoro ari pamusoro pezvese.
Anobva panyika anobva panyika, uye anotaura
achibva panyika; anobva kudenga ari pamusoro
pezvese. 32 Uye zvaakaona nezvaakanzwa, ndizvo
zvaanopupura; asi hakuna munhu anogamuchira
uchapupu hwake. 33 Anogamuchira uchapupu hwake
anoisa mucherechedzo kuti Mwari ndewechokwadi.
34 Nokuti uyo Mwari waakatuma, anotaura mashoko
aMwari; nokuti Mwari anopa Mweya kwete nechiyero.
35 Baba vanoda Mwanakomana, uye vakapa
zvinhu zvese muruoko rwake. 36 Iye anotenda
kuMwanakomana ane upenyu husingaperi; asi iye
asingatendi kuMwanakomana, haazooni upenyu,
asi kutsamwa kwaMwari kunogara pamusoro pake.
**(aiōnios g166)**

**4** Naizvozvo Ishe paakaziva kuti VaFarisi vakange
vanzwa kuti Jesu anoita nekubhabhatidza vadzidzi
vakawanda kupfuura Johwani, 2 kunyange Jesu
pachake wakange asingabhabhatidzi, asi vadzidzi
vake, 3 akabva Judhiya, akaendazve muGarirea.
4 Asi wakange achifanira kugura neSamaria. 5
Zvino wakasvika paguta reSamaria rinonzi Sikari,
pedo nedunhu Jakobho raakange apa Josefa
mwanakomana wake. 6 Zvino chitubu chaJakobho
chakange chiripo. Naizvozvo Jesu aneta nerwendo
wakagara saizvozvo pachitubu. Raiva awa rinenge
rechitanhatu. 7 Kwakasvika mukadzi achibva
muSamaria kuzochera mvura; Jesu akati kwaari:
Ndipe ndinwe. 8 (Nokuti vadzidzi vake vakange vaenda
muguta kunotenga kudya). 9 Naizvozvo mukadzi
ari muSamaria wakati kwaari: Sei iwe uri muJudha
uchikumbira kunwa kwandiri, mukadzi muSamaria?
Nokuti VaJudha havadyidzani neVaSamaria. 10
Jesu akapindura akati kwaari: Dai waiziva chipo
chaMwari, uye kuti ndiani anoti kwauri: Ndipe ndinwe;
ungadai waikumbira kwaari, uye ungadai akupa
mvura mhenyu. 11 Mukadzi akati kwaari: Ishe,
hamuna chinhu chekucheresa, uye tsime rakadzika;
zvino munoitora kupi mvura mhenyu? 12 Imwi
muri mukuru kuna baba vedu Jakobho, vakatipa
tsime, vakanwa pariri ivo, nevana vavo, nezvipfuwo
zvavo here? 13 Jesu akapindura ndokuti kwaari:
Ani nani anonwa pamvura iyi, achava nenyotazve;
14 asi ani nani anonwa pamvura yandichamupa
ini, haachatongozovi nenyota nekusingaperi; asi
mvura yandichamupa ichava maari chitubu chemvura,
inodzutukira kuupenyu husingaperi. **(aiōn g165, aiōnios
g166)** 15 Mukadzi akati kwaari: Ishe, ndipei mvura
iyi, kuti ndirege kuva nenyota, kana kuuya pano
kuzochera. 16 Jesu akati kwaari: Enda, unodana
murume wako, ugouya pano. 17 Mukadzi akapindura
ndokuti: Handina murume. Jesu akati kwaari: Wareva
zvakanaka kuti: Handina murume. 18 Nokuti wakava
nevarume vashanu, uyo waunaye ikozvino haasi
murume wako; apa wareva chokwadi. 19 Mukadzi akati
kwaari: Ishe, ndinoona kuti imwi muri muporofita. 20
Madzibaba edu ainamata mugomo iri; asi imwi munoti
muJerusarema ndimo munzvimbo munhu yaanofanira
kunamatapo. 21 Jesu akati kwaari: Mukadzi, nditende,
kuti awa rinouya, ramuchashumira Baba musiri
mugomo iri, kana paJerusarema. 22 Imwi munonamata
chamusingazivi; isu tinoshumira chatinoziva; nokuti
ruponeso rwunobva kuVaJudha. 23 Asi awa rinouya,
uye ratova iro, apo vanamati vechokwadi vachanamata
Baba mumweya nemuchokwadi; nokutiwo Baba
vanotsvaka vakadaro kuti vavanamate. 24 Mwari

Mweya; neavo vanomunamata vanofanira kunamata
mumweya nemuchokwadi. **25** Mukadzi akati kwaari:
Ndinoziva kuti Mesiasi anouya anonzi Kristu;
kana iye asvika, achatiudza zvinhu zvese. **26**
Jesu akati kwaari: Ini ndinotaura kwauri, ndini.
**27** Zvino nenguva iyi vadzidzi vake vakasvika,
vakashamisika kuti anotaura nemukadzi; asi hakuna
umwe wakati: Munotsvakei? Kana: Munotaurirei
naye? **28** Naizvozvo mukadzi akasiya chirongo
chake, ndokubva oenda muguta, akati kuvanhu:
**29** Uyai, muone munhu, wandiudza zvinhu zvese
zvandakaita; ko uyu haasi iye Kristu here? **30**
Naizvozvo vakabuda muguta, vakauya kwaari. **31**
Zvichakadaro vadzidzi vakamunyengetedza vachiti:
Rabhi, idyai. **32** Asi iye wakati kwavari: Ini ndine kudya
kwekudya kwamusingazivi imwi. **33** Naizvozvo vadzidzi
vakataurirana vachiti: Kuti pane umwe wamuvigira
zvekudya? **34** Jesu akati kwavari: Zvekudya
zvangu ndizvo kuti ndiite chido chewakandituma,
nekupedza basa rake. **35** Imwi hamutauri here kuti:
Kuchine mwedzi mina, zvino kukohwa kunosvika?
Tarirai, ndinoti kwamuri: Simudzai meso enyu,
muone minda, kuti yatochenera kukohwa. **36** Zvino
anokohwa anogamuchira mubairo, uye anounganidza
zvibereko muupenyu husingaperi; kuti vaviri anokusha
neanokohwa vafare pamwe. **(aiōnios g166)** **37** Nokuti
pane izvi shumo ndeyechokwadi inoti: Umwe
anokusha, uye umwe anokohwa. **38** Ini ndakakutumai
kukohwa zvamusakashandira; vamwe vakashanda,
zvino imwi mapinda pabasa ravo. **39** Zvino vazhinji
veVaSamaria kubva muguta iro vakatenda kwaari
nekuda kweshoko remukadzi, rakapupura richiti:
Wandiudza zvese zvandakaita. **40** Zvino VaSamaria
vakati vachisvika kwaari, vakamunyengetedza kuti
agare navo; ndokugarapo mazuva maviri. **41** Vazhinji
vakawedzerwa vakatenda nekuda kweshoko rake.
**42** Zvino vakati kumukadzi: Hatichatendi nekuda
kwekureva kwako; nokuti tazvinzwira, uye tinoziva
kuti uyu ndiye zvirokwazvo Muponesi wenyika,
Kristu. **43** Zvino shure kwemazuva maviri wakabvapo,
ndokuenda kuGarirea; **44** nokuti Jesu amene
wakapupura kuti muporofita haana rukudzo munyika
yekwake. **45** Zvino wakati asvika kuGarirea, VaGarirea
vakamugamuchira, vaona zvinhu zvese zvaakaita
paJerusarema pamabiko, nokuti naivo vakange
vaenda kumabiko. **46** Zvino Jesu wakasvikazve
paKana yeGarirea, paakange aita mvura ive waini.
Zvino pakange pane rimwe jinda, mwanakomana
waro wakange achirwara paKapenaume. **47** Iro rakati
richinzwa kuti Jesu wabva Judhiya akasvika kuGarirea,
rikaenda kwaari, rikamugombedzera kuti aburukire
aporese mwanakomana waro; nokuti wakange odofa.
**48** Naizvozvo Jesu akati kwariri: Kunze kwekuti maona
zviratidzo nezvishamiso, hamungatongotendi. **49**
Jinda rikati kwaari: Ishe, burukai mwana wangu asati
afa. **50** Jesu akati kwaari: Enda, mwanakomana wako
anorarama. Munhu ndokutenda shoko Jesu raakareva
kwaari, akaenda. **51** Zvino wakati oburuka, varanda
vake vakamuchingamidza, vakamuudza vachiti:
Mwana wenyu anorarama. **52** Zvino akavabvunza awa
raakatanga kunaya. Zvino vakati kwaari: Zuro neawa
rechinomwe fivhiri yakamuregedza. **53** Naizvozvo baba
vakaziva kuti maiva imo muawa Jesu maakati kwaari:
Mwanakomana wako anorarama; zvino akatenda iye
neimba yake yese. **54** Ichizve chiratidzo chechipiri
Jesu chaakaita, abva Judhiya asvika Garirea.

**5** Shure kwezvinhu izvi kwakava nemutambo
weVaJudha; Jesu ndokukwira kuJerusarema.
**2** Zvino paJerusarema pedo nesuwo regwai
pane dziva rinonzi Bhetisaidha nechiHebheru,
rine maberere mashanu. **3** Mukati mawo
makange murere chaunga chikuru chevarwere,
chemapofu, chezvirema, chevakawonyana, vakamirira
kubvongodzwa kwemvura. **4** Nokuti mutumwa
waiburukira pane imwe nguva mudziva iro,
achibvongodza mvura; koti anotanga kupinda
shure kwekubvongodzwa kwemvura, waiporeswa,
pachirwere chipi zvacho chaainge akabatwa nacho.
**5** Zvino kwaivapo umwe munhu waiva nemakore
makumi matatu nemasere ane chifo. **6** Jesu wakati
amuona arere, achiziva kuti ikozvino wakange ava
nenguva refu, akati kwaari: Unoda kuporeswa here?
**7** Murwere akamupindura akati: Ishe, handina munhu
anondikanda mudziva, kana mvura ichibvongodzwa;
asi kana ini ndichiuya, umwe anoburukira mberi
kwangu. **8** Jesu akati kwaari: Simuka, simudza
nhovo yako, ufambe. **9** Zvino pakarepo munhu uyu
akaporeswa, ndokusimudza nhovo yake akafamba.
Zvino raiva sabata nemusi iwoyo. **10** Naizvozvo
VaJudha vakati kune wakaporeswa: Isabata; hazvisi
pamutemo kuti utakure nhovo. **11** Akavapindura
akati: Uyo wandiporesa, ndiye wati kwandiri: Simudza
nhovo yako ufambe. **12** Saka vakamubvunza
vachiti: Ndiani munhu uyo wati kwauri: Simudza
nhovo yako ufambe? **13** Zvino wakange aporeswa
wakange asingazivi kuti ndiani; nokuti Jesu wakange
asvova, zvakwaiva nechaunga panzvimbo iyo. **14**
Shure kwezvinhu izvi Jesu akamuwana mutembere,
akati kwaari: Tarira waporeswa; usatadzazve,
zvimwe chimwe chakanyanya kuipa chingaitika
kwauri. **15** Munhu akabva, akaudza VaJudha

kuti ndiJesu wakamuporesa. 16 Zvino nekuda
kweizvozvo VaJudha vakashusha Jesu, ndokutsvaka
kumuuraya, nokuti wakaita zvinhu izvi nesabata.
17 Asi Jesu wakavapindura akati: Baba vangu
vanoshanda kusvikira ikozvino, neni ndinoshanda.
18 Naizvozvo nekuda kweizvi VaJudha vakanyanya
kutsvaka kumuuraya, nokuti wakange asingadariki
sabata chete, asi wakatiwo Mwari ndiBaba vake
vomene, achizvienzanisa naMwari. 19 Zvino Jesu
akapindura akati kwavari: Zvirokwazvo, zvirokwazvo,
ndinoti kwamuri: Mwanakomana haagoni kuita
pachake, kunze kwezvaanoona Baba vachichiita;
nokuti chero icho chavanoita, ndizvowo saizvozvo
Mwanakomanawo zvaanoita. 20 Nokuti Baba vanoda
Mwanakomana, uye vanomuratidza zvinhu zvese
zvavanoita ivo; vachamuratidzawo mabasa makuru
anopfuura awa, kuti imwi mushamisike. 21 Nokuti
Baba sezvavanomutsa vakafa vachivararamisa,
saizvozvo Mwanakomana anoraramisawo vaanoda.
22 Nokuti naBaba havatongi munhu, asi vakapa
Mwanakomana kutonga kwese; 23 kuti vese vakudze
Mwanakomana sezvavanokudza Baba. Asingakudzi
Mwanakomana, haakudzi Baba vakamutuma. 24
Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Anonzwa
shoko rangu, nekutenda kune wakandituma, ane
upenyu husingaperi; uye haasviki mukupiwa mhosva,
asi wapfuura kubva murufu akaenda muupenyu.
**(aiōnios g166)** 25 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti
kwamuri: Awa rinouya, nazvino ravapo, apo
vakafa vachanzwa inzwi reMwanakomana waMwari,
uye vanonzwa vachararama. 26 Nokuti Baba
sezvavane upenyu mavari pachavo, saizvozvo
vakapa kuMwanakomanawo kuti ave neupenyu maari
pachake; 27 uye vakamupa simba rekutongawo,
nokuti Mwanakomana wemunhu. 28 Musashamisika
nezvizvi; nokuti awa rinouya, apo vese vari mumakuva
vachanzwa inzwi rake, 29 zvino vachabuda,
avo vakaita zvakanaka, mukumuka kweupenyu;
neavo vakaita zvakaipa, mukumuka kwekupiwa
mhosva. 30 Ini handigoni kuita chinhu pachangu;
sekunzwa kwangu, ndinotonga; uye kutonga kwangu
kwakarurama, nokuti handitsvaki chido changu, asi
chido chaBaba vakandituma. 31 Kana ini ndichipupura
nezvangu, uchapupu hwangu hahusi hwechokwadi. 32
Aripo umwe anopupura nezvangu; uye ndinoziva kuti
uchapupu hwaanopupura nezvangu ndehwechokwadi.
33 Imwi makatumira kuna Johwani, uye akapupurira
chokwadi. 34 Asi ini handigamuchiri uchapupu
hunobva kumunhu, asi ndinoreva zvinhu izvi kuti imwi
muponeswe. 35 Iye wakange ari mwenje unopfuta
neunovhenekera, nemwi makange muchishuva kufara
kwazvo kwechinguvana muchiedza chake. 36 Asi
ini ndine uchapupu ukuru kune hwaJohwani; nokuti
mabasa Baba avakandipa kuti ndimapedze, mabasa
pachawo ini andinoita, anopupura nezvangu kuti
Baba vakandituma. 37 NaBaba vakandituma, ivo
vakapupura nezvangu. Hamuna chero nguva kunzwa
inzwi rake, kana kuona chimiro chake. 38 Uye
hamuna shoko rake rinogara mamuri, nokuti iye
waakatuma, uyu imwi hamuna kumutenda. 39 Nzverai
magwaro, nokuti imwi munofunga kuti mune upenyu
husingaperi maari, uye ndiwo anopupura nezvangu.
**(aiōnios g166)** 40 Asi hamudi kuuya kwandiri, kuti muve
neupenyu. 41 Handigamuchiri rukudzo kuvanhu; 42
asi ndinokuzivai imwi, kuti hamuna rudo rwaMwari
mamuri. 43 Ini ndauya muzita raBaba vangu, asi
hamuna kundigamuchira; kana umwe akauya muzita
rake pachake, muchamugamuchira iye. 44 Munogona
kutenda sei imwi munogamuchira rukudzo umwe kune
umwe, asi musingatsvaki rukudzo rwunobva kuna
Mwari ega? 45 Musafunga kuti ini ndichakupai mhosva
kuna Baba; ariko anokupai mhosva, ndiye Mozisi
wamunovimba naye imwi. 46 Nokuti dai maitenda
Mozisi, maitenda ini; nokuti iye wakanyora nezvangu.
47 Asi kana musingatendi magwaro ake, muchatenda
sei mashoko angu?

6 Shure kwezvinhu izvi Jesu wakabva akaenda mhiri
kwegungwa reGarirea, rinova reTibheriasi. 2 Zvino
chaunga chikuru chikamutevera, nokuti vakaona
zviratidzo zvake zvaaiita kune avo vairwara. 3 Jesu
ndokukwira mugomo, akagarapo nevadzidzi vake.
4 Zvino pasika, mutambo weVaJudha, wakange
waswedera. 5 Zvino Jesu paakasimudza meso,
ndokuona kuti chaunga chikuru chinouya kwaari,
akati kuna Firipi: Tichatengepi zvingwa, kuti ava
vadye? 6 Wakareva izvozvo achimuedza, nokuti
iye waiziva zvaaizoita. 7 Firipi akamupindura achiti:
Zvingwa zvemadhenario mazana maviri hazvivakwani,
kuti umwe neumwe wavo atore chidiki. 8 Umwe
wevadzidzi vake, Andiriya munin'ina waSimoni Petro,
akati kwaari: 9 Pane kamukomana pano kane
zvingwa zvishanu zvebhari nehove diki mbiri; asi zvii
kuvazhinji vakadai? 10 Asi Jesu wakati: Garisai vanhu
pasi. Zvino kwakange kune uswa uzhinji panzvimbo
iyo. Naizvozvo varume vakagara pasi, muuwandu
vachinge zvuru zvishanu. 11 Zvino Jesu wakatora
zvingwa, avonga akagovera kuvadzidzi, vadzidzi
vakagovera avo vakange vagere pasi; saizvozvowo
zvehove diki zvakawanda sezvavaida. 12 Zvino vakati
vaguta, akati kuvadzidzi vake: Unganidzai zvimedu
zvasara, kuti kurege kurasika chinhu. 13 Naizvozvo

vakaunganidza, vakazadza matengu gumi nemaviri
nezvimedu zvezvingwa zvishanu zvebhari, zvakasara
kune avo vakadya. **14** Kuzoti vanhu avo vaona
chiratidzo Jesu chaakaita, vakati: Zvirokwazvo uyu
ndiye muporofita achauya panyika. **15** Naizvozvo
Jesu aziva kuti voda kuuya nekumubata nesimba,
kumuita mambo, akasuduruka akaendazve mugomo
ari ega. **16** Zvino ava madekwani, vadzidzi vake
vakaburukira kugungwa, **17** zvino vapinda muchikepe,
vakayambuka gungwa kuuya kuKapenaume. Zvino
kwakange kwatosviba, asi Jesu wakange asati
asvika kwavari. **18** Gungwa ndokumuka nokuti
mhepo huru yaivhuvhuta. **19** Zvino vakati vakwasva
masitadhiya anenge makumi maviri nemashanu
kana makumi matatu, vakaona Jesu achifamba
pamusoro pegungwa, achiswedera pachikepe; zvino
vakatya. **20** Asi wakati kwavari: Ndini, musatya. **21**
Zvino vakada kumugamuchira muchikepe; pakarepo
chikepe chikasvika kunyika kwavakange vachienda.
**22** Chifume chaunga chakange chimire kune rumwe
rutivi rwegungwa, chichiona kuti pakange pasina
rimwe igwa ipapo kunze kweriri rimwe makange
mapinda vadzidzi vake mariri, uye kuti Jesu haana
kupinda nevadzidzi vake mugwa, asi vadzidzi vake
vakange vaenda vega, **23** (asi kwakasvika mamwe
magwa aibva Tibheriyasi pedo nenzvimbo pavakadya
chingwa, Ishe avonga); **24** naizvozvo chaunga
chakati chaona kuti Jesu wakange asipo kana
vadzidzi vake, ivo vakapindawo mumagwa, vakasvika
kuKapenaume, vachitsvaka Jesu. **25** Zvino vamuwana
mhiri kwegungwa, vakati kwaari: Rabhi, masvika
pano rinhi? **26** Jesu akavapindura akati: Zvirokwazvo,
zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Munonditsvaka, kwete
nokuti makaona zviratidzo, asi nokuti makadya
zvezvingwa mukaguta. **27** Musashandira kudya
kunoparara, asi kudya kunogara kusvika kuupenyu
husingaperi, Mwanakomana wemunhu kwaachakupai;
nokuti Mwari Baba vakaisa pane uyu mucherechedzo.
**(aiōnios g166)** **28** Naizvozvo vakati kwaari: Tichaitei,
kuti tishande mabasa aMwari? **29** Jesu akapindura
akati kwavari: Iri ndiro basa raMwari, kuti mutende
kune waakatuma iye. **30** Naizvozvo vakati kwaari: Ko
imwi munoita chiratidzo chipi kuti tione tikutendei?
Munoshandei? **31** Madzibaba edu akadya mana
murenje, sezvazvakanyorwa zvichinzi: Wakavapa
chingwa chakabva kudenga kuti vadye. **32** Naizvozvo
Jesu akati kwavari: Zvirokwazvo, zvirokwazvo,
ndinoti kwamuri: Mozisi haana kukupai chingwa
chakabva kudenga; asi Baba vangu vanokupai
chingwa chechokwadi chinobva kudenga. **33** Nokuti
chingwa chaMwari ndiye anoburuka achibva kudenga
achipa upenyu kunyika. **34** Zvino vakati kwaari:
Ishe, tipei chingwa ichi nguva dzese. **35** Jesu
ndokuti kwavari: Ndini chingwa cheupenyu; uyo
anouya kwandiri, haangatongovi nenzara; neanotenda
kwandiri haangatongovi nenyota. **36** Asi ndakati
kwamuri: Nemwi makandiona, asi hamuna kutenda.
**37** Wese Baba wavanondipa achauya kwandiri;
neanouya kwandiri, handingatongomurasiri kunze.
**38** Nokuti ndakaburuka kudenga, kwete kuti ndiite
chido changu, asi chido chaiye wakandituma. **39**
Zvino ichi ndicho chido chaBaba vakandituma,
kuti chese chavakandipa, ndisarasikirwa nechinhu
pachiri, asi ndichimutse nezuva rekupedzisira. **40**
Uye ichi ndicho chido chewakandituma, kuti wese
anoona Mwanakomana uye achitenda kwaari, ave
neupenyu husingaperi, uye ini ndichamumutsa
nezuva rekupedzisira. **(aiōnios g166)** **41** Zvino VaJudha
vakagunun'una pamusoro pake, nokuti wakati:
Ndini chingwa chakaburuka kubva kudenga. **42**
Ndokuti: Uyu haasi Jesu Mwanakomana waJosefa,
baba namai vake vatinoziva isu here? Zvino
iye anogoti sei: Ndakaburuka kubva kudenga?
**43** Naizvozvo Jesu akapindura akati kwavari:
Musagunun'una pakati penyu. **44** Hakuna munhu
anogona kuuya kwandiri, kunze kwekuti Baba
vakandituma vamukweva, uye ini ndichamumutsa
nezuva rekupedzisira. **45** Zvakanyorwa muvaporofita
zvichinzi: Uye vachadzidziswa vese naMwari. Wese
naizvozvo wakanzwa naBaba akadzidza, anouya
kwandiri. **46** Kwete kuti kune wakaona Baba, kunze
kweuyu anobva kuna Mwari, uyu wakaona Baba. **47**
Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Anotenda
kwandiri, ane upenyu husingaperi. **(aiōnios g166)**
**48** Ini ndiri chingwa cheupenyu. **49** Madzibaba
enyu akadya mana murenje, asi akafa. **50** Ichi
chingwa chinoburuka kubva kudenga, kuti munhu
adye pachiri agorega kufa. **51** Ini ndini chingwa
chipenyu, chakaburuka kubva kudenga; kana munhu
achidya zvechingwa ichi, achararama nekusingaperi.
Uye chingwa ini chandichapa, inyama yangu,
ini yandichapira upenyu hwenyika. **(aiōn g165)** **52**
Naizvozvo VaJudha vakakakavadzana vachiti: Uyu
anogona kutipa sei nyama yake tidye? **53** Naizvozvo
Jesu wakati kwavari: Zvirokwazvo, zvirokwazvo,
ndinoti kwamuri: Kunze kwekuti mudye nyama
yeMwanakomana wemunhu nekunwa ropa rake,
hamuna upenyu mamuri. **54** Anodya nyama yangu
nekunwa ropa rangu, ane upenyu husingaperi, uye ini
ndichamumutsa nezuva rekupedzisira. **(aiōnios g166)**
**55** Nokuti nyama yangu kudya zvirokwazvo, neropa
rangu chinwiwa zvirokwazvo. **56** Anodya nyama yangu

nekunwa ropa rangu, anogara mandiri, neni maari. **57**
Baba vapenyu sezvavakandituma, neni ndinorarama
naBaba; naizvozvo anondidya, naiye achararama
neni. **58** Ichi chingwa chakaburuka kubva kudenga;
hazvina kuita semadzibaba enyu akadya mana akafa;
anodya chingwa ichi, achararama nekusingaperi.
**(aiōn g165)** **59** Zvinhu izvi wakazvireva musinagoge
achidzidzisa paKapenaume. **60** Naizvozvo vazhinji
vevadzidzi vake vakati vachinzwa, vakati: Iri shoko
igukutu; ndiani anogona kurinzwa? **61** Asi Jesu
aziva mukati make kuti vadzidzi vake vanogunun'una
neizvi, wakati kwavari: Izvi zvinokugumbusai kanhi?
**62** Ko muchagodini kana muchiona Mwanakomana
wemunhu achikwira kwaaiva pakutanga? **63** Mweya
ndiye anoraramisa, nyama haibatsiri chinhu; mashoko
ini andinotaura kwamuri, mweya uye upenyu. **64**
Asi variko vamwe venyu vasingatendi. Nokuti Jesu
wakange achiziva kubva pakutanga, kuti ndivana ani
vaisatenda, uye kuti ndiani waizomutengesa. **65** Akati:
Nekuda kwaizvozvi ndati kwamuri: Hakuna munhu
anogona kuuya kwandiri, kunze kwekuti azvipiwa
naBaba vangu. **66** Kubva ipapo vazhinji vevadzidzi
vake vakadzokera shure, vakasazofambazve naye.
**67** Naizvozvo Jesu wakati kune vanegumi nevaviri:
Imwiwo hamudi kuenda here? **68** Zvino Simoni
Petro akamupindura, akati: Ishe, tichaenda kuna
ani? Imwi mune mashoko eupenyu husingaperi,
**(aiōnios g166)** **69** uye isu tinotenda, uye tinoziva kuti
ndimwi Kristu Mwanakomana waMwari mupenyu. **70**
Jesu akavapindura akati: Ini handina kukusanangurai
imwi vanegumi nevaviri here, asi umwe wenyu
ndidhiabhorosi? **71** Waireva Judhasi Isikariyoti
waSimoni; nokuti ndiye waizomutengesa, ari umwe
wevanegumi nevaviri.

**7** Shure kwezvinhu izvi Jesu wakafamba-famba
muGarirea; nokuti wakange asingadi kufamba-
famba muJudhiya, nokuti VaJudha vakange
vachitsvaka kumuuraya. **2** Zvino mutambo
weVaJudha, mutambo wematende wakange
waswedera. **3** Naizvozvo vanin'ina vake vakati kwaari:
Ibvai pano muende muJudhiya, kuti vadzidzi venyuwo
vaone mabasa enyu amunoita. **4** Nokuti hakuna umwe
anoita chinhu muchivande iye amene achitsvakawo
kuva pachena. Kana uchiita zvinhu izvi, zviratidze
kunyika. **5** Nokuti kunyange vanin'ina vake vaiva
vasingatendi kwaari. **6** Naizvozvo Jesu akati kwavari:
Nguva yangu haisati yasvika, asi nguva yenyu inogara
yakagadzirwa. **7** Nyika haigoni kukuvengai; asi ini
inondivenga, nokuti ini ndinopupura nezvayo, kuti
mabasa ayo akaipa. **8** Kwirai imwi kumutambo uyu;
ini handisati ndokwira kumutambo uyu, nokuti nguva
yangu haisati yazadzisika. **9** Wakati areva zvinhu izvi
kwavari, akagara muGarirea. **10** Asi vanin'ina vake
vakati vakwira, naiye akabva okwira kumutambo,
kwete pachena, asi panenge sepachivande. **11**
Zvino VaJudha vakamutsvaka pamutambo, vakati:
Aripi uya? **12** Kwakavapo kun'un'una kwakawanda
pakati pezvaunga pamusoro pake; vamwe vachiti:
Wakanaka. Asi vamwe vachiti: Kwete, asi anotsausa
chaunga. **13** Kunyange zvakadaro kwakange kusina
munhu wakataura pachena pamusoro pake nekutya
VaJudha. **14** Zvino pava pakati pemutambo, Jesu
akakwira kutembere, akadzidzisa. **15** Zvino VaJudha
vakashamisika vachiti: Uyu anoziva sei magwaro
asina kudzidza? **16** Jesu akavapindura akati: Dzidziso
yangu haisi yangu, asi yake wakandituma. **17**
Kana munhu achida kuita chido chake, achaziva
zvedzidziso kana ichibva kuna Mwari, kana kuti
ini ndinotaura zvangu. **18** Anozvitaurira zvake,
anotsvaka rumbidzo yake pachake; asi anotsvaka
rumbidzo yewakamutuma, ndiye wechokwadi, uye
hapana kusarurama maari. **19** Mozisi haana kukupai
murairo here? Asi hakuna wenyu anoita murairo.
Munotsvakirei kundiuraya? **20** Chaunga chikapindura
chikati: Une dhimoni; ndiani anotsvaka kukuuraya?
**21** Jesu akapindura akati kwavari: Ndakaita basa
rimwe, uye munoshamisika mese. **22** Naizvozvo
Mozisi wakakupai dzingiso (kusiri kuti yakabva
kuna Mozisi, asi kumadzibaba), zvino nesabata
munodzingisa munhu. **23** Kana munhu nesabata
achigamuchira dzingiso, kuti murairo waMozisi
urege kutyorwa, munonditsamwira nokuti ndaporesa
munhu zvakaperera nesabata here? **24** Musatonga
nezvinoonekwa, asi tongai kutonga kwakarurama.
**25** Vamwe veveJerusarema ndokuti: Uyu haasiye
wavanotsvaka kuuraya here? **26** Asi tarira, anotaura
pachena, asi havarevi chinhu kwaari. Kuti vatungamiriri
vanoziva zvechokwadi here kuti ndiye Kristu chaiye?
**27** Asi uyu tinoziva kwaanobva; asi Kristu kana
achisvika, hakuna angaziva kwaanobva. **28** Naizvozvo
Jesu wakadanidzira mutembere achidzidzisa achiti:
Nemwi munoziva ini, uye munoziva kwandakabva; uye
handina kuzviuira, asi wakandituma ndewechokwadi,
wamusingazivi imwi. **29** Asi ini ndinomuziva, nokuti
ndinobva kwaari, uye iye wakandituma. **30** Naizvozvo
vakatsvaka kumubata, asi hakuna wakaisa ruoko
paari, nokuti awa rake rakange risati rasvika. **31** Asi
vazhinji vechaunga vakatenda kwaari, vakati: Kana
Kristu achisvika, achaita zviratidzo zvizhinji kune izvi
uyu zvaaita here? **32** VaFarisi vakanzwa chaunga
chichin'un'una zvinhu izvi pamusoro pake; VaFarisi

nevapristi vakuru ndokutuma vabatsiri kuti vamubate.
33 Naizvozvo Jesu akati kwavari: Ndichinemwi
chinguvana, ndoenda kune wakandituma. 34
Muchanditsvaka mukasandiwana; uye apo pandiri
ini, imwi hamugoni kuuya. 35 Naizvozvo VaJudha
vakataurirana vachiti: Uyu oda kuendepi kuti isu
tisamuwana? Achaenda kune vakapararira veVaGiriki,
adzidzise VaGiriki here? 36 Ishokoi iri raanoti:
Muchanditsvaka, asi hamungandiwani; nerekuti:
Pandiri ini, imwi hamugoni kuuya? 37 Zvino nezuva
rekupedzisira, iro guru remutambo Jesu wakasimuka
akadanidzira achiti: Kana ani nani ane nyota, ngaauye
kwandiri anwe. 38 Anotenda kwandiri, rugwaro
sezvarwakareva, nzizi dzemvura mhenyu dzichaerera
kubva mudumbu rake. 39 Asi izvi wakareva zveMweya
wavaizogamuchira vanotenda kwaari; nokuti Mweya
Mutsvene wakange asati avapo, nokuti Jesu wakange
asati akudzwa. 40 Naizvozvo vazhinji vechaunga
vakati vachinzwa shoko iri vakati: Zvirokwazvo uyu
ndiye muporofita. 41 Vamwe vakati: Uyu ndiye Kristu.
Asi vamwe vakati: Ko Kristu angabva Garirea here?
42 Rugwaro haruna kureva here kuti Kristu achabva
kumbeu yaDhavhidhi, nepamusha weBhetirehemu
paiva naDhavhidhi? 43 Naizvozvo pakava nekupesana
pakati pechaunga pamusoro pake. 44 Zvino vamwe
vavo vakada kumubata, asi hakuna wakaisa maoko
kwaari. 45 Zvino vabatsiri vakaenda kuvapristi
vakuru neVaFarisi; ivo vakati kwavari: Nemhaka
yei musina kumuuisa? 46 Vabatsiri vakapindura
vakati: Hakuna kumbotaura munhu seizvi, semunhu
uyu. 47 Zvino VaFarisi vakavapindura vakati: Nemwi
matsauswa kanhi? 48 Aripo here wakatenda kwaari
kuvatungamiriri kana kuVaFarisi? 49 Asi chaunga ichi
chisingazivi murairo chakatukwa. 50 Nikodhimo, uya
akauya kwaari usiku, ari umwe wavo, akati kwavari:
51 Murairo wedu unotonga munhu here, kunze kwekuti
wambomunzwa nekuziva chaanoita? 52 Vakapindura
vakati kwaari: Ko iwewo uri weGarirea here? Nzvera
uone kuti hakuna kumuka muporofita kuGarirea. 53
Umwe neumwe ndokuenda kumba kwake.

**8** Asi Jesu wakaenda kugomo reMiorivhi. 2 Zvino
mangwanani-ngwanani wakauyazve kutembere,
vanhu vese ndokuuya kwaari; iye ndokugara pasi
akavadzidzisa. 3 Zvino vanyori neVaFarisi vakauya
kwaari nemukadzi wakabatwa mukufeva, vakati
vamumisa pakati, 4 vakati kwaari: Mudzidzisi,
mukadzi uyu wabatwa achifeva, pachiitiko chaipo;
5 zvino Mozisi pamurairo wakatiraira kuti vakadaro
vatakwe nemabwe; naizvozvo imwi munoti kudini?
6 Asi izvozvi vakareva vachimuedza, kuti vave
nechavangamupomera. Asi Jesu wakakotamira pasi,
akanyora pasi nemunwe, seasina kuvanzwa. 7 Zvino
vakati vachiramba vachimubvunza, akatasamuka akati
kwavari: Asina chivi pakati penyu, ngaatange kukanda
ibwe kwaari. 8 Zvino akakotamirazve pasi, akanyora
pasi. 9 Zvino ivo vanzwa, vachipiwa mhosva nehana
yavo, vakabuda umwe-umwe, kutanga kuvakuru
kusvikira kune vekupedzisira; Jesu akasara ari ega,
nemukadzi amire pakati. 10 Jesu wakati atasamuka,
akasaona munhu asi mukadzi, akati kwaari: Mai, varipi
vaya vapomeri vako? Hakuna wakupa mhosva here?
11 Iye ndokuti: Hakuna, Ishe. Jesu ndokuti kwaari:
Neni handikupi mhosva. Enda, usachitadzazve. 12
Naizvozvo Jesu wakataurazve kwavari, achiti: Ini ndiri
chiedza chenyika; anonditevera haangatongofambi
murima, asi achava nechiedza cheupenyu. 13
Naizvozvo VaFarisi vakati kwaari: Iwe unopupura
nezvako; uchapupu hwako hahuna chokwadi. 14 Jesu
akapindura akati kwavari: Kunyange ndichipupura
nezvangu ini, uchapupu hwangu ndehwechokwadi;
nokuti ndinoziva kwandakabva, uye kwandinoenda; asi
imwi hamuzivi kwandakabva, uye kwandinoenda. 15
Imwi munotonga maererano nenyama; ini handitongi
munhu. 16 Asi kunyange ini ndichitonga, kutonga
kwangu ndekwechokwadi; nokuti handisi ndega,
asi ini naBaba vakandituma. 17 Uye mumurairo
wenyu makanyorwa kuti uchapupu hwevanhu vaviri
ndehwechokwadi. 18 Ndini ndinopupura nezvangu,
naBaba vakandituma vanopupura nezvangu. 19
Naizvozvo vakati kwaari: Baba vako varipi? Jesu
akapindura akati: Hamuzivi ini, kana Baba vangu.
Dai maindiziva ini, mungadai maiziva Baba vanguwo.
20 Jesu wakataura mashoko awa muchivigiro
chezvipo, achidzidzisa mutembere; asi hakuna
munhu wakamubata, nokuti awa rake rakange
risati rasvika. 21 Naizvozvo Jesu wakatizve
kwavari: Ini ndinoenda, uye muchanditsvaka,
mukafira muzvivi zvenyu; ini pandinoenda, imwi
hamugoni kuuyapo. 22 Naizvozvo VaJudha vakati:
Achazviuraya kanhi? Nokuti anoti: Pandinoenda ini,
imwi hamugoni kuuyapo? 23 Zvino akati kwavari:
Imwi munobva pasi, ini ndinobva kumusoro; imwi
munobva panyika ino, ini handibvi panyika ino. 24
Naizvozvo ndareva kwamuri kuti muchafira muzvivi
zvenyu; nokuti kana musinganditendi kuti ndini iye,
muchafira muzvivi zvenyu. 25 Naizvozvo vakati
kwaari: Ndiwe ani? Jesu ndokuti kwavari: Ndizvo
zvandakuudzaiwo kubva pakutanga. 26 Ndine
zvinhu zvizhinji zvekutaura nekutonga pamusoro
penyu; asi wakandituma ndewechokwadi, uye izvo
zvandakanzwa ini kwaari ndizvo zvandinotaura

kunyika. 27 Havana kunzwisisa kuti anotaura
kwavari zvaBaba. 28 Naizvozvo Jesu wakati kwavari:
Kana masimudza Mwanakomana wemunhu, ipapo
muchaziva kuti ndini iye, uye handiiti chinhu pachangu,
asi Baba vangu sezvavakandidzidzisa, ndinotaura
zvinhu izvi. 29 Zvino iye wakandituma aneni;
Baba havana kundisiya ndega, nokuti ini ndinoita
nguva dzese zvinovafadza. 30 Achiri kutaura izvi
vazhinji vakatenda kwaari. 31 Naizvozvo Jesu
wakati kuVaJudha vakatenda kwaari: Kana imwi
muchirambira mushoko rangu, muri vadzidzi vangu
zvirokwazvo; 32 uye muchaziva chokwadi, uye
chokwadi chichakusunungurai. 33 Vakamupindura
vakati: Tiri mbeu yaAbhurahama, uye hatina
kutongova varanda vemunhu; iwe unoreva sei kuti:
Muchava vakasunungurwa? 34 Jesu akavapindura
akati: Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Ani
nani anoita chivi muranda wechivi. 35 Uye muranda
haagari mumba nekusingaperi; mwanakomana
anogara nekusingaperi. **(aiōn g165)** 36 Naizvozvo
kana Mwanakomana achikusunungurai, muchava
vakasununguka zvirokwazvo. 37 Ndinoziva kuti muri
mbeu yaAbhurahama; asi munotsvaka kundiuraya,
nokuti shoko rangu harina nzvimbo mamuri. 38 Ini
ndinotaura izvo zvandakaona kuna Baba vangu;
naizvozvo nemwi munoita izvo zvamakaona kuna
baba venyu. 39 Vakapindura vakati kwaari: Baba
vedu ndiAbhurahama. Jesu akati kwavari: Dai maiva
vana vaAbhurahama, maiita mabasa aAbhurahama.
40 Asi ikozvino munotsvaka kundiuraya, munhu
wakakuudzai chokwadi, chandakanzwa kuna Mwari;
izvo Abhurahama haana kuzviita. 41 Imwi munoita
mabasa ababa venyu. Naizvozvo vakati kwaari:
Hatina kuberekwa neupombwe isu; tina Baba vamwe,
Mwari. 42 Jesu akati kwavari: Dai Mwari aiva Baba
venyu, maindida; nokuti ini ndakabuda ndichibva
kuna Mwari; nokuti handina kuzviuyira, asi iye
wakandituma. 43 Sei musinganzwisisi nhaurwa
yangu? Nokuti hamugoni kunzwa shoko rangu. 44
Imwi muri vababa venyu dhiabhorosi, munoda kuita
zvishuvo zvababa venyu. Iye wakange ari mhondi
kubva pakutanga, asingagari muchokwadi, nokuti
maari hamuna chokwadi. Kana achitaura nhema,
anotaura pachake; nokuti mutauri wenhema uye
baba vadzo. 45 Asi nokuti ini ndinoreva chokwadi,
hamunditendi. 46 Ndiani kwamuri angandipomera
pamusoro pechivi? Uye kana ndichireva chokwadi,
imwi munoregerei kunditenda? 47 Uyo anobva kuna
Mwari anonzwa mashoko aMwari; naizvozvo imwi
hamunzwi, nokuti hamubvi kuna Mwari. 48 Naizvozvo
VaJudha vakapindura vakati kwaari: Isu hatina kureva
kwazvo here kuti iwe uri muSamaria, uye une dhimoni?
49 Jesu akapindura, akati: Ini handina dhimoni, asi
ndinokudza Baba vangu; asi imwi munondizvidza. 50
Asi ini handitsvaki rumbidzo yangu; ariko anotsvaka
nekutonga. 51 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti
kwamuri: Kana munhu akachengeta shoko rangu,
haangatongooni rufu nekusingaperi. **(aiōn g165)** 52
Naizvozvo VaJudha vakati kwaari: Ikozvino toziva
kuti une dhimoni; Abhurahama wakafa, nevaporofita,
asi iwe unoti: Kana munhu akachengeta shoko
rangu, haangatongoraviri rufu nekusingaperi. **(aiōn
g165)** 53 Iwe uri mukuru kuna baba vedu Abhurahama,
vakafa? Nevaporofita vakafa; iwe unozviita ani?
54 Jesu akapindura akati: Kana ini ndichizvikudza,
rukudzo rwangu harwusi chinhu; ndiBaba vangu
vanondikudza, avo imwi vamunoti ndiMwari wenyu.
55 Uye hamuna kuvaziva; asi ini ndinovaziva, uye
kana ndikati handivazivi, ndichava murevi wenhema
semwi; asi ndinovaziva, ndinochengeta shoko ravo.
56 Baba venyu Abhurahama vakafara kuona zuva
rangu, uye vakariona vakapembera. 57 Naizvozvo
VaJudha vakati kwaari: Hausati wava nemakore
makumi mashanu, zvino wakaona Abhurahama here?
58 Jesu akati kwavari: Zvirokwazvo, zvirokwazvo,
ndinoti kwamuri: Abhurahama asati avapo, ini ndiripo.
59 Ipapo vakanonga mabwe kuti vaposhere kwaari; asi
Jesu wakazvivanza, akabuda mutembere, achigura
nepakati pavo; akapfuura saizvozvo.

**9** Wakati achipfuura, akaona munhu bofu kubva
pakuberekwa. 2 Vadzidzi vake ndokumubvunza,
vachiti: Rabhi, ndiani wakatadza, uyu kana vabereki
vake, kuti aberekwe ari bofu? 3 Jesu akapindura
akati: Uyu haana kutadza, kana vabereki vake; asi
kuti mabasa aMwari aoneswe maari. 4 Ndinofanira
kushanda mabasa ewakandituma achiri masikati;
usiku hunouya, apo pasina munhu angagona
kushanda. 5 Kana ndichiri panyika, ndiri chiedza
chenyika. 6 Wakati areva izvi, akapfira pasi, akaita
dope nemate, akazodza dope pameso ebofu, 7
akati kwaari: Enda unoshamba mudziva reSiroami
(zvinoshandurwa kuti: Wakatumwa). Naizvozvo
wakaenda akashamba, akadzoka achiona. 8
Naizvozvo vavakidzani nevaimuona pakutanga kuti
wakange ari bofu, vakati: Haasi iye uyu waigara
achipemha here? 9 Vamwe vakati: Uyu ndiye; asi
vamwe vakati: Wakaita saiye. Iye akati: Ndini. 10
Naizvozvo vakati kwaari: Meso ako akazarurwa sei?
11 Akapindura izvo akati: Munhu anonzi Jesu wakaita
dope, akazodza meso angu, akati kwandiri: Enda
kudziva reSiroami unoshamba. Zvino ndikaenda

ndikashamba, ndikaonazve. 12 Naizvozvo vakati
kwaari: Iye aripi? Akati: Handizivi. 13 Vakamuisa
kuVaFarisi, iye waimbova bofu. 14 Zvino raiva sabata
apo Jesu akaita dope, akasvinudza meso ake. 15
Naizvozvo zvekare VaFarisi vakamubvunzawo, kuti
wakaonazve sei. Akati kwavari: Waisa dope pameso
angu ndikashamba, ndava kuona. 16 Naizvozvo
vamwe veVaFarisi vakati: Munhu uyu haabvi kuna
Mwari, nokuti haachengeti sabata. Vamwe vakati:
Munhu ari mutadzi angaita sei zviratidzo zvakadai?
Kukava nekupesana pakati pavo. 17 Vakatizve kubofu:
Iwe unoti kudini pamusoro pake, sezvo asvinudza
meso ako? Akati: Muporofita. 18 Zvino VaJudha
havana kutenda pamusoro pake, kuti wakange
ari bofu, akaonazve, kusvikira vadana vabereki
vewakaonazve, 19 zvino vakavabvunza, vachiti: Uyu
mwanakomana wenyu imwi wamunoti wakaberekwa
ari bofu here? Naizvozvo ikozvino woona sei? 20
Vabereki vake vakavapindura vakati: Tinoziva kuti
uyu mwanakomana wedu, uye kuti wakaberekwa
ari bofu; 21 asi kuti ikozvino woona sei, hatizivi;
kana ndiani wasvinudza meso ake, isu hatizivi; iye
wayaruka, mubvunzei, iye pachake achazvitaurira. 22
Vabereki vake vakareva izvi, nokuti vaitya VaJudha;
nokuti VaJudha vakange vatotenderana kuti kana
ani nani anobvuma kuti ndiye Kristu, abudiswe
musinagoge. 23 Naizvozvo vabereki vake vakati:
Wayaruka, mubvunzei. 24 Naizvozvo vakadana
rwechipiri uyo munhu wakange ari bofu, vakati kwaari:
Ipa Mwari rumbidzo; isu tinoziva kuti munhu uyu
mutadzi. 25 Naizvozvo iye akapindura achiti: Kana
ari mutadzi handizivi; chinhu chimwe chandinoziva,
kuti ndaiva bofu, ikozvino ndoona. 26 Zvino vakati
kwaarizve: Wakaitei kwauri? Wakasvinudza meso
ako sei? 27 Akavapindura, akati: Ndadokuudzai, asi
hamuna kunzwa, munodirei kunzwa zvekare? Nemwi
munoda kuva vadzidzi vake kanhi? 28 Naizvozvo
vakamutuka, vakati: Ndiwe mudzidzi wake; asi isu
tiri vadzidzi vaMozisi. 29 Isu tinoziva kuti Mwari
wakataura kuna Mozisi; asi uyu hatizivi kwaanobva. 30
Munhu akapindura akati kwavari: Nokuti pachinhu ichi
pane chinoshamisa, kuti imwi hamuzivi kwaanobva,
asi wasvinudza meso angu. 31 Zvino tinoziva kuti
Mwari haanzwi vatadzi; asi kana munhu ari mushumiri
waMwari, achiita chido chake, uyu anomunzwa.
32 Kubvira rinhi hakuna kumbonzwika kuti umwe
wakasvinudza meso ewakaberekwa ari bofu. (aiōn
g165) 33 Dai uyu anga asingabvi kuna Mwari,
haasaigona kuita chinhu. 34 Vakapindura vakati
kwaari: Iwe zvachese wakaberekerwa muzvivi, zvino
iwe wotidzidzisa here? Vakamudzingira kunze. 35 Jesu
akanzwa kuti vamudzingira kunze; akati amuwana,
akati kwaari: Iwe unotenda kuMwanakomana waMwari
here? 36 Iye akapindura akati: Ndiani, Ishe, kuti
nditende kwaari? 37 Jesu ndokuti kwaari: Newe
wamuona, uye anotaura newe, ndiye. 38 Zvino akati:
Ishe ndinotenda; akamunamata. 39 Jesu ndokuti:
Kutonga ndiko ini kwandakauira panyika ino, kuti
vasingaoni vaone; nevanoona vave mapofu. 40 Uye
avo veVaFarisi vaiva naye vakanzwa zvinhu izvi,
vakati kwaari: Nesu tiri mapofu here? 41 Jesu akati
kwavari: Dai maiva mapofu, mungadai musina chivi.
Asi ikozvino munoti: Tinoona; naizvozvo chivi chenyu
chinogara.

**10** Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri:
Asingapindi napamukova mudanga remakwai,
asi anokwira nekumwe, ndiye mbavha negororo. 2
Zvino anopinda nepamukova mufudzi wemakwai.
3 Murindi wemukova anomuzarurira, nemakwai
anonzwa inzwi rake, uye anodana makwai ake nezita,
nekuatungamirira kunze. 4 Uye kana abudisa makwai
ake, anoatungamirira; nemakwai anomutevera, nokuti
anoziva inzwi rake. 5 Asi mweni haangatongomuteveri,
asi anomutiza; nokuti haazivi inzwi revaeni. 6
Jesu wakareva dimikira iri kwavari; asi ivo havana
kunzwisisa, kuti zvinhui zvaakataura kwavari. 7 Zvino
Jesu akati kwavarizve: Zvirokwazvo, zvirokwazvo,
ndinoti kwamuri: Ini ndiri mukova wemakwai; 8
vese vakanditangira kuuya imbavha nemakororo, asi
makwai haana kuvanzwa. 9 Ini ndiri mukova; kana
munhu achipinda neni, achaponeswa, achapinda
nekubuda, nekuwana mafuro. 10 Mbavha haiui asi
kungozoba nekuuraya nekuparadza; ini ndakauya,
kuti vave neupenyu, uye vave nehunopfachukira.
11 Ini ndiri mufudzi wakanaka. Mufudzi wakanaka
anoradzikira pasi makwai upenyu hwake. 12 Asi
muricho, asati ari mufudzi, makwai asati ari ake
pachake, anoona bumhi richiuya, akasiya makwai,
ndokutiza; bumhi rinoabata, nekuparadzira makwai.
13 Muricho anotiza nokuti muricho, uye haana
hanya nemakwai. 14 Ini ndiri mufudzi wakanaka,
uye ndinoziva angu, ndinozikanwa neangu. 15
Baba sezvavanondiziva, neni ndinoziva Baba; zvino
ndinoradzikira pasi makwai upenyu hwangu. 16
Nemamwe makwai ndinawo, asati ari edanga rino.
Naiwo ndinofanira kuuya nawo, achanzwa inzwi
rangu; uye rive boka rimwe mufudzi umwe. 17
Nekuda kwaizvozvo Baba vanondida, nokuti ini
ndinoradzika upenyu hwangu pasi, kuti ndihutorezve.
18 Hakuna angahutora kubva kwandiri, asi ini
ndinohuradzika pasi pachangu. Simba ndinaro

rekuhuradzika pasi, uye simba ndinaro rekuhutorazve.
Uyu murairo ndakaugamuchira kuna Baba vangu. **19**
Naizvozvo kukavapozve kupesana pakati peVaJudha
nekuda kwemashoko awa. **20** Vazhinji vavo vakati:
Ane dhimoni uye anopenga; munomuteererei? **21**
Vamwe vakati: Mashoko awa haasi eane dhimoni;
ko dhimoni ringagona kusvinudza meso emapofu
here? **22** Zvino paiva nemutambo wekuvandudza
paJerusarema, chaiva chando; **23** Jesu ndokufamba-
famba mutembere muberere raSoromoni. **24** Zvino
VaJudha vakamukomba, vakati kwaari: Kusvikira rinhi
uchigara wakaremberedza mweya wedu? Kana uri
Kristu iwe, tiudze pachena. **25** Jesu akavapindura
akati: Ndakakuudzai, asi hamuna kutenda; mabasa
andinoita ini muzita raBaba vangu ndiwo anopupura
nezvangu; **26** asi imwi hamutendi; nokuti hamusi
vemakwai angu, sezvandakareva kwamuri. **27** Makwai
angu anonzwa inzwi rangu, neni ndinoaziva, uye
anonditevera; **28** uye ini ndinoapa upenyu husingaperi;
uye haachatongoparari nekusingaperi, uye hakuna
umwe achaabvuta muruoko rwangu. **(aiōn g165, aiōnios
g166)** **29** Baba vangu vakandipa iwo vakuru kune vese;
uye hakuna anogona kuabvuta muruoko rwaBaba
vangu. **30** Ini naBaba tiri umwe. **31** Naizvozvo VaJudha
vakanongazve mabwe, kuti vamutake. **32** Jesu
akavapindura akati: Ndakakuratidzai mabasa mazhinji
akanaka kubva kuna Baba vangu; nderipi remabasa
awa ramunonditakira? **33** VaJudha vakamupindura
vachiti: Hatikutakiri basa rakanaka, asi kunyomba;
uye nokuti iwe uri munhu unozviita Mwari. **34**
Jesu akavapindura akati: Hazvina kunyorwa here
mumurairo wenyu, zvichinzi: Ini ndakati: Muri
vamwari? **35** Kana akavaidza vamwari, ivo shoko
raMwari rakasvika kwavari, uye rugwaro harwugoni
kuputswa; **36** imwi munoti kune uyo Baba vakamuita
mutsvene vakamutuma panyika: Unonyomba, nokuti
ndati: Ndiri Mwanakomana waMwari? **37** Kana
ndisingaiti mabasa aBaba vangu, musanditenda.
**38** Asi kana ndichiaita, kunyange musingatendi ini,
tendai mabasa; kuti muzive nekutenda kuti Baba
vari mandiri, neni mavari. **39** Zvino vakatsvakazve
kumubata; asi wakabuda paruoko rwavo. **40** Zvino
akaendazve mhiri kwaJoridhani kunzvimbo Johwani
kwaaibhabhatidza pakutanga; ndokugarapo. **41** Zvino
vazhinji vakauya kwaari vakati: Johwani haana kuita
chiratidzo, asi chese Johwani chaakareva pamusoro
peuyu chaiva chokwadi. **42** Vazhinji ndokutenda
kwaari ipapo.

**11** Kwaiva neumwe wairwara, wainzi Razaro
weBhetaniya, mumusha waMaria nemukoma
wake Marita. **2** Waiva iye Maria wakazodza Ishe
nemafuta, akapusika tsoka dzake nevhudzi rake,
hanzvadzi yake Razaro wakange achirwara. **3**
Naizvozvo hanzvadzi dzakatumira kwaari dzichiti:
Ishe, tarirai uyo wamunoda anorwara. **4** Jesu wakati
anzwa akati: Ukosha uhu hahusviki murufu, asi
ndehwembiri yaMwari, kuti Mwanakomana waMwari
arumbidzwe nahwo. **5** Zvino Jesu wakange achida
Marita nemunin'ina wake naRazaro. **6** Naizvozvo
wakati anzwa kuti anorwara, ipapo akagara mazuva
maviri panzvimbo paakange ari. **7** Shure kweizvozvo
wakati kuvadzidzi: Hendeizve kuJudhiya. **8** Vadzidzi
vakati kwaari: Rabhi, VaJudha vachangobva kutsvaka
kukutakai nemabwe; zvino moendazve ikoko here? **9**
Jesu akapindura akati: Hapana maawa gumi nemaviri
masikati here? Kana munhu achifamba masikati,
haagumburwi, nokuti anoona chiedza chenyika ino.
**10** Asi kana munhu achifamba usiku, anogumburwa,
nokuti hamuna chiedza maari. **11** Wakataura zvinhu
izvi, shure kweizvozvo ndokuti kwavari: Shamwari
yedu Razaro yarara; asi ndinoenda kuti ndimumutse.
**12** Naizvozvo vadzidzi vake vakati: Ishe, kana
arere, achanaya. **13** Asi Jesu wakareva zverufu
rwake; asi ivo vakafunga kuti anoreva kuzorora
kwehope. **14** Naizvozvo ipapo Jesu akavaudza
pachena: Razaro wafa. **15** Zvino ndinofara nekuda
kwenyu kuti ndakange ndisipo, kuti mugotenda;
asi hendei kwaari. **16** Naizvozvo Tomasi, wainzi
Dhidhimo, wakati kuvadzidzi pamwe naye: Hendei
isuwo kuti tinofa naye. **17** Zvino Jesu wakati
achisvika, akawana atova muguva mazuva mana. **18**
Zvino Bhetaniya rakange riri pedo neJerusarema,
masitadhiya anenge gumi nemashanu kubva ipapo;
**19** nevazhinji veVaJudha vakange vauya kuna Marita
naMaria, kuti vavanyaradze pamusoro pehanzvadzi
yavo. **20** Zvino Marita wakati anzwa kuti Jesu
wouya, akaenda kunomuchingamidza; asi Maria
wakagara mumba. **21** Marita ndokuti kuna Jesu:
Ishe, dai maiva pano, hanzvadzi yangu ingadai isina
kufa. **22** Asi naikozvino ndinoziva kuti zvipi zvazvo
zvamunokumbira kuna Mwari, Mwari achakupai. **23**
Jesu akati kwaari: Hanzvadzi yako ichamukazve.
**24** Marita akati kwaari: Ndinoziva kuti achamukazve
pakumuka nezuva rekupedzisira. **25** Jesu akati kwaari:
Ndini kumuka neupenyu; anotenda kwandiri, kunyange
akafa, achararama; **26** uye umwe neumwe anorarama
uye anotenda kwandiri, haangatongofi nekusingaperi.
Unotenda izvi here? **(aiōn g165)** **27** Akati kwaari: Hongu,
Ishe; ini ndinotenda kuti ndimwi Kristu, Mwanakomana
waMwari, waizouya panyika. **28** Zvino wakati areva
izvi akaenda, akanodana Maria munin'ina wake

pachivande, akati: Mudzidzisi wasvika, anokudana. 29
Iye wakati achingozvinzwa, akakurumidza kusimuka
akaenda kwaari. 30 Zvino Jesu wakange asati
asvika pamusha, asi wakange achiri panzvimbo
Marita paakamuchingamidza. 31 Naizvozvo VaJudha
vakange vanaye mumba vachimunyaradza, vakati
vachiona Maria kuti wakasimuka nekukurumidza
achibuda, vakamutevera vachiti: Anoenda kuguva
kuti acheme ikoko. 32 Zvino Maria, wakati
achisvika pakange pana Jesu, achimuona, akawira
patsoka dzake, achiti kwaari: Ishe, dai maiva pano,
hanzvadzi yangu ingadai isina kufa. 33 Naizvozvo
Jesu wakati achimuona achichema, VaJudhawo
vachichema vakange vauya naye, akagomera
mumweya, akazvitambudza, 34 akati: Mamuradzikepi?
Vakati kwaari: Ishe, uyai muone. 35 Jesu akachema
misodzi. 36 Zvino VaJudha vakati: Tarirai kuti waimuda
sei. 37 Asi vamwe vavo vakati: Uyu wakasvinudza
meso ebofu, haagoni kuita here kuti uyuwo asafa?
38 Naizvozvo Jesu wakagomerazve mukati make
asvika paguva. Zvino raiva bako, nebwe rakange
rakaradzikwa pamusoro paro. 39 Jesu akati: Bvisai
ibwe. Marita hanzvadzi yewakafa akati kwaari: Ishe,
wotonhuhwa; nokuti ane mazuva mana. 40 Jesu
akati kwaari: Handina kutaura here kwauri, kuti
kana ukatenda, uchaona kubwinya kwaMwari? 41
Naizvozvo vakabvisa ibwe, pakange paradzikwa
wakafa. Jesu ndokusimudzira meso kumusoro,
ndokuti: Baba, ndinokuvongai nokuti mandinzwa. 42
Asi ini ndanga ndichiziva kuti munondinzwa nguva
dzese; asi nekuda kwechaunga chakakomberedza
ndareva, kuti vatende kuti imwi makandituma. 43
Zvino wakati areva izvozvi, akadanidzira nenzwi guru,
akati: Razaro, buda! 44 Uyo wakange afa ndokubuda,
akasungwa makumbo nemaoko nemicheka yeguva,
nechiso chake chakapombwa nemucheka wekumeso.
Jesu akati kwavari: Musunungurei, mumurege aende.
45 Naizvozvo vazhinji veVaJudha, vakange vauya
kuna Maria vakati vaona Jesu zvaakaita, vakatenda
kwaari. 46 Asi vamwe vavo vakaenda kuVaFarisi,
ndokuvaudza zvinhu Jesu zvaakange aita. 47
Naizvozvo vapristi vakuru neVaFarisi vakaunganidza
dare remakurukota, vakati: Todini? Nokuti uyu munhu
anoita zviratidzo zvizhinji. 48 Kana tikamurega
akadaro, vese vachatenda kwaari; neVaRoma
vachauya vakatora zviri zviviri nzvimbo nerudzi rwedu.
49 Asi umwe wavo, Kayafasi, wakange ari mupristi
mukuru gore iroro, akati kwavari: Hamuzivi chinhu
imwi, 50 uye hamurangariri kuti zvakatinakira kuti
munhu umwe afire vanhu, uye rudzi rwese rurege
kuparara. 51 Asi haana kureva izvi pachake, asi
zvaakange ari mupristi mukuru gore iro, wakaporofita
kuti Jesu waizofira rudzi urwo, 52 uye kwete rudzi
urwo rwega, asi kutiwo aunganidze vana vaMwari
vakapararira vave umwe. 53 Zvino kubva pazuva
iro vakarangana kuti vamuuraye. 54 Naizvozvo Jesu
haana kuzombofamba pachena pakati peVaJudha, asi
wakabvapo akaenda kunyika iri pedo nerenje, kuguta
rainzi Efuremu, ndokugarako nevadzidzi vake. 55
Zvino pasika yeVaJudha yakange yaswedera; vazhinji
ndokubuda mumaruwa vakakwira kuJerusarema
pasika isati yasvika, kuti vazvichenure. 56 Naizvozvo
vakatsvaka Jesu, vakataurirana vamire mutembere,
vachiti: Munofungei? Kuti haangatongouyi kumutambo
here? 57 Zvino vese vapristi vakuru neVaFarisi
vakange vapa murairo kuti kana kune anoziva kwaari,
azivise, kuti vamubate.

12 Zvino mazuva matanhatu pasika isati yasvika
Jesu wakasvika Bhetaniya, paiva naRazaro
wakange afa, waakamutsa kubva kuvakafa. 2
Naizvozvo vakamuitira chirairo ipapo, uye Marita
waishandira; naRazaro wakange ari umwe wevakange
vagere naye pakudya. 3 Zvino Maria akatora
paundi yemafuta enadhi amene, ane mutengo
mukuru, akazodza tsoka dzaJesu, akapusika
tsoka dzake nevhudzi rake; imba ikazadzwa
nekunhuhwira kwemafuta. 4 Naizvozvo umwe
wevadzidzi vake, Judhasi Isikariyoti waSimoni
wakange achazomutengesa, akati: 5 Mafuta awa
aregerei kutengeswa nemadhenario mazana matatu,
akapiwa varombo? 6 Wakarevawo izvi, kwete
kuti wakava nehanya nevarombo, asi nokuti
waiva mbavha, uye waiva nechikwama, achitakura
zvaiiswamo. 7 Naizvozvo Jesu wakati: Muregei;
wamachengetedzera zuva rekuvigwa kwangu. 8
Nokuti varombo munavo nguva dzese, asi ini
hamuneni nguva dzese. 9 Naizvozvo chaunga chikuru
cheVaJudha chakaziva kuti aripo; ndokuuya kwete
nekuda kwaJesu chete, asi kuti vaonewo Razaro,
waakange amutsa kubva kuvakafa. 10 Asi vapristi
vakuru vakarangana kuti vauraye Razarowo; 11
nokuti nekuda kwake vazhinji veVaJudha vaibva,
vachitenda kuna Jesu. 12 Chifume chaunga chikuru
chakange chauya kumutambo, chakati chanzwa
kuti Jesu anouya kuJerusarema, 13 vakatora
matavi emichindwe, vakabuda kunomuchingamidza,
vakadanidzira vachiti: Hosana! Wakaropafadzwa
anouya muzita raIshe, Mambo waIsraeri. 14 Zvino
Jesu awana dhongwana, akagara pamusoro paro,
sezvazvakanyorwa zvichinzi: 15 Usatya, mukunda
weZiyoni; tarira, Mambo wako anouya, agere

pamusoro pedhongwana rembongoro. 16 Vadzidzi
vake havana kunzwisisa zvinhu izvi pakutanga; asi
Jesu wakati akudzwa, ipapo vakazorangarira kuti
zvinhu izvi zvakange zvakanyorwa pamusoro pake,
uye vakange vamuitira zvinhu izvi. 17 Naizvozvo
chaunga chaiva naye paakadana Razaro kuti abude
muguva, nekumumutsa kubva kuvakafa, chakapupura.
18 Saka chaunga chakamuchingamidzawo, nokuti
vakange vanzwa kuti wakaita chiratidzo ichochi. 19
Naizvozvo VaFarisi vakataurirana, vachiti: Munoona
kuti hamubatsiri chinhu; tarirai nyika inomutevera. 20
Zvino kwaiva nevamwe VaGiriki pakati pevakange
vakwira kuti vanonamata kumutambo; 21 ava
ndokuuya kuna Firipi weBhetisaidha reGarirea,
vakamukumbira vachiti: Ishe, tinoda kuona Jesu.
22 Firipi akasvika akaudza Andiriya; uye Andiriya
naFiripi vakaudzazve Jesu. 23 Jesu ndokuvapindura
achiti: Awa rasvika rekuti Mwanakomana wemunhu
akudzwe. 24 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti
kwamuri: Kunze kwekuti tsanga yegorosi yawira
muvhu ikafa, iyo inogara iri yega; asi kana ikafa,
inobereka chibereko chakawanda. 25 Anoda upenyu
hwake acharasikirwa nahwo; neanovenga upenyu
hwake panyika ino achahuchengetedza kusvikira
kuupenyu husingaperi. **(aiōnios g166)** 26 Kana
munhu achindishandira, ngaanditevere; nepandiri
ini, achavapowo muranda wangu. Uye kana munhu
achindishandira, Baba vachamukudza. 27 Ikozvino
mweya wangu unotambudzika; zvino ndichatii?
Baba, ndiponesei paawa rino. Asi nekuda kweizvi
ndasvika paawa rino. 28 Baba, kudzai zita
renyu. Naizvozvo inzwi rakauya richibva kudenga,
richiti: Ndarikudzawo, uye ndicharikudzazve. 29
Naizvozvo chaunga chakange chimire chichizvinzwa
chakati: Kwatinhira. Vamwe vakati: Mutumwa
wataura naye. 30 Jesu akapindura akati: Inzwi
iri harina kuuya nekuda kwangu, asi nekuda
kwenyu. 31 Ikozvino pane mutongo wenyika ino;
ikozvino mutungamiriri wenyika ino achadzingirwa
panze. 32 Neni, kana ndasimudzwa panyika,
ndichakwevera vese kwandiri. 33 Wakarevawo izvi
achiratidza kuti waizofa nerufu rwakadini. 34 Chaunga
chakamupindura chichiti: Isu takanzwa pamurairo
kuti Kristu achagara nekusingaperi; zvino imwi
moreva sei kuti: Mwanakomana wemunhu anofanira
kusimudzwa? Ndiani uyu Mwanakomana wemunhu?
**(aiōn g165)** 35 Naizvozvo Jesu wakati kwavari: Pachine
chinguvana chiedza chichinemwi. Fambai muchine
chiedza, zvimwe rima ringakukundai; uye anofamba
murima haazivi kwaanoenda. 36 Muchine chiedza,
tendai kuchiedza, kuti muve vana vechiedza. Jesu
wakareva zvinhu izvi, akabva, akazvivanza kwavari.
37 Kunyange akange aita zviratidzo zvizhinji kudai
pamberi pavo, havana kutenda kwaari; 38 kuti shoko
raIsaya muporofita rizadziswe, raakareva achiti: Ishe,
ndiani wakatenda mharidzo yedu? Neruoko rwaIshe
rwakazarurirwa kuna ani? 39 Naizvozvo vakange
vasingagoni kutenda, nokuti Isaya wakatizve: 40
Wakapofumadza meso avo, akaomesa moyo wavo;
kuti varege kuona nemeso kana kunzwisisa nemoyo,
vagotendeuka, ndigovaporesa. 41 Isaya wakareva
zvinhu izvi, paakaona kubwinya kwake, ndokutaura
pamusoro pake. 42 Asi kunyange zvakadaro,
vazhinji vevatongiwo vakatenda kwaari; asi nekuda
kweVaFarisi vakange vasingabvumi, kuti varege
kubudiswa musinagoge; 43 nokuti vakada rukudzo
rwevanhu kupfuura rukudzo rwaMwari. 44 Zvino Jesu
wakadanidzira akati: Anotenda kwandiri, haatendi
kwandiri, asi kune wakandituma. 45 Neanoona ini,
anoona wakandituma. 46 Ini ndakauya ndiri chiedza
panyika, kuti ani nani anotenda kwandiri arege
kugara murima. 47 Uye kana ani nani achinzwa
mashoko angu akasatenda, handimutongi ini; nokuti
handina kuuya kuti nditonge nyika, asi kuti ndiponese
nyika. 48 Uyo anondiramba asingagamuchiri mashoko
angu, ane anomutonga; shoko randakareva, ndiro
richamutonga nezuva rekupedzisira. 49 Nokuti
ini handina kureva zvemusoro wangu, asi Baba
vakandituma, ndivo vakandipa murairo, zvandichareva
nezvandichataura. 50 Uye ndinoziva kuti murairo wavo
upenyu husingaperi; naizvozvo ini zvandinotaura,
saBaba zvavakataura kwandiri, saizvozvo ndinotaura.
**(aiōnios g166)**

**13** Zvino mutambo wepasika usati wasvika,
Jesu woziva kuti awa rake rasvika kuti
abve munyika ino, aende kuna Baba, ada vake
vari munyika, wakavada kusvikira pamagumo. 2
Zvino chirairo chakati chaitika, dhiabhorosi atoisa
mumoyo maJudhasi Isikariyoti, waSimoni, kuti
amutengese, 3 Jesu achiziva kuti Baba vakapa
zvinhu zvese mumaoko, uye kuti wakabva kuna
Mwari uye anoenda kuna Mwari, 4 akasimuka
kubva pachirairo, akabvisa nguvo, akatora mucheka
akazvimonera. 5 Shure kwaizvozvi wakadira mvura
mundiro, ndokutanga kushambidza tsoka dzevadzidzi,
nekupusika nemucheka waakange akamonerwa
nawo. 6 Naizvozvo wakasvika kuna Simoni Petro; iye
ndokuti kwaari: Ishe, imwi moshambidza tsoka dzangu
here? 7 Jesu akapindura ndokuti kwaari: Chandinoita
ini, iwe hauzivi ikozvino; asi uchaziva shure kweizvi.
8 Petro akati kwaari: Hamungatongoshambidzi tsoka

dzangu nekusingaperi. Jesu akamupindura akati:
Kana ndisingakushambidzi, hauna mugove neni. **(aiōn
g165)** **9** Simoni Petro akati kwaari: Ishe, kwete tsoka
dzangu dzega, asi maokowo nemusoro. **10** Jesu akati
kwaari: Wakashambidzwa haashaiwi chinhu kunze
kwekushamba tsoka, asi wakachena chose; uye imwi
makachena asi kwete mese. **11** Nokuti wakange
achiziva uyo waizomutengesa; nekuda kwaizvozvi
wakati: Hamuna kuchena mese. **12** Naizvozvo
ashambidza tsoka dzavo, wakatora nguvo dzake,
agarazve pakudya, akati kwavari: Munoziva zvandaita
kwamuri here? **13** Imwi munondidaidza kuti Mudzidzisi,
uye Ishe; uye munoreva zvakanaka, nokuti ndini iye.
**14** Zvino kana ini, Ishe neMudzidzisi, ndashambidza
tsoka dzenyu, imwiwo munofanira kushambidzana
tsoka dzenyu. **15** Nokuti ndakupai muenzaniso,
kuti nemwi muite ini sezvandaita kwamuri. **16**
Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Muranda
haasi mukuru kuna ishe wake, uye wakatumwa
haasi mukuru kune wakamutuma. **17** Kana muchiziva
zvinhu izvi, makaropafadzwa kana muchizviita. **18**
Handitauri maererano nemwi mese; ini ndinoziva
vandakasarudza; asi kuti rugwaro ruzadziswe, rwunoti:
Anodya chingwa neni wakandisimudzira chitsitsinho
chake. **19** Kubva ikozvino ndinokuudzai zvisati
zvaitika, kuti, kana zvichiitika, mugotenda kuti
ndini. **20** Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri:
Anogamuchira ani nani wandinotuma, anogamuchira
ini; neanogamuchira ini, anogamuchira wakandituma.
**21** Jesu wakati areva izvi akatambudzika mumweya,
akapupura akati: Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti
kwamuri: Umwe wenyu achanditengesa. **22** Naizvozvo
vadzidzi vakatarirana, vasina chokwadi kuti wataura
pamusoro paani. **23** Zvino kwakange kugere pakudya
pachifuva chaJesu umwe wevadzidzi vake, Jesu
waaida; **24** naizvozvo Simoni Petro akamuninira,
kubvunza kuti ndiani waanotaura pamusoro pake.
**25** Iyewo achizendamira pachifuva chaJesu, akati
kwaari: Ishe, ndiani? **26** Jesu akapindura akati: Ndiye
ini wandichapa chimedu kana ndaseva. Zvino aseva
chimedu, akapa Judhasi Isikariyoti waSimoni. **27** Zvino
shure kwechimedu, ipapo Satani akapinda maari.
Jesu ndokuti kwaari: Zvaunoita, ita uchikurumidza. **28**
Asi hakuna kune vakange vagere pakudya wakaziva
kuti wakareverei izvi kwaari. **29** Nokuti vamwe
vakafunga kuti, sezvo Judhasi aiva nechikwama, Jesu
wakati kwaari: Tenga zvatinoda pamutambo; kana
kuti ape varombo chimwe chinhu. **30** Naizvozvo iye
akati agamuchira chimedu, akabuda pakarepo; zvino
hwakange huri usiku. **31** Naizvozvo wakati abuda, Jesu
akati: Ikozvino Mwanakomana wemunhu wakudzwa,
naMwari wakudzwa maari. **32** Kana Mwari akudzwa
maari, Mwari achamukudzawo maari pachake,
zvino achamukudza pakarepo. **33** Vana vadiki,
ndichinemwi chinguva chidiki. Muchanditsvaka, asi
sezvandakareva kuVaJudha, kuti: Ini kwandinoenda,
imwi hamugoni kuuyako, ndinorevawo kwamuri
ikozvino. **34** Murairo mutsva ndinopa kwamuri, kuti
mudanane; sezvandakakudai, kuti imwi mudananewo.
**35** Pane izvi vese vachaziva kuti muri vadzidzi vangu,
kana mune rudo umwe kune umwe. **36** Simoni
Petro akati kwaari: Ishe, munoenda kupi? Jesu
akamupindura, akati: Kwandinoenda, haungagoni
kunditevera ikozvino; asi uchanditevera pashure.
**37** Petro akati kwaari: Ishe, handigoni kukuteverai
ikozvino nei? Ndichakuradzikirai upenyu hwangu pasi.
**38** Jesu akamupindura, akati: Ucharadzikira upenyu
hwako pasi ini here? Zvirokwazvo, zvirokwazvo,
ndinoti kwauri: Jongwe haringatongoriri kusvikira
wandiramba katatu.

**14** Moyo wenyu ngaurege kutambudzika;
munotenda kuna Mwari, tendaiwo kwandiri.
**2** Mumusha maBaba vangu mune dzimba
zhinji dzekugara; dai zvisina kudaro, ndingadai
ndakakuudzai. Ndinoenda kunokugadzirirai nzvimbo.
**3** Zvino ndikanokugadzirirai nzvimbo, ndichauyazve
ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo ini pandiri, imwi
muvepowo. **4** Uye ini pandinoenda munoziva, nenzira
munoziva. **5** Tomasi akati kwaari: Ishe, hatizivi
kwamunoenda; ko tinogona kuziva sei nzira? **6** Jesu
akati kwaari: Ini ndiri nzira, nechokwadi, neupenyu;
hapana anouya kuna Baba, asi nekwandiri. **7** Dai
maindiziva, maiziva Baba vanguwo; uye kubva
ikozvino munovaziva, uye makavaona. **8** Firipi akati
kwaari: Ishe, tiratidzei Baba, uye zvakatikwanira.
**9** Jesu akati kwaari: Ndava nemwi nguva refu
yakadai, hausati wandiziva here, Firipi? Waona ini,
waona Baba; zvino unoreva sei uchiti: Tiratidzei
Baba? **10** Hautendi here kuti ini ndiri muna Baba,
naBaba vari mandiri? Mashoko andinotaura kwamuri
ini, handiatauri pachangu; asi Baba, vanogara
mandiri, ndivo vanoita mabasa. **11** Nditendei
kuti ndiri muna Baba, naBaba vari mandiri; kana
zvisakadaro nditendei nekuda kwemabasa amene.
**12** Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri:
Anotenda kwandiri, mabasa ini andinoita iye
achaaitawo, uye makuru kune awa achaaita; nokuti
ini ndinoenda kuna Baba vangu. **13** Uye chero chipi
chamunokumbira muzita rangu, icho ndichachiita,
kuti Baba varumbidzwe muMwanakomana. **14**
Kana muchikumbira chero chipi muzita rangu,

ini ndichachiita. 15 Kana muchindida, chengetai
mirairo yangu. 16 Neni ndichakumbira Baba, naivo
vachakupai umwe Munyaradzi, kuti agare nemwi
nekusingaperi, **(aiōn g165)** 17 Mweya wechokwadi, iyo
nyika yausingagoni kugamuchira, nokuti haimuoni,
kana kumuziva. Asi imwi munomuziva, nokuti ugere
nemwi, uchava mukati menyu. 18 Handingakusii muri
nherera; ndichauya kwamuri. 19 Kuchine chinguvana,
nenyika haichazondioni; asi imwi muchandiona;
nokuti ini ndinorarama, imwiwo muchararama. 20
Nezuva iro imwi muchaziva kuti ndiri muna Baba
vangu, nemwi mandiri, neni mamuri. 21 Ane mirairo
yangu achiichengeta, ndiye anondida; uye anondida
achadikanwa naBaba vangu; neni ndichamuda, uye
ndichazviratidza kwaari. 22 Judhasi, kwete Isikariyoti,
akati kwaari: Ishe, chii kuti munozozviratidza kwatiri,
asi kwete kunyika? 23 Jesu akapindura akati kwaari:
Kana munhu achindida, achachengeta shoko rangu,
naBaba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari,
tikaita ugaro naye. 24 Asingandidi, haachengeti
mashoko angu; neshoko ramunonzwa harisi rangu, asi
raBaba vakandituma. 25 Zvinhu izvozvi ndazvitaura
kwamuri ndigere nemwi. 26 Asi Munyaradzi, Mweya
Mutsvene, iwo Baba wavachatuma muzita rangu,
iye achakudzidzisai zvinhu zvese, uye akuyeudzirei
zvese zvandakataura kwamuri. 27 Rugare ndinosiya
kwamuri; rugare rwangu ndinopa kwamuri; kwete
nyika sezvainopa, ini ndinopa kwamuri. Moyo wenyu
ngaurege kutambudzika, kana kutya. 28 Manzwa
kuti ini ndati kwamuri: Ndinoenda, uye ndichauya
kwamuri. Kana maindida, maifara, nokuti ndati:
Ndinoenda kuna Baba; nokuti Baba vangu vakuru
kwandiri. 29 Uye ikozvino ndakuudzai zvisati zvaitika;
kuti kana zvoitika mungatenda. 30 Handichazotaurizve
zvizhinji nemwi; nokuti mutongi wenyika ino anouya,
asi haana chinhu kwandiri; 31 asi kuti nyika izive kuti
ndinoda Baba, uye Baba sezvavakandiraira, ndinoita
saizvozvo. Simukai, ngatibve pano.

**15** Ini ndiri muzambiringa wechokwadi, uye Baba
vangu murimi. 2 Davi rimwe nerimwe riri mandiri
risingabereki chibereko, vanoribvisa; uye rimwe
nerimwe rinobereka chibereko, vanorichekerera, kuti
riwedzere kubereka chibereko. 3 Imwi matochena
neshoko randataura kwamuri. 4 Garai mandiri,
neni mamuri. Sedavi risingagoni kubereka chibereko
pacharo, kana risingagari mumuzambiringa, saizvozvo
nemwi kwete, kana musingagari mandiri. 5 Ini ndiri
muzambiringa, imwi matavi. Anogara mandiri, neni
maari, ndiye anobereka chibereko chakawanda;
nokuti kunze kwangu hamugoni kuita chinhu. 6 Kana
munhu asingagari mandiri, anoraswa kunze sedavi,
ndokusvava, vanoaunganidza, ndokukandira mumoto,
apiswe. 7 Kana muchigara mandiri, nemashoko angu
achigara mamuri, muchakumbira chero zvamunoda,
uye muchazviitirwa. 8 Baba vangu vanokudzwa
neizvi, kuti mubereke chibereko chakawanda; uye
muchava vadzidzi vangu. 9 Baba sezvavakandida,
iniwo ndakakudai; garai murudo rwangu. 10 Kana
muchichengeta mirairo yangu, muchagara murudo
rwangu, seni ndakachengeta mirairo yaBaba vangu,
ndinogara murudo rwavo. 11 Zvinhu izvi ndazvitaura
kwamuri, kuti mufaro wangu ugare mamuri, uye
mufaro wenyu uzare. 12 Uyu ndiwo murairo wangu,
kuti mudanane, sezvandakakudai. 13 Hakuna ane
rudo rukuru kune urwu, kuti munhu anoradzikira
pasi shamwari dzake upenyu hwake. 14 Imwi muri
shamwari dzangu, kana muchiita chipi nechipi ini
chandinokurairai. 15 Handichakuidziizve varanda,
nokuti muranda haazivi ishe wake chaanoita; asi
ndakuidzai shamwari; nokuti zvese zvandakanzwa
naBaba vangu, ndakakuzivisai. 16 Imwi hamuna
kundisarudza, asi ini ndakakusarudzai, ndikakugadzai,
kuti imwi muende mubereke chibereko, uye chibereko
chenyu chigare; kuti chipi nechipi chamunokumbira
kuna Baba muzita rangu, vakupei. 17 Izvi zvinhu
ndinokurairai, kuti mudanane. 18 Kana nyika
ichikuvengai, muzive kuti yavenga ini isati yakuvengai
imwi. 19 Dai maiva venyika, nyika yaida zvayo
pachayo; asi nokuti hamusi venyika, asi ini
ndakakusarudzai kubva panyika, naizvozvo nyika
inokuvengai. 20 Rangarirai shoko ini randakareva
kwamuri: Muranda haasi mukuru kuna ishe wake.
Kana vakashusha ini, vachashusha imwiwo; kana
vakachengeta shoko rangu vachachengeta renyuwo.
21 Asi izvi zvese vachakuitirai nekuda kwezita rangu,
nokuti havamuzivi wakandituma. 22 Dai ndisina kuuya
ndikataura kwavari, vangadai vasina chivi; asi ikozvino
havana manzvengero pachivi chavo. 23 Anondivenga,
anovenga Baba vanguwo. 24 Dai ndisina kuita
pakati pavo mabasa asina umwe wakaaita, vangadai
vasina chivi; asi ikozvino vakaona ndokuvenga zvese
ini naBaba vangu. 25 Asi kuti shoko rizadziswe
rakanyorwa pamurairo wavo, rinoti: Vakandivenga
pasina chikonzero. 26 Asi kana Munyaradzi auya, ini
wandichatumira kwamuri kubva kuna Baba, Mweya
wechokwadi, unobuda kuna Baba, uyu achapupura
nezvangu. 27 Nemwiwo muchapupura, nokuti maiva
neni kubva pakutanga.

**16** Zvinhu izvi ndataura kwamuri, kuti murege
kugumburwa. 2 Vachakubudisai mumasinagoge;

hongu nguva inouya, apo umwe neumwe anokuurayai
achafunga kuti anoitira Mwari basa. 3 Uye zvinhu
izvi vachazviita kwamuri, nokuti havana kuziva Baba
kana ini. 4 Asi zvinhu izvi ndataura kwamuri, kuti kana
nguva yasvika, muzvirangarire kuti ini ndakakuudzai.
Asi zvinhu izvi handina kuzvireva kwamuri kubva
pakutanga, nokuti ndaiva nemwi. 5 Asi ikozvino
ndinoenda kune wakandituma, uye hakuna umwe
wenyu anondibvunza, achiti: Munoenda kupi? 6
Asi nokuti ndareva zvinhu izvi kwamuri, kusuruvara
kwazadza moyo wenyu. 7 Asi ini ndinokuudzai
chokwadi: Zvakanaka kwamuri kuti ini ndiende;
nokuti kana ndisingaendi, Munyaradzi haazouyi
kwamuri; asi kana ndikaenda, ndichamutumira
kwamuri. 8 Zvino kana asvika, iye achapwisa nyika
nezvechivi, uye nezvekururama, uye nezvemutongo;
9 zvechivi, nokuti havatendi kwandiri; 10 uye
zvekururama, nokuti ndinoenda kuna Baba vangu,
uye hamuchazondionizve; 11 uye zvemutongo,
nokuti mutungamiriri wenyika ino watongwa. 12
Ndichine zvinhu zvizhinji zvekutaura kwamuri, asi
hamugoni kuzvitakura ikozvino; 13 asi kana iye asvika,
Mweya wechokwadi, achakutungamirirai kuchokwadi
chese; nokuti haazozvitauriri pachake, asi chega
chega chaanonzwa achataura, uye achakuzivisai
zvinhu zvinouya. 14 Iye achandirumbidza,
nokuti achatora pane zvangu, uye achazvizivisa
kwamuri. 15 Zvese Baba zvavanazvo, ndezvangu;
ndokusaka ndichiti achatora pane zvangu, agozivisa
kwamuri. 16 Kwechinguvana uye hamuchandioni,
uye kwechinguvanazve muchandiona, nokuti ini
ndinoenda kuna Baba. 17 Zvino vamwe vevadzidzi
vake vakataurirana vachiti: Chii ichi chaanoreva
kwatiri: Kwechinguvana, hamuchandioni; uyezve
kwechinguvana muchandiona; uye: Nokuti ini
ndinoenda kuna Baba? 18 Naizvozvo vakati:
Chii ichi chaanoreva: Chinguvana? Hatizivi
chaanoreva. 19 Zvino Jesu waiziva kuti
vakange vachishuva kumubvunza, akati kwavari:
Munobvunzana pamusoro pezvizvi here kuti
ndati: Kwechinguvana hamuchandioni, uyezve
kwechinguvana muchandiona? 20 Zvirokwazvo,
zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Imwi muchachema
nekurira, asi nyika ichafara; uye imwi muchava
nekusuruvara, asi kusuruvara kwenyu kuchava
mufaro. 21 Mukadzi kana achisununguka ane
marwadzo, nokuti awa rake rasvika; asi kana
angopona mucheche, haacharangaririzve marwadzo,
nekufara kuti munhu waponwa panyika. 22
Naizvozvo nemwi ikozvino mune kusuruvara; asi
ndichazokuonaizve, nemoyo wenyu uchafara; uye
hakuna munhu anokutorerai mufaro wenyu. 23
Zvino nezuva iro hamuchazondibvunzi chinhu.
Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Chipi
nechipi chamuchakumbira kuna Baba muzita rangu
vachakupai. 24 Kusvikira ikozvino hamuna kukumbira
chinhu muzita rangu; kumbirai, uye muchagamuchira,
kuti mufaro wenyu uzadzwe. 25 Zvinhu izvi
ndataura kwamuri mumadimikira; nguva inouya
apo ndisingazotaurizve kwamuri nemadimikira, asi
ndichakuudzai pachena nezvaBaba. 26 Pazuva iro
muchakumbira muzita rangu; uye handirevi kwamuri
kuti ini ndichakukumbirirai kuna Baba; 27 nokuti
Baba pachavo vanokudai, nokuti imwi makandida,
mukatenda kuti ini ndakabuda kuna Mwari. 28
Ndakabuda kuna Baba, uye ndakauya panyika;
ndinobvazve panyika, uye ndinoenda kuna Baba. 29
Vadzidzi vake vakati kwaari: Tarirai ikozvino motaura
pachena, uye munotaura pasina dimikira. 30 Zvino
tinoziva kuti munoziva zvinhu zvese, uye hamutsvaki
kuti munhu akubvunzei; neizvozvi tinotenda kuti
makabuda kuna Mwari. 31 Jesu akavapindura akati:
Ikozvino munotenda here? 32 Tarirai, awa rinouya,
hongu ikozvino rasvika, rekuti muchaparadzirwa,
umwe neumwe kune zvake, uye mundisiye ndega;
izvo handisi ndega, nokuti Baba vaneni. 33 Ndareva
zvinhu izvi kwamuri, kuti muve nerugare mandiri.
Munyika muchava nedambudziko; asi tsungai moyo,
ini ndakakunda nyika.

**17** Jesu wakataura zvinhu izvi, ndokusimudzira
meso ake kudenga, akati: Baba, awa rasvika;
kudzai Mwanakomana wenyu, kuti Mwanakomana
wenyuwo akukudzei; 2 sezvo makamupa simba
pamusoro penyama yese, kuti vese vamakamupa,
avape upenyu husingaperi. (aiōnios g166) 3 Uye
uhu upenyu husingaperi, kuti vakuzivei imwi Mwari
wega wechokwadi, naJesu Kristu wamakatuma.
(aiōnios g166) 4 Ini ndakakukudzai panyika; ndapedza
basa ramakandipa kuti ndiite; 5 uye ikozvino
ndikudzei, imwi Baba, kwamuri pachenyu nerukudzo
rwandaiva narwo ndinemwi nyika isati yavapo. 6
Ndaratidza zita renyu kuvanhu vamakandipa kubva
munyika; vakange vari venyu, uye makavapa ini;
uye vakachengeta shoko renyu. 7 Ikozvino voziva
kuti zvese-zvese zvamakandipa, zvinobva kwamuri;
8 nokuti ndakapa kwavari mashoko amakandipa;
uye ivo vakagamuchira, vakaziva zvirokwazvo kuti
ndakabuda kwamuri, uye vakatenda kuti imwi
makandituma. 9 Ini ndinokumbirira ivo; handikumbiriri
nyika, asi avo vamakandipa, nokuti ndevenyu; 10
uye zvese zvangu ndezvenyu, nezvenyu ndezvangu;

uye ndakakudzwa mavari. 11 Uye handichisiri
munyika, asi ava vari munyika; uye ini ndinouya
kwamuri. Baba vatsvene, vachengetei muzita renyu
vamakandipa, kuti vave vamwe, sesu. 12 Pandaiva
navo munyika, ini ndaivachengeta muzita renyu;
avo vamakandipa, ndikachengetedza, uye hapana
umwe wavo wakarasika, kunze kwemwanakomana
wekuraswa, kuti rugwaro rwuzadziswe. 13 Asi
ikozvino ndinouya kwamuri, uye zvinhu izvi ndinotaura
munyika, kuti vave nemufaro wangu wakazadziswa
mavari. 14 Ini ndakavapa shoko renyu, uye nyika
yakavavenga, nokuti havasi venyika, seni ndisiri
wenyika. 15 Handikumbiri kuti muvabvise panyika,
asi kuti muvachengete pane wakaipa. 16 Havasi
venyika, seni ndisiri wenyika. 17 Vaitei vatsvene
muchokwadi chenyu; shoko renyu ichokwadi. 18
Sezvamakandituma munyika, neniwo ndavatuma
munyika. 19 Uye ini ndinozviita mutsvene nekuda
kwavo, kuti ivowo vaitwe vatsvene muchokwadi. 20
Uye handikumbiriri ava chete, asi naivo vachatenda
kwandiri neshoko ravo; 21 kuti vese vave umwe;
semwi, Baba, mandiri, neni mamuri; kuti ivowo vave
umwe matiri; kuti nyika itende kuti imwi makandituma.
22 Nekubwinya kwamakandipa, ini ndakavapa, kuti
vave umwe, sesu tiri umwe. 23 Ini mavari, nemwi
mandiri, kuti vapedzeredzwe vave umwe; uye kuti
nyika izive kuti imwi makandituma, uye makavada,
sezvamakandida. 24 Baba, ndinoda kuti ivowo
vamakandipa, vave neni apo pandiri ini, kuti vaone
kubwinya kwangu, kwamakandipa, nokuti makandida
mavambo enyika asati avapo. 25 Baba vakarurama,
nenyika haina kukuzivai, asi ini ndakakuzivai, neava
vakaziva kuti imwi makandituma; 26 uye ndakazivisa
kwavari zita renyu, uye ndicharizivisa, kuti rudo
rwamakandida narwo ruve mavari, neni mavari.

**18** Jesu areva zvinhu izvi wakabudira mhiri
kwerukova Kedhironi nevadzidzi vake, paiva
nebindu, maakapinda iye nevadzidzi vake. 2
NaJudhasiwo, wakamutengesa, wakange achiziva
nzvimbo iyi; nokuti Jesu kazhinji waiunganapo
nevadzidzi vake. 3 Naizvozvo Judhasi, atora
boka remauto, nemapurisa kubva kuvapristi vakuru
neVaFarisi, wakauyapo nemwenje nemarambi
nezvombo. 4 Naizvozvo Jesu, achiziva zvinhu
zvese zvaizomuwira, wakabuda akati kwavari:
Ndiani wamunotsvaka? 5 Vakamupindura vakati:
Jesu muNazareta. Jesu akati kwavari: Ndini.
NaJudhasiwo wakamutengesa wakange amire navo.
6 Zvino wakati achiti kwavari: Ndini; vakasudurukira
shure, vakawira pasi. 7 Zvino akavabvunzazve
achiti: Ndiani wamunotsvaka? Ivo vakati: Jesu
muNazareta. 8 Jesu akapindura achiti: Ndakuudzai
kuti ndini iye; naizvozvo kana muchitsvaka ini, regai
ava vaende; 9 kuti shoko rizadziswe raakareva
rekuti: Vamakapa kwandiri, handina kurasa umwe
wavo. 10 Naizvozvo Simoni Petro ane munondo
wakauvhomora ndokutema muranda wemupristi
mukuru, ndokugura nzeve yake yerudyi. Uye zita
remuranda uyo raiva Marikosi. 11 Naizvozvo Jesu
wakati kuna Petro: Isa munondo wako mumuhara;
mukombe Baba wavakandipa, handingatongounwi
here? 12 Zvino boka remauto nemukuru wechuru
nemapurisa eVaJudha vakabata Jesu, vakamusunga,
13 ndokutanga kumuendesa kuna Anasi; nokuti
wakange ari mukarahwa waKayafasi, waiva mupristi
mukuru gore iroro. 14 Zvino Kayafasi ndiye
wakange araira VaJudha, kuti zvakanaka kuti
munhu umwe afire rudzi. 15 Zvino Simoni Petro
wakatevera Jesu, neumwe mudzidzi. Mudzidzi uyu
waizikanwa nemupristi mukuru, akapinda naJesu
muchivanze chemupristi mukuru; 16 asi Petro wakange
amire pamukova panze. Naizvozvo kwakabuda
umwe mudzidzi waizikanwa nemupristi mukuru,
akataura nemurindikadzi wemukova, ndokupinza
Petro. 17 Zvino murandakadzi murindi wemukova
akati kuna Petro: Iwewo hausi umwe wevadzidzi
vemunhu uyu here? Iye akati: Handisi. 18 Zvino
varanda nemapurisa vakange vamire vavesa moto
wemazimbe, nokuti kwaitonhora, uye vaidziya.
Petrowo akamira navo achidziya. 19 Naizvozvo
mupristi mukuru wakabvunza Jesu nezvevadzidzi
vake, nezvedzidziso yake. 20 Jesu akamupindura
akati: Ini ndakataura pachena kunyika; ini ndaidzidzisa
nguva dzese musinagoge nemutembere, panoungana
VaJudha nguva dzese, uye handina kureva chinhu
pakavanda. 21 Unobvunzirei ini? Bvunza avo
vainzwa, zvandaitaura kwavari; tarira, ndivo vanoziva
ini zvandakareva. 22 Wakati areva zvinhu izvi,
umwe wemapurisa wakange amirepo akarova Jesu
nembama, achiti: Ko unopindura mupristi mukuru
saizvozvo? 23 Jesu akamupindura akati: Kana
ndareva zvakaipa, pupura zvezvakaipa zvacho; asi
kana zvakanaka, wandiroverei? 24 Zvino Anasi
akamutumira akasungwa kuna Kayafasi mupristi
mukuru. 25 Zvino Simoni Petro wakange amire
achidziya moto; naizvozvo vakati kwaari: Hausi iwewo
umwe wevadzidzi vake here? Iye akaramba, akati:
Handisi. 26 Umwe wevaranda vemupristi mukuru, ari
hama yewenzeve Petro yaakagura akati: Ini handina
kukuona mubindu unaye here? 27 Naizvozvo Petro
akarambazve; zvino pakarepo jongwe rakarira. 28

Zvino vakabvisa Jesu kuna Kayafasi vakamuisa
kuimba yemutungamiriri; uye aiva mambakwedza,
asi ivo havana kupinda mumba memutungamiriri,
kuti varege kusvibiswa, asi kuti vadye pasika. **29**
Naizvozvo Pirato akabudira kwavari, akati: Imhosva
yei yamunoisa pamunhu uyu? **30** Vakapindura vakati
kwaari: Dai uyu asaiva anoita zvakaipa, tingadai tisina
kumukumikidza kwamuri. **31** Naizvozvo Pirato wakati
kwavari: Mutorei imwi, mumutonge zvinoenderana
nemurairo wenyu. Naizvozvo VaJudha vakati kwaari:
Hazvisi pamutemo kwatiri kuti tiuraye munhu; **32** kuti
shoko raJesu rizadziswe raakareva, achiratidza kuti
kufa rudzii kwaaifanira kufa nako. **33** Naizvozvo Pirato
wakapindazve mumba memutungamiriri, akadana
Jesu, akati kwaari: Ndiwe mambo weVaJudha here?
**34** Jesu akamupindura akati: Unozvireva izvi pachako
here, kana vamwe vakuudza pamusoro pangu? **35**
Pirato akapindura, akati: Ini ndiri muJudha here? Rudzi
rwako nevapristi vakuru vakukumikidza kwandiri;
waitei? **36** Jesu akapindura akati: Ushe hwangu hahuzi
hwenyika ino; kana ushe hwangu hwaiva hwenyika
ino, varanda vangu vangadai vairwa, kuti ndirege
kukumikidzwa kuVaJudha; asi zvino ushe hwangu
hahusi hwepano. **37** Naizvozvo Pirato wakati kwaari:
Saka uri iwe mambo here? Jesu akapindura akati:
Unoreva iwe, kuti ini ndiri mambo. Ini ndakaberekerwa
izvi, uye ndakauira izvi munyika kuti ndipupurire
chokwadi. Umwe neumwe wechokwadi anonzwa
inzwi rangu. **38** Pirato akati kwaari: Chokwadi chii?
Zvino wakati areva izvi, akabudirazve kuVaJudha,
akati kwavari: Ini handiwani mhosva kwaari. **39** Asi
mune tsika, kuti ndikusunungurirei umwe papasika;
naizvozvo munoda kuti ndikusunungurirei Mambo
weVaJudha here? **40** Ipapo vakadanidzirazve vese,
vachiti: Kwete uyu, asi Bharabhasi; zvino Bharabhasi
wakange ari gororo.

**19** Naizvozvo ipapo Pirato wakatora Jesu,
akamurova netyava. **2** Zvino mauto
akaruka korona yeminzwa akaisa pamusoro wake,
ndokumupfekedza nguvo ine ruvara rwehute. **3**
Vakati: Hekanhi, Mambo weVaJudha! Ndokumurova
nembama. **4** Naizvozvo Pirato akabudazve panze,
ndokuti kwavari: Tarirai, ndinomubudisira kwamuri,
kuti muzive kuti handiwani mhosva maari. **5** Naizvozvo
Jesu wakabuda panze, akapfeka korona yeminzwa,
nenguvo ine ruvara rwehute. Pirato ndokuti kwavari:
Tarirai munhu uyu! **6** Naizvozvo vapristi vakuru
nemapurisa pavakamuona, vakadanidzira vachiti:
Roverera pamuchinjikwa, roverera pamuchinjikwa!
Pirato akati kwavari: Mutorei imwi, muroverere
pamuchinjikwa; nokuti ini handiwani mhosva
kwaari. **7** VaJudha vakamupindura vakati: Isu
tine murairo, uye nemurairo wedu anofanira kufa,
nokuti wakazviita Mwanakomana waMwari. **8**
Naizvozvo Pirato paakanzwa shoko iri, wakanyanya
kutya. **9** Akapindazve mumba memutungamiriri,
ndokuti kuna Jesu: Unobvepi iwe? Asi Jesu
haana kumupa mhinduro. **10** Pirato akati kwaari:
Hautauri neni here? Hauzivi here kuti ndine
simba rekukuroverera pamuchinjikwa uye ndine
simba rekukusunungura? **11** Jesu akapindura
akati: Haungatongovi nesimba pamusoro pangu,
dai usina kuripiwa kubva kumusoro; naizvozvo
anondikumikidza kwauri ane chivi chikuru. **12** Kubva
ipapo Pirato akatsvaka kumusunungura. Asi VaJudha
vakadanidzira, vachiti: Kana mukasunungura uyu,
hamusi shamwari yaKesari; umwe neumwe anozviita
mambo, anopikisana naKesari. **13** Naizvozvo Pirato
anzwa shoko iri wakabudisa Jesu panze, akagara
pachigaro chekutonga, panzvimbo inonzi Pakarongwa
neMabwe, asi nechiHebheru Gabhata. **14** Zvino raiva
gadziriro repasika, uye raiva awa rinenge rechitanhatu;
ndokuti kuVaJudha: Tarirai Mambo wenyu! **15** Asi
vakadanidzira vachiti: Bvisai, bvisai, murovererei
pamuchinjikwa! Pirato akati kwavari: Ndoroverera
pamuchinjikwa Mambo wenyu here? Vapristi
vakuru vakapindura vachiti: Hatina mambo kunze
kwaKesari. **16** Naizvozvo ipapo akamukumikidza
kwavari, kuti arovererwe pamuchinjikwa. Zvino
vakatora Jesu vakamutinha. **17** Zvino wakatakura
muchinjikwa wake akabuda akaenda kunzvimbo
yainzi yeDehenya, ichinzi nechiHebheru Gorogota,
**18** pavakamuroverera pamuchinjikwa nevamwe vaviri
naye, parutivi neparutivi, naJesu pakati. **19** Pirato
ndokunyorawo chiziviso akaisa pamuchinjikwa;
chakange chakanyorwa kuti: JESU MUNAZARETA
MAMBO WEVAJUDHA. **20** Naizvozvo vazhinji
veVaJudha vakaverenga chiziviso ichi; nokuti nzvimbo
pakange pakarovererwa Jesu pamuchinjikwa yaiva
pedo neguta; uye pakange pakanyorwa nechiHebheru,
nechiGiriki, nechiRoma. **21** Naizvozvo vapristi vakuru
veVaJudha vakati kuna Pirato: Musanyora muchiti:
Mambo weVaJudha; asi kuti uyo wakati: Ndiri mambo
weVaJudha. **22** Pirato akapindura akati: Zvandanyora,
ndanyora. **23** Naizvozvo mauto akati aroverera Jesu
pamuchinjikwa, akatora nguvo dzake, akaita migove
mina, kumuuto umwe neumwe mugove; neshatiwo; asi
shati iyi yakange isina musono, yakange yakarukwa
yese kubva kumusoro. **24** Naizvozvo vakataurirana
vachiti: Ngatiregе kuibvarura, asi tiikandire mijenya,
kuti ichava yaani; kuti rugwaro ruzadziswe rwunoti:

Vakagovana nguvo dzangu pakati pavo, vakakandawo
mujenya pamusoro pechekupfeka changu. Naizvozvo
mauto akaita zvinhu izvi. **25** Zvino pamuchinjikwa
waJesu pakange pamire mai vake, nemunin'ina
wamai vake, Maria mukadzi waKiropasi, naMaria
Magidharini. **26** Naizvozvo Jesu wakati achiona
mai vake, nemudzidzi waaida amirepo, akati kuna
mai vake: Mukadzi, tarira mwanakomana wako. **27**
Shure kweizvozvo wakati kumudzidzi: Tarira mai
vako. Zvino kubva paawa iro mudzidzi wakavatora
akavaisa kumba kwake. **28** Shure kwaizvozvi, Jesu
achiziva kuti zvinhu zvese zvatopedzwa, kuti rugwaro
rwuzadziswe, akati: Ndine nyota. **29** Zvino pakange
pakagadzikwa hari izere nevhiniga; zvino vakazadza
chipanje nevhiniga vakaisa parutanda rwehisopi,
vakaisa kumuromo wake. **30** Naizvozvo Jesu
agamuchira vhiniga, wakati: Zvapedzwa! Akakotamisa
musoro, akapa mweya wake. **31** Naizvozvo VaJudha
nokuti rakange riri gadziriro, kuti mitumbi isagara
pamuchinjikwa nesabata (nokuti zuva resabata iro
raiva guru), vakakumbira Pirato kuti makumbo avo
avhuniwe, uye vabviswe. **32** Naizvozvo mauto akauya,
akavhuna makumbo ewekutanga, neeumwe wakange
arovererwa pamuchinjikwa pamwe naye; **33** asi
vasvika kuna Jesu, pavakaona kuti watofa, havana
kuvhuna makumbo ake; **34** asi umwe wemauto
wakabaya rutivi rwake nepfumo, pakarepo kukabuda
ropa nemvura. **35** Uye iye wakaona wakapupura,
uye kupupura kwake ichokwadi; uye iye anoziva kuti
anoreva chokwadi, kuti imwi mutende. **36** Nokuti zvinhu
izvi zvakaitwa kuti rugwaro rwuzadziswe rwunoti:
Fupa rake haringavhunwi. **37** Uyezve rumwe rugwaro
rwunoti: Vachamutarira wavakabvovora. **38** Shure
kweizvozvi Josefa weArimatia, ari mudzidzi waJesu,
asi pachivande nekutya VaJudha, wakakumbira kuna
Pirato kuti abvise mutumbi waJesu. Zvino Pirato
akamutendera. Naizvozvo akauya akabvisa mutumbi
waJesu. **39** Kwakauyawo Nikodhimo, wakauya
pakutanga kuna Jesu usiku, akatakura musanganiswa
wemura nearosi mapaundi anenge zana. **40** Ipapo
vakatora mutumbi waJesu, vakamuputira nemicheka
yerineni nezvinonhuhwira, seyaiva tsika yeVaJudha
yekuviga. **41** Zvino panzvimbo iyo paakarovererwa
pamuchinjikwa pakange pane bindu, uye mubindu
mune guva idzva, makange musina kumboradzikwa
munhu. **42** Naizvozvo vakaradzika Jesu ipapo nekuda
kwegadziriro yeVaJudha, nokuti guva rakange riri
pedo.

**20** Zvino newekutanga wevhiki Maria Magidharini
wakasvika mangwanani-ngwanani paguva,
kuchakasviba, akaona ibwe rabviswa kubva paguva.
**2** Naizvozvo wakamhanya akauya kuna Simoni
Petro nekune umwe mudzidzi Jesu waaida,
ndokuti kwavari: Vabvisa Ishe muguva, uye hatizivi
pavamuradzika. **3** Zvino Petro akabuda neumwe
mudzidzi, vakasvika kuguva. **4** Zvino vakamhanya
vari vaviri pamwe chete; zvino umwe mudzidzi
akamhanya kusiya Petro, akatanga kusvika paguva.
**5** Zvino akotama achidongorera, wakaona micheka
yerineni yakawaridzwa, asi haana kupinda. **6** Zvino
Simoni Petro akasvika achimutevera, akapinda
muguva, akaona micheka yerineni yakawaridzwa,
**7** nemucheka wekumeso wakange uri mumusoro
make, usina kuwaridzwa nemicheka yerineni, asi
wakapetwa uri pane imwe nzvimbo wega. **8** Naizvozvo
ipapo umwe mudzidzi wakatanga kusvika paguva
akapindawo, akaona, akatenda; **9** nokuti vakange
vachigere kunzwisisisa rugwaro, kuti anofanira
kumuka kubva kuvakafa. **10** Naizvozvo vadzidzi
vakabva vakaendazve kwavo. **11** Asi Maria wakamira
kunze paguva achichema; zvino wakati achichema
akakotama akadongorera muguva, **12** akaona
vatumwa vaviri vane nguvo chena vagere, umwe
kumusoro, neumwe kutsoka, ipapo pakambenge
parere mutumbi waJesu. **13** Ivo ndokuti kwaari:
Mukadzi, unochemei? Akati kwavari: Nokuti vakabvisa
Ishe wangu, zvino handizivi kwavakamuradzika.
**14** Zvino wakati areva zvinhu izvi akatendeukira
kumashure, akaona Jesu amire, asi haana kuziva kuti
ndiJesu. **15** Jesu akati kwaari: Mukadzi, unochemei?
Unotsvaka ani? Iye achifunga kuti ndiye murimi
wemunda, akati kwaari: Ishe, kana imwi mamubvisa,
ndiudzei pamamuradzika, uye ini ndichanomutora.
**16** Jesu akati kwaari: Maria! Iye akatendeuka akati
kwaari: Rabhoni! ndiko kuti: Mudzidzisi. **17** Jesu akati
kwaari: Usandibata, nokuti ndichigere kukwira kuna
Baba vangu; asi enda kuvanin'ina vangu, uti kwavari:
Ndinokwira kuna Baba vangu naBaba venyu, naMwari
wangu naMwari wenyu. **18** Maria Magidharini akauya
ndokuudza vadzidzi kuti waona Ishe, uye wamuudza
zvinhu izvi. **19** Zvino ava madekwani nezuva
iroro rekutanga revhiki, mikova yapfigwa pakange
pakaungana vadzidzi nekutya VaJudha, Jesu akauya
akamira pakati, akati kwavari: Rugare kwamuri. **20**
Zvino wakati ataura izvi akavaratidza zvanza nerutivi
rwake. Naizvozvo vadzidzi vakafara vachiona Ishe.
**21** Naizvozvo Jesu akatizve kwavari: Rugare kwamuri;
Baba sezvavakandituma, neni ndinokutumai. **22**
Zvino wakati areva izvi akafuridzira kwavari, ndokuti
kwavari: Gamuchirai Mweya Mutsvene. **23** Ani
nani wamunokanganwira zvivi, vazvikanganwirwa;

vese vamunobata zvavo zvabatwa. 24 Asi Tomasi,
umwe wevanegumi nevaviri, wainzi Dhidhimo,
wakange asipo navo Jesu paakauya. 25 Naizvozvo
vamwe vadzidzi vakati kwaari: Taona Ishe. Asi iye
wakati kwavari: Kana ndisingaoni vanga rembambo
muzvanza zvake, nekuisa munwe wangu muvanga
rembambo, nekuisa ruoko rwangu murutivi rwake,
handingatongotendi. 26 Zvino mushure memazuva
masere vadzidzi vake vakange vari mukatizve,
naTomasi anavo. Jesu akauya, mikova yakapfigwa,
ndokumira pakati akati: Rugare kwamuri. 27 Ipapo
akati kuna Tomasi: Uisa munwe wako pano uone
zvanza zangu; uuise ruoko rwako uise murutivi
rwangu, usava usingatendi, asi unotenda. 28 Zvino
Tomasi akapindura, akati kwaari: Ishe wangu naMwari
wangu! 29 Jesu akati kwaari: Nokuti wandiona,
Tomasi, watenda; vakaropafadzwa vasina kuona asi
vatenda. 30 Zvino zvirokwazvo Jesu wakaita zvimwe
zviratidzo zvizhinji pamberi pevadzidzi vake, zvisina
kunyorwa mubhuku iri. 31 Asi izvi zvakanyorwa,
kuti mutende kuti Jesu ndiKristu, Mwanakomana
waMwari, uye kuti muchitenda muve neupenyu muzita
rake.

**21** Shure kwezvinhu izvi Jesu wakazviratidzazve
kuvadzidzi pagungwa reTibheriasi; uye
wakazviratidza sezvizvi: 2 Vaiva pamwe Simoni Petro,
naTomasi anonzi Dhidhimo, naNatanieri waibva Kana
yeGarirea, nevanakomana vaZebhedhi, nevamwe
vaviri vevadzidzi vake. 3 Simoni Petro akati kwavari:
Ndoenda kunobata hove. Vakati kwaari: Nesu toenda
newe. Vakabuda ndokupinda muchikepe pakarepo,
asi usiku uhwo havana kubata chinhu. 4 Zvino
kwakati kwatova mambakwedza, Jesu akamira
pamahombekombe, asi vadzidzi havana kuziva kuti
ndiJesu. 5 Naizvozvo Jesu wakati kwavari: Vana
vadiki, mune chero usavi here? Vakamupindura,
vachiti: Kwete. 6 Ndokuti kwavari: Kandai mumbure
kurutivi rwerudyi rwechikepe, uye muchawana.
Naizvozvo vakakanda, zvino vakasazogonazve
kuukweva nekuwanda kwehove. 7 Naizvozvo mudzidzi
uya Jesu waaida wakati kuna Petro: NdiIshe. Ipapo
Simoni Petro anzwa kuti ndiIshe, wakamonera
nguvo yake yekunze (nokuti wakange akashama),
akazviwisira mugungwa. 8 Asi vamwe vadzidzi
vakauya nechikepe chidiki, vachikweva mumbure une
hove, nokuti vakange vasiri kure nenyika, asi mbimbi
dzinenge mazana maviri. 9 Zvino vakati vachisvika
panyika, vakaona moto wemazimbe wakaiswapo,
nehove yakaradzikwa pamusoro pawo, nechingwa.
10 Jesu akati kwavari: Uisai dzimwe dzehove
dzamabata ikozvino. 11 Simoni Petro akakwira,
akakwevera mumbure panyika, uzere nehove huru,
zana nemakumi mashanu nenhatu; uye kunyange
dzaiva zhinji dzakadai, mumbure hauna kubvaruka. 12
Jesu akati kwavari: Uyai mudye. Asi hakuna kuvadzidzi
wakatsunga kumubvunza kuti: Ndimwi ani imwi?
vachiziva kuti ndiIshe. 13 Naizvozvo Jesu wakauya,
ndokutora chingwa, akavapa, nehove saizvozvo.
14 Urwu rwatova rwechitatu Jesu achizviratidza
kuvadzidzi vake, amutswa kubva kuvakafa. 15
Zvino vakati vadya, Jesu akati kuna Simoni Petro:
Simoni waJona, unondida kupfuura ava here? Akati
kwaari: Hongu Ishe; imwi munoziva kuti ndinokudai.
Akati kwaari: Chedza makwayana angu. 16 Akati
kwaarizve rwechipiri: Simoni waJona, unondida
here? Akati kwaari: Hongu Ishe; imwi munoziva kuti
ndinokudai. Akati kwaari: Fudza makwai angu. 17
Akati kwaari rwechitatu: Simoni waJona, unondida
here? Petro akarwadziwa nokuti wakati kwaari
rwechitatu: Unondida here? Akati kwaari: Ishe,
imwi munoziva zvinhu zvese; imwi munoziva kuti
ndinokudai. Jesu akati kwaari: Chedza makwai angu.
18 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri: Pawaiva
mudiki, waizvisunga bhande, uchifamba kwawaida; asi
kana wakwegura, uchatandavadza maoko ako, uye
umwe achakusunga bhande, achikuisa kwausingadi.
19 Wakareva izvi, achiratidza kuti mafiro rudzii
aaizokudza Mwari nawo. Zvino wakati areva izvi,
akati kwaari: Nditevere. 20 Petro achitendeuka
wakaona mudzidzi Jesu waaida achitevera, ndiyewo
wakazendamira pachifuva chake pachirairo, akati:
Ishe, ndiani achakutengesai? 21 Petro wakati
achimuona akati kuna Jesu: Ishe, ko uyu? 22 Jesu akati
kwaari: Kana ndikada kuti agare kusvikira ndichiuya,
unei nazvo? Nditevere iwe. 23 Zvino shoko iri
rakabudira pakati pehama, kuti mudzidzi uyu haazofi;
asi Jesu haana kureva kwaari, kuti haazofi; asi wakati:
Kana ndichida kuti agare kusvikira ndichiuya, unei
nazvo? 24 Ndiyeyu mudzidzi anopupura zvezvinhu
izvi, nekunyora zvinhu izvi; uye tinoziva kuti uchapupu
hwake ichokwadi. 25 Uyewo zvimwe zvizhinji zviriko
Jesu zvaakaita; kana zvainyorwa chimwe nechimwe,
ndinofunga kuti kunyange nyika pachayo haizaiva
nenzvimbo yemabhuku anganyorwa. Amen.

# Mabasa

1 Rondedzero yekutanga ndakaiita, haiwa Teofiro,
pamusoro pezvese Jesu zvaakatanga kuita
uyewo kudzidzisa, 2 kusvikira zuva raakakwidzwa,
amboraira neMweya Mutsvene kuvaapositori
vaakange asarudza; 3 vaakazviratidzawo kwavari ari
mupenyu shure kwekutambudzika kwake neuchapupu
uzhinji hunopwisa, achionekwa navo kwemazuva
makumi mana, achitaura zvinhu zveushe hwaMwari.
4 Zvino aungana navo, akavaraira kuti varege
kubva muJerusarema asi vamirire chivimbiso
chaBaba, chamakanzwa neni; 5 nokuti Johwani
zvirokwazvo wakabhabhatidza nemvura, asi imwi
muchabhabhatidzwa neMweya Mutsvene pasina
mazuva mazhinji kubva ikozvino. 6 Naizvozvo
ivo vakati vaungana vakamubvunza vachiti: Ishe,
muchadzosera ushe kuna Israeri nenguva ino
here? 7 Zvino akati kwavari: Hazvisi zvenyu
kuziva nguva kana misi Baba yavakatara nesimba
ravo pachavo; 8 asi muchagamuchira simba,
Mweya Mutsvene asvika pamusoro penyu; uye
muchava zvapupu zvangu zvese paJerusarema
nemuJudhiya mese nemuSamaria, kusvikirawo
kumugumo wenyika. 9 Zvino wakati areva zvinhu
izvi, akakwidzwa vakatarira, negore rikamubvisa
pameso avo. 10 Zvino vachakatarisisa kudenga,
achikwira, zvino tarira, varume vaviri vakamira
navo nenguvo chena; 11 ivowo vakati: Varume
veGarirea, makamirirei makatarisisa kudenga? Iyeyu
Jesu, anobviswa kwamuri achikwidzwa kudenga,
achauya saizvozvo sezvamunomuona achienda
kudenga. 12 Zvino vakadzokera kuJerusarema
vachibva pagomo rinonzi reMiorivhi riri pedo
neJerusarema, chinhambwe cherwendo rwesabata.
13 Vakati vapinda, vakakwira mukamuri yepamusoro
apo paigara vese Petro naJakobho naJohwani
naAndiriya, Firipi naTomasi, Bhatironomiyo naMatewu,
Jakobho waArifio naSimoni muZiroti, naJudhasi
waJakobho. 14 Ava vese vakatsungirira nemoyo umwe
mumunyengetero nemukumbiro, pamwe nevakadzi,
naMaria mai vaJesu, uye nevanin'ina vake. 15
Zvino mumazuva iwayo Petro wakasimuka pakati
pevadzidzi akati (kwaiva nechaunga nevanhu pamwe
vanenge zana nemakumi maviri): 16 Varume
hama, zvakafanira kuti rugwaro urwu rwuzadziswe,
Mweya Mutsvene zvawakagara wataura nemuromo
waDhavhidhi pamusoro paJudhasi, wakange ari
mutungamiriri wevaya vakabata Jesu, 17 nokuti
wakange achiverengwa pamwe nesu, akagamuchira
mugove weushumiri uhu. 18 Zvino uyu wakawana
munda nemubairo wezvakaipa, akawa nemusoro,
akaparuka nepakati, ura hwake hwese hukabvajukira
kunze. 19 Zvikanzwikwa kuvagari vese paJerusarema,
zvekuti munda uyo watumidzwa nerurimi rwavo
pachavo kuti Akeridhama, ndiko kuti: Munda weropa.
20 Nokuti zvakanyorwa mubhuku reMapisarema
zvichinzi: Musha wake ngauve dongo, uye kuregе
kuva neanogara mauri; uye: Utariri hwake, umwe
ngaatore. 21 Naizvozvo zvakafanira pavarume ava
vaifamba nesu munguva yese, apo Ishe Jesu aipinda
nekubuda pakati pedu, 22 kutanga parubhabhatidzo
rwaJohwani, kusvikira pazuva raakwidzwa kubva
kwatiri, umwe wavo ngaave chapupu pamwe
nesu chekumuka kwake. 23 Zvino vakamisa
vaviri: Josefa wainzi Bharisabhasi, wakatumidzwawo
Jusito, naMatiasi. 24 Vakanyengetera vachiti: Imwi
Ishe, imwi muzivi wemoyo yevese, taridzai umwe
pavaviri ava wamasarudza, 25 kugamuchira mugove
paushumiri nevuapositori, Judhasi hwaakatsauka
pahuri, kuti aende panzvimbo yake pachake. 26
Zvino vakavapa mijenya yavo, mujenya ukawira pana
Matiasi; akaverengwa pamwe nevaapositori vanegumi
neumwe.

2 Zvino zuva rePendekosita rakati razadzisika, vese
vakange vari pamwe nemoyo umwe. 2 Pakarepo
kwakauya mutinhiro kubva kudenga sewemhepo
inovhuvhuta nesimba, ndokuzadza imba yese
mavakange vagere. 3 Zvino kwakaonekwa kwavari
ndimi dzakaparadzaniswa sedzemoto, ndokugara
pamusoro peumwe neumwe wavo. 4 Zvino vese
vakazadzwa neMweya Mutsvene, ndokutanga
kutaura nedzimwe ndimi, Mweya sezvaakavapa
kududza. 5 Zvino kwaigara paJerusarema VaJudha,
varume vaitya Mwari, vaibva kurudzi rwese rwevari
pasi pedenga. 6 Zvino mutinhiro uyu wakati
waitika, chaunga chikaungana chikavhiringidzwa,
nokuti umwe neumwe wakavanzwa vachitaura
nerurimi rwekwake. 7 Zvino vakakatyamara
vese vakashamisika vakataurirana vachiti: Tarirai,
ava vese vanotaura havasi VaGarirea here? 8
Zvino isu tinonzwa sei umwe neumwe nerurimi
rwekwedu, rwatakaberekwa narwo? 9 VaPatia
neVaMedhia neVaEramu, nevagari veMesopotamia,
neveJudhiya neveKapadhokiasi, vePonto neveAsia,
10 neveFrigia nevePamufiriya, veEgipita nevemativi
eRibhia pedo neKurini, nevaeni veRoma, vese
VaJudha nevakatendeukira kuVaJudha, 11 VaKrete
neVaArabhiya, tinovanzwa vachitaura nendimi dzedu
mabasa makuru aMwari. 12 Zvino vakakatyamara

vese, vakashamiswa vachiti umwe kune umwe:
Ichi chingava chii? 13 Asi vamwe vakatsvinya
vachiti: Vararadza waini inotapira. 14 Zvino Petro
amire nevanegumi neumwe, wakasimudza inzwi
rake, ndokuti kwavari: Varume VaJudha, nevese
vagere muJerusarema, chinhu ichi ngachizikanwe
kwamuri, uye muteerere kumashoko angu. 15
Nokuti ava havana kuraradza sezvamunofunga imwi;
nokuti iawa rechitatu rezuva; 16 asi ichi ndicho
chakataurwa nemuporofita Joweri achiti: 17 Zvino
zvichava mumazuva ekupedzisira, anodaro Mwari,
ndichadurura zveMweya wangu pamusoro penyama
yese; nevanakomana venyu nevanasikana venyu
vachaporofita, uye majaya enyu achaona zviratidzo,
nevatana venyu vacharota hope; 18 uye nepamusoro
pevaranda vangu nepamusoro pevarandakadzi vangu,
nemazuva iwayo ndichadurura zveMweya wangu,
uye vachaporofita. 19 Zvino ndichaita zvishamiso
kudenga kumusoro, nezviratidzo panyika pasi, ropa,
nemoto, nemhute yeutsi. 20 Zuva richashandurwa
kuva rima, nemwedzi kuva ropa, risati rasvika zuva
raIshe guru uye rinobwinya; 21 zvino zvichava
kuti ani nani anodana zita raIshe achaponeswa.
22 Varume VaIsraeri, inzwai mashoko awa: Jesu
weNazareta, murume wakapupurirwa naMwari
pakati penyu nemabasa esimba nezvishamiso
nezviratidzo Mwari zvaakaita pakati penyu kubudikidza
naye, sezvamunozivawo imwi momene, 23 iye
wakakumikidzwa nezano rakamiswa nekuziva zviri
mberi kwaMwari, mukamutora, nemaoko evasina
murairo mukaroverera pamuchinjikwa mukauraya;
24 iye Mwari waakamutsa, asunungura marwadzo
erufu, nokuti zvakange zvisingagoneki kuti abatwe
narwo. 25 Nokuti Dhavhidhi wakataura maererano
naye: Ndaiona Ishe pamberi pangu nguva dzese;
nokuti ari kuruoko rwerudyi rwangu, kuti ndirege
kuzununguswa. 26 Naizvozvo moyo wangu wakafara,
nerurimi rwangu rwakafarisisa; uyezve nenyama
yangu ichazorora mutariro. 27 Nokuti hamuzosii
mweya wangu mugehena, kana kutendera Mutsvene
wenyu kuti aone kuora. (Hadēs g86) 28 Makandizivisa
nzira dzeupenyu; muchandizadza nemufaro nechiso
chenyu. 29 Varume hama, regai nditaure kwamuri
pachena zvateteguru Dhavhidhi, kuti zvese vakafa
uye vakavigwa, neguva ravo riri pakati pedu kusvikira
zuva rino. 30 Naizvozvo ari muporofita, uye achiziva
kuti Mwari wakapika nemhiko kwaari kuti kuchibereko
chechiuno chake panyama achasimudza Kristu kuti
agare pachigaro chake cheushe, 31 aona zviri mberi,
wakareva zvekumuka kwaKristu, kuti mweya wake
hauna kusiiwa mugehena, kana nyama yake kuona
kuora. (Hadēs g86) 32 Uyu Jesu Mwari wakamumutsa,
watiri zvapupu zvazvo tese. 33 Naizvozvo asimudzirwa
kuruoko rwerudyi rwaMwari, agamuchira kuna Baba
chivimbiso cheMweya Mutsvene, wadurura izvi imwi
zvamunoona nezvamunonzwa ikozvino. 34 Nokuti
Dhavhidhi haana kukwira kumatenga, asi anoti
amene: Ishe wakati kuna Ishe wangu: Gara kuruoko
rwangu rwerudyi, 35 kusvikira ndichiita vavengi vako
chitsiko chetsoka dzako. 36 Naizvozvo imba yese
yaIsraeri ngaizive kwazvo, kuti Mwari wakamuita
zvese Ishe naKristu, iyeyu Jesu wamakaroverera
pamuchinjikwa imwi. 37 Zvino vakati vachinzwa izvi
vakabaiwa pamoyo, ndokuti kuna Petro nevamwe
vaapositori: Varume hama, tichaitei? 38 Petro ndokuti
kwavari: Tendeukai mubhabhatidzwe umwe neumwe
wenyu muzita raJesu Kristu, kuitira kanganwiro
yezvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya
Mutsvene. 39 Nokuti chivimbiso ndechenyu,
nechevana venyu, nechevese vari kure, uwandu Ishe
Mwari wedu sehwevaanodana. 40 Uye nemamwe
mashoko mazhinji, akapupura akakurudzira, achiti:
Muzviponese pazera iri rakashonyoroka. 41
Zvino avo vakagamuchira nemufaro shoko rake
vakabhabhatidzwa; uye nezuva iro vakawedzerwa
mweya inenge zvuru zvitatu. 42 Vakarambira
padzidziso yevaapositori nepakuwadzana,
nepakumedura chingwa nepaminyengetero. 43
Uye kutya kukawira pamusoro pemweya wega-
wega; uye zvishamiso zvizhinji nezviratidzo
zvikaitwa nevaapositori. 44 Nevaitenda vese
vaiva pamwe, uye vakava nezvinhu zvese panhu
pamwe, 45 ndokutengesa zvavaiva nazvo nenhumbi,
vakazvigovana vese, umwe neumwe paaishaiwa
napo. 46 Zuva rimwe nerimwe vakange vachitsungirira
mutembere nemoyo umwe, uye vaimedura chingwa
paimba neimba, vachidya kudya nemufaro nemoyo
wakachena, 47 vachirumbidza Mwari, vachifarirwa
nevanhu vese. Ishe akawedzera kukereke zuva
rimwe nerimwe avo vanoponeswa.

**3** Zvino Petro naJohwani vakakwira pamwe
kuenda kutembere paawa rekunyengetera
repfumbamwe. 2 Zvino kwaitakurwa umwe murume
waiva chirema kubva mudumbu ramai vake;
wavaiisa zuva rimwe nerimwe pamusuwo wetembere
unonzi Wakanaka, kuti akumbire chipo kune
vaipinda mutembere. 3 Iye wakati achiona Petro
naJohwani voda kupinda mutembere, akakumbira
chipo. 4 Zvino Petro akamudzvokora anaJohwani,
akati: Titarire! 5 Akavacherekedza, achitarisira
kugamuchira chinhu kwavari. 6 Petro ndokuti:

Sirivheri negoridhe handina; asi icho chandinacho
ndinokupa: Muzita raJesu Kristu muNazareta,
simuka ufambe. **7** Akamubata ruoko rwerudyi
akamusimudza; zvino pakarepo tsoka nezviziso
zvetsoka dzake zvikasimbiswa. **8** Zvino akauruka
akamira ndokufamba, ndokupinda navo mutembere,
achifamba nekuuruka nekurumbidza Mwari. **9** Uye
vanhu vese vakamuona achifamba, nekurumbidza
Mwari. **10** Vakamuziva kuti ndiye waigarira chipo
pamukova Wakanaka wetembere; vakazadzwa
nekushamisika nekukatyamara nezvakange zvaitika
kwaari. **11** Zvino waikamhina wakange aporeswa
achakabatira Petro naJohwani, vanhu vese
vakamhanyira pamwe kwavari paberere rinonzi
raSoromoni, vachishamisika zvikuru. **12** Zvino Petro
wakati achizviona akapindura kuvanhu achiti: Varume
VaIsraeri, mashamisika sei pamusoro pezvizvi,
kana munotidzvokora sei, sezvinonzi nesimba kana
utsvene hwedu pachedu taita uyu kuti afambe? **13**
Mwari waAbhurahama newaIsaka newaJakobho,
Mwari wemadzibaba edu, wakudza Mwanakomana
wake Jesu; wamakakumikidza imwi kuvatongi
nekumuramba pamberi pechiso chaPirato, iye agura
kumusunungura. **14** Asi imwi makaramba Mutsvene
neWakarurama, mukakumbira murume mhondi kuti
ipiwe kwamuri, **15** mukauraya Muvambi weupenyu; iye
Mwari waakamutsa kubva kuvakafa; zvatiri zvapupu
zvazvo isu. **16** Uye nerutendo kuzita rake, uyu
wamunoona uye wamunoziva, zita rake ramusimbisa;
nerutendo rwuri nemaari rwamupa kuporeswa uku
kwakazara pamberi penyu mese. **17** Uye ikozvino,
hama, ndinoziva kuti makaita nekusaziva, sevatongi
venyuwo. **18** Asi Mwari zvaakagara areva nemuromo
wevaporofita vake vese, kuti Kristu achatambudzika,
wakazvizadzisa saizvozvi. **19** Naizvozvo tendeukai
mudzoke, kuti zvivi zvenyu zvidzimwe, kuti nguva
dzekufefeterwa dzinobva pachiso chaIshe dzisvike,
**20** uye achatuma Jesu Kristu, wakagara aparidzirwa
kwamuri; **21** wakafanira kuti denga rimugamuchire
kusvikira nguva dzekuvandudzwa kwezvinhu zvese,
Mwari dzaakareva nemuromo wevaporofita vake
vatsvene vese kubva panguva dzakare. **(aiōn g165)**
**22** Nokuti Mozisi zvirokwazvo wakati kumadzibaba:
Ishe Mwari wenyu achakumutsirai muporofita
pahama dzenyu, wakaita seni; iye muchamuteerera
pazvese zvaachataura kwamuri. **23** Uye zvichaitika,
mweya umwe neumwe ucharega kuteerera
muporofita uyo uchaparadzwa kubva pavanhu.
**24** Uye nevaporofita vese kubva kuna Samueri
nevakatevera, vese vakataura, vakagara vaparidzawo
zvemazuva awa. **25** Imwi muri vana vevaporofita,
nevesungano Mwari yaakaita nemadzibaba edu,
achiti kuna Abhurahama: Nemumbeu yako marudzi
ese enyika acharopafadzwa. **26** Mwari amutsa
Mwanakomana wake Jesu, wakamutuma kwamuri
pakutanga kukuropafadzai, pakudzora umwe neumwe
pazvakaipa zvenyu.

**4** Zvino vakati vachataura kuvanhu, vapristi
nemutungamiriri wetembere neVaSadhusi
vakavasvikira, **2** vachishungurudzika nokuti
vanodzidzisa vanhu, nekuparidza kumuka kubva
kuvakafa munaJesu. **3** Zvino vakaisa maoko pavari
ndokuisa muchitokisi kusvikira mangwana; nokuti
akange atova madekwani. **4** Asi vazhinji vevakanzwa
shoko vakatenda; neuwandu hwevarume hwaiva
zvuru zvinenge zvishanu. **5** Zvino zvakaitika kuchiidza
kuti kwakaungana vatungamiriri nevakuru nevanyori
vavo paJerusarema, **6** naAnasi mupristi mukuru,
naKayafasi, naJohwani, naArekizandira, nevese vaiva
vehama dzemupristi mukuru. **7** Zvino vakati vavamisa
pakati, vakabvunza vachiti: Izvi imwi mazviita nesimba
ripi kana nezita ripi? **8** Ipapo Petro azedzwe neMweya
Mutsvene wakati kwavari: Vatongi vevanhu, nevakuru
VaIsraeri; **9** kana isu tichibvunzurudzwa nhasi
pamusoro pebasa rakanaka kumunhu asina simba,
kuti iye waponeswa nei, **10** ngazvizikanwe kwamuri
mese, nekuvanhu vese veIsraeri, kuti nezita raJesu
Kristu muNazareta, wamakaroverera pamuchinjikwa
imwi, Mwari waakamutsa kubva kuvakafa, naye
munhu uyu amire pano pamberi penyu apora. **11** Uyu
ndiye ibwe rakazvidzwa nemwi vavaki, razova musoro
wekona. **12** Uye hakuna ruponeso kune umwezve;
nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga rakapiwa
pakati pevanhu, ratinofanira kuponeswa naro. **13**
Zvino vakati vachiona kusatya kwaPetro naJohwani,
uye vachinzwisisa kuti vaiva vanhu vasina kudzidza
uye vasina ruzivo, vakashamisika; ndokuvaziva kuti
vaiva naJesu. **14** Asi vachiona munhu wakange
aporeswa amire navo, vakashaiwa chavangapikisa.
**15** Zvino vakati vavaraira kuti vabude kunze kwedare
remakurukota, vakarangana pakati pavo, **16** vachiti:
Tichaitei kuvanhu ava? Nokuti zviri pachena kune
vese vagere Jerusarema kuti chiratidzo chinozikanwa
chaitwa navo, uye hatigoni kuzviramba. **17** Asi kuti
zvirege kunyanya kuparadzirwa pakati pevanhu,
ngativayambirei zvikuru kuti varege kuchizotaura
nemunhu upi neupi muzita iri. **18** Vakabva vavadana,
vakavaraira kuti varege kutongotaura kana kudzidzisa
muzita raJesu. **19** Asi Petro naJohwani vakapindura
vakati kwavari: Gurai, kana zvakarurama pamberi
paMwari kuteerera imwi kupfuura Mwari. **20** Nokuti isu

hatigoni kusataura zvatakaona nekunzwa. 21 Zvino
vakati vawedzera kuvavhundudzira, vakavaregedza,
vasingawani chinhu kuti vangavaranga sei nekuda
kwevanhu; nokuti vese vairumbidza Mwari pamusoro
pezvakaitika. 22 Nokuti munhu wakange apfuura
makore makumi mana wakange aitirwa chiratidzo
ichi chekuporesa. 23 Vakati varegedzwa vakaenda
kune vekwavo, vakanopira zvese vapristi vakuru
nevakuru zvavakange vataura kwavari. 24 Zvino
ivo vakati vanzwa vakasimudzira inzwi kuna Mwari
nemoyo umwe, vakati: Tenzi, imwi Mwari makaita
denga nenyika negungwa nezvese zviri mazviri;
25 makareva nemuromo waDhavhidhi, muranda
wenyu muchiti: Nemhaka yei vahedheni vachiita
bope, nevanhu vachifunga zvisina maturo? 26
Madzimambo enyika akasimuka, nevatungamiriri
vakaungana pamwe chete kumirisana naIshe
nekumirisana naKristu wake. 27 Nokuti zvirokwazvo
vakaungana vakamirisana neMwanakomana wenyu
mutsvene Jesu, wamakazodza, vese Herodhe
naPondiyo Pirato pamwe nevahedheni, nevanhu
vekwaIsraeri, 28 kuti vaite zvese ruoko rwenyu
nezano renyu zvamakagara matema kuti zviitike. 29
Uye ikozvino Ishe, tarirai kuvhundudzira kwavo, mupe
varanda venyu kuti vataure shoko renyu nekusatya
kwese, 30 pakuti mutandavadze ruoko rwenyu
pakuporesa, nezviratidzo nezvishamiso zviitwe nezita
reMwanakomana wenyu mutsvene Jesu. 31 Zvino
vakati vanyengetera nzvimbo yavakange vakaungana
pairi yakazunungunguswa; zvino vakazadzwa vese
neMweya Mutsvene, ndokutaura shoko raMwari
nekusatya. 32 Zvino chaunga chevaitenda chaiva
nemoyo nemweya umwe; uye kwakange kusina
umwe waiti chimwe chezvaaiva nazvo ndechake,
asi vakadyidzana zvinhu zvese. 33 Uye nesimba
guru vaapositori vakapa uchapupu hwekumuka
kwaIshe Jesu; nenyasha huru dzikava pamusoro
pavo vese. 34 Nokuti pakange pasina umwe pakati
pavo waishaiwa, nokuti vese vaiva vene veminda
kana dzimba, vakazvitengesa, vakauisa mutengo
wezvinhu zvakatengeswa, 35 vakaisa patsoka
dzevaapositori; uye zvikagoverwa kune umwe
neumwe zvichienderana nekushaiwa kwaaiva nako.
36 NaJose, wakatumidzwa nevaapositori Bhanabhasi,
ndokuti kana zvichishandurwa, mwanakomana
wenyaradzo, muRevhi weSaipuresi parudzi, 37 ane
munda, wakatengesa, akauisa mari akaisa patsoka
dzevaapositori.

5 Asi umwe murume wainzi Ananiasi, naSafira
mukadzi wake, wakatengesa nhumbi dzake, 2
akazvisiira pamutengo, mukadzi wake achizivawo,
akauya nechimwe chikamu, ndokuisa patsoka
dzevaapositori. 3 Asi Petro wakati: Ananiasi, Satani
wazadzirei moyo wako kuti ureve nhema kuMweya
Mutsvene, nekuzvisiira pamutengo wemunda? 4
Uchiripo hauna kuramba uri wako here, watengeswa
wakange usi musimba rako here? Sei waisa
mumoyo mako chiito ichi? Hauna kureva nhema
kuvanhu, asi kuna Mwari. 5 Zvino Ananiasi achinzwa
mashoko awa, wakawira pasi, akapera; kutya kukuru
ndokuwira pamusoro pevese vakanzwa zvinhu izvi.
6 Nemajaya akasimuka akamuputira ndokutakurira
kunze vakamuviga. 7 Zvino zvakaitika maawa anenge
matatu apfuura, kuti mukadzi wake asingazivi zvaitika
wakapinda. 8 Petro ndokumupindura akati: Ndiudze
kana matengesa munda nezvakadai? Ndokuti: Hongu,
nezvakadai. 9 Petro ndokuti kwaari: Sei matenderana
kuedza Mweya waIshe? Tarira, tsoka dzevaviga
murume wako pamukova, newe vachakutakurira
kunze. 10 Ipapo akawira pasi pakarepo patsoka
dzake, akapera; majaya akapinda akamuwana afa,
akamutakurira kunze ndokuviga nechepamurume
wake. 11 Kutya kukuru ndokuwira pamusoro pekereke
yese nepamusoro pevese vakanzwa zvinhu izvi.
12 Uye nemaoko evaapositori kwakaitwa zviratidzo
nezvishamiso zvizhinji pakati pevanhu; uye vese
vaiva nemoyo umwe muberere raSoromoni. 13
Asi pavamwe kwakange kusina munhu wakashinga
kuzvisanganisa kwavari; asi vanhu vaivakudza. 14
Uye vatendi vakanyanya kuwedzerwa kuna Ishe,
zvaunga zvinoti zvevarume zvikati zvevakadzi. 15
Zvekuti vatakurira kunze varwere munzira dzemuguta,
uye vakaradzika pamibhedha nepanhovo, kuti kana
Petro achiuya, kunyange mumvuri udzikatire umwe
wavo. 16 Zvino kwakaunganawo chaunga chemaguta
akapoteredza kuJerusarema, vachitakura varwere,
nevaitambudzwa nemweya yetsvina, vakaporeswa
vese. 17 Zvino mupristi mukuru akasimuka, nevese
vaiva naye vari sangano reVaSadhusi, vakazara
negodo, 18 vakaisa maoko avo pavaapositori
vakavaisa mutirongo revanhu vese. 19 Asi mutumwa
waIshe neusiku wakazarura mikova yetirongo
akavabudisa akati: 20 Endai, mugomira muchitaura
mutembere kuvanhu ese mashoko eupenyu uhu.
21 Zvino vakati vanzwa, vakapinda mutembere
mangwanani-ngwanani vakadzidzisa. Asi mupristi
mukuru wakasvika nevaiva naye, vakakokera dare
remakurukota pamwe neungano yese yedare revakuru
revana vaIsraeri, vakatumira mapurisa kutirongo
kuti vauiswe. 22 Asi mapurisa akati achisvika,
akasavawana mutirongo; akadzoka akapira shoko,

23 achiti: Tirongo zvirokwazvo takawana rakavharwa
nekuchengetedzwa kwese, nevarindi vamire panze
pamberi pemikova; asi tati tazarura, mukati hatina
kuwana munhu. 24 Zvino mupristi nemutungamiriri
wetembere nevapristi vakuru vakati vanzwa mashoko
iwayo, vakasava nechokwadi pamusoro pavo,
kuti izvi zvichazovei. 25 Zvino kwakasvika umwe
akavaudza achiti: Tarirai, varume vamakaisa
mutirongo vamire mutembere vachidzidzisa vanhu. 26
Zvino mutungamiriri nemapurisa vakaenda vakauya
navo kwete nesimba, nokuti vaitya vanhu kuti
vasatakwa nemabwe. 27 Vakati vavauisa vakavamisa
pamberi pedare remakurukota. Mupristi mukuru
ndokuvabvunza, 28 achiti: Hatina kukurairisai kuti
musadzidzisa nezita iri here? Zvino tarirai, mazadza
Jerusarema nedzidziso yenyu, uye muchishuva
kuuisa ropa remunhu uyu pamusoro pedu. 29
Zvino Petro nevaapositori vakapindura vakati:
Zvakafanira kuteerera Mwari kupfuura vanhu. 30
Mwari wemadzibaba edu wakamutsa Jesu, iye
wamakauraya imwi, mukaremberedza pamuti. 31
Iye uyu Mwari wakamusimudza neruoko rwake
rwerudyi, ave Muvambi neMuponesi, kupa Israeri
kutendeuka nekanganwiro yezvivi. 32 Uye isu tiri
zvapupu zvake zvezvinhu izvi, neMweya Mutsvenewo,
Mwari waakapa avo vanomuteerera. 33 Zvino
vakati vanzwa vakashatirwa kwazvo, vakarangana
kuvauraya. 34 Ipapo kukasimuka umwe padare
remakurukota, muFarisi wainzi Gamarieri, mudzidzisi
wemurairo, waikudzwa nevanhu vese, akaraira kuti
vaapositori vabudiswe chinguva chidiki. 35 Ndokuti
kwavari: Varume VaIsraeri, zvichenjererei maererano
nevanhu ava, zvamoda kuita. 36 Nokuti mazuva
ano asati asvika kwakamuka Tudhasi, achiti iye
pachake wakange ari munhu, uwandu hwevanhu
hunenge mazana mana vakazvisanganisa naye;
iye wakaurawa, nevese vaimuteerera neuwandu
hwavo vakaparadzirwa, vakava pasina. 37 Shure
kweuyu kukamuka Judhasi muGarirea, pamazuva
ekuverengwa, akakwevera vanhu vazhinji shure
kwake; iyewo wakaparara, nevese vakamuteerera
neuwandu hwavo vakaparadzirwa. 38 Zvino ikozvino
ndinoti kwamuri: Sudurukai kuvanhu ava, muvarege,
nokuti kana zano iri kana basa iri riri revanhu,
richaparadzwa. 39 Asi kana zviri zvaMwari,
hamugoni kuzviparadza; kuti zvimwe muwanikwe
muchirwa naMwariwo. 40 Vakamuteerera; uye
vakati vadanira vaapositori kwavari vakavarova,
vakavaraira kusataura muzita raJesu, vakavaregedza.
41 Naizvozvo vakabva pazviso zvedare remakurukota,
vachifara kuti vakafanirwa nekuzvidzwa nekuda
kwezita rake. 42 Uye mazuva ese mutembere
nepaimba imwe neimwe havana kumira kudzidzisa
nekuparidza Jesu Kristu.

6 Zvino nemazuva iwayo, vadzidzi vachiwanda,
kwakamuka kunyunyuta kwemaHerenisiti
akanangana neVaHebheru, nokuti chirikadzi dzavo
dzaiva dzisingatariswi pakushandirwa kwemusi umwe
neumwe. 2 Zvino vanegumi nevaviri vakadanira
kwavari chaunga chevadzidzi, vakati: Hazvina
kufanira kuti isu tisiye shoko raMwari, tishande
matafura. 3 Naizvozvo, hama, tarirai pakati penyu
varume vanomwe vanopupurirwa zvakanaka,
vazere neMweya Mutsvene nenjere, vatingagadza
pabasa rakafanira iri. 4 Asi isu tichatsungirira
pamunyengetero neushumiri hweshoko. 5 Zvino
shoko rikafadza pamberi pechaunga chese; uye
vakasarudza Sitefano, murume azere nerutendo
uye neMweya Mutsvene, naFiripi, naProkoro,
naNikanori, naTimoni, naPamenasi, naNikoraosi
weAndiyokiya wakatendeukira kuVaJudha, 6
vavakagadza pamberi pevaapositori; uye vakati
vanyengetera vakaisa maoko pamusoro pavo. 7 Zvino
shoko raMwari rikakura, uye uwandu hwevadzidzi
hukapamhidzira muJerusarema zvikurusa, nechaunga
chikuru chevapristi chakateerera rutendo. 8
Zvino Sitefano azere nerutendo nesimba wakaita
zvishamiso nezviratidzo zvikuru pakati pevanhu.
9 Zvino kwakamuka vamwe vesinagoge rinonzi
reVakasununguka, neVaKureni, neVaAreksandiria,
nereavo vaibva Kirikia neAsia, vachikakavadzana
naSitefano. 10 Asi vakange vasingagoni kupikisa
uchenjeri neMweya waaitaura nawo. 11 Ipapo
vakamutsa varume vaiti: Tamunzwa achitaura
mashoko anonyomba akanangana naMozisi
naMwari. 12 Zvino vakamutsa vanhu nevakuru
nevanyori, vakamusvikira vakamubata vakamuuisa
kudare remakurukota, 13 ndokuisapo zvapupu
zvenhema zvakati: Munhu uyu haamiri kutaura
mashoko anomhura achipokana nenzvimbo iyi
tsvene nemurairo, 14 nokuti tamunzwa achiti uyu
Jesu muNazareta achaparadza nzvimbo iyi, uye
achashandura tsika Mozisi dzaakatikumikidza. 15
Zvino vese vakange vagere padare remakurukota
vakamudzvokora, vakaona chiso chake sechainge
chiso chemutumwa.

7 Zvino mupristi mukuru akati: Ko zvinhu izvi
zvakadai here? 2 Zvino akati: Varume,
hama nemadzibaba, teererai. Mwari wekubwinya
wakaonekwa kuna baba vedu Abhurahama vari
muMesopotamia, vasati vagara Harani, 3 akati

kwaari: Buda munyika yako nekuhama dzako, uuye
kunyika yandichakuratidza. **4** Zvino vakabuda munyika
yeVaKaradhia, vakagara muHarani; zvino kubva
ipapo shure kwekufa kwababa vavo, wakavabvisira
kunyika iyi yamunogara imwi ikozvino; **5** asi
haana kuvapa nhaka mairi, kwete kunyange
chitsiko chetsoka, asi wakavimbisa kuvapa iyo
ive yavo, neyembeu yavo shure kwavo, vasati
vava nemwana. **6** Mwari ndokutaura seizvi, kuti
mbeu yavo ichava mutorwa kunyika yeumweni,
uye vachaiita nhapwa nekuibata zvakaipa makore
mazana mana; **7** asi rudzi urwo rwavachava varanda
kwarwuri ndicharwutonga ini, wakadaro Mwari;
uye shure kweizvozvo vachabuda vagondishumira
panzvimbo ino. **8** Zvino akavapa sungano yedzingiso,
naizvozvowo vakabereka Isaka, vakamudzingisa zuva
rerusere; naIsaka wakabereka Jakobho; naJakobho
mateteguru gumi nemaviri. **9** Mateteguru akagodoka,
vakatengesa Josefa kuEgipita; asi Mwari waiva
naye. **10** Akamusunungura pamatambudziko ake ese,
akamupa nyasha nenjere pamberi paFarao mambo
weEgipita; ndokumuita mutungamiriri pamusoro
peEgipita neimba yake yese. **11** Zvino kwakauya nzara
panyika yese yeEgipita neKenani, nedambudziko
guru; madzibaba edu akasawana kudya. **12** Asi
Jakobho wakati anzwa kuti kwaiva nezviyo kuEgipita,
wakatuma madzibaba edu kwekutanga. **13** Zvino
kwechipiri Josefa wakaziviswa kuvanakomana vababa
vake; uye rudzi rwaJosefa rwukaziviswa kuna
Farao. **14** Zvino Josefa akatumira akadana baba
vake Jakobho nehama dzake dzese, iri mweya
makumi manomwe nemishanu. **15** Zvino Jakobho
akaburukira Egipita, ndokufa iye nemadzibaba
edu; **16** uye vakatakurirwa Shekemi, vakaradzikwa
paguva Abhurahama raakange atenga nemutengo
wesirivheri kuvanakomana vaEmori weShekemi.
**17** Zvino nguva yechivimbiso yakati yaswedera
Mwari chaakange apikira kuna Abhurahama, vanhu
vakakura, vakawanda muEgipita, **18** kusvikira
umwe mambo amuka wakange asingazivi Josefa.
**19** Ndiye wakabata rudzi rwedu nemano-mano,
akatambudza madzibaba edu, achivarasisa vacheche
vavo kuti varege kurarama. **20** Munguva iyoyo
Mozisi wakaberekwa, uye wakange akanaka
kuna Mwari; ndokurerwa mumba mababa vake
mwedzi mitatu. **21** Zvino wakati araswa, mukunda
waFarao akamunonga, akazvirerera iye kuti ave
mwanakomana wake. **22** Mozisi akadzidziswa
muuchenjeri hwese hweVaEgipita; akava nesimba
pamashoko nepamabasa. **23** Zvino makore makumi
mana akati asvika kwaari, zvakasvika mumoyo
make kushanyira hama dzake, vana vaIsraeri.
**24** Zvino achiona umwe achiitirwa zvisakarurama,
akamurwira ndokutsivira wakange achitambudzwa,
akarova muEgipita; **25** zvino waifunga kuti hama dzake
dzichanzwisisa kuti Mwari anovapa ruponeso neruoko
rwake; asi havana kunzwisisa. **26** Zvino zuva raitevera
wakazvionesa kwavari vachirwa, akavayananisa
nesimba achiti: Varume, imwi muri hama;
munoitiranirei zvisakarurama? **27** Zvino iye wakange
achiitira umwe wake zvakaipa wakamusundidzira
achiti: Ndiani wakuita mutungamiriri nemutongi
pamusoro pedu? **28** Iwe unoda kundiuraya, sezvo
wakauraya muEgipita zuro here? **29** Zvino neshoko
iri Mozisi wakatiza, ndokuva mutorwa munyika
yeMidhiani, kwaakabereka vanakomana vaviri. **30**
Zvino makore makumi mana akati azadziswa,
kwakaonekwa kwaari murenje regomo Sinai mutumwa
waIshe mumurazvo wemoto wemugwenzi. **31** Mozisi
wakati aona, akashamisika nechionekwa ichi; zvino
paaiswedera kunocherekedza, inzwi raIshe rikasvika
kwaari richiti: **32** Ndini Mwari wemadzibaba ako,
Mwari waAbhurahama, naMwari waIsaka, naMwari
waJakobho. Zvino Mozisi akadedera akasashinga
kucherekedza. **33** Zvino Ishe akati kwaari: Kurura
shangu patsoka dzako, nokuti nzvimbo yaumire pairi
ivhu dzvene. **34** Ndaonesesa dambudziko revanhu
vangu vari muEgipita, ndikanzwa kugomera kwavo,
zvino ndaburuka kuzovasunungura; ikozvino uya,
ndichakutuma kuEgipita. **35** Uyu Mozisi wavakaramba
vachiti: Ndiani wakakuita mutungamiri nemutongi?
Ndiye Mwari waakatuma kuva mutungamiriri
nemudzukunuri neruoko rwemutumwa, wakaonekwa
kwaari mugwenzi. **36** Iye akavabudisa, aita zvishamiso
nezviratidzo munyika yeEgipita nemuGungwa Dzvuku,
nemurenje makore makumi mana. **37** Ndiye
uyu Mozisi wakati kuvana vaIsraeri: Ishe Mwari
wenyu achakumutsirai Muporofita pahama dzenyu,
wakafanana neni; muchamunzwa iye. **38** Uyu ndiye
wakange ari mukereke murenje, ane mutumwa
wakataura naye mugomo Sinai ane madzibaba
edu; wakagamuchira mashoko mapenyu kuti atipe.
**39** Ndiye madzibaba edu wavakange vasingadi
kuteerera; asi vakamusundidzira parutivi, vakadzokera
kuEgipita mumoyo yavo. **40** Vachiti kuna Aroni:
Tiitire vamwari vachatitungamirira; nokuti Mozisi uyu
wakatibudisa munyika yeEgipita, hatizivi zvamuwira.
**41** Zvino vakaita mhuru mumazuva ayo, vakauisa
chibairo kuchifananidzo, vakafara nemabasa emaoko
avo. **42** Zvino Mwari akafuratira, akavakumikidza
kuti vashumire hondo yekudenga, sezvakanyorwa
mubhuku revaporofita, zvichinzi: Ko makauisa

kwandiri here zvibairo nezvipo makore makumi mana
murenje, imwi imba yaIsraeri? **43** Uye makatakura
tabhenakeri yaMoroki, nenyeredzi yamwari wenyu
Remifani, zvifananidzo zvamakaita kuti muzvinamate;
uye ndichakutamisirai mberi kweBhabhironi. **44**
Madzibaba edu aiva netabhenakeri yeuchapupu
murenje, sekuraira kwaiye wakataura naMozisi
kuti aiite nemufananidzo waakange aona; **45**
yakatiwo madzibaba edu aitevera aigamuchira,
akaipinza pamwe naJoshua munhumbi dzevahedheni,
Mwari vaakadzinga pamberi pechiso chemadzibaba
edu, kusvika kumazuva aDhavhidhi; **46** wakawana
nyasha pamberi paMwari, akakumbira kuwanira
Mwari waJakobho tabhenakeri. **47** Asi Soromoni
wakamuvakira imba. **48** Asi Wekumusoro-soro
haagari mutembere dzakaitwa nemaoko, sezvinoreva
muporofita achiti: **49** Denga chigaro changu cheushe,
nenyika chitsiko chetsoka dzangu; muchandivakira
imba yakadini? ndizvo zvinoreva Ishe; kana
nzvimbo yezororo rangu ndeipi? **50** Ruoko rwangu
haruna kuita zvinhu izvi zvese here? **51** Imwi
vemitsipa mikukutu uye vasina kudzingiswa pamoyo
nenzeve, imwi munogara muchipikisa Mweya
Mutsvene; semadzibaba enyu saizvozvo imwi. **52**
Ndeupi wevaporofita madzibaba enyu wavasina
kushusha? Vakauraya avo vaifanozivisa nezvekuuya
kweWakarurama, iye ikozvino wamava vatengesi
nevaurayi vake. **53** Imwi vakagamuchira murairo
neurongwa hwevatumwa, asi mukasauchengeta. **54**
Zvino vanzwa zvinhu izvi vakabaiwa pamoyo yavo,
vakamugedera-gedera meno. **55** Asi azere neMweya
Mutsvene wakatarisisa kudenga, akaona kubwinya
kwaMwari, naJesu amire kuruoko rwerudyi rwaMwari,
**56** akati: Tarirai, ndinoona matenga akazaruka,
neMwanakomana wemunhu amire kuruoko rwerudyi
rwaMwari. **57** Zvino vakadanidzira nenzwi guru,
vakadzivira nzeve dzavo, vakamhanyira paari
nemoyo umwe; **58** vakamubudisira kunze kweguta,
ndokumutaka nemabwe; nezvapupu zvikaisa nguvo
dzazvo patsoka dzejaya rainzi Sauro. **59** Zvino
vakataka Sitefano nemabwe, achidana achiti:
Ishe Jesu, gamuchirai mweya wangu. **60** Zvino
wakafugama, akadanidzira nenzwi guru, achiti: Ishe,
musavaverengera chivi ichi. Zvino wakati areva izvi,
akarara.

**8** Zvino Sauro wakange achitenderana nerufu
rwake. Zvino pazuva iro kwamuka kushushwa
kukuru kwakanangana nekereke yaiva paJerusarema;
vese ndokuparadzirwa kunyika dzese dzeJudhiya
neSamaria, kunze kwevaapositori. **2** Varume vaitya
Mwari vakaviga Sitefano, vakamuchema zvikuru. **3** Asi
Sauro wakaparadza kereke, achipinda muimba imwe
neimwe, achikakata varume nevakadzi nekukumikidza
mutirongo. **4** Naizvozvo avo vakange vaparadzirwa
vakagura vachiparidza shoko. **5** Firipi ndokuburukira
kuguta reSamaria, akaparidza Kristu kwavari. **6**
Zvaunga ndokuteerera nemoyo umwe kuzvinhu
zvinotaurwa naFiripi, pavakanzwa nekuona zviratidzo
zvaaiita. **7** Nokuti mweya yetsvina yakabuda kuvazhinji
vaiva vakabatwa, ichidanidzira nenzwi guru; nevazhinji
vakange vakafa mitezo nevaikamhina vakaporeswa.
**8** Zvino kwakava nemufaro mukuru muguta iro. **9**
Zvino umwe murume, wainzi Simoni, waimboita
un'anga paguta, achishamisa rudzi rweSamaria,
achizviti munhu mukuru; **10** wavaiteerera vese
kubva kumudiki kusvika kumukuru, vachiti: Uyu
isimba guru raMwari. **11** Zvino vaimuteerera, nokuti
wakange avashamisa neun'anga nguva refu. **12**
Zvino vakati vatenda Firipi achiparidza mashoko
akanaka nezveushe hwaMwari uye nezvezita
raJesu Kristu, vakabhabhatidzwa vese varume
nevakadzi. **13** NaSimoniwo pachake wakatenda,
zvino wakati abhabhatidzwa, wakagara naFiripi;
akashamisika, achiona mabasa esimba nezviratidzo
zvaiitwa. **14** Zvino vaapositori vaiva paJerusarema
vakati vanzwa kuti Samaria yagamuchira shoko
raMwari, vakatumira kwavari Petro naJohwani; **15**
ivo vakati vaburukirako vakavanyengeterera, kuti
vagamuchire Mweya Mutsvene; **16** nokuti wakange
asati aburukira pamusoro peumwe wavo, asi vakange
vabhabhatidzwa muzita raIshe Jesu chete. **17** Ipapo
vakaisa maoko pamusoro pavo, zvino vakagamuchira
Mweya Mutsvene. **18** Zvino Simoni wakati aona kuti
nekuiswa kwemaoko evaapositori Mweya Mutsvene
waipiwa, akavavigira mari, **19** achiti: Ndipei neni
simba iri, kuti pana ani nani wandinoisa maoko
pamusoro, agamuchire Mweya Mutsvene. **20** Asi
Petro wakati kwaari: Sirivheri yako pamwe newe
ngazvive zvekuparadzwa, nokuti wafunga kuti chipo
chaMwari chingawanikwa nemari. **21** Hauna mugove
kana nhaka pashoko iri. Nokuti moyo wako hauna
kururama pamberi paMwari. **22** Naizvozvo tendeuka
pakuipa kwako uku, ukumbirise Mwari, kuti zvimwe
murangariro wemoyo wako uukanganwirwe. **23**
Nokuti ndinoona kuti uri munduru inovava, uye
musungo weuipi. **24** Zvino Simoni akapindura akati:
Ndikumbirirei imwi kuna Ishe, kuti pasava nechimwe
chezvinhu zvamataura chingawira pamusoro pangu.
**25** Naizvozvo vakati vapupura nekutaura shoko
raIshe, vakadzokera kuJerusarema, uye vakaparidza
evhangeri mumisha mizhinji yeVaSamaria. **26** Zvino

mutumwa waIshe wakataura kuna Firipi, achiti:
Simuka, upfuurire kuchamhembe kunzira inoburuka
kubva kuJerusarema ichienda kuGaza; iyo irenje.
27 Zvino wakasimuka akaenda; zvino tarira murume
weEtiopia, mutenwa, gurukota guru raKandase
mambokadzi weVaEtiopia, waiona nezvefuma yake
yese, uye wakange auya kuJerusarema kuzonamata,
28 wakange achidzokera uye agere mungoro yake,
achiverenga muporofita Isaya. 29 Mweya ndokuti
kuna Firipi: Swedera unamatire pangoro iyi. 30
Firipi ndokumhanyirako, akamunzwa achiverenga
muporofita Isaya, ndokuti: Zvino unonzwisisa
zvaunoverenga here? 31 Iye ndokuti: Zvino
ndingagona sei, kunze kwekuti umwe munhu
andirairira? Zvino akakumbira Firipi kuti akwire
agare naye. 32 Zvino ndima yerugwaro yaaiverenga
yaiva iyi: Wakatungamirirwa segwai rinoenda
kunobaiwa; uye segwayana rinyerere pamberi
pemuvevuri waro, saizvozvo haana kushamisa
muromo wake. 33 Mukuninipiswa kwake mutongo
wake wakabviswa, zvino ndiani acharondedzera zera
rake? Nokuti upenyu hwake hunobviswa panyika. 34
Mutenwa ndokupindura Firipi akati: Ndinokukumbirisa,
muporofita anoreva izvi maererano nani? Nezvake
amene kana nezveumwewo? 35 Firipi ndokuzarura
muromo wake; akatanga parugwaro irworwo,
ndokumuparidzira Jesu. 36 Zvino pavaifamba munzira,
vakasvika pane imwe mvura; mutenwa ndokuti:
Heyi mvura; chii chinondidzivirira kubhabhatidzwa?
37 Firipi ndokuti: Kana uchitenda nemoyo wese,
zvinotenderwa. Akapindura ndokuti: Ndinotenda kuti
Jesu Kristu Mwanakomana waMwari. 38 Zvino
akaraira ngoro kuti imire; ndokuburukira mumvura vari
vaviri, Firipi nemutenwa; ndokumubhabhatidza. 39
Zvino vakati vakwira kubva mumvura, Mweya waIshe
wakabvuta Firipi; mutenwa ndokusazomuonazve;
nokuti wakafamba nenzira yake achifara. 40 Asi Firipi
wakawanikwa paAzota; uye achipfuura wakaparidza
evhangeri kumaguta ese, kusvikira asvika paKesariya.

**9** Zvino Sauro, achiri kufema kutyisa nekuuraya
akamirisana nevadzidzi vaIshe, wakaenda
kumupristi mukuru, 2 akakumbira kwaari magwaro
ekuenda Dhamasiko kumasinagoge, kuti kana awana
chero venzira iyo vese varume nevakadzi, avauise
vakasungwa kuJerusarema. 3 Zvino pakufamba,
wakaswedera kuDhamasiko; zvino kamwe-kamwe
kwakapenya kwakamupoteredza chiedza kubva
kudenga; 4 zvino wakawira pasi, akanzwa inzwi
richiti kwaari: Sauro, Sauro, unondishushirei? 5
Zvino akati: Ndimwi ani, Ishe? Ishe ndokuti: Ndini
Jesu waunoshusha iwe; zvinokuremera kukavana
nezvibayo. 6 Achidederawo nekushamisika wakati:
Ishe, chii chamunoda kuti ndiite? Ishe ndokuti
kwaari: Simuka upinde muguta, zvino uchaudzwa
zvaunofanira kuita. 7 Zvino varume vaifamba naye
vakamira vasina remuromo, vachinzwa inzwi, asi
vasingaoni munhu. 8 Zvino Sauro akasimuka kubva
pasi; asi meso ake azarurwa, haana kuona munhu.
Zvino vakamubata ruoko, vakamuuisa kuDhamasiko.
9 Akava nemazuva matatu asingaoni, uye asingadyi
kana kunwa. 10 Zvino pakange pane umwe mudzidzi
paDhamasiko wainzi Ananiasi; Ishe ndokuti kwaari
muchiratidzo: Ananiasi! Zvino akati: Tarirai ndiri pano
Ishe. 11 Ishe ndokuti kwaari: Simuka uende munzira
yemuguta inonzi Yakarurama, ugobvunza mumba
maJudhasi munhu anonzi Sauro, weTaso; nokuti
tarira anonyengetera, 12 uye waona muchiratidzo
murume anonzi Ananiasi achipinda nekuisa ruoko
paari, kuti aonezve. 13 Asi Ananiasi wakapindura
akati: Ishe, ndakanzwa nevazhinji zvemurume uyu,
zvakakura sei zvakaipa zvaakaitira vatsvene venyu
paJerusarema; 14 uye pano ane simba kubva
kuvapristi vakuru, kusunga vese vanodana zita
renyu. 15 Asi Ishe wakati kwaari: Enda, nokuti
iye mudziyo wakasarudzwa kwandiri, kutakurira
zita rangu pamberi pevahedheni nemadzimambo,
nevana vaIsraeri; 16 nokuti ini ndichamuratidza
kuti anofanira kutambura zvakadini nekuda kwezita
rangu. 17 Zvino Ananiasi wakaenda ndokupinda
mumba, ndokuisa maoko pamusoro pake akati: Sauro
hama, Ishe wandituma, Jesu wakaonekwa kwauri
munzira yawakauya nayo, kuti uonezve uye uzadzwe
neMweya Mutsvene. 18 Zvino pakarepo kwakawa
mumeso ake zvinenge mafunurwa, akaonazve
pakarepo, uye asimuka wakabhabhatidzwa. 19 Zvino
wakati agamuchira kudya akawana simba. Sauro
wakavawo nevadzidzi vaiva paDhamasiko mamwe
mazuva. 20 Zvino pakarepo wakaparidza Kristu
mumasinagoge, kuti iye Mwanakomana waMwari.
21 Asi vese vakazvinzwa vakashamisika ndokuti:
Ko uyu haasi iye waiparadza avo vaidana zita iri
muJerusarema here, uye akauyira izvozvo pano,
kuti avatinhire vakasungwa kuvapristi vakuru? 22
Asi Sauro wakaramba achisimbiswa, akavhiringidza
VaJudha vaigara paDhamasiko, achibudisa pachena
kuti uyu ndiye Kristu. 23 Zvino mazuva mazhinji
akati azadziswa, VaJudha vakarangana pamwe
chete kuti vamuuraye; 24 asi zano ravo
rakazikanwa kuna Sauro. Vakarindawo masuwo
masikati neusiku, kuti vamuuraye; 25 asi vadzidzi
vakamutora usiku, vakamuburusa neparusvingo

vachimuburusa ari mudengu. 26 Zvino Sauro
wakati asvika kuJerusarema, akaidza kuzvibatanidza
kuvadzidzi; asi vese vaimutya, vasingatendi
kuti mudzidzi. 27 Asi Bhanabhasi wakamutora
akamuuisa kuvaapositori, ndokurondedzera kwavari
kuti wakaona Ishe sei munzira, uye kuti wakange
ataura kwaari, uye kuti wakataura akashinga sei
paDhamasiko muzita raJesu. 28 Zvino wakava
navo achipinda nekubuda paJerusarema, 29
ndokutaura akashinga muzita raIshe Jesu, akataura
achipikisa VaHerenisiti; asi vakaidza kumuuraya.
30 Asi hama dzakati dzazviziva dzikamuburusira
Kesariya, ndokumutumira kuTaso. 31 Naizvozvo
kereke paJudhiya yese neGarirea neSamaria dzikava
nerugare, dzikavakwa, dzikawedzerwa, dzichifamba
mukutya Ishe nemunyaradzo yeMweya Mutsvene.
32 Zvino zvakaitika Petro achigura nzvimbo dzese,
akaburukirawo kuvatsvene vakange vagere paRidha.
33 Akawanapo umwe munhu wainzi Eneasi, wakange
arere panhovo makore masere, akafa mitezo. 34 Petro
ndokuti kwaari: Eneasi, Jesu Kristu anokuporesa;
simuka, uzviwaridzire. Zvino akasimuka pakarepo.
35 Zvino vese vakange vagere Ridha neSaroni
vakamuona, vakatendeukira kuna Ishe. 36 Zvino
paivapo paJopa umwe mudzidzikadzi wainzi Tabhita,
ndiko kuti Dhokasi kana zvichitsanangurwa; uyo
wakange azere nemabasa akanaka nemabasa
erudo aaiita. 37 Zvino zvakaitika mumazuva iwayo
kuti iye akarwara ndokufa; vakati vamushambidza,
vakamuradzika mukamuri yekumusoro. 38 Zvino
Ridha zvarakange riri pedo neJopa, vadzidzi vakange
vanzwa kuti Petro wakange aripo, vakatumira
kwaari varume vaviri, vachikumbira zvikuru kuti
asanonoka kuuya kwavari. 39 Zvino Petro wakasimuka
akaenda navo; akati asvika vakamuisa kuimba
yekumusoro, uye chirikadzi dzese dzikamirapo naye
dzichichema dzichiratidza nguvo refu nezvipfeko
Dhokasi zvaakange aita achiri navo. 40 Asi
Petro wakavabudisira panze vese akafugama
akanyengetera; ndokutendeukira kumutumbi, akati:
Tabhita, muka! Akazarura meso ake; zvino wakati
achiona Petro, akagara. 41 Zvino wakamupa ruoko,
akamusimudza; ndokuti adana vatsvene nechirikadzi,
akamuisa pamberi pavo achirarama. 42 Zvino
zvikazikanwa paJopa yese; vazhinji ndokutenda kuna
Ishe. 43 Zvino zvikaitika kuti wakagara mazuva
mazhinji paJopa neumwe Simoni musuki wematehwe.

**10** Kwakange kune umwewo murume muKesariya
wainzi Koneriyo, mukuru wezana wehondo
yainzi yeItaria, 2 wakazvipira uye anotya Mwari
pamwe neimba yake yese, waiita mabasa erudo
mazhinji kuvanhu, nekunyengetera kuna Mwari nguva
yese; 3 akaona muchiratidzo pachena, neawa rinenge
repfumbamwe rezuva, mutumwa waMwari achipinda
kwaari, achiti kwaari: Koneriyo! 4 Zvino wakati
amutarisisa akatya, akati: Chii, Ishe? Zvino akati
kwaari: Minyengetero yako nemabasa ako erudo
zvakwira kuva chirangaridzo pamberi paMwari. 5 Zvino
ikozvino tuma varume kuJopa, udane Simoni anonzi
Petro; 6 anogara neumwe Simoni musuki wematehwe,
imba yake iri parutivi rwegungwa; iye achakuudza
zvaunofanira kuita. 7 Zvino mutumwa wakange
ataura naKoneriyo wakati abva, wakadana vaviri
vevaranda vake vemumba nemurwi wakatendeka
pane vaimumirira nguva dzese, 8 zvino wakati
arondedzera zvinhu zvese kwavari, akavatuma
kuJopa. 9 Zvino chifume ivo vachiri kufamba
voswedera muguta, Petro wakakwira pamusoro
pedenga reimba kunonyengetera, neawa rinenge
rechitanhatu. 10 Akava nenzara kwazvo, akashuva
kudya; asi ivo vakati vachagadzirira, chiyeverwa
chikamuwira; 11 ndokuona denga rakazaruka,
neumwe mudziyo uchiburukira kwaari, semucheka
mukuru, wakasungwa makona mana uchiburusirwa
pasi. 12 Maiva nemhuka dzese dzemakumbo mana
dzenyika nemhuka dzesango nezvinokambaira neshiri
dzedenga. 13 Zvino inzwi rikauya kwaari richiti:
Simuka, Petro, baya udye. 14 Asi Petro wakati:
Aiwa kwete, Ishe; nokuti handina kutongodya chero
chinhu chisakachena kana chine tsvina. 15 Zvino
inzwi rikauyazve kwaari rwechipiri richiti: Mwari
chaanatsa, iwe usati chakasviba. 16 Zvino izvi
zvakaitwa kusvikira katatu; mudziyo ndokukwidzwazve
kudenga. 17 Zvino Petro wakati achakashamiswa
maari kuti chiratidzo chaakange aona chairevei,
zvino tarira, varume vakange vatumwa kubva
kuna Koneriyo, vabvunza imba yaSimoni, vakamira
pasuwo, 18 vakadanidzira vachibvunza kana Simoni,
anonzi Petro achigarapo. 19 Zvino Petro achafunga
nezvechiratidzo, Mweya wakati kwaari: Tarira, varume
vatatu vanokutsvaka. 20 Naizvozvo simuka uburuke,
uende navo usiri asina chokwadi nechinhu; nokuti
ndini ndavatuma. 21 Petro ndokuburukira kuvarume
vakange vatumwa kwaari kubva kuna Koneriyo, akati:
Tarirai, ndini wamunotsvaka; chikonzeroi chamauyira?
22 Zvino vakati: Koneriyo mukuru wezana,
murume wakarurama neanotya Mwari, anopupurirwa
nerudzi rwese rweVaJudha, wakayambirwa naMwari
nemutumwa mutsvene kuti akudanirei kumba kwake,
uye kuti anzwe mashoko kwamuri. 23 Ipapo
akavadanira mukati, akavagarisapo. Zvino chifume

Petro wakabuda akaenda navo, nedzimwe dzehama
dzaibva paJopa dzikamuperekedza. **24** Zvino
chifume vapinda Kesariya. NaKoneriyo wakange
akavamirira, uye akadanira pamwe chete hama
dzake neshamwari dzepedo. **25** Zvino zvakaitika
kuti Petro apinda, Koneriyo akamuchingamidza,
akawira patsoka dzake, akamunamata. **26** Asi
Petro wakamusimudza, achiti: Simuka; ini pachangu
ndiri munhuwo. **27** Zvino wakati achataura naye
akapinda, akawana vazhinji vakaungana, **28** ndokuti
kwavari: Imwi munoziva kuti hazvisi pamutemo
kumurume ari muJudha kufambidzana kana kuuya
kumunhu werumwe rudzi; asi Mwari wandiratidza
kuti ndirege kuti munhu haana kunaka kana
kuchena; **29** naizvozvowo ndauya ndisingapikisi
zvandangodanwa. Naizvozvo ndinobvunza, kuti
mandidanira chinangwai? **30** Koneriyo ndokuti:
Mazuva mana apfuura kusvikira paawa rino ndakange
ndichitsanya, neawa repfumbamwe ndakange
ndichinyengetera mumba mangu; zvino tarira, murume
wakamira pamberi pangu ane nguvo dzinopenya, **31**
ndokuti: Koneriyo, munyengetero wako wanzwikwa,
nemabasa ako erudo arangarirwa pamberi paMwari.
**32** Tumira naizvozvo kuJopa, uye udane Simoni
anonzi Petro; iye anogara mumba maSimoni musuki
wematehwe parutivi rwegungwa; iye kana auya
achataura newe. **33** Naizvozvo pakarepo ndatuma
kwamuri; zvino imwi maita zvakanaka kuti mauya.
Naizvozvo ikozvino tese tiripo pamberi paMwari, kuti
tinzwe zvinhu zvese zvamakarairwa naIshe. **34** Zvino
Petro wakashamisa muromo, akati: Zvirokwazvo
ndinonzwisisa kuti Mwari haasi musaruri wevanhu; **35**
asi parudzi rupi nerupi uyo anomutya achiita kururama
anogamuchirika kwaari. **36** Shoko raakatuma
kuvana vaIsraeli achiparidza rugare naJesu Kristu
(iye ndiIshe wevese). **37** Imwi munoziva shoko
rakaitika paJudhiya rese, kutanga paGarirea, shure
kwerubhabhatidzo Johwani rwaakaparidza; **38** raJesu
weNazareta, kuti Mwari wakamuzodza sei neMweya
Mutsvene nesimba, waipfuura, achiita zvakanaka
uye achiporesa vese vakamanikidzwa nadhiabhorosi,
nokuti Mwari waiva naye. **39** Nesu tiri zvapupu
zvezvinhu zvese zvaakaita, zvese munyika yeVaJudha
nemuJerusarema; iye wavakauraya, nekuremberedza
pamuti. **40** Iye Mwari waakamutsa nezuva retatu,
akamupa kuti aonekwe, **41** kwete kuvanhu vese,
asi kuzvapupu zvakagara zvasarudzwa naMwari,
kwatiri taidya nekunwa naye, mushure mekunge
amuka kubva kuvakafa. **42** Zvino wakatiraira kuti
tiparidze kuvanhu, nekupupura kwazvo kuti ndiye
wakagadzwa naMwari kuva mutongi wevapenyu
nevakafa. **43** Vaporofita vese vanopupura nezvake, kuti
nezita rake ani nani anotenda maari achagamuchira
kanganwiro yezvivi. **44** Petro wakati achataura
mashoko awa, Mweya Mutsvene wakaburukira
pamusoro pavo vese vakanzwa shoko. **45** Zvino
vekudzingiswa vaitenda vakashamisika, vese vakange
vauya naPetro, nokuti nepamusoro pevahedheni
chipo cheMweya Mutsvene chakange chadururwa;
**46** nokuti vakavanzwa vachitaura nendimi, vachikudza
Mwari. Ipapo Petro akapindura akati: **47** Kune
munhu anogona kurambidza mvura here, kuti ava
vasabhabhatidzwa, vakagamuchira Mweya Mutsvene
sesuwo? **48** Zvino akaraira kuti vabhabhatidzwe
muzita raIshe. Ipapo vakamukumbira kuti agare
mamwe mazuva.

**11** Zvino vaapositori nehama dzaiva paJudhiya
vakanzwa kuti vahedheni vagamuchirawo
shoko raMwari. **2** Zvino Petro wakati akwira
kuJerusarema, vekudzingiswa vakapokana naye, **3**
vachiti: Wakapinda muvarume vasina kudzingiswa,
ukadya navo. **4** Asi Petro atanga wakavarondedzera
zvichitevedzana achiti: **5** Ini ndakange ndiri
muguta reJopa ndichinyengetera, zvino muchiyeverwa
ndakaona chiratidzo, umwe mudziyo wakaburuka,
semucheka mukuru unoburuswa kubva kudenga
nemakona mana, ndokusvika kwandiri; **6** wandakati
ndatarisisa ndacherekedza, zvino ndakaona mhuka
dzine makumbo mana dzenyika nemhuka dzesango
nezvinokambaira neshiri dzedenga. **7** Zvino
ndakanzwa inzwi richiti kwandiri: Simuka, Petro,
baya udye. **8** Asi ndakati: Aiwa kwete Ishe;
nokuti hakuna chisakachena kana chine tsvina
chakatongopinda mumuromo mangu. **9** Asi inzwi
rakandipindura rwechipiri richibva kudenga richiti:
Mwari chaachenesa, iwe usati chakasviba. **10** Uye izvi
zvakaitika kusvikira katatu, zvese ndokukweverwazve
kumusoro kudenga. **11** Zvino tarira, pakarepo varume
vatatu vamire pamberi pemba yandakange ndiri,
vatumwa kwandiri kubva kuKesariya. **12** Mweya
ndokuti kwandiri ndiende navo, ndisiri asina chokwadi
nechinhu; nehama idzi nhanhatuwo dzakaenda
neni, zvino takapinda mumba memurume uyu; **13**
iye akatipira kuti wakaona sei mutumwa amire
mumba make, achiti kwaari: Tumira varume kuJopa,
ugodana Simoni, anonzi Petro, **14** achakuudza
mashoko, auchaponeswa nawo iwe nemhuri yako
yese. **15** Zvino ndakati ndichatanga kutaura,
Mweya Mutsvene wakaburukira pamusoro pavowo,
sezvazvakaita pamusoro pedu pakutanga. **16** Zvino
ndakarangarira shoko raIshe, kuti wakataura sei achiti:

Johwani zvirokwazvo wakabhabhatidza nemvura, asi
imwi muchabhabhatidzwa neMweya Mutsvene. 17
Naizvozvo kana Mwari avapa chipo chakafanana
nechaakapa kwatiriwo, takatenda kuna Ishe Jesu
Kristu, ini ndaiva ani waigona kudzivisa Mwari? 18
Zvino vakati vanzwa zvinhu izvozvi vakanyarara,
vakarumbidza Mwari, vachiti: Naizvozvo Mwari
wakapawo kuvahedheni kutendeukira kuupenyu. 19
Zvino avo vakapararira nekushushwa kwakaitika
pamusoro paSitefano vakagura kusvikira paFenikia
neSaipuresi neAndiyokiya, vasingatauri shoko kuna
ani asi kuVaJudha chete. 20 Asi kwaiva nevamwe
vavo, varume VaSaipuresi neVaSairini vakati
vasvika kuAndiyokiya, vakataura kuVaHerenisiti,
vachiparidza mashoko akanaka aIshe Jesu. 21
Neruoko rwaIshe rwaiva navo; uye uwandu ukuru
hwakatenda hukatendeukira kuna Ishe. 22 Zvino shoko
pamusoro pavo rikanzwikwa munzeve dzekereke
yaiva paJerusarema; zvino vakatuma Bhanabhasi
kuti agure kunosvika Andiyokiya; 23 iye asvika
ndokuona nyasha dzaMwari akafara, akavakurudzira
vese kuti varambire panaIshe nekuzvipira kwemoyo;
24 nokuti waiva murume wakanaka, uye azere
neMweya Mutsvene uye nekutenda; chaunga chikuru
ndokuwedzerwa kuna Ishe. 25 Bhanabhasi ndokubuda
akaenda kuTaso kunotsvaka Sauro. 26 Zvino
wakati amuwana akamuuisa kuAndiyokiya. Zvino
zvikaitika kuti gore rese vakaungana mukereke
vakadzidzisa chaunga chikuru; uye vadzidzi vakatanga
kunzi vaKristu paAndiyokiya. 27 Zvino nemazuva
iwayo, vaporofita vakaburukira kuAndiyokiya vachibva
kuJerusarema. 28 Zvino kwakasimuka umwe wavo
wainzi Agabhusi, ndokuratidza neMweya kuti nzara
huru ichavapo panyika yese; yakaitikawo panguva
yaKiraudhio Kesari. 29 Uye vadzidzi vakazvipira
kuti chero ani paaigona napo, umwe neumwe wavo
atume zvinobatsira kuhama dzigere muJudhiya;
30 zvavakaitawo, vakatumira kuvakuru neruoko
rwaBhanabhasi naSauro.

**12** Nenguva iyoyo Herodhe mambo wakaisa
maoko kuti atambudze vamwe kubva mukereke.
2 Ndokuuraya Jakobho mukoma waJohwani
nemunondo. 3 Zvino wakati achiona kuti zvinofadza
VaJudha, wakapfuurira mberi akabata Petrowo;
zvino aiva mazuva ezvingwa zvisina mbiriso; 4
akati amubatawo akaisa mutirongo, akamukumikidza
kumapoka mana evanhu vana emauto kuti vamurinde,
achida kumuisa kuvanhu mushure mepasika. 5
Naizvozvo Petro wakachengetwa mutirongo; asi
munyengetero wakaenderera mberi uchiitwa nekereke
kuna Mwari uchiitirwa iye. 6 Zvino Herodhe wakati
oda kumubudisa, usiku ihwohwo Petro wakange
arere pakati pemauto maviri, akasungwa nemaketani
maviri; nevarindi pamberi pemusuwo vakarinda
tirongo. 7 Zvino tarira, mutumwa waIshe wakamirapo,
chiedza ndokupenya muchitokisi; zvino akarova rutivi
rwaPetro, akamumutsa achiti: Simuka nekukurumidza.
Zvino maketani ake akawa pamaoko ake. 8 Mutumwa
ndokuti kwaari: Zvisunge chiuno, uye sunga manyatera
ako. Ndokuita saizvozvo. Zvino akati kwaari:
Monera nguvo yako, unditevere. 9 Zvino wakabuda
akamutevera; uye asingazivi kuti ichokwadi chinoitwa
nemutumwa, asi waifunga kuti anoona chiratidzo. 10
Zvino vakati vapfuura chirindo chekutanga nechepiri,
vakasvika pasuwo reutare raipinda muguta; iro
rakavazarukira rega; zvino vakabuda, vakapfuura nzira
imwe yemumusha, pakarepo mutumwa ndokubva
kwaari. 11 Zvino Petro, wakati apengenuka, akati:
Zvino ndinoziva zvirokwazvo kuti Ishe watuma
mutumwa wake, uye wandisunungura paruoko
rwaHerodhe netarisiro yese yevanhu veVaJudha. 12
Zvino wakati arangarira akaenda kumba kwaMaria
mai vaJohwani wainzi Mariko, vazhinji pavakange
vakaungana vachinyengetera. 13 Zvino Petro
wakati agogodza pagonhi resuwo, murandakadzi
wakauya kuzoteerera, wainzi Rodha. 14 Zvino wakati
achiziva inzwi raPetro, haana kuzarura suwo nekuda
kwemufaro, asi wakamhanyira mukati akavaudza
kuti Petro amire pamberi pesuwo. 15 Asi vakati
kwaari: Unopenga. Asi wakaramba achisimbisa kuti
zvaiva zvakadaro. Ivo ndokuti: Mutumwa wake. 16 Asi
Petro wakaramba achigogodza; zvino vakati vazarura
vakamuona, vakashamisika. 17 Zvino wakavaninira
neruoko kuti vanyarare, akavarondedzera kuti Ishe
wakamubudisa sei mutirongo, akati: Pirai kuna
Jakobho nekuhama zvinhu izvi. Zvino akabuda
akaenda kune imwe nzvimbo. 18 Zvino kwakati
kwaedza, bongozozo risati riri diki rikavapo pakati
pemauto, kuti chii chakawira Petro. 19 Zvino Herodhe
wakati amutsvaka akasamuwana, wakabvunzisisa
varindi, akaraira kuti vabviswe. Zvino akabva Judhiya
akaburukira Kesariya akagarako. 20 Zvino Herodhe
wakatsamwira zvikuru veTire neVaSidhoni; asi
vakauya kwaari nemoyo umwe, vakashamwaridzana
naBhurasto mutariri weimba yekurara yamambo,
vakakumbira rugare, nokuti nyika yavo yaipiwa kudya
nenyika yamambo. 21 Zvino nezuva rakatarwa
Herodhe wakapfeka nguvo dzeumambo, akagara
pachigaro chekutonga, akaita nhaurwa kwavari. 22
Vanhu ndokudanidzira vachiti: Inzwi raMwari, uye
kwete remunhu. 23 Zvino pakarepo mutumwa waIshe

wakamurova, nokuti haana kupa Mwari rukudzo;
ndokudyiwa nehonye, akapera. 24 Asi shoko raMwari
rakakura rikawanda. 25 Zvino Bhanabhasi naSauro
vakadzoka vachibva kuJerusarema, vapedzisa basa,
vakaenda naJohwaniwo wainzi Mariko.

**13** Zvino paivapo muAndiyokiya, mukereke ipapo
vamwe vaporofita nevadzidzisi, Bhanabhasi
naSimioniwo wainzi Nigeri, naRukio muKurini,
naManaeni wakange arerwa pamwe naHerodhe
umwe wevatungamiriri vana, naSauro. 2 Vakati
vachishumira kuna Ishe nekutsanya, Mweya
Mutsvene akati: Nditsaurirei Bhanabhasi pamwe
naSauro pabasa randakavadanira. 3 Ipapo vatsanya
nekunyengetera nekuisa maoko pamusoro pavo,
vakavaendesa. 4 Naizvozvo zvirokwazvo ivo vakati
vatumwa naMweya Mutsvene, vakaburukira Serukia,
vakabvapowo vakaenda kuSaipuresi nechikepe.
5 Zvino vasvika paSarami, vakaparidza shoko
raMwari mumasinagoge eVaJudha; uye vakange
vanaJohwaniwo mubatsiri. 6 Zvino vakati vagura
nemuchiwi kusvikira paPafosi, vakawana imwe
n'anga, muporofita wenhema, muJudha, wainzi
Bhari-Jesu. 7 Wainge ane mutungamiriri Sejiyo
Pauro, murume wakachenjera. Iye wakadanira kwaari
Bhanabhasi naSauro akatsvaka kunzwa shoko
raMwari. 8 Asi Erimasi n'anga, nokuti ndiro zita
rake kana zvichishandurwa, akavapikisa, achitsvaka
kutsausa mutungamiriri parutendo. 9 Asi Sauro,
ndiye Paurowo, azadzwa neMweya Mutsvene, uye
amutarisisa, 10 wakati: Iwe uzere nekubiridzira kwese
nekunyengera kwese, mwanakomana wadhiabhorosi,
muvengi wekururama kwese, haugumi here kutsausa
nzira dzakarurama dzaIshe? 11 Uye ikozvino
tarira, ruoko rwaIshe rwuri pamusoro pako, uye
uchava bofu, usingaoni zuva kwenguva. Pakarepo
mhute nerima zvakamuwira, akatenderera achitsvaka
vangamutungamirira neruoko. 12 Panguva iyo
mutungamiriri wakati aona zvakaitika akatenda,
achishamiswa nedzidziso yaIshe. 13 Zvino
Pauro nevaiva naye vakabva Pafosi nechikepe
vakasvika paPega muPamufiriya. Asi Johwani
wakabva kwavari akadzokera kuJerusarema. 14
Asi ivo vakati vagura vachibva paPega, vakasvika
kuAndiyokiya muPisidhiya; vakapinda musinagoge
nezuva resabata, vakagara pasi. 15 Zvino shure
kwekuverengwa kwemurairo nevaporofita, vakuru
vesinagoge vakatumira kwavari, vachiti: Varume
hama, kana kune shoko mukati menyu rekurudziro
kuvanhu, taurai. 16 Zvino Pauro wakasimuka,
ndokuninira neruoko, akati: Varume VaIsraeri, nemwi
munotya Mwari, teererai. 17 Mwari werudzi urwu
rwaIsraeri wakasarudza madzibaba edu, akakudza
vanhu vachiri vatorwa munyika yeEgipita, uye neruoko
rwakakwirira akavabudisa mairi. 18 Uye akava
nemoyo murefu nemaitiro avo nguva inenge makore
makumi mana murenje. 19 Zvino wakati aparadza
marudzi manomwe munyika yeKenani, akavagovera
nyika yavo nemujenya. 20 Zvino shure kweizvozvo,
makore anenge mazana mana nemakumi mashanu,
wakavapa vatongi kusvikira kuna Samueri muporofita.
21 Uye kubvira ipapo vakakumbira mambo; Mwari
ndokuvapa Sauro mwanakomana waKishi, murume
werudzi rwaBhenjamini, makore makumi mana. 22
Zvino wakati amubvisa, wakavamutsira Dhavhidhi
kuva mambo, waakapupurirawo akati: Ndawana
Dhavhidhi waJese, murume anoenderana nemoyo
wangu, achaita chido changu chese. 23 Pambeu yeuyu
sechivimbiso, Mwari wakamutsira Israeri Muponesi
Jesu; 24 iye asati asvika Johwani wakaparidza
pakutanga rubhabhatidzo rwekutendeuka kuvanhu
vese VaIsraeri. 25 Zvino Johwani wakati azadzisa
rwendo, akati: Munofunga kuti ndini ani? Ini handisi
iye, asi tarirai, shure kwangu anouya, wandisakafanira
kusunungura shangu dzetsoka dzake. 26 Varume
hama, vana verudzi rwaAbhurahama, neavo pakati
penyu vanotya Mwari, shoko reruponeso urwu
ratumirwa kwamuri. 27 Nokuti avo vanogara
muJerusarema nevatungamiriri vavo havana kumuziva
uyu, uye manzwi evaporofita anoverengwa sabata
rimwe nerimwe, vakaazadzisa pakumurasa; 28 uye
kunyange vasina kuwana mhosva yerufu, vakakumbira
kuna Pirato kuti aurawe. 29 Zvino vakati vapedza
zvese zvakanyorwa pamusoro pake, vakamuturura
pamuti, vakamuradzika muguva. 30 Asi Mwari
wakamumutsa kubva kuvakafa; 31 iye wakaonekwa
kwemazuva mazhinji neavo vakange vakwira naye
kuJerusarema vachibva Garirea, vari zvapupu zvake
kuvanhu. 32 Nesu tinoparidza kwamuri mashoko
akanaka echivimbiso chakaitwa kumadzibaba, 33 kuti
Mwari wakazadzisa ichi kwatiri, isu vana vavo, pakuti
wakamutsa Jesu; sezvazvakanyorwawo mupisarema
rechipiri kuti: Iwe uri Mwanakomana wangu, nhasi ini
ndakubereka. 34 Zvino zvekuti wakamumutsa kubva
kuvakafa, asadzokerazve kukuora, wakareva sezvizvi:
Ndichakupai maropafadzo matsvene anovimbika
aDhavhidhi. 35 Naizvozvowo anoti pane imwe
nzvimbo: Hamungapi Mutsvene wenyu kuti aone
kuora. 36 Nokuti Dhavhidhi, ashumira zano raMwari
pazera rake pachake wakarara, uye wakaradzikwa
kumadzibaba ake, ndokuona kuora; 37 asi Mwari
waakamutsa, haana kuona kuora. 38 Naizvozvo

ngazvizikanwe kwamuri, varume hama, kuti neuyu kanganwiro yezvivi inoparidzirwa imwi; **39** uye neuyu ani nani anotenda anonzi wakarurama pazvinhu zvese zvamakange musingagoni kunzi makarurama pazviri nemurairo waMozisi. **40** Naizvozvo onai kuti zvirege kuwira pamusoro penyu zvakarehwa muvaporofita, zvinoti: **41** Tarirai, imwi vazvidzi, uye mushamisike, nekuparadzwa; nokuti ini ndinobata basa pamazuva enyu, basa ramusingatombotendi, kunyange umwe achikurondedzerai. **42** Zvino pakubuda kweVaJudha musinagoge, vahedheni vakakumbira kuti mashoko awa ataurwe kwavari pasabata raitevera. **43** Zvino vesinagoge vakati vapera, vazhinji veVaJudha nevakatendeukira kuVaJudha vainamata vakatevera Pauro naBhanabhasi; ivo vakataura kwavari, vachivagombedzera kuti varambire munyasha dzaMwari. **44** Zvino nesabata rakatevera guta rinenge rese rakaungana kuzonzwa shoko raMwari. **45** Zvino VaJudha vakati vachiona zvaunga vakazadzwa negodo, vakapikisa zvinhu zvakarehwa naPauro, vachipikisa uye vachinyomba. **46** Asi Pauro naBhanabhasi vachitaura vakashinga vakati: Zvakange zvakafanira kuti shoko raMwari ritaurirwe kwamuri pakutanga; asi zvamarininira kure, uye mazvitongera kusafanira upenyu husingaperi, tarirai, tinotendeukira kuvahedheni. **(aiōnios g166)** **47** Nokuti Ishe wakatiraira saizvozvo achiti: Ndakakugadza kuva chiedza chevahedheni, kuti uve weruponeso kusvikira kumugumo wenyika. **48** Zvino vahedheni vakati vachinzwa izvi vakafara, uye vakakudza shoko raIshe, neuwandu hwevese vakange vatarirwa upenyu husingaperi vakatenda; **(aiōnios g166)** **49** uye shoko raIshe rikaparadzirwa kudunhu rese. **50** Asi VaJudha vakamutsa vakadzi vaishumira vaikudzwa, nevakuru veguta, vakamutsira Pauro naBhanabhasi rushusho, vakavadzinga kubva kumiganhu yavo. **51** Asi ivo vakavazuzira guruva retsoka dzavo, vakasvika Ikonio. **52** Zvino vadzidzi vakazadzwa nemufaro neMweya Mutsvene.

**14** Zvino zvakaitika paIkonio, vakapinda pamwe musinagoge reVaJudha, vakataura kudai zvekuti chaunga chikuru cheVaJudha necheVaGirikiwo chakatenda. **2** Asi VaJudha vasingatendi vakamutsa nekuipisa moyo yevahedheni kuvapesanisa nehama. **3** Naizvozvo vakagara nguva refu vachitaura vakashinga muna Ishe anopupurira shoko renyasha dzake, uye anovapa kuti kuitwe zviratidzo nezvishamiso nemaoko avo. **4** Asi chaunga cheguta chakakamurwa; vamwe ndokuva neVaJudha, vamwewo nevaapositori. **5** Zvino kwakati kwava nekushushwa kwevahedheni nekweVaJudhawo nevatungamiriri vavo, kuvabata zvakaipa nekuvataka nemabwe, **6** vakati vazviziva, vakatizira kumaguta eRikaonia, Ristra neDhebhe, nekudunhu rakapoteredza; **7** neipapo vakaparidza evhangeri. **8** Zvino paRistra paigara umwe murume wakange asina simba patsoka, ari chirema kubva padumbu ramai vake, asina kutongofamba. **9** Uyu wakanzwa Pauro achitaura; iye akamutarisisa, akaona kuti ane rutendo kuti aporeswe, **10** akati nenzwi guru: Simuka, uti tasa netsoka dzako. Zvino akakwakuka akafamba. **11** Zvino zvaunga, zvakati zvaona Pauro zvaakange aita, zvakasimudza manzwi azvo zvichiti nechiRikaonia: Vamwari vaburukira kwatiri vakafanana nevanhu. **12** Bhanabhasi vakamutumidzawo Zeusi, naPauro Herimesi, nokuti ndiye waiva mutungamiriri wekutaura. **13** Zvino mupristi waZeusi waiva pamberi peguta ravo, wakauisa nzombe nezvishongo pamisuwo, achida kubaira pamwe nezvaunga. **14** Asi vaapositori Bhanabhasi naPauro vakati vanzwa, vakabvarura nguvo dzavo, vakamhanyira pakati pechaunga, vachidanidzira, **15** ndokuti: Varume, munoitirei zvinhu izvi? Isuwo tiri vanhu vane manzwiro mamwe nemwi, tinokuparidzirai mashoko akanaka kuti pane izvozvi zvisina maturo mutendeukire kuna Mwari mupenyu, wakaita denga nenyika negungwa nezvinhu zvese zviri mazviri. **16** Iye pamazera akapfuura wakatendera vahedheni vese kufamba nenzira dzavo. **17** Zvakadaro haana kuzvisiya asina uchapupu, pakuti wakaita zvakanaka akatipa mvura kubva kudenga nenguva dzezvibereko, achizadza moyo yedu nekudya nemufaro. **18** Zvino vachitaura zvinhu izvi, zvairema kugumisa zvaunga kuti vasabaira kwavari. **19** Asi kwakasvika VaJudha vakabva Andiyokiya neIkonio, vanyengetedza zvaunga, zvino vataka Pauro nemabwe, vakamukwevera kunze kweguta, vachifunga kuti wafa. **20** Asi vadzidzi vakati vamukomba, akasimuka akapinda muguta; zvino chifume akabuda naBhanabhasi akaenda kuDhebhe. **21** Vakati vaparidzawo evhangeri kuguta iro, uye vaita vazhinji vadzidzi, vakadzokera kuRistra neIkonio neAndiyokiya, **22** vachisimbisa mweya yevadzidzi, vachivakurudzira kurambira parutendo, uye kuti tinofanira kupinda muushe hwaMwari nemumatambudziko mazhinji. **23** Zvino vakati vavagadzira vakuru pakereke imwe neimwe, vanyengetera nekutsanya, vakavakumikidza kuna Ishe, wavaitenda kwaari. **24** Zvino vakati vagura nePisidhiya vakasvika Pamufiriya. **25** Uye vakati vaparidza shoko paPega, vakaburukira Ataria; **26** vakabvapo nechikepe vakaenda kuAndiyokiya, apo pavakange vakumikidzwa munyasha dzaMwari

pabasa ravakange vapedzisa. 27 Vakatiwo vasvika
vakaunganidza kereke, vakarondedzera zvese Mwari
zvaakange aita navo, uye kuti wakange azarurira
vahedheni mukova werutendo. 28 Ipapo vakagara
nguva isati iri pfupi nevadzidzi.

**15** Zvino vamwe vakaburuka kubva kuJudhiya,
vakadzidzisa hama kuti: Kana musingadzingiswi
netsika yaMozisi, hamugoni kuponeswa. 2 Naizvozvo,
kwakati kwava nekupesana nekupikisana kusati kuri
kudiki kwaPauro naBhanabhasi navo, vakaronga
kuti Pauro naBhanabhasi nevamwezve vavo
vakwire kuJerusarema kuvaapositori nevakuru,
pamusoro peshoko iri. 3 Naizvozvo vakati
vachiperekedzwa nekereke, vakagura neFenike
neSamaria, vachirondedzera zvekutendeuka
kwevahedheni; vakaitira hama dzese mufaro
mukuru. 4 Zvino vakati vasvika kuJerusarema,
vakagamuchirwa nekereke nevaapositori nevakuru,
vakarondedzera zvese Mwari zvaakaita navo. 5
Asi kwakamuka vamwe vebato reVaFarisi vaitenda,
vachiti: Zvinofanira kuvadzingisa, nekuvaraira
kuchengeta murairo waMozisi. 6 Vaapositori nevakuru
vakaungana pamwe kuti vaongorore zveshoko
iri. 7 Zvino kwakava nekukakavadzana kukuru,
Petro wakasimuka akati kwavari: Varume hama,
imwi munoziva kuti kubva pamazuva akare Mwari
wakasarudza pakati pedu, kuti nemuromo wangu
vahedheni vanzwe shoko reevhangeri, uye vatende.
8 Uye Mwari muzivi wemoyo wakapupura kwavari,
achivapa Mweya Mutsvene, sekwatiriwo; 9 uye
haana kuisa mutsauko pakati pedu navo, achichenura
moyo yavo nerutendo. 10 Naizvozvo ikozvino
munoidzirei Mwari, kuisa joko pamutsipa wevadzidzi,
ratisina kugona kutakura kana madzibaba edu
kana isu? 11 Asi nenyasha dzaIshe Jesu Kristu
tinotenda kuti tinoponeswa, nenzira imwe savowo.
12 Chaunga chese ndokunyarara; ndokuteerera
Bhanabhasi naPauro vachirondedzera kuti zvikuru sei
zviratidzo nezvishamiso Mwari zvaakaita navo pakati
pevahedheni. 13 Zvino ivo vakati vanyarara, Jakobho
akapindura achiti: Varume hama, nditeererei: 14
Simioni warondedzera kuti Mwari wakashanyira
vahedheni sei pakutanga kuti atorere zita rake vanhu
kwavari. 15 Nemashoko evaporofita anobvumirana
neizvi, sezvazvakanyorwa zvichinzi: 16 Shure
kweizvi ndichadzoka, uye ndichavakazve tabhenakeri
yaDhavhidhi yakawa; uye ndichavakazve matongo
aro, uye ndicharimisazve; 17 kuti vakasara vevanhu
vatsvake Ishe, nevechirudzi vese, pavanodanwa
nezita rangu, ndizvo zvinoreva Ishe anoita zvinhu
izvi zvese. 18 Anozikanwa kuna Mwari mabasa
ake ese kubva pakusingaperi. (aiōn g165) 19
Naizvozvi ini ndinogura kuti tirege kutambudza
vakabva kuvahedheni vakatendeukira kuna Mwari;
20 asi tivanyorere kuti vabve pazvakashatiswa
zvezvifananidzo neupombwe nezvakadzipwa
neropa. 21 Nokuti Mozisi anavo kubva pamazera
akare vanomuparidza paguta rimwe nerimwe,
achiverengwa mumasinagoge sabata rimwe nerimwe.
22 Ipapo zvikaonekwa zvakanaka kuvaapositori
nevakuru vane kereke yese, kuti vatume varume
vakasarudzwa pakati pavo kuAndiyokiya pamwe
naPauro naBhanabhasi: Judhasi wainzi Bharisabhasi,
naSirasi, varume vatungamiriri pakati pehama, 23
vakanyora seizvi neruoko rwavo: Vaapositori nevakuru
nehama, kuhama dzekuvahedheni paAndiyokiya
neSiriya neKirikia, kwaziwai; 24 sezvatakanzwa
kuti vamwe vakabuda kwatiri vakakutambudzai
nemashoko, vachikanganisa mweya yenyu, vachiti
mudzingiswe nekuchengeta murairo, ivo vatisina
kuraira; 25 zvaonekwa zvakanaka kwatiri tava nemoyo
umwe, kutuma kwamuri varume vakasarudzwa,
pamwe nevadikanwi vedu Bhanabhasi naPauro, 26
vanhu vakazvipira upenyu hwavo nekuda kwezita
raIshe wedu Jesu Kristu. 27 Naizvozvo tatuma
Judhasi naSirasi, ivo vachataurawo zvimwe chete
neshoko remuromo. 28 Nokuti zvakaonekwa
zvakanaka kuMweya Mutsvene, nekwatiri, kuti tirege
kuchikutakudzai mutoro mukuru, kunze kwezvinhu
izvi zvakafanira: 29 Kuti mubve pazvakabairwa
zvifananidzo neropa nechakadzipwa neupombwe;
kana mukazvisunungura pazviri, muchaita zvakanaka.
Sarai zvakanaka. 30 Zvino vakati vaendeswa
vakasvika kuAndiyokiya; vakati vaunganidza chaunga,
vakakumikidza tsamba. 31 Zvino vakati vaverenga,
vakafara pamusoro pekukurudzirwa. 32 Judhasiwo
naSirasi, vaiva vaporofitawo pachavo, vakakurudzira
hama nenhaurwa zhinji, nekuvasimbisa. 33 Vakati
vagara kwenguva, vakaendeswa nehama murugare
kuvaapositori, 34 asi zvakaonekwa zvakanaka kuna
Sirasi kuti asarepo. 35 Paurowo naBhanabhasi
vakasara muAndiyokiya vachidzidzisa nekuparidza
shoko raIshe, nevamwewo vazhinji. 36 Zvino
shure kwemamwe mazuva Pauro wakati kuna
Bhanabhasi: Ngatidzokere ikozvino tishanyire hama
dzedu muguta rimwe nerimwe, matakaparidza shoko
raIshe, tione kuti vakadini. 37 Zvino Bhanabhasi
wakange aronga kutora Johwani wainzi Mariko,
kuti afambe navo. 38 Asi Pauro wakafunga
kuti zvakanaka kusamutora afambe navo uyu
wakavasiya kubva paPamufiriya, akasaenda navo

kubasa. 39 Zvino kwakauya kukakavadzana kukuru,
zvekuti vakaparadzana, umwe kubva kune umwe;
Bhanabhasi ndokutora Mariko kufamba naye,
akaenda kuSaipuresi nechikepe; 40 asi Pauro
wakasarudza Sirasi akabuda akaenda, akumikidzwa
nehama panyasha dzaMwari. 41 Ndokugura neSiriya
neKirikia, achisimbisa makereke.

16 Zvino wakasvika kuDhebhe neRistra; zvino
tarira, ipapo paiva neumwe mudzidzi,
wainzi Timotio, mwanakomana weumwe mukadzi
muJudhakadzi waitenda, asi wababa muGiriki;
2 waipupurirwa zvakanaka nehama dzepaRistra
neIkonio. 3 Uyu Pauro wakada kuti abude naye,
ndokumutora akamudzingisa nekuda kweVaJudha
vaiva kunzvimbo idzo; nokuti vese vakange vachiziva
baba vake, kuti muGiriki. 4 Zvino vakati vachigura
nemumaguta, vakavakumikidza zviga zvakatemwa
nevaapositori nevakuru vaiva paJerusarema kuti
vachengete. 5 Naizvozvo makereke akasimbiswa
parutendo, ndokuwedzera pauwandu zuva nezuva.
6 Zvino vakati vagura Frigia nedunhu reGaratia,
vadziviswa neMweya Mutsvene kutaura shoko
paAsia, 7 vakati vasvika pakatarisana neMisia
vakaidza kuenda kuBhitiniasi; asi Mweya haana
kuvatendera; 8 zvino vakati vapfuura paMisia
vakaburukira kuTroasi. 9 Chiratidzo ndokuonekwa
kuna Pauro usiku; umwe murume muMakedhonia
wakange amirepo, achimukumbira zvikuru achiti:
Yambukira kuMakedhonia, utibatsire. 10 Zvino wakati
achiona chiratidzo, pakarepo tikatsvaka kubuda
tiende kuMakedhonia, tapedza tichiti Ishe watidana
kunoparidza evhangeri kwavari. 11 Naizvozvo takabva
Troasi nechikepe, tikaruramira kuSamotirasi, fumewo
kuNeapori, 12 ndokubvapo tikaenda kuFiripi, rinova
guta rekutanga redunhu reMakedhonia, raitongwa
neimwe nyika; uye takagara mamwe mazuva muguta
iri. 13 Zvino nezuva resabata tikabuda kunze kweguta
kurutivi rwerwizi, paifanira kuitirwa munyengetero;
zvino takagara pasi tikataura nevakadzi vakange
vaunganapo. 14 Zvino umwe mukadzi wainzi
Ridhia, mutengesikadzi wemicheka yeruvara rwehute
weguta reTiatira, wainamata Mwari, wakatinzwa;
moyo wake Ishe waakazarura, kuti ateerere zvinhu
zvinotaurwa naPauro. 15 Zvino wakati abhabhatidzwa,
neimba yake, akakumbira achiti: Kana matonga
kuti ndakatendeka kuna Ishe, pindai mumba mangu
mugare. Zvino akatigombedzera. 16 Zvino takati
pataipinda kumunyengetero, umwe murandasikana
waiva nemweya wekuuka wakasangana nesu,
waivigira vatenzi vake mubairo muzhinji nekuuka.
17 Uyu wakatevera Pauro nesu, achidanidzira
achiti: Vanhu ava varanda vaMwari Wekumusoro-
soro, vanotiparidzira nzira yeruponeso. 18
Zvino izvi wakazviita mazuva mazhinji. Pauro
wakati asemburwa, akatendeuka, akati kumweya:
Ndinokuraira muzita raJesu Kristu kuti ubude kwaari.
Zvino ukabuda nenguva iyoyo. 19 Vatenzi vake
vakati vaona kuti tariro yemubairo yavo yaenda,
vakabata Pauro naSirasi, vakavakakatira kudare
pamberi pevakuru, 20 vakati vavauisa kuvatungamiriri
vakati: Vanhu ava vanovhiringidza guta redu,
vari VaJudha, 21 uye vanoparidza tsika dzisiri
pamutemo kwatiri kugamuchira kana kuita, tiri vanhu
VaRoma. 22 Zvino chaunga chikavamukira pamwe,
uye vatungamiriri vakavabvarurira nguvo vakaraira
kuti vavarove netsvimbo. 23 Vakati vaisa mavanga
mazhinji pamusoro pavo vakavakanda mutirongo,
vakaraira murindi wetirongo kuti avachengete
kwazvo; 24 iye, agamuchira murairo wakadaro,
wakavakanda mutirongo remukati, akasimbisa
tsoka dzavo mudanda. 25 Zvino panenge pakati
peusiku Pauro naSirasi vakange vachinyengetera
nekuimba nziyo dzekurumbidza kuna Mwari, uye
vasungwa vaivanzwa; 26 zvino pakarepo kwakavapo
kudengenyeka kwenyika kukuru, zvekuti nheyo
dzetirongo dzakazunguswa; zvino pakarepo
mikova yese ikazarurwa, nezvisungo zvevese
zvikasunungurwa. 27 Murindi wetirongo wakati
apepuka, uye aona mikova yetirongo yakazarurwa,
akavhomora munondo, oda kuzviuraya, achifunga
kuti vasungwa vatiza. 28 Asi Pauro wakadanidzira
nenzwi guru, achiti: Usazvikuvadza; nokuti tiri muno
tese. 29 Zvino wakakumbira mwenje akasvetukiramo,
ndokusvika achibvunda akawira pasi pamberi paPauro
naSirasi, 30 zvino akati avabudisira kunze akati:
Madzishe, ndinofanira kuitei kuti ndiponeswe? 31
Zvino vakati: Tenda kuna Ishe Jesu Kristu, zvino
uchaponeswa iwe neimba yako. 32 Zvino vakataura
kwaari shoko raIshe, nekune vese vaiva mumba
make. 33 Ndokuvatora nenguva iyoyo yeusiku
akavashambidza pamavanga, ndokubhabhatidzwa
pakarepo iye nevake vese. 34 Zvino wakati avaisa
mumba make ndokugadzika tafura pamberi pavo,
akafara neimba yake yese achitenda kuna Mwari.
35 Zvino kwakati kwaedza vatungamiriri vakatuma
mapurisa vachiti: Sunungurai vanhu avo. 36 Murindi
wetirongo ndokuudza Pauro mashoko iwayo, achiti:
Vatungamiriri vatuma shoko, kuti musunungurwe;
naizvozvo budai ikozvino muende murugare. 37 Asi
Pauro wakati kwavari: Vakatirova pachena tisina
kubatwa mhosva tiri vanhu VaRoma, vakatikanda

mutirongo, zvino ikozvino votikanda panze chinyararire
here? Haiwa, kwete! Asi vanofanira kuuya vamene
vatibudise. **38** Mapurisa ndokuudza vatungamiriri
mashoko iwayo; zvino vakatya pavakanzwa kuti
VaRoma, **39** ndokuuya vakavakumbira, zvino
vakavabudisa vakakumbira kuti vabude muguta. **40**
Zvino vakabuda mutirongo vakapinda kwaRidhia;
ndokuti vaona hama, vakavanyaradza, vakabva
ndokuenda.

**17** Zvino vakati vagura nemuAmufipori neAporonia,
vakasvika paTesaronika, paiva nesinagoge
reVaJudha; **2** zvino setsika yaPauro wakapinda
kwavari, uye kwemasabata matatu akataurirana
navo kubva mumagwaro, **3** achizarura nekuratidza
kuti Kristu waifanira kutambudzika nekumuka
kubva kuvakafa, uye kuti: Uyu Jesu, ini
wandinoparidza kwamuri, ndiye Kristu. **4** Zvino
vamwe vavo vakatenda, vakazvibatanidza naPauro
naSirasi, nechaunga chikuru cheVaGiriki vaishumira,
nekuvakadzi vaikudzwa vasiri vashoma. **5** Asi
VaJudha vasingatendi vakaita godo, vakatora vamwe
varume vakaipa dzaiva simbe dzepamusika, vakaita
chaunga, vakamutsira guta bongozozo; vakawira imba
yaJasoni, vachitsvaka kuvabudisira kuvanhu; **6** asi
vakati vasingavawani, vakakakatira Jasoni nedzimwe
hama kuvatungamiriri veguta, vachidanidzira vachiti:
Ava vakanyonganisa nyika, ivo vasvika panowo,
**7** avo Jasoni vaakagamuchira; uye ava vese
vanoita zvinopesana nezviga zvaKesari, vachiti umwe
mambo ariko, anonzi Jesu. **8** Uye vakanyonganisa
chaunga nevatungamiriri veguta vachinzwa zvinhu
izvi. **9** Zvino vakati vatora rubatso kuna Jasoni
nekuvamwe, vakavaregedza. **10** Zvino pakarepo
hama dzikatuma Pauro naSirasi kuBheriya neusiku;
vakati vachisvika vakabva vakaenda musinagoge
reVaJudha. **11** Ava vakange vakanaka kukunda
veTesaronika, vakagamuchira shoko nechido chese,
vachinzvera magwaro zuva rimwe nerimwe, kana
zvinhu izvi zvaiva zvakadaro. **12** Naizvozvo vazhinji
vavo vakatenda, nevevakadzi vaikudzwa veVaGiriki,
nevevarume vasiri vashoma. **13** Asi VaJudha
veTesaronika vakati vachiziva kuti shoko raMwari
rinoparidzwa naPauro paBheriyawo, vakasvikapowo
vakabvongodza zvaunga. **14** Zvino nenguva iyoyo
pakarepo hama dzakatuma Pauro seanoenda
kugungwa; asi Sirasi naTimotio vakasarapo. **15** Zvino
avo vakaperekedza Pauro, vakamusvitsa kuAtene;
ndokuti vagamuchira kuraira kuna Sirasi naTimotio
kuti vakurumidzise kuuya kwaari, vakabva vaenda. **16**
Zvino Pauro achakavagarira paAtene, mweya wake
wakabvongonyodzeka maari, achiona guta rizere
zvifananidzo. **17** Naizvozvo wakapikisana neVaJudha
musinagoge nevainamata Mwari, nepamusika
zuva rimwe nerimwe nevanenge varipo. **18**
Zvino dzimwe nyanzvi dzekufunga dzeVaEpikuro
nedzeVaStoiko dzakaita nharo naye. Vamwe ndokuti:
Uyu mubvotomoki anoda kurevei? Asi vamwe vakati:
Anenge muparidzi wevamwari vekumwe; nokuti
neevhangeri wakavaparidzira Jesu nekumuka. **19**
Zvino vakamubata, vakamuisa paAreopago vachiti:
Tingaziva here kuti dzidziso iyi itsva inotaurwa
newe chii? **20** Nokuti unouisa zvimwe zvinhu
zvinoshamisa panzeve dzedu; naizvozvo tinoda
kuziva kuti zvinhu izvi zvinoda kuva zvii? **21** Nokuti
vese VaAtene nevatorwa vaigarapo vakashandisa
nguva yavo kwete pane chimwe chinhu, asi kunzwa
kana kutaura chinhu chitsva. **22** Zvino Pauro
amira pakati peAreopago, wakati: Varume VaAtene,
pazvinhu zvese ndinoona kuti semune chitendero
chikuru. **23** Nokuti ndati ndichipfuura nekucherekedza
zvinhu zvenyu zvamunonamata, ndawana aritariwo
yakanyorwa kuti: KUNA MWARI ASINGAZIKANWI.
Naizvozvo uyo wamunonamata musingazivi, ndiye ini
wandinokuparidzirai. **24** Mwari wakaita nyika nezvinhu
zvese zviri mairi, iye ari Ishe wedenga nepasi, haagari
mutembere dzakaitwa nemaoko, **25** uye haashumirwi
nemaoko evanhu, seanoshaiwa chinhu, nokuti iye
anopa vese upenyu nekufema nezvinhu zvese; **26** uye
wakaita kubva paropa rimwe marudzi ese evanhu, kuti
agare pachiso chese chenyika, atara nguva dzakagara
dzatemwa uye miganhu yeugaro hwavo; **27** kuti
vatsvake Ishe, zvimwe zvirokwazvo vamutsvangadzire
vamuwane, kunyange asiri kure neumwe neumwe
wedu. **28** Nokuti maari tinorarama uye tinofamba
uye tiripo; sezvo vamwewo vanyanduri vekwenyu
vakati: Nokuti tiri zvizvarwa zvakewo. **29** Naizvozvo
zvatiri zvizvarwa zvaMwari, hatifaniri kufunga kuti
uMwari hwakafanana negoridhe kana sirivheri kana
ibwe, zvakavezwa neumhizha kana murangariro
wemunhu. **30** Naizvozvo nguva dzekusaziva Mwari
wakarega kurangarira, ikozvino anoraira vanhu vese
kwese-kwese kuti vatendeuke. **31** Nokuti wakatara
zuva, raachatonga nyika mukururama, nemurume
waakagadza, akasimbisa kune vese, pakumumutsa
kubva kuvakafa. **32** Zvino vakati vanzwa zvekumuka
kwevakafa, vamwe vakasveveredza, asi vamwe
vakati: Tichazokunzwazve pamusoro paizvozvi. **33**
Zvino nokudaro Pauro wakabuda pakati pavo. **34** Asi
vamwe varume vakamunamatira, vakatenda; pakati
pavo Dhionisiowo muAreopago, nemukadzi wainzi
Dhamarisi, nevamwe vanavo.

18 Shure kwezvinhu izvi Pauro wakabva paAtene
akauya kuKorinde. 2 Zvino akawana umwe
muJudha wainzi Akwira, wePonto pakuberekwa
(achangosvika kubva kuItaria), naPrisira mukadzi
wake, nekuda kwekuraira kwaKiraudhio kuti VaJudha
vese vabve kuRoma, akaenda kwavari; 3 zvino
nokuti vakange vari vebasa rimwe, wakagara navo
ndokushanda; nokuti vaiva vagadziri vematende
pabasa. 4 Zvino waiparidza sabata rimwe nerimwe
musinagoge, achigombedzera VaJudha neVaGiriki.
5 Zvino Sirasi naTimotio vakati vachiburuka kubva
kuMakedhonia, Pauro wakamanikidzwa neMweya,
akapupura kuVaJudha kuti Jesu ndiye Kristu. 6
Zvino vakati vachimupikisa nekutuka, akazunza
nguvo, akati kwavari: Ropa renyu ngarive pamusoro
penyu; ini ndakachena; kubva ikozvino ndichaenda
kuvahedheni. 7 Zvino wakabva ipapo akaenda kumba
kweumwe wainzi Jusito, wainamata Mwari, imba
yake yaiva yakabatana nesinagoge. 8 NaKrisipo
mutungamiriri wesinagoge wakatenda kuna Ishe
neimba yake yese; nevazhinji veVaKorinde vakanzwa
vakatenda uye vakabhabhatidzwa. 9 Zvino Ishe
wakataura kuna Pauro pausiku nechiratidzo: Usatya,
asi taura uye usanyarara; 10 nokuti ini ndinewe, uye
hapana angakumukira kuti akukuvadze; nokuti ndine
vanhu vazhinji muguta rino. 11 Zvino wakagara gore
nemwedzi mitanhatu, achidzidzisa shoko raMwari
pakati pavo. 12 Zvino Gario wakati ava mutungamiriri
weAkaya, VaJudha vakamukira Pauro nemoyo umwe,
vakamuuisa pamberi pechigaro chekutonga, 13
vachiti: Uyu anogombedzera vanhu kunamata Mwari
zvinopesana nemurairo. 14 Zvino Pauro wakati
oda kushamisa muromo, Gario akati kuVaJudha:
Naizvozvo dai chaiva chinhu chezvisakarurama kana
mhosva yakaipa, haiwa VaJudha, nechikonzero ichi
ndaikuitirai nemoyo murefu; 15 asi kana dziri nharo
pamusoro peshoko nemazita, nemurairo wenyu
pachenyu, zvionerei imwi; nokuti ini handidi kuva
mutongi weizvozvo. 16 Ndokuvadzinga pachigaro
chekutonga. 17 Zvino VaGiriki vese vakabata Sositeni
mutungamiriri wesinagoge, vakamurova pamberi
pechigaro chekutonga. Asi Gario haana kuva nehanya
nechinhu chimwe cheizvozvo. 18 Pauro wakati
achigere mazuva mazhinji, akaonekana nehama,
akabvapo nechikepe akaenda kuSiriya, uye Prisira
naAkwira vanaye, aveura musoro paKenikirea,
nokuti wakange ane mhiko. 19 Zvino wakasvika
muEfeso, akavasiyapo; asi iye wakapinda musinagoge
akataurirana neVaJudha. 20 Zvino vakati vamukumbira
kugara navo nguva yakati rebei, haana kutenda; 21
asi wakavaoneka achiti: Ndinofanira nenzira dzese
kuchengetedza mutambo unouya muJerusarema;
asi ndichadzokazve kwamuri, kana Mwari achida.
Akabva paEfeso nechikepe. 22 Zvino wakati
asvika Kesariya, ndokukwira akakwazisa kereke,
akaburukira kuAndiyokiya. 23 Zvino wakati ambopedza
nguva, akabva, akagura nedunhu reGaratia neFrigia
achitevedzanisa, achisimbisa vadzidzi vese. 24
Zvino umwe muJudha wainzi Aporo, muAreksandiria
nekuberekwa, murume nyanzvi yekutaura, ane
simba pamagwaro, wakasvika paEfeso. 25 Uyu
wakange adzidziswa nzira yaIshe, uye waishingaira
mumweya, achitaura nekunyatsodzidzisa zvinhu
zvaIshe, achiziva rubhabhatidzo rwaJohwani chete;
26 iye ndokutanga kutaura asingatyi musinagoge.
Zvino Prisira naAkwira vakati vamunzwa, vakamutora,
vakanyatsomududzira nzira yaMwari nemazvo.
27 Zvino wakati achida kuyambukira kuAkaya,
hama dzakanyora dzichisimbisa vadzidzi kuti
vamugamuchire; iye wakati achisvika akabatsira
zvikuru avo vakatenda nenyasha; 28 nokuti wakapwisa
VaJudha nesimba pachena, achiratidza nemagwaro
kuti Jesu ndiye Kristu.

19 Zvino zvakaitika, Aporo achiri paKorinde,
Pauro wakati agura nemativi ekumusoro
akasvika paEfeso; akawana vamwe vadzidzi, 2
akati kwavari: Makagamuchira Mweya Mutsvene
here pamakatenda? Zvino vakati kwaari: Asi hatina
kutongonzwa kana kune Mweya Mutsvene. 3 Zvino
akati kwavari: Ko makabhabhatidzwa mune zvipi?
Zvino vakati: Murubhabhatidzo rwaJohwani. 4 Zvino
Pauro wakati: Johwani zvirokwazvo wakabhabhatidza
nerubhabhatidzo rwekutendeuka, achiudza vanhu
kuti vatende kuna iye anouya shure kwake, ndiko
kuti, kuna Kristu Jesu. 5 Zvino vakati vanzwa,
vakabhabhatidzwa muzita raIshe Jesu. 6 Zvino
Pauro wakati aisa maoko pamusoro pavo, Mweya
Mutsvene akauya pamusoro pavo; vakataura nendimi,
ndokuporofita. 7 Zvino varume vese vainge gumi
nevaviri. 8 Zvino wakapinda musinagoge akataura
akashinga, kwemwedzi mitatu achiparidza achipwisa
pazvinhu zveushe hwaMwari. 9 Asi vamwe vakati
vachiomesa moyo uye vasingatendi, vachitaura
zvakaipa pamusoro penzira iyo pamberi pechaunga,
akabva kwavari akatsaura vadzidzi, akaparidza zuva
rimwe nerimwe muchikoro cheumwe Tiranosi. 10
Zvino izvi zvakaitika kwemakore maviri, zvekuti vese
vakange vagere paAsia vakanzwa shoko raIshe Jesu,
vese VaJudha neVaGiriki. 11 Mwari ndokuita mabasa
esimba asina kujairika nemaoko aPauro, 12 zvekuti
kunyange kuvarwere kwaiiswa micheka yekumeso

kana mafasikoti zvaibva pamuviri wake, hosha
dzikabva kwavari, nemweya yakaipa ikabuda kwavari.
13 Zvino vamwe VaJudha vambeyi vadzingi vemweya
yakaipa, vakaidza kudana zita raIshe Jesu pamusoro
pevaiva nemweya yakaipa, vachiti: Ndinokupikirai
naJesu Pauro waanoparidza. 14 Zvino paiva nevamwe
vanakomana vanomwe vaSikevha muJudha mupristi
mukuru vaiita izvi. 15 Mweya wakaipa ndokupindura
ukati: Jesu ndinomuziva, naPauro ndinoziva nezvake;
asi imwi ndimwi vana ani? 16 Zvino munhu mweya
wakaipa wawaiva paari akavakwakukira, akavakurira,
akavakunda, zvekuti vakatiza mumba umo vasina
nguvo vakuvadzwa. 17 Zvino izvi zvikazikanwa
kune vese VaJudha neVaGirikiwo vakange vagere
paEfeso; kutya ndokuvawira vese; zita raIshe Jesu
ndokukudzwa. 18 Zvino vazhinji vevakange vatenda
vakauya, vakareurura, nekurondedzera mabasa avo.
19 Zvino vazhinji vevaiita zveun'anga vakaunganidza
mabhuku pamwe vakaapisa pamberi pevese;
ndokuverenga mutengo wawo, zvino vakawana
masirivheri zvuru makumi mashanu. 20 Naizvozvo
shoko raIshe rakakura nesimba rikakunda. 21
Zvino izvi zvakati zvapera, Pauro wakazvipira
mumweya, ambogura nepaMakedhonia neAkaya,
kuenda kuJerusarema, achiti: Shure kwekuva kwangu
ikoko, ndinofanirawo kunoona Roma. 22 Zvino
akatumira kuMakedhonia vaviri vevaimushandira,
Timotio naErasto, iye akagara muAsia kwenguva.
23 Zvino nenguva iyoyo nyonga-nyonga isati iri
diki ikavapo pamusoro penzira iyo. 24 Nokuti
umwe, wainzi Dhemetrio, mupfuri wesirivheri, waiita
zvitembere zvaDhiana zvesirivheri, waiuisa mubairo
usati uri mudiki kumhizha; 25 wakadziunganidza
pamwe nevamwe vebasa rakadaro, akati: Varume,
munoziva kuti nebasa iri tine upfumi hwedu. 26 Zvino
munoona nekunzwa kuti pasati pari paEfeso chete, asi
panenge paAsia yese, Pauro uyu wakagombedzera
nekutsausa chaunga chikuru, achiti vakaitwa nemaoko
havasi vamwari. 27 Zvino hazvisi izvi chete kuti
chikamu chedu chisvike panjodzi yekuzvidzwa, asi
netembere yamwarikadzi mukuru Dhiana ichaitwa
chinhu pasina neukuru-kuru hwake huchaderedzwa,
iye Asia nenyika yese wavanonamata. 28 Zvino vakati
vachizvinzwa vakazara nekutsamwa, vakadanidzira
vachiti: Mukuru Dhiana weVaEfeso! 29 Zvino guta
rese rakazadzwa nenyonga-nyonga; vakamhanyira
nemoyo umwe panhandare, vakakweva Gayo
naArisitako VaMakedhonia, vaperekedzi vaPauro.
30 Zvino Pauro akada kupinda muchaunga,
vadzidzi havana kumutendera. 31 Uye nevamwe
vevakuru veAsia, vaiva shamwari dzake, vakatuma
shoko kwaari, vachikumbira zvikuru kwaari kuti
arege kuzvipinza panhandare. 32 Zvino vamwe
vakadanidzira chimwe vamwe chimwe; nokuti
ungano yakange yanyonganiswa, uye vazhinji
vasingazivi zvavakaunganira. 33 Zvino vakabudisira
Arekisandiro kunze kubva muchaunga, VaJudha
vachimusundira mberi. Zvino Arekisandiro akaninira
neruoko, achida kuzvidavirira kuvanhu. 34 Asi
pavakaziva kuti muJudha, inzwi rimwe rakamuka
kune vese, vakadanidzira maawa anenge maviri
vachiti: Mukuru Dhiana weVaEfeso! 35 Zvino
munyori wakati anyaradza vanhu akati: Varume
veEfeso, nokuti munhu ndeupi aripo asingazivi kuti
guta reVaEfeso ndiro muchengetedzi wetembere
yamwarikadzi mukuru Dhiana newechakawa kubva
kudenga. 36 Naizvozvo zvinhu izvi zvazvisingagoni
kurambwa, munofanira kunyarara musingaiti chinhu
nekumhanyirira. 37 Nokuti mauisa varume ava, vasiri
makororo edzitembere kana vamhuri vamwarikadzi
wenyu. 38 Naizvozvo kana Dhemetrio nemhizha
dzinaye vane mhosva neumwe, matare emhosva
akazarurwa, nevatongi varipo; ngavakwirirane. 39
Asi kana muchitsvaka chimwe chinhu maererano
nezvimwe zvinhu, zvingatemwa paungano iri
pamutemo. 40 Nokuti tiri munjodziwo yekupiwa
mhosva yebongozozo ranhasi zvapasina chikonzero
chatingapa nacho rondedzero yenyongano iyi. 41
Zvino wakati ataura izvozvi, akaparadza ungano.

20 Shure kwekuguma kwemhirizhonga, Pauro
akadanira kwaari vadzidzi, akavambundikira,
akabuda kuti aende kuMakedhonia. 2 Zvino wakati
agura nemativi iwawo, avakurudzira nemashoko
mazhinji, akasvika kuGirisi, 3 akati agara mwedzi
mitatu, rangano yaitwa neVaJudha pamusoro pake,
ava kuda kuenda kuSiriya nechikepe, akazvipira
kudzokera nemuMakedhonia. 4 Zvino Sopatro
weBheriya wakamuperekedza kusvika kuAsia,
neveVaTesaronika, Arisitako naSekundo, naGayo
weDhebhe, naTimotio, uye Tikiko naTrofimo VaAsia.
5 Ava vakatungamira vakatimirira paTroasi. 6 Asi
isu takabva Firipi nechikepe mushure memazuva
ezvingwa zvisina mbiriso, zvino takasvika kwavari
paTroasi mumazuva mashanu, patakagara mazuva
manomwe. 7 Zvino nemusi wekutanga wevhiki,
vadzidzi vakaungana kumedura chingwa, Pauro
akaparidza kwavari, achida kubva chifume, akaredzva
nhaurwa kusvikira pakati peusiku. 8 Zvino kwakange
kune mwenje mizhinji mukamuri yekumusoro
mavakange vakaungana. 9 Zvino pahwindo pakange
pagere rimwe jaya rainzi Yutikosi, rikabatwa

nehope kwazvo, Pauro wakati achiparidza nguva
refu, iro rikakundwa nehope, rikawira pasi, kubva
panhurikwa yechitatu, ndokunongwa rafa. 10 Zvino
Pauro akaburuka akazviwisira pamusoro paro,
akarimbundikira akati: Musazvinetsa; nokuti mweya
waro uri mariri. 11 Wakati akwirazve ndokumedura
chingwa ndokudya, akataura navo nguva refu
kusvikira kuchiedza, saizvozvo wakaenda. 12 Zvino
vakauya nemukomana ari mupenyu, vakanyaradzwa
zvisati zviri zvishoma. 13 Asi isu, takatungamira
kuchikepe, tikaenda nechikepe kuAso, takananga
kukwidza Pauro ipapo; nokuti wakange aronga
saizvozvo, iye achitarisira kufamba netsoka. 14
Zvino wakati asangana nesu paAso, tikamukwidza
tikasvika kuMitirene, 15 tikabva ipapo nechikepe,
chifume tikasvika pakatarisana neKiyo; chifume
tikasvika paSamo; ndokugara paTrogiriamu, chifume
tikasvika Mireto. 16 Nokuti Pauro wakange akazvipira
kupfuura Efeso nechikepe, kuti asapedza nguva
paAsia; nokuti waimhanya, kana zvichibvira kwaari,
ave paJerusarema nezuva rePendekosita. 17 Zvino
ari paMireto wakatumira kuEfeso akadanira vakuru
vekereke kwaari. 18 Zvino vakati vasvika kwaari, akati
kwavari: Imwi munoziva kubva pazuva rekutanga
randakasvika muAsia, kuti ndakava nemwi sei
nguva dzese, 19 ndichibatira Ishe nekuzvininipisa
kwese uye nemisodzi mizhinji, nemiedzo yakandiwira
nerangano dzeVaJudha; 20 kuti handina sei kuvanza
zvezvingabatsira, kusakuparidzirai nekukudzidzisai
pachena uye muimba neimba, 21 ndichipupura
zvese kuVaJudha nekuVaGiriki kutendeukira kuna
Mwari, nerutendo kuna Ishe wedu Jesu Kristu. 22
Zvino ikozvino tarirai, ini ndinoenda kuJerusarema
ndakasungwa neMweya, ndisingazivi zvichandiwira
mariri, 23 kunze kwekuti Mweya Mutsvene anopupura
muguta rimwe nerimwe achiti zvisungo nenhamo
zvakandigarira. 24 Asi handirangariri chinhu pane
izvi, uye handiverengeri upenyu hwangu kuti chinhu
chinokosha kwandiri kuti ndipedze rwendo rwangu
nemufaro nebasa randakagamuchira kuna Ishe
Jesu rekupupura evhangeri yenyasha dzaMwari.
25 Zvino ikozvino tarirai, ini ndinoziva kuti imwi
mese, vandakafamba pakati penyu ndichiparidza
ushe hwaMwari, hamuchazooni chiso changu. 26
Naizvozvo ndinopupura kwamuri nezuva ranhasi, kuti
ini ndakachena paropa revese; 27 nokuti handina
kuvanza kwekusakuparidzirai zano rese raMwari. 28
Naizvozvo zvichenjererei imwi, neboka rese Mweya
Mutsvene paakakugadzai vatariri pamusoro paro,
kuti mufudze kereke yaMwari, yaakatenga neropa
rake amene. 29 Nokuti ini ndinoziva izvi, kuti shure
kwekuenda kwangu mapumhi anorura achapinda
pakati penyu, asingaregi boka; 30 uye kubva pamuri
imwi momene pachamuka varume vachataura zvinhu
zvinotsausa, kuti vakwezve vadzidzi vavatevere.
31 Naizvozvo rindai, murangarire kuti kwemakore
matatu handina kuguma siku nesikati kuyambira
umwe neumwe nemisodzi. 32 Uye ikozvino hama,
ndinokukumikidzai kuna Mwari nekushoko renyasha
dzake, iye anogona kukuvakai, nekukupai nhaka
pakati pevese vakaitwa vatsvene. 33 Handina kuchiva
sirivheri kana goridhe kana nguvo yemunhu. 34
Imwiwo momene munoziva kuti maoko awa akabatira
kushaiwa kwangu nekwevaiva neni. 35 Pazvinhu zvese
ndakakuratidzai, kuti muchibata saizvozvi munofanira
kubatsira vane utera, nekurangarira mashoko aIshe
Jesu, kuti iye wakati: Kwakaropafadzwa kupa kupfuura
kugamuchira. 36 Zvino wakati ataura zvinhu izvi,
akafugama, akanyengetera navo vese. 37 Kukava
nekuchema kwavo vese kukuru; vakawira pamutsipa
waPauro vakamutsvoda, 38 vachishungurudzika
zvikuru neshoko raakataura, kuti havachazooni chiso
chake. Zvino vakamuperekedza kuchikepe.

21 Zvino zvakaitika kuti tichibva nechikepe
taparadzana navo, takafamba nenzira
yakarurama tikasvika muKose, neraitevera muRodhe,
tikabvapo tikasvika Patara; 2 ndokuti tawana
chikepe chaiyambukira kuFonisiya, takapinda
tikaenda nechikepe. 3 Takati tabudikira Saipuresi,
ndokuisiya kuruoko rweruboshwe, tikaenda kuSiriya
nechikepe, tikamhara paTire; nokuti chikepe
chaifanira kututunura mutoro ipapo; 4 zvino takati
tawana vadzidzi, tikagarapo mazuva manomwe;
ivo vakati neMweya kuna Pauro, arege kukwira
kuJerusarema. 5 Zvino zvakaitika kuti takapedza
mazuva, tikabva tikaenda, vese vakatiperekedza
nevakadzi nevana kusvikira kunze kweguta;
zvino takafugama nemabvi pamahombekombe
tikanyengetera. 6 Zvino tawonekana, takapinda
muchikepe, asi ivo vakadzokera kwavo. 7 Asi isu
takati tapedza rwendo nechikepe kubva kuTire,
takasvika kuPitoremai, tikakwazisa hama tikagara
navo zuva rimwe. 8 Chifume isu taiva naPauro
takabva tikasvika kuKesariya; ndokupinda mumba
maFiripi muevhangeri, waiva umwe wevanomwe,
tikagara naye. 9 Uyuwo wakange ane vakunda vana,
mhandara dzaiporofita. 10 Zvino takati tagara mazuva
mazhinji, kwakaburuka kubva kuJudhiya umwe
muporofita wainzi Agabhusi, 11 ndokusvika kwatiri,
akatora bhanhire raPauro, akazvisunga maoko
nemakumbo ake, akati: Mweya Mutsvene anoreva izvi:

Murume bhanhire iri riri rake, VaJudha paJerusarema
vachamusunga saizvozvi, nekumukumikidza
mumaoko evahedheni. 12 Zvino takati tanzwa
zvinhu izvi tese isu nevenzvimbo iyo tikakumbirisa
kuti arege kukwira kuJerusarema. 13 Asi Pauro
wakapindura akati: Munoitei muchichema nekuputsa
moyo wangu? Nokuti ini ndakagadzirira, kwete
kusungwa chete, asi nekufa paJerusarema nekuda
kwezita raIshe Jesu. 14 Zvino wakati asingapwiswi,
takanyarara tikati: Chido chaIshe ngachiitwe. 15
Zvino shure kwemazuva iwayo takarongedza,
tikakwira kuJerusarema. 16 Nevamwewo vevadzidzi
veKesariya vakaenda nesu, vakauya neumwe
Minasoni weSaipuresi, mudzidzi wekare, watainogara
naye. 17 Zvino takati tichisvika kuJerusarema,
hama dzakatigamuchira nemufaro. 18 Chifume
Pauro wakapinda nesu kuna Jakobho, nevakuru
vese vakange varipo. 19 Zvino wakati avakwazisa,
wakarondedzera chimwe nechimwe chezvinhu Mwari
chaakaita pakati pevahedheni neshumiro yake. 20 Ivo
vakati vachizvinzwa, vakakudza Ishe; vakati kwaari:
Unoona, hama, kuti zvuru zvingani zveVaJudha
vanotenda; uye vese vanoshingairira murairo; 21
zvino vakaudzwa nezvako, kuti unodzidzisa VaJudha
vese vari pakati pevahedheni kuti vasiye Mozisi,
uchiti varege kudzingisa vana, kana kufamba
netsika. 22 Ko zvino chii? Zvirokwazvo zvakafanira
kuti chaunga chiungane; nokuti vachanzwa kuti
wasvika. 23 Naizvozvo ita izvi zvatinoreva kwauri;
tine varume vana vane mhiko pamusoro pavo; 24
vatore pamwe newe, uzvichenure pamwe navo, uye
uripe muripo wavo, kuti vaveure musoro, kuti vese
vazive kuti zvavakaudzwa maererano newe hapana
zviripo, asi iwewo pachako unofamba zvakarurama
uchichengeta murairo. 25 Asi maererano nevahedheni
vanotenda isu tanyora, tikatema kuti vasachengeta
chinhu chakadai, kunze kwekuti vazvidzore pane
zvakabairwa zvifananidzo, neropa nezvakadzipwa
neupombwe. 26 Ipapo Pauro wakatora varume avo,
zuva raitevera akazvichenura pamwe navo, akapinda
mutembere kupira kupera kwemazuva ekunatswa,
kusvikira kwabairwa chibairo cheumwe neumwe
wavo. 27 Zvino mazuva manomwe akati opera,
VaJudha vaibva kuAsia pavakamuona mutembere,
vakamutsa chaunga chese, ndokuisa maoko kwaari.
28 Vakadanidzira, vachiti: Varume VaIsraeri, batsirai!
Uyu ndiye munhu anodzidzisa vese kwese-kwese
zvinopesana nevanhu, nemurairo, nenzvimbo ino;
pamusoro pazvo anouisa VaGirikiwo mutembere,
ndokusvibisa nzvimbo ino tsvene. 29 Nokuti
vakange vamboona Trofimo muEfeso anaye muguta,
wavaifunga kuti Pauro wamupinza mutembere. 30
Neguta rese rakanyonganiswa; vanhu vakamhanyira
pamwe; vakabata Pauro, vakamukwevera kunze
kwetembere; mikova ikazarirwa pakarepo. 31 Zvino
vakati vachitsvaka kumuuraya, shoko rikakwira
kumukuru wechuru wehondo, kuti Jerusarema
rese ranyonganiswa. 32 Iye pakarepo akatora
mauto nevakuru vezana, akaburuka achimhanyira
kwavari; ivo vakati vachiona mukuru wechuru
chemazana nemauto, vakarega kurova Pauro. 33
Zvino mukuru wechuru chemazana wakaswedera,
akamubata, ndokuraira kuti asungwe nemaketani
maviri, akabvunza kuti waiva ani, uye kuti waitei.
34 Zvino vamwe pakati pevazhinji vakadanidzira
chimwe vamwe chimwewo; zvino asingagoni kuziva
chokwadi nekuda kwenyonga-nyonga, wakaraira
kuti aiswe kuimba yemauto. 35 Zvino wakati asvika
pamitanho, zvakaitika kuti atakurwe nemauto nekuda
kwemhirizhonga yechaunga; 36 nokuti chaunga
chevanhu chakatevera chichidanidzira chichiti:
Mubvise! 37 Pauro wakati oda kupinzwa muimba
yemauto akati kumukuru wechuru: Zvinotenderwa
here kuti nditaure chinhu kwauri? Iye ndokuti: Unoziva
chiGiriki here? 38 Ko iwe hausi uya muEgipita
wakamutsa bongozozo mazuva ano asati asvika
here, akatungamirira kurenje zvuru zvina zvevarume
vaiva mhondi? 39 Asi Pauro wakati: Ini ndiri munhu
muJudha, weTaso yeKirikia, mugari weguta risina
kureruka. Zvino ndinokukumbirai, nditenderei kutaura
kuvanhu. 40 Zvino wakati amutendera, Pauro
wakamira pamitanho akaninira kuvanhu neruoko;
zvino kwakati kwanyarara kwazvo, akataura kwavari
nerurimi rwechiHebheru achiti:

**22** Varume, hama, nemadzibaba, inzwai
kuzvidavirira kwangu ikozvino kwamuri. 2 Vakati
vachinzwa kuti anotaura nerurimi rwechiHebheru
kwavari, vakanyanya kunyarara, zvino akati: 3 Ini
ndiri zvirokwazvo murume muJudha, wakaberekerwa
muTaso yeKirikia, akarerwa muguta rino pamakumbo
aGamarieri, ndikadzidziswa zvakasimba maererano
nemurairo wemadzibaba, mushingairiri waMwari,
sezvamuri mese nhasi; 4 waishusha nzira iyi kusvikira
parufu, ndichisunga nekukumikidza mutirongo
vese varume nevakadzi, 5 nemupristi mukuru
sezvaanondipupurira, nedare rese remakurukota
evakuru, kwandakagamuchirawo kwavari tsamba
kuhama, ndikaenda kuDhamasiko kuti ndiuise
kuJerusarema avo vaivapowo vakasungwa, kuti
varangwe. 6 Zvino zvakaitika kuti ndichifamba
ndoswedera Dhamasiko, anenge masikati, pakarepo

kwakapenya kubva kudenga chiedza chikuru
chakandipoteredza. 7 Zvino ndakawira pasi,
ndokunzwa inzwi richiti kwandiri: Sauro, Sauro,
unondishushirei? 8 Ini ndikapindura, ndikati: Ndimwi
ani, Ishe? Akati kwandiri: Ndini Jesu weNazareta
waunoshusha iwe. 9 Zvino avo vaiva neni vakaona
chiedza, uye vakatya; asi havana kunzwisisa
inzwi rewakataura neni. 10 Zvino ndikati: Ndoita
chii, Ishe? Ishe ndokuti kwandiri: Simuka uende
kuDhamasiko; uye ikoko uchaudzwa maererano
nezvinhu zvese zvakatarirwa iwe kuti uite. 11 Zvino
zvandakange ndisingaoni nekubwinya kwechiedza
icho, ndakatungamiririrwa neruoko nevaiva neni,
ndikasvika kuDhamasiko. 12 Zvino umwe Ananiasi,
murume waishingaira pakunamata zvinoenderana
nemurairo, waipupurirwa zvakanaka neVaJudha vese
vakange vagerepo, 13 akauya kwandiri ndokumira
padivi pangu akati kwandiri: Sauro hama, chionazve.
Neni nenguva iyo ndikamuona. 14 Zvino akati: Mwari
wemadzibaba edu wakagara akusarudza kuti uzive
chido chake, nekuona Wakarurama, uye unzwe
inzwi rinobva mumuromo wake. 15 Nokuti uchava
chapupu chake kuvanhu vese chezvawakaona
nekunzwa. 16 Zvino ikozvino uchanonokerei?
Simuka ubhabhatidzwe uye usukwe zvivi zvako,
uchidana zita raIshe. 17 Zvino zvakaitika kuti
ndadzokera kuJerusarema, uye ndichinyengetera
mutembere, ndikaita chiyeverwa chemweya, 18
ndokumuona achiti kwandiri: Kurumidza uye ubude
muJerusarema ikozvino-zvino; nokuti havagamuchiri
uchapupu hwako maererano neni. 19 Ini ndikati: Ishe,
ivo vanoziva kuti ini ndaiisa mutirongo nekurova
musinagoge rega-rega avo vaitenda kwamuri; 20 uye
pakadururwa ropa raSitefano chapupu chenyu, neni
ndakange ndimirepo ndichibvumirana nekuurawa
kwake, uye ndakachengeta nguvo dzevaimuuraya.
21 Zvino akati kwandiri: Enda, nokuti ini ndichakutuma
kure kuvahedheni. 22 Vakamuteerera kusvikira
pashoko iri, ndokusimudza inzwi ravo vachiti:
Wakadai ngaabviswe panyika; nokuti hazvina kufanira
kuti ararame. 23 Zvino vachidanidzira, nekurasa
nguvo, vachikushira guruva mumhepo, 24 mukuru
wechuru wakaraira kuti aiswe kuimba yemauto achiti
abvunzurudzwe nekurohwa netyava, kuti azive kuti
chikonzeroi chavaidanidzira kudai pamusoro pake. 25
Zvino vakati vamutandavadzira mberi nemakashu,
Pauro akati kumukuru wezana wakange amirepo:
Zviri pamutemo here kwamuri kurova netyava munhu
ari muRoma uye asina kupiwa mhosva? 26 Zvino
mukuru wezana wakati achizvinzwa, akaswedera
akaudza mukuru wechuru achiti: Chenjerai zvamoda
kuita; nokuti munhu uyu muRoma. 27 Zvino mukuru
wechuru akaswedera akati kwaari: Ndiudze, iwe
uri muRoma here? Iye akati: Hongu. 28 Mukuru
wechuru ndokupindura akati: Nemutengo mukuru
ini ndakawana ugaro uhu. Pauro akati: Asi neni
ndakaberekwa nahwo. 29 Naizvozvo pakarepo
vakabva kwaari ivo vaiva vomubvunzurudza.
Nemukuru wechuru wakatyawo aziva kuti iye
muRoma, uye nokuti wakange amusunga. 30 Zvino
chifume achida kuziva chokwadi, kuti nemhosva
yei aipomerwa neVaJudha, wakamusunungura
pazvisungo, akaraira kuti vapristi vakuru nedare
ravo remakurukota rese vauye, akaburusira Pauro
ndokugadzika pamberi pavo.

**23** Zvino Pauro wakati achitarisisa dare
remakurukota akati: Varume hama, ini
ndakafamba pamberi paMwari nehana yese yakanaka,
kusvikira zuva rino. 2 Asi mupristi mukuru Ananiasi
wakaraira vakange vamire naye kuti vamurove
muromo. 3 Ipapo Pauro akati kwaari: Mwari
achakurova, madziro akadzudzurwa akacheneswa;
nokuti iwe ugere kuti unditonge maererano nemurairo,
zvino unoraira kuti ndirohwe zvinopesana nemurairo
here? 4 Zvino vakange vamirepo vakati: Unotuka
mupristi mukuru waMwari here? 5 Pauro ndokuti:
Ndanga ndisingazivi, hama, kuti mupristi mukuru;
nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Usataura zvakaipa
pamusoro pemutungamiriri wevanhu vekwako. 6 Zvino
Pauro wakati aziva kuti rimwe divi ndereVaSadhusi
uye rimwe ndereVaFarisi, akadanidzira kudare
remakurukota, akati: Varume hama, ini ndiri
muFarisi, mwanakomana wemuFarisi; ini ndinotongwa
pamusoro petariro nekumuka kwevakafa. 7 Wakati
areva izvi, kupesana kukauya pakati peVaFarisi
neVaSadhusi, chaunga ndokukamukana. 8 Nokuti
VaSadhusi vanoti hakuna kumuka, kana mutumwa,
kana mweya; asi VaFarisi vanobvuma zviri zviviri. 9
Zvino mhere-mhere huru ikamuka; vanyori vekudivi
reVaFarisi vakasimuka vachipikisa zvikuru vachiti:
Hatiwani chinhu chakaipa kumunhu uyu; asi kana
mweya akataura naye kana mutumwa, hatingarwisani
naMwari. 10 Zvino kupesana kukuru kwakati kwauya,
mukuru wechuru akatya kuti Pauro angabvamburwa
navo, akaraira mauto kuti aburuke amubvute
pakati pavo, amuise kuimba yemauto. 11 Zvino
usiku hwakatevera Ishe wakamira naye akati:
Tsunga moyo Pauro; nokuti sezvawakapupura
zvinhu maererano neni paJerusarema, saizvozvo
zvakafanirawo kuti upupure kuRoma. 12 Zvino
kwakati kwaedza, vamwe veVaJudha vakaita rangano,

vakazvisunga nemhiko, vachiti havangadyi kana
kunwa kusvikira vauraya Pauro. **13** Zvino vaipfuura
makumi mana vakange vaita mhiko iyi pamwe
chete; **14** ava vakaenda kuvapristi vakuru nevakuru
vakati: Tazvisunga nemhiko huru, kuti hatidyi chinhu
kusvikira tauraya Pauro. **15** Naizvozvo ikozvino imwi
nedare remakurukota taridzai kumukuru wechuru,
kuti amuburusire kwamuri mangwana, sezvinonzi
munoda kunyatsobvunzisisa zviri maererano naye;
asi isu asati aswedera, tazvigadzira kumuuraya. **16**
Zvino mwanakomana wehanzvadzi yaPauro akanzwa
zvekuvandira, akauya akapinda mumba memauto,
akaudza Pauro. **17** Pauro ndokudanira kwaari
umwe wevakuru vezana akati: Isa jaya iri kumukuru
wechuru; nokuti rine chekutaura kwaari. **18** Zvino
ndokumutora, akamuuisa kumukuru wechuru, ndokuti:
Pauro musungwa wandidanira kwaari akakumbira
kuti ndiuise jaya iri kwamuri, rine chekutaura
kwamuri. **19** Mukuru wechuru akabata ruoko
rwaro, akaenda naro parutivi vari vega, akabvunza
akati: Chii chaunacho chekundiudza? **20** Iye akati:
VaJudha vatenderana kukukumbirai, kuti muburusire
Pauro kudare remakurukota mangwana, sevanoda
kunyatsobvunzisisa chimwe chinhu maererano naye.
**21** Naizvozvo imwi musatendeswa navo; nokuti
vakamuvandira pakati pavo varume vanopfuura
makumi mana, vakazvisunga nemhiko kuti havangadyi
kana kunwa kusvikira vamuuraya; zvino ikozvino
vakagadzirira vachimirira chivimbiso kubva kwamuri.
**22** Naizvozvo mukuru wechuru wakaregera jaya
richienda, ariraira achiti: Usaudza munhu kuti
wandizivisa zvinhu izvi. **23** Zvino akadanira kwaari
vamwe vaviri vevakuru vezana, akati: Gadzirirai
mauto mazana maviri kuti afambe kusvikira
Kesariya, nevatasvi vemabhiza makumi manomwe,
nevemapfumo mazana maviri, kubva paawa rechitatu
reusiku; **24** muvawanisewo zvipfuwo, kuti vatasvise
Pauro vamuise akachengeteka kumutungamiriri
Ferikisi; **25** akanyora tsamba yakatakura zvemukati
izvi: **26** Kiraudhio Risia kuna Ferikisi mutungamiriri
changamire, kwaziwai. **27** Uyu murume wakabatwa
neVaJudha, uye angadai akaurawa navo, ndikasvika
nemauto ndikamununura, ndanzwa kuti muRoma.
**28** Zvino ndakati ndichida kuziva chikonzero
chavaimupomera nacho, ndikamuburusira kudare ravo
remakurukota; **29** ndikawana achipomerwa pamusoro
pemashoko emurairo wavo, asi asingapomerwi
chinhu chingafanira rufu kana zvisungo. **30**
Zvino ndakati ndaziviswa kuti kwakange koda
kuva nekuvandirwa kwemurume uyu neVaJudha,
ndikamutumira kwamuri pakarepo, ndikarairawo
vanomumhan'arira kuti vataure pamberi penyu
zvavanopesana naye. Chisarai. **31** Zvino mauto,
sezvaakarairwa akatora Pauro, akamuisa kuAntipatiri
neusiku. **32** Zvino chifume, vakarega vatasvi
vemabhiza kuti vaende naye, vakadzokera kuimba
yemauto; **33** ivo vakati vasvika kuKesariya,
vakakumikidza tsamba kumutungamiriri, vakaisawo
Pauro pamberi pake. **34** Zvino mutungamiriri wakati
averenga, akabvunza kuti ndewedunhu ripi; zvino
aziva kuti ndeweKirikia, **35** akati: Ndichakunzwa,
kana vanokupomera mhosva vasvikawo; akaraira kuti
achengetwe mumba maHerodhe mekutongera.

**24** Zvino mushure memazuva mashanu Ananiasi
mupristi mukuru wakaburuka nevakuru
neumwe mumiririri wainzi Teturo; vakamhan'arira
Pauro kumutungamiriri. **2** Zvino wakati adanwa,
Teturo akatanga kumupa mhosva achiti: Rugare
rukuru tinorwuwana nemwi, nemabasa akanaka
akaitika murudzi rwuno neurongwa hwenyu, **3**
tinozvigamuchira nemitoo yese nepanzvimbo dzese,
changamire Ferikisi, nekuvonga kwese. **4** Asi kuti
ndisaramba ndichikubatirirai, ndinokukumbirai zvikuru
kuti netsitsi dzenyu mutinzwe muchidimbu. **5** Nokuti
takawana murume uyu ari hosha huru, anomutsa
bongozozo pakati peVaJudha vese panyika yese,
ari mutungamiriri weboka reVaNazareta. **6** Iye
wakaidzawo kushatisa tembere; watakabatawo tichida
kumutonga maererano nemurairo wedu, **7** zvino
mukuru wehondo Risiasi wakauya ndokumutora
nechisimba chikuru mumaoko edu, **8** akaraira
vaimupa mhosva kuti vauye kwamuri; wamunogona
kuti mukumubvunzisisa momene muchawana
ruzivo rwezvinhu izvi zvese isu zvatinomupira
mhosva. **9** NeVaJudha vakabvumawo, vachiti zvinhu
izvi zvakadaro. **10** Zvino Pauro wakapindura,
mutungamiriri amuninira kuti ataure, akati: Nokuti
ndinoziva kuti mava wemakore mazhinji muri mutongi
kurudzi urwu, ndinozvidavirira nemufaro mukuru zviri
maererano neni, **11** sezvo mungagona kuziva kuti
mazuva achigere kupfuura gumi nemaviri kwandiri,
kubvira pandakakwira kuJerusarema kunonamata; **12**
uye havana kundiwana mutembere ndichiita nharo
nemunhu, kana kumutsira chaunga bongozozo,
kunyange mumasinagoge kana muguta rese; **13**
uye havagoni kupa uchapupu pamusoro pezvinhu
zvavanondimhan'arira ikozvino. **14** Asi ndinobvuma
izvi kwamuri, kuti nenzira yavanoti kutsauka, saizvozvo
ndinoshumira Mwari wemadzibaba, ndichitenda zvinhu
zvese zvakanyorwa pamurairo wese nepavaporofita;
**15** ndine tariro kuna Mwari, iyo yavanomirirawo

vamene, kuti kuchava nekumuka kwevakafa, kwevakarurama pamwe nevasakarurama. 16 Uye pachinhu ichi ini ndinoidza, kuti nguva dzese ndive nehana isina mhosva kuna Mwari nekuvanhu. 17 Zvino shure kwemakore mazhinji ndakasvika kuzopa zvipo zvenyasha kurudzi rwangu nezvibairo; 18 ndiri pane izvozvi vamwe VaJudha vakabva Asia vakandiwana ndakanatswa mutembere, pasina chaunga, pasina bongozozo; 19 vanofanira kuva pano pamberi penyu vandipe mhosva kana vane chekupokana neni; 20 kana ivo pachavo ngavareve vamene, kuti vakawana chii chisakarurama mandiri, pandakamira pamberi pedare remakurukota, 21 kunze kweshoko iri rimwe, randakadanidzira ndimire pakati pavo rekuti: Maererano nekumuka kwevakafa ini ndinotongwa nemwi nhasi. 22 Asi Ferikisi wakati anzwa zvinhu izvi achiziva zvakanyanya zvenzira iyo akambovamisa, achiti: Kana Risiasi mutungamiri wechuru aburukira pano, ndichanyatsoongorora zviri maererano nemwi; 23 ndokuraira mukuru wezana kuti achengete Pauro, uye ave nerusununguko, uye kuti varege kudzivisa umwe wevekwake kushumira kana kumushanyira. 24 Zvino shure kwemamwe mazuva, Ferikisi wakasvika nemukadzi wake Drusira muJudhakadzi, akatuma kunodana Pauro, akamunzwa pamusoro perutendo kuna Kristu. 25 Zvino wakati achataura zvekururama nezvekuzvidzora uye zvekutonga kunouya, Ferikisi akatya akapindura akati: Enda zvaikozvino; kana ndikazova nenguva yakafanira, ndichakudana; 26 panguva iyoyo waitarisirawo kuti mari ichapiwa kwaari naPauro, kuti amusunungure; naizvozvo wakamudanawo kazhinji achitaura naye. 27 Asi makore maviri akati azadziswa, Ferikisi akagamuchira waimutevera Pokio Fesitasi; Ferikisi akada kufadza VaJudha akasiya Pauro akasungwa.

**25** Zvino Fesitasi wakati asvika padunhu iro, shure kwemazuva matatu akakwira kuJerusarema achibva Kesariya. 2 Zvino mupristi mukuru nevakuru veVaJudha vakamhan'arira Pauro kwaari, vakamukumbirisa, 3 vachikumbira nyasha dzinopikisana naye, kuti amudanire kuJerusarema, vakavandira kuti vamuuraye panzira. 4 Asi Fesitasi wakapindura, kuti Pauro wakachengetwa paKesariya, uye kuti iye amene wakange okurumidza kuendako. 5 Akati: Naizvozvo avo vanokwanisa pakati penyu ngavaburuke neni; kana pane chisina kururama kumurume uyu, ngaamupe mhosva. 6 Wakati agara pakati pavo mazuva anopfuura gumi, wakaburukira Kesariya; chifume agara pachigaro chekutonga akaraira kuti Pauro auiswe. 7 Zvino wakati asvika, VaJudha vakaburuka vachibva kuJerusarema vakamira vakamukomba, vachiuisa mhosva zhinji uye dzinorema pana Pauro, dzavakange vasingagoni kusimbisa, 8 iye achizvidavirira akati: Kumurairo weVaJudha, kana kutembere, kana kuna Kesari handina kutadza chinhu. 9 Asi Fesitasi achida kufadza VaJudha, wakapindura Pauro akati: Unoda here kukwira kuJerusarema, unotongwako pamusoro pezvinhu izvi pamberi pangu? 10 Asi Pauro akati: Ndimire pamberi pechigaro chekutonga chaKesari, pandinofanira kutongwa; kuVaJudha handina kuita zvisakarurama, sezvamunozivisisa imwiwo. 11 Nokuti kana ndakatadza uye ndakaita chinhu chakafanira rufu, handirambi kufa; asi kana pasina chinhu chezvinhu zvavanondipira mhosva ivo, hakuna munhu anogona kundikumikidza kwavari pachena. Ndinoikwidza kuna Kesari. 12 Ipapo Fesitasi ataurirana nedare remakurukota, akapindura akati: Waikwidza kuna Kesari? Kuna Kesari uchaenda. 13 Zvino mamwe mazuva akati apfuura, mambo Agripa naBhenike vakasvika kuKesariya kuzokwazisa Fesitasi. 14 Vakati vagarako mazuva mazhinji, Fesitasi akarondedzera zviri maererano naPauro kuna mambo, achiti: Kune umwe murume wakasiiwa naFerikisi ari musungwa, 15 wandakati pandakange ndiri kuJerusarema, vapristi vakuru nevakuru veVaJudha vakamumhan'arira, vachikumbira mutongo unopokana naye. 16 Vandakapindura, kuti haisi tsika yeVaRoma kukumikidza pachena chero munhu kurufu, uyo anopiwa mhosva asati ambotarisana nevanomupa mhosva, akagamuchira mukana wekuzvipindurira maererano nemhosva. 17 Naizvozvo vakati vaungana pano, pasina kunonoka, nezuva raitevera ndakagara pachigaro chekutonga, ndikaraira kuti murume auiswe. 18 Vamhan'ari vakamusimukira vakasamupa mhosva yezvandaifungira ini, 19 asi vaiva nezvimwe zvavaimupikisa maererano nechitendero chavo, uye zveumwe Jesu wakange afa, Pauro waaiti mupenyu. 20 Zvino ini zvandakange ndisina chokwadzi maererano negakava rakadai, ndakati anoda kuenda kuJerusasrema here, anotongwa ikoko pamusoro pezvinhu izvi. 21 Pauro wakati aikwidza kuti achengeterwe mutongo wamambo mukuru, ndakaraira kuti achengetwe, kusvikira ndichimutumira kuna Kesari. 22 Agripa ndokuti kuna Fesitasi: Neni ndinoda kunzwa munhu uyu. Iye akati: Mangwana muchamunzwa. 23 Naizvozvo chifume, Agripa wakati asvika naBhenike, vachionekera kwazvo, vakapinda mumba mekutambira mhosva, nevatungamiriri vezvuru, nevarume vakuru veguta, Fesitasi araira, vakauya naPauro. 24 Zvino Fesitasi

akati: Mambo Agripa, nevarume vese vari pano
nesu, munoona uyu, chaunga chese cheVaJudha
wachakandikumbira zvese paJerusarema nepano,
vachidanidzira kuti haafaniri kuramba achirarama.
**25** Asi ini ndakati ndawana kuti haana kuita chinhu
chakafanira rufu, uye kuti iye pachake waikwidza
kuna mambo mukuru, ndagura kumutumira. **26** Asi
handina chinhu chakasimba chandinganyorera ishe
pamusoro pake. Naizvozvo ndauya naye pamberi
penyu, uye zvikuru pamberi penyu, mambo Agripa,
kuti mamuongorora, ndingava nechandinganyora. **27**
Nokuti ndinoona zvisina musoro kutuma musungwa,
pasina kutaridzwawo mhosva dzakanangana naye.

## 26

Zvino Agripa akati kuna Pauro: Unotenderwa
kuzvitaurira. Ipapo Pauro akatandavadza
ruoko, akazvipindurira achiti: **2** Pane zvese
zvandakamhan'arirwa neVaJudha, mambo Agripa,
ndinoona ndichifara kuti ndodozvidavirira pamberi
penyu nhasi; **3** zvikuru nokuti ndinoziva kuti
mune ruzivo rwetsika dzese nemakakava ari
pakati peVaJudha; naizvozvo ndinokukumbirai, kuti
mundinzwe nemoyo murefu. **4** Naizvozvo mufambiro
wangu kubva paudiki, waiva kubva pakutanga
pakati perudzi rwangu paJerusarema, VaJudha vese
vanoziva, **5** vaindiziva kubva pakutanga kana vachida
kupupura, kuti nenzira yakasimba yeboka rechitendero
chedu ndairarama ndiri muFarisi. **6** Uye ikozvino
ndimire ndichitongwa nekuda kwetariro yechivimbiso
chakaitwa naMwari kumadzibaba, **7** marudzi edu
gumi nemaviri achishumira akasimba siku nesikati
vachitarisira kusvika pachiri. Nekuda kwetariro iyi,
mambo Agripa, ndinopiwa mhosva neVaJudha. **8** Sei
zvichifungwa kuti zvinhu zvisingatendeseki kwamuri,
kana Mwari achimutsa vakafa? **9** Naizvozvo ini
ndaifunga ndomene kuti ndinofanira kuita zvinhu
zvizhinji zvinopesana nezita raJesu weNazareta; **10**
neni zvandakaita muJerusarema, uye ini ndakapfigira
vazhinji vevatsvene mumatirongo, ndagamuchira
simba kubva kuvapristi vakuru; nepavaiurawa
ndaizvisarudza. **11** Uye ndaivaranga kazhinji
mumasinagoge ese, ndichivaroverera kuti vanyombe;
zvino ndichinyanya kuvapengera, ndakavashusha
kusvikira nekumaguta ekunze. **12** Ndipo neni
ndichienda kuDhamasiko nesimba uye nekutumwa
kubva kuvapristi vakuru, **13** pamasikati makuru,
mambo, ndakaona munzira chiedza chichibva
kudenga, chaikunda kupenya kwezuva, chichipenya
chakandipoteredza nevaifamba neni. **14** Zvino takati
tese tawira pasi pavhu, ndakanzwa izwi richitaura
kwandiri richiti nerurimi rwechiHebheru: Sauro,
Sauro, unondishushirei? Zvinokuremera kukavana
nezvibayo. **15** Zvino ini ndikati: Ndimwi ani, Ishe?
Akatiwo: Ndini Jesu waunoshusha iwe. **16** Asi simuka,
uye umire netsoka dzako; nokuti ndazviratidzira
izvi kwauri, ndikuite mushumiri nechapupu zvese
chezvinhu zvawakaona nezvandichazviratidza nazvo
kwauri, **17** ndichikununura kuvanhu nevahedheni,
vandinokutumira kwavari ikozvino, **18** kusvinudza
meso avo, nekuvatendeusa kubva murima vaende
kuchiedza, nepasimba raSatani vaende kuna Mwari,
kuti vagamuchire kanganwiro yezvivi, uye nhaka
pakati pevakaitwa vatsvene nerutendo rwuri mandiri.
**19** Naizvozvo, mambo Agripa, handina kuramba
kuteerera chiratidzo chekudenga; **20** asi ndakaparidza
kutanga kune veDhamasiko neveJerusarema,
nekudunhu rese reJudhiya, nekuvahedheni, kuti
vatendeuke, uye vadzokere kuna Mwari, vaite
mabasa akafanira kutendeuka. **21** Nekuda kwezvinhu
izvi VaJudha vakandibata mutembere, vakaidza
kundiuraya. **22** Naizvozvo ndawana rubatsiro
kubva kuna Mwari, ndakamira kusvikira zuva
rino, ndichipupura kuvadiki nevakuru, ndisingarevi
zvimwe zvinhu kunze kweizvo vaporofita naMozisi
zvavakataura kuti zvichaitika, **23** kuti Kristu
wakafanira kutambudzika, uye kuti ari wekutanga
kumuka kuvakafa, achaparidza chiedza kuvanhu ava
nekuvahedheni. **24** Zvino wakati achazvidavirira zvinhu
izvi, Fesitasi akati nenzwi guru: Pauro, unopenga;
kudzidza kukuru kunokupenza. **25** Asi wakati:
Handipengi, Fesitasi changamire; asi ndinodanidzira
mashoko echokwadi uye euchenjeri. **26** Nokuti mambo
vanoziva zvezvinhu izvi ivo vandinotaura pamberi
pavowo ndisingatyi; nokuti ndine chokwadi kuti hapana
chimwe chezvinhu izvi chakavanzika kwavari, nokuti
chinhu ichi hachina kuitwa pachikona. **27** Mambo
Agripa, munotenda vaporofita here? Ndinoziva kuti
munotenda. **28** Agripa ndokuti kuna Pauro: Wasara
padiki wandipwisa kuva muKristu. **29** Pauro ndokuti:
Ndinoshuva kuna Mwari, kunyange nediki uye nehuru
musava imwi mega, asi nevese vanondinzwa nhasi,
vave vakadai sezvandiri ini, kunze kwezvisungo izvi.
**30** Zvino wakati ataura zvinhu izvi, mambo akasimuka,
nemutungamiriri, naBhenike, nevakange vagere navo;
**31** vakati vabuda vakataurirana, vachiti: Munhu uyu
haaiti chinhu chakafanira rufu kana zvisungo. **32**
Agripa ndokuti kuna Fesitasi: Munhu uyu ungadai
asunungurwa dai asina kuikwidza kuna Kesari.

## 27

Zvino kwakati kwatemwa kuti tiende kuItaria
nechikepe, vakakumikidza Pauro nevamwewo
vasungwa kumukuru wezana wainzi Juriasi,

wehondo yamambo mukuru. 2 Zvino takati tapinda
muchikepe cheAdhiramitiyamu, chaiva choda kuenda
nemugungwa tichitevedza nzvimbo dzeAsia, tikatanga
kufamba nechikepe, Arisitako muMakedhonia
weTesaronika anesu. 3 Chifume tikasvika paSidhoni;
Juriasi akabata Pauro zvakanaka, akamutendera
kuti aende kushamwari, kuti abatsirwe. 4 Takati
tabva ipapo nechikepe tikapfuura takadzikatirwa
neSaipuresi, nokuti mhepo yaitipikisa, 5 tikati
tayambuka gungwa rakatevedza Kirikia nePamufiriya,
takasvika paMaira yeRisia. 6 Ipapo mukuru wezana
akawana chikepe cheAreksandiria chinoenda kuItaria,
ndokutipinza machiri. 7 Zvino takati tananaira
nechikepe mazuva mazhinji, tikasvika pakatarisana
neKinido nemutsutsururu, mhepo isingatitenderi,
tikaburuka takatevedza Kirete, kwakatarisana
neSarimoni; 8 tikapapfuura nemutsutsururu tikasvika
pane imwe nzvimbo panonzi Zororo Rakanaka;
pedo naro paiva neguta Rasea. 9 Zvino nguva huru
yakati yapfuura, nekufamba nechikepe ikozvino
kwava nenjodzi, nokuti kutsanyawo kwakange
kwatopfuura, Pauro akavayambira, 10 achiti kwavari:
Varume, ndinoona kuti rwendo rwuchava nekukuvara
nekurasikirwa kuzhinji, zvisati zviri zvemutoro
nechikepe chete, asi nekweupenyu hwedu. 11 Asi
mukuru wezana wakatenda mufambisi wechikepe
nemwene wechikepe kupfuura zvinhu zvakarehwa
naPauro. 12 Zvino sezvo zororo rakange risina
kunaka kugarwa muchando, vazhinji vakayambira
kuti pabviwe, zvimwe vangagona kusvika kuFenikisi
vagareko muchando, ndiro zororo reKirete, rakange
rakatarira kuchamhembe kwakadziva kumavirira
nekumaodzanyemba akadziva kumavirira. 13
Zvino mhepo yechamhembe yakati ichifefetera,
vakafunga kuti vawana vavariro yavo, vakabvisa
zvipingo zvechikepe, vakatevedza pedo neKirete
nechikepe. 14 Asi pasina kupfuura nguva huru
mhepo ine simba yainzi Yurokiridhoni, yakachirova;
15 zvino chikepe chakati chabatwa, chisingagoni
kumirisana nemhepo, tikarega tikakukurwa. 16
Zvino takatevedza zasi kwechimwe chiwi chidiki
chinonzi Kraudha, tikakwanisa kubata chikepe
nemutsutsururu; 17 chavakati vachisimudza,
vakashandisa zvibatsiro, vachisunga chikepe nepasi;
vachitya kuti vacharasikira paSetisi, vakaderedza seiri,
ndokukukurwa saizvozvo. 18 Zvino tichatambudzwa
kwazvo nedutu remhepo, chifume vakabudisa nhumbi
kunze; 19 uye pazuva retatu, takarasa zvombo
zvechikepe nemaoko edu pachedu. 20 Zvino kwakati
kusina kuonekwa zuva kana nyeredzi kwemazuva
mazhinji, nedutu risati riri diki remhepo richisimba,
kubva ipapo tariro yese yekuti tichaponeswa ikatorwa.
21 Zvino yakati yava nguva refu vasingadyi, ipapo
Pauro akamira pakati pavo, akati: Haiwa, varume,
mungadai makanditeerera mukasabva paKirete,
mukapukunyuka kukuvara uku nekurasikirwa. 22
Asi ikozvino ndinokukurudzirai kuti mutsunge moyo;
nokuti hakungavi nekurasikirwa neupenyu pakati
penyu, asi kwechikepe. 23 Nokuti usiku huno
kwakamira neni mutumwa waMwari, wandiri wake,
newandinoshumira, 24 achiti: Usatya Pauro; unofanira
kumira pamberi paKesari; zvino tarira, Mwari wakupa
vese vanofamba newe muchikepe. 25 Naizvozvo
varume tsungai moyo; nokuti ndinotenda kuna
Mwari kuti zvichava saizvozvi senzira yandakaudzwa
nayo. 26 Asi tinofanira kurasirwa pane chimwe
chiwi. 27 Zvino usiku hwegumi neuna hwakati
hwasvika, tichangomveeswa muAdhira, panenge
pakati peusiku, vafambisi vechikepe vakafunga
kuti imwe nyika yoswedera kwavari; 28 vakakanda
gavi rekuyera kudzika vakawana mafadomi makumi
maviri; vakati vapfuura zvishoma, vakakandazve
gavi rekuyera kudzika, vakawana mafadomi gumi
nemashanu; 29 zvino vakatya kuti zvimwe tichawira
pamabwe, vakakanda zvipingo zvina neshure
kwechikepe, vakashuva kuedza. 30 Zvino vafambisi
vechikepe vakati vachitsvaka kutiza muchikepe,
vaburusira igwa mugungwa, vachiita sevanenge
vokanda zvipingo mberi kwechikepe, 31 Pauro akati
kumukuru wezana nekumauto: Kana ava vakasagara
muchikepe, imwi hamugoni kuponeswa. 32 Ipapo
mauto akagura mabote egwa, ndokuriregа rikawa.
33 Zvino kwakati koedza, Pauro akakumbirisa vese
kuti vadye, achiti: Nhasi izuva regumi nechina
ramakagarira muchitsanya, musingadyi chinhu.
34 Saka ndinokukumbirisai kuti mudye; nokuti
ndezveruponeso rwenyu; nokuti hakuna ruvhudzi
rwuchawa pamusoro weumwe wenyu. 35 Wakati areva
zvinhu izvi, atora chingwa, akavonga kuna Mwari
pamberi pavo vese, akati achimedura akatanga kudya.
36 Zvino vakatsunga moyo vese, uye ivo vakadya.
37 Zvino isu, mweya yese yaiva muchikepe, taiva
mazana maviri nemakumi manomwe nevatanhatu.
38 Zvino vakati vaguta kudya vakarerusa chikepe,
vachikanda zviyo kunze mugungwa. 39 Kwakati
kwaedza, vakasaziva nyika; asi vakaona rimwe
mhenderekedzo rekuzorora raiva nemahombekombe
ejecha, vakarangana kana vaigona, kuti vasundire
chikepe pariri. 40 Zvino vakagura zvipingo, vakazvisiya
mugungwa, nenguva iyoyo vakasunungura
zvisungo, vakasimudzira seiri repamberi kumhepo,
vakaruramira kumahombekombe. 41 Zvino vakati

vachiwira panzvimbo pamasanganirano emakungwa,
vakagumhirisa chikepe pasi; muromo ukabatira
ndokurambira usingazununguki, asi rutivi rweshure
rukavhunika nesimba remafungu. **42** Zvino zano
remauto rekuti vauraye vasungwa, kuti zvimwe vamwe
vangashambira vakatiza. **43** Asi mukuru wezana
achida kuponesa Pauro, akavadzivisa pazvinangwa
zvavo, akaraira kuti vanogona kushambira vatange
kuzviwisira mugungwa, vaende kunyika; **44** uye
vakasara, vamwe pamatanda, vamwe pane zvimwe
zvipenga zvechikepe. Saizvozvowo zvakaitika kuti
vese vakasvika kunyika vari vapenyu.

**28** Zvino vakati vapona, ipapo vakaziva kuti chiwi
chinonzi Merita. **2** Zvino vatorwa vakatiitira
unyoro husina kujairika; nokuti vakavesa moto,
vakatigamuchira tese, nekuda kwemvura yaitanga uye
nekuda kwechando. **3** Zvino Pauro wakati aunganidza
svinga rehuni, akaisa pamoto, kwakabuda chiva kubva
murudziyira, chikakwinyira paruoko rwake. **4** Zvino
vatorwa vakati vachiona chikara chakaremberera
paruoko rwake, vakataurirana vachiti: Zvirokwazvo
munhu uyu imhondi, iye kunyange apukunyuka
gungwa, kururama hakumutenderi kurarama. **5**
Iye ndokuzuzira chikara mumoto, akasambokuvara.
**6** Zvino vakatarisira kuti iye achazvimba, kana
kuwira pasi pakarepo akafa; asi vakati vatarira
nguva refu, vakaona pasina chinhu chisina kujairika
chaitika kwaari, vakashandura fungwa dzavo voti
iye ndimwari. **7** Zvino panharaunda yenzvimbo iyo
paiva neminda yemukuru wechiwi wainzi Pubhirio;
iye wakatigamuchira akatigarisa zvakanaka mazuva
matatu. **8** Zvino zvakaitika kuti baba vaPubhirio
vakange varere vakabatwa nefivhiri nemudumbu
weropa; kwavari Pauro kwaakapinda, akanyengetera,
akaisa maoko pamusoro pavo, akavaporesa. **9**
Naizvozvo izvi zvakati zvaitika, vamwewo vaiva
nezvirwere pachiwi vakaswedera ndokuporeswa; **10**
ivo vakatikudzawo nerukudzo ruzhinji, uye toenda
nechikepe, vakakwidza zvinhu zvaidikanwa. **11**
Zvino shure kwemwedzi mitatu takabva nechikepe
cheArekizandiria, chakange chagara muchando
pachiwi, chaiva nechiratidzo chekuti Dhiosikuri. **12**
Zvino tasvika paSirakuse takagara mazuva matatu.
**13** Tabvapo tikatenderera tikasvika kuRegiomu;
zvino shure kwezuva rimwe mhepo yechamhembe
ikasimuka, zuva repiri tikasvika muPuteori; **14**
matakawana hama, tikakumbirwa kugara nadzo
mazuva manomwe; saizvozvowo takaenda kuRoma.
**15** Zvino kubva ipapo hama dzakati dzanzwa
nezvedu, dzikabuda kuzotichingamidza kudzamara
Apio Foramu nepaDzimba Dzevaeni Nhatu; ivo
Pauro vaakati achiona, akavonga Mwari, akatsunga
moyo. **16** Zvino takati tasvika kuRoma, mukuru
wezana akakumikidza vasungwa kumutungamiriri
wevarindi; asi Pauro wakatenderwa kugara ari ega,
nemuuto anomurinda. **17** Zvino zvikaitika shure
kwemazuva matatu, kuti Pauro wakadanira vaiva
vakuru veVaJudha pamwe; zvino vakati vaungana,
akati kwavari: Varume hama, ini ndisina kuita chinhu
chinopesana nerudzi kana tsika dzemadzibaba, ndiri
musungwa ndabva kuJerusarema ndakumikidzwa
pamaoko eVaRoma; **18** ivo vakati vandiongorora
vakada kundisunungura, nokuti pakange pasina
chikonzero cherufu kwandiri. **19** Asi VaJudha
vakaramba, ndikarovererwa kuikwidza kuna Kesari,
kwete kuti ndaiva nechinhu chekumhan'arira rudzi
rwangu. **20** Naizvozvo nekuda kwechikonzero ichi
ndakudanai kuti ndikuonei, nditaure nemwi; nokuti
ndakamoneredzwa neketani iyi nekuda kwetariro
yaIsraeri. **21** Zvino vakati kwaari: Isu hatina
kugamuchira tsamba kubva kuJudhiya pamusoro
pako, uye hakuna umwe wehama, wakati asvika,
akatipira kana kutaura chinhu chakaipa pamusoro
pako. **22** Asi tinoda kunzwa newe zvaunofunga; nokuti
maererano nebato iri tinoziva kuti rinopikiswa kwese-
kwese. **23** Zvino vakati vamutarira zuva, vazhinji
vakauya kwaari kuimba yevaenzi; akavadudzira
achivapupurira ushe hwaMwari, akavagombedzera
zviri maererano naJesu, zvese kubva pamurairo
waMozisi nevaporofita, kubva mangwanani kusvikira
madekwani. **24** Zvino vamwe vakatenda zvinhu
zvakataurwa, asi vamwe vakasatenda. **25** Zvino
zvavakange vasingawirirani pachavo, vakaenda,
Pauro ataura shoko rimwe chete rekuti: Mweya
Mutsvene wakataura zvakanaka naIsaya muporofita
kumadzibaba edu, **26** achiti: Enda kurudzi urwu ugoti:
Nekunzwa muchanzwa, uye hamungatongonzwisisi;
nekuona muchaona, uye hamungatongoonesesi. **27**
Nokuti moyo wevanhu ava wakasindimadzwa, uye
nenzeve vanonzwa nemutsutsururu, nemeso avo
vakavhara; kuti zvimwe vangaona nemeso, nekunzwa
nenzeve, nekunzwisisa nemoyo, zvino vatendeuke,
ndigovaporesa. **28** Naizvozvo ngazvizikanwe kwamuri,
kuti ruponeso rwaMwari rwunotumirwa kuvahedheni,
ivo vachanzwawo. **29** Zvino wakati ataura zvinhu
izvi, VaJudha vakaenda, vachiita nharo huru pakati
pavo. **30** Pauro akagara makore maviri agere muimba
yake pachake yaairipira mari, uye akagamuchira
vese vaipinda kwaari, **31** achiparidza ushe hwaMwari,
nekudzidzisa zviri maererano naIshe Jesu Kristu,
neushingi hwese, pasina kudziviswa.

# VaRoma

**1** Pauro, muranda waJesu Kristu, wakadanwa kuva
muapositori, atsaurirwa evhangeri yaMwari, **2**
(yaakagara avimbisa nevaporofita vake mumagwaro
matsvene), **3** maererano neMwanakomana wake,
wakabva kumbeu yaDhavhidhi zvichienderana
nenyama, **4** wakatemerwa kuva Mwanakomana
waMwari nesimba, maererano neMweya weutsvene,
nekumuka kwevakafa, ndiye Jesu Kristu Ishe wedu;
**5** watakagamuchira naye nyasha nevuapositori kuti
kuve kuteerera kwerutendo pakati pevahedheni
vese, nekuda kwezita rake, **6** vamuri pakati pavo
nemwi, vakadanwa vaJesu Kristu; **7** kune vese
vari muRoma, vadikanwi vaMwari, vakadanwa kuva
vatsvene: Nyasha kwamuri nerugare rwunobva
kuna Mwari Baba vedu naIshe Jesu Kristu. **8**
Kutangawo ndinovonga Mwari wangu nemuna Jesu
Kristu pamusoro penyu mese, kuti rutendo rwenyu
rwunoparidzirwa panyika yese. **9** Nokuti Mwari
chapupu changu, wandinoshumira pamweya wangu
muevhangeri yeMwanakomana wake, kuti handiregi
kukurangarirai, **10** panguva dzese muminyengetero
yangu ndinokumbira, kuti kana zvichigoneka nechido
chaMwari, ndibudirire kuuya kwamuri pakuguma. **11**
Nokuti ndinoshuva kukuonai, kuti ndikupei chimwe
chipo chemweya, kuti musimbiswe, **12** ndiko kuti,
ndinyaradzwe pamwe pakati penyu, nerutendo
rweumwe neumwe, zvese rwenyu nerwangu. **13** Zvino
handidi kuti musaziva, hama, kuti kazhinji ndaizvipira
kuuya kwamuri (ndokudziviswa kusvikira ikozvino),
kuti ndive nechimwe chibereko pakati penyuwo,
sepakati pevamwe vahedheniwo. **14** Ndine ngava
kuVaGiriki nekuvatorwawo, kuvakachenjera nekune
vasina kuchenjerawo; **15** saizvozvo sezviri mandiri
ndakagadzirira kuparidza evhangeri kwamuriwo
imwi muri paRoma. **16** Nokuti handinyadzisvi
neevhangeri yaKristu; nokuti isimba raMwari
rinoendesa kuruponeso kune umwe neumwe
anotenda, kumuJudha pakutanga, nekumuGirikiwo. **17**
Nokuti kururama kwaMwari kunoratidzwa mairi kubva
parutendo kusvika parutendo; sezvazvakanyorwa
zvichinzi: Asi wakarurama achararama nerutendo.
**18** Nokuti kutsamwa kwaMwari kunoratidzwa
kubva kudenga pamusoro pekusada Mwari kwese
nekusarurama kwevanhu vanodzivisa chokwadi
nekusarurama; **19** nokuti izvo zvinozikanwa pamusoro
paMwari zviri pachena pakati pavo; nokuti Mwari
wakazviratidza kwavari. **20** Nokuti zvisingaonekwi
zvake, kubva pakusikwa kwenyika, zvinonzwisisika
pazvinhu zvakaitwa, zvinooneswa pachena, simba
rake rekusingaperi pamwe neuMwari hwake, kuti
vasava nemanzvengero; **(aïdios g126)** **21** nokuti vakati
vaziva Mwari, havana kumurumbidza saMwari kana
kuvonga, asi vakava vasina maturo mumirangariro
yavo, nemoyo wavo usinganzwisisi wakaitwa
mutema. **22** Vachizvipupurira kuva vakachenjera
vakava mapenzi, **23** uye vakashandurira kubwinya
kwaMwari asingafi kumufananidzo wechifananidzo
chemunhu anofa nekushiri nekuzvine makumbo
mana nekuzvinokambaira. **24** Naizvozvowo
Mwari wakavapa kutsvina kubudikidza nekuchiva
kwemoyo yavo, kuti vazvidze miviri yavo pakati
pavo; **25** avo vakashandurira chokwadi chaMwari
kunhema, uye vakanamata nekushumira chisikwa
kupfuura Musiki, iye anorumbidzwa nekusingaperi.
Ameni. **(aiōn g165)** **26** Nekuda kweizvozvo
Mwari wakavapa kukuchiva kunonyadzisa; nokuti
kunyange vanhukadzi vavo vakashandura basa
rechisikirwo rive rinopesana nechisikirwo; **27** uye
saizvozvowo vanhurume vakasiya basa rechisikirwo
kumunhukadzi, vakapiswa nekuchivana kwavo,
vanhurume nevanhurume vachiita zvinonyadzisa
vachigamuchira mukati mavo muripo wakafanira
kurasika kwavo. **28** Uye zvavakaona zvisina
kufanira kugara naMwari muruzivo, Mwari wakavapa
kumurangariro wakaraswa, kuti vaite zvinhu
zvisakafanira; **29** vakazadzwa nekusarurama
kwese, ufeve, kuipa, ruchiva, unhubu, kuzara
negodo, umhondi, gakava, kunyengera, utsotsi,
vanoita makuhwa, **30** vacheri, vavengi vaMwari,
vazvidzi, vadadi, vanozvikudza, vavambi vezvakaipa,
vasingateereri vabereki, **31** vasinganzwisisi, vaputsi
vesungano, vane utsinye, vasingaregereri, vasina
tsitsi, **32** avo vanoti vachiziva murairo wekururama
kwaMwari, kuti vanoita zvakadai vakafanirwa nerufu,
havaiti izvo chete, asiwo vanotenderana nevanozviita.

**2** Naizvozvo hauna manzvengero, iwe munhu,
upi neupi anotonga; nokuti neicho chaunotonga
nacho umwe, unozvipa mhosva iwe, nokuti iwe
unotonga unoita zvinhu zvakangodaro. **2** Asi tinoziva
kuti kutonga kwaMwari kunoenderana nechokwadi
pamusoro pevanoita zvinhu zvakadaro. **3** Zvino
unofunga izvi, haiwa munhu anotonga vanoita zvinhu
zvakadaro, uchiitawo zvakadaro, kuti iwe uchatiza
kutonga kwaMwari here? **4** Kana unozvidza here
fuma yenyasha dzake nemoyo murefu nemoyo
munyoro, usingazivi kuti nyasha dzaMwari dzinokuisa
pakutendeuka? **5** Asi neukukutu hwako nemoyo
usingatendeuki unozvichengetera hasha nezuva

rehasha nekuzarurwa kwekutonga kwakarurama kwaMwari, 6 iye achapa mubairo kune umwe neumwe maererano nemabasa ake; 7 upenyu husingaperi kune vanotsungirira pakuita kwakanaka vanotsvaka kubwinya nekukudzwa nekusafa; (aiōnios g166) 8 asi kune vane nharo, uye vasingateereri chokwadi asi vanoteerera kusarurama, kuchavapo kutsamwa nehasha, 9 dambudziko nekumanikidzika, pamusoro pemweya umwe neumwe wemunhu anoita zvakaipa, pakutanga wemuJudha newemuGirikiwo; 10 asi kubwinya nerukudzo nerugare kune umwe neumwe anoita zvakanaka, kumuJudha pakutanga, nekumuGirikiwo; 11 nokuti hakuna rusarura rwemunhu kuna Mwari. 12 Nokuti vese vakatadza vasina murairo, vachapararawo vasina murairo; uye vese vakatadza mumurairo, vachatongwa nemurairo; 13 nokuti havasi vanzwi vemurairo vakarurama pamberi paMwari, asi vaiti vemurairo vachanzi vakarurama. 14 Nokuti kana vahedheni vasina murairo vachiita pachisikirwo zviri pamurairo, ivo, vasina murairo, ndivo murairo kwavari vamene; 15 vanoratidza basa remurairo wakanyorwa mumoyo yavo; hana yavo ichipupurawo, nemirangariro ichipa mhosva kanawo kuvapembedza pakati pavo, 16 nezuva Mwari raachatonga zvakavanzika zvevanhu, naJesu Kristu, maererano neevhangeri yangu. 17 Tarira iwe unonzi muJudha, uye unozembera pamurairo, unozvikudza muna Mwari, 18 uye unoziva chido chake, nekugamuchira zvakanakisa, uchidzidziswa kubva pamurairo, 19 uye unozvivimba kuti iwe uri mutungamiriri wemapofu, chiedza chevari murima, 20 murairiri wemapenzi, mudzidzisi wevacheche, une chimiro cheruzivo nechechokwadi mumurairo; 21 naizvozvo iwe anodzidzisa umwe, hauzvidzidzisi here? Iwe anoparidza kuti usaba, unoba here? 22 Iwe anoti usapomba, unopomba here? Iwe anosema zvifananidzo, unopamba tembere here? 23 Iwe anozvirumbidza nemurairo, unoshoora Mwari nekudarika murairo here? 24 Nokuti zita raMwari rinonyombwa pakati pevahedheni nekuda kwenyu, sezvo zvakanyorwa. 25 Nokuti kudzingiswa kunobatsira zvirokwazvo, kana uchiita murairo; asi kana uri mudariki wemurairo, kudzingiswa kwako kwava kusadzingiswa. 26 Naizvozvo kana kusadzingiswa kuchichengeta zviga zvemurairo, kusadzingiswa kwake hakuverengwi kuti kudzingiswa here? 27 Nekusadzingiswa kwepachisikirwo, kana kuchizadzisa murairo, hakungakutongi here iwe mudariki wemurairo nerugwaro uye nekudzingiswa? 28 Nokuti haasi muJudha, ari muJudha rwekunze, kana kudzingiswa kuri kwekunze panyama; 29 asi iye muJudha ari iye makavanda, nekudzingiswa ndekwemoyo mumweya, kwete murugwaro; ane kurumbidzwa kwake kusingabvi kuvanhu asi kuna Mwari.

**3** Ko zvino muJudha ane pundutso yei, kana rubatsiro rwekudzingiswa nderwupi? 2 Zvizhinji nemutoo wese; nokuti pakutanga kuti vakabatiswa mashoko aMwari. 3 Nokuti ko kana vamwe vasina kutenda? Kusatenda kwavo kuchashayisa kutendeka kwaMwari maturo here? 4 Ngazvisadaro! Asi Mwari ngaave wechokwadi, asi munhu wese murevi wenhema, sezvazvakanyorwa zvichinzi: Kuti munzi makarurama pamashoko enyu, uye mukunde pakutongwa kwenyu. 5 Asi kana kusarurama kwedu kuchiratidza kururama kwaMwari, tichati chii? Kuti Mwari haana kururama here anodurura hasha? (Ndinotaura semunhu.) 6 Ngazvisadaro! Kana zvakadaro Mwari angagozotonga nyika sei? 7 Nokuti kana chokwadi chaMwari chakawanzwa nenhema dzangu parumbidzo yake, ini ndichiri kutongerweiwo semutadzi? 8 Uye zvikasadaro tichapomerwa zvakaipa, uye sezvinotaura vamwe kuti tinoti: Ngatiite zvakaipa kuti zvakanaka zviuye? Kuraswa kwavo kunova kwakarurama. 9 Ko zvino? Tiri nani here? Kwete nepadiki pese; nokuti tambopa mhosva vese VaJudha neVaGiriki kuti vese vari pasi pechivi, 10 sezvazvakanyorwa zvichinzi: Hakuna wakarurama, kwete kunyange neumwe; 11 hakuna anonzwisisa, hakuna anotsvaka Mwari; 12 vese vakatsauka, vakava pamwe vasina maturo; hakuna anoita zvakanaka, hakuna kunyange neumwe; 13 huro yavo iguva rakashama; nendimi dzavo vakanyengera; uturu hwemhungu huri pasi pemiromo yavo; 14 vemuromo wavo uzere nekutuka nekuvava; 15 tsoka dzavo dzinokurumidza kuteura ropa; 16 kuparadza nekutambudzika zviri munzira dzavo, 17 uye nzira yerugare havana kuiziva; 18 kutya Mwari hakupo pamberi pemeso avo. 19 Zvino tinoziva kuti zvese murairo zvaunoreva, unozvireva kune vari pasi pemurairo; kuti muromo umwe neumwe udzivirwe, nenyika yese ive nemhosva kuna Mwari; 20 naizvozvo nemabasa emurairo hakuna nyama ichanzi yakarurama pamberi pake; nokuti nemurairo kune ruzivo rwechivi. 21 Asi ikozvino kururama kwaMwari kwakaratidzwa kunze kwemurairo, kuchipupurwa nemurairo nevaporofita; 22 ikowo kururama kwaMwari kubudikidza nerutendo rwaJesu Kristu kune vese nepamusoro pevese vanotenda; nokuti hapana musiyano; 23 nokuti vese vakatadza vakataira pakubwinya kwaMwari, 24 vachinzi vakarurama pachena nenyasha dzake kubudikidza nerudzikunuro rwuri muna Kristu Jesu; 25 iye Mwari waakagadza kuva

muripo wekuyananisa, nerutendo muropa rake, kuva
chiratidzo chekururama kwake, nekusarangarira zvivi
zvakaitwa kare mukuva nemoyo murefu kwaMwari;
26 kuti chive chiratidzo chekururama kwake panguva
yaikozvino, kuti ave wakarurama uye kururamisa
werutendo rwaJesu. 27 Naizvozvo kuzvikudza kuripi?
Kwavharirwa kunze. Nemurairo upi? Wemabasa
here? Kwete, asi nemurairo werutendo. 28 Naizvozvo
tinogura kuti munhu anonzi wakarurama nerutendo,
kunze kwemabasa emurairo. 29 Kuti ndiMwari
weVaJudha vega here? Haasi wevahedheniwo here?
Hongu wevahedheniwo; 30 Mwari zvaari zvirokwazvo
mumwe, achati kudzingiswa kwakarurama kubva
parutendo, nevasina kudzingiswa nerutendo. 31
Naizvozvo tinoshayisa maturo murairo nerutendo
here? Ngazvisadaro! Asi tinosimbisa murairo.

4 Ko zvino tichati Abhurahama baba vedu wakawanei
panyama? 2 Nokuti kana Abhurahama akanzi
wakarurama nemabasa, ane kuzvikudza, asi kwete
pamberi paMwari. 3 Nokuti rugwaro rwunoti kudini?
Rwunoti: Abhurahama wakatenda kuna Mwari,
zvikaverengwa kwaari kuti kururama. 4 Asi kune
anoshanda mubairo hauverengwi sewenyasha, asi
sewengava. 5 Asi kune asingashandi, asi anotenda
kuna iye anoshaisa mhosva asingadi Mwari, rutendo
rwake rwunoverengerwa kuti kururama. 6 Uye
sezvo Dhavhidhi achitsanangura kuropafadzwa
kwemunhu, Mwari waanoverengera kururama
kunze kwemabasa, achiti: 7 Vakaropafadzwa
vane kudarika kwakakanganwirwa, uye vane
zvivi zvakafukidzirwa. 8 Wakaropafadzwa munhu
Ishe waasingatongoverengeri chivi. 9 Naizvozvo
kuropafadzwa uku kuri pamusoro pekudzingiswa
here, kana pamusoro pekusadzingiswawo? Nokuti
tinoti: Rutendo rwakaverengwa kuna Abhurahama
kuti kururama. 10 Ko kwakaverengwa sei? Paakange
ari mukudzingiswa here, kana mukusadzingiswa?
Kwete mukudzingiswa, asi mukusadzingiswa. 11
Zvino wakagamuchira chiratidzo chekudzingiswa,
mucherechedzo wekururama kwerutendo, rwaakange
anarwo mukusadzingiswa; kuti ave baba vevese
vanotenda mukusadzingiswa, kuti kururama
kuverengerwe kwavariwo; 12 uye baba vekudzingiswa
kune avo vasiri vanobva mukudzingiswa chete, asi
vanofambawo mumakwara erutendo rwababa vedu
Abhurahama kwavaiva nako mukusadzingiswa. 13
Nokuti chivimbiso hachina kuva kuna Abhurahama
kana kumbeu yake kubudikidza nemurairo, chekuva
mugari wenhaka yenyika, asi nekururama kwerutendo.
14 Nokuti kana ivo vanobva pamurairo vari vagari
venhaka, rutendo rwunoshaiswa maturo, nechivimbiso
chinokoneswa; 15 nokuti murairo unouisa kutsamwa;
nokuti pasina murairo, hapana kudarikawo. 16
Naizvozvo ndezverutendo, kuti zvive zvenyasha,
kuti chivimbiso chisimbiswe kumbeu yese; isati iri
yemurairo chete asi neiyo yerutendo rwaAbhurahama,
anova baba vedu tese, 17 (sezvazvakanyorwa
zvichinzi: Ndakakugadza uve baba vemarudzi
mazhinji) pamberi paiye waakatenda, iye Mwari,
anoraramisa vakafa, neanodana zvisipo sekunge
zviripo. 18 Iye achipokana netariro wakatenda kutariro,
kuti achava baba vemarudzi mazhinji, sezvakange
zvataurwa kuti: Ichaita saizvozvo mbeu yako. 19 Uye
haana kushaiwa simba parutendo, haana kurangarira
muviri wake womene wakange watofa, ava nemakore
anenge zana, uye kufa kwechizvaro chaSara; 20
asi haana kuva nechokwadi nechivimbiso chaMwari
nekusatenda, asi wakasimbiswa parutendo, achipa
rumbidzo kuna Mwari, 21 achipwisa zvakazara
kuti icho chaakavimbisa, wakange achigonawo
kuchiita. 22 Zvino naizvozvo zvakaverengerwa kwaari
kuti kururama. 23 Asi zvakange zvisina kunyorwa
nekuda kwake ega, kuti zvakaverengerwa kwaari;
24 asi nekuda kweduwo, tichaverengerwa icho,
tinotenda kune wakamutsa Jesu Ishe wedu kubva
kuvakafa, 25 wakatengeswa nekuda kwezvitadzo
zvedu, akamutswazve nekuda kwekunzi takarurama.

5 Naizvozvo zvatakanzi takarurama nerutendo,
tine rugare kuna Mwari kubudikidza naIshe
wedu Jesu Kristu, 2 watine mapindirowo naye
nerutendo munyasha idzi dzatinomira madziri,
tichizvikudza mutariro yekubwinya kwaMwari. 3
Zvisati zviri izvo chetewo, asi tichizvikudzawo
mumatambudziko, tichiziva kuti dambudziko rinouisa
kutsungirira, 4 uye kutsungirira kutsiga, nekutsiga
tariro; 5 uye tariro hainyadzisi, nokuti rudo rwaMwari
rwakadirwa mumoyo yedu neMweya Mutsvene
wakapiwa kwatiri. 6 Nokuti tichiri pakushaiwa
simba, Kristu panguva yakafanira wakafira vasingadi
Mwari. 7 Nokuti zvinorema kuti umwe afire
wakarurama; nokuti zvimwe kungavapo kunyange
angatsunga kufira wakanaka. 8 Asi Mwari anosimbisa
rudo rwake amene kwatiri, kuti tichiri vatadzi
Kristu wakatifira. 9 Naizvozvo zvikurusa, ikozvino
zvatinonzi takarurama muropa rake, tichaponeswa
naye pahasha. 10 Nokuti kana pataiva vavengi
takayananiswa naMwari nerufu rweMwanakomana
wake, kunyanya zvatakayananiswa tichaponeswa
muupenyu hwake; 11 zvisati zviri izvozvowo chete,
asi tinozvikudzawo muna Mwari kubudikidza naIshe

wedu Jesu Kristu, watakagamuchira ikozvino naye
chiyananiso. 12 Naizvozvo, chivi sezvachakapinda
munyika nemunhu umwe, nerufu rukapinda nechivi,
uye saizvozvo rufu rwakapfuurira kuvanhu vese,
nokuti vese vakatadza; 13 nokuti kusvika murairo
wavapo chivi chakange chiripo panyika; nokuti
chivi hachiverengerwi, pasina murairo, 14 asi rufu
rwakabata ushe kubva kuna Adhamu kusvikira
kuna Mozisi, kunyange pamusoro pevakange vasina
kutadza zvakafanana sekudarika kwaAdhamu, anova
mufananidzo waiye wakange achizouya. 15 Asi kwete
sekudarika, zvakaitawo chipo chenyasha. Nokuti
kana nekudarika kweumwe vazhinji vakafa, kunyanya
kazhinji nyasha dzaMwari nechipo zvakawandira
vazhinji nenyasha dzemunhu umwe, Jesu Kristu.
16 Uye chipo hachina kuita seumwe wakatadza;
nokuti kutongwa kwakabva kuneumwe kuchienda
mukupiwa mhosva, asi chipo chenyasha chinobva
pazvitadzo zvizhinji chichienda mukushaiswa mhosva.
17 Nokuti kana nekudarika kweumwe rufu rwakatonga
naiyeyu ega, kunyanya ivo vanogamuchira kuwanda
kwenyasha nekwechipo chekururama vachatonga
paupenyu naiyeyu umwe, Jesu Kristu. 18 Naizvozvo
sezvo nekudarika kweumwe kutonga kwakauya
kuvanhu vese, mukupiwa mhosva, saizvozvowo
nekururama kweumwe, nyasha dzakauya kuvanhu
vese mukusapiwa mhosva kweupenyu. 19 Nokuti
sezvo nekusateerera kwemunhu umwe vazhinji
vakaitwa vatadzi, saizvozvowo nekuteerera kweumwe,
vazhinji vachaitwa vakarurama. 20 Asi murairo
wakapinda ukawedzera, kuti kudarika kuwande;
asi chivi pachakawanda, nyasha dzakawanda
nekupfuurisa; 21 kuti chivi sezvachakatonga murufu,
saizvozvo nenyasha dzitonge nekururama kusvika
kuupenyu husingaperi, naJesu Kristu Ishe wedu.
**(aiōnios g166)**

**6** Zvino tichatii? Ticharambira muchivi kuti nyasha
dziwande here? 2 Ngazvisadaro! Isu takafa kuchivi,
ticharamba tichirarama sei machiri? 3 Kana hamuzivi
here kuti isu tese takabhabhatidzwa muna Kristu
Jesu, takabhabhatidzwa murufu rwake? 4 Naizvozvo
takavigwa pamwe naye murufu nerubhabhatidzo;
kuti sezvo Kristu akamutswa kubva kuvakafa
nekubwinya kwaBaba, saizvozvo isuwo tifambe
pautsva hweupenyu. 5 Nokuti kana takadzvarwa
pamwe pakufanana kwerufu rwake, asi tichadarowo
pakumuka kwake; 6 tichiziva izvi, kuti munhu
wedu wekare wakarovererwa pamwe naye, kuti
muviri wechivi uparadzwe, kuti isu tisachishumira
chivi; 7 nokuti uyo wakafa wakasunungurwa
pachivi. 8 Zvino kana takafa pamwe naKristu,
tinotenda kuti tichararamawo pamwe naye; 9
tichiziva kuti Kristu amutswa kubva kuvakafa haafizve;
rufu haruchina simba pamusoro pake. 10 Nokuti
pakuti wakafa, wakafa kamwe kuchivi; zvino pakuti
anorarama, anorarama kuna Mwari. 11 Saizvozvo
nemwi zviverengei semakafa zvirokwazvo kuchivi,
asi munorarama kuna Mwari naKristu Jesu Ishe
wedu. 12 Naizvozvo chivi ngachirege kutonga
mumuviri wenyu unofa, kuti muchiteerere kuchiva
kwacho; 13 uye musapa mitezo yenyu ive midziyo
yekusarurama kuchivi; asi muzvipe imwi kuna
Mwari sevapenyu kubva kuvakafa, nemitezo yenyu
ive midziyo yekururama kuna Mwari. 14 Nokuti
chivi hachizotongi pamusoro penyu; nokuti hamusi
pasi pemurairo, asi pasi penyasha. 15 Ko zvino?
Tichatadza here, nokuti hatisi pasi pemurairo,
asi pasi penyasha? Ngazvisadaro! 16 Hamuzivi
here kuti uyo wamunozvipa kwaari muve varanda
vekumuteerera, muri varanda vaiye wamunoteerera;
kana vechivi chinoisa kurufu, kana vekuteerera
kunoisa kukururama? 17 Asi Mwari ngaavongwe, kuti
maiva varanda vechivi, asi mava kuteerera kubva
pamoyo muenzaniso wedzidziso wamakakumikidzwa
kwauri; 18 uye masunungurwa kubva pachivi,
makaitwa varanda vekururama. 19 Ndinotaura
nenzira yevanhu nekuda kweutera hwenyama yenyu;
nokuti sezvamakapa mitezo yenyu kuva varanda
kutsvina neuipi zvinoisa kune zvakaipa, saizvozvo
ikozvino ipai mitezo yenyu kuva varanda vekururama
kunoisa kuutsvene. 20 Nokuti pamaiva varanda
vechivi, makange makasununguka pakururama. 21
Naizvozvo maiva nechibereko chei panguva iyo
pazvinhu izvo zvamava kunyadziswa nazvo ikozvino?
Nokuti mugumo wezvinhu izvo rufu. 22 Asi ikozvino
zvamakasunungurwa pachivi, mukaitwa varanda kuna
Mwari, mune chibereko chenyu chinoisa kuutsvene,
uye mugumo upenyu husingaperi. **(aiōnios g166)** 23
Nokuti mubairo wechivi rufu, asi chipo chenyasha
chaMwari upenyu husingaperi muna Kristu Jesu Ishe
wedu. **(aiōnios g166)**

**7** Hamuzivi here, hama (nokuti ndinotaura kuna
avo vanoziva murairo), kuti murairo unotonga
munhu nguva yese yaanenge ari mupenyu? 2
Nokuti mukadzi akawanikwa wakasungwa nemurairo
kumurume anorarama; asi kana murume afa,
wasunungurwa pamurairo wemurume. 3 Naizvozvo
zvino kana murume ari mupenyu, achanzi chifeve
kana akava weumwe murume; asi kana murume
afa, wasununguka pamurairo, kuti asava chifeve,

kana akava wemumwe murume. 4 Naizvozvo,
hama dzangu, nemwi makaitwa vakafa kumurairo
nemuviri waKristu, kuti muve veumwe, kuna iye
wakamutswa kubva kuvakafa, kuti tiberekere Mwari
zvibereko. 5 Nokuti pataiva munyama, kuchiva
kwezvivi zvaiva kubidikidza nemurairo kwakabata
mumitezo yedu kubereka zvibereko zvinoisa kurufu.
6 Asi zvino takasunungurwa pamurairo, takafa kune
zvatakange takabatwa nazvo, kuti tishumire muutsva
hwemweya, kwete neutsaru hwerugwaro. 7 Ko
zvino tichatii? Murairo chivi here? Ngazvisadaro! Asi
handisaiziva chivi, kunze kwekubudikidza nemurairo;
nokuti handisaizivawo ruchiva, kana murairo wakange
usina kureva kuti: Usachiva. 8 Asi chivi, chawana
mukana nemurairo, chikaita mandiri ruchiva rwese;
nokuti kunze kwemurairo chivi chakafa. 9 Ini
ndakambova mupenyu kunze kwemurairo, asi murairo
pawakasvika, chivi chakava chipenyuzve, neni
ndikafa; 10 uye murairo waiva weupenyu, iwo
wakawanikwa neni wava werufu; 11 nokuti chivi,
chawana mukana nemurairo, chakandinyengera
chikandiuraya nawo. 12 Naizvozvo mutemo mutsvene,
nemurairo mutsvene, uye wakarurama, uye wakanaka.
13 Naizvozvo zvakanaka zvakava rufu mandiri
here? Ngazvisadaro! Asi chivi, kuti chiratidzwe kuti
chivi, chinobata rufu mandiri nezvakanaka; kuti
chivi nemurairo chive chakaipa kwazvo-kwazvo.
14 Nokuti tinoziva kuti murairo ndewemweya; asi
ini ndiri wenyama, ndakatengeswa pasi pechivi.
15 Nokuti icho chandinoita, handichizivi; nokuti
chandinoda, ndicho chandisingaiti; asi chandinovenga,
ndicho chandinoita. 16 Zvino kana ndichiita
icho chandisingadi, ndinobvumirana nemurairo kuti
wakanaka. 17 Asi ikozvinowo handisisiri ini ndinochiita,
asi chivi chinogara mandiri. 18 Nokuti ndinoziva
kuti mandiri, ndiko kuti munyama yangu, hamugari
chakanaka; nokuti kuda kurimo mandiri, asi kuita
chakanaka handikuwani. 19 Nokuti chakanaka
chandinoda, handiiti; asi chakaipa chandisingadi,
ndicho chandinoita. 20 Zvino kana ndichiita icho
chandisingadi ini, handisisiri ini ndinochiita, asi chivi
chinogara mandiri. 21 Naizvozvo ndinowana murairo
wekuti kana ndichida kuita chakanaka, chakaipa
chiripo pandiri. 22 Nokuti ndinofara mumurairo
waMwari zvinoenderana nemunhu wemukati; 23 asi
ndinoona umwe murairo mumitezo yangu unorwa
nemurairo wemurangariro wangu, uye uchanditapira
kumurairo wechivi uri mumitezo yangu. 24 Ini
munhu anosuruvara! Ndiani achandisunungura
pamuviri werufu urwu? 25 Ndinotenda Mwari
kubudikidza naJesu Kristu Ishe wedu. Naizvozvo zvino
nemurangariro ini ndomene ndinoshumira murairo
waMwari, asi nenyama murairo wechivi.

8 Naizvozvo ikozvino hakuna kupiwa mhosva
kune vari muna Kristu Jesu vasingafambi
maererano nenyama, asi maererano neMweya. 2
Nokuti murairo weMweya weupenyu muna Kristu
Jesu wakandisunungura kubva pamurairo wechivi
newerufu. 3 Nokuti zvakange zvisingagoneki
nemurairo, pakuti wakange une utera nekuda
kwenyama, Mwari achituma Mwanakomana wake
mumufananidzo wenyama yezvivi, uye nekuda
kwechivi, wakapa mhosva chivi munyama; 4 kuti
kururama kwemurairo kuzadziswe matiri, tisingafambi
maererano nenyama, asi maererano neMweya.
5 Nokuti avo vepanyama vanofunganya zvinhu
zvenyama; asi vari paMweya zvinhu zveMweya. 6
Nokuti kufunganya kwenyama rufu; asi kufunganya
kweMweya upenyu nerugare; 7 nokuti kufunganya
kwenyama ruvengo kuna Mwari; nokuti hakuzviisi
pasi pemurairo waMwari; nokuti hakugoniwo; 8 neavo
vari munyama havagoni kufadza Mwari. 9 Asi imwi
hamusi munyama, asi muMweya, kana zvirokwazvo
Mweya waMwari achingogara mamuri. Asi kana
umwe asina Mweya waKristu, uyu haasi wake. 10
Asi kana Kristu ari mamuri, muviri wakafa nekuda
kwechivi, asi mweya upenyu nekuda kwekururama.
11 Zvino kana Mweya waiye wakamutsa Jesu kubva
kuvakafa achigara mamuri, iye wakamutsa Kristu
kubva kuvakafa achararamisawo miviri yenyu inofa
neMweya wake anogara mamuri. 12 Naizvozvo zvino,
hama, tine ngava, kwete kunyama, kuti tirarame
maererano nenyama; 13 nokuti kana muchirarama
maererano nenyama, muchafa; asi kana muchiuraya
mabasa emuviri neMweya, muchararama. 14 Nokuti
vese vanotungamirirwa neMweya waMwari, ndivo
vana vaMwari. 15 Nokuti hamuna kugamuchira
mweya weuranda kuti mutyezve, asi makagamuchira
mweya wekuitwa vana, watinodana nawo tichiti:
Abha, Baba. 16 Mweya amene unopupurirana
nemweya wedu, kuti tiri vana vaMwari; 17 zvino
kana tiri vana, tiri vadyi venhakawo; vadyi venhaka
vaMwari, nevadyi venhaka pamwe naKristu; kana
zvirokwazvo tichitambudzika naye, kuti tikudzwewo
pamwe naye. 18 Nokuti ndinoona kuti matambudziko
enguva yaikozvino haana kufanira kuenzaniswa
nekubwinya kuchazoratidzwa kwatiri. 19 Nokuti
tarisiro huru yechisikwa inomirira kubudiswa pachena
kwevana vaMwari. 20 Nokuti chisikwa chakaiswa pasi
pekushaiwa maturo, kwete nekuda, asi nekuda kwaiye
wakachiisa pasi; mutariro 21 kuti chisikwa pachachowo

chichasunungurwa kubva pauranda hwekuora, chiiswe
parusununguko rwekubwinya kwevana vaMwari. 22
Nokuti tinoziva kuti chisikwa chese chinogomera
pamwe nekurwadziwa pamwe chete kusvikira
ikozvino. 23 Zvisati zviri izvo chete, asi nesu tomene,
tine chibereko chekutanga cheMweya, nesu tomene
tinogomera mukati medu, tichimirira kuitwa vana,
rudzikunuro rwemuviri wedu. 24 Nokuti tinoponeswa
netariro; asi tariro inoonekwa haisi tariro; nokuti
izvo munhu zvaanoona, achazvitaririreizve? 25 Asi
kana tichitarisira chatisingaoni, tinochimirira nemoyo
murefu. 26 Saizvozvo neMweyawo unobatsira utera
hwedu; nokuti hatizivi chatinofanira kunyengeterera
sezvinofanira, asi Mweya amene anotireverera
nekugomera kusingatauriki; 27 zvino iye anonzvera
moyo anoziva fungwa yeMweya kuti chii, nokuti
anoreverera vatsvene maererano naMwari. 28
Uye tinoziva kuti zvinhu zvese zvinobata pamwe
kuti zvinakire avo vanoda Mwari, avo vakadanwa
maererano nezano rake. 29 Nokuti vaakagara
aziva, wakagarawo avatemera kuti vafanane
nechimiro cheMwanakomana wake, kuti iye ave
dangwe pakati pehama zhinji; 30 neavo vaakagara
atemera, ndivo vaakadanawo; nevaakadana,
ndivo vaakaruramisawo; nevaakaruramisa, ndivo
vaakakudzawo. 31 Ko zvino tichatii kuzvinhu izvi?
Kana Mwari ari kwatiri, ndiani achatirwisa? 32 Iye asina
kutongoramba neMwanakomana wake pachake, asi
wakamukumikidza nekuda kwedu tese, angarega sei
kutipa zvese pachena pamwe nayewo? 33 Ndiani
achapa mhosva pavasanangurwa vaMwari? NdiMwari
anoti vakarurama; 34 ndiani anopa mhosva? NdiKristu
wakafa, uye zvikuru wakamutswawo, uye ari kuruoko
rwerudyi rwaMwari, uye anotireverera. 35 Ndiani
achatiparadzanisa nerudo rwaKristu? Kutambudzika,
kana kumanikidzika, kana kushushwa, kana nzara,
kana kushama, kana njodzi, kana munondo here? 36
Sezvazvakanyorwa kuti: Nekuda kwenyu tinourawa
zuva rese; tinoverengwa semakwai ekubaiwa. 37 Asi
pazvinhu izvi zvese tiri vakundi nekupfuurisa naiye
wakatida. 38 Nokuti ndine chokwadi kuti harwusi rufu
kana upenyu kana vatumwa kana utungamiriri kana
masimba kana zvinhu zviripo kana zvinhu zvinouya
39 kana urefu kana udzamu kana chimwe chisikwa
chipi zvacho chingagona kutiparadzanisa nerudo
rwaMwari rwuri muna Kristu Jesu Ishe wedu.

**9** Ndinotaura chokwadi muna Kristu, handinyepi,
hana yangu ichipupurirana neni muMweya
Mutsvene, 2 kuti ndinoshushikana kwazvo, neshungu
dzisingaperi mumoyo mangu. 3 Nokuti ndaishuva kuti
ini ndomene nditukwe kuna Kristu nekuda kwehama
dzangu, verudzi rwangu panyama; 4 vari VaIsraeri,
vane kuitwa vana, nekubwinya, nesungano, nekupiwa
kwemurairo, neushumiri hwaMwari, nezvivimbiso,
5 madzibaba ndeavo, naKristu wakabva kwavari
panyama, ari pamusoro pezvese, Mwari anokudzwa
narinhi. Ameni. (aiōn g165) 6 Asi kwete shoko raMwari
serakakundikana. Nokuti havasi vese vakabva
kuna Israeri, vari VaIsraeri; 7 kwete nokuti imbeu
yaAbhurahama, vese vana; asi zvinonzi: Kuna
Isaka ndiko kuchadanwa mbeu yako. 8 Ndiko kuti,
havasi vana venyama, ivo vari vana vaMwari; asi
vana vechivimbiso vanoverengerwa kumbeu. 9
Nokuti iri ishoko rechivimbiso rinoti: Nenguva ino
ndichauya, uye Sara achava nemwanakomana. 10
Handizvo chete, asi naRibheka wakati ava nemimba
neumwe, Isaka baba vedu; 11 nokuti vana vasati
vaberekwa, kana kumboita chakanaka kana chakaipa,
kuti zano raMwari maererano nesananguro rigare,
kwete kubva pamabasa, asi kubva kune anodana,
12 zvakataurwa kwaari kuti: Mukuru achashumira
mudiki, 13 sezvazvakanyorwa zvichinzi: Jakobho
ndakamuda, asi Esau ndakamuvenga. 14 Ko zvino
tichatii? Kusarurama kuriko kuna Mwari here?
Ngazvisadaro! 15 Nokuti anoti kuna Mozisi: Ndichava
netsitsi kune wandine tsitsi naye, ndichanzwira
ngoni wandinonzwira ngoni. 16 Naizvozvo zvakadaro
hazvisi zveanoda, kana zveanomhanya, asi zvaMwari
anonzwira tsitsi. 17 Nokuti rugwaro rwunoti kuna
Farao: Ndizvozvi zvandakakumutsira, kuti ndiratidze
simba rangu mauri, uye kuti zita rangu riparidzwe
panyika yese. 18 Naizvozvo zvino anonzwira tsitsi
iye waanoda; uye anowomesa moyo wewaanoda.
19 Zvino iwe uchati kwandiri: Iye achiri kuwanirei
mhosva? Nokuti ndiani angapikisa kuda kwake?
20 Haiwa, iwe munhu ndiwe ani anokakavadza
Mwari? Chakaumbiwa chingati here kune wakaumba:
Wakandiitirei sezvizvi? 21 Kana muumbi haana simba
pamusoro pevhu here, kuti nebundu rimwe aite
mudziyo umwe unokudzwa, neumwe unozvidzwa? 22
Uye kana Mwari achida kuratidza hasha, nekuzivisa
simba rake, wakatakura nemoyo murefu kwazvo
midziyo yehasha yakagadzirirwa kuparadzwa; 23 uye
kuti azivise fuma yekubwinya kwake pamidziyo yetsitsi,
yaakagara agadzirira kubwinya, 24 nesu, vaakadana,
yatiri isu, kusiri kuVaJudha chete, asi nekuvahedheni?
25 Sezvaanorevawo muna Hosiya achiti: Ndichavaidza
vanhu vangu ivo vasiri vanhu vangu; naiye wakange
asingadikanwi mudikanwi; 26 zvino zvichaitika kuti,
panzvimbo pazvakanzi kwavari: Hamusi vanhu vangu
imwi, ipapo vachaidzwa vana vaMwari mupenyu. 27

Isaya anodanidzirawo maererano naIsraeri achiti:
Kunyange uwandu hwevana vaIsraeri hukaita sejecha
regungwa, vakasara vachaponeswa; 28 nokuti
achapedza basa nekurigurisira mukururama; nokuti
Ishe achagurisira basa panyika. 29 Uye Isaya
sezvaakagara areva achiti: Dai Ishe wehondo asina
kutisiira mbeu, tingadai takava seSodhoma, uye
takaitwa takafanana neGomora. 30 Ko tichatii?
Kuti vahedheni vasingatsvaki kururama, vakabata
kururama, iko kururama kunobva parutendo; 31
asi Israeri, achitsvaka murairo wekururama, haana
kusvika pamurairo wekururama. 32 Nekuda kwei?
Nokuti havana kutsvaka nerutendo, asi nezvainge
namabasa emurairo; nokuti vakagumburwa pabwe
rekugumbura. 33 Sezvazvakanyorwa zvichinzi: Tarira,
ndinoisa paZiyoni ibwe rekugumbura nedombo
rechipinganidzo; uye ani nani anotenda kwaari
haanganyadziswi.

**10** Hama, chishuwo chemoyo wangu nemukumbiro
kuna Mwari pamusoro paIsraeri ndiko
kuti vaponeswe. 2 Nokuti ndinovapupurira kuti
vanoshingairira Mwari, asi kwete paruzivo; 3 nokuti
vasingazivi kururama kwaMwari, uye vachitsvaka
kumisa kururama kwavo pachavo, vakasazviisa pasi
pekururama kwaMwari. 4 Nokuti Kristu mugumo
wemurairo mukururama kuna ani nani anotenda. 5
Nokuti Mozisi anonyora kururama kuri kwemurairo,
kuti munhu anoita zvinhu izvi achararama nazvo.
6 Asi kururama kunobva parutendo kunotaura
sezvizvi: Usati mumoyo mako: Ndiani achakwira
kudenga? Ndiko kuti kuburusa Kristu; 7 kana kuti:
Ndiani achaburukira mukudzika? Ndiko kuti kukwidza
Kristu kubva kuvakafa. **(Abyssos g12)** 8 Asi kunoti
kudini? Shoko riri pedo newe, mumuromo mako
nemumoyo mako; iri ishoko rerutendo ratinoparidza;
9 kuti kana iwe ukabvuma nemuromo wako Ishe
Jesu, uye ukatenda mumoyo mako kuti Mwari
wakamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa;
10 nokuti nemoyo umwe anotenda mukururama,
uye nemuromo anobvuma mukuponeswa. 11
Nokuti rugwaro rwunoti: Ani nani anotenda kwaari
haangazonyadziswi. 12 Nokuti hapana musiyano
pakati pemuJudha nemuGiriki; nokuti Ishe ndeumwe
wevese, wakafuma kune vese vanodana kwaari.
13 Nokuti wese ani nani achadana kuzita raIshe
achaponeswa. 14 Zvino vachadana sei wavasina
kutenda kwaari? Uye vachatenda sei wavasina
kunzwa nezvake? Uye vachanzwa sei vasina
anoparidza? 15 Zvino vachaparidza sei kana vasina
kutumwa? Sezvazvakanyorwa zvichinzi: Dzakanaka
sei tsoka dzevanoparidza evhangeri yerugare,
dzevanoparidza evhangeri yezvakanaka? 16 Asi
vese havana kuteerera evhangeri. Nokuti Isaya anoti:
Ishe, ndiani wakatenda zvatakasuma? 17 Naizvozvo
rutendo rwunobva mukunzwa, nekunzwa neshoko
raMwari. 18 Asi ndinoti: Havana kunzwa here?
Hongu zvirokwazvo, inzwi ravo rakabuda kunyika
yese, nemashoko avo kumigumo yenyika. 19 Asi
ndinoti: Israeri haana kunzwisisa here? Pakutanga
Mozisi anoti: Ini ndichakumutsirai godo nevasiri
rudzi, nerudzi rusingafungi ndichakutsamwisai. 20
NaIsaya akashinga anotiwo: Ndakawanikwa nevasina
kunditsvaka, ndakaonekwa kune vasina kundibvunza.
21 Asi kuna Israeri anoti: Zuva rese ndakatandavadza
maoko angu kuvanhu vasingateereri nevanokakavara.

**11** Naizvozvo ndinoti: Mwari wakarasa vanhu
vake here? Ngazvisadaro! Nokuti iniwo ndiri
muIsraeri, kubva pambeu yaAbhurahama, werudzi
rwaBhenjamini. 2 Mwari haana kurasa vanhu
vake vaakagara aziva. Kana hamuzivi kuti rugwaro
rwunoti kudini kuna Eria here? Kuti anoreverera
sei kuna Mwari achipesana neVaIsraeri, achiti: 3
Ishe, vakauraya vaporofita venyu, uye vakaputsa
aritari dzenyu; zvino ini ndasara ndega, uye
vanotsvaka upenyu hwangu. 4 Asi mhinduro
yaMwari inoti kudii kwaari? Inoti: Ndakazvisiira
zvuru zvinomwe zvevarume, vasina kufugamira
ibvi kuna Bhaari. 5 Zvino saizvozvo nemunguva
yaikozvino variko vakasara maererano nesananguro
yenyasha. 6 Asi kana zviri zvenyasha, hazvichabvi
pamabasa; kana zvisakadaro, nyasha hadzisisiri
nyasha. Asi kana zvichibva pamabasa, hadzisati
dzichiri nyasha; kana zvisakadaro basa harisati richiri
basa. 7 Ko zvino? Israeri zvaakange achitsvaka,
haana kuzviwana, asi vasanangurwa vakazviwana,
vamwewo vakaomeswa; 8 sezvazvakanyorwa,
zvichinzi: Mwari wakavapa mweya wehope huru,
meso kuti varege kuona, nenzeve kuti varege kunzwa,
kusvikira zuva ranhasi. 9 NaDhavhidhi anoti: Tafura
yavo ngaiitwe rudzingi nemusungo, nechigumbuso
nekutsiva kwavari; 10 meso avo ngaasvibirwe kuti
varege kuona, uye mukotamise musana wavo narinhi.
11 Naizvozvo ndinoti: Vakagumbuswa kuti vawe
here? Ngazvisadaro! Asi nekudarika kwavo ruponeso
rwakasvika kuvahedheni, kuvamutsira godo. 12
Zvino kana kudarika kwavo kuri fuma yenyika,
nekukundikana kwavo ifuma yevahedheni, zvikuru
sei kuzara kwavo? 13 Nokuti ndinotaura kwamuri
vahedheni; sezvo ndiri ini muapositori wevahedheni,
ndinokudza ushumiri hwangu; 14 kuti zvimwe

ndingamutsira godo venyama yangu, uye ndiponese
vamwe vavo. 15 Nokuti kana kuraswa kwavo kuri
kuyananiswa kwenyika, kugamuchirwa kuchaveiko,
kunze kwekuti upenyu hunobva kuvakafa? 16 Zvino
kana chibereko chekutanga chiri chitsvene, bunduwo
rakadaro; uye kana mudzi uri mutsvene, nematavi
akadaro. 17 Asi kana mamwe ematavi akavhuniwa,
newe uri muorivhi wekudondo ukabatanidzwa pakati
pawo, ukava mugovani pamwe nawo pamudzi
nepamafuta emuorivhi, 18 usazvikudza pamusoro
pematavi; asi kana uchizvikudza, hausi iwe anotakura
mudzi, asi mudzi unokutakura iwe. 19 Zvino uchati:
Matavi akavhuniwa, kuti ini ndibatanidzwe. 20
Zvakanaka; nekusatenda vakavhuniwa, iwe umire
nerutendo. Usazvikudza, asi itya; 21 nokuti kana
Mwari asina kurega matavi echisikirwo, zvimwe
haangakuregi iwewo. 22 Zvino tarira unyoro
nekuomarara kwaMwari; kune vanowa, kuomarara;
asi kwauri, unyoro, kana uchigara paunyoro hwake;
kana zvikasadaro newe ungatemwa. 23 Naivowo, kana
vasingagari pakusatenda, vachabatanidzwa, nokuti
Mwari anogona kuvabatanidzazve. 24 Nokuti kana
iwe wakatemwa kumuorivhi uri wedondo pachisikirwo,
ukabatanidzwa zvinopesana nechisikirwo pamuorivhi
wakasimwa, vangabatanidzwa zvikuru sei avo vari
matavi echisikirwo pamuorivhi wekwavo? 25 Nokuti
handidi kuti musaziva, hama, zvechakavanzika ichi,
kuti muregе kuzviita vakangwara, kuti kuomeswa
kwemoyo kwakawira Israeri muchidimbu kusvikira
kwapinda kuzara kwavahedheni; 26 saizvozvowo
Israeri wese achaponeswa; sezvazvakanyorwa
zvichinzi: PaZiyoni pachabva Musununguri achabvisa
kusada Mwari kuna Jakobho. 27 Uye iyi isungano
yangu kwavari, pandichabvisa zvivi zvavo. 28
Maererano neevhangeri vavengi nekuda kwenyu;
asi maererano nekusanangura vadikanwi nekuda
kwemadzibaba; 29 nokuti zvipo nekudana kwaMwari
hazvishanduki. 30 Nokuti semwiwo kare musina
kuteerera Mwari, asi zvino makanzwirwa tsitsi
nekusateerera kwavo; 31 saizvozvo naivava ikozvino
havana kuteerera, kuti netsitsi dzenyu naivo
vanzwirwe tsitsi; 32 nokuti Mwari wakavapfigira vese
mukusateera, kuti ave netsitsi kwavari vese. **(eleēsē**
**g1653)** 33 Haiwa kudzika kwefuma, zvese yeuchenjeri
neruzivo rwaMwari! Kutonga kwake hakunzverwi
zvakadini, nenzira dzake hadzirondwi! 34 Nokuti
ndiani wakaziva fungwa yaIshe? Kana ndiani wakange
ari murairidzi wake? 35 Kana ndiani wakatanga
kupa kwaari, uye zvichadzorerwa kwaari? 36 Nokuti
zvese zvinobva kwaari, nemaari, zvinoenda kwaari;
kubwinya ngakuve kwaari kusvika narinhi. Ameni.
**(aiōn g165)**

**12** Naizvozvo ndinokukumbirisai, hama, netsitsi
dzaMwari, mupire miviri yenyu, chive chibairo
chipenyu, chitsvene, chinogamuchirika kuna Mwari,
ndiko kunamata kwenyu kunonzwisisika. 2 Uye
musazvifananidza nenyika ino, asi mushandurwe
nekuvandudzwa kwefungwa yenyu, kuti muidze chiri
chido chaMwari chakanaka uye chinogamuchirika
uye chakazara. **(aiōn g165)** 3 Nokuti ndinoti, nenyasha
dzakapiwa kwandiri, kune umwe neumwe ari pakati
penyu, arege kuzvifunga kuti mukuru kupfuura
paanofanira kufunga napo; asi afunge neuchenjeri,
Mwari sezvaakagovera umwe neumwe chiyero
cherutendo. 4 Nokuti sezvatine mitezo mizhinji
pamuviri umwe, asi mitezo yese haina basa
rakafanana; 5 saizvozvo tiri vazhinji, tiri muviri
umwe muna Kristu, uye umwe neumwe tiri mitezo
weumwe kune umwe. 6 Uye tine zvipo zvakasiyana
maererano nenyasha dzinopiwa kwatiri; kungava
kuporofita, ngatiporofite nechiyero cherutendo;
7 kana ushumiri, ngatishande paushumiri; kana
anodzidzisa, pakudzidzisa; 8 kana anoraira,
pakuraira; anopa, ngaape nemoyo wese; anotonga,
ngaatonge nekushingaira; anoitira tsitsi, nemufaro.
9 Rudo ngaruve rwechokwadi. Semai zvakaipa,
makanamatira zvakanaka. 10 Dananai zvikuru
nerudo rwehama; pakukudza muchitangirana.
11 Musava neusimbe pakushingaira; mupise
pamweya; muchishumira Ishe; 12 muchifara mutariro;
muchitsungirira padambudziko; muchirambira
mumunyengetero; 13 muchigovera pakushaiwa
kwevatsvene; muchishingirira kugamuchira vaeni. 14
Ropafadzai vanokushushai; ropafadzai, musatuka.
15 Farai nevanofara, uye chemai nevanochema.
16 Ivai vemoyo umwe, umwe kune umwe.
Musafunganya zvinhu zvakakwirira, asi mufambidzane
navanozvininipisa. Musazviidza vakachenjera.
17 Musatsiva ani zvake chakaipa nechakaipa.
Muchirangarirai zvakarurama pamberi pevanhu vese.
18 Kana zvichigona, sezvinobva kwamuri, garai
nerugare nevanhu vese. 19 Vadikanwi, musazvitsivira,
asi ipai hasha nzvimbo; nokuti kwakanyorwa kuchinzi:
Kutsiva ndekwangu, ini ndicharipira, anodaro Ishe. 20
Naizvozvo kana muvengi wako ane nzara, mupe
kudya; kana ane nyota, munwise; nokuti mukuita
izvozvo, uchadurikidza mazimbe emoto pamusoro
wake. 21 Usakundwa nechakaipa, asi kunda chakaipa
nechakanaka.

**13** Mweya umwe neumwe ngauzviise pasi pemasimba epamusoro; nokuti hakuna simba kunze kwerakabva kuna Mwari; masimba aripo akagadzwa naMwari. **2** Naizvozvo anopikisa simba anopikisa chimiso chaMwari; zvino ivo vanopikisa vanozvigamuchirira kuraswa. **3** Nokuti vatongi havasi chityiso kumabasa akanaka, asi kune akaipa. Zvino unoda kusatya simba here? Ita zvakanaka, zvino uchava nerumbidzo kubva kwariri; **4** nokuti ndiro muranda waMwari kuti zvikunakire. Asi kana uchiita zvakaipa, itya; nokuti harina kubatira munondo pasina; nokuti muranda waMwari, mutsivi pahasha kune anoita zvakaipa. **5** Naizvozvo zvakafanira kuzviisa pasi, kwete nekuda kwehasha chete, asi nekuda kwehanawo. **6** Nokuti nekuda kwezvizvi munoterawo; nokuti varanda vaMwari, vanoramba vachibatirira chinhu ichochi. **7** Naizvozvo ripirai vese zvakafanira: Mutero kuna vanofanira mutero; mubhadharo kune vanofanira mubhadharo; kutyiwa kune vanofanira kutyiwa; rukudzo kune vanofanira rukudzo. **8** Musava nengava nemunhu, kunze kwerekudanana; nokuti anoda umwe, wazadzisa murairo. **9** Nokuti izvi zvekuti: Usapomba, usauraya, usaba, usapupura nhema, usachiva, kana kune murairowo upi neupi, zvakasanganiswa pashoko iri, rekuti: Ude wekwako sezvaunozvida iwe. **10** Rudo haruiti zvakaipa kune wekwako; naizvozvo rudo kuzadzisika kwemurairo. **11** Uye izvi, muchiziva nguva, kuti ratova awa rekuti timuke pahope; nokuti ikozvino ruponeso rwedu rwava pedo kupfuura patakatenda. **12** Usiku hwaenda, uye zuva rava pedo; naizvozvo ngatibvise mabasa erima, uye ngatishonge zvombo zvechiedza. **13** Ngatifambe zvakafanira, sapamasikati, kwete mumitambo yemafaro akaipa nekuraradza, kwete pamabonde nekunyangadza, kwete mugakava negodo. **14** Asi pfekai Ishe Jesu Kristu, musafunganyira nyama, mukuchiva.

**14** Zvino ane utera parutendo mugamuchirei, kwete negakava pamaonero. **2** Umwe anotenda kudya zvese, asi ane utera anodya miriwo. **3** Anodya ngaarege kuzvidza asingadyi, uye asingadyi ngaarege kutonga anodya; nokuti Mwari wakamugamuchira. **4** Iwe ndiwe ani anotonga muranda weumwe? Anomira kana kuwa kuna ishe wake pachake. Achamiswa zvirokwazvo; nokuti Mwari anogona kumumisa. **5** Umwe anotemera zuva kupfuura rimwe zuva; umwe anotemera zuva rimwe nerimwe zvakafanana. Umwe neumwe ngaazivisise mumurangariro wake pachake. **6** Uyo anorangarira zuva, anorirangarira muna Ishe; neasingarangariri zuva, haarangariri muna Ishe; anodya anodya kuna Ishe, nokuti anovonga Mwari; uye asingadyi haadyi muna Ishe, uye anovonga Mwari. **7** Nokuti hakuna umwe kwatiri anozviraramira, uye hakuna anozvifira. **8** Nokuti kana tichirarama, tinoraramira Ishe; uye kana tichifa, tinofira Ishe; naizvozvo kana tichirarama, kana tichifa, tiri vaIshe. **9** Nokuti naKristu wakafira izvozvi, uye akamuka, akararamazve kuti ave Ishe wevese vakafa nevapenyu. **10** Zvino iwe unotongerei hama yako? Kana newe unozvidzirei hama yako? Nokuti isu tese tichamira pamberi pechigaro chekutonga chaKristu. **11** Nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Ini ndinorarama, anodaro Ishe; ibvi rimwe nerimwe richandifugamira, nerurimi rumwe nerumwe rwuchabvuma kuna Mwari. **12** Naizvozvo zvino umwe neumwe wedu achazvidavirira pachake kuna Mwari. **13** Naizvozvo ngatirege kuva tichatongana; asi zviri nani mutonge izvi, kuti tisaisira hama chigumbuso kana chipinganidzo. **14** Ndinoziva uye ndine chokwadi muna Ishe Jesu, kuti hakuna chinhu chakasviba pachacho; asi kune uyo anofunga kuti chakasviba, kwaari chakasviba. **15** Asi kana hama yako ichishungurudzwa nekudya, hauchafambi maererano nerudo. Usamuparadza nekudya kwako, uyo Kristu waakafira. **16** Naizvozvo zvakanaka zvenyu ngazvirege kunyombwa. **17** Nokuti ushe hwaMwari hahusi kudya nechinwiwa, asi kururama nerugare nemufaro muMweya Mutsvene. **18** Nokuti anoshumira Kristu pazvinhu izvi, anogamuchirika kuna Mwari, uye anotendwa kuvanhu. **19** Naizvozvo zvino ngatitsvakisise zvinhu zverugare, nezvinhu zvekuvakana. **20** Rega kuparadza basa raMwari nekuda kwekudya. Zvese zvakachena, asi zvakaipa kumunhu anodya nechigumbuso. **21** Zvakanaka kusadya nyama, kana kunwa waini, kana chimwe hama yako chaingagumburwa nacho kana kukanganiswa kana kushaiwa simba. **22** Iwe une rutendo here? Iva narwo pachako pamberi paMwari. Wakaropafadzwa asingazvitongi pachinhu chaanotendera. **23** Asi asina chokwadi, kana achidya, wava nemhosva, nokuti haadyi nerutendo; uye chese chisingabvi parutendo, chivi.

**15** Zvino isu tine simba tinofanira kutakura utera hwevasina simba, uye tisingazvifadzi isu. **2** Naizvozvo umwe neumwe wedu ngaafadze umwe wake pane zvakanaka pakumuvaka. **3** Nokuti naKristu haana kuzvifadza iye, asi, sezvazvakanyorwa zvichinzi: Kutuka kwevakakutukai kwakawira pamusoro pangu. **4** Nokuti zvese zvakagara zvanyorwa, zvakagara zvanyorerwa kudzidza kwedu,

kuti nemoyo murefu uye nekunyaradza kwemagwaro
tive netariro. 5 Asi dai Mwari wemoyo murefu
newenyaradzo apa kwamuri kuva nemoyo umwe
pakati penyu maererano naKristu Jesu; 6 kuti
nemoyo umwe nemuromo umwe mukudze Mwari,
ivo Baba vaIshe wedu Jesu Kristu. 7 Naizvozvo
gamuchiranai, Kristu sezvaakatigamuchirawo, ruve
rukudzo rwaMwari. 8 Zvino ndinoti, Jesu Kristu
wakava muranda wedzingiso nekuda kwechokwadi
chaMwari, kuti asimbise zvivimbiso zvemadzibaba;
9 uye vahedheni vakudze Mwari nekuda kwetsitsi;
sezvazvakanyorwa zvichinzi: Nekuda kweizvozvi
ndichakureururai pakati pevahedheni, nekuimbira zita
renyu rumbidzo. 10 Uyezve anoti: Farai, vahedheni,
pamwe nevanhu vake. 11 Uyezve: Rumbidzai Ishe
imwi vahedheni vese; mumukudzewo imwi vanhu
vese. 12 Uyezve Isaya anoti: Uchavapo mudzi waJese,
neachasimukira kutonga vahedheni; vahedheni
vachavimba kwaari. 13 Daiwo Mwari wetariro
akuzadzai nemufaro wese uye nerugare muchitenda,
kuti muwedzere patariro, nesimba reMweya Mutsvene.
14 Zvino ini ndomene ndinozivisisa nezvenyu, hama
dzangu, kuti nemwi pachenyu muzere nekunaka,
makazadzwa neruzivo rwese, munogonawo kurairana.
15 Asi, hama, ndinokunyorerai ndakatsunga zvikuru,
neimwe nzira, ndichiita sendinokuyeuchidzai, nekuda
kwenyasha dzandakapiwa naMwari, 16 kuti ndive
mushumiri waJesu Kristu kuvahedheni, ndichishumira
evhangeri yaMwari, kuti chibairo chevahedheni
chigamuchirike, chichiitwa chitsvene neMweya
Mutsvene. 17 Naizvozvo ndine kuzvikudza muna
Kristu Jesu pazvinhu zvemaererano naMwari;
18 nokuti handingashingi kutaura chero chinhu
chaizvo Kristu zvaasina kuita kubudikidza neni,
kuti vahedheni vateerereswe, neshoko uye
nebasa, 19 musimba rezviratidzo nezvishamiso,
musimba reMweya waMwari; naizvozvo kubva
paJerusarema nekwakapoteredza kusvikira Iririkumu
ndakaparidza zvakazara evhangeri yaKristu; 20
nokudaro ndakashingaira kuparidza evhangeri, kwete
pakambodanwa Kristu, kuti ndirege kuvaka pamusoro
penheyo dzeumwe; 21 asi, sezvazvakanyorwa
zvichinzi: Vasina kuudzwa zvake, vachaona, nevasina
kunzwa, vachanzwisisa. 22 Nekuda kweizvozviwo
ndakadzivirirwa kazhinji kuuya kwamuri; 23 asi
ikozvino zvandisisina nzvimbo pamatunhu awa,
uye ndine chishuwo chikuru kwemakore mazhinji
chekuuya kwamuri; 24 saizvozvo kana ndichaenda
kuSipania, ndichauya kwamuri; nokuti ndinovimba
kukuonai parwendo rwangu, nekuperekedzwa
nemwi ikoko, kana ndatanga ndambogutswa
muchikamu ndinemwi. 25 Asi ikozvinowo ndinoenda
kuJerusarema, ndichishumira vatsvene. 26 Nokuti
zvakavafadza Makedhonia neAkaya kupa chimwe
chipo varombo vevatsvene vari paJerusarema. 27
Nokuti zvakavafadza, uye vane ngava navo. Nokuti
kana vahedheni vakaisawo ruoko pazvinhu zvavo
zvemweya, vane ngavawo rekuvashandira pazvinhu
zvenyama. 28 Naizvozvo kana ndapedza chinhu
ichi, ndaisa mucherechedzo chibereko ichi kwavari,
ndichabva ndiende kuSipania ndichipfuura nekwenyu.
29 Uye ndinoziva kuti kana ndichiuya kwamuri
ndichauya pakuzara kwemaropafadzo eevhangeri
yaKristu. 30 Zvino ndinokukumbirisai, hama, nekuda
kwaIshe wedu Jesu Kristu, uye nekuda kwerudo
rweMweya, kuti murwise pamwe neni paminyengetero
kuna Mwari pamusoro pangu; 31 kuti ndisunungurwe
kune vasingatendi muJudhiya, uye kuti basa rangu
reJerusarema rigamuchirike kuvatsvene; 32 kuti ndiuye
kwamuri nemufaro nechido chaMwari, ndivandudzwe
pamwe nemwi. 33 Zvino Mwari werugare ngaave
nemwi mese. Ameni.

**16** Ndinorumbidza kwamuri Febhe hanzvadzi yedu,
anova murandakadzi wekereke iri paKenikireya;
2 kuti mumugamuchire muna Ishe sezvinofanira
vatsvene, uye kuti mumubatsire panhau ipi neipi
yaangashaiwa kwamuri; nokuti iyewo wakava
mubatsiri wevazhinji, newangu ndomene. 3 Kwazisai
Prisira naAkwira vashandi pamwe neni muna Kristu
Jesu. 4 Ivo nekuda kweupenyu hwangu vakaradzika
mutsipa wavo pachavo, vandisingavongi ini ndega, asi
nemakereke ese evahedheni; 5 kwazisaiwo kereke iri
paimba yavo. Kwazisai Epaeneto mudikanwi wangu,
anova chibereko chekutanga cheAkaya muna Kristu.
6 Kwazisai Maria, wakatishandira zvikuru. 7 Kwazisai
Andoroniko naJunia hama dzangu nevakasungwa
pamwe neni, vane mbiri pakati pevaapositori,
vakanditangirawo kuva muna Kristu. 8 Kwazisai
Amupiriyasi mudikanwi wangu muna Ishe. 9 Kwazisai
Obhano mushandi pamwe nesu muna Kristu, naStako
mudikanwi wangu. 10 Kwazisai Apere anotendwa
muna Kristu. Kwazisai vekwaArisitobhuro. 11 Kwazisai
Herodhio hama yangu. Kwazisai vekwaNakiso, vari
muna Ishe. 12 Kwazisai Trufaina naTrufosa vakadzi
vanoshanda muna Ishe. Kwazisai Perisisi mukadzi
anodikanwa, wakashanda zvikuru muna Ishe. 13
Kwazisai Rufosi wakasanangurwa muna Ishe, namai
vake vari vanguwo. 14 Kwazisai Asingirita, Firegoni,
Herimasi, Patrobhasi, Herimesi, nehama dzinavo.
15 Kwazisai Firorogosi naJuria, Nerusi nehanzvadzi
yake, naOrimba, nevatsvene vese vanavo. 16

Kwazisanai nekutsvoda kutsvene. Makereke aKristu
anokukwazisai. **17** Zvino ndinokukumbirisai, hama,
ngwarirai avo vanoita mhesaniso uye zvigumbuso,
zvinopesana nedzidziso yamakadzidza imwi, uye
muvanzvenge. **18** Nokuti vakadaro havashandiri Ishe
wedu Jesu Kristu, asi dumbu ravo; uye neshoko
rakanaka nekutaura kwakanaka vanonyengera moyo
yevasina mhosva. **19** Nokuti kuteerera kwenyu
kwakasvika kune vese. Naizvozvo ndinofara pamusoro
penyu; asi ndinoda kuti muve vakachenjera kune
chakanaka, asi vakachena kune chakaipa. **20** Zvino
Mwari werugare achakurumidza kupwanya Satani
pasi petsoka dzenyu. Nyasha dzaIshe wedu Jesu
Kristu ngadzive nemwi. Ameni. **21** Timotio, mushandi
pamwe neni, naRukio naJasoni naSosipatro hama
dzangu vanokukwazisai. **22** Ini Tetiosi, anonyora
tsamba, ndinokukwazisai muna Ishe. **23** Gayosi,
mugamuchiri wangu nekereke yese, anokukwazisai.
Erastosi muchengeti wemari yeguta anokukwazisai,
naKwaritosi hama. **24** Nyasha dzaIshe wedu Jesu
Kristu ngadzive nemwi mese. Ameni. **25** Zvino kune
ane simba rekukusimbisai sezvinoreva evhangeri
yangu nekuparidzwa kwaJesu Kristu, zvichienderana
nekuzarurwa kwezvakavanzika, zvisina kutaurwa
zvakavanzwa nguva dzakare, **(aiōnios g166)** **26** asi
ikozvino zvinoratidzwa, uye nemagwaro evaporofita
semurairo waMwari wekusingaperi, wakaziviswa
kumarudzi ese pakuteerera kwerutendo, **(aiōnios
g166)** **27** kuna Mwari iye wakachenjera ega ngakuve
nekurumbidzwa naJesu Kristu, kusvika narinhi. Ameni.
**(aiōn g165)**

# 1 VaKorinde

1 Pauro wakadanwa kuva muapositori waJesu Kristu
nechido chaMwari, naSositenesi hama, 2 kukereke
yaMwari iri paKorinde, kune vakaitwa vatsvene muna
Jesu Kristu, vakadanwa kuva vatsvene, pamwe
nevese vanodana kuzita raIshe wedu Kristu Jesu
panzvimbo yega-yega, wavo neweduwo: 3 Nyasha
kwamuri nerugare rwunobva kuna Mwari Baba vedu
naIshe Jesu Kristu. 4 Ndinovonga Mwari wangu
nguva dzese maererano nemwi, nekuda kwenyasha
dzaMwari dzakapiwa kwamuri muna Kristu Jesu; 5
kuti pachinhu chese makafumiswa maari, panhaurwa
yese neruzivo rwese, 6 sezvo uchapupu hwaKristu
hwakasimbiswa mamuri; 7 kuti hamushaiwi pane
chimwe chipo, muchimirira kuratidzwa pachena
kwaIshe wedu Jesu Kristu, 8 iye achakusimbisaiwo
kusvika kumagumo, kuti musava nemhosva pazuva
raIshe wedu Jesu Kristu. 9 Mwari wakatendeka,
wamakadanwa kubudikidza naye mukudyidzana
kweMwanakomana wake Jesu Kristu Ishe wedu. 10
Zvino ndinokukumbirisai, hama, nezita raIshe wedu
Jesu Kristu, kuti mese mutaure chinhu chimwe,
uye pasava nekupatsanurana pakati penyu, asi
muve vakakwana pamurangariro umwe nemuonero
umwe. 11 Nokuti ndakaudzwa pamusoro penyu, hama
dzangu, nevekwaKirowa, kuti kune makakava pakati
penyu. 12 Zvino ndinoreva izvi, kuti umwe neumwe
wenyu anoti: Ini ndiri waPauro, iniwo waAporo, asi ini
waKefasi, iniwo waKristu. 13 Kristu wakapatsanurwa
here? Ko Pauro wakarovererwa pamuchinjikwa imwi
here, kana makabhabhatidzwa muzita raPauro here?
14 Ndinovonga Mwari kuti handina kubhabhatidza
umwe wenyu, kunze kwaKrispo naGayo; 15 kuti
kurege kuva neanoti ndakabhabhatidza muzita
rangu ndomene. 16 Uye ndakabhabhatidzawo
imba yaStefana; kunze kweizvi handizivi kana
ndakabhabhatidza umwe munhu. 17 Nokuti Kristu
wakandituma kwete kuzobhabhatidza, asi kuzoparidza
evhangeri; kwete nenjere dzeshoko, kuti zvimwe
muchinjikwa waKristu ushaiswe maturo. 18 Nokuti
shoko remuchinjikwa kuna vanoparadzwa upenzi,
asi kwatiri isu vanoponeswa isimba raMwari. 19
Nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Ndichaparadza njere
dzevakachenjera, ndichashaisa maturo kunzwisisa
kwevanzwisisi. 20 Aripi wakachenjera? Aripi munyori?
Aripi mukakavari wenyika ino? Mwari haana kuita
uchenjeri hwenyika ino upenzi here? (aiōn g165)
21 Nokuti zvakadaro muuchenjeri hwaMwari nyika
neuchenjeri haina kuziva Mwari, zvakafadza Mwari
neupenzi hwemharidzo kuponesa vanotenda. 22
Nokuti neVaJudha vanokumbira chiratidzo, VaGirikiwo
vanotsvaka uchenjeri; 23 asi isu tinoparidza
Kristu wakarovererwa pamuchinjikwa, kuVaJudha
chigumbuso, nekuVaGiriki upenzi; 24 asi kune
vakadanwa, VaJudha pamwe neVaGiriki, Kristu
isimba raMwari nenjere dzaMwari; 25 nokuti upenzi
hwaMwari hwakachenjera kupfuura hwevanhu,
neutera hwaMwari hwakasimba kupfuura hwevanhu.
26 Nokuti tarirai kudanwa kwenyu, hama, kuti havasi
vazhinji vakachenjera panyama, havasi vazhinji
vane simba, havasi vazhinji vepamusoro; 27 asi
Mwari wakasarudza zvinhu zveupenzi zvenyika, kuti
anyadzise vakachenjera; uye Mwari wakasarudza
zvinhu zveutera zvenyika, kuti anyadzise zvine simba;
28 nezvinhu zvepasi zvenyika nezvinhu zvinozvidzwa
Mwari wakasarudza, nezvinhu zvisipo, kuti ashaise
zvinhu zviripo maturo; 29 kuti kusava nenyama
ingazvikudza pamberi pake. 30 Asi naye imwi
muri muna Kristu Jesu, wakaitirwa isu uchenjeri
hunobva kuna Mwari, nekururama, nekuitwa vatsvene,
nerudzikunuro; 31 kuti sezvazvakanyorwa zvichinzi:
Anozvikudza, ngaazvikudze muna Ishe.

2 Zvino ini, hama, pakusvika kwangu kwamuri,
handina kusvika neunyanzvi hweshoko kana
hwenjere, ndichiparidza kwamuri uchapupu hwaMwari.
2 Nokuti ndakagura kuti ndisaziva chinhu pakati
penyu, kunze kwaJesu Kristu, naiye wakarovererwa
pamuchinjikwa. 3 Uye ini ndakange ndinemwi muutera
nemukutya nemukudedera kukuru. 4 Neshoko
rangu nemharidzo yangu hazvina kuva nemashoko
ekugombedzera enjere dzevanhu, asi mukuratidza
kweMweya nekwesimba; 5 kuti rutendo rwenyu
rwurege kuva munjere dzevanhu, asi musimba
raMwari. 6 Asi njere tinodzitaura pakati pevakakwana,
asi njere dzisati dziri dzenyika ino, kana dzevatongi
venyika ino, vanozoshaiswa maturo; (aiōn g165)
7 asi tinotaura njere dzaMwari muchakavanzika,
dzakavigwa, Mwari dzaakagara agadza nyika isati
yavapo dzive kubwinya kwedu; (aiōn g165) 8
dzisina umwe wevatongi venyika ino wakaziva;
nokuti dai vakaziva, vangadai vasina kuroverera
pamuchinjikwa Ishe wekubwinya. (aiōn g165) 9 Asi
sezvazvakanyorwa zvichinzi: Izvo ziso zvarisina
kuona, nenzeve zvaisina kunzwa, nezvisina kupinda
mumoyo wemunhu, izvo Mwari zvaakagadzirira
vanomuda. 10 Asi Mwari wakazarurira isu neMweya
wake; nokuti Mweya unonzvera zvinhu zvese,
kunyange zvinhu zvakadzika zvaMwari. 11 Nokuti
ndiani pavanhu anoziva zvemunhu, kunze kwemweya

wemunhu uri maari? Saizvozvowo zvaMwari hakuna
munhu anoziva, kunze kweMweya waMwari. **12**
Nesu hatina kugamuchira mweya wenyika, asi
Mweya unobva kuna Mwari, kuti tizive zvinhu
zvatinopiwa pachena naMwari; **13** zvatinotaurawo,
kwete mumashoko njere dzevanhu adzinodzidzisa,
asi Mweya Mutsvene waanodzidzisa, tichienzanisa
zvemweya nezvemweya. **14** Asi munhu wechisikirwo
haagamuchiri zvinhu zveMweya waMwari; nokuti
upenzi kwaari, uye haagoni kunzwisisa, nokuti
zvinonzverwa pamweya. **15** Asi wemweya anonzvera
zvinhu zvese, asi iye haanzverwi nemunhu. **16** Nokuti
ndiani wakaziva fungwa yaIshe, kuti amuraire? Asi
isu tine fungwa yaKristu.

**3** Zvino ini, hama, ndakange ndisingagoni kutaura
nemwi sekune veMweya, asi sekune venyama,
sekune vacheche muna Kristu. **2** Ndakakunwisai
mukaka, uye kwete kudya kukukutu; nokuti makange
musati mogona kudya, asi naikozvino hamusati
mogona; **3** nokuti muchiri venyama; nokuti zvapachine
godo pakati penyu, negakava nekupatsanurana,
hamusi venyama, muchifamba zvinoenderana
nemunhu here? **4** Nokuti kana umwe achiti: Ini
ndiri waPauro, neumwe achiti: Ini waAporo, hamusi
venyama here? **5** Ko Pauro chii, naAporo chii,
asi vabati vamakatenda kubudikidza navo, Ishe
sezvaanopawo umwe neumwe? **6** Ini ndakadzvara,
Aporo wakadiridza, asi Mwari wakakurisa. **7** Naizvozvo
anodzvara haasi chinhu, kana anodiridza, asi
Mwari anokudza. **8** Zvino anodzvara neanodiridza
ndevamwe; asi umwe neumwe achagamuchira
mubairo wake zvichienderana nebasa rake. **9** Nokuti
tiri vashandi vaMwari pamwe naye; muri munda
waMwari, chivakwa chaMwari. **10** Zvichienderana
nenyasha dzaMwari dzakapiwa kwandiri, semuvaki
nyanzvi wakachenjera ndakaronga nheyo, uye
umwe anovaka pamusoro payo. Asi umwe neumwe
ngaachenjerere kuti anovaka sei pamusoro payo. **11**
Nokuti hakuna umwe anogona kuisa imwe nheyo
kunze kweiyo yakaiswa, inova Jesu Kristu. **12**
Zvino kana umwe achivaka pamusoro penheyo
iyi, goridhe, sirivheri, mabwe anokosha, matanda,
uswa, mashanga, **13** basa reumwe neumwe
richaratidzwa; nokuti zuva richazvibudisa pachena,
nokuti richazarurwa mumoto; uye moto uchaidza
basa reumwe neumwe kuti rakadini. **14** Kana basa
raani nani raakavaka pamusoro payo richigara,
achagamuchira mubairo. **15** Kana basa raani
nani richizopiswa, acharasikirwa; asi iye amene
achaponeswa, asi saizvozvo sewakabuda nemumoto.
**16** Hamuzivi here kuti muri tembere yaMwari, uye
Mweya waMwari unogara mamuri? **17** Kana ani nani
achiparadza tembere yaMwari, Mwari achamuparadza
iye; nokuti tembere yaMwari itsvene, yamuri imwi.
**18** Ngakurege kuva neanozvinyengera; kana umwe
pakati penyu achifunga kuti wakachenjera panyika
ino, ngaave benzi, kuti ave wakachenjera. **(aiōn g165)**
**19** Nokuti uchenjeri hwenyika ino upenzi kuna Mwari.
Nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Anobata vakachenjera
paumhare hwavo; **20** uyezve: Ishe anoziva ndangariro
dzevakachenjera, kuti hadzina maturo. **21** Naizvozvo
ngakurege kuva neanozvikudza nevanhu; nokuti
zvinhu zvese ndezvenyu, **22** kana Pauro, kana Aporo,
kana Kefasi, kana nyika, kana upenyu, kana rufu,
kana zvinhu zviripo, kana zvinhu zvinouya; zvese
ndezvenyu, **23** uye imwi muri vaKristu, naKristu
ndewaMwari.

**4** Munhu ngaatirangarire sezvizvi, sevabati vaKristu,
nevachengeti vezvakavanzika zvaMwari. **2** Uyezve,
zvinotsvakwa pavachengeti, kuti ani nani awanikwe
akatendeka. **3** Asi kwandiri chinhu chidiki-diki kuti
nditongeswe nemwi, kana nekutonga kwevanhu; asi
neni handizvitongesi. **4** Nokuti handirangariri chinhu
kwandiri, zvakadaro handinzi ndakarurama neizvozvo;
asi anonditonga ndiIshe. **5** Naizvozvo regai kutonga
chinhu nguva isati yasvika, kusvikira Ishe auya, iye
achabudisawo pachena zvinhu zvakavanzika zverima,
uye acharatidza mazano emoyo; uye ipapo munhu
umwe neumwe acharumbidzwa naMwari. **6** Zvino
zvinhu izvi, hama, ndinozvifananidzira neni naAporo
nekuda kwenyu, kuti mudzidze kwatiri kuti musafunga
kupfuura zvakanyorwa, kuti umwe arege kuzvikudza
neumwe muchipikisa umwe. **7** Nokuti ndiani
wakaita kuti usiyane nevamwe? Uye chii chaunacho
chausina kugamuchira? Uye kanawo wakagamuchira,
unozvikudzirei seusina kugamuchira? **8** Matoguta,
matofuma, matonga kunze kwedu; ndinodawo kuti
mutonge, kuti isuwo titonge pamwe nemwi. **9**
Nokuti ndinofunga kuti Mwari wakatigadza isu
vaapositori vekupedzisira, sevakatemerwa rufu;
nokuti takaitwa chiokerwa kunyika, nekuvatumwa,
nekuvanhu. **10** Isu tiri mapenzi nekuda kwaKristu,
asi imwi makachenjera muna Kristu; isu tine utera,
asi imwi makasimba; imwi munokudzwa, asi isu
tinozvidzwa. **11** Kusvikira nguva ino tine nzarawo, uye
tine nyota, uye takashama, uye tinorohwa netsiva, uye
tiri vambeyi, **12** uye tinoshingaira tichishanda nemaoko
edu pachedu; tinoti tichitukwa tinoropafadza, tinoti
tichishushwa tinotsunga moyo; **13** kana tichinyeyewa
tinonyengerera; tinoitwa setsvina yenyika, marara

ezvinhu zvese, kusvikira ikozvino. 14 Handinyoreri
zvinhu izvi kuti ndikunyadzisei, asi savana vangu
vanodikanwa ndinokunyeverai. 15 Nokuti kunyange
mune varairidzi zvuru gumi muna Kristu, zvakadaro
hamuna madzibaba mazhinji; nokuti muna Kristu
Jesu ini ndakakuberekai kubudikidza neevhangeri. 16
Naizvozvo ndinokukumbirisai: Ivai vatevedzeri vangu.
17 Nemhaka iyi ndatuma Timotio kwamuri, anova
mwana wangu anodikanwa, uye wakatendeka muna
Ishe, achakuyeuchidzai nzira dzangu dziri muna Kristu,
sezvandinodzidzisa kwese pakereke imwe neimwe.
18 Zvino vamwe vakazvikudza sezvinonzi handiuyi
kwamuri. 19 Asi ndichauya kwamuri nekukurumidza,
kana Ishe achida, uye ndichaziva, kwete shoko
revanozvikudza, asi simba. 20 Nokuti ushe hwaMwari
hahuzi pashoko, asi pasimba. 21 Munodei? Ndiuye
kwamuri netsvimbo here, kana murudo nemweya
weunyoro?

5 Zvinonzwikwa chose kuti upombwe huripo pakati
penyu, uye upombwe hwakadaro husingataurwi
kunyange pakati pevahedheni, zvekuti umwe ave
nemukadzi wababa vake. 2 Asi imwi munozvikudza,
uye pachinzvimbo chaizvozvo hamuna kuchema,
kuti wakaita chiito ichi abviswe pakati penyu. 3
Nokuti iniwo zvirokwazvo, sendisipo pamuviri, asi
ndiripo pamweya ndatogura zveuyo wakaita chiito
chakadai ichi, sendinenge ndiripo, 4 muzita raIshe
wedu Jesu Kristu, maungana nemweya wangu
nesimba raIshe wedu Jesu Kristu, 5 kukumikidza
wakadai kuna Satani mukuparadzwa kwenyama, kuti
mweya uponeswe pazuva raIshe Jesu. 6 Kuzvikudza
kwenyu hakuna kunaka. Hamuzivi here kuti mbiriso
shoma inovirisa mukanyiwa wese? 7 Naizvozvo sukai
kwazvo mbiriso yekare, kuti muve mukanyiwa mutsva,
sezvamusina kuiswa mbiriso. Nokuti nepasika yedu
yakabairwa isu, iye Kristu. 8 Saka ngatichengetedze
mutambo, kwete nembiriso yekare, kana nembiriso
yekuipa nekutadza; asi nechingwa chisina mbiriso
chakatendeka nechechokwadi. 9 Ndakakunyorerai
mutsamba kuti musafambidzana nemhombwe; 10
asi kwete zvakazara nemhombwe dzenyika ino,
kana nevachivi, kana nevapambi, kana vanonamata
zvifananidzo, nokuti kana zvakadaro zvingafanira
kuti mubude munyika. 11 Asi ikozvino ndakunyorerai
kuti muregе kufambidzana, kana munhu achiidzwa
hama ari mhombwe, kana muchivi, kana munamati
wezvifananidzo, kana mutuki, kana muraradzi, kana
mupambi; musatongodya newakadai. 12 Nokuti ini
ndinei nekutongawo vari kunze? Imwi hamutongi vari
mukati here? 13 Asi avo vari kunze Mwari anotonga.
Uye dzingai wakaipa abve pakati penyu pachenyu.

6 Umwe wenyu anoti ane mhosva neumwe
unotsunga kutongwa pamberi pevasakarurama
uye pasiri pamberi pevatsvene here? 2 Hamuzivi
here kuti vatsvene vachatonga nyika? Zvino
kana nyika ichizotongwa nemwi, hamuna kufanira
kutonga mhosva diki-diki here? 3 Hamuzivi here
kuti tichatonga vatumwa? Zvikuru sei zveupenyu
huno? 4 Naizvozvo kana mune mhosva dzezvinhu
zveupenyu huno, vagadzei avo vanozvidzwa
pakereke vatonge. 5 Ndinotaura kuti munyare.
Naizvozvo hakuna munhu wakachenjera pakati
penyu here, kana neumwe, angagona kutonga
pakati pehama dzake? 6 Asi hama inomhan'arira
hama, uye izvi achizviita pamberi pevasingatendi.
7 Zvino naizvozvo patova nekukundikana kwazvo
pakati penyu, kuti munomhan'arirana. Munoregerei
kutenda kutadzirwa pakudaro? Munoregerei kutenda
kubiridzirwa pakudaro? 8 Asi imwi munotadza
nekubiridzira, uye izvi munozviita kuhama. 9 Kana
hamuzivi here kuti vasakarurama havazogari nhaka
yeushe hwaMwari? Musatsauswa; hakuna mhombwe,
kana vanamati vezvifananidzo, kana zvifeve, kana
vakapata paungochani, kana vanorara nevamwe
varume, 10 kana mbavha, kana vachivi, kana
vararadzi, kana vatuki, kana vapambi, vachagara
nhaka yeushe hwaMwari. 11 Uye vamwe venyu
vakange vari izvozvi; asi makashambidzwa, asi
makaitwa vatsvene, asi makanzi makarurama muzita
raIshe Jesu, uye neMweya waMwari wedu. 12 Zvinhu
zvese zviri pamutemo kwandiri, asi hazvisi zvinhu
zvese zvinobatsira; zvinhu zvese zviri pamutemo
kwandiri, asi ini handizotongwi nechinhu. 13 Kudya
ndekwedumbu, nedumbu nderezvekudya; asi Mwari
achaparadza zviri zviviri iro naizvo. Zvino muviri hausi
weupombwe, asi waIshe, naIshe ndevemuviri. 14 Uye
Mwari wakamutsa Ishewo achatimutsa nesu nesimba
rake. 15 Hamuzivi here kuti miviri yenyu mitezo
yaKristu? Zvino ndichatora mitezo yaKristu ndikaita
mitezo yechifeve here? Ngazvisadaro! 16 Kana
hamuzivi kuti anobatanidzwa nechifeve wava muviri
umwe nacho here? Nokuti ava vaviri, anoti, vachava
nyama imwe. 17 Asi anobatanidzwa naIshe wava
mweya umwe naye. 18 Tizai upombwe. Chivi chese
munhu chaanoita chiri kunze kwemuviri; asi anoita
upombwe anotadzira muviri wake amene. 19 Kana
hamuzivi here kuti muviri wenyu itembere yaMweya
Mutsvene ari mamuri, wamunaye achibva kuna Mwari,
uye imwi hamusi venyu? 20 Nokuti makatengwa

nemutengo; naizvozvo rumbidzai Mwari mumuviri
wenyu, uye mumweya wenyu, zviri zvaMwari.

7 Zvino maererano nezvinhu zvamakandinyorera,
ndinoti: Zvakanaka kumunhu kuti asabata mukadzi.
2 Asi nekuda kweupombwe, umwe neumwe ngaave
nemukadzi wake pachake, nemukadzi umwe neumwe
ngaave nemurume wake pachake. 3 Murume
ngaaripire mukadzi chido chakafanira; nemukadzi
saizvozvowo kumurume. 4 Mukadzi haana simba
pamusoro pemuviri wake pachake, asi murume;
uye saizvozvowo murume haana simba pamusoro
pemuviri wake pachake, asi mukadzi. 5 Musanyimana,
kunze kwekutenderana kwechinguva, kuti muzvipe
kukutsanya nekunyengetera, mugosanganazve, kuti
Satani arege kukuidzai pakusazvidzora kwenyu. 6
Asi ndinotaura izvi nemvumo, kwete nemurairo. 7
Nokuti ndinoda kuti dai vanhu vese vava seni; asi
umwe neumwe ane chipo chake pachake chinobva
kuna Mwari, umwe chakadai, umwewo chakadai.
8 Asi ndinoti kune vasina kuwana nekuchirikadzi:
Zvakanaka kwavari kana vachigara seniwo. 9 Asi
kana vasina kuzvidzora, ngavawane; nokuti zviri nani
kuwana pakutsva. 10 Zvino kune vakawana ndinoraira,
kwete ini, asi Ishe, kuti mukadzi arege kuparadzana
nemurume. 11 Asi kana iye achiparadzana naye,
ngaarambe asina kuwanikwa, kana ayananiswe
nemurume, nemurume ngaarege kurasa mukadzi.
12 Zvino kune vamwe ndini ndinotaura, kwete Ishe:
Kana hama ipi ine mukadzi asingatendi, uye iye
achifara kugara naye, ngaarege kumurasa. 13
Nemukadzi ane murume asingatendi, uye iye achida
hake kugara naye, ngaarege kumusiya. 14 Nokuti
murume asingatendi anoitwa mutsvene nemukadzi,
nemukadzi asingatendi anoitwa mutsvene nemurume.
Kana zvisina kudaro vana venyu vaiva netsvina,
asi zvino vatsvene. 15 Zvino kana asingatendi
achizviparadzanisa, ngaazviparadzanise; hamarume
kana hamakadzi haisungwi pane zvakadaro; asi
Mwari wakatidanira murugare. 16 Nokuti unoziva
nei, mukadzi, kana uchaponesa murume? Kana
unoziva nei, murume, kana uchaponesa mukadzi? 17
Chete Mwari sezvaakagovera kune umwe neumwe,
Ishe sezvaakadana umwe neumwe, ngaafambe
saizvozvo. Saizvozvowo ndinoraira pamakereke ese.
18 Kune wakadanwa adzingiswa here? Ngaarege kuva
asakadzingiswa. Kune wakadanwa asakadzingiswa
here? Ngaaarege kudzingiswa. 19 Dzingiso
hachisi chinhu, nekusadzingiswa hachisi chinhu, asi
kuchengetwa kwemirairo yaMwari. 20 Umwe neumwe
ngaagare mukudanwa kwaakadanwa makuri. 21
Wakadanwa uri muranda here? Usazvidya moyo;
asiwo kana ungasunungurwa, zviri nani uzvishandise.
22 Nokuti uyo wakadanwa muna Ishe ari nhapwa,
wava musunungurwa waIshe; saizvozvowo uyo
wakadanwa akasununguka, wava nhapwa yaKristu. 23
Makatengwa nemutengo; musava varanda vevanhu.
24 Umwe neumwe zvaakadanirwa, hama, ngaagare
pazviri anaMwari. 25 Asi maererano nemhandara
handina murairo waIshe; asi ndinopa maonero angu
sewakawana tsitsi naIshe kuva wakatendeka. 26
Naizvozvo ndinofunga kuti izvi zvakanaka nekuda
kwematambudziko aripo, kuti zvakanakira munhu
kuti adai. 27 Wakasungirirwa kumukadzi here?
Usatsvaka kusunungurwa. Wakasunungurwa kubva
kumukadzi here? Usatsvaka mukadzi. 28 Asi zvino
kana wawana, hauna kutadza; nemhandara kana
yawanikwa, haina kutadza. Asi vakadaro vachava
nedambudziko panyama; asi ini ndinoda kukutavirirai.
29 Asi ndinozvitaura izvi, hama, kuti nguva ipfupi;
kubva ikozvino nevane vakadzi ngavave sevasina;
30 nevanochema, sevasingachemi; nevanofara,
sevasingafari; nevanotenga, sevasina chinhu; 31
nevanoshandisa nyika ino, sevasingaishandisi
kwazvo; nokuti chimiro chenyika ino chinopfuura.
32 Asi ndinoda kuti murege kuva nekufunganya.
Asina kuwana anofunganya zvinhu zvaIshe, kuti
angafadza Ishe sei; 33 asi wakawana anofunganya
zvinhu zvenyika, kuti angafadza mukadzi sei.
34 Mukadzi wakasiyaniswa nemhandara. Asina
kuwanikwa anofunganya zvinhu zvaIshe, kuti ave
mutsvene zvese pamuviri nepamweya; asi uyo
wakawanikwa anofunganya zvinhu zvenyika, kuti
angafadza murume sei. 35 Izvi ndinotaurira rubatsiro
rwenyu pachenyu; kwete kuti ndikande musungo
pamusoro penyu, asi zvakafanira nekunamatira
pana Ishe musingapinganidzwi. 36 Asi kana
umwe achifunga kuti anozvibata zvisakafanira
kumhandara yake, iyo yakurisa, uye zvakafanira
kuti zviitike saizvozvo, ngaaite zvaanoda, haatadzi;
ngavawanane. 37 Asi anomira akasimba mumoyo,
asingamanikidzwi chinhu, uye ane simba pamusoro
pechido chake pachake, akatema izvi mumoyo
make kuti achachengeta mhandara yake, anoita
zvakanaka. 38 Naizvozvowo uyo anowananisa anoita
zvakanaka; asi asingawananisi anoita zviri nani.
39 Mukadzi wakasungwa nemurairo nguva dzese
murume wake achirarama; asi kana murume wake
afa, wasununguka kuwanikwa newaanoda, muna
Ishe chete. 40 Asi anganyanya kufara kana achigara
akadaro, pakufunga kwangu; uye ndinofunga kuti
neni ndine Mweya waMwari.

8 Zvino maererano nezvakabairwa zvifananidzo,
tinoziva kuti tese tine ruzivo. Ruzivo
rwunotutumadza, asi rudo rwunovaka. 2 Uye kana
ani nani achifunga kuti anoziva chinhu, haasati
aziva chinhu sezvaanofanira kuziva; 3 asi kana ani
achida Mwari, ndiye anozikanwa naye. 4 Naizvozvo
maererano nekudya zvinhu zvakabairwa zvifananidzo,
tinoziva kuti chifananidzo hachisi chinhu panyika,
uye kuti hakuna umwe Mwari kunze kweumwe. 5
Nokuti kunyange varipo vanonzi vamwari, kana
kudenga, kana panyika (sezvavaripo vamwari
vazhinji, nemadzishe mazhinji), 6 asi kwatiri kuna
Mwari umwe, Baba, zvinhu zvese zvinouya naye,
nesu tiri maari; naIshe umwe, Jesu Kristu, zvinhu
zvese zviripo nekuda kwake, nesu tiripo naye. 7 Asi
ruzivo harwuko kwavari vese; nokuti vamwe vane
hana yechifananidzo kusvikira ikozvino, vanodya
sezvakabairwa chifananidzo; nehana yavo isina
simba inoshatiswa. 8 Zvino kudya hakutiswededzi
kuna Mwari; kwete nokuti kana tichidya, tinowanzirwa;
uye kwete kuti kana tisingadyi, tinoshaiwa. 9 Zvino
chenjerai, zvimwe kodzero yenyu iyi ive chigumbuso
kune avo vasina simba. 10 Nokuti kana umwe
achikuona iwe ane ruzivo ugere pakudya mutembere
yechifananidzo, hana yeasina simba haingatsungiswi
kuti adye izvo zvakabairwa zvifananidzo here? 11
Uye neruzivo rwako hama isina simba ichaparara
here, Kristu yaakafira? 12 Zvino kana muchitadzira
hama saizvozvo, muchikuvadza hana yavo isina
simba, munotadzira Kristu. 13 Naizvozvo kana
kudya kuchigumbusa hama yangu, handingatongodyi
nyama kusvikira narinhi, kuti ndirege kugumbusa
hama yangu. **(aiōn g165)**

9 Handisi muapositori here? Handisi wakasununguka
here? Handina kuona Jesu Kristu Ishe wedu here?
Imwi hamusi basa rangu muna Ishe here? 2 Kana
ndisiri muapositori kuna vamwe, asi zvirokwazvo ndiri
iye kwamuri; nokuti mucherechedzo wevuapositori
hwangu ndimwi muna Ishe. 3 Kuzvidavirira kwangu
kune vanondinzvera ndeuku. 4 Hatina simba here
rekudya nekumwa? 5 Hatina simba rekutenderera
nehanzvadzi mudzimai sevamwewo vaapositori,
nevanin'ina vaIshe naKefasi here? 6 Kana ndini
ndega naBhanabhasi tisina kodzero yekusashanda
here? 7 Ndiani anomboshanda muchiuto achizviripira
mubairo? Ndiani anorima munda wemizambiringa,
ndokusadya zvechibereko chawo? Kana ndiani
anofudza boka akasadya zvemukaka weboka? 8 Kuti
zvinhu izvi ndinozvitaura semunhu? Kana murairo
hautauriwo izvozvo here? 9 Nokuti kwakanyorwa
mumurairo waMozisi kuti: Usasunga muromo
wenzombe inopura zviyo. Kuti Mwari ane hanya
nenzombe? 10 Kana anoreva zvirokwazvo nekuda
kwedu? Nokuti kwakanyorwa nekuda kwedu, kuti
anorima anofanira kurima mutariro, neanopura
mutariro yake, kugoverwa mutariro. 11 Kana isu
takadzvara kwamuri zvinhu zvemweya, chinhu
chikuru here kana isu tichicheka zvinhu zvenyu
zvenyama? 12 Kana vamwe vachigovana kodzero
pamusoro penyu, isu hativadariki here? Asi hatina
kushandisa kodzero iyi, asi tinoitira moyo murefu
zvese, kuti tirege kupa chipinganidzo kuevhangeri
yaKristu. 13 Hamuzivi here kuti avo vanoshumira
pazvinhu zvitsvene vanodya zvetembere, vanorindira
paaritari vanogovana nearitari here? 14 Saizvozvo
naIshe wakaraira kuti avo vanoparidza evhangeri,
vararame neevhangeri. 15 Asi ini handina kushandisa
chimwe chezvinhu izvi; uye handina kunyora zvinhu
izvi kuti zviitwe saizvozvo kwandiri, nokuti zviri
nani kwandiri kuti ndife, pakuti umwe ashaise
kuzvikudza kwangu maturo. 16 Nokuti kunyange
ndichiparidza evhangeri, handina chekuzvikudza
nacho, nokuti faniro yakatakudzwa pamusoro pangu;
asi ndine nhamo, kana ndisingaparidzi evhangeri.
17 Nokuti kana ndichiita chinhu ichi ndichizvidira,
ndine mubairo; asi kana ndisingadi, ndakabatiswa
utariri. 18 Ko mubairo wangu chii? Kuti kana
ndichiparidza evhangeri ndiite kuti evhangeri yaKristu
isabhadharwa, kuti ndirege kushandisa kodzero
yangu zvakapfuurikidza muevhangeri. 19 Nokuti
ndakasununguka kune vese, ndizviite muranda kune
vese, kuti ndiwane vazhinji kwazvo. 20 Uye kuVaJudha
ndakava semuJudha, kuti ndiwane VaJudha; kune
vari pasi pemurairo seari pasi pemurairo, kuti ndiwane
vari pasi pemurairo; 21 kune vasina murairo seasina
murairo (ndisati ndiri asina murairo kuna Mwari, asi
mumurairo kuna Kristu), kuti ndiwane vasina murairo;
22 kune vasina simba ndakava seasina simba, kuti
ndiwane vasina simba; ndakava zvinhu zvese kune
vese, kuti ndiponese vamwe nemitoo yese. 23
Uye izvi ndinoita nekuda kweevhangeri, kuti ndive
mugovani pairi. 24 Hamuzivi here kuti vanomhanya
munhangemutange vanomhanya vese, asi umwe
anogamuchira mubairo? Mhanyai saizvozvo, kuti
muuwane. 25 Uye umwe neumwe anokwikwidza
anozvidzora pazvinhu zvese; zvino ivo vanozviita kuti
vagamuchire korona inoparara, asi isu isingaparari. 26
Naizvozvo ini ndinomhanya saizvozvo kwete seasina
chokwadi; saizvozvo ndinorwa kwete seanorova
mhepo; 27 asi ndinotsikirira muviri wangu nekuuita

muranda, kuti kana ndaparidzira vamwe, ini ndomene
ndisaraswa.

**10** Uye handidi kuti murege kuziva, hama,
kuti madzibaba edu ese akange ari pasi
pegore, uye ese akagura nemugungwa, **2** uye ese
akabhabhatidzwa muna Mozisi mugore nemugungwa,
**3** uye ese akadya kudya kumwe kwemweya, **4** uye
ese akanwa zvinwiwa zvimwe zvemweya; nokuti
akanwa kubva padombo remweya rakavatevera; uye
dombo iro rakange riri Kristu. **5** Asi muruzhinji rwawo
Mwari haana kufadzwa; nokuti akaparadzwa murenje.
**6** Zvino zvinhu izvi zvakava mifananidziro kwatiri,
kuti tirege kushuva zvakaipa, sezvavakashuvawo.
**7** Uye musava vanamati vezvifananidzo, sevamwe
vavo; sezvakwakanyorwa, kuchinzi: Vanhu vakagara
pasi kudya nekunwa, ndokusimuka kutamba. **8**
Uye ngatirege kupomba, sevamwe vavo vakaita
upombwe, ndokuwa nezuva rimwe zvuru makumi
maviri nezvitatu. **9** Uye ngatirege kuidza Kristu,
sevamwe vavowo vakamuidza, vakaparadzwa
nenyoka. **10** Muregewo kun'un'una, sevamwe
vavowo vakan'un'una, vakaparadzwa nemuparadzi.
**11** Zvinhu izvi zvese zvakavawirawo kuti zvive
mifananidziro; uye zvakanyorwa kuva yambiro
yedu takasvikirwa nemagumo enyika. **(aiōn g165)**
**12** Naizvozvo anofunga kuti amire, ngaaone kuti
haawi. **13** Hakuna muedzo wakakubatai kunze kweuri
muvanhu; asi Mwari wakatendeka, asingazotenderi
kuti muidzwe kupfuura pamunogona napo, asi pamwe
nemuedzo achaitawo nzira yekupukunyuka, kuti
mugone kuutakura. **14** Naizvozvo, vadikanwi vangu,
tizai kunamata zvifananidzo. **15** Ndinotaura sekune
vakachenjera; imwi tongai zvandinotaura. **16** Mukombe
weropafadzo watinoropafadza, hausi kugoverana
kweropa raKristu here? Chingwa chatinomedura,
hachisi kugoverana kwemuviri waKristu here? **17**
Nokuti isu vazhinji tiri chingwa chimwe, muviri umwe;
nokuti isu tese tinogovana pachingwa chimwe.
**18** Tarirai Israeri zvepanyama; vanodya zvibairo
havasi ivo vanogoverana nearitari here? **19** Ko ndoti
kudii? Kuti chifananidzo chinhu here? Kana kuti
chakabairwa chifananidzo chinhu here? **20** Asi kuti
vahedheni zvavanobaya, vanozvibaira madhimoni,
uye kwete kuna Mwari; zvino handidi kuti mudyidzane
nemadhimoni. **21** Hamugoni kunwa mukombe waIshe
nemukombe wemadhimoni; hamugoni kugovana
tafura yaIshe netafura yemadhimoni. **22** Kana
tinozvimutsira godo Ishe here? Ko takasimba
kumupfuura here? **23** Zvinhu zvese zvinotenderwa
kwandiri; asi hazvisi zvese zvinobatsira. Zvinhu
zvese zvinotenderwa kwandiri; asi hazvisi zvese
zvinovaka. **24** Kusava neanozvitsvakira zvake, asi
umwe neumwe zveumwe. **25** Zvese zvinotengeswa
pamisika yenyama idyai, musingabvunzi chinhu
nekuda kwehana; **26** nokuti nyika ndeya Ishe
nekuzara kwayo. **27** Uye kana umwe wevasingatendi
akakukokai, uye muchida kuenda, chese chinoiswa
pamberi penyu idyai musingabvunzi chinhu nekuda
kwehana. **28** Asi kana umwe akati kwamuri: Ichi
chakabairwa chifananidzo; musadya nekuda kwaiye
wakuratidzai, uye kwehana; nokuti nyika ndeya Ishe
nekuzara kwayo. **29** Asi hana ndinoti, isati iri yako, asi
yeumwe; nokuti kusununguka kwangu kunotongerwei
nehana yeumwe? **30** Uye kana ini nenyasha
ndichiwana mugove, ndingagotukirwei nekuda
kwechinhu chandinovonga ini? **31** Naizvozvo kana
muchidya, kana kunwa, kana chipi nechipi chamunoita,
zviitirei rukudzo rwaMwari. **32** Regai kugumbusa
zvese kuVaJudha nekuVaGiriki nekukereke yaMwari;
**33** seniwo ndinofadza vese pazvese, ndisingatsvaki
rubatsiro rwangu, asi rwevazhinji, kuti vaponeswe.

**11** Ivai vatevedzeri vangu, seniwo ndiri waKristu.
**2** Zvino ndinokurumbidzai, hama, kuti
munondirangarira pazvinhu zvese, muchibatirira
patsika sezvandakakumikidza kwamuri. **3** Asi ndinoda
kuti muzive, kuti musoro wemurume umwe neumwe
ndiKristu; uye musoro wemukadzi murume; uye
musoro waKristu ndiMwari. **4** Murume umwe
neumwe anonyengetera kana anoporofita, musoro
wakafukidzwa, unozvidza musoro wake. **5** Asi mukadzi
umwe neumwe anonyengetera kana anoporofita
nemusoro usina kufukidzwa, anozvidza musoro
wake; nokuti ndizvo zvimwezvo nekuveurwa. **6**
Nokuti kana mukadzi asingafukidzwi, ngaagerwewo;
asi kana chiri chinyadzo kumukadzi kugerwa
kana kuveurwa, ngaazvifukidze. **7** Nokuti murume
zvirokwazvo haafaniri kufukidza musoro, sezvaari
mufananidzo nekubwinya kwaMwari; asi mukadzi
kubwinya kwemurume. **8** Nokuti murume haabvi
kumukadzi, asi mukadzi anobva kumurume; **9**
nokuti nemurume haana kusikirwa mukadzi, asi
mukadzi wakasikirwa murume; **10** nekuda kweizvozvi
mukadzi anofanira kuva nesimba pamusoro wake
nekuda kwevatumwa. **11** Asi murume haasi kunze
kwemukadzi, kana mukadzi kunze kwemurume, muna
Ishe. **12** Nokuti mukadzi sezvaanobva kumurume,
saizvozvo murumewo uripo nemukadzi, asi zvinhu
zvese zvinobva kuna Mwari. **13** Zvionerei imwi,
zvakafanira here kuti mukadzi anyengetere kuna
Mwari asina kufukidzwa? **14** Kana kunyange chisikirwo

pachacho hachikudzidzisii here, kuti kana murume
ane vhudzi refu, chinyadzo kwaari? **15** Asi kana
mukadzi ane vhudzi refu, rukudzo kwaari. Nokuti
vhudzi refu rakapiwa kwaari chive chifukidzo. **16** Asi
kana umwe achiratidza kuva negakava, isu hatina
tsika yakadaro, kunyange makereke aMwari. **17** Zvino
mukuraira uku handikurumbidzii, nokuti munounganira
kwete zvakapfuura kunaka, asi muzvakapfuura
kuipa. **18** Nokuti chekutanga kana muchiungana
mukereke, ndinonzwa kuti kupatsanurana kuripo
pakati penyu; muchidimbu ndinozvitenda. **19** Nokuti
kutsauka kunofanira kuva pakati penyu, kuti avo
vakatendeka vaonekwe pakati penyu. **20** Naizvozvo
kana muchiungana pamwe, uku hakusi kudya chirairo
chaIshe; **21** nokuti pakudya umwe neumwe anotanga
kutora chirairo chake pachake, uye umwe ane
nzara, uye umwe wakararadza. **22** Ko hamuna
dzimba dzekudyira nekunwira here? Kana munozvidza
kereke yaMwari, muchinyadzisa avo vasina chinhu?
Ndichatii kwamuri? Ndingakurumbidzai here pane izvi?
Handingakurumbidzii. **23** Nokuti ini ndakagamuchira
kuna Ishe, icho chandakagamuchidzawo kwamuri,
kuti Ishe Jesu neusiku hwaakatengeswa wakatora
chingwa, **24** zvino wakati avonga akamedura, ndokuti:
Torai, idyai, ichi muviri wangu unomedurirwa imwi;
izvi itai kundirangarira. **25** Saizvozvo mukombewo,
shure kwekurayira, achiti: Mukombe uyu isungano
itsva muropa rangu; izvi itai, nguva dzese kana
muchinwa, mukundirangarira. **26** Nokuti nguva dzese
kana muchidya chingwa ichi, nekunwa mukombe
uyu, munoparidza rufu rwaIshe kusvikira asvika.
**27** Naizvozvo ani nani anodya chingwa ichi, kana
kunwa mukombe waIshe zvisakafanira, achava
nemhosva yemuviri neropa raIshe. **28** Zvino munhu
ngaazviongorore, saizvozvowo ngaadye zvechingwa
nekunwa zvemukombe. **29** Nokuti anodya nekunwa
zvisakafanira, anozvidyira nekunwira kutongwa,
zvaasingatsauri muviri waIshe. **30** Nemhaka iyi vazhinji
kwamuri indonda nevarwere, nevazhinji varere. **31**
Nokuti dai taizvinzvera tomene, hatizaitongwa; **32** asi
kana tichitongwa, tinodzorwa naIshe, kuti tirege kunzi
tine mhosva pamwe nenyika. **33** Naizvozvo, hama
dzangu, kana muchiungana kuti mudye, miriranai.
**34** Uye kana umwe ane nzara, ngaadye kumba; kuti
murege kuunganira kunzi mune mhosva. Asi zvasara,
ndichazvironga kana ndichisvika.

**12** Zvino maererano nezvipo zveMweya, hama,
handidi kuti musaziva. **2** Munoziva kuti maiva
vahedheni muchikweverwa kuzvifananidzo mbeveve,
sevanotungamirirwa. **3** Saka ndinokuzivisai, kuti
hakuna munhu anotaura neMweya waMwari anoti:
Jesu ndichakatukwa; uye hakuna munhu angati: Jesu
ndiIshe, kunze neMweya Mutsvene. **4** Zvino kune
marudzi akasiyana ezvipo, asi Mweya ndeumwe.
**5** Uye kune marudzi akasiyana eushumiri, asi Ishe
mumwe. **6** Kune marudzi akasiyana emabasa, asi
ndiMwari umwe, anobata zvese mune vese. **7**
Asi umwe neumwe anopiwa kuratidza kweMweya
kune zvinobatsira. **8** Nokuti kune umwe kunopiwa
neMweya shoko reuchenjeri, nekune umwe shoko
reruzivo, neMweya iwoyu; **9** nekune umwe rutendo,
neMweya iwoyu, nekune umwe zvipo zvekuporesa,
neMweya iwoyu; **10** nekune umwe kuita mabasa
esimba, nekune umwe chiporofita, nekune umwe
kupatsanura mweya, nekune umwe marudzi endimi,
nekune umwe kududzira ndimi; **11** asi izvi zvese
Mweya iwoyu umwe unozviita, unogovera umwe
neumwe pachake sezvaanoda. **12** Nokuti muviri
sezvauri umwe, uye une mitezo mizhinji, nemitezo
yese yemuviri uyu umwe, kunyange iri mizhinji,
muviri ndeumwe; wakadarowo Kristu. **13** Nokutiwo
neMweya umwe isu tese takabhabhatidzirwa mumuviri
umwe, kana VaJudha kana VaGiriki, kana varanda
kana vakasununguka; tesewo takanwiswa paMweya
umwe. **14** Nokutiwo muviri hausi mutezo umwe
asi mizhinji. **15** Kana rutsoka rukati: Nokuti handisi
ruoko, handisi wemuviri; zvisinei naizvozvi harwusi
rwemuviri here? **16** Nenzeve kana ikati: Nokuti
handisi ziso, handisi wemuviri; zvisinei naizvozvi
haisi yemuviri here? **17** Dai muviri wese waiva
ziso, kunzwa kwaivepi? Kana wese waiva kunzwa,
kunhuhwidza kungadai kuripi? **18** Asi zvino Mwari
wakagadza mitezo, umwe neumwe wayo, pamuviri,
sezvaakada. **19** Asi kana yese yaiva mutezo umwe,
muviri ungadai uri kupi? **20** Asi zvino mitezo mizhinji,
asi muviri umwe. **21** Uye ziso harigoni kuti kuruoko:
Handinei newe; kanazve musoro kutsoka: Handinei
newe. **22** Asi zvikuru kwazvo mitezo iyo yemuviri
inoonekwa seisina simba zvikuru, inodikanwa; **23**
naiyo yemuviri yatinofunga kuti haikudzwi, ndiyo
yatinopa rukudzo zvakawedzerwa; nemitezo iyo yedu
isina kunaka ine runako rwakawedzerwa; **24** asi yedu
ine runako haishaiwi; asi Mwari wakabatanidza muviri
pamwe, apa rukudzo rukuru kune yaishayiwa, **25** kuti
parege kuva nekupatsanurana pamuviri; asi mitezo
ichengetane zvakaenzana. **26** Uye kana mutezo
umwe uchitambudzika, mitezo yese inotambudzika
pamwe nawo; kana mutezo umwe uchikudzwa,
mitezo yese inofara pamwe nawo. **27** Zvino imwi
muri muviri waKristu, nemitezo, umwe neumwe. **28**
Uye Mwari wakagadza vamwe pakereke, kutanga

vaapositori, kechipiri vaporofita, kechitatu vadzidzisi,
kozouya mabasa esimba, tevere zvipo zvekuporesa,
mabasa erubatsiro, utungamiriri, ndimi dzakasiyana-
siyana. 29 Vese vaapositori here? Vese vaporofita
here? Vese vadzidzisi here? Vese vanoita mabasa
esimba here? 30 Vese vane zvipo zvekuporesa here?
Vese vanotaura nendimi here? Vese vanodudzira
here? 31 Asi shuvai zvipo zvakanakisisa. Uye ndichiri
kukuratidzai nzira yakanakisisa zvikuru.

**13** Kana ndikataura nendimi dzevanhu
nedzevatumwa, asi ndisina rudo, ndava dare
rinorira kana ndarira inoungudza. 2 Uye kana ndine
chiporofita, uye ndichinzwisisa zvakavanzika zvese
neruzivo rwese, uye kana ndine rutendo rwese,
zvekuti ndibvise makomo, asi ndisina rudo, handisi
chinhu. 3 Uye kana ndagovera varombo zvinhu
zvangu zvese, uye kana ndikagamuchidza muviri
wangu kuti ndipiswe, asi ndisina rudo, hazvindibatsiri
chinhu. 4 Rudo rwune moyo murefu, rwune
unyoro; rudo harwuna godo; rudo harwuzvikudzi,
harwututumadzwi, 5 harwuzvibati zvisakafanira,
harwuzvitsvakiri zvarwo, harwudenhwi, harwurangariri
zvakaipa; 6 harwufari nekusarurama, asi rwunofara
muchokwadi; 7 rwunofukidza zvese, rwunotenda
zvese, rwunotarisira zvese, rwunotsungirira pazvese.
8 Rudo harwutongoperi. Zvino kana zviri zviporofita,
zvichashaiswa basa; kana dziri ndimi, dzichaguma;
kana rwuri ruzivo, rwuchashaiswa basa. 9 Nokuti
tinoziva muchidimbu, uye tinoporofita muchidimbu; 10
asi kana zvakazara zvasvika, ipapo zviri muchidimbu
zvichashayiswa maturo. 11 Pandakange ndiri
mucheche, ndaitaura semucheche, ndainzwisisa
semucheche, ndaifunga semucheche; asi pandakava
murume, ndakashaisa maturo zveucheche. 12
Nokuti ikozvino tinoona nepachionioni madzedzerera;
asi nenguva iyo tichaona zviso nezviso; ikozvino
ndinoziva muchidimbu, asi ipapo ndichaziva
sezvandakazikanwawo ini. 13 Ikozvinowo rutendo,
tariro, rudo, zvitatu izvi ndizvo zvinogara; asi chikuru
chezvizvi rudo.

**14** Tevererai rudo; mushuve zvikuru zvemweya,
asi zvikurusa kuti muporofite. 2 Nokuti
anotaura nendimi haatauri kuvanhu, asi kuna Mwari;
nokuti hakuna anomunzwa; asi mumweya anotaura
zvakavanzika. 3 Asi anoporofita anotaura kuvanhu
kuvaka nekurudziro nenyaradzo. 4 Anotaura nendimi
anozvivaka iye; asi anoporofita anovaka kereke.
5 Ndinodawo kuti imwi mese mutaure nendimi,
asi zvikuru kuti muporofite; nokuti anoporofita
mukuru kune anotaura nendimi, kunze kwekuti
achidudzira, kuti kereke iwane kuvakwa. 6 Asi ikozvino,
hama, kana ndichiuya kwamuri ndichitaura nendimi,
ndichakubatsirai nei, kunze kwekuti ndichitaura
nemwi kana muchakazarurwa, kana muruzivo, kana
muchiporofita, kana mudzidziso? 7 Zvakadaro zvinhu
zvisina upenyu zvinorira, kana nyere, kana rudimbwa,
kana zvisingapi musiyano pamaririro, zvingazikanwa
sei chinoridzwa nenyere kana kuridzwa rudimbwa?
8 Nokutiwo kana hwamanda ichipa maungira
asinganzwisisiki, ndiani angazvigadzira hondo? 9
Saizvozvowo imwi, kana musingapi nerurimi shoko
rakareruka kunzwisiswa, zvinotaurwa zvichazikanwa
sei? Nokuti muchava vanotaura kumhepo. 10 Ariko,
kana zvingaitika, manzwi ane marudzi mazhinji
zvakadai panyika asi hakuna rimwe risingarevi chinhu.
11 Naizvozvo kana ndisingazivi zvinoreva inzwi,
ndichava munhu werumwe rurimi kune anotaura,
neanotaura munhu werumwe rurimi kwandiri. 12
Zvakadaro nemwi, sezvamunoshingairira zvipo
zveMweya, tsvakai kuti mupfuurise pakuvaka kereke.
13 Naizvozvo anotaura nendimi ngaanyengetere kuti
adudzire. 14 Nokuti kana ndichinyengetera nendimi,
mweya wangu unonyengetera, asi fungwa dzangu
hadzina chibereko. 15 Zvino chii? Ndichanyengetera
nemweya, uye ndichanyengetera nefungwawo;
ndichaimba nemweya, uye ndichaimba nefungwawo.
16 Kana zvisakadaro, kana uchivonga nemweya, uyo
agere pachigaro cheasina kudzidza achati Ameni
sei pakuvonga kwako, zvaasingazivi chaunotaura?
17 Nokuti zvirokwazvo iwe unovonga zvakanaka,
asi umwe haavakwi. 18 Ndinovonga Mwari wangu,
kuti ndinotaura nendimi kupfuura imwi mese; 19
asi mukereke ndinoda kutaura mashoko mashanu
nefungwa dzangu, kuti ndidzidzise vamwewo,
pamashoko zvuru gumi nendimi. 20 Hama, musava
vana pafungwa; asi pazvakaipa muve vacheche, asi
pakuziva muve vakuru. 21 Pamurairo pakanyorwa
kuti: Nedzimwe ndimi uye neimwe miromo ndichataura
kurudzi urwu; kunyange zvakadaro havangandinzwi,
anoreva Ishe. 22 Naizvozvo ndimi ndedzechiratidzo,
kwete kune vanotenda, asi kune vasingatendi; asi
chiporofita hachisi chevasingatendi, asi chevanotenda.
23 Naizvozvo kana kereke yese yaungana panzvimbo
imwe, vese ndokutaura nendimi, vasina kudzidza kana
vasina rutendo vakapinda, havati munopenga here?
24 Asi kana vese vakaporofita, umwe asingatendi kana
asina kudzidza ndokupinda, achatsiurwa nevese,
aongororwe nevese; 25 uye saizvozvo zvakavanzika
zvemoyo wake zvinoratidzwa; saizvozvowo achawa
nechiso achinamata Mwari, nekupupura kuti Mwari ari
pakati penyu zvirokwazvo. 26 Zvino chii, hama? Pega-

pega pamunoungana, umwe neumwe wenyu ane
pisarema, ane dzidziso, ane ndimi, ane chakazarurwa,
ane dudziro. Zvinhu zvese ngazviitirwe kuvaka. 27
Kana umwe achitaura nendimi ngazviitwe nevaviri,
kana varege kupfuura vatatu, uye vachiravana,
neumwe ngaadudzire. 28 Asi kana pasina mududziri,
ngaanyarare mukereke; uye ngaataure kwaari nekuna
Mwari. 29 Vaporofitawo ngavataure vaviri kana vatatu,
nevamwe ngavatonge. 30 Asi kana zvakazarurirwa
umwe agerepo, wekutanga ngaanyarare. 31 Nokuti
mese mungaporofita umwe-umwe, kuti vese vadzidze,
uye vese vakurudzirwe; 32 nemweya yevaporofita
inozviisa pasi pevaporofita. 33 Nokuti Mwari haasi
wenyonga-nyonga, asi werugare, sapamakereke
ese evatsvene. 34 Vanhukadzi venyu ngavanyarare
mumakereke; nokuti havatenderwi kutaura; asi
kuzviisa pasi, sezvinorevawo murairo. 35 Kana
vachidawo kudzidza chinhu, ngavabvunze varume
vavo kumba; nokuti chinyadzo kumunhukadzi kutaura
mukereke. 36 Ko shoko raMwari rakabva kwamuri
here? Kana rakasvika kwamuri mega here? 37 Kana
munhu achifunga kuti muporofita kana wemweya,
ngaatende zvinhu zvandinonyora kwamuri, kuti mirairo
yaIshe. 38 Asi kana munhu asingazivi, ngaave
asingazivi. 39 Naizvozvo, hama, shingairirai kuporofita,
musingadzivisi kutaura nendimi. 40 Zvinhu zvese
ngazviitwe nemutoo wakafanira uye zvichitevedzana.

**15** Naizvozvo, hama, ndinokuzivisai evhangeri
yandakakuparidzirai, yamagamuchirawo,
neyamumire mairi; 2 uye yamunoponeswawo nayo,
kana muchibatisisa inzwi reevhangeri randakaparidza
kwamuri, kunze kwekuti makatenda pasina. 3
Nokuti ndakakumikidza kwamuri pakutanga izvo
zvandakagamuchirawo, kuti Kristu wakafira zvivi
zvedu, zvichienderana nemagwaro; 4 uye kuti
wakavigwa, uye kuti wakamutswa nezuva retatu,
zvichienderana nemagwaro; 5 uye kuti wakaonekwa
kuna Kefasi, pashure kune vanegumi nevaviri; 6
shure kweizvozvo wakaonekwa kuhama dzinopfuura
mazana mashanu nguva imwe, vazhinji vavo
vachiripo kusvikira ikozvino, asi vamwewo varara;
7 shure kweizvozvo wakaonekwa kuna Jakobho;
pashure kuvaapositori vese. 8 Uye pakupedzisira
kwevese akaonekwa neniwo, sekune wakazvarwa
nguva isina kufanira. 9 Nokuti ini ndiri mudikisa
wevaapositori, handifaniri kunzi muapositori, nokuti
ndakashusha kereke yaMwari. 10 Asi nenyasha
dzaMwari ndiri zvandiri, uye nyasha dzake dziri
pandiri hadzina kuva pasina; asi ndakabata zvikuru
kupfuura vese; zvakadaro handisi ini, asi nyasha
dzaMwari dzineni. 11 Naizvozvo, kana ndiri ini kana
ivo, saizvozvo tinoparidza uye saizvozvo makatenda.
12 Zvino kana Kristu achiparidzwa kuti wakamutswa
kubva kuvakafa, vamwe pakati penyu vanoreva sei
kuti hakuna kumuka kwevakafa? 13 Asi dai pasina
kumuka kwevakafa, naKristu haana kumutswa; 14
uye kana Kristu asina kumutswa, naizvozvo kuparidza
kwedu hakuna maturo, nerutendo rwenyuwo harwuna
maturo. 15 Nesuwo tinowanikwa tiri zvapupu
zvaMwari zvenhema, nokuti takapupura zvaMwari
kuti wakamutsa Kristu iye waasina kumutsa, kana
kuri kuti vakafa havamutswi. 16 Nokuti dai vakafa
vasingamutswi, Kristu haanawo kumutswa; 17 uye
dai Kristu asina kumutswa, rutendo rwenyu haruna
maturo; muchiri muzvivi zvenyu. 18 Naizvozvo
nevarere muna Kristu vaparara. 19 Dai muupenyu
huno tine tariro muna Kristu chete, tinonzwisa tsitsi
kukunda vanhu vese. 20 Asi ikozvinowo Kristu
wakamutswa kubva kuvakafa, akava chibereko
chekutanga chevarere. 21 Nokuti sezvo nemunhu
rufu rwakauya, kumuka kwevakafawo kwakauya
nemunhu. 22 Nokuti vese muna Adhamu sezvavanofa,
saizvozvowo vese muna Kristu vachararamiswa. 23
Asi umwe neumwe padzoro rake; Kristu chibereko
chekutanga, tevere avo vari vaKristu pakuuya
kwake, 24 kozouya kuguma, paachazokumikidza
umambo kuna Mwari, ivo Baba, paachaparadza
kutonga kwese neushe hwese nesimba. 25 Nokuti
anofanira iye kutonga, kusvikira aisa vese vavengi
pasi petsoka dzake. 26 Muvengi wekupedzisira
uchaparadzwa ndirwo rufu. 27 Nokuti wakaisa
zvinhu zvese pasi petsoka dzake. Asi kana achiti
zvinhu zvese zvakaiswa pasi pake, zviri pachena
kuti ari kunze wakaisa zvinhu zvese pasi pake.
28 Zvino kana zvinhu zvese zvaiswa pasi pake,
ipapo Mwanakomanawo amene achaiswa pasi paiye
wakaisa zvese pasi pake, kuti Mwari ave zvese
mune zvese. 29 Ko, vanobhabhatidzirwa vakafa
vachaita sei kana vakafa vasingatongomutswi?
Vakagobhabhatidzirwa vakafa nemhaka yei? 30
Nemhaka yei nesu tiri panjodzi awa rega-rega?
31 Ndinofa zuva nezuva, ndinopika nokuzvikudza
pamusoro penyu kwandinako muna Kristu Jesu
Ishe wedu. 32 Kana ndakarwa nenzira yevanhu
nezvikara paEfeso, zvinondibatsirei, kana vakafa
vasingamutswi? Ngatidye nekunwa, nokuti mangwana
tinofa. 33 Musanyengerwa; kushamwaridzana
nevakaipa kunoodza tsika dzakanaka. 34 Pengenukai
nenzira yekururama uye musatadza, nokuti vamwe
vane kusaziva Mwari; ndinotaura kuti muve nenyadzi.
35 Asi umwe achati: Vakafa vanomutswa sei? Uye

vanouya nemuviri wakaita sei? 36 Dununu, icho
chaunodzvara iwe hachiitwi chipenyu kunze kwekuti
chafa; 37 uye icho chaunodzvara, haudzvari muviri
uchavapo, asi tsanga isina chinhu, kana yezviyo kana
yezvimwe; 38 asi Mwari anoipa muviri paanoda napo,
nekumbeu imwe neimwe muviri wayo pachayo. 39
Nyama yese haisi nyama imwe; asi imwe inyama
yevanhu, imwewo inyama yemhuka, imwewo yehove,
imwewo yeshiri. 40 Kune miviriwo yekudenga,
nemiviri yenyika; asi kubwinya kweyekudenga
ndekumwe, asi kweyenyika ndekumwe. 41
Kumwe kubwinya ndekwezuva, nekumwe
kubwinya ndekwemwedzi, uye kumwe kubwinya
ndekwenyeredzi, nokuti nyeredzi inosiyana neimwe
nyeredzi pakubwinya. 42 Kwakadarowo kumuka
kwevakafa. Kunodzvarwa mukuora, kunomutswa
mukusaora; 43 kunodzvarwa mukuzvidzwa,
kunomutswa mukubwinya; kunodzvarwa muutera,
kunomutswa musimba. 44 Kunodzvarwa kuri muviri
wechisikirwo, kunomutswa kuri muviri wemweya.
Kune muviri wechisikirwo, uye kune muviri wemweya.
45 Zvakanyorwawo saizvozvo zvichinzi: Munhu
wekutanga Adhamu wakaitwa munhu anorarama;
Adhamu wekupedzisira mweya unoraramisa. 46
Asi zvinotanga hazvisi zvemweya asi zvechisikirwo;
tevere zvemweya. 47 Munhu wekutanga wakabva
panyika, ndewevhu; munhu wechipiri ndiIshe anobva
kudenga. 48 Sewevhu, vakadarowo avo vevhu;
uye sewekudenga, vakadarowo vekudenga. 49 Uye
sezvatakatakura chimiro chewevhu, tichatakurawo
chimiro chewekudenga. 50 Zvino ndinoreva izvi,
hama, kuti nyama neropa hazvingagoni kugara nhaka
yeushe hwaMwari; nokuora hakungagari nhaka
yekusaora. 51 Tarirai, ndinokuudzai chakavanzika:
Hatingavati tese, asi tichashandurwa tese; 52
nenguva diki-diki, mukuhwaira kweziso, pahwamanda
yekupedzisira; nokuti hwamanda icharira, uye vakafa
vachamutswa mukusaora, nesu tichashandurwa. 53
Nokuti ichi chinoora chinofanira kupfeka kusaora,
neichi chinofa chipfeke kusafa. 54 Zvino kana
ichi chinoora chapfeka kusaora, neichi chinofa
chapfeka kusafa, ipapo kuchaitika shoko rakanyorwa
rinoti: Rufu rwakamedzwa mukukunda. 55 Iwe rufu,
rumborera rwako rwuripi? Iwe guva, kukunda kwako
kuripi? **(Hadēs g86)** 56 Rumborera rwerufu chivi,
nesimba rechivi murairo. 57 Zvino ngaavongwe
Mwari anotipa kukunda naIshe wedu Jesu Kristu.
58 Naizvozvo, hama dzangu dzinodikanwa, simbai,
musingazungunuswi, nguva dzese muchiwedzerwa
pabasa raIshe muchiziva kuti kubata kwenyu hakusi
pasina muna Ishe.

**16** Zvino maererano nezvakaunganidzirwa
vatsvene, sezvandakaraira makereke
eGaratia, imwiwo itai saizvozvo. 2 Nemusi
wekutanga wega-wega wevhiki, umwe neumwe
wenyu ngaazvichengetere parutivi pakubudirira
kwaakaita, kuti zvino kurege kuva nekuunganidza
kana ndichisvika. 3 Uye pandinosvikira, chero
vamunotenda, netsamba, ivo ndichavatuma,
vagondoisa zvipo zvenyu kuJerusarema. 4
Kana zvakafanira kuti ini ndiendewo, vachaenda
neni. 5 Zvino ndichauya kwamuri, kana ndagura
neMakedhonia; nokuti ndinogura neMakedhonia; 6
uye zvimwe ndichagara nemwi, kanawo kupedza
chando, kuti imwi mugondiperekedza pese
pandinoenda. 7 Nokuti handishuvi kukuonai
ikozvino ndichipfuura; asi ndinovimba kugara
imwe nguva nemwi, kana Ishe achitendera. 8 Asi
ndichagara paEfeso kusvikira paPendekosita. 9
Nokuti ndazarurirwa mukova mukuru uye unesimba;
nevanopikisa vazhinji varipo. 10 Zvino kana Timotio
achisvika, onai kuti anemwi asingatyi; nokuti anobata
basa raIshe seniwo. 11 Naizvozvo ngakurege kuva
neanomuzvidza. Asi mumuperekedze murugare,
kuti auye kwandiri; nokuti ndakamutarisira pamwe
nehama. 12 Zvino maererano naAporo hama,
ndakamukumbira zvikuru kuti auye kwamuri pamwe
nehama; asi zvirokwazvo chishuwo chake chakange
chisiri chekuuya ikozvino, asi achauya kana awana
nguva yakafanira. 13 Rindai, mumire makasimba
murutendo, itai sevarume, musimbe. 14 Zvinhu zvenyu
zvese ngazviitwe nerudo. 15 Ndinokukumbirisai
hama, munoziva imba yaStefana, kuti ndicho
chibereko chekutanga cheAkaya, uye vakazvipira
kushandira vatsvene; 16 kuti nemwi muzviise pasi
pevakadaro, nekune vese vanobata pamwe nesu, uye
vachishingaira. 17 Ndinofarawo nekuuya kwaStefana
naForichunato naAkaiako, nokuti ivo vakazadzisa
kutaira kwenyu. 18 Nokuti vakavandudza mweya
wangu newenyu. Naizvozvo rangarirai vakadaro. 19
Makereke epaAsia anokukwazisai. Akwira naPrisira
vanokukwazisai zvikuru muna Ishe, pamwe nekereke
iri mumba mavo. 20 Hama dzese dzinokukwazisai.
Kwazisanai nekutsvoda kutsvene. 21 Kwaziso
neruoko rwangu rwaPauro. 22 Kana munhu asingadi
Ishe Jesu Kristu, ngaave chakatukwa. Uyai Ishe! 23
Nyasha dzaIshe Jesu Kristu ngadzive nemwi. 24
Rudo rwangu ngaruve nemwi mese muna Kristu
Jesu. Ameni.

# 2 VaKorinde

1 Pauro muapositori waJesu Kristu nechido
chaMwari, naTimotio hama, kukereke yaMwari
iri paKorinde, pamwe nevatsvene vese vari
muAkaya yese: 2 Nyasha kwamuri nerugare
rwunobva kuna Mwari Baba vedu nekuna Ishe
Jesu Kristu. 3 Ngaavongwe Mwari, uye vari
Baba vaIshe wedu Jesu Kristu, Baba vetsitsi
uye Mwari wenyaradzo yese, 4 anotinyaradza
padambudziko redu rese, kuti tigone kunyaradza
avo vari mudambudziko ripi neripi, nenyaradzo
yatinonyaradzwa nayo isu tomene naMwari. 5 Nokuti
matambudziko aKristu sezvaakawedzerwa matiri,
saizvozvowo nyaradzo yedu yakawedzerwa nemuna
Kristu. 6 Zvino kana tichirwadziwa, ndezvenyaradzo
neruponeso rwenyu zvinobatiswa mukutsungirira
mumatambudziko mamwewo atakatambudzikawo isu;
kana tichinyaradzwa, ndezvenyaradzo neruponeso
rwenyu; 7 uye tariro yedu maererano nemwi
yakasimba, tichiziva kuti sezvamuri vagovani
vematambudziko, saizvozvowo venyaradzo. 8 Nokuti
hatidi kuti musaziva, hama, pamusoro pedambudziko
redu rakatiwira paAsia, kuti takaremerwa zvikurusa
kukunda simba redu, zvekuti takarasa tariro kunyange
yeupenyu. 9 Asi isu pachedu takange tine mutongo
werufu matiri, kuti tirege kuzvivimba isu asi kuna Mwari
anomutsa vakafa; 10 wakatinunura parufu rukuru
rwakadai, uye anonunura; watinovimba maari kuti
achatinunurazve; 11 nemwi muchishandira isu pamwe
nemukumbiro, kuti nekuda kwechipo pamusoro pedu
kubudikidza nevanhu vazhinji tivongerwe nevazhinji.
12 Nokuti kuzvikudza kwedu ndikoku, kupupura
kwehana yedu, kuti muumwe neuzvokwadi hwaMwari,
kwete neuchenjeri hwenyama, asi nenyasha
dzaMwari, takazvibata panyika, zvikuru maererano
nemwi. 13 Nokuti hatinyori zvimwe zvinhu kwamuri,
asi izvo zvamunoverenga nezvamunogamuchira;
uye ndinovimba kuti muchazvigamuchirawo kusvika
pakuguma; 14 sezvamakatigamuchirawo muchidimbu,
kuti tiri rumbidzo yenyu, semwiwo yedu nezuva raIshe
Jesu. 15 Zvino nechivimbo ichi ndaishuva pakutanga
kuuya kwamuri, kuti muve nenyasha dzechipiri; 16
nekupfuura nekwamuri ndichienda kuMakedhonia,
nekudzoka kwamuri ndichibva Makedhonia, uye
ndiperekedzwe nemwi kuJudhiya. 17 Naizvozvo
ndichifunga saizvozvi, ndakashandisa kusasimbisa
moyo here, kana zvandinozvipira, ndinozvipira
zvinoenderana nenyama kuti kwandiri zvive hongu,
hongu; uye kwete, kwete here? 18 Asi Mwari
wakatendeka, kuti shoko redu kwamuri harina kuva
hongu nakwete. 19 Nokuti Mwanakomana waMwari
Jesu Kristu uyo wakaparidzwa nesu pakati penyu,
neni naSirivhano naTimotio, wakange asiri hongu
nakwete, asi maari maiva hongu. 20 Nokuti zvese
zvivimbiso zvaMwari, maari ndihongu, nemaari
ndiAmeni, rwuve rukudzo rwaMwari kubudikidza
nesu. 21 Zvino anosimbisa isu pamwe nemwi
muna Kristu, neakatizodza ndiMwari, 22 wakatiisawo
mucherechedzo isu, akapa rubatso rweMweya
mumoyo yedu. 23 Asi ini ndinodana Mwari kuti
ave chapupu pamweya wangu, kuti ndikuregererei
handisati ndauya kuKorinde. 24 Kwete kuti tinotonga
parutendo rwenyu, asi tiri vabati pamwe chete
vemufaro wenyu; nokuti mumire nerutendo.

2 Asi ndakazvipira izvi, kusauyazve kwamuri
mukusuwa. 2 Nokuti kana ini ndichikusuwisai,
ndiani zvino anondifadza, kunze kwaiye
wakasuruvadzwa neni? 3 Zvino ndakakunyorerai
chinhu ichi chakadai kuti ndasvika, ndirege kusuwiswa
naivo vanofanira kundifadza, ndine chivimbo mamuri
mese, kuti mufaro wangu ndewenyu mese. 4
Nokuti kubva mudambudziko guru nekusuruvara
kwemoyo ndakakunyorerai nemisodzi mizhinji,
kwete kuti murwadziswe, asi kuti muzive rudo
rukurusa rwandinarwo kwamuri. 5 Zvino kana
umwe akarwadzisa, haana kurwadzisa ini, asi
muchidimbu (kuti ndirege kukutakudzai mutoro)
mese. 6 Kuranga uku kwakakwanira wakadai ndiko
kwevazhinji; 7 kuti panzvimbo yaizvozvi zviri nani kuti
mumukanganwire nekunyaradza, zvimwe wakadaro
arege kuodzwa moyo kwazvo nekusuruvara kukuru.
8 Naizvozvo ndinokukumbirisai kuti musimbise
rudo kwaari. 9 Nokuti ndizvo zvandakanyorerawo,
kuti ndizive kuedzwa kwenyu, kana muchiteerera
pazvinhu zvese. 10 Zvino iye wamunokanganwira
chinhu, neni ndinomukanganwira; nokuti kana
neni ndichikanganwira chinhu, uyo wandinenge
ndakakanganwira, ndinozviita nekuda kwenyu
pamberi pechiso chaKristu, 11 kuti tirege kushandiswa
naSatani; nokuti hatizi vasingazivi mano ake. 12
Zvino ndichisvika paTroasi neevhangeri yaKristu,
ndazarurirwa mukova muna Ishe, 13 handina kuwana
zororo pamweya wangu, pakusawana kwangu Tito
hama yangu; asi ndakawonekana navo ndikabva
ndikaenda kuMakedhonia. 14 Zvino ngaavongwe
Mwari, anotikundisa nguva dzese muna Kristu, uye
anoratidza nesu panzvimbo dzese hwema hweruzivo
rwake. 15 Nokuti tiri hwema hunonhuhwira hwaKristu
kuna Mwari pane ivo vanoponeswa nepane ivo

vanoparara; 16 kune vamwe hwema hwerufu mukufa,
nekune vamwe hwema hweupenyu muupenyu.
Zvino ndiani angakwanira zvinhu izvi? 17 Nokuti
hatifanani nevazhinji vanokanganisa shoko raMwari;
asi sevanobva pauchokwadi, asi sezvinobva kuna
Mwari pamberi paMwari tinotaura muna Kristu.

3 Tinotangazve kuzviratidza here? Kana tinotsvaka
here, sevamwe, tsamba dzekuzviratidza kwamuri,
kana dzekuratidza kunobva kwamuri? 2 Imwi muri
tsamba yedu, yakanyorwa mumoyo yedu, inozikanwa
nekuverengwa nevanhu vese; 3 muchiratidzwa kuti
muri tsamba yaKristu inoshandiswa nesu, yakanyorwa
kwete neingi, asi neMweya waMwari anorarama;
kwete pamahwendefa emabwe, asi pamahwendefa
enyama emoyo. 4 Nechivimbo chakadai tinacho
naKristu kuna Mwari; 5 kwete kuti tinokwanisa
isu pachedu kufunga chimwe chinhu sechinobva
kwatiri, asi kukwanisa kwedu kunobva kuna Mwari;
6 iye wakatigonesa kuva vashumiri vesungano
itsva, kwete yechakanyorwa asi yeMweya; nokuti
chakanyorwa chinouraya, asi Mweya unoraramisa. 7
Asi kana ushumiri hwerufu, pazvinyorwa zvakavezwa
pamabwe hwakasvikira mukubwinya, zvekuti vana
vaIsraeri vakakoniwa kutarisisa chiso chaMozisi
nekuda kwekubwinya kwechiso chake, kwaipedzwa,
8 ko shumiro yeMweya haingazovi nekubwinya
kukuru here? 9 Nokuti kana shumiro yekupiwa
mhosva iri kubwinya, shumiro yekururama ichakunda
zvikuru sei mukubwinya. 10 Nokuti kunyange icho
chakabwinyiswa hachina kubwinyiswa pachinhu ichi
nekuda kwekubwinya uku kwakanyanyisa. 11 Nokuti
kana icho chinopedzwa chaiva nekubwinya, zvikuru
sei icho chinogara, pakubwinya. 12 Naizvozvo
tine tariro yakadai, tinoshandisa ushingi ukuru
mukutaura; 13 uye kwete saMozisi waiisa chifukidziro
pachiso chake, kuti vana vaIsraeri varege kutarisisa
kuguma kwezvinopedzwa. 14 Asi fungwa dzavo
dzakaomeswa, nokuti kusvikira zuva rino chifukidziro
ichochi chichiripo chisina kubviswa pakuverengwa
kwetesitamende yekare, chakapedzwa muna Kristu.
15 Asi kusvikira zuva rino, kana kuchiverengwa
Mozisi, chifukidziro chirere pamoyo wavo. 16 Chero
rinhi kana achidzokera kuna Ishe, chifukidziro
chinobviswa. 17 Zvino Ishe ndiye Mweya; uye pane
Mweya waIshe pane rusununguko. 18 Asi isu tese,
nechiso chakashama tichiona sepachionioni kubwinya
kwaIshe, tinoshandurirwa kumufananidzo iwoyo
kubva pakubwinya kuenda pakubwinya, sezvinobva
kuMweya waIshe.

4 Naizvozvo zvatine shumiro iyi,
sezvatakagamuchira tsitsi, hatineti; 2 asi takarasa
zvinhu zvakavanzika zvechinyadzo, tisingafambi
neunyengeri, kana kuminamisa shoko raMwari;
asi nekuratidza chokwadi, tichizvipupurira kuhana
yese yevanhu pamberi paMwari. 3 Zvinowo kana
evhangeri yedu yakafukidzwa, yakafukidzwa kune
avo vanoparara; 4 kwavari mwari wenyika ino
wakapofumadza fungwa dzevasingatendi, kuti
chiedza cheevhangeri yekubwinya yaKristu ari
mufananidzo waMwari chisavhenekera kwavari. (aiōn
g165) 5 Nokuti hatizviparidzi, asi Kristu Jesu Ishe; uye
isu tiri varanda venyu nekuda kwaJesu. 6 Nokuti
Mwari wakati chiedza chivhenekere kubva parima
ndiye wakavhenekera mumoyo yedu, kuti atipe
chiedza cheruzivo rwekubwinya kwaMwari pachiso
chaJesu Kristu. 7 Asi tine fuma iyi mumidziyo yevhu,
kuti ukuru-ukuru hwesimba huve hwaMwari, uye
husabva kwatiri; 8 tinodzvanyidzirwa pamativi ese,
asi hatimanikidzwi; tinovhiringidzika, asi hatipererwi;
9 tinoshushwa, asi kwete kusiiwa; tinowisirwa pasi,
asi kwete kuparadzwa; 10 tichipota takatakura
nguva dzese kufa kwaIshe Jesu mumuviri, kuti
upenyuwo hwaJesu huratidzwe mumuviri wedu.
11 Nokuti isu tinorarama tinogara tichipiwa kurufu
nekuda kwaJesu, kuti upenyuwo hwaJesu huratidzwe
munyama yedu inofa. 12 Saizvozvo rufu rwunobata
matiri, asi upenyu mamuri. 13 Zvino tine mweya iwoyu
werutendo, sezvazvakanyorwa zvichinzi: Ndakatenda,
naizvozvo ndakataura; isuwo tinotenda, naizvozvowo
tinotaura; 14 tichiziva kuti iye wakamutsa Ishe Jesu,
achatimutsawo isu naJesu, agotikumikidza pamwe
nemwi. 15 Nokuti zvinhu zvese zvinoitwa nekuda
kwenyu, kuti nyasha dzakapamhidzirwa nekuda
kwekuvonga kwevazhinji, dziwedzerwe dzive rukudzo
rwaMwari. 16 Naizvozvo hatineti, asi kana munhu
wedu wekunze achiparadzwa, zvakadaro wemukati
anovandudzwa zuva nezuva. 17 Nokuti dambudziko
redu rakareruka riripo kwechinguva chidiki, rinotiitira
uremu hwekubwinya kukurusa kusingaperi; (aiōnios
g166) 18 tisingatariri zvinoonekwa, asi zvisingaonekwi;
nokuti zvinoonekwa ndezvenguva, asi zvisingaonekwi
ndezvekusingaperi. (aiōnios g166)

5 Nokuti tinoziva kuti kana imba yedu yenyika
yetende ichiputswa, tine chivakwa chinobva
kuna Mwari, imba isina kuitwa nemaoko, isingaperi
kumatenga. (aiōnios g166) 2 Nokuti nemune iyi
tinogomera, tichishuva kuti tifukidzwe neimba yedu
inobva kudenga; 3 kana nesu takapfekedzwa
hatingawanikwi tisina chatakapfeka. 4 Nokuti

nesu tiri mutende tinogomera, tichiremerwa; nokuti
hatishuvi kukururwa, asi kufukidzwa, kuti chinofa
chimedzwe neupenyu. 5 Zvino wakatigadzirira chinhu
ichochi ndiMwari, wakatipawo rubatso rweMweya.
6 Naizvozvo tine ushingi nguva dzose, tichiziva
kuti tichiri kumusha mumuviri, tiri kure naIshe; 7
nokuti tinofamba nerutendo, kwete nekuona; 8
naizvozvo tine ushingi, uye tinofara zvikuru kuti
zviri nani kusava pamuviri, uye kuva kumusha
naIshe. 9 Naizvozvowo tinoedza zvikuru, kana tiri
pamusha kana tisiri pamusha, kuti tigamuchirike
kwaari. 10 Nokuti tese tinofanira kuonekwa pamberi
pechigaro chekutonga chaKristu, kuti umwe neumwe
agamuchire zvinhu zvaakaita nemuviri, zvichienderana
nezvaakaita, kana zvakanaka kana zvakaipa. 11
Naizvozvo tichiziva kutyisa kwaIshe tinonyengetedza
vanhu, asi tinoratidzwa kuna Mwari; uye ndine
chivimbo kuti tiratidzwewo pahana dzenyu. 12
Nokuti hatizvizivisizve kwamuri, asi tinokupai mukana
wekuzvirumbidza nekuda kwedu, kuti mugone
kumirisana nevanozvirumbidza pachiso, kwetewo
pamoyo. 13 Nokuti kana tichipenga, tinopenga
kuna Mwari; kana tiri vanhu kwavo, tiri kwavo
kwamuri. 14 Nokuti rudo rwaKristu rwunotimanikidza,
nokuti tinoona izvozvi kuti kana umwe akafira vese,
zvino vese vakafa; 15 uye wakafira vese kuti
avo vanorarama vachirega kuzozviraramira ivo,
asi iye wakavafira nekumukazve. 16 Naizvozvo
kubvira ikozvino isu hatizivi munhu panyama; uye
kunyange kana takaziva Kristu panyama, asi ikozvino
hatichamuzivi saizvozvo. 17 Kuti kana munhu ari muna
Kristu, wava chisikwa chitsva; zvekare zvapfuura,
tarira zvese zvava zvitsva. 18 Uye zvese zvinobva
kuna Mwari, wakatiyananisa naye kubudikidza naJesu
Kristu, uye wakatipa shumiro yeyananiso; 19
sezvinonzi Mwari wakange achiyananisa nyika kwaari
muna Kristu, asingavaverengeri kudarika kwavo,
akaisa kwatiri shoko reyananiso. 20 Naizvozvo tiri
nhume pachinzvimbo chaKristu, Mwari saanenge
achikumbirisa nesu; tinokumbirisa pachinzvimbo
chaKristu tichiti: Yananiswai naMwari. 21 Nokuti
uyo wakange asingazivi chivi wakamuita chivi
pachinzvimbo chedu, kuti isu tive kururama kwaMwari
maari.

6 Zvino tinobata pamwe naye, nesu tinokumbira
zvikuru kuti musagamuchira nyasha dzaMwari
pasina; 2 nokuti anoti: Nenguva yakafanira
ndakakunzwa, uye nepazuva reruponeso
ndakakubatsira; tarira, ikozvino inguva yakafanira;
tarira, ikozvino izuva reruponeso. 3 Hatigumbusi
kunyange pachinhu, kuti shumiro irege kumhurwa;
4 asi pazvese tinozviratidza sevashumiri
vaMwari, pakutsungirira kuzhinji, pamatambudziko,
pakuomerwa, pakudzvinyirirwa, 5 pakurohwa,
pakusungwa, pamabongozozo, pamabasa anorema,
pakusarara, pakutsanya, 6 pakuchena, paruzivo,
pamoyo murefu, paunyoro, paMweya Mutsvene,
parudo rusinganyepedzeri, 7 pashoko rechokwadi,
pasimba raMwari, pazvombo zvekururama
kurudyi nekuruboshwe, 8 nekukudzwa uye
kuzvidzwa, nekureverwa zvakaipa uye kureverwa
zvakanaka; sevanyepedzeri, tiri vechokwadiwo;
9 sevasingazikanwi, tichizikanwawo zvikuru;
sevanofa, tarirawo, tinorarama; sevanorohwa,
tisingaurawiwo; 10 sevakasuruvadzwa, asi tichifara
nguva dzese; sevarombo, asi tichifumisa vazhinji;
sevasina chinhu, asi tine zvese. 11 VeKorinde,
muromo wedu wakashamira imwi, moyo wedu
wakuriswa. 12 Hamudzvinyidzirwi matiri, asi
munodzvinyidzirwa muvura hwenyu. 13 Zvino
pakutsiva kwakadaro (ndinotaura sekune vana vangu),
imwiwo kuriswai. 14 Musasungwa zvisina kufanira
pajoko pamwe nevasingatendi; nokuti kururama
kungava nekudyidzana kwei nekusarurama? Chiedza
chingadyidzana sei nerima? 15 Uye Kristu ane
kunzwana kwei naBeriari? Kana anotenda angava
nemugove wei neasingatendi? 16 Netembere yaMwari
ine kutenderana kupi nezvifananidzo? Nokuti imwi
muri tembere yaMwari mupenyu, Mwari sezvaakareva
kuti: Ndichagara mavari, uye ndichafamba pakati
pavo; ndichavawo Mwari wavo, uye ivo vachava
vanhu vangu. 17 Naizvozvo budai pakati pavo
mutsaurwe, anoreva Ishe, uye musabata chakasviba;
iniwo ndichakugamuchirai. 18 Uye ndichava Baba
kwamuri, nemwi muchava vanakomana nevanasikana
kwandiri, anoreva Ishe Wemasimbaose.

7 Zvatine zvivimbiso izvi, vadikanwi, ngatizvinatse
patsvina yese yenyama neyemweya, tipedzise
utsvene mukutya Mwari. 2 Gamuchirai isu; hatina
kuitira munhu chakaipa, hatina kukanganisira munhu,
hatina kubatira munhu. 3 Handitauriri kupa mhosva;
nokuti ndamboreva, kuti muri mumoyo medu, kuti
tife nekurarama pamwe. 4 Ushingi hwenhauro
yangu kwamuri hukuru, kuzvirumbidza kwangu
kukuru pamusoro penyu; ndakazadzwa nenyaradzo,
ndakawanzirwa mufaro padambudziko redu rese.
5 Nokutiwo tasvika kuMakedhonia, nyama yedu
haina kuva nezororo, asi takadzvinyirirwa pazvese;
kunze kukakavara, mukati kutya. 6 Asi Mwari,
anonyaradza vakasuruvadzwa, wakatinyaradza

nekusvika kwaTito; 7 uye kwete pakusvika kwake
chete, asi nepakunyaradzwa kwaakanyaradzwa
nako pamusoro penyu, achitiudza zvechishuwo
chenyu, kuchema kwenyu, kushingaira kwenyu
pamusoro pangu, zvekuti ndakanyanya kufara. 8
Nokuti kunyange ndakakusuruvadzai netsamba,
handizvidembi, kunyange ndichizvidemba; nokuti
ndinoona kuti tsamba iyoyo yakakusuruvadzai,
kunyange kuri kwenguva diki. 9 Ikozvino ndinofara,
kwete kuti makasuruvadzwa, asi kuti makasuruvadzika
mukatendeuka; nokuti makasuruvadzwa nenzira
yeuMwari, kuti muregekurasikirwa nechinhu nekuda
kwedu. 10 Nokuti kuchema nenzira yeuMwari kunouisa
kutendeuka rwuve ruponeso rwausingazvidembi
narwo; asi kuchema nenzira yenyika kunouisa rufu. 11
Nokuti tarirai, chinhu ichocho, kuti makasuruvadzwa
nenzira yeuMwari, chakauisa mukati menyu shungu
dzakadini, inga kuzvidavirira, inga kutsamwa, inga
kutya, inga chishuvo chakasimba, inga kushingaira,
inga kutsiva. Pazvese makazviratidza kuti makachena
pachiitiko ichi. 12 Naizvozvo kanawo ndakakunyorerai,
ndakazviita kwete nekuda kwewakatadza, kana
nekuda kwaiye wakatadzirwa, asi kuti kukushingairirai
kwedu kuratidzwe kwamuri pamberi paMwari. 13
Nemhaka iyi takanyaradzwa panyaradzo yenyu;
hongu takafara zvikuru kwazvo pamufaro waTito,
nokuti mweya wake wakavandudzwa kubva kwamuri
mese. 14 Nokuti kana ndakazvikudza nechinhu kwaari
pamusoro penyu, handinyadziswi; asi sezvatakataura
zvinhu zvese kwamuri muchokwadi, saizvozvowo
kuzvikudza kwedu kuri pamberi paTito kwakava
chokwadi. 15 Nehanya dzake dzawedzerwa kwazvo
kwamuri, achirangarira kuteerera kwenyu mese, kuti
makamugamuchira sei nekutya uye kudedera. 16
Ndinofara naizvozvo kuti pazvese ndine chivimbo
mamuri.

8 Zvino tinokuzivisai, hama, nyasha dzaMwari
dzakapiwa pamakereke eMakedhonia; 2 kuti
pakuedzwa kukuru kwedambudziko, kuwanzwa
kwemufaro wavo neurombo hwavo hwakadzama
zvakawedzera pafuma yekupa kwavo. 3
Nokuti vakange vane chido pakukwanisa kwavo,
ndinopupura, kunyange kupfuura kukwanisa kwavo,
4 nechikumbiro chikuru vakatigombedzera, kuti
tigamuchire chipo uye kugovana parubatsiro rwunova
rwevatsvene; 5 uye kwete sezvatakatarisira, asi
vakatanga kuzvipa ivo kuna Ishe, nekwatiri nechido
chaMwari. 6 Zvekuti takakurudzira Tito, kuti
sezvaakange ambotanga, saizvozvo apedzisewo
kwamuri basa iri renyashawo. 7 Asi sezvamakawanza
pazvese, parutendo, uye pashoko, uye paruzivo, uye
pakushingaira kwese, uye parudo rwenyu kwatiri,
tarirai kuti muwanzewo pabasa iri renyasha. 8
Handitauri semurairo, asi nekushingaira kwevamwe
uye ndichiidza uchokwadi hwerudo rwenyu. 9
Nokuti munoziva nyasha dzaIshe wedu Jesu
Kristu, kuti kunyange akange akafuma, nekuda
kwenyu wakava murombo, kuti imwi kubudikidza
neurombo hwake mufume. 10 Zvino pachinhu ichi
ndinopa maonero; nokuti ichi chinokubatsirai, imwi
makatotanga kubva gore rakapera, kwete kuita
chete, asi nekuda. 11 Asi ikozvinowo pedzisai
kuita, kuti, sezvapane chishuwo chemoyo, saizvozvo
kuripo kupedzisawo kubva pane zvamunazvo. 12
Nokuti kana chishuwo chemoyo chiripo, munhu
anogamuchirika zvichienderana nezvaanazvo, kwete
kuenderana nezvaasina. 13 Nokuti hakusi kuti
vamwe vave nekurerusirwa, imwi muremerwe; asi
kubva pakuenzana, panguva yaikozvino zvakawanda
zvenyu zviwedzere pakushaiwa kwavo, 14 kutiwo
zvakawanda zvavo zviwedzere pakushaiwa kwenyu,
kuti kuve nekuenzana, 15 sezvazvakanyorwa
zvichinzi: Wakaunganidza zvizhinji haana kuva
nezvakasara; newakaunganidza zvishoma haana
kushaiwa. 16 Asi ngaavongwe Mwari wakaisa
mumoyo maTito kushingaira kwakadaro kwamuri,
17 kuti zvirokwazvo wakagamuchira kurudziro,
asi zvaakange achishingaira zvikuru, wakabva
akaenda kwamuri nechido chake. 18 Zvino takatuma
pamwe naye hama, rumbidzo yake muevhangeri
yakagura nemumakereke ese; 19 zvisati zviri
izvozvo chete, asi wakasarudzwawo nemakereke
kuti atiperekedze nenyasha idzi, dzakabatiswa nesu
mukurumbidzwa kwaIshe uyu, nechishuwo chemoyo
wenyu; 20 tichidzivirira izvi, zvimwe umwe angatimhura
pamusoro pezvipamhidzirwa izvi zvinobatiswa nesu;
21 tichirangarira zvakanaka kwete pamberi paIshe
chete asi pamberi pevanhuwo. 22 Uye takatuma navo
hama yedu, yatakawana yakashingaira pazvizhinji
kazhinji, asi zvino anonyanya kushingaira nekuda
kwekukuvimbai kukuru. 23 Kana zviri zvaTito, umwe
wangu nemushandi pamwe neni kwamuri; kana hama
dzedu, nhume dzekereke, vari kukudzwa kwaKristu.
24 Naizvozvo ratidzai kwavari uchapupu hwerudo
rwenyu nehwekuzvikudza kwedu pamusoro penyu,
nepamberi pemakereke.

9 Nokuti maererano nerubatsiro rwevatsvene,
hazvina kufanira kwandiri kuti ndikunyorerei;
2 nokuti ndinoziva kushingaira kwenyu,
kwandinozvirumbidza nako pamusoro penyu kune

veMakedhonia, kuti Akaya yakange yazvigadzirira
kubvira gore rakapera; nekushingaira kwenyu
kwakamutsa vazhinji. 3 Asi ndakatuma hama, kuti
kuzvirumbidza kwedu pamusoro penyu kusava
pasina pachinhu ichi; kuti, sezvandakareva, muve
makagadzirira; 4 zvimwe pamwe, kana veMakedhonia
vachiuya neni vakuwanei musina kuzvigadzirira,
isu tinyadziswe (kuti tisati, imwi) pakuvimba uku
kwekuzvikudza. 5 Naizvozvo ndakaona zvakafanira
kukurudzira hama, kuti vatange kuuya kwamuri,
uye vatange kugadzira chipo chenyu chepachena
chakataurwa nezvacho kare, kuti ichi chive
chakagadzirirwa, saizvozvo sechipo chepachena asi
kwete sekukara. 6 Asi izvi kuti: Anodzvara zvishoma,
anokohwawo zvishoma; neanodzvara zvizhinji,
achakohwawo zvizhinji. 7 Umwe neumwe sezvinoda
moyo; kwete nekurwadziwa, kana nekurovererwa;
nokuti Mwari anoda anopa nemufaro. 8 Uye Mwari
anogona kukuwanzirai nyasha dzese, kuti nguva
dzese muve nekuringana kwese pazvese, muwanze
pabasa rese rakanaka; 9 sezvazvakanyorwa
zvichinzi: Wakaparadzira, wakapa varombo; kururama
kwake kunogara nekusingaperi. (aiōn g165) 10 Zvino
iye anopa mbeu kumudzvari, nekupa chingwa
chekudya, ngaawanze mbeu dzenyu dzakadzvarwa,
nekuwedzera zvibereko zvekururama kwenyu; 11
muchifumiswa pazvinhu zvese zvichibva pakupana
kwese, zvinokonzera kubudikidza nesu kuvonga
kuna Mwari. 12 Nokuti basa rekushumira uku
harizadzisi kushaiwa kwevatsvene chete, asi
kunowanzisawo nekuvongwa kuzhinji kuna Mwari; 13
nekuda kweuchapupu hweshumiro iyi vanorumbidza
Mwari pamusoro pekuteerera kwekupupura kwenyu
evhangeri yaKristu, nekukura kwekupa kwenyu
kwavari nekune vese. 14 Uye nemunyengetero
wavo pamusoro penyu, vachikushuvai nekuda
kwenyasha hurusa dzaMwari pamusoro penyu. 15
Zvino Mwari ngaavongwe nekuda kwechipo chake
chisingarondedzereki.

**10** Zvino ini Pauro ndomene ndinokukumbirisai
neunyoro, uye moyochena waKristu,
wakaninipiswa pakati penyu kana ndiripo, asi kana
ndisipo ndine ushingi kwamuri; 2 ndinokumbirisawo,
kuti kana ndiripo, ndirege kuva neushingi nekuzvipira
uku kwandinoverengerwa kuti ndine ushingi
hwekumirisana nevamwe vanotifungira sevanofamba
panyama. 3 Nokuti kunyange tichifamba panyama,
hatirwi maererano nenyama; 4 nokuti zvombo
zvehondo yedu hazvisi zvenyama, asi zvakasimba
kubudikidza naMwari pakuputsa nhare, 5 tichiwisa
mirangariro nechese chakakwirira chinozvikwiridza
chichipesana neruzivo rwaMwari, nekuisa muutapwa
murangariro wese pakuteerera Kristu; 6 takazvigadzira
kutsiva kusateerera kwese, kana kuteerera kwenyu
kwazadzisika. 7 Munotarira zvinhu pamaonekero
azvo ekunze here? Kana munhu achizvivimba kuti iye
ndewaKristu, ngaazvirangarirezve, kuti iye sezvaari
waKristu, saizvozvo nesu tiri vaKristu. 8 Nokuti kana
nezvinhu zvizhinjisa ndisazvirumbidzazve maererano
nesimba redu, Ishe raakatipa pakuvaka, uye kwete
rekuparadza kwedu, handinganyadziswi; 9 kuti
ndirege kuonekwa sendinokutyityidzirai netsamba.
10 Nokuti vanoti: Tsamba dzake dzinorema uye
dzine simba; asi kuvapo kwemuviri kune utera
nekutaura kwake kunozvidzika. 11 Wakadaro
ngaarangarire ichi, kuti sezvatakadaro pashoko
kubudikidza netsamba kana tisipo, nesu takadaro
pakuita kana tiripo. 12 Nokuti hatina ushingi
hwekuzviverengera kana kuzvifananidza nevamwe
vevanozvirumbidza; asi ivo vanozvienzanisa vega,
nekuzvifananidza pachavo, havanzwisisi. 13
Asi isu hatingazvikudzi zvinopfuura chipimo, asi
zvinoenderana nechipimo chemuganhu Mwari
waakatitemera, chipimo chekusvika nekwamuri. 14
Nokuti hatizvitandavadzi kupfuurikidza setisingasvikiri
kwamuri, nokuti nekwamuriwo takasvika muevhangeri
yaKristu; 15 tisingazvikudzi kupfuurikidza chipimo
pamabasa evamwe; asi tine tariro, kuti kana rutendo
rwenyu rwuchiwanzwa, isu tichakuriswa pakati penyu
zvinoenderana nemuganhu wedu nekupfuurisa,
16 kuparidza evhangeri pamatunhu ari mhiri
kwenyu, kwete kuzvirumbidza pamuganhu weumwe
pazvinhu zvakagadzirwa. 17 Asi anozvirumbidza,
ngaazvirumbidze muna Ishe. 18 Nokuti haasi
anozvirumbidza uyo anogamuchirwa, asi Ishe
waanorumbidza.

**11** Dai muchindiitira moyo murefu zvishoma
paupenzi hwangu; asiwo munondiitira moyo
murefu. 2 Nokuti ndine godo nemwi negodo
raMwari; nokuti ndakakuwanisai kumurume umwe,
kuti ndikukumikidzeimuri mhandara yakachena
kuna Kristu. 3 Asi ndinotya kuti zvimwe nyoka
sezvayakanyengera Evha nemano ayo, saizvozvo
ndangariro dzenyu dzingatsauswa pauchokwadi
huri muna Kristu. 4 Nokuti kana anosvika
achiparidza umwe Jesu watisina kuparidza, kana
zvimwe muchigamuchira umwe mweya wamusina
kugamuchira, kana imwe evhangeri yamusina
kugamuchira, zvakanaka kuti muzviitire moyo
murefu. 5 Nokuti ndinoona ndisingasariri nepadiki

kuvaapositori vakurusa. 6 Kanawo kunyange ndisina
kudzidza pashoko, asi kwete paruzivo; asi pachinhu
chese takaratidzwa kwamuri muzvinhu zvese. 7
Kana ndakaita chivi here pakuzvininipisa kuti imwi
mukudzwe, nokuti ndakaparidza kwamuri evhangeri
yaMwari pasina muripo? 8 Ndakapamba amwe
makereke, ndichitora muripo kuti ndikushandirei.
9 Uye pandakange ndiripo kwamuri ndichishaiwa
handina kuremedza munhu; nokuti zvandaishaiwa,
hama dzaibva Makedhonia dzakapa; uye pazvese
ndakazvichengeta kuti ndirege kuva mutoro kwamuri,
uye ndichazvichengeta. 10 Chokwadi chaKristu
chiri mandiri, kuti kuzvikudza uku hakungamiswi
mandiri kumatunhu eAkaya. 11 Nemhaka yei? Nokuti
handikudii here? Mwari anoziva. 12 Asi chandinoita,
ndichaitawo, kuti ndigure mukana kune vanoshuva
mukana; kuti pane zvavanozvikudza nazvo vawanikwe
vakaita sesuwo. 13 Nokuti vakadaro vaapositori
venhema, vabati vanonyengera, vanozvishandura
kuva vaapositori vaKristu. 14 Hazvishamisiwo;
nokuti Satani amene anozvishandura kuva mutumwa
wechiedza. 15 Naizvozvo hachisi chinhu chikuru kana
nevashumiri vake vachizvishandura kuita sevashumiri
vekururama; kuguma kwavo kuchava semabasa
avo. 16 Ndinotizve: Ngakurege kuva nemunhu
anofunga kuti ndiri benzi; asi kana zvisakadaro,
sebenziwo ndigamuchirei, kuti neni ndizvikudze
zvishoma. 17 Zvandinotaura, handitauri sekuna Ishe,
asi sepaupenzi, pachivimbo ichi chekuzvikudza.
18 Sezvo vazhinji vachizvikudza panyama, iniwo
ndichazvikudza. 19 Nokuti munoitira mapenzi moyo
murefu nemufaro muri vakachenjera. 20 Nokuti
munoita moyo murefu, kana munhu achikuisai
muuranda, kana munhu achikudyai kupedza, kana
munhu achikutapai, kana munhu achizvikudza,
kana munhu achikurovai kumeso. 21 Ndinoreva
sechinyadzo, senge kuti isu takange tine utera. Asi
pane chipi nechipi umwe paane ushingi (ndinotaura
paupenzi), ini ndine ushingiwo. 22 VaHebheru
here? Neniwo. VaIsraeri here? Neniwo. Imbeu
yaAbhurahama here? Neniwo. 23 Vashumiri vaKristu
here? (Ndinotaura semupengo), ndinovapfuura,
zvikurusa pamabasa anorema, pamavanga kupfuura
chipimo, mumajere zvikurusa, pandufu kazhinji. 24
KuVaJudha ndakagamuchira kashanu shamhu dzine
makumi mana kusiya imwe. 25 Katatu ndakarohwa
netsvimbo, kamwe ndakatakwa nemabwe, katatu
ndakaputsikirwa nechikepe, usiku humwe nemasikati
ndakange ndiri muudziku hwegungwa; 26 panzendo
kazhinji, panjodzi dzenzizi, panjodzi dzemakororo,
panjodzi nevekwangu, panjodzi nevahedheni,
panjodzi muguta, panjodzi murenje, panjodzi
mugungwa, panjodzi pakati pehama dzenhema;
27 pakutambudzika nepakuremerwa, pakusarara
kazhinji, panzara nenyota, pakutsanya kazhinji,
pachando nepakushama. 28 Kunze kwezvinhu izvi zviri
panze, kurangarira makereke ese kunondimanikidza
zuva rimwe nerimwe. 29 Ndiani anoshaiwa simba,
neni ndikasashaiwa simba? Ndiani anogumburwa,
neni ndikasatsva? 30 Kana zvakafanira kuzvikudza,
ndichazvikudza nezvinhu zveutera hwangu. 31 Mwari
naBaba vaIshe wedu Jesu Kristu, anorumbidzwa
kusvikira rinhi narinhi, anoziva kuti handirevi nhema.
(aiōn g165) 32 PaDhamasiko mutungamiriri wamambo
Areta wakarinda guta reveDhamasiko achida
kundibata; 33 uye ndakaburuswa nepawindo ndiri
mudengu nepamudhuri, ndikapukunyuka pamaoko
ake.

**12** Kuzvikudza zvirokwazvo hakubatsiri kwandiri;
nokuti ndichauya pazviratidzo nezvakazarurwa
zvaIshe. 2 Ndinoziva munhu ari muna Kristu
makore gumi nemana apfuura (kana zvakaitwa
mumuviri, handizivi, kana kunze kwemuviri, handizivi,
Mwari anoziva), wakadai wakabvutirwa kudenga
rechitatu. 3 Uye ndinoziva munhu wakadai (kana
mumuviri, kana kunze kwemuviri, handizivi; Mwari
anoziva), 4 kuti wakabvutwa akaiswa muparadhiso,
akanzwa mashoko asingatauriki, asingabviri munhu
kutaura. 5 Ndichazvikudza newakadai; asi pamusoro
pangu ndomene handizvikudzi, asi pautera hwangu.
6 Nokuti kana ndichida kuzvikudza, handaizova
benzi; nokuti ndichareva chokwadi; asi ndinorega,
zvimwe umwe angandifungira kuva mukuru kune
zvaakaona ndiri, kana zvaakanzwa kwandiri, 7
uye kuti ndirege kukudzwa kubudikidza nekuwanda
kwezvakazarurwa, ndakapiwa munzwa munyama,
nhume yaSatani kuti indirove, kuti ndirege kukudzwa.
8 Maererano nechinhu ichi ndakakumbirisa Ishe
katatu kuti chibve kwandiri. 9 Zvino akati kwandiri:
Nyasha dzangu dzakakukwanira; nokuti simba rangu
rinozadziswa muutera. Naizvozvo ndichazvirumbidza
nemufaro mukuru muutera hwangu, kuti simba raKristu
rigare pamusoro pangu. 10 Naizvozvo ndinofara
muutera, mukutukwa, mukushaiwa, murushusho,
mukushungurudzwa, nekuda kwaKristu; nokuti kana
ndine utera, ipapo ndine simba. 11 Ndava benzi
ndichizvikudza; ndimwi makandimanikidza; nokuti
ini ndaifanira kuziviswa nemwi; nokuti handisariri
nepadiki kuvaapositori vakurusa, kunyange ndisiri
chinhu. 12 Zvirokwazvo zviratidzo zvemuapositori
zvakaitwa pakati penyu pamoyo murefu wese,

muzviratidzo nezvishamiso nemabasa esimba. 13
Nokuti chii chamuri pasi nacho kune amwe makereke,
kunze kwekuti ini ndomene handina kuva mutoro
kwamuri? Ndikanganwirei kusarurama uku. 14
Tarirai, ndazvigadzirira kuuya kwamuri rwechitatu,
uye handizovi mutoro kwamuri; nokuti handitsvaki
zvenyu, asi imwi; nokuti vana havafaniri kuchengetera
vabereki, asi vabereki vana. 15 Uye ndinoda nemufaro
mukuru kuparadza uye kuparadzirwa mweya yenyu,
kunyange ndichikudai zvakapamhidzirwa zvikuru,
ndinodikanwa zvishoma. 16 Asi zvakadaro, ini
handina kukuremedzai; asi zvandakange ndine mano,
ndakakubatai nekunyengera. 17 Ndakakutsvatai here
chero neumwe waivo vandakatuma kwamuri? 18
Ndakakumbira Tito, ndikatuma hama naye; Tito
wakakutsvatai here? Hatina kufamba nemumweya
umwe here? Hatinakufamba nemumakwara mamwe
here? 19 Zvekare munofunga kuti tinozvidzivirira
kwamuri here? Tinotaura pamberi paMwari muna
Kristu; asi tinotaura zvese, vadikanwi, zvekuvakwa
kwenyu. 20 Nokuti ndinotya, zvimwe pakusvika
ndikuwanei musina kuita sezvandinoda, neni
ndiwanikwe nemwi ndisina kuita sezvamunoda;
zvimwe kuvepo makakava, godo, hasha, kupesana,
kucherana, makuhwa, manyawi, mabongozozo;
21 zvimwe pakusvika kwanguzve Mwari wangu
andininipise pakati penyu, uye ndichemere vazhinji
vevakambotadza, vakasatendeuka pakusachena
neupombwe neunzenza hwavakaita.

13 Nenguva iyi yechitatu ndinouya kwamuri;
mumuromo wezvapupu zviviri uye zvitatu
shoko rega-rega ritsigirwe. 2 Ndakambokuudzai uye
ndinogara ndakuudzai, sendakange ndiripo rwechipiri,
uye ikozvino ndisipo ndinonyorera avo vakagara
vatadza, nekuvamwe vese, kuti kana ndikauyazve,
handichavaregereri. 3 Sezvo muchitsvaka uchapupu
hwaKristu anotaura mandiri, asina utera kwamuri,
asi ane simba mamuri. 4 Nokuti kunyange
akarovererwa pamuchinjikwa neutera, zvakadaro
anorarama nesimba raMwari. Nokuti isuwo tine
utera maari asi tichararama pamwe naye nesimba
raMwari kwamuri. 5 Zviongororei kana muri parutendo;
zviidzei. Kana hamuzivi here imwi, kuti Jesu Kristu
ari mamuri sei? Kunze kwekuti zvirokwazvo muri
vakaraswa. 6 Asi ndinovimba kuti muchaziva kuti
isu hatisi vakaraswa. 7 Zvino ndinonyengetera
kuna Mwari, kuti musaita chinhu chakaipa; kwete
kuti isu tiratidzike takatendeka, asi kuti imwi muite
zvakarurama, kunyange isu tive sevakaraswa. 8
Nokuti hatigoni kuita chinhu chinopesana nechokwadi,
asi chechokwadi. 9 Nokuti tinofara kana isu tine utera,
imwiwo makasimba; uye izviwo tinozvinyengeterera,
kuperera kwenyu. 10 Saka ndinonyora zvinhu
izvi ndisipo, zvimwe kana ndiripo ndingashandisa
hasha, zvichienderana nesimba Ishe raakandipa
pakuvaka, uye kwete pakuputsa. 11 Pakupedzisira,
hama, farai, muperedzerwe, munyaradzwe, muve
vemoyo umwe, garai murugare; uye Mwari werudo
nerugare achava nemwi. 12 Kwazisanai nekutsvoda
kutsvene. 13 Vatsvene vese vanokukwazisai. 14
Nyasha dzaIshe Jesu Kristu, nerudo rwaMwari,
nekudyidzana kweMweya Mutsvene, ngazvive nemwi
mese. Ameni.

# VaGaratia

1 Pauro muapositori asingabvi kuvanhu, uye
kwete nemunhu, asi naJesu Kristu, naMwari
Baba vakamumutsa kubva kuvakafa, 2 nehama
dzese dzineni, kumakereke eGaratia: 3 Nyasha
kwamuri nerugare rwunobva kuna Mwari Baba,
naIshe wedu Jesu Kristu, 4 wakazvipa nekuda
kwezvivi zvedu, kuti atisunungure panyika yakaipa
yaikozvino, maererano nechido chaMwari naBaba
vedu; **(aiōn g165)** 5 kuve nekubwinya kwaari kusvikira
rinhi narinhi. Ameni. **(aiōn g165)** 6 Ndinoshamisika
kuti munokurumidza zvakadai kubva kune uyo
wakakudanai munyasha dzaKristu, muchienda kune
imwe evhangeri; 7 isati iri imwe; asi kune vamwe
vanokutambudzai vachidawo kutsaudzira evhangeri
yaKristu. 8 Asi kunyange isu kana mutumwa anobva
kudenga akakuparidzirai evhangeri yakasiyana
neyatakaparidza kwamuri, ngaave chakatukwa. 9
Sezvatakamboreva, uye ndinorevazve ikozvino:
Kana umwe akakuparidzirai evhangeri yakasiyana
neyamakagamuchira, ngaave chakatukwa. 10 Nokuti
ikozvino ndinonyengetedza vanhu here kana Mwari?
Kana ndinotsvaka kufadza vanhu here? Nokuti kana
ndichiri kufadza vanhu, ndingadai ndisiri muranda
waKristu. 11 Asi ndinokuzivisai, hama, evhangeri
yakaparidzwa neni, kuti haina kuita seyevanhu. 12
Nokuti neni handina kuigamuchira kumunhu, uye
handina kuidzidziswa, asi nekuzarurirwa kwaJesu
Kristu. 13 Nokuti makanzwa mufambiro wangu
kwekutanga pachiJudha, kuti ndaishusha kereke
yaMwari zvikurusa sei, nekuiparadza; 14 uye
ndaibudirira pachiJudha kupfuura vazhinji vezero
rangu parudzi rwangu, ndichishingairisisa tsika
dzemadzibaba angu. 15 Asi zvakati zvafadza
Mwari, iye wakandisanangura kubva padumbu ramai
vangu, akandidana nenyasha dzake, 16 kuratidza
Mwanakomana wake mandiri, kuti ndimuparidze pakati
pevahedheni, pakarepo handina kurangana nenyama
neropa; 17 uye handina kukwira kuJerusarema
kune vakanditangira kuva vaapositori, asi ndakaenda
kuArabhiya, ndikadzokerazve kuDhamasiko. 18 Ipapo
shure kwemakore matatu ndakakwira kuJerusarema
kunoona Petro, ndikagara naye mazuva gumi
nemashanu. 19 Asi handina kuona umwe
wevaapositori, kunze kwaJakobho munin'ina waIshe.
20 Zvino zvinhu zvandinokunyorerai, tarira pamberi
paMwari, kuti handinyepi. 21 Shure kwaizvozvo
ndakaenda kumatunhu eSiriya neeKirikia. 22 Asi
ndakange ndisingazikanwi pachiso nemakereke
eJudhiya aiva muna Kristu; 23 asi vakange vanzwa
chete kuti: Waititambudza nguva dzakapfuura,
zvino woparidza rutendo rwaaimboparadza. 24
Vakarumbidzawo Mwari mandiri.

2 Shure kweizvozvo kwapfuura makore gumi nemana
ndakakwirazve kuJerusarema naBhanabhasi,
ndikatorawo naTitosi. 2 Zvino ndakakwira
nekuzarurirwa, ndokuvarondedzera evhangeri
yandinoparidza pakati pevahedheni, asi pachivande
kune vakange vachikudzwa, zvimwe ndimhanyire kana
ndakamhanyira pasina. 3 Asi kunyange Titosi waiva
neni, ari muGiriki, haana kuroverwa kuti adzingiswe;
4 uye nekuda kwehama dzenhema, vakange
vapinzwa pachivande, vakange vapinda nekunyangira
kuzoshora kusununguka kwedu kwatinako muna
Kristu Jesu, kuti vatiise muuranda; 5 vatisina
kutendera nekuzviisa pasi kunyange kweawa; kuti
chokwadi cheevhangeri chirambe chigere nemwi.
6 Asi kune vainzi chinhu (kunyange vaimbova
chii hazvirevi chinhu kwandiri; Mwari haagamuchiri
chimiro chemunhu), nokuti avo vaikudzwa havana
kundiwedzera chinhu; 7 asi zvakadaro, vakati vaona
kuti evhangeri yevasina kudzingiswa yakakumikidzwa
kwandiri, saPetro yevasina kudzingiswa, 8 (nekuti
iye wakaita nesimba kuna Petro kuvuapositori
hwekudzingiswa, wakaita nesimba nekwandiri
kuvahedheni); 9 zvino vaziva nyasha dzandakapiwa,
vanaJakobho naKefasi naJohwani, vaikudzwa kuva
mbiru, vakapa ini naBhanabhasi ruoko rwerudyi
rwekudyidzana, kuti isu tiende kuvahedheni, ivowo
kune vakadzingiswa; 10 chete kuti tirangarire varombo,
ichocho chandakashingairirawo kuita. 11 Zvino
Petro wakati asvika Andiyokiya, ndakamupikisa
pachiso, nokuti wakange ane mhosva. 12 Nokuti
vamwe vasati vasvika vaibva kuna Jakobho,
waidya nevahedheni; asi kana vasvika waisuduruka,
achizviraura, achitya vekudzingiswa. 13 Nevamwewo
VaJudha vakanyepedzera pamwe naye, zvekuti
Bhanabhasiwo wakatorwa neunyepedzeri hwavo.
14 Asi ndakati ndaona kuti havafambi zvakarurama
maererano nechokwadi cheevhangeri, ndakati kuna
Petro pamberi pevese: Kana iwe uri muJudha,
unorarama nemutoo wevahedheni, uye kwete
sezvinoita VaJudha, unoroverera sei vahedheni
kuti vararame seVaJudha? 15 Isu tiri VaJudha
pachisikirwo, uye kwete vatadzi vanobva kuvahedheni,
16 tichiziva kuti munhu haanzi wakarurama nemabasa
emurairo, asi nerutendo kuna Jesu Kristu, nesu
takatenda kuna Kristu Jesu, kuti tinzi takarurama
nerutendo kuna Kristu, uye kwete nemabasa

emurairo; nokuti nemabasa emurairo hakuna
nyama ichanzi yakarurama. 17 Asi kana isu,
tinotsvaka kunzi takarurama kuna Kristu, nesu
tomene tiwanikwe tiri vatadzi, naizvozvo Kristu
wava mushumiri wechivi here? Ngazvisadaro! 18
Nokuti kana ndikavakazve izvi zvandakaputsa,
ndinozviratidza kuva mudariki. 19 Nokuti ini nemurairo
ndakafa kumurairo, kuti ndirarame kuna Mwari. 20
Ndakarovererwa pamuchinjikwa pamwe naKristu; asi
ndinorarama; handisisiri ini, asi Kristu anorarama
mandiri; asi zvandinorarama ikozvino panyama,
ndinorarama nerutendo rweMwanakomana waMwari,
wakandida akazvipa nekuda kwangu. 21 Handishaisi
nyasha dzaMwari maturo; nokuti kana kunzi
wakarurama kunowanikwa nemurairo, saka Kristu
wakafira pasina.

**3** Haiwa VaGaratia matununu, ndiani wakakuroyai
kuti murege kuteerera chokwadi, imwi
makaratidzwa Jesu Kristu pachena pamberi pemeso,
akarovererwa pamuchinjikwa pakati penyu? 2
Ndichochi chete chandinoda kudzidza kwamuri
chekuti: Makagamuchira Mweya nemabasa emurairo
here, kana nekunzwa kwerutendo? 3 Ko muri
matununu akadai? Makatanga muMweya, zvino
mopedzisa munyama here? 4 Makatambudzika
zvikuru zvakadai pasina here? Zvakadaro pasinawo!
5 Naizvozvo iye anokupai Mweya neanoita mabasa
esimba pakati penyu, anozviita nemabasa emurairo
here, kana nekunzwa kwerutendo? 6 Abhurahama
sezvaakatenda Mwari, zvikaverengwawo kwaari
kuti kururama. 7 Naizvozvo munoziva kuti avo
verutendo, ndivo vana vaAbhurahama. 8 Nerugwaro,
rwaona zviri mberi kuti Mwari anoti vahedheni
vakarurama kubudikidza nerutendo, rwakagara
rwaparidza evhangeri kuna Abhurahama, ruchiti:
Mauri marudzi ese acharopafadzwa. 9 Naizvozvo
verutendo vanoropafadzwa pamwe naAbhurahama
wakatenda. 10 Nokuti vese vemabasa emurairo
vari pasi pekutukwa; nokuti kwakanyorwa, kuchinzi:
Wakatukwa wese asingarambiri pazvese zvakanyorwa
mubuku yemurairo kuti azviite. 11 Asi zviri pachena
kuti hakuna munhu anonzi wakarurama nemurairo
pamberi paMwari, nokuti kunonzi: Wakarurama
achararama nerutendo. 12 Zvino murairo haubvi
parutendo, asi zvinonzi: Munhu anoita zvinhu izvi
achararama mazviri. 13 Kristu wakatidzikunura
pachakatukwa chemurairo, aitirwa chakatukwa
isu, nokuti kwakanyorwa, kuchinzi: Wakatukwa
wese wakaremberera pamuti; 14 kuti ropafadzo
yaAbhurahama isvike kuvahedheni muna Kristu Jesu,
kuti tigamuchire nerutendo chivimbiso cheMweya.
15 Hama, ndinotaura nemutoo wevanhu; kunyange
sungano yevanhu yasimbiswa, hakuna munhu
anoikonesa kana kuwedzera kwairi. 16 Zvino
zvivimbiso zvakataurwa kuna Abhurahama nekumbeu
yake. Haarevi achiti: Nekumbeu dzako, sevanenge
vazhinji, asi saanenge ari mumwe, anoti: Nekumbeu
yako; inova Kristu. 17 Ndinoreva ichiwo: Sungano
yakagara yasimbiswa naMwari muna Kristu, murairo
ukazouya makore mazana mana nemakumi matatu
apfuura haungaishaisi maturo, kuti uite chivimbiso
chive chisina maturo. 18 Nokuti kana nhaka ichibva
kumurairo, haichabvi kuchivimbiso; asi Mwari
wakapa pachena Abhurahama nechivimbiso. 19 Ko
murairo chii? Wakawedzerwa nekuda kwekudarika,
kusvikira mbeu yasvika yakaitirwa chivimbiso;
wakagadzwa nevatumwa muruoko rwemurevereri. 20
Asi murevereri haasi weumwe, asi Mwari ndeumwe.
21 Ko murairo unopesana nezvivimbiso zvaMwari
here? Ngazvisadaro! Nokuti dai pakange pane
murairo wakapiwa unogona kuraramisa, zvirokwazvo
kururama kungadai kuchibva kumurairo. 22 Asi
rugwaro rwakapfigira zvese pasi pechivi, kuti
chivimbiso chinobva parutendo rwaJesu Kristu
chipiwe kune vanotenda. 23 Asi kusati kwasvika
rutendo, taichengetwa pasi pemurairo, takapfigirwa
kusvikira kurutendo rwaizozarurwa shure. 24
Saizvozvo murairo wakange uri murairidzi wedu kuna
Kristu, kuti tinzi takarurama nerutendo. 25 Asi rutendo
rwakati rwasvika, hatisisiri pasi pemurairidzi. 26 Nokuti
mese muri vana vaMwari nerutendo muna Kristu
Jesu. 27 Nokuti mese makabhabhatidzwa muna
Kristu, makapfeka Kristu. 28 Hakuna muJudha kana
muGiriki, hakuna wakasungwa kana wakasununguka,
hakuna munhurume nemunhukadzi; nokuti imwi mese
muri vamwe muna Kristu Jesu. 29 Zvino kana imwi
muri vanhu vaKristu, saka muri mbeu yaAbhurahama,
uye vadyi venhaka maererano nechivimbiso.

**4** Zvino ndinoti, mudyi wenhaka, kana achingori
mwana chete, haatongosiyani nemuranda,
kunyange ari ishe wezvese; 2 asi ari pasi pevachengeti
nevatariri kusvikira panguva yakatarwa nababa.
3 Saizvozvo nesu, patakange tiri vana, taiva
muuranda pasi pedzidziso dzekutanga dzenyika. 4
Asi apo kuzara kwenguva kwasvika, Mwari wakatuma
Mwanakomana wake, wakavapo kubva kumukadzi,
wakavapo pasi pemurairo, 5 kuti adzikunure vari pasi
pemurairo, kuti tigamuchire kuitwa vanakomana. 6 Uye
nokuti muri vanakomana, Mwari wakatuma Mweya
weMwanakomana wake mumoyo yenyu, achidanidzira

achiti: Abha, Baba! 7 Saka hausisiri muranda, asi
mwanakomana; zvino kana wava mwanakomana,
wavawo mudyi wenhaka yaMwari nemuna Kristu. 8
Asi nenguva iyo, musingazivi Mwari, maiva varanda
vevasiri vamwari pachisikirwo; 9 asi ikozvino sezvo
moziva Mwari, zvikuru sei zvamunozikanwa naMwari,
modzokerazve sei kudzidziso dzekutanga dzisina
simba dzeurombo, dzamunoshuva kuva muuranda
hwadzo zvekarezve? 10 Munochengetedza misi,
nemwedzi, nenguva, nemakore. 11 Ndinokutyirai,
zvimwe ndakashingairira pasina kwamuri. 12
Ivai seni, nokuti ini ndakaitawo semwi, hama,
ndinokukumbirisai; hamuna kutombonditadzira chinhu;
13 munozivawo kuti nemuundonda hwenyama,
ndakaparidza evhangeri kwamuri pakutanga, 14
nemuedzo wangu waiva panyama yangu hamuna
kuzvidza kana kuramba, asi makandigamuchira
semutumwa waMwari, saKristu Jesu. 15 Zvino
ropafadzo yenyu chii? Nokuti ndinokupupurirai kuti,
kana zvichibvira, mutumbure meso enyu mundipe.
16 Naizvozvo ndava muvengi wenyu nekukuudzai
chokwadi here? 17 Vanokushingairirai zvisina kunaka;
asi vanoda kukuvharirai kunze, kuti mushingairire
ivo. 18 Asi zvakanaka kushingairwa pachakanaka
nguva dzese, uye kwete pakuvapo kwangu chete. 19
Vana vangu vadiki, vandinorwadziwazve nemimba
pakubereka, kusvikira Kristu aumbwa mamuri,
20 asi ndaishuva kuvapo nemwi ikozvino, uye
kushandura inzwi rangu; nokuti ndiri mukukanganiswa
pamusoro penyu. 21 Ndiudzei, imwi munoshuva
kuva pasi pemurairo, hamunzwi murairo here? 22
Nokuti kwakanyorwa kuti Abhurahama wakange ane
vanakomana vaviri, umwe kubva kumurandakadzi,
neumwe kubva kune wakasununguka. 23 Asi
wakabva kumurandakadzi wakaberekwa panyama,
asi wakabva kune wakasununguka nechivimbiso.
24 Zvinhu izvi zvinodimikira; nokuti ava isungano
mbiri; imwe yepagomo reSinai, inoberekera uranda,
inova Agari. 25 Nokuti Agari ndiro gomo reSinai
muArabhiya, rinomiririra Jerusarema raikozvino uye
riri pauranda pamwe nevana varo. 26 Asi Jerusarema
riri kumusoro rakasununguka rinova mai vedu tese.
27 Nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Fara, iwe mhanje
isingazvari; pururudza, udanidzire, iwe usingarwadziwi
nemimba, nokuti vana vemusiiwa vazhinji kwazvo
kune veune murume. 28 Asi isu, hama, saIsaka
tiri vana vechivimbiso. 29 Asi sepanguva iyo uyo
wakaberekwa nemutoo wenyama wakamutambudza
iye wemutoo weMweya, zvakadaro kunyange ikozvino.
30 Asi rugwaro rwunoti kudini? Dzinga murandakadzi
nemwanakomana wake; nokuti mwanakomana
wemurandakadzi haangatongovi mudyi wenhaka
pamwe nemwanakomana wewakasununguka. 31
Naizvozvo, hama, hatisi vana vemurandakadzi, asi
vewakasununguka.

5 Naizvozvo mirai makasimba murusununguko Kristu
rwaakatisunungura narwo, uye musasungwazve
nejoko reuranda. 2 Tarirai, ini Pauro ndinoti kwamuri,
kuti kana muchidzingiswa, Kristu haakubatsirii
chinhu. 3 Uye ndinopupurirazve kumunhu wese
anodzingiswa, kuti ane ngava rekuita murairo wese.
4 Makasunungurwa kuna Kristu, imwi munonzi
makarurama kumurairo; makawa panyasha. 5
Nokuti isu paMweya tinomirira nerutendo tariro
yekururama. 6 Nokuti muna Kristu Jesu kudzingiswa
kana kusadzingiswa chero chinhu hazvina maturo; asi
rutendo rwunobata nerudo. 7 Manga muchimhanya
zvakanaka; ndiani wakakudzivisai kuti murege
kuteerera chokwadi? 8 Uku kukwezva hakubvi
kune anokudanai. 9 Mbiriso shoma inovirisa
bundu rese. 10 Ini ndine chivimbo nemwi muna
Ishe, kuti hamuchazorangariri chimwe chinhu;
asi uyo anokutambudzai achatakura mutongo,
angava ani. 11 Asi ini, hama, kana ndichiri
kuparidza dzingiso, ndichiri kushushirwei? Naizvozvo
chigumbuso chemuchinjikwa chabviswa. 12 Ndingati
avo vanokutambudzai vazvichekewo. 13 Nokuti
imwi makadanirwa kurusununguko, hama; chete
kwete kuti rusununguko rwuve mukana panyama,
asi nerudo shandiranai. 14 Nokuti murairo
wese unozadziswa pashoko rimwe, pane ichi:
Ude wekwako sezvaunozvida iwe. 15 Asi kana
muchirumana nekudyana, chenjerai kuti murege
kupedzwa umwe neumwe wenyu. 16 Zvino ndinoti:
Fambai muMweya, zvino hamungatongozadzisi
kuchiva kwenyama. 17 Nokuti nyama inochiva
zvinopesana neMweya, neMweya zvinopesana
nenyama; uye izvi zvinopesana; kuti musaita
zvinhu zvamunoda. 18 Asi kana muchitungamirirwa
neMweya, hamusi pasi pemurairo. 19 Zvino mabasa
enyama ari pachena, ndiwo awa: Upombwe,
ufeve, tsvina, unzenza, 20 kunamata zvifananidzo,
uroyi, ruvengo, makakava, godo, kutsamwa,
kupokana, kupatsanurana, kutsauka, 21 shanje,
umhondi, uraradzi, makaro, nezvakadai; zvandinogara
ndakuudzai sezvandakagarawo ndareva, kuti vanoita
zvakadai havazodyi nhaka yeushe hwaMwari. 22 Asi
chibereko cheMweya rudo, mufaro, rugare, moyo
murefu, moyo munyoro, kunaka, rutendo, 23 unyoro,
kuzvidzora; hakuna murairo unopikisa zvakadai. 24
Asi avo vari vaKristu vakaroverera pamuchinjikwa

nyama pamwe nehavi neruchiva. 25 Kana tichirarama
muMweya, ngatifambewo muMweya, 26 tirege
kuzvikudza kusina maturo, tichidenhana, tichiitirana
shanje.

6 Hama, kanawo munhu akawirwa nekumwe
kudarika, imwi veMweya mugadzirisei wakadai
nemweya weunyoro, uchizvichenjerera iwe, zvimwe
newe ungaidzwa. 2 Takuriranai mitoro yenyu,
saizvozvowo zadzisai murairo waKristu. 3 Nokuti
kana munhu achizviti ndiri chinhu, asati ari chinhu,
anozvinyengera. 4 Asi umwe neumwe ngaanzvere
basa rake amene, zvino ipapo achazvirumbidza
pamusoro pake amene ega, uye kwete pamusoro
peumwe. 5 Nokuti umwe neumwe achatakura
mutoro wake pachake. 6 Uye anodzidziswa
shoko ngaagovane neanodzidzisa pazvinhu zvese
zvakanaka. 7 Musanyengerwa, Mwari haasekwi;
nokuti chimwe nechimwe munhu chaanodzvara
ndichowo chaanokohwa. 8 Nokuti anodzvara kunyama
yake, achakohwa kuora kunobva panyama; asi
anodzvara kuMweya achakohwa upenyu husingaperi
hunobva kuMweya. **(aiōnios g166)** 9 Asi ngatirege
kuneta pakuita zvakanaka; nokuti nenguva yakafanira
tinozokohwa, kana tisingaori moyo. 10 Naizvozvo
zvino zvatine mukana, ngatiite zvakanaka kune
vese, zvikuruwo kune veimba yerutendo. 11 Onai
kuti akakura sei mavara andinokunyorerai nawo
nerwangu ruoko. 12 Vese vanoda kuonekera panyama,
ndivo vanokurovererai kuti mudzingiswe; chete kuti
varege kushushwa nekuda kwemuchinjikwa waKristu.
13 Nokuti kunyange ivo pachavo vakadzingiswa
havachengeti murairo, asi vanoda kuti mudzingiswe,
kuti vazvirumbidze panyama yenyu. 14 Asi
kwandiri ngakurege kuva nekuzvirumbidza, kunze
kwepamuchinjikwa waIshe wedu Jesu Kristu, naye
nyika yakarovererwa pamuchinjikwa kwandiri, neni
kunyika. 15 Nokuti muna Kristu Jesu kudzingiswa
kana kusadzingiswa hakuna maturo, asi chisikwa
chitsva. 16 Uye vese vanofamba nemurairo uyu,
rugare ngaruve pamusoro pavo, netsitsi, nepamusoro
paIsraeri waMwari. 17 Kubva ikozvino, ngakurege kuva
nemunhu anonditambudza; nokuti ini ndakatakura
pamuviri wangu rupawo rwaIshe Jesu. 18 Nyasha
dzaIshe wedu Jesu Kristu, ngadzive nomweya wenyu,
hama. Ameni.

# VaEfeso

**1** Pauro, muapositori waJesu Kristu nechido
chaMwari, kuvatsvene vari muEfeso, nekune
vakatendeka muna Kristu Jesu: 2 Nyasha kwamuri
nerugare rwunobva kuna Mwari Baba vedu uye Ishe
Jesu Kristu. 3 Ngaarumbidzwe Mwari uye Baba vaIshe
wedu Jesu Kristu, wakatiropafadza neropafadzo yese
yemweya pazvinhu zvekudenga muna Kristu; 4
sezvaakatisarudza maari pasati pava nekuvambwa
kwenyika, kuti tive vatsvene, uye vasingamhuriki
pamberi pake murudo, 5 agara atitemera mukuitwa
vana kwaari kubudikidza naJesu Kristu, sekuda
kwakanaka kwechido chake, 6 kuve rumbidzo
yekubwinya yenyasha dzake, madziri wakatiropafadza
muMudikanwi; 7 watine dzikunuro maari neropa
rake, iyo kanganwiro yekudarika, zvichienderana
nefuma yenyasha dzake, 8 dzaakawanza kwatiri
mukuchenjera kwese neungwaru, 9 azivisa kwatiri
chakavanzika chechido chake, sekushuva kwakanaka
kwake kwaakaronga pachake; 10 kuti pakubata
kwekuzara kwenguva, aunganidze pamwe zvinhu
zvese muna Kristu, zvese zviri kumatenga nezviri
panyika; 11 imo maari, muna iye matakawanawo
nhaka, yatakagara tatemerwa zvichienderana nechiga
chaiye anoita zvinhu zvese zvichienderana nezano
rechido chake, 12 kuti tive rumbidzo yekubwinya
kwake, isu takatanga kuvimba kuna Kristu; 13 nemwi
muna iye, manzwa shoko rechokwadi, evhangeri
yeruponeso rwenyu; kuna iyewo matenda kwaari
makapiwa mucherechedzo neMweya Mutsvene
wechivimbiso, 14 ari rubatso rwenhaka yedu,
rwuve rudzikunuro rwezvakawanikwa, kurumbidzo
yekubwinya kwake. 15 Naizvozvo iniwo ndakati
ndanzwa zverutendo rwenyu muna Ishe Jesu
nerudo kuvatsvene vese, 16 handiregi kukuvongerai,
ndichikurangarirai paminyengetero yangu; 17 kuti
Mwari waIshe wedu Jesu Kristu, Baba vekubwinya,
akupei mweya wekuchenjera newechakazarurwa
paruzivo pamusoro pake; 18 meso efungwa dzenyu
avhenekerwa kuti muzive kuti tariro yekudana
kwake chii, uye fuma yekubwinya kwenhaka yake
pavatsvene chii, 19 uye kuti ukuru hwakapfuvurisa
hwesimba rake kwatiri isu tinotenda chii, maererano
nekubata kweusamasimba hwesimba rake, 20
raakashandisa muna Kristu, achimumutsa kubva
kuvakafa, nokumugarisa kuruoko rwake rwerudyi
panzvimbo dzekudenga, 21 kumusoro-soro kweutongi
hwese, nesimba, neukuru, neushe, nezita rega-rega
rinodanwa, kwete kwenguva ino chete, asi kune
inouyawo; (aiōn g165) 22 akaisawo zvese pasi petsoka
dzake, akamupa kuva musoro pamusoro pezvese
kukereke, 23 ndiwo muviri wake, kuzara kwaiye
anozadzisa zvese mune zvese.

**2** Wakakuraramisai, imwiwo makange makafa
mukudarika nemuzvivi, 2 izvo zvamaifamba
mazviri kare maererano nenzira yenyika ino,
maererano nenzira dzemutungamiriri wesimba
redenga, dzemweya unobata zvino muvana
vekusateerera; (aiōn g165) 3 vataifamba tesewo
pakati pavo kare mukuchiva kwenyama yedu, tichiita
kuda kwenyama nekwefungwa, uye pachisikirwo
taiva vana vekutsamwirwa, sevamwewo. 4 Asi
Mwari, wakafuma panyasha, nekuda kwerudo rwake
rukuru rwaakatida narwo, 5 kunyange takange
takafa mukudarika, wakatiraramisa pamwe naKristu
(makaponeswa nenyasha); 6 akatimutsa pamwe naye,
akatigarisa pamwe naye kunzvimbo dzekudenga
muna Kristu Jesu; 7 kuti nenguva dzinouya aratidze
fuma hurusa yenyasha dzake muunyoro kwatiri
muna Kristu Jesu. (aiōn g165) 8 Nokuti nenyasha
makaponeswa nerutendo, uye izvi hazvibvi kwamuri;
chipo chaMwari; 9 hazvibvi pamabasa, kuti kusava
neanozvikudza. 10 Nokuti tiri basa rake, takasikirwa
mabasa akanaka muna Kristu Jesu, Mwari aakagara
agadzira, kuti tifambe maari. 11 Naizvozvo rangarirai
kuti imwi maimbova vahedheni munyama, vanonzi
kusadzingiswa nechinonzi kudzingiswa munyama
kunoitwa nemaoko, 12 kuti panguva iyo makange
musina Kristu, muri vatorwa paubwo hwaIsraeri, uye
vatorwa pasungano dzechivimbiso, musina tariro,
uye musina Mwari panyika. 13 Asi ikozvinowo muna
Kristu Jesu, imwi maimbova kure, mava pedo neropa
raKristu. 14 Nokuti ndiye rugare rwedu, iye wakaita
zviviri zvive chimwe, uye wakaputsa mudhuri wapakati
wekuparadzanisa, 15 aparadza munyama yake
ruvengo, iwo mutemo wemirairo pazviga, kuti asike
maari vaviri vave munhu umwe mutsva, aite rugare,
16 uye ayananise vaviri kuna Mwari mumuviri umwe
kubudikidza nemuchinjikwa, auraya ruvengo nawo, 17
uye wakasvika akaparidza rugare kwamuri imwi maiva
kure, nekune avo vaiva pedo; 18 nokuti kubudikidza
naye tese tine mapindiro neMweya umwe kuna Baba.
19 Naizvozvo zvino hamusisiri vaeni uye vatorwa,
asi vebwo pamwe nevatsvene uye veimba yaMwari.
20 Makavakwa pamusoro penheyo dzevaapositori
nevaporofita, Jesu Kristu amene ari ibwe repakona.
21 Maari imba yese yakabatanidzwa ikure ive tembere
tsvene muna Ishe. 22 Maari nemwiwo makavakwa
pamwe muve ugaro hwaMwari muMweya.

3 Nemhaka yeizvi, ini Pauro, musungwa waKristu
Jesu nekuda kwenyu vahedheni, 2 kana
zvirokwazvo makanzwa nezvekushandiswa
kwenyasha dzaMwari dzakapiwa kwandiri pamusoro
penyu, 3 kuti sechakazarurwa wakandizivisa
chakavanzika, sezvandakambonyora nemashoko
mashoma; 4 naizvozvo kana muchirava, munogona
kunzwisisa ruzivo rwangu muchakavanzika chaKristu;
5 icho pane mamwe mazera chisina kuziviswa
kuvanakomana vevanhu, sezvachozarurwa ikozvino
kuvaapositori vake vatsvene nevaporofita muMweya;
6 kuti vahedheni vave vadyi venhaka pamwe
nesu uye vemuviri umwe nevagovani vechivimbiso
chake muna Kristu kubudikidza neevhangeri, 7
yandakaitwa nayo mushumiri zvichienderana nechipo
chenyasha dzaMwari chakapiwa kwandiri nekubata
kwesimba rake. 8 Kwandiri ndiri mudiki kumudikisa
wevatsvene vese, nyasha idzi dzakapiwa, kuti
ndiparidze pakati pevahedheni fuma isinganzvereki
yaKristu, 9 nekuita kuti vese vaone kuti kudyidzana
kwakadini kwechakavanzika chakange chakavigwa
muna Mwari kubva pakuvamba kwenyika, wakasika
zvinhu zvese kubudikidza naJesu Kristu, **(aiōn g165)**
10 kuti ikozvino kuchenjera kwakasiyana-siyana
kwaMwari kuziviswe nekereke paushe nepamasimba
panzvimbo dzekudenga, 11 sechiga chekusingaperi
chaakatema muna Kristu Jesu Ishe wedu; **(aiōn
g165)** 12 maari tine kutsunga nekupinda nechivimbo,
nerutendo rwake. 13 Naizvozvo ndinokumbira
kuti murege kuora moyo pamatambudziko angu
pamusoro penyu, ndiwo kurumbidzwa kwenyu.
14 Nekuda kweizvozvi ndinofugama mabvi angu
kuna Baba vaIshe wedu Jesu Kristu, 15 rudzi
rwese rwuri kumatenga nepanyika rwunotumidzwa
mavari, 16 kuti vakupei, zvichienderana nefuma
yekubwinya kwavo, musimbiswe musimba neMweya
wake mumunhu wemukati, 17 kuti Kristu agare
pamoyo yenyu nerutendo; mune midzi uye makateiwa
nheyo murudo, 18 kuti mugone kwazvo kunzwisisa
pamwe nevatsvene vese, kuti kufara, nekureba,
nekukwirira, nekudzika chii, 19 nekuziva rudo
rwaKristu rwunopfuura ruzivo, kuti muzadzwe
mukuzara kwese kwaMwari. 20 Zvino kune ane
simba rekuita zvikuru kwazvo zvinopfuura zvese
zvatinokumbira kana kufunga, maererano nesimba
rinobata matiri, 21 kwaari ngakuve nekubwinya
mukereke naKristu Jesu kusvikira kumarudzi ese
narinhi narinhi. Ameni. **(aiōn g165)**

4 Naizvozvo ndinokukumbirisai, ini musungwa
muna Ishe, kuti mufambe zvakafanira kudanwa
kwamakadanwa nako, 2 pamwe nekuzvininipisa
kwese neunyoro, nemoyo murefu, muchiitirana moyo
murefu murudo, 3 muchishingaira kuchengeta umwe
hweMweya muchisungo cherugare. 4 Kune muviri
umwe uye Mweya umwe, sezvamakadanwawo
mutariro imwe yekudanwa kwenyu; 5 Ishe umwe,
rutendo rumwe, rubhabhatidzo rwumwe, 6 Mwari
umwe naBaba vevese, ari pamusoro pevese,
uye kubudikidza nevese, nekwamuri mese. 7 Asi
kune umwe neumwe wedu kwakapiwa nyasha
zvichienderana nechiyero chechipo chaKristu. 8
Naizvozvo anoti: Paakakwira kumusoro, wakatapa
utapwa, akapa zvipo kuvanhu. 9 Zvino izvi kuti:
Wakakwira, chii kunze kwekuti wakaburukawo
pakutanga kunzvimbo dzakaderera dzenyika? 10
Wakaburuka ndiyewo wakakwira kumusoro-soro
kwematenga ese, kuti azadzise zvinhu zvese.
11 Zvino iye wakapa vamwe kuva vaapositori,
nevamwe vaporofita, nevamwe vaevhangeri,
nevamwe vafudzi nevadzidzisi, 12 kuitira kukwaniswa
kwevatsvene, pabasa reushumiri, pakuvakwa
kwemuviri waKristu; 13 kusvikira tese tasvika
paumwe hwerutendo, nehweruzivo rweMwanakomana
waMwari, pamurume wakazara, pachiyero chechimiro
chekuzara kwaKristu; 14 kuti tisazova vacheche,
vanodzungaidzwa nemafungu kuenda nekudzoka
nekupepereswa nemhepo ipi neipi yedzidziso,
nekunyengera kwevanhu, pakunyengera, kumano
ekutsauka; 15 asi titaure chokwadi murudo, tigokura
maari pazvinhu zvese, iye musoro, Kristu; 16
kunobva kwaari muviri wese, wakabatanidzwa
pamwe zvakaringana nekuumbanidzwa, kubudikidza
nemudemhe-mudemhe wefundo rimwe nerimwe,
zvichienderana nemashandiro muchiero chenhengo
imwe neimwe achikurisa muviri pakuvakwa kwawo
murudo. 17 Naizvozvo ndinoreva ichi, nekupupura
muna Ishe, kuti imwi kubva zvino musachifamba
sevamwe vahedheni vanofamba mukushaya maturo
kwefungwa yavo, 18 vakasvibiridzwa mufungwa, vari
vatorwa paupenyu hwaMwari nekuda kwekusaziva
kuri mukati mavo, nekuda koukukutu hwemoyo yavo;
19 ivo vakazvipa vatindivara kuunzenza, kuti vabate
utsvina hwese neruchiva. 20 Asi imwi hamuna
kudzidza Kristu saizvozvo, 21 kana zvakadaro
makamunzwa nekudzidziswa maari, sezvo chokwadi
chiri muna Jesu; 22 kuti murase zvinoenderana
nemufambiro wekutanga, munhu wekare, anoodzwa
nekuchiva kwekunyengera; 23 uye muvandudzwe
mumweya wefungwa yenyu, 24 uye kuti mufuke
munhu mutsva, wakasikwa maererano naMwari
mukururama neutsvene hwechokwadi. 25 Naizvozvo

muchiisa nhema parutivi, mutaure chokwadi umwe
neumwe kune umwe wake; nokuti tiri mitezo,
umwe weumwe. 26 Tsamwai musingatadzi; zuva
ngarirege kuvira pamusoro pekutsamwa kwenyu;
27 uye musapa dhiabhorosi nzvimbo. 28 Wakaba
ngaarege kubazve; asi zviri nani kuti abate nesimba
chinhu chakanaka nemaoko, kuti ave nechaangapa
anoshaiwa. 29 Shoko ripi zvaro rakaora ngaririrege
kubuda mumuromo menyu, asi chero kana rakanakira
kuvaka sezvakafanira, kuti ripe nyasha kune
vanonzwa. 30 Uye regai kushungurudza Mweya
Mutsvene waMwari, wamakaiswa mucherechedzo
maari kusvikira pazuva redzukunuro. 31 Shungu
dzese, nehasha, nekutsamwa, nekupopota, nekutuka
ngazvibviswe kwamuri neuipi hwese; 32 asi
ivai nemoyo munyoro umwe kune mumwe,
muchinzwira tsitsi, muchikanganwirana, Mwari
sezvaakakukanganwiraiwo muna Kristu.

5 Naizvozvo ivai vateveri vaMwari, sevana
vanodikanwa; 2 uye fambai murudo, Kristu
sezvaakatidawo, akazvipa nekuda kwedu, ave chipo
nechibairo kuna Mwari zvive hwema hunonhuhwira. 3
Asi upombwe netsvina yese kana kuchiva ngazvirege
kutongorehwa pakati penyu, sezvinofanira vatsvene;
4 neunzenza, nekutaura kweupenzi, kana kunemera,
zvinhu zvisina kufanira; asi zviri nani kuvonga. 5 Nokuti
munozviziva izvi, kuti mhombwe yega-yega, kana
munhu asina kuchena, kana munhu anochiva, anova
munamati wezvifananidzo, haana nhaka muushe
hwaKristu nehwaMwari. 6 Ngakurege kuva nemunhu
unokunyengerai nemashoko asina maturo; nokuti
nekuda kwezvinhu izvi kutsamwa kwaMwari kunouya
pamusoro pevana vekusateerera. 7 Naizvozvo
regai kuva vagovani navo. 8 Nokuti maimbova
rima, asi ikozvino mava chiedza muna Ishe; fambai
sevana vechiedza. 9 Nokuti chibereko cheMweya
chiri mukunaka kwese nekururama nechokwadi,
10 muchiongorora zvinofadza kuna Ishe; 11 uye
musadyidzana nemabasa erima asina zvibereko, asi
zviri nani mutsiurewo; 12 nokuti zvinhu zvinoitwa navo
pakavanda zvinonyadzisa kunyange kutaura. 13 Asi
zvinhu zvese zvinotsiurwa zvinoratidzwa nechiedza;
nokuti zvese zvinoratidzwa chiedza. 14 Naizvozvo
anoti: Simuka iwe urere, uye muka kubva kuvakafa,
zvino Kristu achakuvhenekera. 15 Naizvozvo chenjerai
kuti munofamba sei nekuchenjerera, kwete semapenzi
asi sevakachenjera; 16 muchidzikunura nguva, nokuti
mazuva akaipa. 17 Naizvozvo musava matununu,
asi vanonzwisisa zviri kuda kwaIshe. 18 Uye regai
kuraradza newaini, makuri mune bongozozo guru, asi
zadzwai neMweya, 19 muchitaurirana nemapisarema
nenziyo, nenziyo dzeMweya, muchiimba nekuita
mutinhimira mumoyo yenyu kuna Ishe, 20 muchipa
kuvonga nguva dzese pamusoro pezvinhu zvese
kuna Mwari naBaba, muzita raIshe wedu Jesu
Kristu, 21 muchizviisa pasi umwe kune umwe
mukutya Mwari. 22 Vakadzi, zviisei pasi pevarume
venyu pachenyu, sekuna Ishe, 23 nokuti murume
musoro wemukadzi, saKristuwo ari musoro wekereke,
uye ndiye Muponesi wemuviri. 24 Asi kerekewo
sezvairi pasi paKristu, saizvozvowo vakadzi kuvarume
vavo pachavo pachinhu chese. 25 Varume, idai
vakadzi venyu pachenyu, Kristu sezvaakadawo
kereke, akazvipa nekuda kwayo; 26 kuti aiite
tsvene ainatse nekusuka kwemvura neShoko, 27
kuti aikumikidze kwaari, kereke inobwinya isina
gwapa kana kuwonyana, kana chimwe chezvakadai,
asi kuti ive tsvene isina chaingapomerwa. 28
Saizvozvo varume vanofanira kuda vakadzi vavo
pachavo semiviri yavo pachavo. Anoda mukadzi
wake pachake, anozvida iye. 29 Nokuti hakuna
wakatongovenga nyama yake pachake, asi anoifunda
nekuchengetedza, sezvinoita Ishewo kukereke; 30
nokuti isu tiri mitezo yemuviri wake, yenyama
yake neyemafupa ake. 31 Nekuda kweizvozvi
munhu achasiya baba namai vake, ndokubatanidzwa
kumukadzi wake; uye ava vaviri vachava nyama imwe.
32 Chakavanzika ichi chikuru, asi ndinotaura zvaKristu
nezvekereke. 33 Asi imwiwo umwe neumwe pachake
ngaade mukadzi wake pachake sezvaanozvida iye;
nemukadzi aone kuti atye murume.

6 Vana, teererai vabereki venyu muna Ishe; nokuti
izvi zvakarurama. 2 Kudza baba vako namai,
unova murairo wekutanga une chivimbiso, 3 kuti
zvikunakire, uye urarame nguva refu panyika. 4
Nemwi vana baba, musatsamwisa vana venyu,
asi varerei pakuranga nekutsiura kwaIshe. 5
Varanda, teererai vatenzi venyu panyama, nekutya
nekudedera, nemoyo wenyu wakarurama sekuna
Kristu; 6 kwete nekushandira maziso, sevafadzi
vevanhu, asi sevaranda vaKristu, vanoita kuda
kwaMwari kubva pamoyo; 7 muchishanda nechido
chakanaka sekuna Ishe uye kwete kuvanhu; 8
muchiziva kuti chinhu chipi nechipi chakanaka umwe
neumwe chaanoita, achagamuchira ichochi kuna
Ishe, kana muranda, kana wakasununguka. 9 Nemwi
madzitenzi, itai zvinhu zvimwezvo kwavari, muchirega
kuvhundudzira; muchiziva kutiwo Tenzi wenyu
pachenyu uri kumatenga; uye kwaari hakuna rusarura
rwevanhu. 10 Pakupedzisira hama dzangu, simbai

muna Ishe, nemukugwinya kwesimba rake. 11 Shongai
zvombo zvese zvaMwari, kuti mugone kumirisana
nemano adhiabhorosi; 12 nokuti hatirwisani neropa
nenyama, asi neutongi, nemasimba, nevatungamiriri
verima renyika ino, nemweya yakaipa kunzvimbo
dzekumatenga. **(aiōn g165)** 13 Saka torai zvombo
zvese zvaMwari kuti mugone kuramba mumire
pazuva rakaipa, maita zvese, mumire. 14 Naizvozvo
mirai, zvivuno zvenyu zvakasungwa nechokwadi,
makapfeka chidzitiro chechifuva chekururama, 15 uye
makasunga tsoka negadziriro yeevhangeri yerugare;
16 pamusoro pezvese matora nhoo yerutendo,
yamungagona kudzima nayo miseve yese inopfuta
yewakaipa. 17 Uye torai ngowani yeruponeso,
nemunondo weMweya, unova shoko raMwari; 18
muchinyengetera nguva dzese nemunyengetero
wese nemukumbiro muMweya, muchirinda pazvinhu
izvi nekutsungirira kwese nekukumbirira vatsvene
vese, 19 nepamusoro pangu, kuti shoko ripiwe
kwandiri pakushamisa muromo wangu neushingi
kuti ndidudzire zvakavanzika zveevhangeri, 20
yandiri nhume yayo mumaketani, kuti mairi nditaure
ndisingatyi, sezvandinofanira kutaura. 21 Asi kuti
imwiwo muzive zvakanangana neni, kuti ndinoitei,
Tikiko hama inodikanwa, nemushumiri wakatendeka
muna Ishe, achakuzivisai zvinhu zvese; 22
wandakatuma kwamuri nechinangwa ichi, kuti muzive
zvakanangana nesu, uye anyaradze moyo yenyu. 23
Rugare kuhama, nerudo pamwe nerutendo rwunobva
kuna Mwari Baba naIshe Jesu Kristu. 24 Nyasha
ngadzive nevese vanoda Ishe wedu Jesu Kristu
nekusingaperi. Ameni.

# VaFiripi

1 Pauro naTimotio, varanda vaJesu Kristu,
kuvatsvene vese muna Kristu Jesu vari paFiripi,
pamwe nevatungamiriri nevadhikoni: 2 Nyasha
kwamuri, nerugare rwunobva kuna Mwari Baba
vedu nekuna Ishe Jesu Kristu. 3 Ndinovonga Mwari
wangu pakukurangarirai nguva dzese, 4 nguva
dzese pamunyengetero wangu wega-wega pamusoro
penyu mese ndichiita munyengetero nemufaro, 5
nekuda kwekudyidzana kwenyu muevhangeri kubva
zuva rekutanga kusvikira ikozvino; 6 ndichivimba
chinhu ichi, kuti wakatanga basa rakanaka mamuri,
acharipedzisa kusvikira zuva raJesu Kristu; 7
sezvazvakandinakira kufunga izvi pamusoro penyu
mese, nokuti ndinemwi mumoyo zvekuti zvese
muzvisungo zvangu nemukutavirira nekusimbisa
kweevhangeri, imwi mese muri vagovani pamwe
neni venyasha. 8 Nokuti Mwari ndiye chapupu
changu, kuti ndinokushuvai mese zvikuru sei muura
hwaJesu Kristu. 9 Uye izvi ndinonyengetera, kuti
rudo rwenyu rwurambe rwuchiwandisisa paruzivo
nekunzwisisa kwese, 10 kuti mutende zvinhu
zvakanakisisa, kuti muve vakarurama nevasine
mhosva, kusvikira zuva raKristu, 11 makazadzwa
nezvibereko zvekururama zvinouya naJesu Kristu,
pakubwinya nekurumbidzwa kwaMwari. 12 Zvino
ndinoda kuti muzive, hama, kuti zvinhu zvakandiwira
zvakaita zvikuru kufambira mberi kweevhangeri; 13
zvekuti zvisungo zvangu muna Kristu zvinoratidzwa
pamuzinda wese nekuvamwe vese. 14 Nevazhinji
vehama muna Ishe, vavimbiswa nezvisungo zvangu,
vonyanya kutsunga kutaura shoko raMwari vasingatyi.
15 Vamwe zvirokwazvo vanoparidza Kristu kunyange
negodo negakava, nevamwewo nemoyo wakanaka;
16 vamwe vanoparidza Kristu nenharo, kwete
pauchokwadi, vachifunga kuti vawedzere marwadzo
pazvisungo zvangu. 17 Asi vamwe vanoita
nerudo, vachiziva kuti ndakagadzirwa kutavirira
evhangeri. 18 Zvino chii? Kunyange zvakadaro kunzira
dzese, kana mumano-mano kana muchokwadi,
Kristu anoparidzwa, uye ndinofara mazviri, hongu
ndichazofarazve. 19 Nokuti ndinoziva kuti izvi
zvichashandukira kwandiri kuva ruponeso kubudikidza
nemunyengetero wenyu, nerubatsiro rweMweya
waJesu Kristu, 20 zvichienderana nekutarisira kwangu
kukuru netariro, kuti handinganyadziswi pachinhu
asi neushingi hwese samagariro uye ikozvino Kristu
achakudzwa mumuviri wangu, kana neupenyu, kana
nerufu. 21 Nokuti kwandiri kurarama ndiKristu, uye
kufa mubairo. 22 Asi kana kurarama panyama chiri
chibereko chebasa rangu; zvino zvandichasarudza
handizivi. 23 Nokuti ndiri mukumanikidzwa pakati
pezviviri, ndine chishuwo chekubva nekuva naKristu,
zvinopfuurisa pakunaka; 24 asi kugara munyama
kunonyanyisa kudiwa nekuda kwenyu. 25 Zvino ndine
chivimbo ichi, ndinoziva kuti ndichagara, ndicharamba
ndigere nemwi mese, pakupfuurira kwenyu mberi,
uye mufaro werutendo, 26 kuti kuzvirumbidza
kwenyu kuwande muna Kristu Jesu pamusoro pangu
kubudikidza nekuvapo kwangu kwamurizve. 27 Chete
fambai zvakafanira evhangeri yaKristu, kuti kunyange
ndikauya ndikakuonai, kunyange kusavapo, ndinzwe
nyaya dzenyu kuti mumire nesimba mumweya
umwe, nemoyo umwe muchirwira pamwe rutendo
rweevhangeri; 28 uye musingatyityidzirwi nevanopikisa
pachinhu chimwe; ndicho chiratidzo chekuparadzwa
kwavari, asi kwamuri cheruponeso, uye icho chinobva
kuna Mwari. 29 Nokuti kwamuri kwakapiwa pachena
pachinzvimbo chaKristu, kwete kutenda kwaari kwega,
asi kumutambudzikirawo; 30 mune kurwa kumweko
sekwamakaona mandiri, nekunzwa ikozvino mandiri.

2 Naizvozvo kana kune imwe kurudziro kuna
Kristu, kana imwe nyaradzo yerudo, kana kumwe
kudyidzana kweMweya, kana mune umwe moyo
munyoro nemukunzwira tsitsi, 2 zadzisai mufaro
wangu, kuti muve nefungwa imwe, muve nerudo
rumwe, nemweya umwe, nendangariro imwe; 3
musingaiti chinhu nenharo kana nekuzvikudza kusina
maturo, asi mukuzvininipisa kwemoyo umwe neumwe
achikudza vamwe kukupfuurai pakunaka; 4 umwe
neumwe ngaarege kutarira zvake, asi umwe neumwe
zvinhu zvevamwewo. 5 Nokuti fungwa iyi ngaive
mamuri, yakange iri muna Kristu Jesuwo; 6 iye ari
muchimiro chaMwari, haana kurangarira kuti kuenzana
naMwari kupamba; 7 asi wakazviita asina maturo,
akatora chimiro chemuranda, akava mumufananidzo
wevanhu; 8 akati awanikwa muchimiro chemunhu,
akazvininipisa, akava wakateerera kusvikira parufu,
irwo rufu rwemuchinjikwa. 9 Naizvozvo Mwariwo
wakamukudza zvikuru, akamupa zita rinopfuura
zita rimwe nerimwe; 10 kuti muzita raJesu ibvi
rese rifugame, revekudenga nevepanyika, nevepasi
penyika, 11 uye rurimi rwega-rwega rwupupure kuti
Jesu Kristu ndiye Ishe, kuve rumbidzo yaMwari Baba.
12 Naizvozvo, vadikanwi vangu, sezvamakateerera
nguva dzese, kwete sepakuvapo kwangu chete, asi
ikozvino kunyanyisa pakusavapo kwangu, shandai
ruponeso rwenyu pachenyu nekutya nekudedera;
13 nokuti ndiMwari anoshanda mamuri, zvese kuda

nekuita nekuda kwechido chake chakanaka. 14 Itai
zvinhu zvese musinganyunyuti nekupikisana; 15 kuti
muve vakachena uye vasina chavangapomerwa,
vana vaMwari vasina gwapa pakati perudzi
rwakakombama nekutsauka, vamunopenya pakati
pavo sezviedza munyika, 16 muchitaridza shoko
reupenyu, pakuzvikudza kwangu nezuva raKristu,
kuti handina kumhanya pasina, kana kushanda
pasina. 17 Asi kana neni ndikadururwa sechibairo
chinodururwa pamusoro pechibairo nebasa rerutendo
rwenyu, ndinofara uye ndinofara nemwi mese. 18
Nekuda kweizvozvi imwiwo mufare uye mufare
pamwe neni. 19 Asi ndinovimba muna Ishe Jesu
kutumira Timotio kwamuri nekukurumidza, kuti iniwo
ndifare pandinoziva zviri maererano nemwi. 20
Nokuti handina munhu ane fungwa yakadaro, achava
nehanya zvirokwazvo nezvenyu. 21 Nokuti vese
vanozvitsvakira zvavo, kwete zvinhu zviri zvaKristu
Jesu. 22 Asi munoziva kutendeka kwake, kuti
semwana kuna baba wakashanda pamwe neni
paevhangeri. 23 Zvino ndiye wandinotarisira kutumira
kwamuri pakarepo, kana ndaona zvakanangana neni;
24 asi ndinovimba muna Ishe kuti iniwo ndomene
ndichakurumidza kuuya. 25 Asi ndakaona zvakafanira
kutuma kwamuri Epafrodito, hama, nemushandi
pamwe neni neuto pamwe neni, asi nhume yenyu
nemushumiri wekushaiwa kwangu; 26 sezvo akange
achikushuvai mese, uye akatambudzika, nokuti
makange manzwa kuti wakange achirwara. 27 Nokuti
zvirokwazvo wakange achirwara ari pedo nekufa; asi
Mwari wakamunzwira tsitsi; kwete iye ega, asi neni,
kuti ndirege kuva neshungu pamusoro peshungu. 28
Naizvozvo ndakashingaira zvikuru kumutuma, kuti
kana momuonazve mufare, neni shungu dzangu
dziderere zvikuru. 29 Naizvozvo mugamuchirei
muna Ishe nemufaro wese, uye mubate vakadai
neruremekedzo; 30 nokuti nekuda kwebasa raKristu
wakaswedera pakufa, asingarangariri upenyu hwake,
kuti akwanise kushaiwa kundishumira kwenyu.

**3** Pakupedzisira, hama dzangu, farai muna Ishe.
Kukunyorerai zvinhu zvimwechetezvo, kwandiri
zvirokwazvo hazvinetesi, asi kwamuri zvinokusimbisai.
2 Chenjererai imbwa, chenjererai vabati vakaipa,
chenjererai vekucheka; 3 nokuti isu tiri kudzingiswa,
vanonamata Mwari muMweya, tichizvirumbidza
muna Kristu Jesu, uye tisingavimbi nenyama; 4
kunyange ini ndingavawo nechivimbo munyama;
kana umwewo achifunga kuvimba nenyama, zvikuru
ini; 5 ndakadzingiswa nezuva rerusere, ndiri werudzi
rwaIsraeri, wedzinza raBhenjamini, muHebheru
weVaHebheru; zviri zvemurairo ndiri muFarisi; 6
maererano nekushingaira ndichishusha kereke;
maererano nekururama kuri mumurairo ndisina
chandingapomerwa. 7 Asi zvinhu zvaiva mubairo
kwandiri, ndizvo zvandakaverenga kuva kurasikirwa
nekuda kwaKristu. 8 Hongu zvirokwazvo, uye
ndinoverenga zvinhu zvese kuva kurasikirwa nekuda
kwekunakisisa kweruzivo rwaKristu Jesu Ishe wangu,
wandakarasikirwa nezvinhu zvese nekuda kwake,
ndikazviidza kuva marara, kuti ndiwane Kristu; 9
uye ndiwanikwe maari, ndisina kururama kwangu
kunobva kumurairo, asi kunobudikidzwa nerutendo
rwaKristu, kururama kunobva kuna Mwari nerutendo;
10 kuti ndimuzive iye, nesimba rekumuka kwake,
nekudyidzana kwematambudziko ake, nditodze kufa
kwake, 11 kana zvingagoneka ndisvike pakumuka
kwevakafa. 12 Handirevi kuti ndakatochiwana,
kana ndakatokwaniswa, asi ndinoteverera, kuti
ndichibatewo, chandakabatirwawo naKristu Jesu. 13
Hama, ini handizviverengi kuti ndachibata, asi ndinoita
chinhu chimwe, ndichikanganwa zvinhu zviri shure,
ndichinanavira zvinhu zviri mberi, 14 ndinoteverera
kuchinangwa, kumubairo wekudana kwekumusoro
kwaMwari muna Kristu Jesu. 15 Naizvozvo isu tese
takakwana, ngative nemufungo uyu; uye kana zvimwe
mune umwe mufungo, Mwari achakuratidzai kunyange
izvi. 16 Asi pane patasvika, ngatifambe nemurairo
iwoyu tifunge chinhu ichochi. 17 Hama, ivai vatevedzeri
vangu pamwe, natsai kutarira avo vanofamba
saizvozvo sezvamakava nesu semuenzaniso. 18
Nokuti vazhinji vanofamba, vandakakuudzai nezvavo
kazhinji, nazvino ndinokuudzai kunyange nekuchema,
vavengi vemuchinjikwa waKristu; 19 kuguma
kwavo kuparadzwa, mwari wavo idumbu ravo, uye
kurumbidzwa kuri mukunyadzwa kwavo, vanofunga
zvenyika. 20 Nokuti ubwo hwedu huri kumatenga, uko
kwatakatariririrawo kuti Muponesi achabva, Ishe Jesu
Kristu; 21 uyo achavandudza muviri wekuninipiswa
kwedu, kuti ufananidzwe nemuviri wekubwinya kwake,
nesimba iro raanogonawo naro kuisa zvinhu zvese
pasi pake.

**4** Naizvozvo, hama dzangu vadikanwi vanoshuviwa,
mufaro wangu nekorona, saizvozvo mirai nesimba
muna Ishe, vadikanwi. 2 Ndinokumbirisa Yuodhia,
uye ndinokumbirisa Sindike, kuti vave nemurangariro
umwe muna Ishe. 3 Uye ndinonyengerera iwewo,
umwe wangu wechokwadi pabasa, batsira vanhukadzi
vaya, vakabatirana neni paevhangeri, pamwe
naKiremendi, nevamwe vakabata neni, mazita
avo ari mubhuku reupenyu. 4 Farai muna

Ishe nguva dzese; ndinotizve: Farai. 5 Unyoro
hwenyu ngahuzikanwe kuvanhu vese. Ishe ari
pedo. 6 Musafunganya pamusoro pechinhu, asi
pazvinhu zvese, nemunyengetero nemukumbiro
nekuvonga, zvichemo zvenyu ngazvizikanwe kuna
Mwari, 7 zvino rugare rwaMwari rwunopfuura
kunzwisisa kwese, rwuchachengeta moyo yenyu
nemifungo yenyu muna Kristu Jesu. 8 Pakupedzisira,
hama, chese chechokwadi, chese chinokudzwa,
chese chakarurama, chese chakachena, chese
chinodikanwa, chese chinorumbidzwa, kana kunaka
kupi nekupi, uye kana chingarumbidzwa chipi nechipi,
fungai zvinhu izvi; 9 nezvamakadzidza nekugamuchira
nekunzwa nekuona mandiri, itai izvozvo; naMwari
werugare achava nemwi. 10 Asi ndakafara zvikuru
muna Ishe, kuti ikozvino makatomutsiridzazve
kundirangarira; kwamaindirangarirawo nako, asi
makashaiwa mukana. 11 Kwete kuti ndinotaura
izvi nekuda kwekushaiwa, nokuti ini ndadzidza
kugutsikana nezvinhu zvandiri. 12 Ndinoziva zvese
kuzvidzwa, uye ndinoziva kuva nezvakawandisa;
papi nepapi nepazvinhu zvese ndakadzidziswa zvese
kuguta nekunzwa nzara, zvese kuva nezvizhinjisa
nekushaiwa. 13 Ndinogona kuita zvinhu zvese
kubudikidza naKristu anondisimbisa. 14 Kunyange
zvakadaro makaita zvakanaka zvamakabatana neni
pakutambudzika kwangu. 15 Zvino munozivawo imwi
VaFiripi, kuti pakutanga kweevhangeri, pandakabva
kuMakedhonia, hapana kereke yakadyidzana neni
pashoko rekupa nekugamuchira, asi imwi mega;
16 nokuti kunyange paTesaronika makatumira
kamwe nekupamha pakushaiwa kwangu. 17
Kwete kuti ndinotsvaka chipo, asi ndinotsvaka
chibereko chinowedzera kuchikwama chenyu. 18
Zvino ndagamuchira zvese uye ndawanzirwa;
ndaguta, ndagamuchira kuna Epafrodito zvinhu
zvinobva kwamuri, hwema hwezvinonhuhwira,
chibairo chinogamuchirwa, chinofadza Mwari. 19
Asi Mwari wangu achazadzisa kushaiwa kwenyu
kwese zvichienderana nefuma yake mukubwinya,
muna Kristu Jesu. 20 Zvino kuna Mwari naBaba vedu,
ngakuve nekubwinya kusvikira rinhi narinhi. Ameni.
**(aiōn g165)** 21 Kwazisai mutsvene umwe neumwe
muna Kristu Jesu. Hama dzineni dzinokukwazisai.
22 Vatsvene vese vanokukwazisai, zvikuruwo avo
veimba yaKesari. 23 Nyasha dzaIshe wedu Jesu
Kristu ngadzive nemwi mese. Amen.

# VaKorose

1 Pauro muapositori waJesu Kristu nechido
chaMwari, naTimotio hama, 2 kuvatsvene nehama
dzakatendeka muna Kristu dziri paKorose: Nyasha
kwamuri nerugare rwunobva kuna Mwari Baba vedu
naIshe Jesu Kristu. 3 Tinovonga Mwari naBaba
vaIshe wedu Jesu Kristu, tichikunyengetererai nguva
dzese, 4 sezvo takanzwa zverutendo rwenyu muna
Kristu Jesu, uye zverudo kuvatsvene vese, 5 nekuda
kwetariro yakaisirwa imwi kumatenga, yamakagara
manzwa pashoko rechokwadi cheevhangeri, 6
yasvika kwamuri sepanyika yesewo; ichibereka
chibereko, sezvainoitawo kwamuri, kubvira pazuva
ramakanzwa nekuziva nyasha dzaMwari muchokwadi;
7 sezvamakadzidzawo kuna Epafrasi, muranda
anodikanwa pamwe nesu, anova mushumiri
wakatendeka waKristu nekuda kwenyu, 8
wakatiudzawo zverudo rwenyu muMweya. 9 Nekuda
kweizvi isuwo, kubvira pazuva ratakanzwa, hatimiri
kukunyengetererai, nekukumbira kuti muzadzwe
neruzivo rwechido chake pauchenjeri hwese
nekunzwisisa kwemweya, 10 kuti mufambe zvinofanira
Ishe pane zvese zvinofadza, muchibereka zvibereko
pabasa rese rakanaka, muchikura paruzivo rwaMwari;
11 muchisimbiswa nesimba rese, zvichienderana
nesimba rekubwinya kwake, pamoyo murefu wese
nekutsungirira pamwe nemufaro; 12 muchivonga kuna
Baba, vakatiita kuti tifanire kugoverana kwenhaka
yevatsvene muchiedza, 13 vakatinunura pasimba
rerima, vakatishandurira muushe hweMwanakomana
werudo rwavo, 14 watine dzikunuro maari neropa rake,
ndiko kukanganwirwa kwezvivi. 15 Anova mufananidzo
waMwari asingaonekwi, dangwe rechisikwa chega-
chega. 16 Nokuti maari zvinhu zvese zvakasikwa,
zviri kumatenga nezviri panyika, zvinoonekwa
nezvisingaonekwi, kana zviri zvigaro zveushe,
kana umambo, kana ukuru, kana masimba; zvinhu
zvese zvakasikwa naye, zvikasikirwa iye. 17
Ndiyewo anotangira zvinhu zvese, uye zvinhu
zvese zvakabatanidzwa maari. 18 Uye iye musoro
wemuviri, wekereke; anova kutanga, dangwe kubva
kune vakafa; kuti pazvese iye ave wekutanga;
19 nokuti zvakafadza Baba, kuti kuzara kwese
kugare maari, 20 uye ayananise naye zvinhu
zvese kwaari, aita rugare neropa remuchinjikwa
wake kubudikidza naiye, kunyange zviri panyika
kunyange zviri kumatenga. 21 Nemwi maimbova
vaeni nevavengi mufungwa nemabasa akaipa, asi
ikozvinowo wayanana nemwi 22 mumuviri wenyama
yake kubudikidza nerufu, akukumikidzei muri vatsvene
uye musina mhosva uye musingamhuriki pamberi
pake; 23 zvino kana muchirambira parutendo
makateyiwa uye makasimbiswa, uye hamubviswi
patariro yeevhangeri yamakanzwa, yakaparidzirwa
chisikwa chega-chega chiri pasi pedenga; iyo
yandakaitwa mushumiri wayo ini Pauro. 24 Zvino
ikozvino ndinofara pamatambudziko angu nekuda
kwenyu, nekuzadzisa zvakasara pamatambudziko
aKristu munyama yangu nekuda kwemuviri wake,
unova kereke; 25 ini yandakaitwa mushumiri wayo
zvichienderana nekubatiswa kwaMwari chandakapiwa
pamusoro penyu, kuzadzisa shoko raMwari, 26
chakavanzika chakange chakavanzwa kubvira kare
uye kubva kumazera, asi ikozvino chinoratidzwa
kuvatsvene vake, (aiōn g165) 27 kune ivo Mwari vaakada
kuzivisa kuti fuma yekubwinya kwechakavanzika
ichi pakati pevahedheni chii, chinova Kristu mamuri,
tariro yekubwinya; 28 watinoparidza isu, tichiyambira
munhu umwe neumwe, nekudzidzisa munhu umwe
neumwe munjere dzese, kuti tikumikidze munhu
umwe neumwe akakwana muna Kristu Jesu; 29 ndizvo
zvandinoshingairirawo, ndichirwa zvinoenderana
nekubata kwake kunobata mandiri nesimba.

2 Nokuti ndinoda kuti muzive kuti kurwa kukuru
zvakadini kwandinako pamusoro penyu, nevari
paRaodhikia, nevese vasina kuona chiso changu
panyama, 2 kuti moyo yavo inyaradzwe, vasonanidzwe
murudo, nemufuma yese yekuvimbiswa kwakakwana
kwekunzwisisa, paruzivo rwechakavanzika chaMwari
naBaba, nechaKristu, 3 maari fuma yese yeuchenjeri
neyeruzivo yakavigwa. 4 Ndinoreva izvi, kuti kusava
nemunhu anokunyengerai nemashoko anonyengera.
5 Nokuti kunyange ndisipo panyama, zvakadaro
ndinemwi pamweya, ndichifara nekuvona kurongeka
kwenyu, nekusimba kwerutendo rwenyu muna Kristu.
6 Naizvozvo sezvamakagamuchira Kristu Jesu Ishe,
fambai maari, 7 makadzika midzi nekuvakwa maari,
nekusimbiswa murutendo, sezvamakadzidziswa,
muchiwedzera makuri nekuvonga. 8 Chenjerai,
zvimwe umwe munhu angakupambai neuchenjeri,
nekunyengera kusina maturo, setsika dzevanhu,
sedzidziso dzekuvamba dzenyika, uye kwete sekuna
Kristu. 9 Nokuti kuzara kwese kweuMwari kunogara
maari pamuviri. 10 Uye makazadziswa maari,
iye musoro weutungamiriri hwese nesimba; 11
wamakadzingiswawo maari nedzingiso isina kuitwa
nemaoko, pakubvisa muviri wezvivi zvenyama,
pakudzingisa kwaKristu; 12 makavigwa pamwe
naye pabhabhatidzo, pamakamutswawo pamwe

naye nerutendo rwekuita kwaMwari, wakamumutsa
kubva kuvakafa. 13 Nemwi makafa mukudarika
nekusadzingiswa kwenyama yenyu, wakakuitai
vapenyu pamwe naye, akukanganwirai kudarika
kwese, 14 akadzima rugwaro rwezviga rwaipikisana
nesu, rwaipesana nesu, akarubvisa pakati,
aruroverera pamuchinjikwa; 15 akurura vatungamiriri
nemasimba, akavabudisa pachena, akatungamira
kuvakunda mauri. 16 Naizvozvo kusava nemunhu
anokutongai pakudya kana pachinwiwa, kana
panhau yemutambo kana yekugara kwemwedzi kana
yemasabata; 17 zvinova mumvuri wezvinhu zvichauya,
asi muviri ndewa Kristu. 18 Kusava nemunhu
anokutorerai mubairo wenyu nemano, achifarira
kuzvininipisa nekunamata vatumwa, achipindira
pazvinhu zvaasina kuona, achizvikudza pasina
nefungwa dzake dzenyama, 19 uye asingabatisisi
Musoro, uyo maari muviri wese nezvisungo
nemarunda unoriritirwa, nekurukirwa pamwe, uchikura
nekukura kwaMwari. 20 Naizvozvo kana makafa
pamwe naKristu kune dzidziso dzekuvamba dzenyika,
munosungikanirei nemirairo semugere munyika, 21
(usabata, usaravira, usagunzva, 22 izvo zvese
zvichaparara nekushandiswa) semirairo nedzidziso
dzevanhu? 23 Zvine chimiro cheuchenjeri pakuzvidira
kunamata, nekuzvininipisa, nekutambudza muviri;
hazvitongobatsiri kukunda kugutsa nyama.

**3** Naizvozvo kana makamutswa pamwe naKristu,
tsvakai zvekumusoro, uko kuna Kristu agere
kuruoko rwerudyi rwaMwari. 2 Rangarirai zviri
kumusoro, kwete zviri panyika. 3 Nokuti makafa,
uye upenyu hwenyu hwakavigwa pamwe naKristu
muna Mwari. 4 Kana Kristu upenyu hwedu
achionekwa, ipapo imwiwo muchaonekwa pamwe
naye mukubwinya. 5 Naizvozvo urayai mitezo
yenyu iri panyika, upombwe, tsvina, kushumba
kwakaipa, kuda zvakaipa, uye kuchiva, kunova
kunamata zvifananidzo. 6 Nekuda kwezvinhu izvi,
hasha dzaMwari dzinouya pavana vekusateerera;
7 imwiwo maimbofamba mazviri, pamairarama
mazviri. 8 Asi ikozvino imwiwo bvisai zvese
izvi, kutsamwa, hasha, uipi, kunyomba, nekutaura
zvinonyadzisa kubva mumuromo wenyu; 9 regai
kureverana nhema, zvamakabvisa munhu wekare
nemabasa ake, 10 mukapfeka mutsva, anovandudzwa
paruzivo semufananidzo wewakamusika; 11 apo
pasina muGiriki uye muJudha, kudzingiswa uye
kusadzingiswa, mutorwa, muSikitia, musungwa,
wakasununguka; asi Kristu ndiye zvese, uye ari
mune zvese. 12 Naizvozvo pfekai sevasanangurwa
vaMwari, vatsvene nevanodikanwa, moyo yetsitsi,
moyo munyoro, kuzvininipisa, unyoro, nemoyo murefu;
13 muchiitirana moyo murefu, nekukanganwirana
kana umwe ane mhosva neumwe; Kristu
sezvaakakukanganwiraiwo, saizvozvowo imwi; 14
zvino pamusoro pezvinhu zvese izvi pfekai rudo,
ndicho chisungo chekupedzeredza. 15 Nerugare
rwaMwari ngarwutonge mumoyo yenyu, ndirwo
rwamakadanirwawo mumuviri mumwe; uye ivai
vanovonga. 16 Shoko raKristu ngarigare mamuri
neufumi muuchenjeri hwese; muchidzidzisana
nekurairana mumapisarema, nenziyo, nenziyo
dzemweya, muimbire Ishe nenyasha mumoyo wenyu;
17 uye zvese chero chipi chamunoita pashoko kana
pachiito, itai zvese muzita raIshe Jesu, muchivonga
Mwari naBaba kubudikidza naye. 18 Vakadzi zviisei
pasi pevarume venyu pachenyu, sezvo zvakafanira
muna Ishe. 19 Varume, idai vakadzi venyu, uye
regai kuvavavira. 20 Vana, teererai vabereki pazvinhu
zvese, nokuti izvi zvinofadza Ishe. 21 Madzibaba,
musatsamwisa vana venyu, kuti varege kuora moyo.
22 Varanda, teererai pazvinhu zvese vari vatenzi venyu
panyama; kwete nekushandira maziso sevafadzi
vevanhu, asi nemoyo wakarurama, muchitya Mwari;
23 uye zvese kunyange chipi chamunoita, itai nemoyo,
sekuna Ishe, uye kwete kuvanhu; 24 muchiziva kuti
kuna Ishe muchagamuchira mubairo wenhaka; nokuti
munoshandira Ishe Kristu. 25 Asi anoita zvisakarurama
achagamuchira zvisakarurama zvaakaita; uye hakuna
kusarurwa kwavanhu.

**4** Madzishe, ipai varanda zvakarurama
nezvakaringana, muchiziva kuti imwiwo muna
Ishe kumatenga. 2 Tsungirirai pamunyengetero,
murinde pakuri nekuvonga; 3 mutinyengetererewo
panguva imweyo, kuti Mwari atizarurire mukova
weshoko, kutaura chakavanzika chaKristu,
chandakasungirwawo; 4 kuti ndichiratidze,
sezvandinofanira kutaura. 5 Fambai muuchenjeri
kune vari kunze, muchidzikunura nguva. 6 Shoko
renyu ngarigare munyasha, rakarungwa nemunyu,
kuti muzive kuti munofanira kupindura sei umwe
neumwe. 7 Zvese zvakanangana neni Tikiko
achakuzivisai, hama inodikanwa nemushumiri
wakatendeka, nemushandi pamwe neni muna
Ishe; 8 wandatumira kwamuri ichochi, kuti azive
zviri maererano nemwi, nekunyaradza moyo
yenyu; 9 pamwe naOnesimo, hama yakatendeka
inodikanwa, anova wekwenyu. Vachakuzivisai zvese
zviri pano. 10 Arisitako musungwa pamwe neni
anokukwazisai, naMariko muzukuru waBhanabhasi,

wamakagamuchira mirairo maererano naye;
kana achisvika kwamuri, mumugamuchire, 11
naJesu anonzi Justo, vevekudzingiswa; ivava
chete vabati pamwe neni paushe hwaMwari,
vaiva nyaradzo kwandiri. 12 Epafrasi wekwenyu,
muranda waKristu, anokukwazisai, achirwa nguva
dzese muminyengetero nekuda kwenyu, kuti
mumire makazara uye makakwana muchido chese
chaMwari. 13 Nokuti ndinomupupurira kuti ane shungu
kwazvo nemwi, neveRaodhikia, neveHierapori.
14 Anokukwazisai Ruka chiremba anodikanwa,
naDhemasi. 15 Kwazisai hama dziri Raodhikia,
naNimifa, nekereke iri mumba make. 16 Zvino
kana tsamba iyi yaverengwa pakati penyu, itai kuti
nemukereke yeVaRaodhikia iverengwe; kuti nemwi
muverengewo inobva Raodhikia. 17 Vudzai Akipo,
muti: Chenjerera ushumiri hwawakagamuchira muna
Ishe, kuti uhupedzise. 18 Kwaziso neruoko rwangu
rwaPauro. Rangarirai zvisungo zvangu. Nyasha
ngadzive nemwi. Ameni.

# 1 VaTesaronika

1 Pauro naSivhano naTimotio, kukereke
yeVaTesaronika muna Mwari Baba, naIshe Jesu
Kristu: Nyasha kwamuri nerugare zvinobva kuna
Mwari Baba vedu, naIshe Jesu Kristu. 2 Tinovonga
Mwari nguva dzese pamusoro penyu mese,
tichikutaurai muminyengetero yedu, 3 tichiramba
tichirangarira basa renyu rerutendo nebasa rinorema
rerudo nekutsungirira kwetariro muna Ishe wedu Jesu
Kristu pamberi paMwari naBaba vedu; 4 tichiziva
hama dzinodikanwa, kusanangurwa kwenyu naMwari;
5 nokuti evhangeri yedu haina kuuya kwamuri
mushoko chete, asiwo musimba, nemuMweya
Mutsvene, nemukuvimbisa kukuru, sezvamunoziva
kuti takange tiri vanhu vakadini pakati penyu nekuda
kwenyu. 6 Nemwi makava vateveri vedu nevaIshe,
magamuchira shoko mukutambudzika kukuru,
nemufaro weMweya Mutsvene, 7 zvekuti makava
mienzaniso kune vese vanotenda muMakedhonia
neAkaya. 8 Nokuti kwamuri kwakanzwikwa shoko
raIshe, kwete muMakedhonia neAkaya chete, asiwo
kunzvimbo imwe neimwe rutendo rwenyu kuna
Mwari rwakabudira kunze, zvekuti hatifaniri kutaura
chinhu. 9 Nokuti ivo vamene vanoparidza pamusoro
pedu kuti takapinda nemutoo upi kwamuri; uye
kuti makatendeukira sei kuna Mwari muchibva
pazvifananidzo, kuti mushumire Mwari mupenyu uye
wechokwadi, 10 uye makamirira Mwanakomana wake
achibva kumatenga, waakamutsa kuvakafa, ndiye
Jesu anotinunura pahasha dzinouya.

2 Nokuti munoziva imwi, hama, kupinda kwedu
kwamuri, kuti hakuna kuva pasina; 2 asi
kunyange takambotambudzika nekuitirwa zvakaipa,
sezvamunoziva, paFiripi, takatsunga muna Mwari
wedu kutaura kwamuri evhangeri yaMwari pakati
pekupikiswa kukuru. 3 Nokuti kurudziro yedu haina
kubva pakunyengera, uye haina kubva patsvina,
hainawo kubva pamano-mano; 4 asi sezvatakatendiwa
naMwari, kuti tibatiswe evhangeri, saizvozvo tinotaura;
kwete sekufadza vanhu, asi Mwari anoidza moyo
yedu. 5 Nokuti hatina kutongouya nemashoko
ekubata kumeso, sezvamunoziva, kana nemano-mano
eruchiva; Mwari chapupu; 6 tisingatsvaki rukudzo
kuvanhu, kana rwunobva kwamuri kana kuvamwe,
kunyange taigona kukuremedzai sevaapositori
vaKristu. 7 Asi takange tiri vanyoro pakati penyu,
semureri achivaraidza vana vake; 8 sezvatinokushuvai
kwazvo, takada zvikuru kukupai kwete evhangeri
yaMwari chete, asi mweya yedu pacheduwo,
nokuti makange muri vadikanwi kwatiri. 9 Nokuti
munorangarira, hama, kushingaira nekurwisa kwedu;
nokuti taibata siku nesikati, kuti tisava mutoro
kune umwe wenyu, takakuparidzirai evhangeri
yaMwari. 10 Imwi muri zvapupu, naMwari, kuti taiva
vatsvene sei uye takarurama tisina chatingapomerwa
kwamuri vanotenda. 11 Sezvamunoziva kuti umwe
neumwe wenyu, sababa kuvana vavo takakukurudzirai
sei nekunyaradza nekupupura, 12 kuti mufambe
zvakafanira Mwari, anokudanirai kuushe hwake
nekubwinya. 13 Nekuda kwaizvozvi nesu hatimiri
kuvonga Mwari, kuti pamakagamuchira shoko
raMwari ramakanzwa kwatiri, makarigamuchira kwete
seshoko revanhu, asi seriri chokwadi, shoko raMwari
rinoshandawo mamuri imwi munotenda. 14 Nokuti
imwi, hama, makava vateveri vemakereke aMwari
ari muJudhiya muna Kristu Jesu; nokuti imwiwo
makatambudzika zvakadaro kune vekwenyu momene,
sezvavakatambudzwa ivowo neVaJudha, 15 ndivowo
vakauraya Ishe Jesu nevaporofita vavo vomene,
vakatishushawo isu, vasingafadziwo Mwari, uye
vachipesana nevanhu vese, 16 vachitidzivisa kutaurira
vahedheni kuti vaponeswe, kuti vagare vachizadzisa
zvivi zvavo; asi hasha dzakasvika pamusoro
pavo kusvikira pakuguma. 17 Zvino isu, hama,
sezvo takaparadzaniswa nemwi kwechinguvana
pazviso, kwete pamoyo, takashingairira zvikuru
nechishuwo chikuru kuti tione chiso chenyu. 18
Naizvozvo taida kuuya kwamuri, zvikuru ini Pauro,
kamwe nekudzokorora, asi Satani wakatidzivisa. 19
Nokuti tariro yedu chii, kana mufaro, kana korona
yekuzvirumbidza? Hamusi imwizve here pamberi
paIshe wedu Jesu Kristu pakuuya kwake? 20 Nokuti
imwi muri kubwinya nemufaro wedu.

3 Saka zvatakange tisisagoni kutsunga, takati
zvakanaka kuti tisiiwe tiri tega paAtene, 2
ndokutuma Timotio hama yedu nemushumiri waMwari
nemushandi pamwe nesu muevhangeri yaKristu, kuti
akusimbisei, nekukunyaradzai maererano nerutendo
rwenyu, 3 kuti kurege kuva neumwe anozununguswa
nematambudziko awa, nokuti munoziva momene kuti
takamisirwa izvozvi. 4 Nokuti kunyange tichinemwi,
takagara takuudzai kuti tava kuzotambudzwa,
kunyange sezvazvakaitika, nemwi munoziva. 5
Nekuda kweizvozviwo zvandakange ndisisagoni
kutsunga, ndakamutuma kuti ndizive rutendo rwenyu,
zvimwe pamwe muidzi wakakuidzai, basa redu
rikava pasina. 6 Asi zvino Timotio wakati asvika
kwatiri achibva kwamuri, wakatipira mashoko
akanaka erutendo rwenyu nerudo, uye kuti mune

murangariro wakanaka pamusoro pedu nguva dzese,
muchishuva zvikuru kutiona, sesuwo imwi; 7 nekuda
kwezvizvi takanyaradzwa, hama, pamusoro penyu
padambudziko redu rese nenhamo nerutendo rwenyu;
8 nokuti ikozvino tinorarama, kana imwi mumire
makasimba muna Ishe. 9 Nokuti kuvonga kwakadini
kwatingagona kuripira kuna Mwari pamusoro
penyu, nemufaro wese watinofara nawo nekuda
kwenyu pamberi paMwari wedu? 10 Siku nesikati
tichinyengetera zvikurusa kuti tione chiso chenyu,
tizadzise zvakataira parutendo rwenyu. 11 Zvino dai
Mwari pachake naBaba vedu, naIshe wedu Jesu
Kristu aruramisira nzira yedu kwamuri; 12 uye dai Ishe
akukurisai nekukuwanzirai rudo umwe kune umwe
nekune vese, sesuwo kwamuri, 13 kuti asimbise moyo
yenyu isingamhuriki pautsvene pamberi paMwari,
uye Baba vedu, pakuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu
pamwe nevatsvene vake vese.

4 Zvino zvimwe, hama, tinokukumbirisai,
nekukurudzira naIshe Jesu, sezvamakagamuchira
kwatiri kuti munofanira kufamba nekufadza Mwari
sei, kuti muwanze nekuwanzisisa pazviri. 2 Nokuti
munoziva mirairo yakadini yatakakupai kubudikidza
naIshe Jesu. 3 Nokuti ichi ndicho chido chaMwari,
kuitwa vatsvene kwenyu, kuti murege upombwe; 4
kuti umwe neumwe wenyu azive kuzviwanira mudziyo
wake mukuitwa mutsvene nemurukudzo, 5 kwete
pakuchiva kwechishuwo, kunyange sevahedheni
vasingazivi Mwari; 6 kusava neanopfuurikidza
akanyengera hama yake pachiitiko; nokuti Ishe ndiye
mutsivi wezvese izvi, sezvatakagara takuudzaiwo
nekupupura. 7 Nokuti Mwari haana kutidanira
kutsvina, asi kuutsvene. 8 Naizvozvo anozvidza,
haazvidzi munhu, asi Mwari wakatipawo Mweya wake
Mutsvene. 9 Zvino maererano nerudo rweukama
hamutsvaki kuti ndikunyorerei, nokuti imwi mumene
makadzidziswa naMwari kuti mudanane; 10 nokuti
nemwi munozviita kuhama dzese dziri paMakedhonia
yese; asi tinokukurudzirai, hama, kuti muwanzise
zvikuru, 11 uye mushingairire kuva nerunyararo,
nekuita basa renyu pachenyu, nekushanda nemaoko
enyu pachenyu, sezvatakakurairai; 12 kuti mufambe
zvinoremekedzwa kune vari kunze, uye musashaya
chinhu. 13 Asi handidi kuti mushaiwe ruzivo, hama,
maererano nevarere, kuti murege kushungurudzika
sevamwewo vasina tariro. 14 Nokuti kana tichitenda
kuti Jesu wakafa uye wakamuka, saizvozvowo
vakarara kubudikidza naJesu, Mwari achavauisa
pamwe naye. 15 Nokuti izvi tinokuudzai neshoko
raIshe, kuti isu vapenyu, tinosiiwa kusvikira
pakuuya kwaIshe, hatingatongotangiri vakarara. 16
Nokuti Ishe amene achaburuka kubva kudenga
nekudana kune simba, nenzwi remutumwa mukuru,
nehwamanda yaMwari; zvino vakafa muna Kristu
vachatanga kumuka; 17 kozouya isu vanorarama
vanosiiwa, tichabvutwa pamwe navo mumakore, kuti
tichingamidze Ishe mumhepo; saizvozvowo tichava
naIshe nekusingaperi. 18 Naizvozvo nyaradzanai
nemashoko awa.

5 Asi maererano nenguva nemwaka, hama,
hamufaniri kuti munyorerwe, 2 nokuti imwi mumene
munoziva kwazvo kuti sembavha usiku, saizvozvo
zuva raIshe rinosvika; 3 nokuti pavanoti: Rugare
nekugarika, pakarepo kuparadzwa kunovawira,
sekurwadzwa nemimba kwemukadzi ane mimba; uye
havangatongopukunyuki. 4 Asi imwi, hama, hamusi
murima, kuti zuva iro rikubatei sembavha. 5 Imwi mese
muri vana vechiedza nevana vemasikati; hatisi veusiku
kana verima; 6 naizvozvo zvino ngatirege kurara
sevamwewo, asi ngatirinde, tipengenuke. 7 Nokuti
vanorara vanorara usiku; nevanoraradza vanoraradza
usiku. 8 Asi isu tiri vemasikati, ngatipengenuke,
tichipfeka chidzitiro chechifuva cherutendo nerudo;
netariro yeruponeso ive ngowani. 9 Nokuti Mwari
haana kutitemera hasha, asi kuwana ruponeso
naIshe wedu Jesu Kristu, 10 wakatifira, kuti kana
tikarinda kana kurara, tirarame pamwe naye. 11
Saka kurudziranai, muvakane, sezvamunoitawo. 12
Asi tinokukumbirai, hama, kuziva vanoshanda zvine
simba pakati penyu, nevanokutungamirirai muna Ishe,
nekukurairai, 13 uye muvakudze zvikurusa murudo,
nekuda kwebasa ravo. Ivai nerugare pakati penyu. 14
Asi tinokukurudzirai, hama, yambirai vasina murairo,
munyaradze vanopera moyo, tsigirai vasina simba,
muve nemoyo murefu kune vese. 15 Chenjerai kuti
umwe arege kutsiva umwe zvakaipa nezvakaipa; asi
nguva dzese teverai zvakanaka, zvese pakati penyu
nekune vese. 16 Farai nekusingaperi; 17 nyengeterai
musingamiri; 18 vongai pazvinhu zvese; nokuti ichi
ndicho chido chaMwari muna Kristu Jesu maererano
nemwi. 19 Musadzima Mweya; 20 musazvidza
zviporofita; 21 idzai zvinhu zvese; mubatisise
zvakanaka; 22 ibvai pakuonekwa kwese kwekuipa.
23 NaMwari werugare amene ngaakuitei vatsvene
zvakazara; nemweya wenyu wese, nemoyo, nemuviri,
zvichengetwe zvisina zvazvingapomerwa pakuuya
kwaIshe wedu Jesu Kristu. 24 Wakatendeka iye
anokudanai, achazviitawo. 25 Hama, tinyengetererei.
26 Kwazisai hama dzese nekutsvoda kutsvene. 27
Ndinokupikirai naIshe, kuti tsamba iyi iverengerwe

hama tsvene dzese. 28 Nyasha dzaIshe wedu Jesu
Kristu ngadzive nemwi. Ameni.

# 2 VaTesaronika

1 Pauro naSirivhano naTimotio kukereke
yeVaTesaronika muna Mwari Baba vedu naIshe
Jesu Kristu: 2 Nyasha kwamuri nerugare rwunobva
kuna Mwari Baba vedu naIshe Jesu Kristu. 3 Tinofanira
kuvonga Mwari nguva dzese pamusoro penyu,
hama, sezvazvakafanira, nokuti rutendo rwenyu
rwunokura zvikurusa, nerudo rweumwe neumwe
wenyu mese kune umwe neumwe rwunowanda;
4 nekudaro isu tomene tinozvirumbidza mamuri
mumakereke aMwari pamusoro pemoyo murefu
wenyu nerutendo mukushushwa kwenyu kwese
nematambudziko amunotsunga maari. 5 Ndicho
chiratidzo chekutonga kwakarurama kwaMwari,
kuti muverengwe semakafanira ushe hwaMwari,
hwamunotambudzikirawo; 6 sezvo chiri chinhu
chakarurama kuna Mwari kutsiva dambudziko kune
vanokutambudzai, 7 uye kwamuri munotambudzwa,
kuzorora pamwe nesu, pakuzarurwa kwaIshe
Jesu achibva kudenga nevatumwa vesimba rake,
8 mumoto unopfuta achitsiva kune vasingazivi
Mwari, nekune vasingateereri evhangeri yaIshe
wedu Jesu Kristu; 9 vacharangwa nekuparadza
kusingaperi, vabviswe pamberi paIshe, nepakubwinya
kwesimba rake, (aiōnios g166) 10 paachauya
kuzorumbidzwa muvatsvene vake, nekuyemurwa
mune vese vanotenda (nekuti kupupura kwedu
kwamuri kwakatendwa) nezuva iro. 11 Naizvozvo
tinokunyengetereraiwo nguva dzese, kuti Mwari
wedu akuverengei makafanirwa kudanwa uye
azadzise kuda kwese kwakanaka kwekunaka hwake
nebasa rerutendo nesimba; 12 kuti zita raIshe wedu
Jesu Kristu rirumbidzwe mamuri, nemwi maari,
zvichienderana nenyasha dzaMwari wedu nedzaIshe
Jesu Kristu.

2 Zvino tinokukumbirisai, hama, maererano nekuuya
kwaIshe wedu Jesu Kristu, nekuunganira kwedu
kwaari, 2 kuti murege kukurumidza kuzununguswa
mufungwa, kana kuvhunduswa, kana nemweya,
kana neshoko, kana netsamba seinonyorwa nesu,
sezvinonzi zuva raKristu ratosvika. 3 Ngakurege
kuva nemunhu anokunyengerai nemutoo upi neupi;
nokuti harisviki kunze kwekuti kuwa kwatanga
kusvika, uye munhu wechivi aratidzwe, mwanakomana
wekuparadzwa, 4 anopikisa nekuzvikudza pamusoro
pezvese zvinonzi Mwari, kana zvinonamatwa,
kusvikira agara mutembere yaMwari saMwari,
achizviratidza kuti ndiMwari. 5 Hamurangariri
here kuti ndichiri nemwi ndakakuudzai zvinhu
izvi? 6 Asi ikozvino munoziva chinodzivirira kuti
aratidzwe munguva yake pachake. 7 Nokuti
chakavanzika chekusava nemurairo chotoshanda;
chete aripo anodzivirira ikozvino, kusvikira achibviswa
pakati. 8 Ipapowo asina murairo acharatidzwa,
Ishe waachapedza nemweya wemuromo wake,
uye waachaparadza nekuonekwa kwekuuya kwake;
9 iye kuuya kwake kwakaita sekuita kwaSatani
nesimba rese nezviratidzo nezvinoshamisa zvenhema,
10 nepakunyengera kwese kwekusarurama mune
vanoparara, nokuti havana kugamuchira rudo
rwechokwadi kuti vaponeswe. 11 Uye nekuda
kwaizvozvi Mwari achavatumira simba rekutsauka,
kuti vatende nhema; 12 kuti vese varaswe vasina
kutenda chokwadi, asi vakafara mukusarurama. 13 Asi
isu tinofanira kuvonga Mwari nguva dzese pamusoro
penyu, hama vadikanwi vaIshe, kuti Mwari kubva
pakutanga wakakusarudzirai ruponeso pakuitwa
vatsvene kweMweya nerutendo rwechokwadi; 14
zvaakakudanirai neevhangeri yedu, pakuwana
kubwinya kwaIshe wedu Jesu Kristu. 15 Naizvozvo
zvino, hama, mirai makasimba, mubatirire tsika
dzamakadzidziswa, kana neshoko kana netsamba
yedu. 16 Zvino Ishe wedu Jesu Kristu amene, naMwari,
kunyange Baba vedu vakatida, vakapa nyaradzo
isingaperi netariro yakanaka munyasha, (aiōnios g166)
17 anyaradze moyo yenyu, nekukusimbisai pashoko
rega-rega rakanaka nebasa.

3 Pakupedzisira, hama, tinyengetererei, kuti
shoko raIshe rimhanye nekukudzwa kunyange
sezvakaitika nekwamuri, 2 uye kuti tisunungurwe
kuvanhu vasingafungi nevakaipa; nokuti rutendo
harwusi rwevese. 3 Asi Ishe wakatendeka,
achakusimbisai nekukuchengetai kubva kune
wakaipa. 4 Uye tine chivimbo muna Ishe maererano
nemwi, kuti munoitawo zvinhu zvatinokurairai uye
muchazviita. 5 Asi Ishe ngaatungamirire moyo yenyu
murudo rwaMwari, nemumoyo murefu waKristu.
6 Zvino tinokurairai, hama, muzita raIshe wedu
Jesu Kristu, kuti muzviraure pahama imwe neimwe
inofamba zvisakafanira, uye kwete zvinoenderana
netsika yamakagamuchira kwatiri. 7 Nokuti imwi
momene munoziva kuti munofanira kutitevera sei,
nokuti hatina kufamba zvisakafanira pakati penyu,
8 uye hatina kudya chingwa chemunhu pachena,
asi pakushingaira nekutambudzika nekushanda siku
nesikati, kuti tisava mutoro kune umwe wenyu; 9
kwete nokuti hatina kodzero, asi kuti tizvipe kwamuri
semuenzaniso wekutitevera. 10 Nokuti kunyange
pataiva nemwi, takakurairai izvi, kuti: Kana umwe

asingadi kushanda, ngaaregewo kudya. 11 Nokuti
tinonzwa kuti vamwe pakati penyu vanofamba-famba
zvisakafanira, vasingatongobati, asi vachiita zvisina
maturo. 12 Zvino vakadaro tinoraira nekukurudzira
naIshe wedu Jesu Kristu, kuti vashande nekunyarara
vadye kudya kwavo pachavo. 13 Asi imwi, hama,
musaneta kuita zvakanaka. 14 Asi kana umwe
asingateereri shoko redu netsamba, mutarisise uyo,
uye musafambidzana naye, kuti anyare; 15 uye
musamutora semuvengi, asi mumuraire sehama.
16 Zvino Ishe werugare amene ngaakupei rugare
nguva dzese nemitoo yese. Ishe ngaave nemwi
mese. 17 Kwaziso neruoko rwangu rwaPauro, ndiwo
mucherechedzo patsamba imwe neimwe; ndinonyora
saizvozvo. 18 Nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu
ngadzive nemwi mese. Ameni.

# 1 Timoti

1 Pauro, muapositori waJesu Kristu nekuraira
kwaMwari Muponesi wedu, nekwaIshe Jesu Kristu
tariro yedu, 2 kuna Timotio mwana wangu chaiye
parutendo: Nyasha, tsitsi, nerugare zvinobva kuna
Mwari Baba vedu naJesu Kristu Ishe wedu. 3
Sezvandakakukurudzira kuti ramba ugere paEfeso,
ndichienda kuMakedhonia, kuti uraire vamwe
kuti varege kudzidzisa imwe dzidziso, 4 kana
kuchenjerera ngano nenhoroondo dzemadzinza
dzisingaperi, dzinomutsa gakava pane kuvaka
kwaMwari kuri murutendo. 5 Asi chinangwa
chemurairo rudo rwunobva pamoyo wakachena
nehana yakanaka nerutendo rusinganyepedzeri;
6 pane izvozvi vamwe vakatsvedza vakatsaukira
kukutaura kusina maturo, 7 vachida kuva vadzidzisi
vemurairo, vasinganzwisisi kana zvavanoreva, kana
maererano nezvavanosimbisa. 8 Asi tinoziva kuti
murairo wakanaka, kana munhu achiushandisa
zviri pamurairo, 9 achiziva izvi, kuti murairo
hauna kuitirwa wakarurama, asi vasina murairo
nevasingateereri, vasingadi Mwari nevatadzi,
vasiri vatsvene nevasina hanya naMwari, mhondi
dzemadzibaba nemhondi dzana amai, vanouraya
vanhu, 10 mhombwe, ngochani, vanopamba vanhu,
vanyepi, vaputsi vemhiko, uye kana chimwe chiriko
chinopesana nedzidziso yakagwinya, 11 maererano
neevhangeri yekubwinya kwaMwari wakaropafadzwa
yandakabatiswa. 12 Uye ndinovonga wakandigonesa,
Kristu Jesu Ishe wedu, kuti wakandiona ndakatendeka,
akandiisa paushumiri, 13 ini ndaimbova munyombi
nemushushi nemutuki; asi ndakawana tsitsi, nokuti
ndakaita nekusaziva pakusatenda; 14 asi nyasha
dzaIshe wedu dzakawedzeresa pamwe nerutendo
nerudo rwuri muna Kristu Jesu. 15 Ishoko
rakatendeka uye rinofanira kugamuchirwa chese,
kuti Kristu Jesu wakauya munyika kuzoponesa
vatadzi, vandiri ini mukuru wavo; 16 asi nekuda
kweizvi ndakawana tsitsi, kuti mandiri ndinova
mukuru, Jesu Kristu aratidze moyo murefu wese, uve
muenzaniso kune vanozotenda kwaari, paupenyu
husingaperi. **(aiōnios g166)** 17 Zvino kuna Mambo
wekusingaperi, asingafi, asingaonekwi, Mwari wega
wakachenjera, ngakuve nekukudzwa nekubwinya
kusvikira rinhi narinhi. Ameni. **(aiōn g165)** 18 Murairo
uyu ndinokumikidza kwauri, mwana wangu Timotio,
sezviporofita zvakatanga pamusoro pako, kuti nazvo
urwe kurwa kwakanaka; 19 wakabata rutendo nehana
yakanaka, vamwe vakati vairasa zvichienderana
nerutendo vakaputsikirwa nechikepe, 20 vamwe vavo
ndiHimenayosi naArekizandro, vandakakumikidza
kuna Satani, kuti vadzidze kusanyomba.

2 Naizvozvo kutanga pazvese ndinokurudzira kuti
mikumbiro, minyengetero, kureverera nekupa
kuvonga zviitirwe vanhu vese; 2 pamadzimambo
nevese vari panzvimbo dzakakwirira kuti tirarame
upenyu hwerugare nerunyararo pakunamata Mwari
kwese nerukudzo; 3 nokuti izvi zvakanaka uye
zvinogamuchirwa pamberi paMwari Muponesi wedu,
4 uyo anoda kuti vanhu vese vaponeswe uye
vasvike pakuziva chokwadi. 5 Nokuti kuna Mwari
umwe, nemurevereri umwe pakati paMwari nevanhu,
ndiye munhu Kristu Jesu, 6 wakazvipa iye kuva
rudzikunuro rwevese, chive chapupu panguva
dzakafanira, 7 icho chandagadzirwa ini kuva muparidzi
nemuapositori (ndinoreva chokwadi muna Kristu,
handitauri nhema), mudzidzisi wevahedheni parutendo
nechokwadi. 8 Naizvozvo ndinoshuva kuti varume
vanyengetere panzvimbo dzese, vachisimudza maoko
matsvene, pasina kutsamwa nekupikisana. 9
Saizvozvowo vakadzi vazvishongedze nezvipfeko
zvakafanira, vane kunyara nekuzvidzora, kwete
nevhudzi rakarukwa, kana goridhe, kana maparera,
kana nguvo dzinodhura, 10 asi, zvakafanira vakadzi
vanoti vanoshumira Mwari, nemabasa akanaka. 11
Mukadzi ngaadzidze mukunyarara nekuzvininipisa
kwese. 12 Asi handitenderi mukadzi kuti adzidzise,
kana kuti ave nesimba pamusoro pemurume, asi
ave mukunyarara. 13 Nokuti Adhamu wakatanga
kuumbwa, tevere Evha; 14 naAdhamu haana
kunyengerwa, asi mukadzi anyengerwa wakava
mukudarika, 15 asi achaponeswa kubudikidza
nekubereka vana, kana vachirambira murutendo
nerudo neutsvene pamwe nekuzvidzora.

3 Ishoko rakatendeka rekuti: Kana munhu
achishuva basa reutariri, anoshuva basa
rakanaka. 2 Naizvozvo mutariri anofanira kuva
asina chaangapomerwa, murume wemukadzi
umwe, wakazvibata, anozvidzora, ane chiremerera,
anogamuchira vaeni, nyanzvi pakudzidzisa, 3
asiri muraradzi, asingafariri kurwa, asingakariri
mibairo yakaipa, asi wakadzikama, asina gakava,
asingakariri mari; 4 anobata imba yake pachake
zvakanaka, anodzora vana vake nerukudzo rwese,
5 nokuti kana munhu asingazivi kubata imba yake
pachake, achachengeta sei kereke yaMwari? 6
Asava mutendi mutsva, kuti nekukudzwa arege
kuwira mukupiwa mhosva kwadhiabhorosi. 7 Uyezve
anofanira kuva neuchapupu hwakanaka kubva

kune vari kunze, kuti arege kuwira mukumhurwa
nemumusungo wadhiabhorosi. 8 Saizvozvo vadhikoni
ngavave vanokudzwa, vasina manzwi maviri,
vasingadi waini zhinji, vasingakariri fuma yakaipa,
9 vanochengeta chakavanzika cherutendo muhana
yakachena. 10 Naivava ngavatange kuedzwawo,
ipapo vangashumire, kana vasina chavangapomerwa.
11 Saizvozvo vakadzi vavo ngavave vanokudzwa,
kwete vacheri, vanozvidzora, vakatendeka pazvese.
12 Vadhikoni ngavave varume vemukadzi umwe,
vanobata vana vavo nedzimba dzavo pachavo
zvakanaka. 13 Nokuti avo vakashumira zvakanaka,
vanozviwanira chimiro chakanaka, nekutsunga
kukuru parutendo rwuri muna Kristu Jesu. 14
Zvinhu izvi ndinokunyorera, ndichitarisira kuuya
kwauri nekukurumidza; 15 asi kana ndikanonoka,
kuti uzive kuti vanofanira kufamba sei mumba
maMwari, inova kereke yaMwari mupenyu, mbiru
nehwaro hwechokwadi. 16 Zvinotendekawo kuti
chakavanzika chekunamata Mwari chikuru; Mwari
wakaratidzwa panyama, wakanzi wakarurama
paMweya, wakaonekwa nevatumwa, akaparidzwa
kuvahedheni, akatendwa panyika, akakwidzwa
mukubwinya.

4 Zvino Mweya anoreva zvakajeka, kuti panguva
dzekupedzisira vamwe vachatsauka parutendo,
vachiteerera mweya inonyengera nedzidziso
dzemadhimoni, 2 paunyepedzeri hwevanoreva
nhema, vakapiswa pahana dzavo pachavo nedare
rinopisa, 3 vachidzivisa kuwanana nekuraira
kurega kudya Mwari kwaakasika kuti kugamuchirwe
nekuvonga nevanotenda uye vanoziva chokwadi. 4
Nokuti chese chisikwa chaMwari chakanaka, uye
hakuna chingafanira kuraswa kana chichigamuchirwa
nekuvonga; 5 nokuti chinoitwa chitsvene neshoko
raMwari nemunyengetero. 6 Kana uchiraira hama
zvinhu izvi, uchava mushumiri wakanaka waJesu
Kristu, wakafundwa nemashoko erutendo needzidziso
yakanaka, yaunonyatsotevera. 7 Asi urambe ngano
dzakaipa nedzechembere. Uzvirovedze pakunamata
Mwari; 8 nokuti kurovedza muviri kunobatsira
zvishoma; asi kunamata Mwari kunobatsira pazvinhu
zvese, zvahune chivimbiso cheupenyu hwazvino
nehwunouya. 9 Shoko iri rakatendeka uye rinofanirwa
nekugamuchirwa kwese. 10 Nokuti naizvozvo nesu
tinoshanda nesimba, nekushorwa, nokuti tinovimba
naMwari mupenyu, anova Muponesi wevanhu
vese, zvikuru weavo vanotenda. 11 Raira zvinhu
izvi udzidzise. 12 Kusava nemunhu anozvidza
udiki hwako, asi uve muenzaniso wevanotenda
pashoko, pamufambiro, parudo, pamweya, parutendo,
nepautsvene. 13 Kusvikira ndasvika, ngwarira
pakuverenga, pakuraira, nepadzidziso. 14 Usashaya
hanya nechipo chiri mauri, chawakapiwa kubudikidza
nechiporofita pamwe nekuiswa maoko eutariri. 15
Funganya pamusoro pezvinhu izvi, uve pazvinhu
izvi, kuti kupfuurira mberi kwako kuonekwe kune
vese. 16 Uzvichenjerere iwe nedzidziso. Urambire
pazviri, nokuti mukuita izvi, uchazviponesa iwe pamwe
nevanokunzwa.

5 Usatuka mukuru, asi umutsiure sababa, vadiki
sevanin'ina, 2 vakadzi vakuru sanamai; vakadzi
vadiki sehanzvadzi, pakuchena kwese. 3 Kudza
chirikadzi dziri chirikadzi zvirokwazvo. 4 Asi kana
imwe chirikadzi ine vana kana vazukuru, ngavatange
kudzidza kuratidza rukudzo kumba kwavo pachavo,
vadzosere zvakafanira kuvabereki; nokuti ndizvo
zvakanaka zvinogamuchirwa pamberi paMwari. 5
Zvino uyo ari chirikadzi zvirokwazvo yakasiiwawo
yega anovimba naMwari, anogarawo pamikumbiro
neminyengetero siku nesikati. 6 Asi uyo anozvipira
kuzvifadza, wakafa ari mupenyu. 7 Uye raira zvinhu
izvi, kuti varege kuva nechavangapomerwa. 8 Asi
kana munhu asingachengeti vekwake, zvikuruwo
veimba yake, waramba rutendo, uye wakaipa kukunda
asingatendi. 9 Chirikadzi ngainyorwe pasi ine makore
asiri pasi pemakumi matanhatu, yaiva mukadzi
wemurume umwe, 10 inopupurirwa mabasa akanaka,
kana yakarera vana, kana yakagamuchira vaeni,
kana yakashambidza tsoka dzevatsvene, kana
yakabatsira vari mumatambudziko, kana yakateverera
basa rese rakanaka. 11 Asi chirikadzi diki urambe,
nokuti kana dzochiva zvinopesana naKristu, dzinoda
kuwanikwa; 12 dzava nemhosva, nokuti dzarasa
rutendo rwekutanga. 13 Neipapowo dzinodzidza
usimbe dzichipotedza dzimba; uye hadzisi simbe
chete, asi vezvisina maturo, vanopindira zvisi zvavo,
vachitaura zvavasingafaniri. 14 Naizvozvo ndinoda kuti
chirikadzi diki dziwanikwe, dzibereke vana, dzibate
dzimba dzadzo, dzirege kutongopa muvengi mukana
wekutuka. 15 Nokuti vamwe vatotsauka vachitevera
Satani. 16 Kana murume upi neupi kana mukadzi
anotenda ane chirikadzi, ngaadzibatsire, nekereke
irege kuremedzwa, kuti ibatsire chirikadzi chaidzo.
17 Vakuru vanobata zvakanaka ngavaverengerwe
sevanofanirwa nekukudzwa kwakapetwa, zvikuru
avo vanobata nesimba pashoko nepadzidziso.
18 Nokuti rugwaro rwunoti: Usasunga muromo
wenzombe inopura; uye: Mushandi wakafanirwa
nemubairo wake. 19 Usangogamuchira mhaka

inopomerwa mutariri, kunze kana kuri mberi
kwezvapupu zviviri kana zvitatu. 20 Vanotadza utsiure
pamberi pevese, kuti vamwewo vave nekutya. 21
Ndinokurairisa kwazvo pamberi paMwari naIshe
Jesu Kristu, nevatumwa vakasanangurwa, kuti
uchengete zvinhu izvi usingagari watotonga, kana
kuita chinhu uchitsaura vanhu. 22 Usakurumidza
kuisa maoko pamusoro pemunhu, kana kugovana
pazvivi zvevamwe; uzvichengete iwe uri mutsvene.
23 Usachiramba uchinwa mvura chete, asi ushandise
waini shoma, nekuda kwemudumbu mako neundonda
hwako hwekazhinji. 24 Zvivi zvevamwe vanhu zviri
pachena, zvinotungamirira kukutongwa; zvevamwewo
zvichiteverawo. 25 Saizvozvowo mabasa akanaka ari
pachena, neasina kudaro haagoni kuvanzwa.

6 Vese vari varanda pasi pejoko, ngavaverenge
vatenzi vavo sevanofanirwa nerukudzo rwese,
kuti zita raMwari nedzidziso zvirege kunyombwa. 2
Nevane vatenzi vanotenda ngavarege kuvazvidza,
zvadziri hama, asi zvikuru ngavavashandire,
nokuti vakatendeka uye vanodikanwa vagovani
vemubairo. Dzidzisa zvinhu izvi ukurudzire. 3
Kana munhu achidzidzisa zvakasiyana nezvizvi, uye
asingabvumiri mashoko awa mapenyu, aIshe wedu
Jesu Kristu, nekudzidziso inoenderana nekunamata
Mwari, 4 anongozvikudza, asingazivi chinhu,
asi anongokarira mibvunzo nenharo dzemashoko,
panobva godo, gakava, kutuka, kufungidzira kwakaipa,
5 kukakavadzana kwevanhu vane murangariro
wakaodzwa, vakarasikirwa nechokwadi, vachiti
kunamata Mwari ndizvo zvinofumisa. Zviparadzanise
nevakadaro. 6 Asi kunamata Mwari nekugutsikana
ndizvo zvinofumisa kwazvo; 7 nokuti hatina kuuya
nechinhu panyika, zviri pachena kuti hatigoni kubuda
nechinhu; 8 asi kana tine kudya nezvekupfeka
tichagutsikana neizvozvi. 9 Asi vanoshuva kufuma
vanowira mumuedzo nemumusungo, nemukuchiva
kweupenzi kuzhinji kunokuvadza, zvinonyudza
vanhu mukuparadzwa nekuputswa; 10 nokuti
kuda mari ndiwo mudzi wezvakaipa zvese; uyo
vamwe vakati vachishuva vakatsauswa parutendo,
vakazvibaya neshungu zhinji. 11 Asi iwe, haiwa
munhu waMwari, tiza zvinhu izvi; utevere kururama,
kunamata Mwari, rutendo, rudo, moyo murefu,
neunyoro. 12 Irwa kurwa kwakanaka kwerutendo,
batisisa upenyu husingaperi, hwawakadanirwawo
kwahuri, ukabvumawo kubvuma kwakanaka pamberi
pezvapupu zvizhinji. (aiōnios g166) 13 Ndinokuraira
pamberi paMwari, anoraramisa zvinhu zvese,
naKristu Jesu, wakapupura kupupura kwakanaka
pamberi paPondiyo Pirato, 14 kuti uchengete
murairo usina gwapa, usina chaungapomerwa,
kusvikira pakuonekwa kwaIshe wedu Jesu Kristu, 15
kwaacharatidza panguva dzake, iye Wakaropafadzwa
neWemasimbaose ega, Mambo wemadzimambo
naIshe wemadzishe, 16 iye ega ane kusafa, agere
pachiedza chisingasvikiki, hakuna umwe wevanhu
wakambomuona, kana kugona kuona; kukudzwa
nesimba risingaperi zviri kwaari. Ameni. (aiōnios g166)
17 Raira vakafuma panyika ino, kuti varege kuzvikudza,
kana kuvimba nefuma isingavimbiki, asi muna Mwari
mupenyu, anotipa zvinhu zvese achiwanza kuti tifare;
(aiōn g165) 18 vaite zvakanaka, kuti vave vafumi
pamabasa akanaka, vagadzirire kupa, nekugovana;
19 vazvirongedzere nheyo yakanaka yenguva inouya,
kuti vabatisise upenyu husingaperi. 20 Haiwa, Timotio,
chengetedza icho chawakabatiswa, ufuratire kutaura
kusina maturo nekupikisa kwezvinonzi ruzivo zviri
zvenhema; 21 irwo vamwe vakati vachibvuma
vakarasika maererano nerutendo. Nyasha ngadzive
newe. Ameni.

# 2 Timoti

1 Pauro, muapositori waJesu Kristu kubudikidza
nechido chaMwari, zvichienderana nechivimbiso
cheupenyu huri muna Kristu Jesu, 2 kuna Timotio
mwana wangu unodikanwa: Nyasha, tsitsi, nerugare
zvinobva kuna Mwari Baba naKristu Jesu Ishe
wedu. 3 Ndinovonga Mwari, wandinoshumira
kubva kumadziteteguru muhana yakachena, kuti
ndisingamiri ndinokurangarira paminyengetero yangu
siku nesikati, 4 ndichishuva kukuona, ndichirangarira
misodzi yako, kuti ndizadzwe nemufaro, 5 ndichiisa
mumurangariro rutendo rusinganyepedzeri rwuri
mauri, rwaimbogara muna mbuya vako Roisi namai
vako Yunisi, uye ndinovimba kuti rwuri mauriwo. 6
Nemhaka yeizvi ndinokuyeudzira kuti ukutidzire chipo
chaMwari, chiri mauri nekuiswa kwemaoko angu.
7 Nokuti Mwari haana kutipa mweya wekutya asi
wesimba, newerudo, newekuzvidzora. 8 Naizvozvo
usanyadziswa neuchapupu hwaIshe wedu, kana
hwangu musungwa wake; asi utambudzikire evhangeri
pamwe neni zvichienderana nesimba raMwari, 9
wakatiponesa, akatidana nekudana kutsvene, kwete
zvichienderana nemabasa edu, asi zvichienderana
nezano rake pachake, nenyasha dzakapiwa kwatiri
muna Kristu Jesu nhambo dzenguva dzisati dzavapo,
**(aiōnios g166)** 10 asi ikozvino kunoratidzwa nekuonekwa
kweMuponesi wedu Jesu Kristu, wakaparadza rufu,
akabudisa pachena upenyu nekusafa kubudikidza
neevhangeri, 11 yandakagadzirwa ini kuva muparidzi,
nemuapositori, nemudzidzisi wevahedheni. 12
Nemhaka yeizvi neni ndinotambudzika zvinhu
izvi, zvakadaro handinyadziswi, nokuti ndinoziva
wandakatenda, uye ndine chokwadi kuti anogona
kuchengeta chandakaisa muruoko kusvikira zuva
iroro. 13 Batisisa muenzaniso wemashoko mapenyu
awakanzwa kwandiri murutendo nerudo rwuri muna
Kristu Jesu. 14 Icho chinhu chakanaka chakaiswa
mumaoko mako chengeta neMweya Mutsvene
anogara matiri. 15 Unozviziva izvi, kuti vese
vari paAsia vakandifuratira; pakati pavo pana
Figero naHemogene. 16 Ishe ngaape tsitsi kuimba
yaOnesiforo; nokuti kazhinji wakandivandudza, uye
haana kunyadziswa neketani yangu, 17 asi asvika
Roma, wakanditsvakisisa, akandiwana. 18 Ishe
ngaamuitire kuti awane tsitsi kuna Ishe nezuva iro;
uye muzvinhu zvingani zvaakandibatira paEfeso, iwe
unozivisisa.

2 Naizvozvo iwe, mwana wangu, simba munyasha
dziri muna Kristu Jesu. 2 Nezvinhu zvawakanzwa
kwandiri pakati pezvapupu zvizhinji, uzvikumikidze
izvozvo kuvanhu vakatendeka vachagonawo
kudzidzisa vamwe. 3 Naizvozvo iwe utambudzike
zvakaoma, semurwi wakanaka waJesu Kristu. 4
Hakuna munhu anobata semurwi anozvipinganidza
nezviitiko zveupenyu, kuti afadze uyo wakamupinza
basa. 5 Uye kana munhuwo achikwikwidza,
haashongedzwi korona kana asina kukwikwidza
zviri pamurairo. 6 Murimi anobata zvakasimba
anofanira kutanga kugamuchira zvibereko. 7
Fungisisa zvandinoreva; uye Ishe ngaakupe
kunzwisisa pazvinhu zvese. 8 Rangarira Jesu
Kristu wakamutswa kubva kuvakafa, wembeu
yaDhavhidhi, zvichienderana neevhangeri yangu;
9 yandinotambudzika mairi zvakaipa, kusvikira
pazvisungo, semuiti wezvakaipa; asi shoko raMwari
harina kusungwa. 10 Saka ndinotsungirira zvinhu
zvese nekuda kwevakasanangurwa, kuti naivo
vawane ruponeso rwuri muna Kristu Jesu, pamwe
nekubwinya kusingaperi. **(aiōnios g166)** 11 Shoko
iri rakatendeka; nokuti kana takafa pamwe naye,
tichararamawo pamwe naye. 12 Kana tikatsungirira,
tichatongawo pamwe naye; kana tikamuramba,
naiye achatiramba. 13 Kana tisingatendeki, iye
anoramba akatendeka; iye haagoni kuzviramba. 14
Uvarangaridze zvinhu izvi, uchirairisa pamberi paIshe
kusapikisa pamashoko kusingabatsiri chinhu asi
kutsausa vanonzwa. 15 Shingaira kuti uzviratidze
kuna Mwari uri wakatendeka, mushandi asingafaniri
kunyadziswa, anonyatsoruramisa shoko rechokwadi.
16 Asi nzvenga kutaura kwetsvina kusina maturo;
nokuti vacharamba vachingonyanya pakusatya Mwari,
17 neshoko ravo richanyenga segomarara; pakati
pavo pana Himenayosi naFiretosi; 18 ivo vakatsauka
pachokwadi, vachiti kumuka kwatovapo, vachipidigura
rutendo rwevamwe. 19 Kunyange zvakadaro nheyo
yaMwari inomira yakasimba, ine mucherechedzo
uyu: Ishe anoziva vari vake, uye kuti: Umwe
neumwe anoreva zita raKristu ngaabve pakusarurama.
20 Asi muimba huru hamuna midziyo yegoridhe
neyesirivheri chete, asiwo yematanda neyevhu, uye
imwe ndeyekukudzwa asi imwe ndeyekusakudzwa.
21 Naizvozvo kana munhu achizvinatsa pazvinhu izvi,
achava mudziyo wekukudzwa, wakaitwa mutsvene,
wakakwanira basa raTenzi, wakagadzirirwa basa
rese rakanaka. 22 Tizawo kuchiva kweudiki, asi
uteverere kururama, rutendo, rudo, rugare, pamwe
nevanodana kuna Ishe zvichibva pamoyo wakachena.
23 Asi mibvunzo yeupenzi neyekusadzidza urambe,
uchiziva kuti zvinomutsa kurwa. 24 Zvino muranda
waIshe haafaniri kurwa, asi ave munyoro kune

vese, anoziva kudzidzisa, ane moyo murefu, 25
anoraira neunyoro avo vanozvipikisa, kuti zvimwe
Mwari avape kutendeukira kuruzivo rwechokwadi, 26
uye vapengenuke kubva pamusungo wadhiabhorosi,
wavakange vakabatwa naye pakuda kwake.

3 Asi uzive ichi, kuti mumazuva ekupedzisira
nguva dzekutambudzika dzichasvika. 2
Nokuti vanhu vachava vanozvida, vanoda mari,
vanozvirumbidza, vanozvikudza, vatuki, vasingateereri
vabereki, vasingavongi, vasiri vatsvene, 3
vasina rudo rwechisikirwo, vasingaregereri, vacheri,
vasingazvidzori, vane hasha, vasingadi zvakanaka, 4
vatengesi, vanomhanyirira, vane manyawi, vanoda
mafaro kupfuura kuda Mwari, 5 vane mufananidzo
wekunamata Mwari, asi vachiramba simba rawo;
ubve pane vakadaiwo. 6 Nokuti kwavari kunobva
vanoverevedza mudzimba, vachitapa vakadzi nzenza,
vakaremedzwa nezvivi, vachitungamirirwa nekuchiva
kwakasiyana-siyana, 7 vanongogara vachidzidza,
asi havatongogoni kusvika paruzivo rwechokwadi.
8 Sezvowo Jane naJambere vakapikisa Mozisi,
saizvozvowo ava vanoramba chokwadi, vanhu
vendangariro dzakaodzwa, vakaraswa maererano
nerutendo. 9 Asi havachapfuuriri mberi; nokuti
upenzi hwavo huchaonekwa kune vese, sezvakazoita
hwavowo. 10 Asi iwe wakanyatsoteverera dzidziso
yangu, mufambiro, chinangwa, rutendo, moyo
murefu, rudo, kutsungirira, 11 kushushwa, nenhamo,
zvakandiwira paAndiyokiya, paIkonio, nepaRistra,
kushushwa kwakadini kwandakatsungirira makuri;
uye Mwari wakandinunura kubva maari ese. 12
Nevesewo vanoda kurarama mukunamata Mwari
muna Kristu Jesu vachashushwa; 13 asi vanhu
vakaipa nevanyengeri vachaenderera mberi pakuipa
vachitsausa nekutsauswa. 14 Asi iwe rambira pazvinhu
zvawakadzidza uye zvawakatendeswa, uchiziva
kuti wakazvidzidza kuna ani, 15 uye kuti kubvira
paucheche wakaziva magwaro matsvene, anogona
kukuchenjedza kusvikira pakuponeswa kubudikidza
nerutendo rwuri muna Kristu Jesu. 16 Rugwaro
rwese rwakafemerwa naMwari uye rwunobatsira
padzidziso, pakutsiura, pakururamisa, nepakuraira
kuri mukururama; 17 kuti munhu waMwari ave
wakakwana zvizere, agadzirirwa basa rese rakanaka.

4 Naizvozvo ndinorairisa pamberi paMwari, naIshe
Jesu Kristu, iye achatonga vapenyu nevakafa,
pakuonekwa kwake neushe hwake: 2 Paridza
shoko; iva wakagadzirira nenguva yakafanira,
panguva isakafanira, dzora, tsiura, kurudzira
nemoyo murefu wese nedzidziso. 3 Nokuti nguva
ichavapo yavacharamba kutendera dzidziso mhenyu,
asi zvichienderana nekuchiva kwavo pachavo
vachazvivunganidzira vadzidzisi, vachirumwa nzeve;
4 uye vachafuratidza nzeve dzavo pachokwadi,
vachitendeukira kungano. 5 Asi iwe svinura pazvinhu
zvese, utsungirire pamatambudziko, uite basa
remuevhangeri, uzadzise basa rako. 6 Nokuti
ini ndatodururwa sechipo chinodururwa, nenguva
yekubva kwangu yasvika. 7 Ndarwa kurwa kwakanaka,
ndapedza nhangemutange, ndachengeta rutendo; 8
kubva ikozvino, ndakaisirwa korona yekururama Ishe
yavachandipa, mutongi wakarurama nezuva iroro;
kwetewo kwandiri ndega, asi nekune vese vanoda
kuonekwa kwake. 9 Shingairira kukurumidza kuuya
kwandiri. 10 Nokuti Dhemasi wakandisiya, ada nyika
yaikozvino, akaenda kuTesaronika; Kresike kuGaratia,
Tito kuDharimatia. (aiōn g165) 11 Ruka ega aneni. Tora
Mariko uuye naye nokuti anondibatsira pakushumira.
12 Asi Tikiko ndakamutuma kuEfeso. 13 Nguvo
yandakasiya paTroasi kuna Kapo, kana wouya uuye
nayo, nemabhuku, zvikuru magwaro ematehwe. 14
Arekisandiro mupfuri wendarira wakandiitira zvakaipa
zvizhinji; Ishe achamutsiva zvinoenderana nemabasa
ake; 15 iwewo umuchenjerere, nokuti wakapikisa
zvikurusa mashoko edu. 16 Pakuzvidavirira kwangu
kwekutanga hapana wakamira neni, asi vese
vakandisiya. Dai zvarega kuverengerwa kwavari. 17
Asi Ishe wakamira neni, akandisimbisa, kuti neni
kuparidza kukwaniswe, nevahedheni vese vanzwe;
uye ndakarwirwa kubva pamuromo weshumba. 18
Uye Ishe achandirwira pabasa rese rakaipa, uye
achandichengetera muushe hwake hwekudenga;
kubwinya ngakuve kwaari rinhi narinhi. Ameni.
(aiōn g165) 19 Kwazisa Priska naAkwira, neimba
yaOnesiforo. 20 Erasto wakasara paKorinde; asi
Trofimo ndakamusiya paMireto achirwara. 21
Shingairira kuuya chando chisati chasvika. Yubhuro
anokukwazisa, naPudheni, naRinosi, naKraudhia,
nehama dzese. 22 Ishe Jesu Kristu ngaave nemweya
wako. Nyasha ngadzive nemwi. Ameni.

# Tito

1 Pauro, muranda waMwari, nemuapositori
waJesu Kristu, zvichienderana nerutendo
rwevasanangurwa vaMwari nekuziva chokwadi
chiri pakunamata Mwari, 2 patariro yeupenyu
husingaperi, uhwo Mwari asingagoni kureva nhema
hwaakavimbisa nhambo dzenguva dzisati dzavapo,
(aiōnios g166) 3 asi panguva dzakafanira wakaratidza
shoko rake nekuparidza kwakaiswa mumaoko angu
zvichienderana nemurairo waMwari Muponesi wedu,
4 kuna Tito, mwana wangu chaiye zvichienderana
nerutendo rwatinodyidzana: Nyasha, tsitsi, rugare
zvinobva kuna Mwari Baba, naIshe Jesu Kristu
Muponesi wedu. 5 Nekuda kwaizvozvi ndakakusiya
paKrete, kuti ugadzirise zvakasara, uye ugadze
vatariri muguta rega-rega, sezvandakakuraira ini;
6 kana aripo asina chaangapomerwa, murume
wemukadzi umwe, ane vana vakatendeka, vasingapiwi
mhosva yekusazvidzora, kana kusateerera. 7 Nokuti
mutariri anofanira kuva asina chaangapomerwa,
semuchengeti weimba waMwari; asina mukundo,
asingakurumidzi kutsamwa, asiri muraradzi, asiri
murwi, asingakariri fuma yakaipa, 8 asi anofarira
kugamuchira vaenzi, anoda zvakanaka, anozvidzora,
wakarurama, mutsvene, anozvibata, 9 anobatisisa
shoko rakatendeka sezvaakadzidziswa, kuti agone
kukurudzira nedzidziso mhenyu, uye kupwisa
vakakavari. 10 Nokuti vazhinjiwo varipo vasingateereri,
vanotaura zvisina maturo nevanyengeri, zvikuru
avo vekudzingiswa, 11 vanofanira kudzivira miromo
yavo; vanopidigura misha yese, vachidzidzisa zvinhu
zvavasingafaniri, nekuda kwefuma yakaipa. 12
Umwe pakati pavo, anova muporofita wavo pachavo,
wakati: VaKrete vagara vari varevi venhema,
zvikara zvakaipa, simbe dzinokara. 13 Uchapupu
uhu ndehwechokwadi. Nekuda kwechikonzero ichi
uvatsiure zvakasimba, kuti vagwinye parutendo,
14 vasingateereri ngano dzeVaJudha nemirairo
yevanhu vanofuratira chokwadi. 15 Kune vakachena
zvinhu zvese zvakachena; asi kune vakasvibiswa
nevasingatendi hakuna chakachena, asi kufunga
kwavowo nehana zvakasvibiswa. 16 Vanobvuma
kuti vanoziva Mwari, asi pamabasa vanomuramba,
vari vanyangadzi nevasingateereri uye vasingabatsiri
pabasa rese rakanaka.

2 Zvino iwe taura zvinhu zvakafanira dzidziso
yakagwinya. 2 Varume vakuru kuti vazvibate,
vanokudzwa, vakangwara, vakagwinya parutendo,
parudo, pakutsungirira; 3 saizvozvo vakadzi vakuru
kuti pamafambiro vave sezvakafanira vatsvene, kwete
vacheri, kwete varanda vewaini zhinji, vadzidzisi
vezvinhu zvakanaka, 4 kuti vadzidzise vakadzi
vadiki kuchenjera, kuda varume vavo, nekuda vana
vavo, 5 vakazvibata, vakachena, vachengeti vemisha,
vakanaka, vanozviisa pasi pevarume vavo pachavo,
kuti shoko raMwari rirege kumhurwa. 6 Varume
vadiki saizvozvo ukurudzire kuti vave vanozvidzora;
7 pazvinhu zvese iwe uzviratidze uri mufananidzo
wamabasa akanaka, padzidziso yechokwadi, mugariro
unokudzwa nekuvimbika, 8 shoko rakagwinya,
risingashoreki, kuti uyo wedivi rinopikisa anyare,
asina chinhu chakaipa chaangareva pamusoro penyu.
9 Kurudzira varanda kuzviisa pasi pavatenzi vavo
pachavo, kuti vafadze pazvese, vasingakakavari, 10
vasinganyimi, asi varatidze kutendeka kwakanaka
kwese, kuti vashongedze dzidziso yaMwari Muponesi
wedu pazvese. 11 Nokuti nyasha dzaMwari
dzinoponesa dzakaratidzwa kuvanhu vese, 12
dzichidzidzisa isu kuti, tirambe kusanamata Mwari
uye kuchiva kwenyika, tirarame nekuchenjera uye
kururama nekunamata Mwari panyika yaikozvino, (aiōn
g165) 13 tichimirira tariro yakaropafadzwa nekuratidzwa
kwekubwinya kwaMwari mukuru neMuponesi wedu
Jesu Kristu, 14 wakazvipira isu, kuti adzikunure
isu pakuipa kwese, uye azvichenurire vanhu
vakasanangurwa, vanoshingairira mabasa akanaka.
15 Taura zvinhu izvi, uye kurudzira, uye tsiura nesimba
rese. Kusava nemunhu anokuzvidza.

3 Uvayeudzire ivo kuzviisa pasi pevatungamiriri
nevabati, vavateerere, vakazvigadzirira basa
rese rakanaka, 2 varege kuchera munhu, varege
kuva vakakavari, vanyoro, vaitire vanhu vese
unyoro hwese. 3 Nokuti nesu pachedu taimbova
matununu, vasingateereri, tichitsauswa, tichishumira
kuchiva nemafaro zvakasiyana-siyana, tichirarama
mukushata negodo, tichivenga, tichivengana. 4 Asi
apo unyoro nerudo kuvanhu zvaMwari Muponesi
wedu zvoonekwa, 5 kwete zvichibva pamabasa
ekururama atakaita isu, asi zvichienderana netsitsi
dzake wakatiponesa, kubudikidza nekushambidzwa
kwekuberekwa kutsva nekuvandudzwa kweMweya
Mutsvene, 6 waakadururira achiwanza pamusoro
pedu, kubudikidza naJesu Kristu Muponesi wedu,
7 kuti tichinzi takarurama nenyasha dzake, tive
vadyi venhaka zvichienderana netariro yeupenyu
husingaperi. (aiōnios g166) 8 Ishoko rakatendeka,
uye izvi ndinoda kuti musimbise zvirokwazvo,
kuti vakatenda kuna Mwari vachenjerere kuzvipira
pamabasa akanaka. Ndizvo zvinhu zvakanaka uye

zvinobatsira kuvanhu; 9 asi nzvenga mibvunzo
yeupenzi nenhoroondo dzemazita emadzinza
nemakakatanwa nemakakava pamusoro pemurairo,
nokuti hazvibatsiri uye hazvina maturo. 10
Munhu anotsauka shure kwekurairwa kwekutanga
nekwechipiri umurambe, 11 uchiziva kuti uyo
wakadaro wakatsauka, uye anotadza, achizvipa
mhosva amene. 12 Pandichatuma Aritema kwauri,
kana Tikiko, ushingaire kuuya kwandiri kuNikopori;
nokuti ndakazvipira kugarapo pachando. 13 Shingaira
kubatsira Zenasi mududziri wemurairo naAporo
parwendo rwavo, kuti kusava nechinhu chinoshaikwa
kwavari. 14 Nevekweduwo ngavadzidze kuzvipira
pamabasa akanaka anodikanwa pakushaiwa, kuti
varege kuva vasina zvibereko. 15 Vese vaneni
vanokukwazisa. Kwazisa vanotida parutendo. Nyasha
ngadzive nemwi mese. Ameni.

# Firimoni

1 Pauro musungwa waKristu Jesu, naTimotio hama,
kuna Firimoni mudikanwi nemushumiri pamwe
nesu, 2 nekumudikanwi Apifia, nekuna Akipo muuto
pamwe nesu, nekukereke iri mumba mako: 3 Nyasha
kwamuri nerugare rwunobva kuna Mwari Baba vedu
naIshe Jesu Kristu. 4 Ndinovonga Mwari wangu,
ndichikureva nguva dzese paminyengetero yangu,
5 ndichinzwa zverudo rwako, nerutendo rwaunarwo
kuna Ishe Jesu nekuvatsvene vese, 6 kuti kudyidzana
kwerutendo rwako kuve nesimba pakuziva chese
chakanaka chiri mamuri muna Kristu Jesu. 7 Nokuti
tine mufaro mukuru nekunyaradzwa parudo rwako,
nokuti ura hwevatsvene hwakavandudzwa newe,
hama. 8 Naizvozvo kunyange ndine kushinga kukuru
muna Kristu kukuraira izvo zvakafanira, 9 asi nekuda
kwerudo zviri nani kukumbirisa, sezvandakadai
ini Pauro mutana, uye ikozvinowo musungwa
waJesu Kristu. 10 Ndinokukumbirisa pamusoro
pemwana wangu, wandakabereka muzvisungo
zvangu, Onesimo, 11 wakange asingambokubatsiri,
asi ikozvino anobatsira kwauri nekwandiri, 12
wandatumirazve kwauri; asi iwe, mugamuchire,
ndiko kuti ura hwangu; 13 wandaida kuramba naye
aneni, kuti panzvimbo yako andishumire pazvisungo
zveevhangeri; 14 asi handina kuda kuita chinhu kunze
kwetendero yako, kuti chakanaka chako chirege
kuitwa nekuroverenwa, asi sepachido. 15 Nokuti
zvimwe wakaparadzaniswa newe chinguva nemhaka
iyi, kuti umugamuchirezve nekusingaperi; **(aiōnios g166)**
16 arege kuchiva semuranda, asi anopfuura muranda,
hama inodikanwa, zvikuru kwandiri, asi zvikuru sei
kwauri zvese panyama nemuna Ishe. 17 Naizvozvo
kana uchindiverenga semubatidzani, mugamuchire
seunogamuchira ini. 18 Asi kana akakutadzira chimwe
kana kuva nengava newe, izvozvo zviverengere
kwandiri; 19 ini Pauro ndanyora neruoko rwangu, ini
ndicharipa; kuti ndirege kuti kwauri, uri ngava kwandiri
iwewo pachako. 20 Hongu, hama, ngandive nemufaro
newe muna Ishe; vandudza ura hwangu muna
Ishe. 21 Ndakunyorera ndichivimba kuteerera kwako,
ndichiziva kutiwo uchaita kupfuura zvandinoreva. 22
Uyewo panguva iyoyo ndigadzirire pekugara; nokuti
ndinotarisira kuti kubudikidza neminyengetero yenyu
ndichapiwa kwamuri. 23 Anokukwazisa Epafrasi
musungwa pamwe neni muna Kristu Jesu, 24 Mariko,
Arisitako, Dhemasi, Ruka, vabati pamwe neni. 25
Nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu ngadzive nemweya
wenyu. Ameni.

# VaHebheru

1 Mwari iye ataura kare nenzira dzakawanda
kumadzibaba nevaporofita muzvikamu nezvikamu,
2 pamazuva awa ekupedzisira akataura kwatiri
muMwanakomana, waakagadza mudyi wenhaka
wezvinhu zvese, waakaitawo naye nyika, **(aiōn g165)**
3 iye ari kupenya kwekubwinya, nemufananidzo
chaiwo wekuvapo kwake, uye achitakura zvinhu
zvese neshoko resimba rake, wakati aita kubudikidza
naiye pachake kunatswa kwezvivi zvedu, akagara
pasi kuruoko rwerudyi rweuMambo huri kunzvimbo
dzekumusoro, 4 apfuudzwa vatumwa zvikuru
pakunaka, sezvo akange awana nhaka yezita gurusa
kupfuura ivo. 5 Nokuti ndekune upi wevatumwa
kwaakamboti: Ndiwe Mwanakomana wangu, nhasi
ini ndakubereka? Uyezve: Ini ndichava kwaari
Baba, uye iye achava Mwanakomana kwandiri?
6 Uye kana achiuisazve dangwe panyika anoti:
Nevatumwa vese vaMwari ngavamunamate. 7
Nekuvatumwa zvirokwazvo anoti: Iye anoita vatumwa
vake mweya, nevaranda vake murazvo wemoto; 8
asi kuMwanakomana anoti: Chigaro chenyu cheushe,
Mwari, chiripo nekusingaperi-peri, tsvimbo yekururama
itsvimbo yeushe hwenyu. **(aiōn g165)** 9 Makada
kururama, ndokuvenga kuipa; naizvozvo Mwari,
iye Mwari wenyu, wakakuzodzai nemafuta emufaro
kupfuura vamwe venyu. 10 Uye kuti: Imwi Ishe,
pakutanga makateya nheyo dzenyika, nematenga
mabasa emaoko enyu; 11 izvo zvichaparara, asi
imwi mucharamba muripo; uye zvese zvichasakara
senguvo; 12 uye sechifukidzo muchazvipeta, uye
zvichashandurwa; asi imwi makangodaro, nemakore
enyu haangagumi. 13 Asi ndekune upi wevatumwa
kwaakambotaura achiti: Gara kuruoko rwangu
rwerudyi, kusvikira ndaita vavengi vako chitsiko
chetsoka dzako? 14 Ko havasi vese mweya inoshumira
yakatumwa kuzoshumira nekuda kwevachazodya
nhaka yeruponeso here?

2 Nekuda kweizvozvi tinofanira kuchenjerera zvikuru
kuzvinhu zvatakanzwa, zvimwe tingakukurwa. 2
Nokuti kana shoko rakataurwa nevatumwa rakange
rakasimba, uye kudarika kwese nekusateerera
kwakagamuchira kutsiva kwakarurama, 3 isu
tichapukunyuka sei kana tisina hanya neruponeso
rukuru rwakadai? Irwo pakutanga rwakataurwa naIshe,
rukasimbiswa kwatiri naivo vakanzwa, 4 Mwari
achivapupurirawo zvese nezviratidzo nezvishamiso,
nemasimba akasiyana-siyana, nezvipo zveMweya
Mutsvene, zvichienderana nechido chake. 5 Nokuti
haana kuisa nyika inouya pasi pevatumwa, yatinotaura
nezvayo. 6 Asi umwe pane imwe nzvimbo wakapupura
achiti: Munhu chii, kuti mumurangarire? kana
mwanakomana wemunhu, kuti muve nehanya
naye? 7 Makamuderedza zvishoma kuvatumwa;
makamushongedza korona nekubwinya nerukudzo,
ndokumumisa pamusoro pemabasa emaoko enyu.
8 Zvinhu zvese makaisa pasi petsoka dzake.
Nokuti pane izvozvi wakaisa zvese pasi pake,
haana kusiya chinhu chisina kuiswa pasi pake.
Asi ikozvino tigere kuona zvinhu zvese zvakaiswa
pasi pake. 9 Asi tinoona Jesu, akaderedzwa
zvishoma kuvatumwa, nekuda kwedambudziko rerufu,
akashongedzwa korona nekubwinya nerukudzo,
kuti iye nenyasha dzaMwari aravire rufu achiitira
wese. 10 Nokuti zvakange zvakamufanira, iye
zvinhu zvese zviripo nekuda kwake, uye kubudikidza
naye zvese zviripo, pakuisa vanakomana vazhinji
mukubwinya, apedzeredze mutungamiriri weruponeso
rwavo kubudikidza nematambudziko. 11 Nokuti
neanovaitisa vatsvene naivo vanoitwa vatsvene vese
vakabva kune umwe; nemhaka iyi haanyadziswi
kuvaidza hama, 12 achiti: Ndichaparidzira zita renyu
kuhama dzangu, pakati pekereke ndichakuimbirai
rumbidzo. 13 Uyezve: Ini ndichavimba naye. Uyezve:
Tarirai ini nevana Mwari vaakandipa. 14 Naizvozvo
sezvo vana vari vagovani venyama neropa, naiye
pachake wakagovana navo izvozvi; kuti kubudikidza
nerufu iye aparadze uyo ane simba rerufu, iye
dhiabhorosi, 15 agosunungura avo vese kubudikidza
nekutya rufu vaiva pasi peuranda upenyu hwese.
16 Nokuti zvirokwazvo haazvitoreri vatumwa, asi
wakazvitorera mbeu yaAbhurahama. 17 Naizvozvo
wakafanira pazvinhu zvese kufananidzwa nehama
dzake, kuti ave mupristi mukuru ane tsitsi nekutendeka
pazvinhu zvaMwari, kuti aite muripo wezvivi zvevanhu.
18 Nokuti pane izvozvo iye amene wakatambudzika
achiedzwa, anogona kubatsira vanoedzwa.

3 Naizvozvo, hama tsvene, vagovani vekudanwa
kwekudenga, rangarirai muapositori nemupristi
mukuru wekupupura kwedu, iye Kristu Jesu, 2
wakatendeka kuna iye wakamugadza, saMozisiwo
muimba yake yese. 3 Nokuti uyu wakanzi wakafanira
rukudzo kupfuura Mozisi, sezvo anovaka imba
ane rukudzo kuipfuura. 4 Nokuti imba imwe
neimwe inovakwa neumwe; asi anovaka zvese
ndiMwari. 5 Zvino Mozisi zvirokwazvo wakanga
akatendeka muimba yake yese semuranda, kuti
huve uchapupu hwezvinhu zvaizotaurwa; 6 asi Kristu
seMwanakomana pamusoro peimba yake; imba

yake yatiri isu, kana chete tikabatisisa kushinga
nekuzvirumbidza kwetariro kusvika pakuguma. 7
Naizvozvo sezvinotaura Mweya Mutsvene achiti:
Nhasi kana muchinzwa inzwi rake, 8 musaomesa
moyo yenyu, sepakumukira, nezuva rekuedzwa
murenje, 9 madzibaba enyu paakandiedza,
vachindinzvera, ndokuona mabasa angu makore
makumi mana. 10 Naizvozvo ndakatsamwiswa nezera
iro, ndokuti: Vanogara vachitsauka pamoyo; uye ava
havana kuziva nzira dzangu; 11 naizvozvo ndakapika
pakutsamwa kwangu, ndikati: Havangatongopindi
pazororo rangu. 12 Chenjererai, hama, kuti kusava
nemoyo wakashata wekusatenda pakati peumwe
neumwe wenyu, pakutsauka kubva kuna Mwari
mupenyu; 13 asi kurudziranai pazuva nezuva,
kuchanzi nhasi; kuti kurege kuva neumwe wenyu
anoomeswa nekunyengera kwechivi; 14 nokuti tava
vagovani vaKristu, kana chete tichibatisisa kuvamba
kwechivimbo kusvikira pakuguma; 15 kuchanzi:
Nhasi kana muchinzwa inzwi rake, musaomesa
moyo yenyu, sepakumukira. 16 Nokuti vamwe vakati
vanzwa vakamukira, asi havasi vese vakabva Egipita
kubudikidza naMozisi. 17 Asi wakatsamwiswa nani
makore makumi mana? Havasi ivo vakatadza here,
vane mitumbi yakawira murenje? 18 Uye ndivana
ani vaakapikira kuti havangapindi pazororo rake,
kunze kweavo vasina kutenda? 19 Zvino tinoona kuti
vakange vasingagoni kupinda nekuda kwekusatenda.

**4** Naizvozvo ngatitye zvimwe chivimbiso chekupinda
muzororo rake chichiripo umwe wenyu aonekwe
achitaira kuchisvikira. 2 Nokuti nesuwo takaparidzirwa
evhangeri, sekwavariwo; asi shoko ravakanzwa
harina kuvabatsira, sezvo risina kuvhenganiswa
nerutendo kune avo vakanzwa. 3 Nokuti isu
vakatenda tinopinda pazororo, sezvaakareva achiti:
Sezvo ndakapika pakutsamwa kwangu ndikati:
Havangatongopindi muzororo rangu; kunyange
mabasa akange apedzwa kubva pakuvambwa
kwenyika. 4 Nokuti wakataura pane imwe nzvimbo
pamusoro pezuva rechinomwe sezvizvi: Mwariwo
wakazorora nezuva rechinomwe pamabasa ake ese;
5 nepanozve: Havangatongopindi muzororo rangu.
6 Naizvozvo zvazvichipo kuti vamwe vachapinda
mariri, uye vakatanga kuparidzirwa evhangeri havana
kupinda nekusateerera, 7 anogurazve rimwe zuva,
achiti: Nhasi, achitaura kubudikidza naDhavhidhi,
nguva huru yakadai yapfuura, sezvakwakataurwa,
kuchinzi: Nhasi kana muchinzwa inzwi rake,
musaomesa moyo yenyu. 8 Nokuti dai Joshua akange
avapa zororo, haazaizoreva pashure peizvi pamusoro
perimwe zuva. 9 Naizvozvo rasarirwa vanhu vaMwari
zororo resabata. 10 Nokuti wakapinda muzororo rake
iyewo wakazorora pamabasa ake, saMwari pane
ake. 11 Naizvozvo ngatishingairire kupinda muzororo
iroro, kuti kusava neanowira mumuenzaniso iwoyo
wekusateerera. 12 Nokuti shoko raMwari ibenyu,
uye rine simba, uye rinopinza kukunda munondo
unocheka kumativi maviri, uye rinobaya kusvikira
panoparadzana moyo nemweya, nepemafundo
nemongo; uye mutongi wendangariro nezvinangwa
zvemoyo. 13 Hakunawo chisikwa chisingaratidziki
pamberi pake; asi zvinhu zvese zvakashama uye
zvakazarurirwa meso aiye watinozvidavirira kwaari.
14 Naizvozvo zvatine mupristi mukuru kwazvo,
wakapfuurira kumatenga, Jesu Mwanakomana
waMwari, ngatibatisise kupupura kwedu. 15 Nokuti
hatina mupristi mukuru asingagoni kunzwiswa tsitsi
neutera hwedu, asi wakaedzwa pazvinhu zvese sesu,
asina chivi. 16 Naizvozvo ngatiswederei nekushinga
kuchigaro cheushe chenyasha, kuti tigamuchire tsitsi,
tiwane nyasha, tibatsirwe panguva yakafanira.

**5** Nokuti mupristi mukuru umwe neumwe, wakatorwa
kubva kuvanhu, anogadzirwa vanhu pazvinhu
zvaMwari, kuti abaire zvese zvipo nezvibairo
nekuda kwezvivi; 2 iye anogona kuva nemoyo
munyoro pane vasingazivi nevakatsauka, sezvo
naiye akakomberedzwa neutera. 3 Uye nekuda
kwaizvozvi anofanira kubaira zvivi, sezvaanobaira
zvevanhu, zvakadaro nekwaari. 4 Zvino hakuna
munhu angazvitorera rukudzo uru, asi uyo wakadanwa
naMwari, saAroniwo. 5 Saizvozvo Kristuwo haana
kuzvikudza iye kuva mupristi mukuru, asi uyo
wakati kwaari: Ndiwe Mwanakomana wangu, nhasi
ndakubereka. 6 Sepamwewo anoti: Ndiwe mupristi
nekusingaperi kubva kurudzi rwaMerikizedheki.
(aiōn g165) 7 Iye pamazuva enyama yake, abaira
minyengetero nemikumbiro nekuchema kukuru
nemisodzi kuna iye waigona kumuponesa kubva
parufu, uye akanzwikwa nekuda kwekutya Mwari, 8
kunyange aiva Mwanakomana, wakadzidza kuteerera
kubva pazvinhu zvaakatambudzika, 9 akatiwo
aitwa wakaperedzerwa, akava muvambi weruponeso
rwusingaperi kune vese vanomuteerera; (aiōnios
g166) 10 anzi naMwari mupristi mukuru kubva
kurudzi rwaMerikizedheki. 11 Watine zvizhinji
zvatingataura pamusoro pake zvinoremawo kududzira,
zvamakagomara pakunzwa. 12 Nokuti apo pamaifanira
kuva vadzidzisi nekuda kwenguva, makashaiwazve
kuti kuve neanokudzidzisai kuti zvimiso zvekutanga
zvemashoko aMwari zvii, uye mava vanoda mukaka,

uye kwete kudya kukukutu. 13 Nokuti ani nani anodya
mukaka haana unyanzvi mushoko rekururama; nokuti
mucheche. 14 Asi kudya kukukutu ndekwevakura
zvakazara, ivo nekurovedzwa vakadzidzisa pfungwa
kuparadzanisa zvese zvakanaka nezvakaipa.

**6** Naizvozvo, tichisiya zvekutanga zvedzidziso
yaKristu, ngatipfuurire mukupedzeredza,
tisingaisizve nheyo yekutendeuka kubva pamabasa
akafa, neyekutenda kuna Mwari, 2 yedzidziso
yebhabhatidzo, neyekuisa maoko, neyekumuka
kwevakafa, neyekutonga kwekusingaperi. **(aiōnios g166)**
3 Uye izvi tichaita, kwega kana Mwari achitendera.
4 Nokuti hazvigoneki kuti vakambovhenekerwa,
vakaravira chipo chekudenga, ndokuva vagovani
veMweya Mutsvene, 5 vakaravira shoko
rakanaka raMwari, nemasimba enyika inouya,
**(aiōn g165)** 6 ndokutsauka kutivavavandudzirezve
mukutendeuka, zvavanozvirovererazve
pamuchinjikwa Mwanakomana waMwari,
vachimunyadzisa pachena. 7 Nokuti nyika inonwa
mvura inogarouya pamusoro payo, ndokubereka
miriwo yakafanira avo vanoirimawo, inowana
ropafadzo kubva kuna Mwari; 8 asi iyo inobereka
minzwa nerukato, inorambwa uye yava pedo
nekutukwa; kuguma kwayo kuri mukupiswa. 9
Asi tine chokwadi pamusoro penyu chezvinhu
zviri nani, vadiwa, uye zvinhu zvine ruponeso,
kunyange tichitaura sezvizvi; 10 nokuti Mwari
haasi asakarurama kuti akanganwe basa renyu
nebasa rakarema rerudo rwamakaratidza kuzita rake,
pamakashumira vatsvene uye muchiri kushumira.
11 Zvino tinoshuva kuti umwe neumwe wenyu
aratidze kushingaira kwakadaro kuve kuvimbiswa
kwakakwana kwetariro pakuguma. 12 Kuti murege
kuva simbe, asi vateveri veavo vanodya nhaka
yezvivimbiso kubudikidza nerutendo nemoyo murefu.
13 Nokuti Mwari paakavimbisa Abhurahama, nokuti
wakange asina wakamudarika waangapika naye,
wakapika naiye pachake, 14 achiti: Zvirokwazvo
kuropafadza ndichakuropafadza, nekuwanza
ndichakuwanza. 15 Saizvozvowo, wakati atsungirira
nemoyo murefu akawana chivimbiso. 16 Nokuti vanhu
zvirokwazvo vanopika nemukuru kwavari, nemhiko
yekusimbisa kuguma kwegakava rese kwavari. 17
Pakazoti Mwari achida zvikurusa kuratidza kuvadyi
venhaka yechivimbiso kusashanduka kwezano
rake, wakamiririra nemhiko, 18 kuti nezvinhu zviviri
zvisingashanduki, pazviri pasingagoni kuti Mwari
areve nhema, tive nekunyaradzwa kwakasimba, iyesu
takatizira kunovanda kuti tibatirire kutariro yakaiswa
pamberi pedu; 19 yatinayo sechitsigiso chemweya
chakatsiga uye chakasimba, inopinda kune zviri
mukati mevheiri; 20 apo nhungamiri payakatipindira,
iye Jesu, wakaitwa mupristi mukuru nekusingaperi,
kubva kurudzi rwaMerikizedheki. **(aiōn g165)**

**7** Nokuti Merikizedheki uyu, mambo weSaremi,
mupristi waMwari Wekumusoro-soro,
wakasangana naAbhurahama achidzoka kubva
kunouraya madzimambo, ndokumuropafadza, 2
Abhurahama wakamugovera chegumi chezvese; iye
pakutanga ari nekuturikirwa mambo wekururama,
uye shure kweizvozvo mambo weSaremiwo, ndokuti
mambo werugare; 3 asina baba, asina mai, asina
dzinza, asina mavambo amazuva, kana kuguma
kweupenyu, asi wakafananidzwa neMwanakomana
waMwari, anogara ari mupristi nekusingaperi. 4 Zvino
rangarirai kuti mukuru sei uyu, teteguru Abhurahama
vaakapawo chegumi chezvakapambiwa. 5 Zvino
zvirokwazvo avo vanobva kuvanakomana VaRevhi
vakagamuchira basa reupristi vane murairo wekutora
chegumi kuvanhu zvichienderana nemurairo, ndiko
kuti kuhama dzavo, kunyange vakabva muchiuno
chaAbhurahama; 6 asi iye dzinza rake risina
kuverengerwa kwavari wakagamuchira chegumi
kuna Abhurahama, akamuropafadza iye wakange
ane zvivimbiso. 7 Zvino pasina kupikisa kwese,
mudiki unoropafadzwa nemukuru. 8 Uye pano
vanhu vanofa vanogamuchira zvegumi; asi apo,
anopupurirwa kuti mupenyu ndiye anogamuchira.
9 Zvino, kunganzi, kubudikidza naAbhurahama
Revhiwo anogamuchira zvegumi wakapa zvegumi;
10 nokuti wakange achiri muchiuno chababa, apo
Merikizedheki akamuchingamidza. 11 Naizvozvo,
kana kupedzeredzwa kwaivapo neupristi hwaRevhi
(nokuti pasi pahwo vanhu rwakapiwa murairo), ko
umwe mupristi waifanira kuzomukirei kubva kurudzi
rwaMerikizedheki, uye asingaidzwi werudzi rwaAroni?
12 Nokuti kana upristi huchishandurwa, zvinofanirawo
kuti kuve neshanduko yemurairo. 13 Nokuti iye
anorehwa zvinhu izvi pamusoro pake ndewerumwe
rudzi, rwakange rusina munhu wakashumira paaritari.
14 Nokuti zviri pachena kuti Ishe wedu wakamuka kuna
Judha, rudzi Mozisi rwaasina kumbotaura pamusoro
parwo maererano neupristi. 15 Uye zvichiri pachena
kwazvo kwazvo, kana kuchimuka umwe mupristi
sewakatodzana naMerikizedheki, 16 asina kuitwa
nenzira yemurairo wekuraira kwenyama, asi nenzira
yesimba reupenyu husingaparadziki. 17 Nokuti
anopupura achiti: Iwe uri mupristi nekusingaperi
kubva kurudzi rwaMerikizedheki. **(aiōn g165)** 18 Nokuti

kuparadzwa kwemurairo wekutanga kwakavapo nekuda kweutera nekusabatsira kwawo; 19 nokuti murairo hauna kupedzeredza chinhu, asi kutangiswa kwetariro iri nani kwakazviita, yatinoswedera nayo kuna Mwari. 20 Uye zvaasina kuitwa pasina mhiko, 21 (nokuti ivo vakava vapristi pasina mhiko, asi iye nemhiko, kubudikidza naiye wakati kwaari: Ishe wakapika uye haangazvidembi achiti: Iwe uri mupristi nekusingaperi kubva kurudzi rwaMerikizedheki); (aiōn g165) 22 saizvozvo Jesu wakaitwa rubatso rwesungano inopfuura pakunaka. 23 Naivo zvirokwazvo vaiva vapristi vazhinji, nokuti vakadziviswa kugara nekuda kwerufu. 24 Asi uyu, nokuti anogara nekusingaperi ane upristi husingapfuuri. (aiōn g165) 25 Naizvozvo ane simbawo rekuponesa zvakakwana avo vanouya kuna Mwari nemaari, zvaanoraramira kuvareverera nekusingaperi. 26 Nokuti mupristi mukuru wakadaro ndiye wakatifanira, mutsvene, asina chakaipa, asina kusvibiswa, wakaparadzaniswa nevatadzi, wakakwidzwa kupfuura matenga; 27 asingafaniri zuva nezuva, sevaya vapristi vakuru, kubaira chibairo pakutanga pamusoro pezvivi zvake pachake, pashure zvevanhu; nokuti wakaita izvozvi kamwe chete, paakazvibaira iye. 28 Nokuti murairo unogadza vanhu kuva vapristi vakuru, vane utera; asi shoko remhiko, rakatevera murairo, rinogadza Mwanakomana, wakakwana nekusingaperi. (aiōn g165)

8 Zvino shoko guru pazvinhu zvatataura ndirori: Tine mupristi mukuru wakadai wakagara kuruoko rwerudyi rwechigaro cheushe cheMukuru kumatenga, 2 mushumiri wenzvimbo tsvene, newetabhenakeri yechokwadi Ishe yaakadzika, kwete munhu. 3 Nokuti mupristi mukuru umwe neumwe wakagadzirwa kubaira zvipo nezvibairo; naizvozvo zvakafanira kuti naye ave nechimwe chaangabaira. 4 Nokuti kana aiva panyika, angadai asina kutombova mupristi, vapristi zvavaripo, vanobaira zvipo zvinoenderana nemurairo; 5 vanoshumira zviratidzo nemumvuri wezvinhu zvekudenga, Mozisi sezvaakarairwa naMwari oda kugadzira tabhenakeri; nokuti wakati: Chenjera kuti uite zvese zvichienderana nemufananidzo wawakaratidzwa mugomo. 6 Asi ikozvino wakawana ushumiri hwakanyanyisa kunaka, sezvaariwo murevereri wesungano inopfuura pakunaka, yakasimbiswa pazvivimbiso zvinopfuura pakunaka. 7 Nokuti dai iya yekutanga yakange isina chaingapomerwa, dai pasina nzvimbo yakatsvakirwa yechipiri. 8 Nokuti achivapa mhosva, anoti: Tarira, mazuva anouya, anotaura Ishe, zvino ndichaita sungano itsva neimba yaIsraeri uye neimba yaJudha. 9 Kwete zvichienderana nesungano yandakaita nemadzibaba avo, pazuva randakabata ruoko rwavo kuti ndivabudise munyika yeEgipita; nokuti havana kurambira musungano yangu, neni ndikasava nehanya navo, anoreva Ishe. 10 Nokuti iyi isungano yandichasungana nayo neimba yaIsraeri shure kwemazuva iwayo, anotaura Ishe; ndichaisa mirairo yangu mumurangariro wavo, nemuhana dzavo ndichainyora; uye ndichava kwavari Mwari, ivo vachavawo kwandiri vanhu; 11 uye havangatongozodzidzisi umwe neumwe umwe wake, neumwe neumwe hama yake, achiti: Ziva Ishe; nokuti vese vachandiziva, kubva kumudiki wavo kusvikira kumukuru wavo. 12 Nokuti ndichava netsitsi pakusarurama kwavo, nezvivi zvavo nezvakaipa zvavo handichatongozorangariri. 13 Pakuti: Sungano itsva, yakasakadza yekutanga. Zvino chosakarawo chova chakare, chava pedo kurova.

9 Naizvozvowo zvirokwazvo sungano yekutanga yakange ine zviga zvekushumira Mwari, nenzvimbo tsvene yenyika. 2 Nokuti tabhenakeri yakagadzirwa, yekutanga maiva nechigadziko chemwenje netafura nezvingwa zvekuratidza, ndiyo inonzi nzvimbo tsvene. 3 Zvino seri kwevheiri rechipiri kwakange kune tabhenakeri yainzi nzvimbo tsvene yedzitsvene, 4 yakange ine mudziyo wegoridhe wezvipfungaidzo zvinonhuhwira, neareka yesungano yakange yakanamwa nhivi dzese negoridhe, maiva nehari yegoridhe yakange ine mana, netsvimbo yaAroni yakatunga, nemaheandefa esungano; 5 nepamusoro payo makerubhi ekubwinya, akadzikatira nzvimbo yetsitsi; zvatisingarondedzeri tichiita chimwe chimwe ikozvino. 6 Zvinhu izvi zvakati zvagadzirwa saizvozvo, vapristi vaipinda nguva dzese mutabhenakeri yekutanga, vachipedzeredza mabasa ekushumira Mwari; 7 asi kune yechipiri mupristi mukuru waipinda ari ega kamwe pagore, kwete asina ropa, raaizvibairira iye pachake nezvitadzo zvevanhu; 8 Mweya Mutsvene achiratidza ichi, kuti nzira yenzvimbo tsvene yakange isati yataridzwa, tabhenakeri yekutanga ichimire; 9 yakange iri mufananidzo wenguva iyoyo, paibairwa zvese zvipo nezvibairo, zvisingagoni kupedzeredza maererano nehana iye anoshumira; 10 zvinongova zvekudya nezvinwiwa nekushamba kwakasiyana-siyana nezviga zvenyama, zvakaiswa pamusoro pavo kusvikira panguva yekururamisa. 11 Asi Kristu wakati asvika ari mupristi mukuru wezvinhu zvakanaka zvinozouya, kubudikidza netabhenakeri yakapfuura pakukura nepakuperedzerwa, isina kuitwa nemaoko, ndiko kuti isati iri yekusikwa kuno, 12

uye kwete neropa rembudzi nemhuru, asi neropa
rake pachake wakapinda kamwe panzvimbo tsvene,
awana rudzikunuro rwusingaperi. (aiōnios g166) 13
Nokuti kana ropa renzombe nerembudzi, nemadota
etsiru zvichisasa pavakasvibiswa, zvichivaita vatsvene
kusvika pakuchenurwa panyama, 14 zvikuru sei ropa
raKristu, iye kubudikidza neMweya wekusingaperi
wakazvibaira kuna Mwari asina gwapa, richanatsa
hana dzenyu pamabasa akafa, pakushumira Mwari
mupenyu? (aiōnios g166) 15 Uye nemhaka iyi
ndiye murevereri wesungano itsva, kuti sezvo rufu
rwakasvika pakudzikunurwa kwekudarika pasungano
yekutanga, avo vakadanwa vagogamuchira chivimbiso
chenhaka isingaperi. (aiōnios g166) 16 Nokuti pane
rugwaro rwenhaka, panofanira kukumikidzwa rufu
rwaiye wakaita rugwaro rwenhaka. 17 Nokuti
rugwaro rwenhaka rwune simba kune vakafa, sezvo
rwusingatongovi nesimba kana wakaita rugwaro
rwenhaka achiri mupenyu. 18 Naizvozvo kunyange
yekutanga haina kugadzwa pasina ropa. 19 Nokuti
zviga zvese zvakati zvataurwa kuvanhu vese
naMozisi zvichienderana nemurairo, wakatora ropa
remhuru nembudzi, pamwe nemvura nemakushe
matsvuku, nehisopi, akasasa zvese bhuku pacharo
nevanhu vese, 20 achiti: Iri iropa resungano Mwari
yaakakurairai. 21 Saizvozvowo wakasasa neropa
zvese tabhenakeri nemidziyo yese yekushumira. 22
Zvino zvinhu zvinenge zvese maererano nemurairo
zvinonatswa neropa, uye pasina kuteurwa kweropa
hapana kanganwiro. 23 Naizvozvo zvakafanira
kuti mifananidzo yezvinhu zviri kumatenga inatswe
nezvizvi, asi zvinhu zvekudenga pachazvo zvinatswe
nezvibairo zvakanaka kupfuura izvi. 24 Nokuti Kristu
haana kupinda panzvimbo tsvene yakaitwa nemaoko,
iri mifananidzo yezvechokwadi, asi wakapinda
kudenga pachake, kuti ikozvino aonekerwe isu
pachiso chaMwari; 25 uye kwete kuti azvibaire
kazhinji, semupristi mukuru anopinda panzvimbo
tsvene gore rimwe nerimwe neropa rezvimwe;
26 dai zvakange zvakadaro, waifanira kutambura
kazhinji kubva pakuvambwa kwenyika; asi ikozvino
wakaonekwa kamwe pakupedzisira kwenguva kuti
abvise chivi kubudikidza nechibairo chake amene.
(aiōn g165) 27 Uye sezvazvakatemerwa vanhu kuti
vafe kamwe, uye shure kwezvizvi kutongwa; 28
saizvozvowo Kristu, abairwa kamwe kuti atakure
zvivi zvevazvinji, achazoonekwa rwechipiri asina chivi
neavo vanomutarira, rwuve ruponeso.

**10** Nokuti murairo zvaune mumvuri wezvinhu
zvakanaka zvinouya, usiri mufananidzo wemene
wezvinhu izvozvo, haungatongogoni kubudikidza
nezvibairo izvozvo zvavanoramba vachibaira gore
rimwe nerimwe kupedzeredza avo vanoswedera.
2 Dai zvakange zvakadaro zvingadai zvisina
kuguma kubairwa here? Nokuti vanamati vangadai
vasingachazivizve zvivi, vanatswa kamwe chete. 3
Asi kuzvibairo izvozvo kune kurangarirwa kwezvivi
gore rimwe nerimwe; 4 nokuti hazvigoni kuti ropa
renzombe nerembudzi ribvise zvivi. 5 Naizvozvo
paanosvika panyika anoti: Chibairo nechipo hamuna
kuzvida, asi makandigadzirira muviri; 6 zvibairo
zvinopiswa nezvechivi hamuna kuzvifarira; 7 ipapo
ndikati: Tarirai ndinouya (murugwaro rwakapetwa
makanyorwa pamusoro pangu) kuita chido chenyu,
Mwari. 8 Pakutanga achiti: Zvibairo nezvipiriso
nezvibairo zvinopiswa nezvibairo zvechivi hamuna
kuzvida kana kufadzwa nazvo, (izvo zvinobairwa
sezvinoenderana nemurairo), 9 ndokuzoti: Tarira,
ndinouya kuzoita chido chenyu, Mwari. Anobvisa
chekutanga, kuti amise chechipiri. 10 Pachido ichi
takaitwa vatsvene kubudikidza nechibairo chemuviri
waJesu Kristu kamwe. 11 Uye mupristi umwe
neumwe wakamira zuva rimwe nerimwe achishumira,
nekubaira kazhinji zvibairo izvozvo zvisingatongogoni
kubvisa zvivi; 12 asi iye wakati abaira chibairo
chimwe nekuda kwezvivi nekusingaperi, akagara
pasi kuruoko rwerudyi rwaMwari, 13 kubva
ikozvino anotarisira kusvikira vavengi vake vaitwa
chitsiko chetsoka dzake. 14 Nokuti nechibairo
chimwe chete wakapedzeredza nekusingaperi avo
vanoitwa vatsvene. 15 NeMweya Mutsvenewo
anotipupurira; nokuti shure kwekuti ataura pakutanga
anoti: 16 Iyi isungano yandichaita navo shure
kwemazuva iwayo, ndizvo zvinotaura Ishe, ndichaisa
mirairo yangu mumoyo yavo, uye ndichainyora
mufungwa dzavo. 17 Nezvivi zvavo nekuipa
kwavo handichatongorangaririzve. 18 Zvino pane
kanganwiro yeizvi, hapachina chibairo chechivi. 19
Naizvozvo, hama, tine ushingi hwekupinda panzvimbo
tsvene neropa raJesu, 20 nenzira itsva mhenyu,
yaakatizarurira kubudikidza nemuvheiri, ndiyo nyama
yake; 21 uye tine mupristi mukuru pamusoro peimba
yaMwari, 22 ngatiswedere nemoyo wechokwadi
muchivimbo chakazara cherutendo, moyo yasaswa
kubva pahana yakaipa, nemuviri wakashambidzwa
nemvura yakachena. 23 Ngatibatisise kupupura
kwetariro yedu, tisingazungunuki, nokuti iye
wakavimbisa wakatendeka; 24 uye ngatirangariranei
pakumutsa rudo uye mabasa akanaka, 25
tisingasii kuungana kwedu, setsika yevamwe, asi
tichikurudzirana; zvikuru kwazvowo sezvamunoona

zuva richiswedera. 26 Nokuti kana tichitadza maune
mushure mekunge tagamuchira ruzivo rwechokwadi,
hakuchina kusara chibairo pamusoro pezvivi, 27 asi
kumwe kumirira kunotyisa kwekutongwa, nehasha
dzemoto dzichapedza vapikisi. 28 Munhu anoramba
murairo waMozisi anofa pasina tsitsi nezvapupu
zviviri kana zvitatu; 29 munofunga kuti achanzi
wakafanira kurangwa zvinorwadza sei wakatsikira pasi
Mwanakomana waMwari, uye akatora ropa resungano
raakaitwa mutsvene naro serisiri dzvene, uye
akazvidza Mweya wenyasha? 30 Nokuti tinomuziva
iye wakati: Kutsiva ndekwangu, ini ndicharipira,
anotaura Ishe. Uyezve anoti: Ishe achatonga vanhu
vake. 31 Zvinotyisa kuwira mumaoko aMwari
mupenyu. 32 Asi rangarirai mazuva akare, amakati
mavhenekerwa maari mukatsunga pakurwa kukuru
kwematambudziko; 33 pamwe, pamakaitwa chiokero
zvese nekunyombwa nematambudziko; pamwewo
pamakagovana naivo vakaitirwa zvakadaro. 34
Nokuti nemwi makanzwira tsitsi zvisungo zvangu,
makagamuchira nemufaro kupambiwa kwenhumbi
dzenyu, muchiziva mukati menyu kuti imwi mune fuma
yakapfuura nekunaka, uye inogara iripo kumatenga.
35 Naizvozvo regai kurasa kushinga kwenyu, kune
mubairo mukuru. 36 Nokuti munofanira kuva
nekutsungirira, zvekuti kana maita chido chaMwari,
mugamuchire chivimbiso. 37 Nokuti pachine kanguva
kadiki-diki, anouya achauya, uye haanganonoki.
38 Asi wakarurama achararama nerutendo; zvino
kana akadzokera shure, mweya wangu haungafari
naye. 39 Zvino isu hatisi veavo vanodzokera shure
kukuparadzwa; asi veavo vanotenda kukuponeswa
kwemweya.

11 Zvino rutendo ndirwo rusimbiso
rwezvinotarisirwa, umbowo hwezvinhu
zvisingaonekwi. 2 Nokuti nairwo vanhu vekare
vakapupurirwa. 3 Nerutendo tinonzwisisa kuti nyika
dzakarongwa neshoko raMwari, zvekuti zvinhu
zvinoonekwa hazvibvi kuzvinhu zvinoonekwa. (aiōn
g165) 4 Nerutendo Abheri wakabaira kuna Mwari
chibairo chakanakisisa kupfuura Kaini; chaakawana
nacho uchapupu kuti wakange akarurama, Mwari
achipupurira zvipo zvake; naicho kunyange akafa
achiri kutaura. 5 Nerutendo Enoki wakabviswa kuti
arege kuona rufu, uye haana kuwanikwa, nokuti
Mwari wakange amubvisa; nokuti asati abviswa
wakapupurirwa kuti wakange afadza Mwari; 6 asi
kunze kwerutendo hazvigoni kumufadza; nokuti
anouya kuna Mwari anofanira kutenda kuti iye aripo,
uye mupi wemubairo wevanomutsvaka. 7 Nerutendo
Nowa wakati ayambirwa naMwari pamusoro pezvinhu
zvichigere kuonekwa, nekutya akagadzira areka
yeruponeso rweimba yake; akapa nyika mhosva nayo,
akava mudyi wenhaka wekururama zvichienderana
nerutendo. 8 Nerutendo Abhurahama wakateerera
adanwa kuti abude aende kunzvimbo yaakanzi
achazoigamuchira ive nhaka, ndokubuda, asingazivi
kwaanoenda. 9 Nerutendo wakagara semutorwa
munyika yechivimbiso, senyika yeutorwa, achigara
mumatende pamwe naIsaka naJakobho, vadyi
venhaka yechivimbiso chimwecho pamwe naye; 10
nokuti wakange achitarisira guta rine nheyo, Mwari
ari mhizha nemuvaki waro. 11 Nerutendo naSara
pachake wakagamuchira simba rekugamuchira
mbeu, akabereka apfuura nguva, nokuti wakati
iye wavimbisa wakatendeka. 12 Naizvozvowo
vakaberekwa neumwe, izviwo ndezvewakafa, vakaita
senyeredzi dzekudenga pakuwanda, uye sejecha riri
pamahombekombe egungwa risingaverengeki. 13
Iva vese vakafira murutendo, vasina kugamuchira
zvivimbiso, asi vakazvionera kure, vakatendeswa,
vakazvigamuchira, vakabvuma kuti vaeni nevapfuuri
panyika. 14 Nokuti vanotaura zvinhu zvakadaro,
vanoratidza kuti vanotsvaka nyika yekwavo. 15 Nokuti
kana zvirokwazvo vaifunga zvenyika iyo yavakabva
kwairi, vangadai vakawana mukana wekudzokera. 16
Asi ikozvino vanoshuva iri nani, ndiyo yekudenga;
naizvozvo Mwari haana nyadzi pamusoro pavo,
kuti aidzwe Mwari wavo; nokuti wakavagadzirira
guta. 17 Nerutendo Abhurahama paakaedzwa
wakabaira Isaka, iyewo wakange agamuchira
zvivimbiso akabaira mwana wake wakaberekwa
umwe wega, 18 kwakanzi kwaari: Muna Isaka mbeu
yako ichatumidzwa; 19 wakaona kuti Mwari anogona
kumutsa kunyange kubva kuvakafa; ndipapowo
paakamugamuchira mumufananidzo. 20 Nerutendo
Isaka wakaropafadza Jakobho naEsau pamusoro
pezvinhu zvinouya. 21 Nerutendo Jakobho ava kufa
wakaropafadza umwe neumwe wevanakomana
vaJosefa, akanamata akasendama pamusoro
pemudonzvo wake. 22 Nerutendo Josefa ava kufa
wakataura zvekubuda kwevana vaIsraeri, akaraira
pamusoro pemafupa ake. 23 Nerutendo Mozisi
aberekwa wakavanzwa mwedzi mitatu nevabereki
vake, nokuti vakaona mwana akanaka; uye havana
kutya murairo wamambo. 24 Nerutendo Mozisi
akura wakaramba kunzi mwanakomana wemukunda
waFarao, 25 akasarudza kupfuura izvozvo kuitirwa
zvakaipa pamwe nevanhu vaMwari pane kuva
mumufaro wechivi kwechinguva; 26 akati kutukwa
kwaKristu ifuma huru pane zvakakosha zveEgipita;

nokuti wakange akatarira kumubairo. 27 Nerutendo
wakasiya Egipita, asingatyi kutsamwa kwamambo;
nokuti wakatsungirira seanomuona uyo asingaonekwi.
28 Nerutendo wakachengetedza pasika nekusaswa
kweropa, kuti anouraya matangwe arege kuvabata.
29 Nerutendo vakagura nemuGungwa Dzvuku
sepakaoma; VaEgipita vachizviidza vakanyura. 30
Nerutendo masvingo eJeriko akawa, apoteredzwa
kusvikira mazuva manomwe. 31 Nerutendo
Rakabhi chifeve haana kuparara pamwe nevasina
kutenda, agamuchira vashori nerugare. 32 Zvino
ndichataurireizve? Nokuti ndichapererwa nenguva
ndichirondedzera zvaGidhioni naBharaki naSamusoni
naJefita naDhavhidhi naSamueri, nezvevaporofita; 33
avo nerutendo vakakunda ushe, vakaita kururama,
vakawana zvivimbiso, vakadzivira miromo yeshumba,
34 vakadzima simba remoto, vakapukunyuka
muromo wemunondo, vakava nesimba kubva
pautera, vakasimba pakurwa, vakadzinga hondo
dzemamwe marudzi. 35 Vakadzi vakagamuchira
vakafa vavo vachibva pakumuka; vamwewo
vakashungurudzwa, vasingagamuchiri kusunungurwa,
kuti vawane kumuka kuri nani; 36 vamwewo
vakaedzwa nekuitwa chiseko nekuzvamburwa,
uye nezvisungo nejere; 37 vakatakwa nemabwe,
vakatsemurwa nepakati, vakaedzwa, vakafa
pakuuraya kwemunondo; vakadzungaira vakapfeka
matehwe emakwai nematehwe embudzi; vari
nhoronhondo, vachitambudzika, vachishungurudzwa,
38 (nyika haina kuvafanira) vachidzungaira
mumagwenga nemakomo nemapako nemakomba
enyika. 39 Neava vese, vapupurirwa zvakanaka
kubudikidza nerutendo havana kugamuchira
chivimbiso, 40 sezvo Mwari wakange atigadzirira
chinhu chiri nani, kuti varege kupedzeredzwa pasina
isu.

12 Naizvozvo nesu tine gore rezvapupu
rakatikomberedza, ngatibvise mutoro wese
nechivi chinonamatira nyore, ngatimhanye nemoyo
murefu nhangemutange yatakaisirwa, 2 takatarira
kuna Jesu, muvambi nemupedzeredzi werutendo,
iye nekuda kwemufaro waakaisirwa, wakatsunga
pamuchinjikwa, achizvidza kunyadziswa, akagara
kuruoko rwerudyi rwechigaro cheushe chaMwari.
3 Nokuti cherekedzai iye wakatsunga pagakava
rakadai revatadzi vachimirisana naye, kuti murege
kuneta, muchipera simba pamweya yenyu. 4
Muchigere kupikisa kusvikira muropa muchirwa
nechivi; 5 uye makakanganwa kurudziro inokurukura
kwamuri sekuvana ichiti: Mwanakomana wangu,
usazvidza kuranga kwaIshe, kana kupera simba
kana uchitsiurwa naye. 6 Nokuti Ishe anoranga
waanoda, nekushapura mwanakomana umwe
neumwe waanogamuchira. 7 Kana muchitsunga
pakurangwa, Mwari anokubatai sevanakomana;
nokuti mwanakomana ndeupi baba wavasingarangi?
8 Asi kana musina kurangwa, pavanoitwa vagovani
vese, naizvozvo muri vana veupombwe, uye kwete
vanakomana. 9 Uyezve takambova nemadzibaba
enyama yedu aidzora, uye tikavakudza; ko,
hatingazviisi zvikurusa pasi paBaba vemweya
tigorarama here? 10 Nokuti ivo zvimwe vakatiranga
kwemazuva mashoma, semaonero avo; asi iye
anotirangira kubatsirwa, kuti tigoverane utsvene
hwake. 11 Zvino kuranga kwese kunoenda pakuvapo
hakuratidzi sekwekufadza, asi kwekushungurudza;
zvakadaro pashure kunobereka zvibereko zverugare
zvakarurama kune vakarovedzwa mazviri. 12
Naizvozvo simbisai maoko akaremberera pasi
nemabvi asina simba; 13 uye gadzirirai tsoka
dzenyu nzira dzakarurama, kuti icho chinokamhina
chirege kushodoka, asi panzvimbo yeizvozvo
chiporeswe. 14 Tevererai rugare nevese, neutsvene,
kunze kwezvizvi hakuna munhu achaona Ishe.
15 Muchichenjerera kuti kurege kuva nemunhu
anokundikana panyasha dzaMwari; kuti zvimwe
mudzi wekuvava urege kukura kuzopa dambudziko,
uye nawo vazhinji vasvibiswe; 16 ngakurege kuva
neumwe anova mhombwe kana asina hanya
naMwari, saEsau, wakatengesa udangwe hwake
nekudya kumwe. 17 Nokuti munoziva kuti pashurewo,
oda kugara nhaka yekuropafadzwa, wakarambwa;
nokuti haana kuwana nzvimbo yekutendeuka,
kunyange akaitsvaka zvikuru nemisodzi. 18 Nokuti
hamuna kuuya kugomo ringabatwa, nerinopfuta
moto, uye kurima, nekusviba, nekudutu remhepo,
19 uye kurira kwehwamanda, nenzwi remashoko;
iro ivo vakarinzwa vakakumbira kuti shoko rirege
kuchitaurwa kwavari; 20 nokuti vakakonewa kutakura
icho chakange charairwa, chekuti: Kana kunyange
mhuka ikabata gomo, ichatakwa nemabwe, kana
kufurwa nemuseve; 21 uye, chakaonekwa chaityisa
kudai, Mozisi wakati: Ndinovhunduka, ndinodedera.
22 Asi mauya kugomo reZiyoni, nekuguta raMwari
mupenyu, kuJerusarema rekudenga, nekumazana
evatumwa vasingaverengeki, 23 kuungano huru
nekereke yematangwe akanyorwa kumatenga,
nekuna Mwari mutongi wevese, nekumweya
yevakarurama vakapereredzwa, 24 nekuna Jesu
murevereri wesungano itsva, nekuropa rekusasa,
rinotaura zvinhu zviri nani pane raAbhero. 25

Chenjerai kuti murege kuramba uyo anotaura.
Nokuti kana vasina kupukunyuka ivo vakaramba
iye wakataura panyika zvinobva kuna Mwari,
zvikuru sei isu kana tichifuratira iye anobva
kumatenga; 26 iye inzwi rake rakazungunusa
nyika nguva iyo, asi ikozvino wakavimbisa,
achiti: Kamwe chetezve ini ndichazungunusa
kwete nyika chete, asi nedenga. 27 Uye izvi
zvekuti: Kamwe chetezve, zvinoratidza kutamiswa
kwezvinhu zvinozunungukа, sezvinhu zvakaitwa,
kuti zvisingazungunuki zvigare. 28 Naizvozvo
zvatinogamuchira ushe husingazununguswi,
ngative nenyasha dzatingashumira nadzo Mwari
zvinogamuchirika pamwe nekukudza nekutya Mwari.
29 Nokutiwo Mwari wedu moto unoparadza.

13 Rudo rweukama ngarugare. 2 Musakanganwa
kugamuchira vaeni; nokuti mukudaro vamwe
vakagamuchira vatumwa vasingazvizivi. 3 Rangarirai
vasungwa, semakasungwa pamwe navo; vanoitirwa
zvakaipa, sezvinonzi ndimwiwo muri pamuviri. 4
Wanano ngaikudzwe kune vese, nenhovo irege
kusvibiswa; asi Mwari achatonga mhombwe nezvifeve.
5 Mararamiro enyu ngaave ekusakarira mari;
gutsikanai nezvinhu zviripo; nokuti iye wakati:
Handingatongokurasi, uye handingatongokusii. 6
Naizvozvo tingashinga tichiti: Ishe mubatsiri wangu,
uye handingatyi munhu zvaangandiitira. 7 Rangarirai
vanokutungamirirai, vakataura kwamuri shoko
raMwari; muchicherekedza kuguma kwemafambiro
avo, teverai rutendo rwavo. 8 Jesu Kristu
wakadaro zuro nanhasi, nekusingaperi. **(aiōn g165)** 9
Musakukurwa nedzidziso dzakasiyana-siyana uye
dzisingazikanwi; nokuti chinhu chakanaka kuti moyo
usimbiswe nenyasha, kwete nekudya, kwavasina
kubatsirwa nako ivo vakafamba makuri. 10 Tine aritari,
pavasina kodzero yekudya pairi ivo vanoshumira
tabhenakeri. 11 Nokuti mhuka idzo, dzakaisirwa
ropa radzo panzvimbo tsvene nemupristi mukuru
nekuda kwechivi, mitumbi yadzo inopiswa kunze
kwemusasa. 12 Naizvozvo naJesuwo, kuti aite vanhu
vave vatsvene neropa rake pachake wakatambudzika
kunze kwesuwo. 13 Naizvozvo ngatibudire kwaari
kunze kwemusasa, takatakura kunyadziswa kwake.
14 Nokuti pano hatina guta rinogara, asi tinotsvaka
rinouya. 15 Naizvozvo kubudikidza naye ngatirambe
tichibaira chibairo chekurumbidza kuna Mwari, ndicho
chibereko chemiromo ichibvuma zita rake. 16 Asi
musakanganwa kuita zvakanaka nekudyidzana;
nokuti Mwari anofadzwa nezvibairo zvakadaro. 17
Teererai vanokutungamirirai, uye muzviise pasi pavo;
nokuti ava vanorindira mweya yenyu, sevachazopa
rondedzero, kuti vaite izvozvo nemufaro, kwete
nekugomera; nokuti izvozvo hazvikubatsiriyi. 18
Tinyengetererei; nokuti tinovimba kuti tine hana
yakanaka, tichida kufamba zvakanaka pazvinhu
zvese; 19 uye ndinokukumbirisisai kuti muite
izvozvi, kuti ndikurumidze kudzoserwa kwamuri. 20
Zvino Mwari werugare, wakadzosa kubva kuvakafa
Mufudzi mukuru wemakwai, neropa resungano
yekusingaperi, iye Ishe wedu Jesu, **(aiōnios g166)**
21 ngaakupereredzei pabasa rese rakanaka kuti
muite chido chake, achiita mukati menyu izvo
zvinofadza pamberi pake kubudikidza naJesu
Kristu, ngaave nekubwinya kusvikira rinhi narinhi.
Ameni. **(aiōn g165)** 22 Asi ndinokukumbirisai, hama,
gamuchirai makatsunga shoko rekurudziro, nokutiwo
ndakunyorerai nemashoko mashoma. 23 Zivai
kuti Timotio hama yedu wakasunungurwa, kana
akakurumidza kusvika, ndinozokuonai ndinaye. 24
Kwazisai vese vanokutungamirirai, nevatsvene vese.
Vanobva Itaria vanokukwazisai. 25 Nyasha ngadzive
nemwi mese. Ameni.

# Jakobho

1 Jakobho, muranda waMwari newaIshe Jesu
Kristu, kumarudzi gumi nemaviri ari mukupararira:
Kwaziwai. 2 Zvitorei semufaro wese, hama
dzangu, kana muchiwira mumiedzo yakasiyana-
siyana, 3 muchiziva kuti kuedzwa kwerutendo
rwenyu kunobudisa kutsungirira; 4 asi kutsungirira
ngakuve nebasa rakapedzeredzwa, kuti muve
vakapedzeredzwa nekukwana, musingatairi pachinhu.
5 Uye kana umwe wenyu achishaiwa uchenjeri,
ngaakumbire kuna Mwari, anopavhurira vese, uye
asingatuki, zvino achadzipiwa. 6 Asi ngaakumbire
murutendo, asiri asina chokwadi nechinhu; nokuti
asina chokwadi wakaita sefungu regungwa
rinosundwa nemhepo richidzungaidzwa. 7 Nokuti
munhu uyu ngaarege kufunga kuti achagamuchira
chinhu kuna Ishe. 8 Murume ane moyo miviri
anoshanduka-shanduka panzira dzake dzese. 9
Asi hama yakaderera ngaizvikudze pakukudzwa
kwake; 10 nemufumi pakuderedzwa kwake; nokuti
seruva reuswa achapfuura. 11 Nokuti zuva rinobuda
pamwe nekupisa, ndokuomesa uswa, neruva
rahwo rinowira pasi, nekunaka kwechimiro chahwo
kwakaparara; saizvozvowo mufumi achabvuruvara
panzira dzake. 12 Wakaropafadzwa munhu
anotsungirira pamuedzo; nokuti kana atendwa,
achagamuchira korona yeupenyu, Ishe yaakavimbisa
kune vanomuda. 13 Kusava nemunhu anoti
achiidzwa ati: Ndinoidzwa naMwari; nokuti Mwari
haagoni kuedzwa nechakaipa, naiye amene haaidzi
munhu. 14 Asi umwe neumwe anoidzwa, kana
achikwehwa nekuchiva kwake pachake, nekukwezwa.
15 Ipapo kuchiva kana kwarema kunozvara chivi;
nechivi kana chaperedzerwa, chinobereka rufu.
16 Musanyengerwa, hama dzangu dzinodikanwa.
17 Chipo chese chakanaka nechipiwa chese
chakaperedzerwa chinobva kumusoro, chichiburuka
kubva kuna Baba vezviedza, navo pasina kupinduka,
kana mumvuri wekushanduka. 18 Nekuda kwake
wakabereka isu neshoko rechokwadi, kuti isu tive
sechibereko chekutanga chezvisikwa zvake. 19
Naizvozvo, hama dzangu dzinodiwa, munhu umwe
neumwe ngaave anokurumidza pakunzwa, anononoka
pakutaura, anononoka pakutsamwa; 20 nokuti
kutsamwa kwemunhu hakuiti kururama kwaMwari. 21
Naizvozvo bvisai zvinyangadzo zvese nekuwandisa
kwekuipa, mugamuchire nemoyo munyoro shoko
rakabatanidzwa pamuri, rinogona kuponesa mweya
yenyu. 22 Asi ivai vaiti veshoko, uye kwete vanzwi
chete, muchizvinyengera pachenyu. 23 Nokuti
kana umwe ari munzwi weshoko uye asiri muiti,
iye wakafanana nemunhu anoona chiso chake
chechisikirwo muchionioni; 24 nokuti anozviona
pachake, ndokuenda, ndokukanganwa pakarepo kuti
wanga akadini. 25 Asi uyo anotarisisa mumurairo
wakaperedzerwa werusununguko ndokurambirirapo,
uyo asati ari munzwi anokanganwa asi muiti
webasa, uyu acharopafadzwa pakuita kwake. 26
Kana umwe pakati penyu achiti anotenda, kana
asingadzori rurimi rwake, asi achinyengera moyo
wake, chitendero cheuyu hachina maturo. 27
Chitendero chakachena chisina kusvibiswa pamberi
paMwari naBaba ndechichi: Kufambira nherera
nechirikadzi pakutambudzika kwavo, azvichengete
asina gwapa kubva kunyika.

2 Hama dzangu, kwete nerusarura muve nerutendo
rwaIshe wedu Jesu Kristu wekubwinya. 2 Nokuti
kana muungano yenyu mukapinda murume ane
mhete yegoridhe nenguvo inopenya, mukapindawo
murombo ane nguvo yakasviba, 3 imwi ndokutarira uyo
wakapfeka nguvo inopenya; ndokuti kwaari: Iwe gara
pano zvakanaka; ndokuti kumurombo: Iwe mira ipapo;
kana: Gara pano pasi pechitsiko chetsoka dzangu;
4 hamunawo kusarura mukati menyu pachenyu
mukavawo vatongi vendangariro dzakaipa here? 5
Inzwai, hama dzangu dzinodikanwa. Mwari haana
here kusarudza varombo venyika ino, vakafuma
parutendo, nevadyi venhaka yeushe hwaakavimbisa
kune vanomuda? 6 Asi imwi makazvidza murombo.
Vafumi havakutsikiririi here, uye ndivo vanokukweverai
kumatare? 7 Ivo havanyombi zita rakanaka rakadanwa
pamuri here? 8 Kana zvirokwazvo muchizadzisa
murairo weushe, zvinoenderana nerugwaro rwunoti:
Ida wekwako sezvaunozvidaiwe, munoita zvakanaka;
9 asi kana mune rusarura, munoita chivi, munopwiswa
nemurairo sevadariki. 10 Nokuti ani nani anochengeta
murairo wese, asi akagumburwa pane umwe,
anova nemhosva kune yese. 11 Nokuti iye wakati:
Usaita upombwe; wakatiwo: Usauraya; zvino kana
usingaiti upombwe, asi uchiuraya, wava mudariki
wemurairo. 12 Taurai saizvozvo uye itai saizvozvo,
sevachazotongwa nemurairo werusununguko. 13
Nokuti kutonga kusina tsitsi ndekweasina kuita
tsitsi; uye tsitsi dzinozvirumbidza pakukutonga. 14
Zvinobatsirei, hama dzangu, kana munhu achiti ane
rutendo, asi asina mabasa? Rutendo urwu rwunogona
kumuponesa here? 15 Zvino kana hamarume
kana hamakadzi yakashama uye achishaiwa kudya
kwezuva rimwe nerimwe, 16 umwe wenyu ndokuti

kwavari: Ibvai murugare, mudziyirwe uye mugute;
asi musingavapi zvinhu zvinodikanwa nemuviri, izvo
zvinobatsirei? **17** Saizvozvowo rutendo, kana rwusina
mabasa, rwakafa pacharwo. **18** Asi umwe achati: Iwe
une rutendo, neni ndine mabasa; ndiratidze rutendo
rwako kunze kwemabasa, neni pamabasa angu
ndichakuratidza rutendo rwangu. **19** Iwe unotenda kuti
kuna Mwari umwe; unoita zvakanaka; nemadhimoni
anotenda uye anodedera. **20** Asi unoda kuziva here,
haiwa dununu, kuti rutendo rwusina mabasa rwakafa?
**21** Abhurahama baba vedu havana kunzi vakarurama
kubva pamabasa here, vabaira mwanakomana
wavo Isaka pamusoro pearitari? **22** Unoona kuti
rutendo rwakabata pamwe nemabasa ake, uye
kubva pamabasa rutendo rwakaperedzerwa here? **23**
Nerugwaro rukazadzisika rwunoti: NaAbhurahama
wakatenda kuna Mwari, zvikaverengerwawo kwaari
kuti ndiko kururama, akanziwo shamwari yaMwari. **24**
Naizvozvo munoona kuti munhu anonzi wakarurama
kubva pamabasa, uye kwete kubva parutendo chete.
**25** Saizvozvowo naRakabhi chifeve haana kunzi
wakarurama kubva pamabasa here, agamuchira
vatumwa, nekuvabudisa neimwe nzira? **26** Nokuti
semuviri pasina mweya wakafa, saizvozvowo rutendo
rwusina mabasa rwakafa.

**3** Musava vadzidzisi vazhinji, hama dzangu,
muchiziva kuti tichagamuchira kutongwa kukuru.
**2** Nokuti tese tinogumburwa pazvinhu zvizhinji. Kana
umwe asingagumburwi pashoko, ndiye murume
wakaperedzerwa, anogona kudzorawo muviri wese.
**3** Tarira, tinoisa matomu mumiromo yemabhiza
kuti atiteerere, ndokutenderedza muviri wawo
wese. **4** Tarirai, nezvikepe, kunyange zviri zvikuru
zvakadai, uye zvichitinhwa nemhepo dzine simba,
zvinonangiswa nechidzoreso chidiki diki, chero
kupi kunodikanwa nechishuwo chemufambisi. **5**
Rwakadarowo rurimi rwuri mutezo mudiki, uye
rwunozvirumbidza zvikuru. Tarirai, moto mudiki
unotungidza matanda akakura sei! **6** Nerurimi
moto, nyika yeuipi; ndizvo zvakaita rurimi rwakaiswa
pakati pemitezo yedu, rwunosvibisa muviri wese,
nekutungidza nzira yeupenyu, uye rwunotungidzwa
negehena. **(Geenna g1067)** **7** Nokuti marudzi ese emhuka
neeshiriwo, neezvesewo zvinokambaira neezvisikwa
zvegungwa anopingudzwa uye akapingudzwa
nechisikirwo chevanhu; **8** asi hakuna munhu
anogona kupingudza rurimi; uipi husingadzoreki,
rwuzere nechepfu inouraya. **9** Narwo tinorumbidza
Mwari uye Baba, narwowo tinotuka vanhu
vakaitwa nemufananidzo waMwari; **10** mumuromo
umwewo munobva kurumbidza nekutuka. Hazvina
kufanira, hama dzangu, izvi zvive saizvozvo.
**11** Chitubu chingadzutura pamuromo umwe
chinonaka nechinovava here? **12** Hama dzangu,
muonde unogona kubereka maorivhi here, kana
muzambiringa maonde? Saizvozvo hakuna chitubu
chinobudisa mvura inovava neinonaka. **13**
Ndiani wakachenjera neanonzwisisa pakati penyu?
Ngaaratidze nemufambiro wakanaka mabasa ake
neunyoro hweuchenjeri. **14** Asi kana mune godo
rinovava nerukave mumoyo wenyu, musazvirumbidza
nekurevera chokwadi nhema. **15** Uhu hausi
uchenjeri hunoburuka kubva kumusoro, asi hwenyika,
hwechisikirwo, hweudhimoni. **16** Nokuti pane godo
nerukave, ndipo pane nyongano nekuita kwese
kwakaipa. **17** Asi uchenjeri hunobva kumusoro
pakutanga hwakachena, kozouya kuva nerugare,
kunyorova, kuteerera, kuzara netsitsi nezvibereko
zvakanaka, husina kutsaura, uye husina kunyengera.
**18** Uye chibereko chekururama chinodzvarwa
murugare kune vanoita rugare.

**4** Dzinobvepi hondo nekurwa pakati penyu?
Hazvibvi apa here, pakuchiva kwenyu kunorwa
pamitezo yenyu? **2** Munoshuva, asi hamuna chinhu;
munouraya uye munoshumba, asi hamugoni kuwana
chinhu; munorwa muchiita hondo, asi hamuna
chinhu, nokuti hamukumbiri. **3** Munokumbira, asi
hamugamuchiri, nokuti munokumbira zvakaipa, kuti
muparadze pakuchiva kwenyu. **4** Imwi mhombwe
nemhombwekadzi, hamuzivi here kuti ushamwari
hwenyika ruvengo kuna Mwari? Naizvozvo umwe
neumwe anoda kuva shamwari yenyika, anova
muvengi waMwari. **5** Kana munofunga kuti rugwaro
rwunotaura pasina maturo here kuti: Mweya wakagara
mukati medu anochivira godo? **6** Asi anopa nyasha
huru; saka anoti: Mwari anopikisa vanozvikudza,
asi anopa nyasha vanozvininipisa. **7** Naizvozvo
muzviise pasi kuna Mwari; pikisai dhiabhorosi,
zvino achakutizai. **8** Swederai kuna Mwari, naiye
achaswedera kwamuri; shambai maoko, vatadzi,
uye muchenure moyo, imwi vemoyo miviri. **9**
Tambudzikai uye chemai uye rirai; kuseka kwenyu
ngakushandurwe kuve kuchema, nemufaro uve
kusuruvara. **10** Zvininipisei pamberi paIshe, uye
achakusimudzai. **11** Musareverana zvakaipa, hama.
Anorevera hama zvakaipa uye kutonga hama yake,
anorevera murairo zvakaipa, nekutonga murairo;
zvino kana uchitonga murairo, hausi muiti wemurairo,
asi mutongi. **12** Umwe chete ndiye mutemi wemurairo,
anogona kuponesa nekuparadza; iwe ndiwe ani

anotonga umwe? 13 Uyai ikozvino imwi munoti:
Nhasi kana mangwana tichaenda kuguta rekuti,
tigogarako gore rimwe, tigotengeserana, tigowana
mubairo; 14 imwi musingazivi zvamangwana. Nokuti
upenyu hwenyu chii? Nokuti imhute inoonekwa
nguva diki, ipapo ndokunyangarika. 15 Pakuti muti:
Kana Ishe achida, tichararamawo, tigoita ichi kana
icho. 16 Asi ikozvino munozvirumbidza pakuzvikudza
kwenyu; kuzvirumbidza kwese kwakadai kwakaipa.
17 Naizvozvo anoziva kuita zvakanaka asingazviiti,
chivi kwaari.

5 Uyai ikozvino imwi vafumi, rirai muridze mhere
nekuda kwematambudziko enyu anokuwirai. 2
Fuma yenyu yakaora, uye nguvo dzenyu dzakava
dzakafusiwa. 3 Goridhe renyu nesirivheri zvava
nengura; uye urari hwazvo huchava chapupu
kwamuri, uye huchadya nyama yenyu semoto.
Makazvichengetera fuma pamazuva ekupedzisira. 4
Tarira, mubairo wevaranda vakacheka minda yenyu,
yakanyimwa nemwi nekunyengera, unodanidzira;
nekuchema kwevacheki kwakasvika kunzeve dzaIshe
wehondo. 5 Makagara muumbozha panyika, uye
makakarira zvinofadza; makakodza moyo yenyu
sepazuva rekubaya. 6 Makapa mhosva, makauraya
wakarurama; haakupikisii. 7 Naizvozvo ivai nemoyo
murefu, hama, kusvikira pakuuya kwaIshe. Tarira,
murimi anomirira chibereko chinokosha chevhu,
anochiitira moyo murefu, kusvikira chagamuchira
mvura yekutanga neyekupedzisira. 8 Imwiwo ivai
nemoyo murefu; simbisai moyo yenyu, nokuti
kuuya kwaIshe kwaswedera. 9 Musanyunyutirana,
hama, kuti muregе kupiwa mhosva; tarira,
mutongi amire pamukova. 10 Torai vaporofita
semuenzaniso wekutambudzika, hama dzangu,
newemoyo murefu, vakataura nezita raIshe. 11 Tarira,
tinoti vakaropafadzwa vanotsungirira; makanzwa
zvekutsungirira kwaJobho, uye makaona kuguma
kwaIshe, kuti Ishe ane moyo munyoro kwazvo
uye ane tsitsi. 12 Asi pamberi pezvese, hama
dzangu, musapika, kana nedenga, kana nenyika, kana
nekumwe kupika kupi; asi hongu yenyu ngaive hongu,
uye kwete, kwete; kuti murege kuwira mukutongwa.
13 Kune umwe anotambudzika pakati penyu here?
Ngaanyengetere. Pane anofara here? Ngaaimbe
mapisarema. 14 Pane anorwara pakati penyu here?
Ngaadane vatariri vekereke; uye ngavanyengetere
pamusoro pake, vachimuzodza namafuta muzita
raIshe; 15 uye munyengetero werutendo uchaponesa
anorwara, uye Ishe achamumutsa; zvino kana akaita
zvivi, achazvikanganwirwa. 16 Reururiranai zvivi,
uye nyengetereranai, kuti muporeswe. Munyengetero
wakasimba wewakarurama une simba zvikuru. 17
Eria wakange ari munhu wemanzwiro akafanana
nesu, akanyengetera nemoyo wese kuti kusanaya;
ikasanaya panyika makore matatu nemwedzi
mitanhatu; 18 zvino wakanyengeterazve; denga
ndokupa mvura, nyika ikabereka chibereko chayo. 19
Hama, kana umwe pakati penyu achitsauka kubva
pachokwadi, umwewo akamudzora, 20 ngaazive
kuti uyo anodzora mutadzi pakutsauka kwenzira
yake, achaponesa mweya parufu nekufukidza zvivi
zvizhinji.

# 1 Petro

1 Petro, muapositori waJesu Kristu, kuvaeni
vakasanangurwa vekupararira kwePonto, Garatia,
Kapadhokiasi, Asia, neBhitiniasi, 2 maererano
nekuziva zviri mberi kwaMwari Baba, mukuita
vatsvene kweMweya, pakuteerera nekusasa kweropa
raJesu Kristu: Nyasha nerugare ngazviwanzwe
kwamuri. 3 Wakaropafadzwa Mwari naBaba vaIshe
wedu Jesu Kristu, iye zvichienderana nekuwanda
kwetsitsi dzake wakatiberekazve patariro inorarama
kubudikidza nekumuka kwaJesu Kristu kubva
kuvakafa, 4 panhaka isingaori neisina kusvibiswa uye
isingabvuruvari, yakachengeterwa imwi kumatenga,
5 imwi munochengetwa nesimba raMwari kubudikidza
nerutendo kuruponeso rwakagadzirirwa kuzarurwa
panguva yekupedzisira. 6 Yamunofara mairi
zvikuru, kunyange ikozvino kwechinguvana, kana
zvichifanira, muri pakushungurudzwa mumiedzo
yakasiyana-siyana, 7 kuti kuedzwa kwerutendo
rwenyu kunokosha zvikuru kupfuura kwegoridhe
rinoparara, kunyange ichiidzwa nemoto, kuwanikwe
mukurumbidzwa nerukudzo nekubwinya pakuonekwa
kwaJesu Kristu; 8 iye musina kumuona munomuda;
iye ikozvino musingamuoni asi munotenda kwaari,
munofara nemufaro usingatauriki uye unorumbidzwa,
9 muchigamuchira mugumo werutendo rwenyu,
ruponeso rwemweya yenyu. 10 Nezveruponeso
urwu vaporofita vakabvunzisisa nekunzvera, ivo
vakaporofita zvenyasha dzinouya kwamuri; 11
vachinzvera kuti panguva ipi kana yakadini
Mweya waKristu akange ari mavari yaakaratidza,
paakagara apupura matambudziko maererano
naKristu, nekubwinya shure kweizvi. 12 Kwavari
kwakaratidzwa kuti kwete kwavari ivo, asi kwatiri
vaishandira zvinhu izvi, zvamunoparidzirwa ikozvino
nevakakuparidzirai evhangeri neMweya Mutsvene
wakatumwa kubva kudenga, zvinhu izvo vatumwa
zvavanoshuva kunyatsoongorora. 13 Naizvozvo
masunga zviuno zvemurangariro wenyu, zvidzorei,
mutaririre zvakakwana kunyasha dzinouyiswa
kwamuri pakuratidzwa kwaJesu Kristu; 14 sevana
vanoteerera, musingazvifananidzi nekuchiva kwakare
pakusaziva kwenyu. 15 Asi sezvo wakakudanai ari
mutsvene, nemwiwo ivai vatsvene pamafambiro ese;
16 nokuti kwakanyorwa, kuchinzi: Ivai vatsvene, nokuti
ini ndiri mutsvene. 17 Zvino kana muchimuidza
Baba, iye pasina rusarura anotonga zvinoenderana
nebasa reumwe neumwe, garai panguva yeutorwa
hwenyu mukutya; 18 muchiziva kuti hamuna
kudzikunurwa nezvinoora, sirivheri kana goridhe,
pamafambiro enyu asina maturo amakagamuchira
kumadzibaba enyu; 19 asi neropa rinokosha raKristu
seregwayana risina charinopomerwa uye risina
gwapa. 20 Iye zvirokwazvo wakagara azikanwa
nyika isati yavambwa, asi wakaratidzwa panguva
dzekupedzisira nekuda kwenyu, 21 iye wamunotenda
naye kuna Mwari, wakamumutsa kubva kuvakafa,
akamupa kubwinya; kuti rutendo rwenyu netariro
zvive kuna Mwari. 22 Manatsa mweya yenyu
pakuteerera chokwadi kubudikidza neMweya mukuda
hama nekusanyengera, dananai zvikuru nemoyo
wakachena; 23 maberekwa kutsva kwete zvichibva
pambeu inoora, asi isingaori, neshoko raMwari
rinorarama nekugara nekusingaperi. (aiōn g165) 24
Nokuti nyama yese yakaita seuswa, nekubwinya
kwese kwemunhu seruva reuswa. Uswa hwunosvava,
neruva rahwo rinodonha; 25 asi shoko raIshe rinogara
nekusingaperi. Uye iri ishoko rakaparidzirwa kwamuri
neevhangeri. (aiōn g165)

2 Naizvozvo bvisai uipi hwese nemano-mano
ese neunyepedzeri negodo neucheri hwese, 2
savacheche vachangoberekwa, pangai mukaka usina
kunyengera wakarongeka, kuti mukure nawo; 3
zvimwe kana makaravira kuti Ishe ane moyo munyoro.
4 Wamunouya kwaari, ibwe benyu, rakarambwa
zvirokwazvo nevanhu, asi pana Mwari rakasarudzwa,
rinokosha, 5 imwiwo semabwe mapenyu makavakwa
muve imba yemweya, upristi utsvene, kuti
mubaire zvibairo zvemweya, zvinogamuchirika kuna
Mwari kubudikidza naJesu Kristu. 6 Naizvozvo
murugwaro zvirimowo, zvinoti: Tarira, ndinoisa
muZiyoni ibwe repakona, rakasanangurwa, rinokosha;
neanotenda kwaari haangatongonyadziswi. 7
Naizvozvo kwamuri munotenda anokosha; asi
kune vasingateereri: Ibwe vavaki ravakaramba,
ndiro rakazova musoro wekona, 8 uye ibwe
rekugumbusa nedombo rekupinga; vanogumburwa
pashoko vasingariteereri; ndizvo zvavakaisirwawo.
9 Asi imwi muri dzinza rakasarudzwa, upristi
hweumambo, rudzi rutsvene, vanhu vakawanikwa,
kuti muparidze kwese kunaka kwaiye wakadana
imwi kubva parima muuye kuchiedza chake
chinoshamisa; 10 imwi maimbova musi vanhu, asi
ikozvino muri vanhu vaMwari; makange musina
kunzwirwa tsitsi, asi ikozvino manzwirwa tsitsi. 11
Vadiwa, ndinokukumbirisai sevatorwa nevapfuuri, kuti
muzvidzore pakuchiva kwenyama, kunorwa nemweya;
12 mune mufambiro wenyu wakanaka pakati
pevahedheni; kuti pavanokumhurai sevaiti vezvakaipa,

pamabasa akanaka avanoona varumbidze Mwari
nezuva rekushanyirwa. 13 Naizvozvo muzviise pasi
pechimiso chimwe nechimwe chevanhu nekuda
kwaIshe; kana ari mambo, saiye anotonga; 14
kana kuvatungamiriri, sekune vakatumwa naye
pakurangwa zvirokwazvo kwevaiti vezvakaipa, asi
ive rumbidzo yevanoita zvakanaka. 15 Nokuti ndizvo
zvinoita chido chaMwari, kuti nekuita zvakanaka
munyaradze kusaziva kwevanhu mapenzi; 16
sevakasununguka, asi musava nekusungunuka
sechifukidzo chezvakaipa, asi sevaranda vaMwari.
17 Kudzai vese. Idai ukama. Ityai Mwari. Kudzai
mambo. 18 Varanda, zviisei pasi pemadzitenzi nekutya
kwese, kwete kune vakanaka nevanyoro chete, asiwo
kune vasakarurama. 19 Nokuti idzi inyasha, kana
nekuda kwehana kuna Mwari munhu achitsungirira
kurwadziwa, achitambudzika zvisakafanira. 20
Nokuti zvine rumbidzo yei, kana muchitadza
ndokurohwa muchitsungirira? Asi kana muchiita
zvakanaka uye muchitambudzika muchitsungirira,
izvi inyasha kuna Mwari. 21 Nokuti makadanirwa
izvi, nokuti Kristuwo wakatambudzikira isu, akasiira
isu muenzaniso, kuti mutevere makwara ake; 22 iye
asina kuita chivi, nekunyengera hakuna kuwanikwa
mumuromo make; 23 iye wakati achituka haana
kutukawo; achitambudzika haana kutyityidzira; asi
wakazvikumikidza kune anotonga zvakarurama; 24
iye amene wakatakura zvivi zvedu pamuviri wake
pamuti, kuti tafa kuzvivi tiraramire kururama; iye
wamakaporeswa nemavanga ake. 25 Nokuti makange
makaita semakwai akarasika; asi ikozvino madzokera
kuMufudzi neMutariri wemweya yenyu.

3 Saizvozvo vakadzi, muzviise pasi pevarume venyu
pachenyu; kuti kanawo vamwe vasingateereri
kushoko, vawanikwe nemafambiro evakadzi pasina
shoko, 2 vachiona mafambiro enyu akachena pakutya.
3 Kushonga kwenyu ngakurege kuva kwekunze
kwekuruka vhudzi nekwekupfeka goridhe, kana
kupfeka nguvo; 4 asi ngakuve munhu wakavanzika
wemoyo, pachinhu chisingaori chemweya munyoro
wakanyarara, anokosha zvikuru pamberi paMwari.
5 Nokuti karewo vakazvishongedza saizvozvo
vakadzi vatsvene vaivimba naMwari, vachizviisa
pasi pevarume vavo pachavo; 6 saSara akateerera
Abhurahama akamuidza ishe; vakunda vake vamuri
imwi, kana muchiita zvakanaka, uye musingatyiswi
nechipi nechipi chinovhundusa. 7 Saizvozvo varume,
garisanai nevakadzi venyu zvinoenderana neruzivo,
muchikudza mukadzi sekumudziyo usina simba,
sevadyiwo venhaka yenyasha dzeupenyu pamwe
navo; kuti minyengetero yenyu irege kudzivirirwa.
8 Pakupedzisirawo, ivai nemoyo umwe mese,
muchinzwirana tsitsi, mude hama, muve nemoyo
munyoro, mune rudo; 9 musingatsivi chakaipa
nechakaipa, kana kutuka nekutuka; asi pachinzvimbo
chaizvozvo muchiropafadze, muchiziva kuti ndizvo
zvamakadanirwa, kuti mugare nhaka yeropafadzo. 10
Nokuti uyo anoda kuda upenyu, nekuona mazuva
akanaka, ngaadzore rurimi rwake pane zvakaipa,
nemiromo yake kuti irege kutaura kunyengera. 11
Ngaatsauke pane zvakaipa ndokuita zvakanaka;
ngaatsvake rugare arutevere. 12 Nokuti meso
aIshe ari pamusoro pevakarurama, nenzeve dzake
pamunyengetero wavo. Asi chiso chaIshe chinopikisa
vanoita zvakaipa. 13 Zvino ndiani achakukuvadzai,
kana muri vatevedzeri vezvakanaka? 14 Asi
kunyange kana imwi muchitambudzika nekuda
kwekururama, makaropafadzwa; uye musatya kutyisa
kwavo, kana kuvhiringidzwa; 15 asi itai Ishe Mwari
mutsvene mumoyo yenyu; mugare makazvigadzirira
kupindura umwe neumwe anokubvunzai chikonzero
chetariro iri mukati menyu, neunyoro nekutya;
16 mune hana yakanaka, kuti pavanokucherai
sevaiti vezvakaipa vanyare, ivo vanotuka mafambiro
enyu akanaka muna Kristu. 17 Nokuti zviri nani
kutambudzika muchiita zvakanaka, kana chido
chaMwari chichida, pane muchiita zvakaipa. 18 Nokuti
Kristuwo wakatambudzika kamwe nekuda kwezvivi,
iye wakarurama pachinzvimbo chevasakarurama, kuti
atiise kuna Mwari; aurawa zvirokwazvo panyama, asi
wakararamiswa neMweya; 19 mauri wakaendawo
akaparidzira kumweya iri mutirongo, 20 iyo
yaimbova isingateereri, apo moyo murefu waMwari
uchimirira, pamazuva aNowa apo areka ichagadzirwa,
kukaponeswa mairi vashoma, ndiko kuti mweya
misere nemvura. 21 Mufananidzo wayo rubhabhatidzo
rwunotiponesawo ikozvino, kwete kubviswa kwetsvina
yenyama, asi kukumbira kwehana yakanaka kuna
Mwari kubudikidza nekumukazve kwaJesu Kristu,
22 ari kuruoko rwerudyi rwaMwari aenda kudenga;
vatumwa neumambo nemasimba zvaiswa pasi pake.

4 Naizvozvo Kristu zvaakatitamburira panyama,
nemwi muzvishongedze nemurangariro
wakadaro; nokuti iye watambudzika panyama,
aregedzwa pachivi; 2 kuti nguva yasara panyama
musachiraramira kuchiva kwevanhu, asi chido
chaMwari. 3 Nokuti yakatiringana nguva yakapfuura
yeupenyu kuita chido chevahedheni, patakafamba
mukusazvibata, kuchiva, kuraradza, makaro,
nemitambo yekunwa, nekunamata zvifananidzo

zvisingatenderwi; 4 zvavanoshamisika mazviri,
kuti hamumhanyidzani navo pakuwandisa kumwe
kwenyonga-nyonga, vachikutukai; 5 vachazvidavirira
kuna iye wakagadzirira kutonga vapenyu nevakafa. 6
Nokuti nekuda kwaizvozvi evhangeri yakaparidzirwa
kune vakafawo, kuti vatongwe zvinoenderana
nevanhu panyama, asi vararame zvinoenderana
naMwari pamweya. 7 Zvino kuguma kwezvinhu
zvese kwaswedera; naizvozvo svinurai murinde
muminyengetero. 8 Uye mberi kwezvinhu zvese
ivai nerudo rwunopfuta pakati penyu, nokuti
rudo ruchafukidzira zvivi zvizhinji-zhinji. 9
Gamuchiranai, pasina kunyunyuta. 10 Umwe neumwe
sezvaakagamuchira chipo, shumiranai ichocho
sevatariri vakanaka venyasha dzakasiyana-siyana
dzaMwari. 11 Kana umwe achitaura, ngaataure
semashoko aMwari; kana umwe achishumira
ngazviitwe sezvinobva kusimba Mwari raanopa;
kuti Mwari akudzwe pazvinhu zvese kubudikidza
naJesu Kristu, kwaari kune kukudzwa nesimba
kusvikira rinhi narinhi. Ameni. **(aiōn g165)** 12 Vadiwa,
musashamisika nemuedzo unopisa uri pamuri
unokuidzai, sezvinonzi mawirwa nechisingazikanwi;
13 asi sezvamuri vagovani vematambudziko aKristu,
farai, kuti nepakuratidzwa kwekubwinya kwake
mufare nemufaro mukurusa. 14 Kana muchitukwa
nekuda kwezita raKristu, makaropafadzwa; nokuti
Mweya wekubwinya newaMwari agere pamusoro
penyu; kwavari zvirokwazvo anonyombwa, asi
kwamuri anokudzwa. 15 Asi kusava neumwe wenyu
anotambudzika semhondi, kana mbavha, kana muiti
wezvakaipa, kana anongongwarira zvevamwe; 16
asi kana achitambudzika semuKristu, asanyara; asi
ngaakudze Mwari pachinhu ichi. 17 Nokuti yava
nguva yekuti kutonga kutange paimba yaMwari; zvino
kana kukatanga kwatiri, kuguma kwevasingateereri
evhangeri yaMwari kuchavei? 18 Uye kana
wakarurama achiponeswa nemutsutsururu, asingadi
Mwari nemutadzi vachaonekwepi? 19 Naizvozvo
naivo vanotambudzika zvinoenderana nechido
chaMwari, sekuMusiki wakatendeka ngavakumikidze
mweya yavo pakuita zvakanaka.

**5** Vatariri vari pakati penyu ndinovakurudzira,
vandiri mutariri pamwe navo nechapupu
chematambudziko aKristu, nemugovani wekubwinya
kuchazoratidzwa. 2 Fudzai boka raMwari riri pakati
penyu, muchitaridzira, kwete nekurovererwa asi
nekuda, kwete nekuda kwekukarira fuma yakaipa,
asi nechido, 3 kana kuva semadzishe pane
vamakagoverwa, asi muri mifananidzo yeboka. 4 Zvino
Mufudzi mukuru paachaonekwa muchagamuchira
korona yekubwinya isingabvuruvari. 5 Saizvozvo,
vadiki, zviisei pasi pevakuru, uye mese muzviise pasi
umwe kune mumwe, mupfekedzwe nekuzvininipisa,
nokuti Mwari anopikisa vanozvikudza, asi anopa
nyasha vanozvininipisa. 6 Naizvozvo zvininipisei
pasi peruoko rwune simba rwaMwari, kuti akukudzei
panguva yakafanira, 7 muchikandira pamusoro
pake kufunganya kwenyu kwese, nokuti iye ane
hanya nemwi. 8 Svinurai, rindai, nokuti mupikisi
wenyu dhiabhorosi, seshumba inoomba anofamba-
famba achitsvaka waangapedza; 9 mumupikise
makasimba parutendo, muchiziva kuti matambudziko
iwawo anozadziswa kuhama dzenyu dziri panyika.
10 Asi Mwari wenyasha dzese, iye wakatidanira
mukubwinya kwake kusingaperi muna Kristu Jesu,
kana tatambudzika chinguvana, iye anokupedzeredzai
nekukutsigisai, nekukupai simba, nekukuteyai. **(aiōnios
g166)** 11 Kwaari ngakuve kubwinya nesimba kusvikira
rinhi narinhi. Ameni. **(aiōn g165)** 12 NaSirivhano hama
yakatendeka kwamuri, pakufunga kwangu, ndanyora
nepadiki, ndichikurudzira nekupupura kuti idzi ndidzo
nyasha dzechokwadi dzaMwari, dzamumire madziri.
13 Kereke iri muBhabhironi yakasarudzwa pamwe
nemwi inokukwazisai, naMariko mwanakomana
wangu. 14 Kwazisanai nekutsvoda kwerudo. Rugare
kwamuri mese muri muna Kristu Jesu. Ameni.

# 2 Petro

**1** Simoni Petro, muranda nemuapositori waJesu
Kristu, kune avo vakawana rutendo rwunokosha
rwakafanana nerwedu mukururama kwaMwari wedu
neMuponesi wedu Jesu Kristu: **2** Nyasha nerugare
ngazviwanzwe kwamuri paruzivo rwaMwari nerwaJesu
Ishe wedu. **3** Sesimba rake reuMwari rakatipa zvinhu
zvese zveupenyu nekunamata Mwari kubudikidza
neruzivo rwaiye wakatidana kubudikidza nekubwinya
uye kunaka; **4** akatipa nazvo zvivimbiso zvikurusa
uye zvinokosha; kuti naizvozvi muve vagovani
vechizvarirwo cheuMwari, mapukunyuka kuora kuri
panyika kubudikidza nekuchiva. **5** Zvino nekuda
kweizviwo maita kushingaira kwese, wedzerai
parutendo rwenyu kunaka, nepakunaka ruzivo,
**6** neparuzivo kuzvidzora, nepakuzvidzora moyo
murefu, nepamoyo murefu kunamata Mwari, **7**
nepakunamata Mwari rudo rwehama, neparudo
rwehama, rudo. **8** Nokuti kana zvinhu izvi zviri
mamuri, uye zvichiwanda, hazvikuitii vasingashandi
kana vanoshaiwa zvibereko pakuziva Ishe wedu,
Jesu Kristu. **9** Nokuti asina zvinhu izvi, ibofu,
anoonera pedo, wakanganwa kunatswa kwezvivi
zvake zvekare. **10** Naizvozvo, hama, shingairai zvikuru
kusimbisa kudanwa nekusanangurwa kwenyu; nokuti
kana muchiita zvinhu izvi hamungatongogumburwi
narinhi. **11** Nokuti saizvozvo muchawedzerwa
zvakanyanya kupinda muushe husingaperi hwaIshe
wedu neMuponesi Jesu Kristu. **(aiōnios g166)** **12**
Naizvozvo handingashaiwi hanya nekukuyeudzirai
zvinhu izvi nguva dzese, kunyange muchiziva, uye
makasimbiswa pachokwadi chiripo. **13** Uye ndinoona
zvakanaka kuti kana ndichingori mutabhenakeri ino
chete ndikumutsei nechiyeuchidzo; **14** ndichiziva kuti
kunokurumidza kubviswa kwetabhenakeri yangu, Ishe
wedu Jesu Kristuwo sezvaakandiratidza. **15** Asi neni
ndichashingaira kuti nguva dzese shure kwekuenda
kwangu muve nechiyeuchidzo chezvinhu izvi. **16**
Nokuti hatina kutevera ngano dzakarukwa nenjere
patakakuzivisai simba nekuuya kwaIshe wedu Jesu
Kristu, asi takange tiri vakazvionera kubwinya kwake.
**17** Nokuti wakagamuchira kubva kuna Mwari Baba
rukudzo nekubwinya, inzwi rakadai parakasvika kwaari
pakubwinya kukuru-kuru richiti: Uyu Mwanakomana
wangu anodika, wandinofara maari ini; **18** uye inzwi
iri isu takarinzwa richibva kudenga pataiva naye
mugomo dzvene. **19** Uye tine shoko rakasimba kwazvo
rechiporofita, ramunoita zvakanaka muchirichenjerera
sekumwenje unovhenekera panzvimbo ine rima,
kusvikira utonga huchitsvuka, nenyamasase ichibudira
mumoyo yenyu; **20** muchiziva izvi pakutanga, kuti
hakuna chiporofita cherugwaro chinobva mududziro
yemwene wacho. **21** Nokuti hakuna kumbouyiswa
chiporofita nechido chemunhu, asi vanhu vatsvene
vaMwari vakataura vachisundwa neMweya Mutsvene.

**2** Asi kwaiva nevaporofita venhemawo pakati
pevanhu, sezvakuchavapowo vadzidzisi
venhema pakati penyu, vachapinza pachivande
kutsauka kunoparadza, vachiramba kunyange Ishe
wakavatenga, vachizviwisira kuparara kunokurumidza.
**2** Vazhinjiwo vachatevera kuparadzwa kwavo;
nekuda kwavo nzira yechokwadi ichanyombwa. **3**
Uye pakuchiva namashoko akaumbwa vachawana
mubairo nemwi; kutongwa kwavo kwakare
hakunonoki, nekuparadzwa kwavo hakutsumwairi. **4**
Nokuti kana Mwari asina kurega vatumwa vakatadza,
asi wakavakandira mugehena achivakumikidza
kumaketeni erima kuti vachengeterwe mutongo;
**(Tartaroō g5020)** **5** uye haana kurega nyika yekare,
asi wakachengetedza Nowa muparidzi wekururama
nevamwe vanomwe, paakauisa mafashame panyika
yevasingadi Mwari; **6** nekuroromesa maguta
eSodhoma neGomora, akaatongera kuparadzwa,
akaaita chive chiratidzo kune vachazogara vasingadi
Mwari; **7** akanunurawo Roti wakarurama, wakazvidya
moyo pakuzvibata mukunyangadza kwevakaipa; **8**
(nekuti uyo wakarurama, agere pakati pavo, pakuona
nekunzwa, wakarwadzisa kwazvo mweya wake
wakarurama zuva rimwe nerimwe nemabasa asina
murairo). **9** Ishe anoziva kununura vanonamata
Mwari kubva pamiedzo, nekuchengeta vasakarurama
kusvika pazuva rekutongwa vachirangwa; **10** asi
zvikuru ivo vanofamba nemutoo wenyama paruchiva
rwetsvina, nekuzvidza utongi. Vasina hanya, vane
nharo, vasingatyi kutuka vanokudzwa; **11** izvo
vatumwa, vanopfuura pakugona nesimba, havauyisi
pavari mutongo wekunyomba pamberi paIshe. **12**
Asi ava, vakaita semhuka pachisikirwo dzisina
fungwa dzakaberekerwa kubatwa nekuparadzwa,
vanotuka zvavasingazivi, vachaparadzwa pakuora
kwavo, **13** vachagamuchira mubairo wekusarurama,
vanoti mafaro kuita umbozha masikati, ivo makwapa
nechinyadzo, vanofara mukunyengera kwavo
kana vari pamabiko nemwi, **14** vane meso azere
neupombwe, nevasingaregi chivi, vanonyengera
mweya isina simba, vane moyo wakarovedzwa
kuchiva; vana vechakatukwa; **15** vasiya nzira
yakarurama vakatsauka, vatevera nzira yaBharami
waBhosori, wakada mubairo wekusarurama, **16** asi

wakava nekutsiurwa kwekudarika kwake, mbongoro
chimumumu ichitaura muinzwi remunhu, chikadzivisa
upengo hwemuporofita. 17 Iva zvitubu zvisina
mvura, makore anosundwa nedutu remhepo; ivo
vakachengeterwa mhute yerima kusvikira kusingaperi.
(questioned) 18 Nokuti vachitaura zvekuzvikudza kusina
maturo, vanokwezva neruchiva rwenyama neunzenza
avo vakapukunyuka zvirokwazvo kune vanofamba
mukutsauka; 19 vachivavimbisa rusununguko,
ivo pachavo varanda vekuora; nokuti uyo umwe
waakundwa naye, ndiyewo waanoitwa muranda
kwaari. 20 Nokuti kana vapukunyuka patsvina yenyika
kubudikidza neruzivo rwaIshe neMuponesi Jesu
Kristu, vanopfekanidzwazve mazviri vachikundwa,
zvinhu zvekuguma zvigova kwavari zvakaipa kupfuura
zvekutanga. 21 Nokuti zvaiva nani kwavari kuti dai
vaiva vasina kuziva nzira yekururama, pakuti vaziva
vadzoke kubva pamurairo mutsvene wakakumikidzwa
kwavari. 22 Asi zvakaitika kwavari zvedimikira
rechokwadi zvinoti: Imbwa yakadzokera kumarutsi
ayo pachayo; nehadzi yenguruve yakange yashamba
kukuvumburuka mumatope.

3 Ikozvino iyi, vadikanwi, itsamba yechipiri
yandinokunyorerai; panaidzodzi mbiri ndinomutsa
murangariro wenyu wakachena nechiyeuchidzo, 2 kuti
murangarire mashoko akambotaurwa nevaporofita
vatsvene, nemurairo wedu tiri vaapasitori vaIshe
neMuponesi; 3 muchiziva ichi pakutanga, kuti
kuchauya pakuguma kwemazuva vanongoseka,
vachifamba maererano neruchiva rwavo pachavo,
4 uye vachiti: Chiripi chivimbiso chekuuya kwake?
Nokuti kubva zvarara madzibaba zvinhu zvese
zvakaramba zvakadaro kubva pakutanga kwekusikwa.
5 Nokuti ichi vanokanganwa maune, kuti matenga
aivapo kubva kare, nenyika, iripo kubva mumvura,
kubudikidza nemvura, neshoko raMwari; 6 nazvo
nyika yaivapo nguva iyo yakafukidzwa nemvura
yakaparadzwa. 7 Asi matenga nenyika zviripo ikozvino
zvakachengetwa neirori shoko, zvakachengeterwa
moto pazuva rekutongwa nerekuparadzwa kwevanhu
vasingadi Mwari. 8 Asi chinhu chimwe ichi ngachirege
kusazikanwa nemwi, vadikanwi, kuti zuva rimwe
kuna Ishe rakaita samakore ane churu, nemakore
ane churu sezuva rimwe. 9 Ishe haanonoki
maererano nechivimbiso, sevamwe vanoti kunonoka;
asi ane moyo murefu kwatiri, asingadi kuti ani
nani aparare asi vese vasvike pakutendeuka.
10 Asi zuva raIshe richasvika sembavha usiku,
naro matenga achapfuura nekutinhira kukuru,
nezvekutanga zvichaguranyiwa nekupisa kukuru,
nenyika nemabasa ari mairi achapiswa. 11
Sezvo zvinhu izvi zvese zvichaparadzwa, imwi
munofanira kuva vakadini pamafambiro matsvene
nekunamata Mwari, 12 makatarisira nekumhanyira
kusvika kwezuva raMwari; naro matenga achipiswa
achaparadzwa, nezvekutanga zvinyunguduke
nekupisa kukuru. 13 Asi sechivimbiso chake
tinotarisira matenga matsva nenyika itsva, mazviri
munogara kururama. 14 Naizvozvo vadikanwi,
zvamunotarisira zvinhu izvi, shingairai kuti
muwanikwe naye murugare, musina gwapa uye
musingamhuriki. 15 Zvino muti moyo murefu waIshe
wedu ruponeso, hama yedu inodikanwa Pauro
sezvaakakunyoreraiwo zvichienderana nenjere
dzakapiwa kwaari; 16 semutsamba dzake dzesewo,
achitaura madziri maererano nezvinhu izvi; madziri
mune zvimwe zvikukutu kunzwisisika, izvo avo
vasina kudzidza nevasina kusimba vanozviminamisa,
semamwewo magwaro, kusvika pakuparadzwa kwavo
pachavo. 17 Naizvozvo imwi, vadikanwi, zvamagara
muchiziva, chenjerai kuti murege kutsauswa pamwe
nekunyengera kwevasina murairo, muwe pakusimba
kwenyu. 18 Asi kurai munyasha neparuzivo rwaIshe
wedu neMuponesi Jesu Kristu. Rukudzo ngaruende
kwaari ikozvinowo uye kusvika zuva rekusingaperi.
Ameni. (aiōn g165)

# 1 Johani

1 Icho chakange chiripo kubva pakutanga, icho
chatakanzwa, icho chatakaona nemeso edu,
icho chatakatarira, uye maoko edu akachibata,
cheShoko reupenyu, 2 (uye upenyu hwakaratidzwa,
tikahuonawo, uye tinopupura nekukuparidzirai upenyu
husingaperi, hwakange huna Baba, hukaratidzwawo
kwatiri); (aiōnios g166) 3 icho chatakaona nekunzwa,
tinokuparidzirai, kuti nemwi mudyidzane nesu;
uyewo kudyidzana kwedu kuripo naBaba, uye
neMwanakomana wavo Jesu Kristu; 4 uye zvinhu izvi
tinonyora kwamuri, kuti mufaro wenyu uzadziswe. 5
Zvino iri ishoko ratakanzwa kwaari uye ratinoparidza
kwamuri, kuti Mwari chiedza, uye maari hamuna
rima zvachose. 6 Kana tichiti tine kudyidzana naye,
asi tichifamba murima, tinoreva nhema, uye hatiiti
chokwadi; 7 asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari
muchiedza, tine kudyidzana umwe neumwe, neropa
raJesu Kristu Mwanakomana wake rinotinatsa pachivi
chese. 8 Kana tichiti hatina chivi, tinozvinyengera,
nechokwadi hachisi matiri. 9 Kana tichibvuma
zvivi zvedu, iye wakatendeka uye wakarurama kuti
atikanganwire zvivi, nekutinatsa pakusarurama kwese.
10 Kana tichiti hatina kutadza, tinomuita murevi
wenhema, neshoko rake harisi matiri.

2 Vana vangu vadiki, zvinhu izvi ndinokunyorerai,
kuti musatadza. Uye kana umwe achitadza, tine
Murevereri kuna Baba, Jesu Kristu wakarurama;
2 uye iye muripo wekuyananisa wezvivi zvedu;
kwete wezvedu chetewo, asiwo wezvenyika yese.
3 Uye mune izvi tinoziva kuti tinomuziva, kana
tichichengeta mirairo yake. 4 Uyo anoti: Ndinomuziva,
asi asingachengeti mirairo yake, murevi wenhema,
nemaari chokwadi hachimo; 5 asi ani nani
anochengeta shoko rake, zvirokwazvo rudo rwaMwari
rwakaperedzerwa maari. Naizvozvi tinoziva kuti tiri
maari. 6 Uyo anoti anogara maari iye anofanirawo
kufamba saizvozvo sezvaakafamba iyewo. 7
Hama, handinyori murairo mutsva kwamuri, asi
murairo mutsaru, wamakange munawo kubva
pakutanga; murairo mutsaru ishoko ramakanzwa
kubva pakutanga. 8 Ndinopamha kukunyorerai
murairo mutsva, chiri chinhu chechokwadi maari
nemamuri; nokuti rima rinopfuura, zvino chiedza
chechokwadi chadovhenekera. 9 Uyo anoti ari
muchiedza, achivengawo hama yake, ari murima
kusvikira zvino. 10 Uyo anoda hama yake anogara
muchiedza, uye hapana chigumbuso maari. 11
Asi uyo anovenga hama yake ari murima, uye
anofamba murima, haaziviwo kwaanoenda, nokuti
rima rakapofumadza meso ake. 12 Ndinonyorera imwi,
vana vadiki, nokuti zvivi makazvikanganwirwa nekuda
kwezita rake. 13 Ndinonyorera imwi, madzibaba, nokuti
makamuziva uripo kubva pakutanga. Ndinonyorera
imwi, vadiki, nokuti makakunda wakaipa. Ndinonyorera
imwi, vanana, nokuti makaziva Baba. 14 Ndanyorera
imwi, madzibaba, nokuti makamuziva iye wakange
aripo kubva pakutanga. Ndanyora kwamuri, vadiki,
nokuti makasimba, uye shoko raMwari rinogara
mamuri uye makakunda wakaipa. 15 Musada nyika,
kana zvinhu zviri munyika. Kana umwe achida
nyika, rudo rwaBaba harwusi maari. 16 Nokuti
zvese zviri munyika, kuchiva kwenyama, nekuchiva
kwameso, nekuzvikudza kweupenyu, hazvibvi kuna
Baba, asi zvinobva panyika. 17 Uye nyika inopfuura,
nekuchiva kwayo; asi anoita kuda kwaMwari anogara
kusvika rinhi narinhi. (aiōn g165) 18 Vana vadiki,
inguva yekupedzisira; uye sezvamakanzwa kuti
mupikisi waKristu anouya, naikozvino vazhinji vava
vapikisi vaKristu; ndizvo zvinotizivisa kuti yava nguva
yekupedzisira. 19 Vakabuda kwatiri, asi vakange vasiri
vanobva kwedu, nokuti dai vaibva kwedu, vangadai
vaigara nesu; asi vakabuda kuti varatidzwe kuti havasi
vese vanobva kwedu. 20 Asi imwi mune kuzodzwa
kunobva kune Mutsvene, uye munoziva zvinhu zvese.
21 Handina kukunyorerai nokuti hamuzivi chokwadi, asi
nokuti munochiziva, uye nokuti hakutongorina nhema
dzingabva pachokwadi. 22 Ndiani murevi wenhema,
kunze kwaiye anoramba kuti Jesu ndiKristu? Iye
mupikisi waKristu, anoramba Baba neMwanakomana.
23 Ani nani anoramba Mwanakomana haanawo
Baba; anobvuma Mwanakomana ana Babawo.
24 Zvino imwi zvamakanzwa kubva pakutanga
ngazvigare mamuri. Kana zvamakanzwa kubva
pakutanga zvichigara mamuri, imwiwo muchagara
muMwanakomana nemuna Baba. 25 Uye ichi ndicho
chivimbiso chaakativimbisa iye, upenyu husingaperi.
(aiōnios g166) 26 Zvinhu izvi ndakakunyorerai
pamusoro pevanokutsausai. 27 Asi imwi kuzodzwa
kwamakagamuchira kwaari kunogara mamuri, uye
hamutsvaki kuti umwe akudzidzisei; asi kuzodzwa
ikoku sezvakunokudzidzisai pamusoro pezvinhu
zvese, uye kuri chokwadi, dzisati dziri nhema,
uye sezvakwakakudzidzisai, muchagara maari. 28
Uye ikozvino, vana vadiki, garai maari, kuti kana
achizoonekwa, tive nechivimbo, tiregewo kunyadziswa
naye pakuuya kwake. 29 Kana muchiziva kuti
wakarurama, munoziva kuti umwe neumwe anoita
zvakarurama wakaberekwa naye.

**3** Tarirai kuti rudo rwakadini Baba rwavakatipa, kuti
tinzi vana vaMwari. Nekuda kwaizvozvi nyika
haitizivi, nokuti haina kumuziva iye. 2 Vadikanwi,
ikozvino tiri vana vaMwari, uye zvichigere kuratidzwa
kuti tichazovei. Asi tinoziva kuti kana achizoratidzwa,
tichafanana naye; nokuti tichamuona sezvaakaita. 3
Uye umwe neumwe ane tariro iyi maari anozvichenesa,
sezvaakachena iye. 4 Umwe neumwe anoita chivi
anoitawo kusava nemurairo; uye chivi ndiko kusava
nemurairo. 5 Uye munoziva kuti iye wakaratidzwa
kuti abvise zvivi zvedu; uye zvivi hazvimo maari. 6
Ani nani anogara maari haatadzi; ani nani anotadza
haana kumuona, kana kumuziva. 7 Vana vadiki,
kusava neanokunyengerai; uyo anoita kururama
wakarurama, saiye akarurama; 8 uyo anoita chivi
anobva kuna dhiabhorosi, nokuti dhiabhorosi anotadza
kubva pakutanga. Nechikonzero ichi Mwanakomana
waMwari wakaratidzwa kuti aparadze mabasa
adhiabhorosi. 9 Ani nani wakaberekwa naMwari
haaiti chivi, nokuti mbeu yake inogara maari; zvino
haagoni kutadza, nokuti wakaberekwa naMwari. 10
Mune izvozvi vana vaMwari nevana vadhiabhorosi
vanoratidzwa; ani nani asingaiti zvakarurama haabvi
kuna Mwari, neasingadi hama yake. 11 Nokuti iri
ndiro shoko ramakanzwa kubva pakutanga, kuti
tidanane; 12 kwete saKaini wakabva kune wakaipa,
ndokuuraya munin'ina wake. Zvino wakamuurayirei?
Nokuti mabasa ake akange akaipa, asi emunin'ina
wake akange akarurama. 13 Musashamisika, hama
dzangu, kana nyika ichikuvengai. 14 Isu tinoziva
kuti takapfuura murufu tikapinda muupenyu, nokuti
tinoda hama. Asingadi hama anogara murufu. 15 Ani
nani anovenga hama yake imhondi; uye munoziva
kuti hakutongorina mhondi ine upenyu husingaperi
hunogara mairi. **(aiōnios g166)** 16 Neizvi tinoziva rudo
rwaMwari, nokuti iye wakatiradzikira pasi upenyu
hwake; nesu tinofanira kuradzikira pasi hama upenyu.
17 Asi ani nani ane nhumbi dzenyika, uye achiona
hama yake ichishaiwa, ndokumupfigira tsitsi dzake,
rudo rwaMwari rwunogara sei maari? 18 Vana vangu
vadiki, ngatirege kuda pashoko kana parurimi, asi
pazviito nepachokwadi. 19 Uye neizvi tinoziva kuti tiri
vechokwadi, uye tichavimbisa moyo yedu pamberi
pake. 20 Nokuti kana moyo wedu uchitipa mhosva,
Mwari mukuru kumoyo wedu, uye anoziva zvinhu
zvese. 21 Vadikanwi, kana moyo wedu usingatipi
mhosva, tine chivimbo pamberi paMwari; 22 uye chipi
nechipi chatinokumbira, tinogamuchira kubva kwaari,
nokuti tinochengeta mirairo yake, uye tinoita zvinhu
zvinofadza pamberi pake. 23 Uye uyu ndiwo murairo
wake, kuti titende kuzita reMwanakomana wake Jesu
Kristu, uye tidanane, sezvaakatipa murairo. 24 Uye
uyo anochengeta mirairo yake anogara maari, naiye
maari. Neizviwo tinoziva kuti anogara matiri, kubva
paMweya waakatipa.

**4** Vadikanwi, musatenda mweya umwe neumwe, asi
muidze mweya, kana yakabva kuna Mwari; nokuti
vazhinji vaporofita venhema vakabudira munyika.
2 Neizvi munoziva Mweya waMwari: Wese mweya
unobvuma kuti Jesu Kristu wakauya panyama, unobva
muna Mwari. 3 Zvino mweya wese usingabvumi kuti
Jesu Kristu wakauya panyama, haubvi muna Mwari;
uye uyu ndiye wemupikisi waKristu, wamakanzwa kuti
anouya, naikozvino watova panyika. 4 Imwi munobva
muna Mwari, vana vadiki, uye makavakunda; nokuti
ari mamuri mukuru kune ari munyika. 5 Ivo vanobva
munyika; naizvozvo vanotaura zvinobva munyika,
uye nyika inovanzwa. 6 Isu tinobva muna Mwari;
uyo anoziva Mwari, anotinzwa; asingabvi muna
Mwari, haatinzwi. Kubva pane izvi tinoziva mweya
wechokwadi nemweya wekutsauka. 7 Vadikanwi,
ngatidanane; nokuti rudo rwunobva muna Mwari,
uye umwe neumwe anoda wakaberekwa kubva
muna Mwari, uye anoziva Mwari. 8 Asingadi,
haazivi Mwari, nokuti Mwari rudo. 9 Pane izvi rudo
rwaMwari rwakaratidzwa matiri, kuti Mwari wakatuma
Mwanakomana wake wakaberekwa umwe wega
munyika, kuti tirarame kubudikidza naye. 10 Rudo
rwuri pachinhu ichi, kwete kuti isu takada Mwari, asi
kuti iye wakatida, akatuma Mwanakomana wake kuti
ave muripo wekuyananisa maererano nezvivi zvedu.
11 Vadikanwi, kana Mwari akatida saizvozvo, nesu
tinofanira kudanana. 12 Hakuna wakamboona Mwari;
kana tichidanana, Mwari anogara matiri, uye rudo
rwake rwunoperedzerwa matiri. 13 Pane izvi tinoziva
kuti tinogara maari, naiye matiri, nokuti wakatipa
zvinobva paMweya wake. 14 Isuwo takaona uye
tinopupura kuti Baba vakatuma Mwanakomana kuva
Muponesi wenyika. 15 Ani nani anobvuma kuti Jesu
Mwanakomana waMwari, Mwari anogara maari, naiye
muna Mwari. 16 Nesu takaziva uye takatenda rudo
Mwari rwaanarwo kwatiri. Mwari rudo, uye anogara
murudo anogara muna Mwari, naMwari maari. 17
Pane izvi rudo rwakapedzeredzwa nesu, kuti tive
neushingi nezuva rekutonga, nokuti sezvaari iye, nesu
takadaro kunyika ino. 18 Hakuna kutya murudo, asi
rudo rwakaperera rwunodzingira kunze kutya, nokuti
kutya kune marwadzo; anotya haana kuperedzerwa
parudo. 19 Isu tinomuda, nokuti iye wakatanga kutida.
20 Kana umwe achitaura kuti: Ndinoda Mwari, asi
achivenga hama yake, murevi wenhema; nokuti uyo

asingadi hama yake yaakaona, anogona sei kuda
Mwari waasina kuona? 21 Uye murairo uyu tinawo
kubva kwaari, kuti anoda Mwari ngaadewo hama
yake.

5 Ani nani anotenda kuti Jesu ndiye Kristu,
wakaberekwa kubva kuna Mwari; uye ani nani
anoda uyo wakabereka anodawo wakaberekwa
kubva kwaari. 2 Pane izvi tinoziva kuti tinoda vana
vaMwari, kana tichida Mwari, uye tichichengeta
mirairo yake. 3 Nokuti urwu rudo rwaMwari, kuti
tichengete mirairo yake; uye mirairo yake hairemi. 4
Nokuti chipi nechipi chakaberekwa kubva kuna Mwari
chinokunda nyika; uye uku ndiko kukunda kunokunda
nyika, irwo rutendo rwedu. 5 Ndiani anokunda nyika,
kana asiri iye anotenda kuti Jesu Mwanakomana
waMwari? 6 Uyu ndiye wakauya nemvura neropa,
iye Jesu Kristu; kwete nemvura yega, asi nemvura
neropa. Zvino Mweya ndiye anopupura, nokuti
Mweya ichokwadi. 7 Nokuti kune vatatu vanopupura
kudenga, Baba, Shoko, naMweya Mutsvene; uye ava
vatatu ndimumwe. 8 Uye kune vatatu vanopupura
panyika, Mweya, nemvura, neropa, uye ava vatatu
vanonova chimwe. 9 Kana tichigamuchira uchapupu
hwevanhu, uchapupu hwaMwari hwakapfuura kukura;
nokuti uhu uchapupu hwaMwari, hwaakapupura
pamusoro peMwanakomana wake. 10 Uyo anotenda
kuMwanakomana waMwari ane uchapupu maari
pachake; asingatendi Mwari wakamuita murevi
wenhema, nokuti haana kutenda uchapupu Mwari
hwaakapupura maererano neMwanakomana wake.
11 Uye uhu ndihwo uchapupu, kuti Mwari wakatipa
upenyu husingaperi; zvino upenyu uhu huri
muMwanakomana wake. **(aiōnios g166)** 12 Uyo ane
Mwanakomana ane upenyu; uyo asina Mwanakomana
waMwari haana upenyu. 13 Zvinhu izvi ndazvinyora
kwamuri imwi munotenda kuzita reMwanakomana
waMwari, kuti muzive kuti mune upenyu husingaperi,
uye kuti mutende kuzita reMwanakomana waMwari.
**(aiōnios g166)** 14 Uye uhu ndihwo ushingi hwatinahwo
maari, kuti kana tichikumbira chinhu zvinoenderana
nekuda kwake, anotinzwa; 15 zvino kana tichiziva
kuti anotinzwa, zvese zvatinokumbira, tinoziva kuti
tine zvichemo zvatakakumbira kwaari. 16 Kana
umwe achiona hama yake ichitadza chivi chisiri
cherufu, achakumbira, uye achamupa upenyu kune
vasingatadzi chivi cherufu. Chiripo chivi cherufu;
handisi kuti akumbire pamusoro pechichi. 17
Kusarurama kwese chivi; uye chivi chiripo chisiri
cherufu. 18 Tinoziva kuti ani nani wakaberekwa
kubva kuna Mwari haatadzi; asi uyo wakaberekwa
kubva kuna Mwari anozvichengeta, uye wakaipa
haamubati. 19 Tinoziva kuti tiri vanobva kuna Mwari,
nenyika yese irere muzvakaipa. 20 Uye tinoziva kuti
Mwanakomana waMwari wakauya, akatipa kunzwisisa
kuti tizive iye wechokwadi; nesu tiri mune wechokwadi,
muMwanakomana wake Jesu Kristu. Uyu ndiye Mwari
wechokwadi, neupenyu husingaperi. **(aiōnios g166)** 21
Vana vadiki, zvichengetedzei pazvifananidzo. Ameni.

# 2 Johani

1 Mukuru kuna amai vakasanangurwa nekuvana
vavo, ini vandinoda muchokwadi, uye kwete ini
ndega, asiwo vese vakaziva chokwadi, 2 nekuda
kwechokwadi chinogara matiri, uye chichava nesu
nekusingaperi. **(aiōn g165)** 3 Ngazvive nemwi nyasha,
tsitsi, nerugare zvinobva kuna Mwari Baba, nekuna
Ishe Jesu Kristu Mwanakomana waBaba, muchokwadi
nerudo. 4 Ndinofara zvikuru kuti ndakawana
kubva pavana vako vanofamba muchokwadi,
sezvatakagamuchira murairo kuna Baba. 5 Ikozvinowo
ndinokukumbirisai, amai, kwete sendinokunyorerai
murairo mutsva, asi uyo watakange tinawo kubva
pakutanga, kuti tidanane. 6 Zvino urwu ndirwo rudo,
kuti tifambe zvinoenderana nemirairo yake. Uyu
ndiwo murairo, sezvamakanzwa kubva pakutanga,
kuti mufambe mauri. 7 Nokuti vanyepedzeri
vazhinji vakapinda munyika, vasingabvumi kuti Jesu
Kristu wakauya panyama. Uyu ndiye munyepedzeri
nemupikisi waKristu. 8 Zvichenjererei pachenyu,
kuti tirege kurasikirwa nezvinhu zvatakabatira, asi
tigamuchire mubairo wakakwana. 9 Ani nani anodarika
uye asingagari mudzidziso yaKristu, haana Mwari; asi
uyo anogara mudzidziso yaKristu, uyu ana Babawo
uye Mwanakomana. 10 Kana umwe achiuya kwamuri,
asingauyi nedzidziso iyi, musamugamuchira mumba,
kana kuti kwaari: Kwaziwai; 11 nokuti anoti kwaari:
Kwaziwai, anodyidzana nemabasa ake akaipa. 12
Kunyange ndine zvinhu zvizhinji zvekunyora kwamuri,
handina kuda kukunyorerai pabepa neingi; asi
ndinotarisira kuuya kwamuri, uye kutaura muromo
nemuromo, kuti mufaro wenyu uve wakazara. 13 Vana
vemunin'ina wenyu wakasanangurwa vanokukwazisai.
Ameni.

# 3 Johani

1 Mukuru, kuna Gayo anodikanwa, wandinoda
ini pachokwadi. 2 Mudikanwi, ndinonyengetera
pazvinhu zvese kuti ubudirire, uye ugwinye, semweya
wako uchibudirira. 3 Nokuti ndakafara zvikuru,
hama padzakasvika ndokupupurira chokwadi chako,
sezvaunofamba iwe muchokwadi. 4 Handina mufaro
unopfuura izvi, kuti ndinzwe vana vangu vachifamba
muchokwadi. 5 Mudikanwi, unoita nekutendeka zvese
zvaunobata kuhama nekuvaeni, 6 vakapupurira
rudo rwako pamberi pekereke; uchaita zvakanaka
kana ukavaperekedza zvakafanira Mwari. 7 Nokuti
nekuda kwezita rake vakabuda vasingagamuchiri
chinhu kuvahedheni. 8 Naizvozvo isu tinofanira
kugamuchira vakadaro, kuti tigova vanobatsirana
pachokwadi. 9 Ndakanyorera kereke; asi Dhiotirefesi,
anoda kuva wekutanga pakati pavo asingatigamuchiri.
10 Naizvozvo, kana ndichiuya, ndicharangarira
mabasa ake aanoita, achitiitira makuhwa nemashoko
akaipa; uye asingagutsikani neizvozvo, kunyange
iye amene haagamuchiri hama, uye anovadzivisa
vanoda, nekudzinga mukereke. 11 Mudikanwi,
usatevera chakaipa, asi chakanaka. Anoita chakanaka
ndeanobva kuna Mwari; asi anoita zvakaipa,
haana kuona Mwari. 12 Dhemetrio anopupurirwa
zvakanaka nevese, uye nechokwadi pachacho;
nesuwo tinopupura, nemwi munoziva kuti kupupura
kwedu ndekwechokwadi. 13 Ndakange ndine zvizhinji
zvekunyora, asi handidi kukunyorera neingi nepeni; 14
asi ndinovimba kukurumidza kukuona, titauriranewo
muromo nemuromo. Rugare kwauri. Vadikanwi
vanokukwazisa. Kwazisa vadikanwi nezita.

# Judha

1 Judha muranda waJesu Kristu, uye munin'ina
waJakobho, kune vakaitwa vatsvene muna
Mwari Baba, uye vakachengetedzwa muna Jesu
Kristu, vakadanwa: 2 Tsitsi kwamuri, nerugare,
nerudo, ngazvipamhidzirwe. 3 Vadikanwi, ndichiita
kushingaira kwese kukunyorerai zvekuponeswa
kwedu tese, zvakange zvakandifanira kukunyorerai,
ndichikurudzira kuti murwire rutendo rwakapiwa
vatsvene kamwe. 4 Nokuti kuna vamwe vanhu
vakapinda nekunyangira, vakagara vanyorerwa
kupiwa mhosva uku, vasingadi Mwari, vanoshandura
nyasha dzaMwari wedu kuita unzenza, uye
vachiramba Tenzi umwe wega Mwari, naIshe
wedu Jesu Kristu. 5 Asi ndinoda kukuyeuchidzai,
kunyange maiziva ichi kamwe, kuti Ishe aponesa
vanhu munyika yeEgipita, pashure akazoparadza
avo vakange vasingatendi. 6 Nevatumwa vasina
kuchengeta ukuru hwavo, asi vakasiya ugaro hwavo
pachavo, wakavachengetera kutonga kwezuva guru
nezvisungo zvekusingaperi pasi perima. (aïdios g126) 7
SeSodhoma neGomora, nemaguta akaapoteredza,
akazvikumikidza kuupombwe nenzira yakafanana
nawo, nekutevera imwe nyama, akaitwa mufananidzo
pachena, akatambudzika pakurangwa nemoto
usingaperi. (aiōnios g166) 8 Saizvozvowo neimwe nzira
neava vachirota zvirokwazvo vanosvibisa nyama,
vachiramba utongi, nekutuka ukuru. 9 Asi Mikaeri
mutumwa mukuru, nguva yaakapokana nadhiabhorosi
akakakavara pamusoro pemutumbi waMozisi, haana
kushinga kumupa mhosva nemutongo wekutuka, asi
wakati: Ishe ngaakutsiure. 10 Asi ava vanotuka zvese
zvavasingazivi; asi zvese zvavanoziva pachisikirwo,
semhuka dzisina pfungwa, vanozviparadza muzvinhu
izvi. 11 Vane nhamo! Nokuti vakafamba nenzira
yaKaini, uye vakazviwisira mukutsauka kwaBharami
nekuda kwemubairo, vakaparadzwa panharo dzaKora.
12 Ava makwapa pamabiko enyu erudo, kana
vachipemberera nemwi, vachizvifunda vasina kutya;
makore asina mvura, anotinhwa nemhepo; miti
yechando, isina zvibereko, yakafa kaviri, yakadzurwa;
13 mafungu egungwa anopengereka, anopupuma
nyadzi dzawo pachawo; nyeredzi dzinongombeya,
vakachengeterwa kusviba kwerima nekusingaperi.
(aiōn g165) 14 NaEnokiwo wechinomwe kubva kuna
Adhamu, wakaporofita zvaivava achiti: Tarira, Ishe
wakauya nevatsvene vake zvuru zvamazana, 15
kuzoita mutongo unopikisa vese, nekupa mhosva
vese vavo vasingadi Mwari pamusoro pemabasa
avo ese ekusada Mwari, avakaita mukusada
Mwari, nepamusoro pezvikukutu zvese vatadzi
vasingadi Mwari zvavakataura maererano naye.
16 Ava van'un'uni, vasingagutsikani, vanofamba
nekuchiva kwavo; uye muromo wavo unotaura
zvekuzvikudza, vachirumbidza vanhu nekuda
kwemubairo. 17 Asi imwi vadikanwi, rangarirai
mashoko akagara ataurwa nevaapositori vaIshe
wedu Jesu Kristu; 18 kuti vakati kwamuri: Panguva
yekupedzisira vaseki vachavapo, vachafamba
nekuchiva kwavo kwekusada Mwari. 19 Ava ndivo
vanozviparadzanisa, ndevechisikirwo, vasina Mweya.
20 Asi imwi vadikanwi, muchizvivaka parutendo rwenyu
rwutsvene-tsvene, muchinyengetera muMweya
Mutsvene, 21 muzvichengete murudo rwaMwari,
muchitarisira tsitsi dzaIshe wedu, Jesu Kristu,
kusvikira kuupenyu husingaperi. (aiōnios g166) 22
Ivaiwo netsitsi nevamwe muchipa mutsauko, 23 asi
vamwe muvaponese nekutya, muchivabvuta kubva
mumoto; muchivenga kunyange nguvo yakasvibiswa
nezvinobva panyama. 24 Zvino kuna iye anogona
kukuchengetai pasina kugumburwa, nekukuteyai
musina chamungapomerwa pamberi pekubwinya
kwake mumufaro mukuru, 25 kuna Mwari umwe
wakachenjera, Muponesi wedu, ngakuve nekubwinya
uye ukuru, simba uye umambo, ikozvinowo narinhi
kwese. Ameni. (aiōn g165)

# Zvakazarurwa

1 Chakazarurwa chaJesu Kristu, Mwari chaakapa
kwaari, kuti aratidze kuvaranda vake zvinhu
zvinofanira kukurumidza kuitika, zvino azvituma
nemutumwa wake wakaratidza muranda wake
Johwani, 2 iye wakapupura shoko raMwari uye
uchapupu hwaJesu Kristu, nezvese zvaakaona. 3
Wakaropafadzwa anoverenga, nevanonzwa mashoko
echiporofita ichi vachichengeta zvakanyorwa machiri;
nokuti nguva yava pedo. 4 Johwani kumakereke
manomwe ari muAsia: Nyasha kwamuri nerugare
zvinobva kuna iye aripo uye wakange aripo
neachazouya; nekuMweya minomwe iri pamberi
pechigaro chake cheushe; 5 nekuna Jesu Kristu,
chapupu chakatendeka, dangwe kubva kune vakafa,
nemutungamiriri wemadzimambo enyika. Kuna iye
wakatida, akatisuka kubva pazvivi zvedu muropa
rake; 6 akatiitawo madzimambo nevapristi kuna
Mwari naBaba vake; kwaari ngakuve kubwinya
nesimba kusvikira rinhi narinhi. Ameni. **(aiōn g165)**
7 Tarira, anouya pamwe nemakore, uye ziso rese
richamuona, neavo vakamubaya; nemarudzi ese
enyika achachema nekuda kwake. Hongu. Ameni. 8
Ini ndini Arifa naOmega, Kutanga neKupedzisira,
anoreva Ishe, aripo, newakange aripo, neachazouya,
Wemasimbaose. 9 Ini Johwani, ndiri hama yenyuwo,
uye mufambidzani pakutambudzika nemuushe
nekutsungirira kwaJesu Kristu, ndakange ndiri pachiwi
chinonzi Patimosi, nekuda kweshoko raMwari uye
nekuda kweuchapupu hwaJesu Kristu. 10 Ndakange
ndiri muMweya nezuva raIshe, zvino ndakanzwa
shure kwangu inzwi guru, serehwamanda, 11 richiti:
Ndini Arifa naOmega, Wekutanga neWekupedzisira;
uye kuti: Zvaunoona, nyora mubhuku, uye
tumira kumakereke manomwe ari muAsia,
kuEfeso, nekuSimirina, nekuPerigamo, nekuTiatira,
nekuSaridhisi, nekuFiradhefia, nekuRaodhikia.
12 Zvino ndikatendeuka kuona inzwi rakataura
neni. Ndatendeukawo ndakaona zvigadziko
zvemwenje zvegoridhe zvinomwe, 13 nepakati
pezvigadziko zvemwenje zvinomwe, mumwe
wakaita seMwanakomana wemunhu, akapfeka
nguvo yakasvikira kutsoka, uye akazvisunga
kupoteredza chifuva nebhanhire regoridhe. 14
Nemusoro wake nemavhudzi zvakachena semakushe
emakwai machena, semagada echando; uye
meso ake semurazvo wemoto; 15 uye tsoka
dzake dzakafanana nendarira yakakwenenzverwa,
sedzinenge dzakapiswa muvira remoto; neinzwi rake
seinzwi remvura zhinji. 16 Uye wakange ane muruoko
rwake rwerudyi nyeredzi nomwe; zvino mumuromo
make makabuda munondo unopinza unocheka
mativi maviri; uye chiso chake chaiva sezuva
rinopenya musimba raro. 17 Zvino pandakamuona,
ndakawira patsoka dzake sewakafa; ndokuisa ruoko
rwake rwerudyi pamusoro pangu, achiti kwandiri:
Usatya; ndini wekutanga newekupedzisira; 18 uye
mupenyu; ndakange ndakafawo, zvino tarira, ndiri
mupenyu kusvikira rinhi narinhi. Ameni. Uye ndine kiyi
dzegehena nedzerufu. **(aiōn g165, Hadēs g86)** 19 Nyora
zvawaona, nezvinhu zviripo, nezvinhu zvichazovapo
shure kweizvi. 20 Chakavanzika chenyeredzi nomwe
dzawaona paruoko rwangu rwerudyi, nezvigadziko
zvemwenje zvinomwe zvegoridhe. Nyeredzi nomwe
ndivo vatumwa vekereke nomwe; nezvigadziko
zvemwenje zvinomwe zvawaona ndidzo kereke
nomwe.

2 Kumutumwa wekereke yeEfeso nyora uti: Zvinhu
izvi ndizvo zvinotaura iye wakabata nyeredzi
nomwe muruoko rwake rwerudyi, anofamba pakati
pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvegoridhe, 2
achiti: Ndinoziva mabasa ako, nekuremerwa kwako,
nekutsungirira kwako, uye kuti haugoni kumirisana
nevakaipa, uye wakavaidza ivo vanoti vaapositori
asi vasiri ivo, uye wakavawana vari varevi venhema,
3 wakamirawo uye ukava nemoyo murefu, uye
nekuda kwezita rangu wakarwisa, ukasaneta. 4
Asi ndine kupikisana newe, kuti wakasiya rudo
rwako rwekutanga. 5 Naizvozvo rangarira pawakawa,
uye tendeuka, uitewo mabasa ekutanga; kana
zvikasadarowo ndichauya kwauri nekukurumidza,
uye ndichabvisa chigadziko chako chemwenje kubva
panzvimbo yacho, kana usingatendeuki. 6 Asi ichi
unacho, kuti unovenga mabasa aVaNikoraiti, neni
andinovenga. 7 Ane nzeve ngaanzwe zvinoreva
Mweya kumakereke. Kuna iye anokunda ndichapa
kuti adye zvemuti weupenyu uri pakati peParadhiso
yaMwari. 8 Nekumutumwa wekereke yeSimirina
nyora uti: Zvinhu izvi ndizvo zvinotaura Wekutanga
neWekupedzisira, wakava akafa ndokurarama: 9
Ndinoziva mabasa ako nedambudziko neurombo
(asi uri mufumi), nekutuka kwevanoti ivo VaJudha
pachavo, asi vasiri, asi vari sinagoge raSatani. 10
Usatya chimwe chezvinhu zvaoda kutambudzika
nazvo; tarira, dhiabhorosi woda kukanda vamwe venyu
mutirongo, kuti muidzwe; uye muchava nedambudziko
mazuva gumi. Uve wakatendeka kusvikira parufu,
zvino ndichakupa korona yeupenyu. 11 Ane
nzeve ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke.

Anokunda haatongokuvadzwi nerufu rwechipiri. 12
Uye kumutumwa wekereke yePegamo nyora uti:
Zvinhu izvi anotaura iye ane munondo unopinza
mativi maviri: 13 Ndinoziva mabasa ako uye
paunogara, ipo pane chigaro cheushe chaSatani, uye
wakabatisisa zita rangu, uye hauna kuramba rutendo
rwangu, kunyange pamazuva paiva naAntipasi,
chapupu changu chakatendeka, wakaurawa pakati
penyu, apo panogara Satani. 14 Asi ndine zvinhu
zvishoma zvinopokana newe, nokuti unavo ipapo
vanobatirira dzidziso yaBharami, wakadzidzisa
Bharaki kukanda chigumbuso pamberi pevana
vaIsraeri, kuti vadye zvakabairwa zvifananidzo nekuita
upombwe. 15 Saizvozvo newe unavo vanobatisisa
dzidziso yeVaNikoraiti, chinhu chandinovenga. 16
Tendeuka; zvino kana zvikasadaro, ndichakurumidza
kuuya kwauri, ndigorwa navo nemunondo wemuromo
wangu. 17 Ane nzeve ngaanzwe zvinoreva Mweya
kumakereke. Anokunda, ndichapa kwaari kuti adye
kubva pamana yakavanzika, uye ndichamupa
ibwe jena, nepabwe iro zita idzva rakanyorwa,
risina anoziva, kunze kweanorigamuchira. 18
Nekumutumwa wekereke iri paTiatira nyora uti:
Izvi anoreva Mwanakomana waMwari, ane meso
ake akafanana nemurazvo wemoto, netsoka dzake
dzakaita sendarira yakakwenenzverwa: 19 Ndinoziva
mabasa ako, nerudo, nekushumira, nerutendo,
nekutsungirira kwako, uye mabasa ako, uye kuti
ekupedzisira anopfuura ekutanga. 20 Asi ndine
zvinhu zvishoma zvinopokana newe, kuti unotendera
mukadzi Jezebheri, anozviidza muporofitakadzi
kudzidzisa nekutsausa varanda vangu kuti vaite
upombwe nekudya zvakabairwa zvifananidzo. 21
Zvino ndakamupa nguva kuti atendeuke kubva
paufeve hwake, asi haana kutendeuka. 22 Tarira, ini
ndichamukandira panhovo, nevanoita upombwe naye
padambudziko guru, kana vasingatendeuki kubva
pamabasa avo. 23 Uye ndichauraya vana vake murufu;
nemakereke ese achaziva kuti ini ndini ndinonzvera
itsvo nemoyo; zvino ndichapa kwamuri umwe neumwe
zvinoenderana nemabasa enyu. 24 Asi ndinotaura
kwamuri nekune vamwe vari paTiatira, vese vasina
dzidziso iyi, uye vasina kuziva zvakadzika zvaSatani,
sezvavanotaura vachiti: Handingakutakudzii umwe
mutoro. 25 Asi izvo zvamunazvo batisisai kusvikira
ndichiuya. 26 Uye anokunda nekuchengeta mabasa
angu kusvikira pakuguma, kwaari ndichapa simba
pamusoro pemarudzi; 27 uye achaatonga netsvimbo
yedare; semidziyo yemuumbi achaputsanyiwa;
sezvandakagamuchirawo kuna Baba vangu. 28 Uye
ndichamupa nyeredzi yemangwanani. 29 Ane nzeve
ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke.

3 Uye kumutumwa wekereke iri muSadhisi nyora
uti: Zvinhu izvi anoreva iye ane Mweya minomwe
yaMwari nenyeredzi nomwe: Ndinoziva mabasa
ako, kuti une zita rekuti unorarama, asi wakafa.
2 Iva wakarinda, uye simbisa zvinhu zvakasara
zvoda kufa; nokuti handina kuwana mabasa ako
akaperedzerwa pamberi paMwari. 3 Naizvozvo
rangarira kuti wakagamuchira nekunzwa sei; uye
chengeta, uye tendeuka. Naizvozvo kana usingarindi,
ndichauya kwauri sembavha, uye haungatongozivi
kuti iawa ripi randichauya naro pamusoro pako.
4 Une mazita mashoma kunyange paSadhisi
asina kusvibiswa nguvo dzawo; uye vachafamba
neni munguvo chena, nokuti vakafanira. 5 Uyo
anokunda, ndiye achapfekedzwa nguvo chena; uye
handichatongodzimi zita rake pabhuku reupenyu,
uye ndichareurura zita rake pamberi paBaba
vangu, nepamberi pevatumwa vake. 6 Ane nzeve
ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke. 7
Nekumutumwa wekereke iri muFiradhefia nyora
uti: Zvinhu izvi anoreva Mutsvene, Wechokwadi,
iye ane kiyi yaDhavhidhi, iye anozarura pasinawo
anopfiga, nekupfiga pasinawo anozarura: 8 Ndinoziva
mabasa ako; tarira, ndakaisa pamberi pako mukova
wakazarurwa, uye hakuna angagona kuupfiga,
nokuti une simba shoma, uye wakachengeta
shoko rangu, nekusaramba zita rangu. 9 Tarira,
ndichakupa vanobva kusinagoge raSatani, vanozviti
VaJudha, vasiri ivo, asi vanoreva nhema; tarira,
ndichavaita kuti vauye vagonamata pamberi petsoka
dzako, uye vazive kuti ini ndakakuda. 10 Nokuti
wakachengeta shoko rekutsungirira kwangu, neni
ndichakuchengeta panguva yekuedzwa ichauya
pamusoro penyika yese, kuedza vanogara panyika. 11
Tarira, ndinouya nekukurumidza; batisisa chaunacho,
kuti kusava neanotora korona yako. 12 Uyo anokunda,
ndichamuita mbiru mutembere yaMwari wangu, uye
haachatongobudizve; uye ndichanyora pamusoro
pake zita raMwari wangu, nezita reguta raMwari
wangu, reJerusarema idzva, rinoburuka richibva
kudenga kuna Mwari wangu, nezita rangu idzva. 13
Ane nzeve ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke.
14 Nekumutumwa wekereke yeVaRaodhikia nyora uti:
Zvinhu izvi anoreva Ameni, chapupu chakatendeka
uye chechokwadi, kutanga kwezvisikwa zvaMwari: 15
Ndinoziva mabasa ako, kuti hautonhori uye haupisi.
Ndaida kuti dai uchitonhora kana uchipisa. 16
Zvino zvaunodziya, uye hautonhori uye haupisi,

ndichakusvisvina mumuromo mangu. 17 Nokuti unoti:
Ndiri mufumi, uye ndakafuma, uye handishaiwi chinhu,
asi hauzivi kuti ndiwe unotambura, neune nhamo,
nemurombo, nebofu, newakashama; 18 ndinokupa
zano kuti utenge kwandiri goridhe rakaidzwa mumoto,
kuti ufume; nenguvo chena, kuti upfeke, uye
nyadzi dzekushama kwako dzirege kuratidzika;
uye uzore meso ako nechizoro chameso, kuti
uone. 19 Vese vandinoda ini, ndinotsiura nekuranga.
Naizvozvo shingaira utendeuke. 20 Tarira, ndimire
pamukova ndichigogodza; kana umwe achinzwa
inzwi rangu, akazarura mukova, ndichapinda kwaari,
uye ndicharaira naye, naiye neni. 21 Anokunda,
ndichamupa kugara neni pachigaro changu cheushe,
sezvo neni ndakakunda ndikagara pamwe naBaba
vangu pachigaro chavo cheushe. 22 Ane nzeve
ngaanzwe zinoreva Mweya kumakereke.

**4** Shure kweizvi ndakaona, zvino tarira, mukova
wakazaruka kudenga, nenzwi rekutanga
randakanzwa rakaita serehwamanda richitaura
neni, richiti: Kwira pano, ndigokuratidza zvinhu
zvinofanira kuitika shure kweizvi. 2 Zvino pakarepo
ndakava muMweya; zvino tarira, chigaro cheushe
chakagadzwa kudenga, nepamusoro pechigaro
cheushe umwe agere. 3 Iye wakange agere
pakuonekwa wakange akafanana nebwe rejasipisi
nesadhio; nemurarabungu wakakomberedza chigaro
cheushe waitaridzika sebwe reemaradhi. 4 Zvino
zvigaro zveushe makumi maviri nezvina zvakange
zvakakomberedza chigaro cheushe; nepazvigaro
zveushe ndakaona vakuru makumi maviri nevana
vagere, vakapfeka nguvo chena, uye vakange vane
korona dzegoridhe pamisoro yavo. 5 Nepachigaro
cheushe pakabuda mheni nekutinhira nemanzwi;
nemwenje minomwe yemoto ichipfuta pamberi
pechigaro cheushe, iri Mweya minomwe yaMwari. 6
Zvino pamberi pechigaro cheushe pakange pane
gungwa regirazi, rakafanana nekrisitaro. Nepakati
pechigaro cheushe nepakapoteredza chigaro
cheushe pane zvisikwa zvina zvipenyu zvizere
nemeso mberi neshure. 7 Zvino chisikwa chipenyu
chekutanga chakange chakafanana neshumba, uye
chisikwa chipenyu chechipiri chakafanana nemhuru,
nechisikwa chipenyu chechitatu chakange chine
chiso semunhu, nechisikwa chipenyu chechina
chakange chakafanana negondo rinobhururuka. 8
Nezvisikwa zvipenyu izvi chimwe nechimwe chakange
chine mapapiro matanhatu mativi ese, nemukati
zvakange zvizere nemeso; uye hazvizorori masikati
neusiku, zvichiti: Mutsvene, mutsvene, mutsvene,
Ishe Mwari, Wemasimbaose, wakange aripo, uye
aripo, neachazouya. 9 Zvino apo zvisikwa zvipenyu
izvi pazvaimupa kubwinya nerukudzo nekuvongwa
iye anogara pachigaro cheushe, iye anorarama
kusvikira rinhi narinhi, (aiōn g165) 10 vakuru makumi
maviri nevana vakazviwisira pasi pamberi peagere
pachigaro cheushe ndokumunamata iye anorarama
kusvikira rinhi narinhi, uye vachikandira korona dzavo
pamberi pechigaro cheushe, vachiti: (aiōn g165) 11
Makafanira, Ishe, kugamuchira kubwinya, nerukudzo,
nesimba; nokuti ndimwi makasika zvinhu zvese, uye
nekuda kwechido chenyu zviripo uye zvakasikwa.

**5** Zvino ndakaona muruoko rwerudyi rwaiye wakange
agere pachigaro cheushe bhuku rakanyorwa
mukati nekunze, rakanamatidzwa nemicherechedzo
minomwe. 2 Zvino ndakaona mutumwa ane simba
achidanidzira nenzwi guru; achiti: Ndiani wakafanira
kuzarura bhuku nekusunungura micherechedzo
yaro? 3 Asi kwakange kusina munhu kudenga
kana panyika, kana pasi penyika, wakagona
kuzarura bhuku, kana kuritarira. 4 Zvino ini
ndakachema zvikuru, nokuti hakuna kutongowanikwa
wakafanira kuzarura nekuverenga bhuku, kana
kuritarira. 5 Zvino umwe wevakuru wakati kwandiri:
Usachema; tarira, yakunda Shumba inobva kurudzi
rwaJudha, Mudzi waDhavhidhi, kuti izarure bhuku
nekusunungura micherechedzo yaro minomwe.
6 Zvino ndakaona, uye tarira, pakati pechigaro
cheushe nechezvisikwa zvipenyu zvina, nepakati
pevakuru, Gwayana rimire serakabaiwa, rine nyanga
nomwe nemeso manomwe, ndiyo Mweya minomwe
yaMwari yakatumwa kunyika yese. 7 Zvino rakauya,
rikatora bhuku kubva muruoko rwerudyi rwaiye
wakagara pachigaro cheushe. 8 Zvino rakati ratora
bhuku, zvisikwa zvipenyu zvina nevakuru makumi
maviri nevana vakawira pamberi peGwayana, umwe
neumwe ane rudimbwa nendiro dzegoridhe dzizere
nezvinonhuhwira inova minyengetero yevatsvene.
9 Zvino vakaimba rwiyo rutsva, vachiti: Makafanira
kutora bhuku, nekuzarura micherechedzo yaro;
nokuti makabaiwa, ndokutidzikunurira Mwari neropa
renyu kubva kudzinza rese, nekururimi, nekuvanhu,
nekurudzi, 10 makatiitawo kuna Mwari wedu tive
madzimambo nevapristi, uye tichatonga panyika. 11
Zvino ndakaona, uye ndakanzwa inzwi revatumwa
vazhinji vakakomberedza chigaro cheushe, nezvisikwa
zvipenyu nevakuru; nekuwanda kwazvo kwakange
kuri mazana nemazana emazana nemazana, nezvuru
zvezvuru, 12 vachiti nenzwi guru: Rakafanira Gwayana
rakabaiwa kugamuchira simba neufumi nenjere

nemasimba nerukudzo nekubwinya nekurumbidzwa.
13 Nechisikwa chega-chega chiri kudenga, nepanyika,
nepasi penyika, nezviri pagungwa nezvese zviri
mazviri, ndakanzwa zvichiti: Kuna iye agere
pamusoro pechigaro cheushe nekuGwayana ngakuve
nekurumbidzwa, nerukudzo, nekubwinya, nesimba
kusvikira rinhi narinhi. **(aiōn g165)** 14 Zvino zvisikwa
zvipenyu zvina zvakati: Ameni. Nevakuru makumi
maviri nevana vakawa, vakanamata iye anorarama
kusvika rinhi narinhi.

**6** Zvino ndakaona Gwayana parakazarura
chimwe chemicherechedzo, ndokunzwa chimwe
chezvisikwa zvipenyu zvina chichiti, senzwi
remutinhiro: Uya uone. 2 Zvino ndakaona, uye
tarira, bhiza jena, naiye wakaritasva wakange ane
uta; korona ndokupiwa kwaari, zvino akabuda
achikunda, uye kuti akunde. 3 Zvino rakati razarura
mucherechedzo wechipiri, ndakanzwa chisikwa
chipenyu chechipiri chichiti: Uya uone. 4 Zvino
kwakabuda rimwe bhiza dzvuku; newakaritasva
akapiwa simba kuti abvise rugare panyika, nokuti
vaurayane; ndokupiwa kwaari munondo mukuru. 5
Zvino rakati razarura mucherechedzo wechitatu,
ndakanzwa chisikwa chipenyu chechitatu chichiti:
Uya uone. Zvino ndikaona, uye tarira, bhiza dema,
newakange akaritasva wakange ane chiyereso
muruoko rwake. 6 Zvino ndakanzwa inzwi pakati
pezvisikwa zvipenyu zvina richiti: Chiyero chezviyo
nedhenario, nezviyero zvitatu zvebhari nedhenario;
nemafuta newaini usazvitadzira. 7 Zvino rakati
razarura mucherechedzo wechina, ndakanzwa
inzwi rechisikwa chipenyu chechina richiti: Uya
uone. 8 Zvino ndakaona, uye tarira, bhiza
rakachenuruka, newakange akaritasva zita rake
Rufu; uye hadhesi rakateverana naye. Simba
ndokupiwa kwazviri kuuraya kusvika pane chechina
chenyika, nemunondo, uye nenzara, uye nerufu, uye
nezvikara zvenyika. **(Hadēs g86)** 9 Zvino rakati razarura
mucherechedzo wechishanu, ndakaona pasi pearitari
mweya yevakange vaurawa nekuda kweshoko
raMwari, uye nekuda kweuchapupu hwavaiva nahwo.
10 Zvino vakadana nenzwi guru vachiti: Kusvikira
rinhi, Tenzi, mutsvene uye wechokwadi, regai kutonga
nekutsiva ropa redu pane vanogara panyika? 11 Zvino
kwakapiwa umwe neumwe nguvo refu chena, zvikanzi
kwavari vambozorora chinguva chidiki kusvikira
vamwewo varanda pamwe navo nehama dzavo
dzaiva dzoda kuurawa saivowo vakwaniswa. 12
Zvino ndakaona parakange razarura mucherechedzo
wechitanhatu, uye tarira, kwakava nekudengenyeka
kwenyika kukuru, uye zuva rakasviba sesaga
remvere, nemwedzi ukaita seropa; 13 nenyeredzi
dzedenga dzakawira panyika, semuonde unowisa
maonde awo eshure, uchizuzwa nemhepo huru.
14 Zvino denga rakabva serugwaro rwakapetwa;
negomo rega-rega nechiwi zvakabviswa panzvimbo
dzazvo. 15 Nemadzimambo enyika, nevanhu
vakuru, nevafumi, nevatungamiriri vehondo, nevane
simba, nevaranda vese, nevakasununguka vese
vakanozvivanza mumapako nemumabwe emakomo,
16 zvino vakati kumakomo nekumabwe: Wirai
pamusoro pedu, mutivige pachiso chaiye anogara
pachigaro cheushe, nepakutsamwa kweGwayana; 17
nokuti zuva guru rekutsamwa kwaro rasvika; zvino
ndiani anogona kumira?

**7** Zvino shure kweizvi ndakaona vatumwa vana
vamire kumativi mana enyika vakabata mhepo
ina dzenyika, kuti mhepo irege kuvhuvhuta panyika,
kana pagungwa, kana pamuti upi zvawo. 2
Uye ndakaona umwe mutumwa achikwira kubva
kumabvazuva kwezuva ane mucherechedzo waMwari
mupenyu; akadana nenzwi guru kuvatumwa vana,
vaya vakange vapiwa simba kuti vatadzire nyika
negungwa, 3 achiti: Musatadzira nyika, kana gungwa,
kana miti, kusvikira taisa mucherechedzo varanda
vaMwari wedu pahuma dzavo. 4 Zvino ndakanzwa
uwandu hwevakaiswa mucherechedzo: Zvuru zana
nemakumi mana nezvina vakaiswa mucherechedzo
kubva kumarudzi ese evana vaIsraeri. 5 Kubva
kurudzi rwaJudha zvuru gumi nezviviri vakaiswa
mucherechedzo; kubva kurudzi rwaRubheni zvuru
gumi nezviviri vakaiswa mucherechedzo; kubva
kurudzi rwaGadhi zvuru gumi nezviviri vakaiswa
mucherechedzo; 6 kubva kurudzi rwaAsheri zvuru
gumi nezviviri vakaiswa mucherechedzo; kubva
kurudzi rwaNafutarimi zvuru gumi nezviviri vakaiswa
mucherechedzo; kubva kurudzi rwaManase zvuru
gumi nezviviri vakaiswa mucherechedzo; 7 kubva
kurudzi rwaSimioni zvuru gumi nezviviri vakaiswa
mucherechedzo; kubva kurudzi rwaRevhi zvuru
gumi nezviviri vakaiswa mucherechedzo; kubva
kurudzi rwaIsaskari zvuru gumi nezviviri vakaiswa
mucherechedzo; 8 kubva kurudzi rwaZebhuruni
zvuru gumi nezviviri vakaiswa mucherechedzo; kubva
kurudzi rwaJosefa zvuru gumi nezviviri vakaiswa
mucherechedzo; kubva kurudzi rwaBhenjamini zvuru
gumi nezviviri vakaiswa mucherechedzo. 9 Shure
kwaizvozvi ndakaona, zvino tarira, chaunga chikuru,
chisina anogona kuverenga, chinobva kundudzi
dzese, nemarudzi, nevanhu, nendimi, vakamira

pamberi pechigaro cheushe nepamberi peGwayana,
vakamonera nguvo refu chena, nemichindwe
mumaoko avo; 10 zvino vakadanidzira nenzwi
guru, vachiti: Ruponeso ngaruve kuna Mwari wedu
anogara pachigaro cheushe, nekuGwayana. 11
Zvino vatumwa vese vakamira vakakomba chigaro
cheushe nevakuru nezvisikwa zvipenyu zvina,
vakawa pamberi pechigaro cheushe nezviso zvavo,
ndokunamata Mwari, 12 vachiti: Ameni: Kurumbidzwa
nekubwinya nenjere nekuvonga nerukudzo nesimba
nemasimba ngazvive kuna Mwari wedu kusvikira
rinhi narinhi. Ameni. **(aiōn g165)** 13 Zvino umwe
wevakuru wakapindura, achiti kwandiri: Ava vakapfeka
nguvo refu chena ndivana ani, uye vakabvepi? 14
Zvino ndakati kwaari: Ishe, ndimwi munoziva. Zvino
akati kwandiri: Ava ndivo vanobva mukutambudzika
kukuru, uye vakasuka nguvo refu dzavo, uye ivo
vakadzichenesa muropa reGwayana. 15 Nekuda
kweizvi vari pamberi pechigaro cheushe chaMwari,
vanomushumira masikati neusiku mutembere yake;
uye anogara pachigaro cheushe achatandavadza
tende pamusoro pavo. 16 Havachazombovi nenzara
kana kuzombova nenyota, nezuva haringatongovawiri,
kana kupisa kupi zvako; 17 nokuti Gwayana
riri pakati pechigaro cheushe richavafunda, uye
richavatungamirira kuzvitubu zvipenyu zvemvura; uye
Mwari achapusika misodzi yese pameso avo.

**8** Zvino wakati azarura mucherechedzo
wechinomwe, kwakavapo kunyarara kudenga
kwakaita sehafu yeawa. 2 Zvino ndakaona vatumwa
vanomwe vamire pamberi paMwari, kukapiwawo
kwavari hwamanda nomwe. 3 Zvino umwe
mutumwa wakauya akamira paaritari, ane mudziyo
wezvinonhuhwira wegoridhe; kukapiwa kwaari
zvinonhuhwira zvizhinji, kuti azvipe neminyengetero
yevatsvene vese pamusoro pearitari yegoridhe
yakange iri pamberi pechigaro cheushe. 4 Zvino
utsi hwezvinonhuhwira hwakakwira neminyengetero
yevatsvene huchibva muruoko rwemutumwa
pamberi paMwari. 5 Mutumwa akatora mudziyo
wezvinonhuhwira, ndokuuzadza nemoto wearitari,
ndokuukanda panyika; zvino kwakavapo manzwi
nekutinhira nemheni nekudengenyeka kwenyika. 6
Zvino vatumwa vanomwe vakange vane hwamanda
nomwe vakazvigadzirira kuti varidze. 7 Zvino
mutumwa wekutanga wakaridza, ndokuvapo
chimvuramabwe nemoto zvakavhenganiswa neropa,
ndokukandwa panyika; nechetatu chemiti chakapiswa,
neuswa unyoro hwese hwakapiswa. 8 Zvino
mutumwa wechipiri wakaridza, zvino chimwe segomo
guru rinopfuta nemoto chikakandwa mugungwa;
chetatu chegungwa ndokuva ropa; 9 ndokufa chetatu
chezvisikwa zviri mugungwa zvine upenyu, nechetatu
chezvikepe chikaparadzwa. 10 Zvino mutumwa
wechitatu wakaridza, kukawa kubva kudenga nyeredzi
huru, ichipfuta semwenje, ndokuwira pamusoro
pechetatu chenzizi, nepamusoro pezvitubu zvemvura.
11 Zvino zita renyeredzi rainzi Gavakava; chetatu
chemvura ndokuva gavakava, nevanhu vazhinji
vakafa nemvura, nokuti yakange yavaviswa. 12
Zvino mutumwa wechina wakaridza, chetatu chezuva
ndokurohwa nechetatu chemwedzi nechetatu
chenyeredzi, kuti chetatu chazvo chisvibiswe, uye
kuti chetatu chemasikati chirege kuvhenekera,
neusiku saizvozvo. 13 Zvino ndakatarira, ndokunzwa
mutumwa umwe achibhururuka ari pakati pedenga
achiti nenzwi guru: Mune nhamo, mune nhamo,
mune nhamo vagari vepanyika, pamanzwi asara
ehwamanda yevatumwa vatatu vachazoridza!

**9** Zvino mutumwa wechishanu wakaridza, zvino
ndakaona nyeredzi ichibva kudenga ichiwira
panyika, ndokupiwa kwaari kiyi yegomba risina
chigadziko. **(Abyssos g12)** 2 Zvino yakazarura
gomba risina chigadziko, utsi ndokusimuka kubva
mugomba seutsi hwevira guru, nezuva nedenga
zvikasvibiswa nekuda kweutsi hwegomba. **(Abyssos
g12)** 3 Zvino muutsi mukabuda mhashu dzikauya
panyika, ndokupiwa kwadziri simba, sezvinyavada
zvenyika zvine simba. 4 Kukanzi kwadziri dzirege
kutadzira uswa hwenyika, kana chipi zvacho chinyoro,
kana muti upi, asi vanhu chete vasina mucherechedzo
waMwari pahuma dzavo. 5 Zvino kwakapiwa
kwadziri kuti dzisavauraya, asi kuti varwadziswe
mwedzi mishanu; uye kurwadzisa kwadzo kwaiita
sekurwadzisa kwechinyavada kana chichiruma
munhu. 6 Zvino pamazuva iwayo vanhu vachatsvaka
rufu, asi havangaruwani; uye vachashuva kufa, asi
rufu rwuchavatiza. 7 Uye zvimiro zvemhashu zvakaita
semabhiza akagadzirirwa hondo; nepamisoro yadzo
pane zvakaita sekorona dzakafanana negoridhe,
nezviso zvadzo sezviso zvevanhu. 8 Zvino dzakange
dzine vhudzi sevhudzi revakadzi, nemeno adzo
akaita seeshumba. 9 Zvino dzakange dzine zvidzitiro
zvechifuva zvakaita sezvidzitiro zvechifuva zvedare,
nekutinhira kwemapapiro adzo sekutinhira kwengoro
dzemabhiza mazhinji achimhanyira kuhondo. 10 Zvino
dzakange dzine miswe yakafanana nezvinyavada, uye
pakange pane umborera pamiswe yadzo, nesimba
radzo rekukuvadza vanhu mwedzi mishanu. 11
Zvino dzakange dzina mambo pamusoro padzo,

mutumwa wegomba risina chigadziko, zita rake
nechiHebheru riri Abhadhoni, uye nechiGiriki ane
zita Aporioni. (Abyssos g12) 12 Nhamo imwe
yapfuura; tarira, kuchiri kuuya nhamo mbiri shure
kweizvi. 13 Zvino mutumwa wechitanhatu wakaridza,
zvino ndakanzwa inzwi kubva panyanga ina
dzearitari yegoridhe iri pamberi paMwari, 14
richiti kumutumwa wechitanhatu wakange ane
hwamanda: Sunungura vatumwa vana vakasungwa
parwizi rukuru Yufuratesi. 15 Zvino vakasunungurwa
vatumwa vana vakange vakagadzirirwa awa nezuva
nemwedzi negore, kuti vauraye chetatu chevanhu.
16 Zvino uwandu hwehondo dzevatasvi vemabhiza
hwaiva makumi ezvuru maviri emakumi ezvuru;
ndakanzwawo uwandu hwavo. 17 Zvino saizvozvo
ndakaona mabhiza muchiratidzo, nevakange
vakaatasva, vane zvidzitiro zvechifuva zvemoto,
nezvehiasindo, nezvesarufa, nemisoro yemabhiza
semisoro yeshumba, nemumiromo yawo makabuda
moto neutsi nesarufa. 18 Neizvi zvitatu kwakaurawa
chetatu chevanhu, nemoto uye neutsi uye nesarufa,
zvakabuda mumiromo yawo. 19 Nokuti simba rawo riri
mumuromo wawo, nemumiswe yawo; nokuti miswe
yawo yakaita senyoka uye ine misoro; uye anokuvadza
nayo. 20 Zvino vakasara vevanhu, vasina kuurawa
pamatambudziko awa, havana kutendeuka pamabasa
emaoko avo, kuti varege kunamata madhimoni,
nezvifananidzo zvegoridhe nesirivheri nezvendarira
nezvemabwe nezvematanda, zvisingagoniwo kuona,
zvisinganzwiwo, uye zvisingafambi; 21 uye havana
kutendeuka paumhondi hwavo, kana pauroyi hwavo,
kana paupombwe hwavo, kana paumbavha hwavo.

**10** Zvino ndakaona umwe mutumwa ane simba
achiburuka kubva kudenga, akapfekedzwa gore;
nemurarabungu uri mumusoro make, uye chiso chake
chakaita sezuva, netsoka dzake sembiru dzemoto; 2
uye wakange ane bhuku diki rakazaruka muruoko
rwake; ndokuisa rutsoka rwake rwerudyi pamusoro
pegungwa, nerweruboshwe pamusoro penyika; 3
zvino akadanidzira nenzwi guru seshumba inodzvova;
wakatiwo adanidzira, kutinhira kunomwe kukareva
manzwi ako. 4 Zvino kutinhira kunomwe kwakati
kwareva manzwi ako, ndakange ndododa kunyora;
ndokunzwa inzwi kubva kudenga richiti kwandiri: Zarira
nemucherechedzo kutinhira kunomwe zvakwareva,
uye usanyora zvinhu izvi. 5 Zvino mutumwa
wandakaona amire pamusoro pegungwa nepamusoro
penyika wakasimudzira ruoko rwake kudenga, 6
ndokupika naiye anorarama kusvikira rinhi narinhi,
wakasika denga nezviri mariri, nenyika nezviri mairi,
negungwa nezviri mariri, kuti nguva haichazovipo.
(aiōn g165) 7 Asi pamazuva enzwi remutumwa
wechinomwe, kana woda kuridza, ipapo chakavanzika
chaMwari chapedziswa, sezvaakaparidzira varanda
vake vaporofita. 8 Zvino inzwi randakanzwa kubva
kudenga, rakataura kwandirizve, ndokuti: Enda, tora
bhuku diki rakazaruka riri muruoko rwemutumwa amire
pamusoro pegungwa nepamusoro penyika. 9 Zvino
ndakaenda kumutumwa, ndichiti kwaari: Ndipe bhuku
diki. Zvino akati kwandiri: Tora ugoridya uripedze;
zvino richavavisa dumbu rako, asi mumuromo mako
richatapira seuchi. 10 Zvino ndakatora bhuku diki
kubva muruoko rwemutumwa, ndokuridya rikapera;
ndokuva mumuromo mangu seuchi, kutapira; asi
ndaridya, dumbu rangu rakavava. 11 Zvino akati
kwandiri: Iwe unofanira kuporofitazve pamberi
pevanhu nendudzi nendimi nemadzimambo mazhinji.

**11** Zvino kwakapiwa kwandiri rutsanga rwakaita
semudonzvo, mutumwa ndokumira achiti:
Simuka, zvino yera tembere yaMwari, nearitari,
nevanonamata mairi. 2 Asi chivanze chiri kunze
kwetembere urasire panze, uye usachiyera; nokuti
chakapiwa kuvechirudzi; uye vachatsikira guta
dzvene pasi mwedzi makumi mana nemiviri. 3
Zvino ndichapa simba kuzvapupu zvangu zviviri,
zvino zvichaporofita mazuva churu nemazana maviri
nemakumi matanhatu, zvakapfeka masaga. 4
Ava miti miviri yemiorivhi, nezvigadziko zvemwenje
zviviri zvimire pamberi paMwari wenyika. 5 Zvino
kana kune anoshuva kuvakuvadza, moto unobuda
mumuromo wavo uchiparadza vavengi vavo; uye kana
umwe achishuva kuvakuvadza, anofanira kuurawa
saizvozvo. 6 Ava vane simba rekupfiga denga, kuti
kusanaya mvura pamazuva ekuporofita kwavo, uye
vane simba pamusoro pemvura, kuti vaishandure ive
ropa, nekurova nyika nematambudziko ese nguva
dzese dzavanoda. 7 Uye kana vapedza uchapupu
hwavo, chikara chinokwira kubva mugomba risina
chigadziko chichaita hondo navo, ndokuvakunda
nekuvauraya. (Abyssos g12) 8 Uye zvitunha zvavo
zvichava panzira dzemuguta guru, rinonzi pamweya
Sodhoma neEgipita, pakarovererwawo Ishe wedu.
9 Zvino vanobva kuvanhu nevemarudzi nevendimi
nevendudzi vachaona zvitunha zvavo mazuva matatu
nehafu, uye havangatenderi zvitunha zvavo kuti
zviiswe mumakuva. 10 Neavo vanogara panyika
vachafara pamusoro pavo nekupembera, uye
vachatumirana zvipo, nokuti vaporofita ava vaviri
vakatambudza vanogara panyika. 11 Zvino shure
kwemazuva matatu nehafu, mweya weupenyu kubva

kuna Mwari wakapinda mavari, vakamira netsoka
dzavo, uye kutya kukuru kukawira vakavaona. 12
Zvino vakanzwa inzwi guru richibva kudenga, richiti
kwavari: Kwirai pano. Zvino vakakwira kudenga vari
mugore, vavengi vavo ndokuvaona. 13 Zvino nenguva
iyoyo kwakava nekudengenyeka kwenyika kukuru,
chegumi cheguta ndokuwa, nemazita evanhu zvuru
zvinomwe vakaurawa mukudengenyeka kwenyika;
vakasara ndokuvhunduswa, vakapa rumbidzo kuna
Mwari wekudenga. 14 Nhamo yechipiri yapfuura;
zvino tarira, nhamo yechitatu inokurumidza kuuya.
15 Zvino mutumwa wechinomwe wakaridza; manzwi
makuru ndokuva kudenga, achiti: Ushe hwenyika
hwava hwaIshe wedu, nehwaKristu wake; uye
achatonga kusvika rinhi narinhi. (aiōn g165) 16 Uye
vakuru makumi maviri nevana vagere pamberi
paMwari pazvigaro zvavo zveushe vakawa nezviso
zvavo vakanamata Mwari, 17 vachiti: Tinokuvongai,
Ishe Mwari Wemasimbaose, aripo, wakange aripo,
neachauya, nokuti makatora simba renyu guru,
uye makatonga. 18 Zvino marudzi akatsamwa, uye
kutsamwa kwenyu kwasvika, nenguva yevakafa kuti
vatongwe, uye kuti mupe mubairo kuvaranda venyu
vaporofita, nekuvatsvene, nevanotya zita renyu, vadiki
nevakuru, uye yekuparadza vanoparadza nyika. 19
Zvino kwakazarurwa tembere yaMwari kudenga;
kukaonekwa areka yesungano yake mutembere
yake; ndokuvapo mheni nemanzwi nekutinhira
nekudengenyeka kwenyika nechimvuramabwe
chikuru.

**12** Zvino kwakaonekwa chiratidzo chikuru kudenga,
mukadzi akapfeka zuva, nemwedzi uri
pasi petsoka dzake, nepamusoro wake korona
yenyeredzi gumi nembiri; 2 uye wakange ane
pamuviri, akadanidzira achirwadziwa nemimba, uye
achitambudzwa kupona. 3 Zvino kwakaonekwa
chimwe chiratidzo kudenga, tarirawo, zibukanana
ziguru zidzvuku, rine misoro minomwe nenyanga
gumi, nepamisoro yaro korona nomwe. 4 Zvino muswe
waro wakakweva chetatu chenyeredzi dzekudenga,
ndokudzikandira panyika; zibukanana ndokumira
pamberi pemukadzi wakange oda kupona, kuti kana
apona, agoparadza mwana wake. 5 Zvino wakapona
mwana mukomana, wakange oda kufudza marudzi
ese netsvimbo yedare; mwana wake ndokubvutirwa
kuna Mwari nekuchigaro chake cheushe. 6 Zvino
mukadzi akatizira kurenje, kwaakange ane nzvimbo
yakagadzirwa kubva kuna Mwari, kuti vamuriritira
ipapo mazuva churu nemazana maviri nemakumi
matanhatu. 7 Zvino kukava nehondo kudenga; Mikaeri
nevatumwa vake vakarwa nezibukanana, zibukanana
ndokurwa rine vatumwa varo; 8 asi havana kukunda,
uye nzvimbo yaro haina kuzowanikwa zvekare
kudenga. 9 Zvino zibukanana ziguru rakakandwa,
nyoka yekare, inonzi Dhiabhorosi uye Satani,
anonyengera nyika yese; wakakandirwa panyika,
nevatumwa vake vakakandwa pamwe naye. 10
Zvino ndakanzwa inzwi guru richiti kudenga: Ikozvino
ruponeso rwasvika, nesimba, neushe hwaMwari
wedu, neumambo hwaKristu wake; nokuti mupomeri
wehama dzedu wakandirwa pasi, anovapomera
pamberi paMwari wedu masikati neusiku. 11 Zvino
ivo vakamukunda neropa reGwayana, uye neshoko
reuchapupu hwavo, uye havana kuda upenyu hwavo
kusvikira parufu. 12 Naizvozvi farai, matenga nemwi
munogara maari. Mune nhamo vagari venyika
negungwa, nokuti dhiabhorosi wakaburukira kwamuri
ane kutsamwa kukuru, nokuti anoziva kuti ane nguva
diki. 13 Zvino zibukanana rakati raona kuti rakandirwa
panyika, rakashusha mukadzi wakapona murume. 14
Zvino kumukadzi kwakapiwa mapapiro maviri egondo
guru, kuti abhururukire kurenje kunzvimbo yake,
kwaanonoriritirwa kwenguva nedzimwe nguva nehafu
yenguva, abve pauso hwenyoka. 15 Zvino nyoka
yakabudisa mvura mumuromo mayo yakaita serwizi
shure kwemukadzi kuti imukonzerese kukukurwa
nerwizi. 16 Zvino nyika yakabatsira mukadzi,
nyika ndokushamisa muromo wayo, ikamedza rwizi
zibukanana rwarakabudisa mumuromo maro. 17 Zvino
zibukanana rakatsamwira mukadzi, rikaenda kunoita
hondo nevakasara vembeu yake, vanochengeta
mirairo yaMwari, vane uchapupu hwaJesu Kristu.

**13** Zvino ndakamira pamusoro pejecha regungwa,
ndokuona chikara chichibuda mugungwa, chine
misoro minomwe nenyanga gumi, nepamusoro
penyanga dzacho korona gumi, nepamusoro pemisoro
yacho zita rekunyomba. 2 Zvino chikara ichi
chandakaona chakange chakaita sengwe, netsoka
dzacho sedzebheya, nemuromo wacho semuromo
weshumba. Zibukanana rikapa kwachiri simba raro,
nechigaro charo cheushe, nemasimba makuru. 3
Zvino ndakaona umwe wemisoro yacho wakaita
sewakaurawa kusvika parufu; asi vanga racho rekufa
rakange rapodzwa; nyika yese ikashamisika shure
kwechikara. 4 Vakanamata zibukanana rakapa
simba kuchikara, vakanamata chikara, vachiti: Ndiani
wakafanana nechikara? Ndiani anogona kuita hondo
nacho? 5 Zvino kukapiwa kwachiri muromo unotaura
zvinhu zvikuru nekunyomba; kukapiwawo kwachiri
simba rekubata mwedzi makumi mana nemiviri.

6 Ndokushamisa muromo wacho kuti chinyombe
Mwari, nekunyomba zita rake, netabhenakeri yake,
neavo vanogara kudenga. 7 Zvino kwakapiwa
kwachiri kuita hondo nevatsvene, nekuvakunda;
kukapiwawo kwachiri masimba pamusoro perudzi
rwese nerurimi nerudzi. 8 Uye vese vanogara
panyika vachachinamata, vane mazita asina kunyorwa
mubhuku reupenyu reGwayana rakabaiwa kubva
pakuvambwa kwenyika. 9 Kana umwe ane
nzeve, ngaanzwe. 10 Kana umwe achiunganidza
muutapwa, anoenda muutapwa; kana umwe achiuraya
nemunondo, zvakamufanira kuurawa nemunondo.
Ndipo pane kutsungirira nerutendo rwevatsvene.
11 Zvino ndakaona chimwe chikara chichikwira
kubva panyika; uye chakange chine nyanga mbiri
segwayana, ndokutaura sezibukanana. 12 Uye
chakashandisa simba rese rechikara chekutanga
pamberi pacho uye chinoita kuti nyika nevagere
mukati mayo kuti vanamate chikara chekutanga,
chiya chine vanga rinouraya rakaporeswa. 13
Chinoitawo zviratidzo zvikuru, kuti nemoto chinoita
kuti uburuke kubva kudenga kuuya panyika pamberi
pevanhu. 14 Zvino chinonyengera avo vanogara
panyika nezviratidzo zvakapiwa kwachiri kuti chiite
pamberi pechikara, chichiti kune vanogara panyika,
ngavaitire mufananidzo chikara chakange chine
vanga remunondo, chikararama. 15 Zvino kwakapiwa
kwachiri kupa mweya kumufananidzo wechikara,
kutiwo mufananidzo wechikara utaure, chigoita kuti
vese vasinganamati mufananidzo wechikara vaurawe.
16 Chinoitawo vese, vadiki nevakuru, uye vafumi
nevarombo, uye vakasununguka nevaranda, kuti
vapiwe mucherechedzo muruoko rwavo rwerudyi,
kana pahuma dzavo, 17 uye kuti kusava neumwe
anogona kutenga kana kutengesa, kunze kwaiye ane
mucherechedzo, kana zita rechikara kana nhamba
yezita racho. 18 Hehuno uchenjeri. Ane kunzwisisa
ngaaverenge nhamba yechikara; nokuti inhamba
yemunhu; uye nhamba yacho ndimazana matanhatu
nemakumi matanhatu nenhanhatu.

14 Zvino ndakaona, uye tarira, Gwayana ramira
pagomo Ziyoni, uye rine zvuru zana nemakumi
mana nevana, vane zita raBaba varo rakanyorwa
pahuma dzavo. 2 Zvino ndakanzwa inzwi richibva
kudenga, senzwi remvura zhinji, uye senzwi
remutinhiro mukuru; ndikanzwawo inzwi revaridzi
veudimbwa vachiridza udimbwa hwavo. 3 Zvino
vakaimba serwiyo rutsva pamberi pechigaro cheushe,
nepamberi pezvisikwa zvipenyu zvina, nevakuru; uye
hakuna wakagona kudzidza rwiyo, kunze kwezvuru
zana nemakumi mana nevana, vakatengwa munyika.
4 Ava ndivo vasina kusvibiswa nevakadzi; nokuti
imhandara. Ava ndivo vanotevera Gwayana kupi
zvako kwarinoenda. Ava vakatengwa kubva pavanhu,
zvibereko zvekutanga kuna Mwari nekuGwayana.
5 Uye mumuromo wavo hamuna kuwanikwa
kunyengera, nokuti havana chavanopomerwa pamberi
pechigaro cheushe chaMwari. 6 Zvino ndakaona
umwe mutumwa achibhururuka pakati pedenga,
ane evhangeri yekusingaperi, kuparidzira vanogara
panyika, nekurudzi rwese, nedzinza, nerurimi,
nevanhu. **(aiōnios g166)** 7 Achiti nenzwi guru: Ityai
Mwari, uye mupe rumbidzo kwaari, nokuti nguva
yemutongo wake yasvika; uye namatai iye wakaita
denga nenyika negungwa nezvitubu zvemvura. 8
Zvino umwe mutumwa wakatevera achiti: Rawa,
rawa, Bhabhironi, guta guru, nokuti rakapa marudzi
ese kunwa zvewaini yekutsamwa kweupombwe
hwaro. 9 Zvino mutumwa wechitatu wakavatevera,
achiti nenzwi guru: Kana pane umwe anonamata
chikara nemufananidzo wacho, nekugamuchira
mucherechedzo pahuma yake, kana paruoko rwake,
10 ndiyewo achanwa zvewaini yekutsamwa kwaMwari,
yakadururwa mumukombe wekutsamwa kwake, isina
kuvhenganiswa; uye acharwadziswa mumoto uye
sarufa pamberi pevatumwa vatsvene, nepamberi
peGwayana. 11 Zvino utsi hwekurwadziwa kwavo
hunokwira kusvikira rinhi narinhi; uye havana
zororo masikati neusiku ivo vanonamata chikara
nemufananidzo wacho, uye kana pane anogamuchira
mucherechedzo wezita racho. **(aiōn g165)** 12 Hekuno
kutsungirira kwevatsvene, hevano vanochengeta
mirairo yaMwari nerutendo rwaJesu. 13 Zvino
ndakanzwa inzwi richibva kudenga richiti kwandiri:
Nyora, uti: Vakaropafadzwa vakafa vanofira muna
Ishe kubva ikozvino. Hongu, anoreva Mweya, kuti
vazorore pakushingaira kwavo; nemabasa avo
anotevera pamwe navo. 14 Zvino ndakaona, uye
tarira, gore jena, nepamusoro pegore pakagara
wakaita seMwanakomana wemunhu, ane korona
yegoridhe pamusoro wake, neparuoko rwake jeko
rinopinza. 15 Zvino umwe mutumwa wakabuda
mutembere, achidanidzira nenzwi guru kuna iye
wakange agere pamusoro pegore, achiti: Pinza
jeko rako ugokohwa; nokuti nguva yekukohwa
yakusvikira, nokuti kukohwa kwenyika kwaibva. 16
Zvino wakange agere pamusoro pegore akakandira
jeko rake panyika, nyika ndokukohwewa. 17 Zvino
umwe mutumwa wakabuda mutembere iri kudenga,
iyewo ane jeko rinopinza. 18 Neumwe mutumwa
akabuda muaritari, ane simba pamusoro pemoto,

akadanidzira nekudana kukuru kuna iye wakange
ane jeko rinopinza, achiti: Tuma jeko rako rinopinza,
ugounganidza masumbu emuzambiringa wenyika,
nokuti mazambiringa awo aibva. **19** Zvino mutumwa
wakakandira jeko rake panyika, ndokuunganidza
mazambiringa enyika, akakandira muchisviniro
chewaini chikuru chekutsamwa kwaMwari. **20**
Uye chisviniro chewaini chakatsikwa-tsikwa kunze
kweguta, ropa rikabuda muchisviniro chewaini
kusvikira pamatomu amabhiza, kubva kumastadhia
churu mazana matanhatu.

**15** Zvino ndakaona chimwe chiratidzo kudenga
chikuru uye chinoshamisa, vatumwa vanomwe
vane matambudziko manomwe ekupedzisira, nokuti
mune awa kutsamwa kwaMwari kwakapedzeredzwa.
**2** Ndikaona segungwa regirazi rakavhenganiswa
nemoto, neavo vakakunda chikara nemufananidzo
wacho nemucherechedzo wacho, nenhamba yezita
racho, vamire pagungwa regirazi, vane udimbwa
hwaMwari. **3** Vakaimba rwiyo rwaMozisi muranda
waMwari nerwiyo rweGwayana, vachiti: Makuru
uye anoshamisa mabasa enyu, Ishe Mwari
Wemasimbaose; dzakarurama uye ndedzechokwadi
nzira dzenyu, Mambo wevatsvene. **4** Ndiani
angatongorega kukutyai, Ishe, nekukudza zita renyu?
Nokuti ndimwi mega mutsvene; nokuti marudzi ese
achauya uye achanamata pamberi penyu; nokuti zviito
zvenyu zvakarurama zvakaratidzwa. **5** Zvino shure
kweizvozvo ndakaona, zvino tarira, yakazarurwa
tembere yetabhenakeri yeuchapupu mukudenga;
**6** zvino kwakabuda vatumwa vanomwe vane
matambudziko manomwe mutembere, vakapfeka
mucheka wakachena unopenya, uye vakamonerwa
pazvifuva nemabhanhire egoridhe. **7** Uye chimwe
chezvisikwa zvipenyu zvina chakapa vatumwa
vanomwe ndiro nomwe dzegoridhe dzizere nehasha
dzaMwari, anorarama kusvikira rinhi narinhi. **(aiōn g165)**
**8** Tembere ndokuzadzwa neutsi hunobva pakubwinya
kwaMwari nepasimba rake; kukasava newakagona
kupinda mutembere, kusvikira matambudziko
manomwe evatumwa vanomwe apera.

**16** Zvino ndakanzwa inzwi guru kubva mutembere
richiti kuvatumwa vanomwe: Endai, munodurura
ndiro dzehasha dzaMwari panyika. **2** Zvino
wekutanga wakaenda, akadurura ndiro yake panyika;
ndokuuya ronda rakaipa rinorwadza pavanhu vakange
vane mucherechedzo wechikara, nevakanamata
mufananidzo wacho. **3** Zvino mutumwa wechipiri
akadurura ndiro yake mugungwa; ndokuva ropa
serewakafa; uye mweya mupenyu wega-wega ukafa
mugungwa. **4** Zvino mutumwa wechitatu akadurura
ndiro yake munzizi nemuzvitubu zvemvura; ndokuva
ropa. **5** Zvino ndakanzwa mutumwa wemvura
achiti: Makarurama, Ishe, aripo, newakange aripo,
neachazovapo, nokuti makatonga izvi. **6** Nokuti
vakadurura ropa revatsvene nevaporofita, uye
ropa makavapa kuti vanwe; nokuti vakafanira. **7**
Zvino ndakanzwa umwe kubva muaritari achiti:
Hongu, Ishe Mwari Wemasimbaose, kutonga kwenyu
ndekwechokwadi uye kwakarurama. **8** Zvino mutumwa
wechina akadurura ndiro yake pamusoro pezuva;
kukapiwa kwariri kupisa vanhu nemoto. **9** Vanhu
ndokupiswa nekupisa kukuru, ndokunyomba zita
raMwari ane simba pamusoro pematambudziko
awa, vakasatendeukawo kuti vamupe rukudzo.
**10** Zvino mutumwa wechishanu wakadurura ndiro
yake pamusoro pechigaro cheushe chechikara;
ushe hwacho ndokuva rima, ndokutsenga marimi
avo nekurwadzwa. **11** Zvino vakanyomba Mwari
wekudenga nekuda kwemarwadzo avo uye nekuda
kwemaronda avo; asi havana kutendeuka pamabasa
avo. **12** Zvino mutumwa wechitanhatu akadurura
ndiro yake pamusoro perwizi rukuru Yufuratesi; mvura
yarwo ndokupwa, kuti nzira yemadzimambo anobva
kumabvazuva igadzirwe. **13** Zvino ndakaona kubva
mumuromo wezibukanana, nekubva mumuromo
wechikara, nekubva mumuromo wemuporofita
wenhema, mweya yetsvina mitatu sematafi; **14**
nokuti ndiyo mweya yemadhimoni inoita zviratidzo,
inobudira pamadzimambo epasi neenyika yese,
kuvaunganidzira kuhondo yezuva iro guru raMwari
Wemasimbaose. **15** Tarira, ndinouya sembavha.
Wakaropafadzwa anorinda, nekuchengeta nguvo
dzake, kuti arege kufamba akashama, vaone nyadzi
dzake. **16** Zvino wakavaunganidzira kunzvimbo inonzi
nechiHebheru Arimagedhoni. **17** Zvino mutumwa
wechinomwe akadurura ndiro yake mudenga;
kukabuda inzwi guru kubva mutembere yekudenga,
kubva pachigaro cheushe, richiti: Zvaitika! **18** Zvino
kwakava nemanzwi nemitinhiro nemheni, ndokuva
nekudengenyeka kwenyika kukuru, kwakadaro
kusina kumbovapo kubva pakuvapo kwevanhu
panyika, kudengenyeka kwenyika kune simba
rakadai, kwakakura zvakadai. **19** Zvino guta guru
rakava zvikamu zvitatu, maguta emarudzi ndokuwa;
Bhabhironi guru ndokurangarirwa pamberi paMwari,
kuti aripe mukombe wewaini yekutsamwa kwehasha
dzake. **20** Zvino chiwi chega-chega chikatiza,
nemakomo akasawanikwa. **21** Zvino chimvuramabwe
chikuru chinorema setarenda chikawira pamusoro
pevanhu kubva kudenga; vanhu vakanyomba Mwari

nekuda kwedambudziko rechimvuramambwe, nokuti
dambudziko racho raiva guru kwazvo.

17 Zvino kwakauya umwe wevatumwa vanomwe
vakange vane ndiro nomwe, ndokutaura neni,
achiti kwandiri: Uya pano, ndicharatidza kwauri
mutongo wemhombwe huru igere pamusoro pemvura
zhinji; 2 madzimambo enyika aakaita upombwe
nayo, nevagari vepanyika vakadhakiswa newaini
yeupombwe hwayo. 3 Zvino wakandisengera kurenje
mumweya, uye ndakaona mukadzi akatasva chikara
chitsvuku, chizere nemazita ekunyomba, chine misoro
minomwe nenyanga gumi. 4 Zvino mukadzi wakange
akamonera zvine ruvara rwehute nezvitsvuku,
uye akashonga goridhe nemabwe anokosha
nemaparera, ane mukombe wegoridhe muruoko
rwake uzere nezvinosemesa netsvina yeupombwe
hwake. 5 Nepahuma yake pakange pakanyorwa
zita rekuti: CHAKAVANZIKA, BHABHIRONI GURU,
MAI VEMHOMBWE NEZVINOSEMESA ZVENYIKA.
6 Zvino ndakaona mukadzi akararadza neropa
revatsvene, uye neropa rezvapupu zvaJesu. Zvino
ndakati ndamuona ndikashamisika nekushamisika
kukuru. 7 Zvino mutumwa akati kwandiri: Washamisika
nei? Ini ndichakuudza chakavanzika chemukadzi,
nechechikara chinomutakura, chine misoro minomwe
nenyanga gumi. 8 Chikara chawakaona, chaivapo,
uye chisipo; uye choda kukwira chichibva mugomba
risina chigadziko, chichienda mukuparadzwa; uye
vanogara panyika vasina kunyorwa mazita avo
mubhuku reupenyu kubva pakuvambwa kwenyika
vachashamisika vachiona chikara chaivapo uye
chisipo, kunyange chiripo. **(Abyssos g12)** 9 Zvino heino
fungwa ine njere. Misoro minomwe ndiwo makomo
manomwe mukadzi paagere pamusoro pawo, 10
uye ndiwo madzimambo manomwe; vashanu vawa,
uye umwe aripo, umwe haasati asvika; uye kana
achisvika, anofanira kugara chinguvana. 11 Uye
chikara chaivapo, uye chisipo, ndiyewo werusere, uye
anobva pavanomwe, uye anoenda mukuparadzwa. 12
Nenyanga gumi dzawaona, ndiwo madzimambo gumi,
asati agamuchira ushe, asi achagamuchira simba
semadzimambo pamwe nechikara awa rimwe. 13
Ava vane fungwa imwe, uye vanopa simba neutongi
hwavo kuchikara. 14 Ava vacharwa neGwayana, uye
Gwayana richavakunda, nokuti ndiIshe wemadzishe
naMambo wemadzimambo; nevanaro ndevakadanwa
nevakasarudzwa nevakatendeka. 15 Zvino akati
kwandiri: Mvura yawaona, pagere mhombwe, ndivo
vanhu nezvaunga nemarudzi nendimi. 16 Uye nyanga
gumi dzawaona pamusoro pechikara, avo vachavenga
mhombwe, uye vachaiparadza nekuifukura, uye
vachadya nyama yayo, nekuipisa nemoto. 17 Nokuti
Mwari wakaisa mumoyo yavo kuti vaite fungwa yake,
vaite fungwa imwe, nekupa chikara ushe hwavo,
kusvikira mashoko aMwari apedzeredzwa. 18 Zvino
mukadzi wawaona ndiro guta guru, rine umambo
pamusoro pemadzimambo enyika.

18 Zvino shure kwezvinhu izvi ndakaona umwe
mutumwa achiburuka kubva kudenga, ane
simba guru, nyika ndokuvhenekerwa nokubwinya
kwake. 2 Akadanidzira nesimba nenzwi guru,
achiti: Rawa, rawa Bhabhironi guru, uye rava ugaro
hwemadhimoni, nejere remweya yese yetsvina,
nedendere reshiri dzese dzetsvina dzinovengwa.
3 Nokuti marudzi ese akanwa zvewaini yehasha
dzeupombwe hwaro, nemadzimambo enyika akaita
upombwe naro, nevashambadzi venyika vakafuma
nesimba reumbozha hwaro. 4 Zvino ndakanzwa rimwe
inzwi kubva kudenga richiti: Budai kubva mariri vanhu
vangu, kuti murege kuva vagovani vezvivi zvaro,
uye kuti murege kugamuchira zvematambudziko
aro; 5 nokuti zvivi zvaro zvasungana kusvika
kudenga, naMwari warangarira zvisakarurama
zvaro. 6 Muritsive sezvarakakutsivaiwo imwi,
muchiripamhidzira kupamhidzira kunoenderana
nemabasa aro; mumukombe iwoyo marakasanganisa
iro, murisanganisire kakapamhidzirwa. 7
Separakazvikudza kudai napo nekurarama
muumbozha, murirwadzise nekurishungurudza
saizvozvo; nokuti rinoti mumoyo maro: Ndinogara
ndiri mambokadzi, uye handisi chirikadzi, uye
handingatongooni kuchema. 8 Naizvozvo achasvika
nezuva rimwe matambudziko aro, rufu nekuchema
nenzara; uye richapiswa kwazvo nemoto; nokuti ane
simba Ishe Mwari anoritonga. 9 Nemadzimambo
enyika akaita upombwe nekurarama paumbozha
naro acharira pamusoro paro nekuchema pamusoro
paro, pavachaona utsi hwekupiswa kwaro; 10 vamire
kure nekutya kurwadziwa kwaro, vachiti: Nhamo,
nhamo, guta guru Bhabhironi, guta rakasimba, nokuti
kutongwa kwako kwasvika neawa rimwe. 11 Uye
vashambadzi venyika vacharira nekuchema pamusoro
paro, nokuti hakuchina munhu achatenga zvitengeswa
zvavozve; 12 zvitengeswa zvegoridhe, nezvesirivheri,
nezveibwe rinokosha, nezvemaparera nezvemucheka
wakaisvonaka, nezvine ruvara rwehute, nezvesiriki,
nezvezvitsvuku, nemuti umwe neumwe unonhuhwira,
nemarudzi ese emidziyo yenyanga dzenzou,
nemarudzi ese emidziyo yematanda anokoshesesa,
nezvendarira, nezvedare, nezvemabwe machena; 13

nekinamoni, nezvinonhuhwira, namafuta ekuzora,
nezvipfungaidzo zvinonhuhwira, newaini, nemafuta,
neupfu hwakatsetseka, nezviyo, nemombe,
nemakwai, nezvemabhiza, nengoro, nenhapwa,
nemweya yevanhu. 14 Zvino michero yaichiviwa
nemoyo wako yakabva kwauri, nezvinhu zvese
zvinobwinya nezvinopenya zvabva kwauri,
haungatongozviwanizve. 15 Vashambadzi vezvinhu
izvi, vakafumiswa naro, vachamira kure nekutya
kurwadziwa kwaro, vachichema nekurira, 16 uye
vachiti: Nhamo, nhamo, guta guru, rakange rakapfeka
mucheka wakaisvonaka nezvine ruvara rwehute
nezvitsvuku, uye rakashongedzwa negoridhe nebwe
rinokosha nemaparera! 17 Nokuti neawa rimwe
fuma huru yakadai yaparadzwa. Uye mufambisi
wezvikepe umwe neumwe, nevese vanofamba
pamwe muzvikepe, nevafambi vemuchikepe,
nevabati vese vepagungwa vakamira kure, 18
ndokudanidzira vachiona utsi hwekutsva kwaro,
vachiti: Nderipi rakafanana naro guta guru? 19 Zvino
vakadira guruva pamisoro yavo, ndokudanidzira
vachirira nekuchema, vachiti: Nhamo, nhamo,
guta guru, maifumiswa nezvinokosha zvaro vese
vaiva nezvikepe pagungwa; nokuti rakaparadzwa
neawa rimwe. 20 Fara pamusoro paro, iwe denga,
nemwi vaapositori vatsvene, nevaporofita, nokuti
Mwari wakatonga mutongo wenyu kwariri. 21
Zvino mutumwa umwe ane simba wakasimudza
ibwe rakaita seguyo guru, akaposhera mugungwa,
achiti: Saizvozvo nechisimba Bhabhironi guta guru
richaposherwa uye harichazotongowanikwizve.
22 Nenzwi revaridzi veudimbwa nerevaimbi
nerevaridzi venyere nerevaridzi vehwamanda,
harichatongonzwikwizve mauri, nemhizha yeumhizha
hupi nehupi haichatongowanikwizve mauri, nenzwi
reguyo harichatongonzwikwizve mauri; 23 uye
chiedza chemwenje hachichatongovhenekerizve
mauri, nenzwi remuwani neremwenga
harichatongonzwikwizve mauri; nokuti vashambadzi
vako vaiva vakuru venyika; nokuti neuroyi
hwako marudzi ese akatsauswa. 24 Zvino mariri
makawanikwa ropa revaporofita nerevatsvene,
nerevese vakauraiwa panyika.

19 Zvino shure kweizvi ndakanzwa inzwi guru
rechaunga chikuru kudenga, richiti: Hareruya!
Ruponeso nekubwinya nerukudzo nesimba kuna Ishe
Mwari wedu; 2 nokuti mitongo yake ndeyechokwadi
uye yakarurama; nokuti wakatonga mhombwe
huru yakaodza nyika neupombwe hwayo, uye
wakatsiva ropa revaranda vake paruoko rwayo.
3 Zvino vakati rwechipiri: Hareruya! Neutsi hwaro
hunokwira kusvikira rinhi narinhi. (aiōn g165) 4 Zvino
vakuru makumi maviri nevana nezvisikwa zvipenyu
zvina vakawa vakanamata Mwari wakange agere
pachigaro cheushe, vachiti: Ameni, Hareruya! 5 Inzwi
ndokubuda pachigaro cheushe, richiti: Rumbidzai
Mwari wedu, imwi mese varanda vake, nevanomutya,
zvese vadiki nevakuru. 6 Zvino ndakanzwa senzwi
rechaunga chikuru, uye senzwi remvura zhinji, uye
senzwi rekutinhira kune simba richiti: Hareruya!
Nokuti anotonga Ishe Mwari Wemasimbaose. 7
Ngatifare, tipembere, nekupa rukudzo kwaari;
nokuti muchato weGwayana wasvika, uye mukadzi
waro wazvigadzirira. 8 Kwaari kwakapiwa kuti
amonere mucheka wakaisvonaka wakachena uye
unopenya; nokuti mucheka wakaisvonaka ndiwo
kururama kwevatsvene. 9 Zvino wakati kwandiri:
Nyora, uti: Vakaropafadzwa vakakokwa kuchirairo
chemuchato weGwayana. Ndokuti kwandiri: Awa
mashoko echokwadi aMwari. 10 Zvino ndakawira
pamberi petsoka dzake kuti ndimunamate; ndokuti
kwandiri: Rega kudaro; ndiri muranda pamwe newe
nehama dzako dzine uchapupu hwaJesu; namata
Mwari, nokuti ndihwo uchapupu hwaJesu mweya
wechiporofita. 11 Zvino ndakaona denga rakazarurwa,
zvino tarira, bhiza jena, newakange agere pamusoro
paro anonzi Wakatendeka neWechokwadi, uye
pakururama anotonga nekurwa. 12 Zvino meso ake
akaita semurazvo wemoto; nepamusoro wake pane
korona zhinji, ane zita rakanyorwa risina munhu
wakariziva kunze kwake. 13 Zvino wakamonera
nguvo yakanyikwa muropa; uye zita rake rinonzi
shoko raMwari. 14 Uye hondo dzaiva kudenga
dzakamutevera dzakatasva mabhizha machena,
dzakapfeka mucheka wakaisvonaka muchena
wakashambidzika. 15 Zvino mumuromo make
makabuda munondo unopinza, kuti nawo arove
marudzi; uye iye achaatonga netsvimbo yedare;
uye iye anotsika chisviniro chewaini chehasha uye
chekutsamwa kwaMwari Wemasimbaose. 16 Uye
panguvo nepachidzva chake pakange pakanyorwa
zita rinoti: MAMBO WEMADZIMAMBO NAISHE
WEMADZISHE. 17 Zvino ndakaona mutumwa umwe
amire muzuva; akadanidzira nenzwi guru, achiti
kushiri dzese dzinobhururuka pakati pedenga: Uyai
muungane pamwe pachirairo chaMwari mukuru,
18 kuti mudye nyama yemadzimambo, nenyama
yevakuru vezvuru zvemazana, nenyama yevanhu
vane simba, nenyama yemabhiza neyevatasvi
vawo, nenyama yezvese, zvese yevakasununguka
neyevakasungwa, zvese yevadiki neyevakuru.

19 Zvino ndakaona chikara, nemadzimambo
enyika nehondo dzavo vakaungana pamwe kuti
vaite hondo newakange akatasva bhiza, uye
nehondo yake. 20 Zvino chikara chakabatwa,
uye pamwe nacho muporofita wenhema wakaita
zviratidzo pamberi pacho, zvaakanyengera nazvo
vaya vakagamuchira mucherechedzo wechikara,
nevakanamata mufananidzo wacho. Ava vese
vakakandirwa vari vapenyu mudziva remoto unotsva
nesarufa. **(Limnē Pyr g3041 g4442)** 21 Uye vakasara
vakaurawa nemunondo wewakange akatasva
bhizha, wakabuda mumuromo make; neshiri dzese
dzikagutiswa nenyama yavo.


**20** Zvino ndakaona mutumwa achiburuka kubva
kudenga, ane kiyi yegomba risina chigadziko,
neketani huru muruoko rwake. **(Abyssos g12)** 2
Zvino akabata zibukanana, nyoka yakare, ndiye
Dhiabhorosi naSatani, akamusunga makore churu,
3 ndokumukandira mugomba risina chigadziko,
ndokumupfigira, ndokuisa mucherechedzo pamusoro
pake kuti arege kuzonyengerazve marudzi, kusvikira
makore churu apera; zvino shure kweizvozvo
anofanira kusunungurwa chinguva chidiki. **(Abyssos
g12)** 4 Zvino ndakaona zvigaro zveushe, uye
vakagara pamusoro pazvo, kutonga ndokupiwa
kwavari; ndikaona nemweya yevakange vagurwa
misoro nekuda kweuchapupu hwaJesu, uye nekuda
kweshoko raMwari, nevasina kunamata chikara
kana mufananidzo wacho, kana kugamuchira
mucherechedzo pahuma yavo, neparuoko rwavo;
zvino vakararama vakabata ushe pamwe naKristu
makore churu. 5 Asi vakasara vevakafa havana
kuraramazve kusvikira makore churu apera. Uku
kumuka kwekutanga. 6 Wakaropafadzwa uye
mutsvene ane mugove pakumuka kwekutanga; pane
ava rufu rwechipiri harwuna simba; asi vachava
vapristi vaMwari nevaKristu, uye vachabata ushe
pamwe naye makore churu. 7 Zvino panopera makore
churu, Satani achasunungurwa kubva mutirongo
rake, 8 zvino uchabuda kutsausa marudzi ari kumativi
mana enyika, ivo Gogi naMagogi, avaunganidzire
hondo; uwandu hwavo hwakaita sejecha regungwa.
9 Vakakwira pakufara kwenyika, vakakomba musasa
wevatsvene neguta rinodikanwa; moto ndokuburuka
kubva kuna Mwari uchibva kudenga ndokuvamedza.
10 Zvino dhiabhorosi wakavatsausa akakandwa
mudziva remoto nesarufa, pane chikara nemuporofita
wenhema, uye vacharwadziwa masikati neusiku
kusvikira rinhi narinhi. **(aiōn g165, Limnē Pyr g3041 g4442)**
11 Zvino ndakaona chigaro cheushe chikuru chichena,
newakange agere pamusoro pacho, iye nyika
nedenga zvakatiza pachiso chake, zvikasawanirwa
nzvimbo. 12 Uye ndakaona vakafa, vadiki nevakuru,
vamire pamberi paMwari, mabhuku ndokuzarurwa,
nerimwe bhuku rikazarurwa, rinova reupenyu; vakafa
vakatongwa kubva pane zvakange zvakanyorwa
mumabhuku, zvichienderana nemabasa avo. 13
Zvino gungwa rakapa vakafa vakange vari mariri;
nerufu negehena zvikapa vakafa vakange vari
mazviri; umwe neumwe akatongwa zvichienderana
nemabasa avo. **(Hadēs g86)** 14 Zvino rufu negehena
zvakakandirwa mudziva remoto; urwu rufu rwechipiri.
**(Hadēs g86, Limnē Pyr g3041 g4442)** 15 Zvino kana aripo
asina kuwanikwa akanyorwa mubhuku reupenyu,
wakakandirwa mudziva remoto. **(Limnē Pyr g3041 g4442)**

**21** Zvino ndakaona denga idzva nenyika itsva,
nokuti denga rekutanga nenyika yekutanga
zvakange zvapfuura, uye gungwa rakange risisipo. 2
Zvino ini Johwani ndakaona guta dzvene, Jerusarema
idzva, richiburuka kubva kuna Mwari kubva kudenga,
rakagadzirirwa semwenga wakashongedzerwa
murume wake. 3 Zvino ndakanzwa inzwi guru
kubva kudenga, richiti: Tarira, tabhenakeri yaMwari
iri pavanhu, iye achagara navo, uye ivo vachava
vanhu vake; naMwari amene achava navo, ari Mwari
wavo. 4 Zvino Mwari achapusika misodzi yese
kubva pameso avo, nerufu haruchazovipo, kana
kushungurudzika, kana kurira, kana kurwadziwa
hakungachavipo; nokuti zvinhu zvekutanga zvapfuura.
5 Zvino agere pachigaro cheushe wakati: Tarira,
ndinoita zvinhu zvese zvive zvitsva. Ndokuti kwandiri:
Nyora; nokuti mashoko awa ndeechokwadi uye
akatendeka. 6 Zvino akati kwandiri: Zvaitika. Ndini Arifa
naOmega, Kutanga neKupedzisira. Ini ndichapa kuna
iye ane nyota zvinobva pachitubu chemvura yeupenyu
pachena. 7 Anokunda achagara nhaka yezvinhu
zvese; uye ndichava Mwari wake, naiye achava
mwanakomana wangu. 8 Asi vanotya, nevasingatendi,
nevanyangadzi, nemhondi, nemhombwe, nevaroyi,
nevanonamata zvifananidzo, nevese varevi venhema,
vachava nemugove wavo mudziva rinopfuta nemoto
nesarufa; rwunova rufu rwechipiri. **(Limnē Pyr g3041
g4442)** 9 Zvino kwakauya kwandiri umwe wevatumwa
vanomwe vakange vane ndiro nomwe dzizere
nematambudziko manomwe ekupedzisira, akataura
neni, achiti: Uya pano ndigokuratidza mwenga,
mukadzi weGwayana. 10 Zvino wakanditakurira
muMweya kugomo guru uye refu, akandiratidza
guta guru, Jerusarema dzvene, richiburuka kubva
kudenga kubva kuna Mwari, 11 rine kubwinya

kwaMwari; uye chiedza charo chakaita sebwe
rinokoshesesa, sebwe rejasipisi, rinonjenjemera
sekrisitaro; 12 uye rakange rine rusvingo rukuru
uye rurefu, rine masuwo gumi nemaviri, nevatumwa
gumi nevaviri pamusuwo, nemazita akanyorwa
pamusoro, ari emarudzi gumi nemaviri evana
vaIsraeri. 13 Kumabvazuva masuwo matatu;
kumaodzanyemba masuwo matatu; kuchamhembe
masuwo matatu; nekumavirira masuwo matatu; 14
zvino rusvingo rweguta rwakange rwune nheyo gumi
nembiri, nepadziri mazita evaapositori gumi nevaviri
veGwayana. 15 Zvino wakataura neni wakange ane
rutsanga rwegoridhe, kuti ayere guta, namasuwo aro,
nerusingo rwaro. 16 Zvino guta rakange rakamiswa
rakaenzana mativi mana, nekureba kwaro kwakakura
kudai sekufara; ndokuyera guta nerutsanga, rikasvika
pamastadhia zvuru gumi nezviviri; kureba nekufara
nekukwirira kwaro zvakaenzana. 17 Zvino wakayera
rusvingo rwaro, mbimbi zana nemakumi mana
nemana, chiyero chemunhu, chinova chemutumwa.
18 Uye maiva nechivakwa cherusvingo rwaro,
jasipisi, uye guta riri goridhe rakakwana, rakafanana
negirazi rakachenesesa. 19 Nenheyo dzerusvingo
rweguta dzakashongedzwa nebwe rimwe nerimwe
rinokosha. Nheyo yekutanga ijasipisi, yepiri isafiri,
yetatu ikarikidhoni, yechina iemaradhi, 20 yeshanu
isaridhonikisi, yetanhatu isaridhio, yechinomwe
ikrisoriti, yerusere bheriri, yepfumbamwe topasi,
yegumi kirisopirasi, yegumi neimwe hiasindi, yegumi
nembiri ametesiti. 21 Zvino masuwo gumi nemaviri
maparera gumi nemaviri; rimwe nerimwe remasuwo
rakange riri reparera rimwe; uye nzira yemuguta
igoridhe rakakwana segirazi rinonjenjemera. 22 Zvino
handina kuona tembere mukati marwo, nokuti Ishe
Mwari Wemasimbaose itembere yarwo, neGwayana.
23 Zvino guta harishaiwi zuva kana mwedzi
kuvhenekera mariri; nokuti kubwinya kwaMwari
kunorivhenekera, nemwenje waro iGwayana; 24 zvino
marudzi evanoponeswa achafamba muchiedza charo,
nemadzimambo enyika achauisa kubwinya nerukudzo
rwawo mariri. 25 Zvino masuwo aro haangatongopfigwi
masikati, nokuti usiku hahuchazovipo. 26 Uye
vachauisa kubwinya nerukudzo rwendudzi mariri. 27
Uye hamungatongopindi chero chinhu chinosvibisa
mariri, uye chinosemesa, uye nhema; asi vakanyorwa
mubhuku reupenyu reGwayana.

**22** Zvino wakandiratidza rwizi rwemvura yeupenyu
rwakachena, yakapenya sekrisitaro, ichibuda
pachigaro cheushe chaMwari, necheGwayana. 2
Pakati penzira yaro uye kurutivi urwu neurwu
rwerwizi kune muti weupenyu unoita zvibereko gumi
nezviviri, uchibereka zvibereko zvawo mwedzi umwe
neumwe; nemashizha emuti aiva ekuporesa ndudzi.
3 Zvino hakuchavizve nekutuka kwese; asi chigaro
cheushe chaMwari necheGwayana zvichava mariri;
uye varanda vake vachamushumira, 4 zvino vachaona
chiso chake; nezita rake richava pahuma dzavo. 5
Zvino usiku hahuchazovipo ipapo, uye havatsvaki
mwenje kana chiedza chezuva, nokuti Ishe Mwari
anovapa chiedza; uye vachatonga kusvikira rinhi
narinhi. (aiōn g165) 6 Zvino akati kwandiri: Mashoko
awa akatendeka uye ndeechokwadi; uye Ishe, Mwari
wevaporofita vatsvene, wakatuma mutumwa wake
kuti aratidze kuvaranda vake zvinhu zvinofanira
kukurumidza kuitika. 7 Tarira, ndinokurumidza
kuuya. Wakaropafadzwa anochengeta mashoko
echiporofita chebhuku iri. 8 Zvino ini Johwani, ndini
ndakaona zvinhu izvi uye ndakanzwa. Zvino ndakati
ndanzwa nekuona, ndakawira pasi kuti ndinamate
pamberi petsoka dzemutumwa wakandiratidza zvinhu
izvi. 9 Zvino akati kwandiri: Rega kudaro; nokuti
ndiri muranda pamwe newe, newehama dzako
vaporofita, newevanochengeta mashoko ebhuku iri;
namata Mwari. 10 Zvino akati kwandiri: Usavharira
nemucherechedzo mashoko echiporofita chebhuku
iri, nokuti nguva yava pedo. 11 Anoita zvisakarurama
ngaagare achiita zvisakarurama; neane tsvina
ngaagare ane tsvina; newakarurama ngaagare
achiruramiswa; mutsvenewo ngaagare achiitwa
mutsvene. 12 Zvino tarira, ndinouya nekukurumidza;
uye mubairo wangu uneni, kuti ndiripire umwe neumwe
sezvichava mabasa ake. 13 Ini ndiri Arifa naOmega,
Kutanga neKupedzisira, Wekutanga neWekupedzisira.
14 Vakaropafadzwa vanoita mirairo yake, kuti vave
nekodzero yemuti weupenyu, vagopinda nepamasuwo
muguta. 15 Asi kunze kune imbwa, nevaroyi,
nemhombwe, nemhondi, nevanamati vezvifananidzo,
nevese vanoda nhema vachidziita. 16 Ini Jesu
ndakatuma mutumwa wangu kukupupurirai zvinhu
izvozvi pamakereke. Ini ndiri mudzi nechizvarwa
chaDhavhidhi, nyeredzi inopenya uye yemangwanani.
17 Zvino Mweya nemwenga vanoti: Uya! Naiye
anonzwa ngaati: Uya! Uye ane nyota ngaauye;
neanoda ngaatore mvura yeupenyu pachena. 18
Nokuti ndinopupura kune wese anonzwa mashoko
echiporofita chebhuku iri, ndichiti: Kana munhu
akawedzera pazvinhu izvi, Mwari achawedzera kwaari
matambudziko akanyorwa mubhuku iri; 19 uye kana
munhu akabvisa pamashoko ebhuku rechiporofita ichi,
Mwari achabvisa mugove wake pabhuku reupenyu,
nepaguta dzvene, nezvinhu zvakanyorwa mubhuku

iri. 20 Anopupura zvinhu izvi anoti: Hongu, ndinouya
nekukurumidza. Ameni. Hongu uyai, Ishe Jesu. 21
Nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu ngadzive nemwi
mese. Ameni.




*Zvino ini Johwani ndakaona guta dzvene, Jerusarema idzva, richiburuka kubva kuna Mwari kubva kudenga, rakagadzirirwa semwenga wakashongedzerwa murume wake. Zvino ndakanzwa inzwi guru kubva kudenga, richiti: Tarira, tabhenakeri yaMwari iri pavanhu, iye achagara navo, uye ivo vachava vanhu vake; naMwari amene achava navo, ari Mwari wavo.*

Zvakazarurwa 21:2-3

# Chinyorwa Chevaverengi

chiShona at AionianBible.org/Readers-Guide

The Aionian Bible republishes public domain and Creative Common Bible texts that are 100% free to copy and print. The original translation is unaltered and notes are added to help your study. The notes show the location of eleven special Greek and Hebrew Aionian Glossary words to help us better understand God's love for individuals and for all mankind, and the nature of afterlife destinies.

Who has the authority to interpret the Bible and examine the underlying Hebrew and Greek words? That is a good question! We read in 1 John 2:27, *"As for you, the anointing which you received from him remains in you, and you do not need for anyone to teach you. But as his anointing teaches you concerning all things, and is true, and is no lie, and even as it taught you, you remain in him."* Every Christian is qualified to interpret the Bible! Now that does not mean we will all agree. Each of us is still growing in our understanding of the truth. However, it does mean that there is no infallible human or tradition to answer all our questions. Instead the Holy Spirit helps each of us to know the truth and grow closer to God and each other.

The Bible is a library with 66 books in the Protestant Canon. The best way to learn God's word is to read entire books. Read the book of Genesis. Read the book of John. Read the entire Bible library. Topical studies and cross-referencing can be good. However, the safest way to understand context and meaning is to read whole Bible books. Chapter and verse numbers were added for convenience in the 16th century, but unfortunately they can cause the Bible to seem like an encyclopedia. The Aionian Bible is formatted with simple verse numbering, minimal notes, and no cross-referencing in order to encourage the reading of Bible books.

Bible reading must also begin with prayer. Any Christian is qualified to interpret the Bible with God's help. However, this freedom is also a responsibility because without the Holy Spirit we cannot interpret accurately. We read in 1 Corinthians 2:13-14, *"And we speak of these things, not with words taught by human wisdom, but with those taught by the Spirit, comparing spiritual things with spiritual things. Now the natural person does not receive the things of the Spirit of God, for they are foolishness to him, and he cannot understand them, because they are spiritually discerned."* So we cannot understand in our natural self, but we can with God's help through prayer.

The Holy Spirit is the best writer and he uses literary devices such as introductions, conclusions, paragraphs, and metaphors. He also writes various genres including historical narrative, prose, and poetry. So Bible study must spiritually discern and understand literature. Pray, read, observe, interpret, and apply. Finally, *"Do your best to present yourself approved by God, a worker who does not need to be ashamed, properly handling the word of truth."* 2 Timothy 2:15. *"God has granted to us his precious and exceedingly great promises; that through these you may become partakers of the divine nature, having escaped from the corruption that is in the world by lust. Yes, and for this very cause adding on your part all diligence, in your faith supply moral excellence; and in moral excellence, knowledge; and in knowledge, self-control; and in self-control patience; and in patience godliness; and in godliness brotherly affection; and in brotherly affection, love. For if these things are yours and abound, they make you to be not idle nor unfruitful to the knowledge of our Lord Jesus Christ,"* 2 Peter 1:4-8.

# Glossary

chiShona at AionianBible.org/Glossary

The Aionian Bible un-translates and instead transliterates eleven special words to help us better understand the extent of God's love for individuals and all mankind, and the nature of afterlife destinies. The original translation is unaltered and a note is added to 64 Old Testament and 200 New Testament verses. Compare the meanings below to the Strong's Concordance and Glossary definitions.

### ***Abyssos*** g12

*Greek:* proper noun, place
*Usage:* 9 times in 3 books, 6 chapters, and 9 verses
*Meaning:*
Temporary prison for special fallen angels such as Apollyon, the Beast, and Satan.

### ***aïdios*** g126

*Greek:* adjective
*Usage:* 2 times in Romans 1:20 and Jude 6
*Meaning:*
Lasting, enduring forever, eternal.

### ***aiōn*** g165

*Greek:* noun
*Usage:* 127 times in 22 books, 75 chapters, and 102 verses
*Meaning:*
A lifetime or time period with a beginning and end, an era, an age, the completion of which is beyond human perception, but known only to God the creator of the aiōns, Hebrews 1:2. Never meaning simple endless or infinite chronological time in Greek usage. Read Dr. Heleen Keizer and Ramelli and Konstan for proofs.

### ***aiōnios*** g166

*Greek:* adjective
*Usage:* 71 times in 19 books, 44 chapters, and 69 verses
*Meaning:*
From start to finish, pertaining to the age, lifetime, entirety, complete, or even consummate. Never meaning simple endless or infinite chronological time in Koine Greek usage. Read Dr. Heleen Keizer and Ramelli and Konstan for proofs.

### ***eleēsē*** g1653

*Greek:* verb, aorist tense, active voice, subjunctive mood, 3rd person singular
*Usage:* 1 time in this conjugation, Romans 11:32
*Meaning:*
To have pity on, to show mercy. Typically, the subjunctive mood indicates possiblity, not certainty. However, a subjunctive in a purpose clause is a resulting action as certain as the causal action. The subjunctive in a purpose clause functions as an indicative, not an optative. Thus, the grand conclusion of grace theology in Romans 11:32 must be clarified. God's mercy on all is not a possibility, but a certainty. See ntgreek.org.

***Geenna*** g1067
*Greek:* proper noun, place
*Usage:* 12 times in 4 books, 7 chapters, and 12 verses
*Meaning:*
Valley of Hinnom, Jerusalem's trash dump, a place of ruin, destruction, and judgment in this life, or the next, though not eternal to Jesus' audience.

***Hadēs*** g86
*Greek:* proper noun, place
*Usage:* 11 times in 5 books, 9 chapters, and 11 verses
*Meaning:*
Synonomous with Sheol, though in New Testament usage Hades is the temporal place of punishment for deceased unbelieving mankind, distinct from Paradise for deceased believers.

***Limnē Pyr*** g3041 g4442
*Greek:* proper noun, place
*Usage:* Phrase 5 times in the New Testament
*Meaning:*
Lake of Fire, final punishment for those not named in the Book of Life, prepared for the Devil and his angels, Matthew 25:41.

***Sheol*** h7585
*Hebrew:* proper noun, place
*Usage:* 66 times in 17 books, 50 chapters, and 64 verses
*Meaning:*
The grave or temporal afterlife world of both the righteous and unrighteous, believing and unbelieving, until the general resurrection.

***Tartaroō*** g5020
*Greek:* proper noun, place
*Usage:* 1 time in 2 Peter 2:4
*Meaning:*
Temporary prison for particular fallen angels awaiting final judgment.

# Glossary +

AionianBible.org/Bibles/Shona---Shona-Bible/Noted

Glossary references are below. Strong's Hebrew and Greek number notes are added to 64 Old Testament and 200 New Testament verses. Questioned verse translations do not contain Aionian Glossary words and may wrongly imply *eternal* or *Hell*. * The note placement is skipped or adjusted for verses with non-standard numbering.

## *Abyssos*

Ruka 8:31
VaRoma 10:7
Zvakazarurwa 9:1
Zvakazarurwa 9:2
Zvakazarurwa 9:11
Zvakazarurwa 11:7
Zvakazarurwa 17:8
Zvakazarurwa 20:1
Zvakazarurwa 20:3

## *aïdios*

VaRoma 1:20
Judha 1:6

## *aiōn*

Mateo 12:32
Mateo 13:22
Mateo 13:39
Mateo 13:40
Mateo 13:49
Mateo 21:19
Mateo 24:3
Mateo 28:20
Mako 3:29
Mako 4:19
Mako 10:30
Mako 11:14
Ruka 1:33
Ruka 1:55
Ruka 1:70
Ruka 16:8
Ruka 18:30
Ruka 20:34
Ruka 20:35
Johani 4:14
Johani 6:51
Johani 6:58
Johani 8:35
Johani 8:51
Johani 8:52
Johani 9:32
Johani 10:28
Johani 11:26
Johani 12:34
Johani 13:8
Johani 14:16
Mabasa 3:21
Mabasa 15:18
VaRoma 1:25
VaRoma 9:5
VaRoma 11:36
VaRoma 12:2
VaRoma 16:27
1 VaKorinde 1:20
1 VaKorinde 2:6
1 VaKorinde 2:7
1 VaKorinde 2:8
1 VaKorinde 3:18
1 VaKorinde 8:13
1 VaKorinde 10:11
2 VaKorinde 4:4
2 VaKorinde 9:9
2 VaKorinde 11:31
VaGaratia 1:4
VaGaratia 1:5
VaEfeso 1:21
VaEfeso 2:2
VaEfeso 2:7
VaEfeso 3:9
VaEfeso 3:11
VaEfeso 3:21
VaEfeso 6:12
VaFiripi 4:20
VaKorose 1:26
1 Timoti 1:17
1 Timoti 6:17
2 Timoti 4:10
2 Timoti 4:18
Tito 2:12
VaHebheru 1:2
VaHebheru 1:8
VaHebheru 5:6
VaHebheru 6:5
VaHebheru 6:20
VaHebheru 7:17
VaHebheru 7:21
VaHebheru 7:24
VaHebheru 7:28
VaHebheru 9:26
VaHebheru 11:3
VaHebheru 13:8
VaHebheru 13:21
1 Petro 1:23
1 Petro 1:25
1 Petro 4:11
1 Petro 5:11
2 Petro 3:18
1 Johani 2:17
2 Johani 1:2
Judha 1:13
Judha 1:25
Zvakazarurwa 1:6
Zvakazarurwa 1:18
Zvakazarurwa 4:9
Zvakazarurwa 4:10
Zvakazarurwa 5:13
Zvakazarurwa 7:12
Zvakazarurwa 10:6
Zvakazarurwa 11:15
Zvakazarurwa 14:11
Zvakazarurwa 15:7
Zvakazarurwa 19:3
Zvakazarurwa 20:10
Zvakazarurwa 22:5

## *aiōnios*

Mateo 18:8
Mateo 19:16
Mateo 19:29
Mateo 25:41
Mateo 25:46
Mako 3:29
Mako 10:17
Mako 10:30
Ruka 10:25
Ruka 16:9
Ruka 18:18
Ruka 18:30
Johani 3:15
Johani 3:16
Johani 3:36
Johani 4:14
Johani 4:36
Johani 5:24
Johani 5:39
Johani 6:27
Johani 6:40
Johani 6:47
Johani 6:54
Johani 6:68

Johani 10:28
Johani 12:25
Johani 12:50
Johani 17:2
Johani 17:3
Mabasa 13:46
Mabasa 13:48
VaRoma 2:7
VaRoma 5:21
VaRoma 6:22
VaRoma 6:23
VaRoma 16:25
VaRoma 16:26
2 VaKorinde 4:17
2 VaKorinde 4:18
2 VaKorinde 5:1
VaGaratia 6:8
2 VaTesaronika 1:9
2 VaTesaronika 2:16
1 Timoti 1:16
1 Timoti 6:12
1 Timoti 6:16
2 Timoti 1:9
2 Timoti 2:10
Tito 1:2
Tito 3:7
Firimoni 1:15
VaHebheru 5:9
VaHebheru 6:2
VaHebheru 9:12
VaHebheru 9:14
VaHebheru 9:15
VaHebheru 13:20
1 Petro 5:10
2 Petro 1:11
1 Johani 1:2
1 Johani 2:25
1 Johani 3:15
1 Johani 5:11
1 Johani 5:13
1 Johani 5:20
Judha 1:7
Judha 1:21
Zvakazarurwa 14:6

## *eleēsē*

VaRoma 11:32

## *Geenna*

Mateo 5:22
Mateo 5:29
Mateo 5:30
Mateo 10:28
Mateo 18:9
Mateo 23:15
Mateo 23:33
Mako 9:43
Mako 9:45
Mako 9:47
Ruka 12:5
Jakobho 3:6

## *Hadēs*

Mateo 11:23
Mateo 16:18
Ruka 10:15
Ruka 16:23
Mabasa 2:27
Mabasa 2:31
1 VaKorinde 15:55
Zvakazarurwa 1:18
Zvakazarurwa 6:8
Zvakazarurwa 20:13
Zvakazarurwa 20:14

## *Limnē Pyr*

Zvakazarurwa 19:20
Zvakazarurwa 20:10
Zvakazarurwa 20:14
Zvakazarurwa 20:15
Zvakazarurwa 21:8

## *Sheol*


Genesisi 37:35
Genesisi 42:38
Genesisi 44:29
Genesisi 44:31
Numeri 16:30
Numeri 16:33
Dhuteronomi 32:22
1 Samueri 2:6
2 Samueri 22:6
1 Madzimambo 2:6
1 Madzimambo 2:9
Jobho 7:9
Jobho 11:8
Jobho 14:13
Jobho 17:13
Jobho 17:16
Jobho 21:13
Jobho 24:19
Jobho 26:6
Mapisarema 6:5
Mapisarema 9:17
Mapisarema 16:10
Mapisarema 18:5
Mapisarema 30:3
Mapisarema 31:17
Mapisarema 49:14
Mapisarema 49:15
Mapisarema 55:15
Mapisarema 86:13
Mapisarema 88:3
Mapisarema 89:48
Mapisarema 116:3
Mapisarema 139:8
Mapisarema 141:7
Zvirevo 1:12
Zvirevo 5:5
Zvirevo 7:27
Zvirevo 9:18
Zvirevo 15:11
Zvirevo 15:24
Zvirevo 23:14
Zvirevo 27:20
Zvirevo 30:16
Muparidzi 9:10
Rwiyo Rukuru rwaSoromoni 8:6
Isaya 5:14
Isaya 7:11
Isaya 14:9
Isaya 14:11
Isaya 14:15
Isaya 28:15
Isaya 28:18
Isaya 38:10
Isaya 38:18
Isaya 57:9
Ezekieri 31:15
Ezekieri 31:16
Ezekieri 31:17
Ezekieri 32:21
Ezekieri 32:27
Hosea 13:14
Amosi 9:2
Jona 2:2
Habhakuki 2:5

## *Tartaroō*


2 Petro 2:4

## *Questioned*


2 Petro 2:17




*Nerutendo Abhurahama wakateerera adanwa kuti abude aende kunzvimbo yaakanzi achazoigamuchira ive nhaka, ndokubuda, asingazivi kwaanoenda.* - VaHebheru 11:8




*Zvino Farao akati aregedza vanhu kuti vaende, Mwari haana kuvafambisa nenzira yapanyika yavaFirisitia, kunyange yaiva pedyo, nokuti Mwari akati, "Zvimwe vanhu vangazvidemba, kana vachiona kurwa, vakadzokera Ijipiti;"* - Ekisodho 13:17




*Nokuti kunyange Mwanakomana wemunhu haana kuuya kuzoshumirwa, asi kushumira, nekupa upenyu hwake ruve rudzikunuro rwevazhinji.* - Mako 10:45




*Pauro, muranda waJesu Kristu, wakadanwa kuva muapositori, atsaurirwa evhangeri yaMwari,* - VaRoma 1:1

# Creation 4004 B.C.

| | |
|---|---|
| Adam and Eve created | 4004 |
| Tubal-cain forges metal | 3300 |
| Enoch walks with God | 3017 |
| Methuselah dies at age 969 | 2349 |
| God floods the Earth | 2349 |
| Tower of Babel thwarted | 2247 |
| Abraham sojourns to Canaan | 1922 |
| Jacob moves to Egypt | 1706 |
| Moses leads Exodus from Egypt | 1491 |
| Gideon judges Israel | 1245 |
| Ruth embraces the God of Israel | 1168 |
| David installed as King | 1055 |
| King Solomon builds the Temple | 1018 |
| Elijah defeats Baal's prophets | 896 |
| Jonah preaches to Nineveh | 800 |
| Assyrians conquer Israelites | 721 |
| King Josiah reforms Judah | 630 |
| Babylonians capture Judah | 605 |
| Persians conquer Babylonians | 539 |
| Cyrus frees Jews, rebuilds Temple | 537 |
| Nehemiah rebuilds the wall | 454 |
| Malachi prophecies the Messiah | 416 |
| Greeks conquer Persians | 331 |
| Seleucids conquer Greeks | 312 |
| Hebrew Bible translated to Greek | 250 |
| Maccabees defeat Seleucids | 165 |
| Romans subject Judea | 63 |
| Herod the Great rules Judea | 37 |

(The Annals of the World, James Uusher)

# Jesus Christ born 4 B.C.

# New Heavens and Earth

| | |
|---|---|
| | Christ returns for his people |
| 1956 | Jim Elliot martyrd in Ecuador |
| 1830 | John Williams reaches Polynesia |
| 1731 | Zinzendorf leads Moravian mission |
| 1614 | Japanese kill 40,000 Christians |
| 1572 | Jesuits reach Mexico |
| 1517 | Martin Luther leads Reformation |
| 1455 | Gutenberg prints first Bible |
| 1323 | Franciscans reach Sumatra |
| 1276 | Ramon Llull trains missionaries |
| 1100 | Crusades tarnish the church |
| 1054 | The Great Schism |
| 997 | Adalbert marytyrd in Prussia |
| 864 | Bulgarian Prince Boris converts |
| 716 | Boniface reaches Germany |
| 635 | Alopen reaches China |
| 569 | Longinus reaches Alodia / Sudan |
| 432 | Saint Patrick reaches Ireland |
| 397 | Carthage ratifies Bible Canon |
| 341 | Ulfilas reaches Goth / Romania |
| 325 | Niceae proclaims God is Trinity |
| 250 | Denis reaches Paris, France |
| 197 | Tertullian writes Christian literature |
| 70 | Titus destroys the Jewish Temple |
| 61 | Paul imprisoned in Rome, Italy |
| 52 | Thomas reaches Malabar, India |
| 39 | Peter reaches Gentile Cornelius |
| 33 | Holy Spirit empowers the Church |

(Wikipedia, Timeline of Christian missions)

# Resurrected 33 A.D.

<table>
<tr><td colspan="3">What are we? ▶</td><td colspan="2">Genesis 1:26 - 2:3</td></tr>
<tr><td colspan="3">How are we sinful? ▶</td><td colspan="2">Romans 5:12-19</td></tr>
<tr><td colspan="3" rowspan="3">Where are we? ◀</td><td colspan="2"></td></tr>
<tr><td colspan="2">Innocence</td></tr>
<tr><td>Eternity Past</td><td>Creation 4004 B.C.</td></tr>
<tr><td rowspan="14">▶ Who are we?</td><td rowspan="3">God</td><td>Father</td><td rowspan="3">John 10:30<br><br>God’s perfect fellowship</td><td rowspan="6">Genesis 1:31<br><br>God’s perfect fellowship with Adam in The Garden of Eden</td></tr>
<tr><td>Son</td></tr>
<tr><td>Holy Spirit</td></tr>
<tr><td rowspan="3">Mankind</td><td>Living</td><td rowspan="11">Genesis 1:1<br><br>No Creation<br>No people</td></tr>
<tr><td>Deceased believing</td></tr>
<tr><td>Deceased unbelieving</td></tr>
<tr><td rowspan="6">Angels</td><td>Holy</td></tr>
<tr><td>Imprisoned</td><td rowspan="5">Genesis 1:31<br><br>No Fall<br>No unholy Angels</td></tr>
<tr><td>Fugitive</td></tr>
<tr><td>First Beast</td></tr>
<tr><td>False Prophet</td></tr>
<tr><td>Satan</td></tr>
<tr><td colspan="3">Why are we? ▶</td><td colspan="2">Romans 11:25-36, Ephesian 2:7</td></tr>
</table>

Mankind is created in God’s image, male and female He created us

Sin entered the world through Adam and then death through sin

## When are we? ▼

<table>
<tr><td colspan="4">Fallen</td><td>Glory</td></tr>
<tr><td>Fall to sin<br>No Law</td><td>Moses’ Law<br>1500 B.C.</td><td>Christ<br>33 A.D.</td><td>Church Age<br>Kingdom Age</td><td>New Heavens<br>and Earth</td></tr>
<tr><td colspan="4">1 Timothy 6:16<br>Living in unapproachable light</td><td rowspan="8">Acts 3:21<br>Philippians 2:11<br>Revelation 20:3<br><br>God’s perfectly restored fellowship with all Mankind praising Christ as Lord in the Holy City</td></tr>
<tr><td colspan="2">John 8:58<br>Pre-incarnate</td><td>John 1:14<br>Incarnate</td><td>Luke 23:43<br>Paradise</td></tr>
<tr><td colspan="2">Psalm 139:7<br>Everywhere</td><td colspan="2">John 14:17<br>Living in believers</td></tr>
<tr><td colspan="4">Ephesians 2:1-5<br>Serving the Savior or Satan on Earth</td></tr>
<tr><td colspan="4">Luke 16:22<br>Blessed in Paradise</td></tr>
<tr><td colspan="4">Luke 16:23, Revelation 20:5,13<br>Punished in Hades until the final judgment</td></tr>
<tr><td colspan="4">Hebrews 1:14<br>Serving mankind at God’s command</td></tr>
<tr><td colspan="4">2 Peter 2:4, Jude 6<br>Imprisoned in Tartarus</td><td rowspan="4">Matthew 25:41<br>Revelation 20:10<br><br>Lake of Fire prepared for the Devil and his Angels</td></tr>
<tr><td colspan="3" rowspan="3">1 Peter 5:8, Revelation 12:10<br><br>Rebelling against Christ<br>Accusing mankind</td><td>Revelation 20:13<br>Thalaasa</td></tr>
<tr><td>Revelation 19:20<br>Lake of Fire</td></tr>
<tr><td>Revelation 20:2<br>Abyss</td></tr>
</table>

For God has bound all over to disobedience in order to show mercy to all

# Destiny

chiShona at AionianBible.org/Destiny


The Aionian Bible shows the location of eleven special Greek and Hebrew Aionian Glossary words to help us better understand God's love for individuals and for all mankind, and the nature of after-life destinies. The underlying Hebrew and Greek words typically translated as *Hell* show us that there are not just two after-life destinies, Heaven or Hell. Instead, there are a number of different locations, each with different purposes, different durations, and different inhabitants. Locations include 1) Old Testament *Sheol* and New Testament *Hadēs*, 2) *Geenna*, 3) *Tartaroō*, 4) *Abyssos*, 5) *Limnē Pyr*, 6) *Paradise*, 7) *The New Heaven*, and 8) *The New Earth*. So there is reason to review our conclusions about the destinies of redeemed mankind and fallen angels.

The key observation is that fallen angels will be present at the final judgment, 2 Peter 2:4 and Jude 6. Traditionally, we understand the separation of the Sheep and the Goats at the final judgment to divide believing from unbelieving mankind, Matthew 25:31-46 and Revelation 20:11-15. However, the presence of fallen angels alternatively suggests that Jesus is separating redeemed mankind from the fallen angels. We do know that Jesus is the helper of mankind and not the helper of the Devil, Hebrews 2. We also know that Jesus has atoned for the sins of all mankind, both believer and unbeliever alike, 1 John 2:1-2. Deceased believers are rewarded in Paradise, Luke 23:43, while unbelievers are punished in Hades as the story of Lazarus makes plain, Luke 16:19-31. Yet less commonly known, the punishment of this selfish man and all unbelievers is before the final judgment, is temporal, and is punctuated when Hades is evacuated, Revelation 20:13. So is there hope beyond Hades for unbelieving mankind? Jesus promised, *"the gates of Hades will not prevail,"* Matthew 16:18. Paul asks, *"Hades where is your victory?"* 1 Corinthians 15:55. John wrote, *"Hades gives up,"* Revelation 20:13.

Jesus comforts us saying, *"Do not be afraid,"* because he holds the keys to *unlock* death and Hades, Revelation 1:18. Yet too often our *Good News* sounds like a warning to *"be afraid"* because Jesus holds the keys to *lock* Hades! Wow, we have it backwards! Hades will be evacuated! And to guarrantee hope, once emptied, Hades is thrown into the Lake of Fire, never needed again, Revelation 20:14.

Finally, we read that anyone whose name is not written in the Book of Life is thrown into the Lake of Fire, the second death, with no exit ever mentioned or promised, Revelation 21:1-8. So are those evacuated from Hades then, *"out of the frying pan, into the fire?"* Certainly, the Lake of Fire is the destiny of the Goats. But, do not be afraid. Instead, read the Bible's explicit mention of the purpose of the Lake of Fire and the identity of the Goats, *"Then he will say also to those on the left hand, 'Depart from me, you cursed, into the consummate fire which is prepared for... the devil and his angels,'"* Matthew 25:41. Bad news for the Devil. Good news for all mankind!

Faith is not a pen to write your own name in the Book of Life. Instead, faith is the glasses to see that the love of Christ for all mankind has already written our names in Heaven. *"If the first fruit is holy, so is the lump,"* Romans 11:16. Though unbelievers will suffer regrettable punishment in Hades, redeemed mankind will never enter the Lake of Fire, prepared for the devil and his angels. And as God promised, all mankind will worship Christ together forever, Philippians 2:9-11.




*Endai naizvozvo muite marudzi ese vadzidzi, muchivabhabhatidza muzita raBaba nereMwanakomana nereMweya Mutsvene;* - Mateo 28:19